А-85



С. А. Арсанов

# МАЦА ДЕВЗА ДОППА ГІАЛЛА

А-85



С. А. АРСАНОВ

# МАЦА ДЕВЗА ДОТТАГІАЛЛА

Отдел национально-краеведческой литературы

Государственное учреждение
Национальная библиотека
Чеченской Республики

Noxçiyn Respublika-Noxçiyçö
Qoman biblioteka
Чеченская Республика-Ичкерия
Национальная библиотека
р.сч № _____ мфо _____
Банк _____

На дом не выдается

Национально краеведческий отдел

НОХЧ-ГІАЛГІАЙН КНИЖНЫЙ ИЗДАТЕЛЬСТВО
Грозный — 1963

## ЧУЛАЦАМ

### ДАКЪА I
### НЕКЬАН ЮЬХЬ


Корта I . . . . . 3
Корта II . . . . . 19
Корта III . . . . . 47
Корта IV . . . . . 90
Корта V . . . . . 118


### ДАКЪА II
### ДОТТАГIИЙ, МОСТАГIИЙ


Корта I . . . . . 151
Корта II . . . . . 177
Корта III . . . . . 198
Корта IV . . . . . 230
Корта V . . . . . 261
Корта VI . . . . . 294


### ДАКЪА III
### КЕРЛАЧУ ДАХАРЕ


Корта I . . . . . 324
Корта II . . . . . 357
Корта III . . . . . 395
Корта IV . . . . . 422
Корта V . . . . . 456
Корта VI . . . . . 481
Корта VII . . . . . 512


---

*Саид-бей Арсанов*

**КОГДА ПОЗНАЕТСЯ ДРУЖБА**

(на чеченском языке)


Оформление обложки *Токарева Е. М.*
Худож. редактор *Магомаев М. Б.*
Редактор *Мусаев М. М.*
Техн. редактор *Кузьменкова Н. Т.*
Корректор *Юсаева Н. В.*

✲

Сдано в набор I.X 1962 г. Подписано к печати 28.III 1963 г.
Формат 84x108$_{32}$, Объем 16,87(27,66) п. л.
Уч.-изд. л. 28,21 Тираж 2000.
Чечено-Ингушское книжное издательство,
Грозный, 21, улица Ленина, 14.

✲

Заказ № 5079.
Типография имени 11 августа 1918 года,
Грозный, проспект Революции, 22|3.
Цена 1 руб.

## ДАКЪА I

# НЕКЪАН ЮЬХЬ

### КОРТА I

1

Сахилале сийначу стигалхула меллаша нека деш йоьлхура морхаш. Бердан йисте хIордан кема санна, лаьмнийн баххьашна тIе а яьххина, церан кортош дIа а хьулдина, луьстачу пардоца тIехьа къайлаевлира уьш: моьттур дара ламанан ира дукъ гуш а ца хилла.

Мох белира — хьалха байн, дегIана там беш, хьоькхура иза. ТIаккха, цIеххьана, цхьана хIумано цецбаькхича санна, тIаьххьара а мох чехкабелира, шок а етташ хьун йолчу агIорхьа хьаькхира иза. Хьун, лесташ ловзаелира, лестачу диттийн эшаран санна, ша тайпа мукъам бара хезаш, ткъа мохо, совцийна лаьтташ йолу морхаш меттахъяьхна дIасалаьхкира—юха а тийна дIахIоьттира.

Гучуевлира маьлхан зIаьнарш, лаьмнийн баххьаш къегадора цара, лепаш дара шовданаш. Гучуевлира доза доцуш яккхий яьсса а, аьхна а аренаш. Вуно генара мел жима хIума а бIаьрго лоцуш серладелира хIаваъ: тIе тхи диллина буц, ткъа дIогахь бацалахь къеда зезагаш.

Мичара вели а ца хууш гучувелира бере, соцунгIа а хилла, хьовзош говр а ловзийна, аренгахула дIахаьхкира цо. Цунна тIаьхьа бара кхиболу береш а: юьртда а,

хьолахо Хьажбекар а, совдегарш Бакар а, Хьамзат а, реманаш йолу Туган а, жаш долу ИбрахIим а, къоьжа Джанхот а, воккха стаг я вехаш а, я гIараваьлла а, я церан нийса накъост а вацара. Иза цаьрца воьдура, иштта дIа ша вахархьама, хIун ду техьа цигахь, БуритIехь, аьлла, Теркаца долчу эскарийн коьрта атаман волчу, инарло Смекаловс кхайкхина уьш берраш а боьлхучу.

Цхьа минот а ялале гучуяьлла говрберийн кхин цхьа тоба кхечу агIорхьа хаьхкина дIаяхара. Мичахьа? ХIунда? Э, гIуллакх-м мехала а, сийлахь а дара: и береш хаьхкина боьлхура Россин паччахьан метта хинволчу цуьнан кIантана Романов Николайний, Нохчийчухула цунна гонах бевлла богIучарний дуьхьал.

Ткъа паччахь ша Александр кхозлагIниг, шен доьзалца цхьаьна Кавказехула лелаш вара. Цуьнан хьокъехь массанхьа а даккхийчу дешнашца дуьйцура. Паччахь-да шен доларчу нехан хьокъехь кIад ца луш гIайгIа бан луш ву, ткъа цундела хIор шарахь а шен российски[1] мехкан йистошкахула лела иза, бохуш. Паччахьан кIант Николай Александрович хIуманах чIогIа кхиа лууш вара: шен даймохк ма барра а, дика а бовзархьама массо а меттехула шен деца лелла ца Iаш, иза ша а лелара шел жимах волчу вешица Георгийций, шен ковраций геннахула некъ беш. ХIинца шен доьзалца цхьаьна БуритIехь сецнера паччахь, ткъа паччахь хинволу цуьнан кIант Нохчийчуьрчу тIеман чIагIонашкахулий, эскаршкахулий, якхийчу ярташкахулий волавелира.

Паччахь хинверг кхуза варан ма дарра долу бахьанаш дикка кIоргехь дохкура. Генарчу меттигаша даима а паччахьан сагатдора: даима а хуьлучу гIиттамаша даима а хьалхалаьттачу кхечу къаьмнийн гIуллакхо а, хIинца берриге махкахь айабеллачу революционни боламо кIорггера дуьйна орамаш тийсинчу кху заман чохь-м муххале а. Махкана коьртах чIоггIа дуьрста йолла езара, ткъа геннарчу меттигашкахь, муьлххачу а къомо шен ойла гучуяккхар а, «кегийрачу» къаьмнийн культура а дIайоккхуш, адамаш тIедерзийна совцо дезаш дара.

Паччахь ваьлла лелаш вара, «шена тешамечийн ойланаш уьйуш», мохк буйнахь чIогIа къийла а къуьйлуш.

Юьхьа тIехь цхьа а бос боцуш, шен лаам а боцуш, догъIаьржа волчу Николайна хIума довза лаар цIеххьана дагадаран бахьана а кIорге йолуш дацара. ТIехьаьж-

ча куьцехь волчу жимчу стеган маларшкий, зударшкий безам бахар алсамдаьлча, «гучуделира» и бахьана. БартъэгIарш доладелира. Махкахь хаза доцу хабарш даьржира, даима а маларш муьйлуш сакъерарний, зударшца леларний паччахь хинволчун могашалла а телхинера. Цул совнаха, кIантана безабеллачу зударшна а резавацара паччахь: цкъа цунна уллохь туш хуьлура жуьгти, тIаккха полька — шен лаам боцуш волу жима стаг талхийна харцхьарчу новкъа ваккха тарлора.

Иштта, паччахь хинверг мохк бовза а лиъна, тIейолчу хенахь ша паччахьалла ден долу мохк бовза дагахь махкахула лела волавелира. Александр кхозлагIчо шен кIант оцу кепара дикачу новкъа валаре сатуьйсура.

Иштта, оцу 1888-чу шарахь, хIор шарахь а санна, бIешерашкахь шен чIагIонан гIортор хилла лаьтта гIалгIазакхий болчухула волавелла чекхвала сацам бира пачахьо. Уралерчуй, Донерчуй, Кубанерчуй, ткъа луларчу Теркаца болчуй гIалгIазакхашна паччахьо тIедиллинчу доккхачу декхаран хьокъехь кхин цкъа а царна дагадаийтар новкъа дацара. Царна тешамца тIедиллина дара даймохк чоьхьарчу мостагIех ларбар а, Кавказехь а, аренашкахь а тийна низам латтор а, ткъа нагахь, дала иза ма хуьлийтийла, тIом хилахь...

Паччахьан некъ ларба гулдина эскарш дара, дIадийкъира патармаш, эзарнаш чаккхармаш бехачу цIерпоштнекъан йистошкахь тIеман хьал дара дIакхайкхийна, полицех а, цуьнан агентех а юьзна яра станцеш.

Хьалха Шемалан шахьар хилла йолчу, ткъа Нохчийчоь а, ДегIаста а йохийначул тIаьхьа паччахьан чIагIо хилла дIахIоьттинчу нохчийн юьрта Ведана вогIуш вара паччахьан кIант а, цуьнан ковр а.

Теркаций, раьгIнашций, Соьлжаций болчу гIалгIазакхийн гвардейцаш юххе а баьхна пайтона тIехь вогIуш вара паччахь хинверг. Цунна юххехь накха тIе а баькхина Iаш вара инарла адъютант Данилович: царшинна дуьхьал хиъна вара Грозненски тIеман округан начальник — инарла Стефановский. Паччахь хинверг, цхьа эгIаза эпсар, хьалахьаьвзинчу мера кIел дала тохаделла хьаьрсо мекх а долуш, Iеш вара цхьа бIегIийла йоцуш корта тIехьа а тесна: лекхачу кочо лаг хьалатеIадора цуьнан. Чилланан гIовтална тIехула дуьйхина дара бустамаш долу чоа, юкъах дихкина кавказехь хуьлу шаьлтий, доьхкий а долуш. Коьртахь, ло санна, кIайн куйн

бара. Йовха а яра, хала а дара, хьанна хаьа, кеста чекхбер буй техьа некъ...

Оцу заман чохь юьртахь детта хезачу маьхьарийн а, летачу жIаьлийн а, Iоьхучу хьелийн а гIовгIанашна юккъехула, цIеххьана момсара буьххьера цIогIа делира:

— Ва-а-а адамаш! ЛадогIалаш! Паччахь вогIу!.. ДIай-схьай ма кхерста — дойур ду шу!..

Цхьа бежIу, саца а сецна, корта а айина, ладегIа велира. «Паччахь! Паччахь! ЦаI ду — наха дуьйцу хазар, кхин ду — шен бIаьрга гар. Вахана хьожур со, муха ву техьа иза?» — аьлла, юьртах араиккхира ламанхо.

— ХIе-эй! Стенга хьаьдда воьду хьо? Собарделахь!— аьлла, маьхьарий туьйхира цуьнга юьртахоша,— юхаверзалахь, дIагахь салташа вуьйр ву хьо!..

Ткъа бежIуьно, вела а къежна куьг ластийра: — Витийша со, пайда боцург а ца дуьйцуш... Хьан-хьанна а мегарг суна хIунда ца мега? — кхин а чехка, кIедачу бацалхула дIаведира иза. Масех гIулч яьккхинчул тIаьхьа, тоьпан хIоьо Iовжийна, вожийра иза.

Кхин цхьа сахьт даьлча паччахьан кIант а, цуьнан ковр а лома кIелхьарчу Чехкара гIалахь шайн сийнна дIахIиттийнчу гарнизонан эскаршна хьалхахула чекхбевлира.

Чиркх санна, мера кIел тоьпаш а лецна, бIаьргаш а къарзийна, уьш тIеттIа чIогIа а къерзош, йиш халлалц «Ура» бохура салташа. Паччахьан кIентан коврана гонахбевлла богIучу нохчаша а ша тайпа цIогIанаш деттара: «Уре-е! Уре-е! Уре-е» — бохуш. Кхин хIун цIогIанаш тухур ду ца хууш, шодмаш а лестош уьш кийчча бара говраш хьовзо.

ТIаьххьара а, паччахьан кIант а, цуьнан ковр а Веданхьа боьдучу новкъа дIа а бирзина хьийзаш ирах бахара. Боьрах чу а боьлла, кIоргачу Iинна йистехула боьдучу ламанан новкъа боьлхура уьш. Аьтту агIор бух боцуш Iин дара, аьрру агIор — ира баххьаш стипала гIортийна лаьмнаш дара.

Паччахьан кIентан ковр аьрру агIор хIоьттина йоьдура, ткъа ламанхой аьтту агIорчу Iинан берда йистехула боьлхура. ТIахъаьлла хиларх куралла еш, баларх ца кхоьруш, Iинна йистехула чехка говраш хоьхкура нохчаша.

Башха самукъане вацара бере Мурад: цунна хьалха вара хьолахочун Хьамзатан кIант Исмаьил — шех та-

маша беш, говра тIехь кура волчу цо, юха а хьоьжуш деза деттара: «Со-м кхайкхина валийнера, со паччахьана юххеваьлла вогIуш ву, ткъа ахьа хIун леладо кхузахь? Иштта, хьесапана валийна-кх хьо...» «Кура ма вийла! — аьлла, цуьнга мохь тоха дог хиллера Мурадан. — Вай шиъ-х ший а нохчо ву, цхьана дайх схьа а ваьлла. Хьан хьуьнар ду, хьан да сан дел хьал долуш хилар?» ХIуъа а аьлла а халахета дерг, кIоршаме дерг, аьлла мохь тоха лаьара цунна, амма цIеххьана дIахьаьвззучу меттехь говраш дIалилхира, якхий кIомсарш а йолуш, гIаттийначу инзаре йоккхачу багах теро тIебеана берд лаьттачохь.

— ДIадала шайтIа, дIадала! — аьлла, цхьаьнга-м мохь туьйхира ИсмаьIала, паччахьан кIантана ца хазийта меллаша ала а гIерташ. — ДIадала, боху аса!..

— Мохь ма беттахьа, дика стаг. Со стенга яха еза?— аьлла, жоп делира цIеххьана дуьхьалкхеттачу зудчо.

— Сацийта! ГIар ма е! Хьайна луъучу эккха!..—аьлла, говраца хьаьшна зуда дIаяккха кийча волчу ИсмаьIала шад айира. Кхераелла зуда Iинан бердан йистехьа таьIира. Семсачу лаьтто зуда ца лайра — иза Iинах яхара. Мохь хьекхна хила а тарлора цо, амма хьанна хезар дара цуьнан аз, когашна кIелдIахула буьрса декаш догIуш ламанан хи хилча?

Паччахьан кIентан ерриг коврана тосабелира хилла бохам. Ламанхой боьхна, паччахьан кIанте юхахьаьвсира. «Дала лардойла вай цунна цхьа воних хиларх, вайн махка тIехь муххале а».

Паччахьан кIантехьа а вирзина, дикка цуьнан юьхье хьоьжуш Iийра Мурад, мелла а халахетар гур дац техьа цуьнан басца, бохуш. ХIан-хIа, паччахьан кIентан юьхьа тIера бос хийца ца белира. «Я ца гира техьа цунна, я дог дац техьа цуьнан»,— аьлла, дагадеара беречунна.

Iинна юххехула хаьххкина боьлхуш болчу ламанхоша тохура санна маьхьарий хьоькхура. Резавоцуш шад ластийра Мурада — юххе а вахана, кхин цкъа а паччахьан кIанте хьажа лаьара цунна. Амма оцу заман чохь нохчех цаI, ницкъ ца кхаьчна гал а ваьлла, цIеххьана шен говраца Iинах вахара. Иза а хилира юха а паччахьан кIентан ковран бIаьргашна хьалххахь, ткъа уьш шайн кIадбелла а болуш, цхьа а хIума башха а ца хеташ бара, церан дагахь дерг, шаьш доьлхучу сихха дIакхачахьара бохург бен, кхин хIума дацара.

Мурад, ларамаза санна, тІаьхьависа велира. Берраш а цунна тІехбевлла дІабахара, ткъа цо говр юхаерзийра, Іинчу говран бере ваханчу меттехь сецира иза. Ларлуш бердан йисте вахара иза. Чехка когаш болу шен накъост хІаллакьхилла меттиг евзича санна хур дира говро. Мурада куьйгаш а айина багахь цхьа хІуманаш йийшира, цо динарг доІа хила декхарийлахь дара, юха а урх а хьайина говр дІайолаялийтира цо.

Кхин ах сахьт даьлча, юха а сецира иза: зуда йоьжнера кхузахь чу. ХІара бу берд, хІара ю и бердан йист хаьрцина чуйоьжна меттиг. Оцу меттигана говраца тІеваара Мурад, охьа а таьІна чухьаьжча иза ша волччохь Іадийча санна висира. Цунна бухахь цхьа пхи аьрша лахахь охьабоьду берд баьттІачохь даьлла дитт доллура. Цуьнан цхьана генах тасаелла кхозура зуда: чуйоьдучу хенахь катоьхна га а лаьцна кхозаеллера иза. ДІасахьаьжира Мурад — гІо хила меттиг бацара: мотт ца хуу бердашший, стигала баххьаш дахана, хьалахьаьжча стигалан сийна лаьмнашший, тачий бен гуш хІума дацара.

Юха а охьа а хьаьжна, мохь туьйхира цо. Тийна дара. Дуьхьал хезаш аз дацара. Шен ницкъ ма кхоччу юха а мохь туьйхира цо:

— ХІэ-э-эй! Дийна юй хьо? «Стиглора дийна ма ю»,— ша шена жоп делира цо. Мелла а хаалуш меттахъхьайра зудчан корта. Орцадаккха юьрта хаьххира Мурада.

— ХІей-хІей-хІей! — бохуш, кетІара кетІа а лелхаш мохь бетта велира иза. — Сиха лела! Говрашка ховша! Машшаш да шайца! Дуьло суна тІаьхьа!..

Ах сахьт хан ялале юхавогІуш вара иза. Цунна тІаьхьабогІура юьртахой гендаргной — вежарий Биболат а, Бай-Мурд а, Бай-Солта а, ткъа царна тІаьхьа бара хьолахочун Хьажбекаран ялхой беной Джо а, ТІатІаш а, Арсби а. Шайна хІун ду а ца хуъушехь, Мурад кхайкхарна дІахьаьлхира уьш, хІинца, хьербевлча санна хаьххкина богІучу цара, тІаьхьа ца биса а гІерташ, цуьнга маьхьарий деттара:

— ХІе-е, Мурад, хІун хилла?

— Вайн паччахьана тІе-м ца летта?

— Машшех хІун до? Тоьпаш схьаэца оьший техьа?

Деттачу маьхьаршна юха а вирзина, Мурада жоп делира:

— Зуда Іинах яхна.

— Хьенан? Мила?

— Ца хаьа суна! Бере а... Iинах чу!..

Боьра. Йоккха ирхо. Хьацаран чопа яьллачу дойша лергаш уьйура, Iине гома а хьуьйсуш. Циггахь Мурадан говр цIеххьана юхагIоьртира. Бере охьавоьссира, цунна тIаьххье вуьш а говрашкара охьалилхира. Воккхах волчо хIун олу техьа, бохуш бIаьргаш цунна тIедерзийра массара а цо бохург хIуъа делахь а дан кийча а болуш.

— Хьоьллахь... кхозуш ю,— Iинехьа корта а таIош элира Мурада.— Вайх цаI чувуссур ву, ткъа важаберш...

Дерриг кхеташ дара. Арсби вуссур ву чу: иза кхечел жима ву. Мурад, иза массарал а воккха хиларна юкъалоруш а вацара. Кхиболу накъостий, цуьнан хенара белахь а, хьаьжкIаш юьйчу хенахь бина бара, ткъа хIара, Арсби, дуьххьара асар дечу хенахь вина вара. Иза вара чувосса везаш верг, иштта ду дайн гIиллакх.

Гомашан неIаран асех баьIна бина муш сихха схьа а баьстина шед бира Арсбис, цуьнан цхьа юьхьиг къевллина шен гIода юкъах а йихкина, важа юьхьиг накъосташка дIаелира. Важа тIаьхьалонна еана чуха хьарча а йина коча оьллира новкъа ца хилийтархьама, тIаккха бердан йисте волавелира иза.

Цуьнан гIода юкъах тесначуьра накъостийн кара кхаччалц, лаьхьано санна чIугъетташ, хьерчаш долчу чуханан совнаха ерг бердах чу а яхийтина, когаш хецна, бертал а вижина Iинах чухецавелира иза. Хеца а елла чкъург санна Iина тIехула кхозаелира чуха. Цунах ка а тоьхна, голашца дIатуьттуш охьаваха велира иза. Меттах а баьлла ши-кхо тIулг, кхийса а луш басех чубеара. Бердах когаш а гIертош хIаваэхула воьдуш санна куьйга муш а лоьцуш охьа чу вахара Арсби. Лакха тIехь болчу цуьнан доттагIаша лаьттах когаш а гIертош, аркъал а сетташ чIогIа дIалаьцнера муьшан важа юьхьиг.

Цкъа а цул тIаьхьа, и оццул боца а, амма цуьнца цхьаьна оццул беха болу и некъ дагалоцуш, Арсбига билггал ала ца лора, оцу новкъахь ма ца тохаделира шен къуона, майра дог. Кхерамна дацара иза — хIан-хIа оцу миноташкахь кхерам хIун ю а ца хаьара цунна, ткъа дагахь цхьа хила тарлуш доцу, ламанхочун дага чуьра цIий сацо тарлуш долу хIума хир ду моттарна дара иза.

Текхаш охьавоьдуш, цунна дагахь дерг цхьа хIума дара: сихха... сихха... — зудчунна юххехь кхозура иза. Букъ цуьнгахьа а болуш кхозура зуда. Арсбин дог юха а

тохаделира. Ткъа тIаккха, хьердаьлча санна, деттало-ра иза.

— ХIинцца, хIинцца... — баха велира иза, шек а во-цуш санна хила гIерташ. Куьйгаш схьа а лаьцна, иза ше-гахьа ерзийча, мохь ца болуш халла сатуьйхира цо: цун-на хьалха ерг цуьнан нана, Хедишт яра. Цуьнан юьхьа тIера, хьажа тIера, лога тIера массо а пха бусабелле-ра... Цергаш ваьштатаIийна яра, куьйгаш дуладелла ге-нах тасаделла дара. Цхьа ког жимчу юьхках гIортийна бара, ткъа важа хIаваэхь кхозура.

— Хастам хуьлда стигланашна—со кхузахь ву,— эли-ра Арсбис, ша цIахь хиъна Iаш волуш санна, синтем бо-луш, тешна волуш нене а хьаьжна. Совнахчу чуханца шена тIеозийра цо иза.

— ХIа, дIахеца хIинца га,— аьлла, цуьнан пIелгаш схьалецира Арсбис. Амма диттах дIалетта долушчул башха зудчан куьйгаш даста ца лора.

— ДIахеца га, дIахеца, ма кхера...

Нана йист ца хуьлура. Шуьйра биллинчу бIаьргашца хьоьжура иза. Арсбис баттара яьккхинчу шаьлтанца ха-дийра онда, дуладелла долу га.

## 2

Паччахьан кIант Николай буьйсанна дикка хан яьл-лачу хенахь БуритIе юхавеара. Iуьйранна гIалгIазакхех юьзира гIала — станицийн атаманеххий, тоххарехь тIе-ман гIуллакх дина бевлла болчу, хьолана чIагIбеллачу ахархойххий. Тайп-тайпанчу станицашкара баьхкинера холхазийн лекха куйнаш а техкина, басаяьлла, дашо сирца кхелина цIен гвардейски гIовталш шайна кIелхьа-ра гуш долу, бустамаш долу шира чоэш дуьйхина болу хьолахой. Уьш баьхкинера хьалхалерчу гIиллакхехь пач-чахьана совгIаташ дахьаш: шаьш даьккхина чагIар а, хазалла хаьржина йоI а.

Шийтта сахьт долучу хенахь Теркаца долчу эскарийн коьрта атаман волчу инарлин Смекаловн гIопе кхайкхи-ра кхуза баьхкинчушка. Шина а агIор, баттара даьхна тарраш а карахь вовшашна дуьхь-дуьхьал а вирзина лаьтташ ши хехо волчу къорзачу буткин кен берте гул-белира гIалгIазакхий.

ТIаьххьара а царна тIе а веана, уьш башхачу цIеноша-на чубигира адъютанто. Лерина ког боккхуш, юьхьа

тIехь къовлабелла, гIовгIа йоцуш чубахара гIалгIазакхий, шиммо пхьаьрса кIел лаьцна чагIаран цхьацца жима черма дара; хьалхарчу цIа чохь куйнаш дIа а даьхна, даржийначу пIелгашца шайн мажош а тойина, тIаккха эпсарца цхьаьна доккхачу цIа чу бевлира. Собарде бохучу кепара йиш-маIаш а йина, эпсар чоьхьарчу неIаршкахьа дIаволавелира. Iа а ца велла, къайллах гIалгIазакхийн йоIе дIахьаьжира иза, оцу сохьта юха царна тIе а веана, хIуъа а делахь цхьа ца кхетарг элира цо. ТIаккха юха а дог-ойла хоуьйтуш йоIе а хьаьжна, неI йиллина къайлавелира.

Мажош ерш бекхабелла бара: царна гур ву паччахь, сурт а ца гуш паччахь ша гур ву царна, шайна хьалхха лаьтташ, цуьнца къамел дийр ду цара. Къаьсттина самукъадаьлла вара станицан атаман Дей, хIилла долчу коьртана, шен гIуллакх хаьара.

Пхи минот яьлча уггар а лоруш болчу нохчийн векалийн кхин цхьа тоба а чуялийра адъютанто коьртехь Хьажбекаррий, кхин ши воккха стаг — Джанхоттий, тохара цхьана хенахь башха бере а, иччархо а хилла волу тIеди а волуш.

Нохчашка охьаховша аьлла бIаьца йинчул тIаьхьа, адъютанто гIалгIазакхашка элира:

— Чуван тарло фон-Фредерикс, инарла. Аса цуьнга дIахоуьйтур ду шун хьокъехь, ткъа цо — паччахье.

ГIалгIазакхий ойлане бевлира: и хIун цIе ю? Я гIалгIазакхи а, я муьжги а воцург.

Лаьттан бIаьра а хьуьйсуш Iаш нохчий а бара, цхьаболчара хьен тIиэ гучу а йоккхуш шайн куйнаш тIехьа теттина. Иштта кхин куйнаш дIа ца дехира цара: чохь куйнаш дIадохуш Iедал дац церан.

— Хьажахьа даьшна кортош долчу шайтIанашка! — элира гIалгIазакхчо шен лулахочуьнга. — Куйнаш а техкина Iайца!? Шаьш мичхьа ду а ца хууш...

— ГIезалой, гIезалой хилаза Iийр бац, — жоп делира атамана.

Паччахь чуваре хьуьйсуш бIаьргашца чоь кегош бара гIалгIазакхий, нохчий. Шайн ирачу бIаьргашца луьттуш санна хьуьйсура уьш башха кечбинчу тхевне а, дешиха къегаш тIемаш долчу яккхийчу неIаршка а; тIаккха цара шайн бIаьргаш аьрру агIорчу пенехьа хьовсийра, цигахь кхозуччу басаршца диллинчу доккхачу шина суртехьа. ЦIеххьана уьш дика ца къаьстира царна,

амма мацца а шайн бIаьргаш боьлча — царна гира: дIо генахь гуш лам бара. Цунна буьххьехь яра Шемалан уггар онда чIагIо ГIуниб.

Шен наибца цигара охьавоьссина имам Шемал, йийсар хилла каравоьду. Ломах охьа чу а воьссина, тIулган аренехула схьа а ваьлла эскарийн коьрта хьаькам эла Борятинский Iеш волчу, дехха генаш дIа а тийсина Iиндагl хIоттийнчу дитта кIелахь сецира иза. Гонахбевлира инарлаш а, эпсарш а. Къарвелла каравеанчу Шемале леррина а, дика ойла йолуш санна а хьуьйсура уьш, ткъа иза шаьлтанна тIе ка а диллина, талмажо хIун олу техьа бохуш, цхьаьнгге дIа а ца хьожуш, лаьтташ вара. Цуьнан бIаьргаш цхьана хIуманна тIе догIаделлера, цуьнан кIайн чалба гIода юккъе кхаччалц охьакхозуш яра.

ГIалгIазакхашна дагадогIура шаьш кегий долуш баьхна иллеш:

Органал дехьа, хил дехьа,
Нохчийн агIонгахьа
Доьлхура тхо могIар хIиттина,
ЖаIар Iуттучу сирлачу дийнахь.

кхидIа а:

ШолгIачу сурта тIехь гора гIалгIазакхийн эскаршна тIехь буьйр деш хилла инарла Слепцов валар: хьуьнах беш тIом бу, гIалгIазакхийн дошлой бу тIелеташ, дуьхьал леташ нохчий а бу. ТIехьашха гуш юькъа, бодане хьун ю, берзина когаш луьйтанашна чохь а болуш, карахь хьалха дIаерзийна топ а йолуш, дитташна юккъехула хаьхкина вогIуш гуш ву нохчо. Хьалхахьа го нуьйрара охьавужуш лаьтта инарла Слепцов: иза чIогIа чов хилла ву. Говрашкара охьалилхинчу, гIалгIазакхаша тIе а хьолхий, говрара охьаоьцу иза.

«Деллахьа, ма тIом а бира-кх вай»,— бохург дагахь долуш сурте хьуьйсу мажош ерш, лепа бIаьргаш кестКеста мостагIаллица нохчашка а къерзош. ОьгIазе дIахьажарца жоп делира царна Жанхота, цергашна юккъехула цхьа гIам-гIим а дина, ша волччохь вулавелла сецира иза. Амма вовшашка болу цабезам байра: неIарх чоьхьавелира инарла. ГIалгIазакхий шаьш болччохь догIмаш нисдеш ирахIиттира.

Бен а доцуш гулбеллачаьрга хьаьжира Фредерикс. Нисбелла дIахIиттина бара гIалгIазакхий: аьтту куьйгаш охьахецна дара, ткъа кIеззиг саттийначу аьрру буйнахь, куйнаш дара. Нохчий а шайн тайпана дIахIиттина

бара: цхьаболчуша цхьацца ког хьалхатеснера, вуьш шайн Iедалехь шаьлтанашна тIе куьйгаш а дехкина лаьтташ бара, кхозлагIниш цкъа инарле хьовсуш, тIаккха гIалгIазакхашка хьовсуш, юха а инарле хьуьйсуш лаьттара. Шен беснешна тIерачу бакенбардех (чIенга тIехь ца юьтуш, ялийтина маж) куьг хьаькхна, цIоцкъам а саттийна, агIор дIа а хьаьжна Фредерикса гIалгIазакхашка хаьттира, хIара юй шун йоI, аьлла.

— Билггал ю, хIара тхан йоI,— боху аьзнаш хезира.

Ах нохчийн а, ах гIалгIазакхийн а хормехь кечйина, гIалгIазакхийн хаза йоI йист а ца хуьлуш, цIарула цIий а елла лаьтташ яра. Дехачу, марс санна сеттинчу Iаьржачу цIоцкъамашна кIел гуш ши бIаьрг бара, шуьйра биллина а, кхерамах буьзна а болу.

— Собарделаш кхузахь,— элира доцца Фредерикса. — Ткъа йоI цкъачунна тхан кхузахь юьсур ю.

Паччахь Iуьйранна хIума а йиъна, векалш тIеэца кечлуш вара. Хьуьхьвоьлла ведда чуиккхира цIий а велла волу паччахьан кIант Николай, амма паччахь а гина оцу сохьта соцангIа хилира иза. Массарна а хууш дара, паччахьан воI шен оьгIазечу дех кхоьруш вуйла. Аьтту цIоцкъам айира Фредерикса: гIалгIазакхаша ялийна хаза йоI Николайна езаяларх кхийтира иза. Ткъа иза ша а вара иза иштта хилар лууш: цо гайтира паччахь хинволчунна и йоI. Тамаша а бац! ХIуъа дина а, монарх хинволчунна шен хеннахь там бан хьажа везара. Ахьа цунна тамана ден гIуллакхаш къайлах мел хили хьан цуьнца йолу зIенаш чIагIло. Хьанна хаьа оцу тешхачу эпсарх шен оьгIазе ден буйнара ваьлча хIун хир ду? Иза жима волчу хенахь шена хьоьхуш хиллачу англичанинан Хитчан лаамна кIел вара. Хан мел ели и лаам малбелира, тIаккха гуттар дIабайра. И баккъалла а дика дара: Фредериксана ца безара англичанаш. КхидIа — хала дара паччахь хинволчун ойланашний, лаамний тIехь куьйгалла деш верг мила ву ала: иза массаьрца а кIедамерза вара, массаьрга а ладугIуш вара—ткъа ша шен дагара дуьйцуш вацара. Цкъачунна иза — къайле яра: цунна синкъерамаш бора, иза лара а лорура, декъала а вора, амма цо ша деш долчун а, цо ша дуьйцуш долчун а хьокъехь олуш цхьа дош дацара. Иза массо а меттигашка кхуьйлура, той динчохь а хуьлура иза, массанхьа хуьлуш а, ладугIуш а, кад молуш а вара, амма цо деш къамелаш ца хезара, мотт ца хууш санна вара иза. Пач-

чахьан кIентан, аьлча а монарх хинволчун меттина дIасалелориг автомат йолуш санна хетара. ХIетте а цунна там ца бича ца болура.

Паччахь, везза ша волчуьра хьалагIаьттира.

— ХIан, дуьло! — элира цо доцца цхьангге дIа а ца хьожуш.

Фредерикса адъютанте корта ластийра. Адъютанта дехьа чу а ваьлла, векалш гIовттийра:

— Паччахь ву чувогIуш!

ГIалгIазакхий гIовгIа йоцуш нисбелла дIахIиттира. Цаьрга а хьуьйсуш дIахIиттира нохчий а.

Цхьана эшшара Александран маршаллина жоп а делла, цо хIун олу техьа бохуш, дIатийра гIалгIазакхий.

— Муьлхачу станицашкара ду шу? — аьлла, шен шуьйра маж тоеш куьг хьаькхира паччахьо.

— Новр-гIаларий, Кахановскерий ду, хьан паччахьаллин сийлалла! Сипсу-гIаларий, Соьлжерий, Оьрза-гIаларий берш а бу...

— Оьрза-гIаларий? Сан гIароллехь бара цигарнаш.

Шаьш болччохь меттах а хьеш, белакъежира мажош ерш.

— Муха деха шу?

— Далла бу хастам, хьан сийлалла, оьшуш хIума доцуш дика деха... арз дан хIума дац.

— Чергазоша хьийза-м ца до шу? — аьлла, оьрсийн мотт ледара хуучу нохчашкахьа корта тесира паччахьо...

— Наггахь иштта меттигаш а хуьлу... ХIинцца дукха хан йоццуш рема йигина.

Нохчашкахьа дIахьаьжира паччахь.

— ХIорш бевзий шуна? — хаьттира цо вела а къежаш.

— ХIорш хьал долуш бу, машаре нах сийдолуш берш бу, хьан сийлалла...

Кавказерчу эскарийн лаккхарчу командованин векалех цаI волчу нохчочунна — инарлина Орцина тIе а воьрзуш, паччахьо хаьттира:

— Шун наха хIунда йо гIалгIазакхашна новкъарло. Рема йигина. Юхаяло еза. ДIаала кхаьрга... вон леларш совцабе.

ТIахъаьллачу инарло, паччахье ла а доьгIна, ах нохчашкахьа а вирзина, шайн маттахь, хIор дош мосазза эли лоррий куьг а ластош, къамел долийра. ЦаI-м аьлла моллас жоп делира:

— Хьан паччахьаллин сийлалла! Коьртачу моллас доьху къола дечарна шарIехь суд ян бакъо ялар,— аьлла, гочдира Орцас.

— Иза хIун ду? — хаттар деш корта айира паччахьо.

— Цкъа къола дича аьрру куьг доккху. ШоллагIа къола дича — аьттуниг доккху.

Паччахь ларамаза шен шуьйрачу куьйге хьаьжира.

— ХIан-хIа, иза дан бакъо лур яц,—аьлла, жоп а делла, гIалгIазакхашкахьа дIавирзира иза.

— Эскарехь гIуллакх муха до аша? Сан дена санна муьтIахь долуш дой аша?

— Иштта до, хьан сийлалла...

— Дан деза. Далла дина ламаз а, паччахьана дина гIуллакх а эрна довр дац.

— И гIуллакх дан ирс долуш ду тхо, хьан сийлалла! — Цхьабосса мохь туьйхира гIалгIазакхийн векалша. Ткъа атаман Дей массеран а цIарах къамел деш вара:

— Динан дуьхьа, паччахьан дуьхьа, даймехкан дуьхьа тIом беш Кавказ караялийра оха, туркойх тийсаделира.

— Нагахь мостагIчух тасалойла хилахь аша тхаьш лардийриг хиларх шеко йолуш вац со...

— ГIуллакх дан кичча ду тхо, хьан сийлалла!

ГIалгIазакхашна а, нохчашна а везавелира паччахьан кIант — хила ма веззара вара иза, чоа а дуьйхина!

— «ХIара вайна ма хетта ву»,— бохуш ойла йора цара, леррина паччахь хин волчуьнга а хьуьйсуш.

Нохчо Жанхот цхьана кога тIера вукху кога тIе вазвелира, аьрзунан зIакарх тера цуьнан мара айабелира, бIаьргаш лелабевлира, цкъа паччахьана тIе, тIаккха инарла Орцигахьа къерзош: цаI ала а лууш, ткъа ала а ца хIуттуш. ХIетте а, Iа а ца велла, цо элира:

— Ва инарла Орца! Бехк ма билла суна, аса хьайга дехар дарна... Делан дуьхьа, хаттахьа паччахье цунна тIева мегар дарий техьа?

— СовгIатана хIума яла-м ца воллу хьо?

— Воллу те, совгIат дала воллу, амма цунна шена гурриг... Алахьа...

— Хьан паччахьаллин сийлалла! Хьо ша лараран билгалонна нохчочо доьху тIева а, массеран а цIарах муьтIахь волуш, хьан, паччахьан кара совгIат дала а бакъо ялар: иштта ду кхузара гIиллакх.

Паччахь оцу заман чохь гIанта тIе охьахоу. Орцас аьллачу дешнашна схьа а воьрзий, леррина зуьйш нохчочуьнга хьожу, ткъа иза-м цунна тIе бIаьргаш а доьгIна Iаш ву, бен а доцуш, амма цуьнца цхьаьна шек дIа а воцуш, курра. Паччахьо корта ластор а гой, Жанхот дIахьоду — паччахье дIакховдийча куьг кхочур долуш йолу юкъаметтиг бен юккъехь йоцуш соцу иза. Тур схьа а достий, меллаша, чIогIа сийдеш иза баттара доккху цо. Къегачу болатан Iиндагl пена тIехула уьду.

Берраш а улло тIебаьхкира: паччахьана гонах бевлла берш а, цуьнан некъахой а, кавказски эскаршна буьйр деш волу эла Дондуков-Корсаков а, инарла Смекалов а, мажош йолу гIалгIазакхий а. Царна тIаьххье шаьш ма латтара, меллаша хьалхахьа теIа паччахь ларвеш болу гвардейцаш а.

Жанхота шен можах масех беха чо а боккхий, туьран ирчу дитта тIе а лоций тIе хIуп олу. Цуьнан пIелгашна юккъехь чоьн кхо юьхьиг юьсу, детин хьаса санна долчу чонан хадийна кхо дакъа лаьтта охьадужу. Инарла Орца куьйга мекхаш хьийзош, маж а шаръеш, цкъа паччахье хьожуш, тIакха Жанхоте хьожуш лаьтта: «шен» ламанхочух дозалла до цо. «СовгIатана ши гомаш лур ю аса цунна» — сацийра цо дагахь — оцу шен комаьршаллина оцу сохьта вицвелира иза.

Жанхота ойла а йой, къамкъарг екош, дехха дуьйцу: цкъа соцуш, цхьанхьа цIенкъа а хьоьжуш, цIенкъара — коре, генна ара а хьоьжуш... ТIаккха а, цхьана пIелгана тIаьххье важа пIелг охьа а бижош, уьш сеттош, юха а дIадоладо цо. ТIаьххьара а, Орце а хьожий, соцу иза. Цо, амал мадду дац а деш, воккхачу стеган къамел гочдо:

«...ХIара тур кхузткъа шарахь сан ден дас лелийна. Цул тIаьхьа шовзткъа шо даьлча цо сан дега аьлла: «Вайн цIийнан тIаьхьенах хьо шуьйтталгIа ву»... Со, иштта — кхойтталгIа ву... тхан борхIалгIачу дена, борза бухахь карийна хIара башхачу болатан гIама, цунах тIаккха дина тур ду хIара... «КIенташка, кIентан кIенташка лолаш хIара,— баьхна цо,— вайн хIу кхачадаллалц ларделаш хIара»... Со тхайн цIийнан тIаьхьенах тIаьххьарниг ву. Сол тIаьхьавуьсуш цхьа а вац... Наггахь бен хуьлуш йоцу хIума — хьомечу, уггар хьомечу хьешана яла лаьа суна».

Паччахье тур дIа а кховдош, Жанхота оьрсийн маттахь элира:

— Поджалист!

Паччахьо ира а хIоьттина, тур дIаийцира. Хиш оьхуш болчу цуьнан бIаьргаш чохь там хиларан цIе яра хаалуш, шуьйра балдаш делакъежаш дIасадахара: хIуъхIуъу хьовха герзий, тIеман гIирссий дага а доьхна бара берриге а РомановгIар, тIеман хьуьнар хиллачу, шайн цIийнах волчу Петран хьалхарчуьнан верасаш шаьш лоруш болу. ТIаккха тур кIанте дIаделира цо, ткъа цо, хьажа а хьаьжна, паччахьан дежурни адъютанте дIаделира.

Инарла Орцихула Жанхотана баркалла а аьлла, Александр юха а гIалгIазакхашна тIевахара.

— ХIинца хIун деш ву хьо?— хаьттира цо сиръелла еха маж йолчуьнга, векалех уггар къена а, амма тIахъаьллий, гIора долушший, салти санна когаш тIехь нийса лаьтташший волчу.

— Юьртан урхаллин атаман ву со, хьан паччахьан сийлалла! — бIаьргаш хье тIе а даьхна, вистхилира гIалгIазакхи.

— КIентий буй хьан?

— Воккхахверг гIуллакх дина ваьлла. Юккъерниг — хьан сийлаллин гIороллехь ву, ткъа жимахверг гIуллакх дан ваха кечлуш ву...

— СовгIат даларца декъалво аса хьо... паччахьаний, даймахканий тешамца гIуллакх дарна. — Паччахьо некха тIе мидал уллу цунна.

— МуьтIахь волуш, аса баркалла боху хьуна, хьан...

РоггIана гIалгIазакхашна совгIаташ а дина, паччахь шена гонахбевлла болчушца цхьаьний, паччахьана тIера бIаьрг дIа ца боккхуш, уьш аьтту агIор а хьежош Iаш волчу, станицан атаманна Дейна тIевоьду. ХIинца цуьнан бIаьргаш аьрру агIорхьа дирзинера, паччахьана тIаьхьа шайн хьажарца иза тIеозо гIерташ санна.

Дейна юххехь лаьтташ вара похчийн кIезиг беш боцчу могIанна юьххьера Жанхот. Жанхота бу гира паччахьо гIалгIазакхичун неиха тIе мидал. Мидала тIера сурт а гира цунна: говра тIехь, шен карара гIовмакъ тоьхна саьрмик буьйш воллу бере. «Иштта ниг лахьара-кх суна а! И ду хьуна тIемалочунна а, беречунна а бакъдолу совгIат»,— ойла хьаьвира Дейнан коьрта чохь.

Национально краеведческий отдел
Национальная библиотека Чеченской Республики
Нохчийн Республика-Нохчуо Qoman biblioteka Чеченская Республика-Ичкерия Национальная библиотека 17
р.сч № _____ МФО _____
Банк _____

ГIалгIазакхашка хьожий чекх а волий, нохчашкахьа воьрзу паччахь. Талмажалла дан дезар дуй а хиъна, юкъара схьа а ваьлла паччахь вирзинчу агIор дIахIоьттира Орца.

— Оха гIоленаш елла шун халкъана, тIеман гIуллакх дайтаран меттина ясакх тоьхна: гIуллакх деш йоккхучу ханна оха цунна ечу харжжал ахча, хIор цIийнера даккха аьлла оха. Делахь а, тхуна хаа лаьара, эскарехь гIуллакх дар юкъадаккхарна аша дуьхьало хIунда йо? Цунах муха кхета веза? Тхо ца деза шуна? Я дино мага ца до шуна? Амма, гIезалоша, масала, эскарехь гIуллакх до, ткъа уьш а ма бу бусалбанаш. Хаттахьа, инарла, и хIун ду техьа?

— Царех жоп далалур ду соьга, хьан...

— ХIун ду?

— Наха дуьйцу: нагахь тхуна салтий хилар тIедожадахь... иза юкъара кхетам бу: гIашлой я дошлой... хIета тхан зударий а нуьцкъала, тIехь шарбалш йоцуш лоьлуьйтур бу цара-м...

— Ткъа хIара а иза моьттуш ву? — белш саттайой, Жанхотана тIе пIелг хьажабо паччахьо, ткъа Жанхот цецволий паччахье хьожу: «Хьажахь и бIаьргаш! Баьццара бIараш санна баккхий! Шуьйра мара! Ткъа белш! Накха! Гай! Ворта! Даьдала хьан вортанан! Ма паччахь ву — ша ма ярра бугIа ю-кх» — олий ларамаза корта ластабо цо. Паччахьана хааделира иза.

— ХIун? Хьо вац иштта ойла йолуш? Ткъа хIун деш ву хьо? — Жанхот Орце хьожу: «Ва нах, цо хIун хоьтту?»

— Хьан паччахьаллин сийлалла,— юха а жоп делира Орцас,— хIара воккха стаг Йоккхачу а, Жимачу а ерриг Нохчийчоьнна вевзаш ву. Турцица тIом болчу кхузткъе вуьрхIитталгIачу шарахь сан дошлошца вара иза.

— Вайгахьа тIом бешший?

— ХIаъа...

— ХIинца хIун деш ву?

— Адамашна тарраш, шаьлтанаш иръеш ву, хьан сийлалла... и дарна шен таро ер-ерг ло цунна.

Паччахьо аьрзу тIехь йолу мидал кховдайо цуьнга. Жанхотехь воккхавер эккха, бIаьргаш къега, хебаршка ихна чIишталгаш жимма цIийло. Амма пхи секунд ялале цуьнан луьста цIоцкъамаш дусало, ткъа юьхьа тIехь ре-

завацар го: ламанхочун ирчу бIаьргашна къаьстира мидална тIехь бере воцуш цхьа олхазар хилар.

«ГIалгIазакхийчунна-м айгIар бели»,— дагахь оьгIазваханчу нохчичо, са а ца тохаделла, элира:

— Суна ца оьшу котам! Айхьа лахь дин ло!

Шен дагахь, олхазар тIехь дерг а ца луш, динбере тIехь волу мидал ло, бохург дара иза.

Инарла Орца цIийвелира. ГIалгIазакхий меттахъхьайра, церан мажош а дIасатеIара, доьхна бIаьргаш кхерсташ дара. «Хьажахьа шайтIанан коьрте!» — бIаьргаш къаьрзинера атаманан Дейн.

Паччахь, массо а цецвоккхуш, велавелира. Кхеравелла бос бан воьлла паччахьан кIант, Николай а велавелира шен дена тIаьххье, масех секундехь булабелла лаьтта вуьш белабеллий, белакъежний дIахIиттира.

— ХIан, хIара бу хьуна дин, — аьлла, паччахьо мидал хийцира цунна. — ЦIахь говр юй хьан? — хаьттира цо Жантохе. Воккхавеш Жанхота жоп делира:

— Лоша помри...— Дин белла ала гIертара иза.

— Ткъа мила ву хьан? Зуда юй хьан?

— Джена сдох... — Зуда а елла бохург дара цуьнан иза. Бийлабалар иккхира. Дуьйцучух ца кхетта болу нохчий боцурш, берриге а буьйлуш бара. Амма Жанхот курра, воккхавеш лаьттара.

## КОРТА II

### 1

Поппарх йиллина цIенкъа а, чохь бодане а долчу, цаI бен доццу цIа чохь, кхо ког болчу лохачу гIанта тIе хиъна Iаш вара Арсби. ХIайтъаьлла хьийзаш нана а яра — кIант балхара чувеанера. Юьртан да а, хьолан да а волчу Хьажбекарна чу а хIоьттина, цунна вецаш вара иза. Стенцца вузийна а, кIант вузо везара, ткъа чохь сискалгIий, кIеззиг туьхий бен, хIумма а яцара.

— ХIумма а ца оьшу, — аьлла, куьг тесира Арсбис, — со-м вархьама, схьа чувеанера...

ЦIенкъахь Iуьллуш диттан га дара, шен нана тIехь кхозуш хиллачу диттах селхана даьккхинера Арсбис иза. И га схьа а эцна, уьрсаца хьекха волавелира иза. Дагалацамана гIаж ян езара. ДIа ца хьожуш а Iай, вист дIа

а ца хуьлуш, нене бlаьрг а тухий, корта ластабора цо: селхана оцу ехачу сарахь а, буьйсанна сахиллалц а, мотт сецча санна, шен балда меттах ца хьадинера цо. Ткъа сахилча, кlентан доттагlий чу а баьххина, хилларг Мурада массарна а ма дарра дийцича, цlеххьана дош къастош къамел долийра нанас:

— Сардам гlолда цу шиннех а: паччахьах а, Исмаьlалах а! Хlара делан дуьне царна бен кхоьллина а дац техьа?

Iинан басахь диттах кхозучу шен ненан бlаьргийн сурт юха а хьалхахlоьттира Арсбина, — кхераяларна а доцуш, ткъа хьеръяьлча санна телхина болу и ши бlаьрг. Ирс долуш хилар дара сел ирчачу оцу бlаьргаша кхера а ца веш, ткъа мелхо а, цуьнан къонахалла юхаметтахlоттар!

Ма хаза ду хlинца! Нана шен чохь ю, ткъа Арсбина хаалуш богучу гlийнан хьожа а ю, неlарал арахьа хезаш мохо лесточу диттийн генаша меллаша деш шабарш а ду.

Юрт де даздеш яра. Ахьа ма даздел иза, нагахь юьртан дас, Хьажбекара, сакъера аьлла, омара дина хилча: паччахь веанера, цlеяххана болчу юьртахошца къамел а динера, царна мидалш а екънера! Хьажбекара аьлларг — кхочушдина хила дезаш дара.

Къенан а, къонан а юьртахой эвлан йисте бо'злуш бара гlаш а, говрашкахь а... Дlога вогlуш ву совдегар Бакар, ткъа цуьпца ву Хьамзат, адамаш lехорций, къоланаш дарций, зударий бацорций — царех цаl хlинцале еллера, шиъ дийна яра—хьал долуш хилла волу. Царна тlаьхьа вогlуш ву жан да — ИбрахIим, Бакаран ваша; цуппа аьрро агlор вогlуш ву Туган — хьалха таьllана некхан у а, горга юьхь-бlаьргаш а долуш волу. Уьш берриге а тlедуьйхина бустамаш долу керла чоьэш а, хьалха оьхкина паччахьан совгlаташ-мидалш а йолуш бу. Юкъах йихкина яккхийра, еха шаьлтанаш а ю. Когахь, кlархашна чухула юьйхина, гоьле хьалакхочуш маьхьсеш ю, ткъа коьртахь бухарон холхазан куйнаш ду. Буц хьашарна кхоьруш санна, дукха лерина богlуш бу уьш.

— Ассалам lалайкум! — аьлла, бустамаш долчу чоьэшна тlехула обанаш а юьйхина волчу шина молланехьа дlа а бирзина, цаьрга салам делира цара. Юкъах шаьлта йоцу къонаха — ша ма ярра зуда ю. Ткъа молла а

боьрша стаг ву. Тlедуьйхиний ахьа чоа, дlаолла шаьлта а. Доккхах дерг хlун ду — нохчо хилар ду, ткъа шаьлта ца хилча иза я боьрша а, я стен а вац. Зудчал а оьшу.

— ВаIалайкум салам! — аьлла, дахдеш салам дIа а эцна, меллаша вовшашка вистхилира ши молла: — Уггар хьал долуш берш бу и дIабоьлхурш...

— Вайшиннел хьал долуш-м бу. ХIораннан а хьелий, гомашаш ю.

— Говрийн реманаш, дукха даьхний ду... цкъа а вайшинна совгIатана хIума-м ца елла.

— БIаьрмециг бу...

— Цундела церан туьканаш а ю!

— Ма сиха хьал долуш хилира уьш — бакъ дуй иза?

— Дерриг гIуллакх делан керахь ду...

Ткъа совдегарша, бIаьрга эшарца молланашкахьа дIа а хьаьвсина, жа долчу дайшка меллаша элира:

— Уггар сийлахь адамаш ду уьш.

— Муха дац! Стаг хуьйла, я сту, говр хуьлда цомгуш — дарба моллас леладо... ИбрахIиман старна дарба моллас лелийра: Iаьрбийн маттахь жайна а даьккхина, и кехат старна тIехула дага а дина, хIупъаьлла чим баржа а бина, дагахь цхьа доIа дийшира цо.

— Сту хьалагIаьттирий ткъа?

«Белира», — элира ИбрахIима шен дагахь, ткъа хозуьйтуш бехказавелира:

— Бакъдерг аьлча, дага ца догIу суна... тхайнчаьрга ца хаьттира аса...

— Ткъа хьан жа муха ду?

Ши бIе уьстагI бара хьалха, хIинца кхо бIе бу.

— ЖаIу дика ву хьан?

— ЖаIуй? — цIоцкъамаш дусаделира цуьнан. Балдаш ца вешаш дахделира. — ЖаIуьнан карахь хIун ду? Жа дала диэбийра... Вуьшта, жаIу а вон вац; ши шо а ду цо ял ца йоьху. Цо хIун йоу, суна сайна а ца хаьа.

ИсмаьIала жаIуьнийн дикаллех а, жах а лаьцна дуьйцучунна реза воццу Хьамзата, Бакарехьа дIа а вирзина, сихха къамел кхечунах лаьцна долийра. Хьал алсам гулдарехь шеца къуьйсуш волчуьнан дагахь дерг мелла а хаан а, цу тIехь цуьнан болу кхиамаш шечаьрца буста а сихвелира иза. Амма вукхо, лаьттан бIаьра а хьоьжуш, шега дечу хеттаршна сих а ца луш, совнаха дерг ца ала, лоррий жоп лора. Стенна оьшу шен мекар-

лонаш а, хала минот тIехIоьттича кIелхьаравала хууш хилар а кхечуьнга дийца? Махлелор каралаьцний ахьа, айхьа лаха беза аьтто болу некъ а. Ткъа оцу кепара дуьхе ваха гIерташ дечу хеттаршна дуьхьал, данне доцург дийца деза, я долчунах ах бен дийца ца деза.

— Аса хIун дуьйцур ду хьуна? — аьлла, волавелира иза. — Бухадиснарш а доьхкина ваьлла со-м: дахка дохку хьелий а, гомашаш а, расха айгIар а, ши сту а. Царех деллачу ахчанах а товар эцна. Хьалха баккхал бен ца лелайора аса, ткъа хIинца баккхал а, кIадий а духкуш ву со.

— Ткъа хIун дало хьоьга?

— Дика гIуллакх хуьлу, далла бу хастам... — Ткъа дIогахь болчара, — тIехь чкъургаш а йоцуш йолу ворда шайна уллохь агIор а яьлла лаьттачу, эвла йисттерчу цIеношка пIелг а хьажийна,— цара товар ца оьцу, хьайниг деза ду бохуш,—элира цо.—Деза ду бохург хIун ду? Аса соьмана тIетоьхнарг дерриг а цхьа ах сом бен дац. Ах сом хIун ю? — Тьфу!.. царна девза товар? БIаьрмециг девлла адамаш.

— Са ма гатде ахьа, оьцур ду хьуна, — аьлла, жоп делира ИбрахIима. — ДIахьажал хьо, хIун ю царна тIехь ерш: хьожа йогIу тIелхигаш ю-кх! Карор ду хьуна царна ахча-м.

— Нагахь далла иза лаахь — лохьа дела, лохьа дела! — аьлла, юьхьа тIехула а, можана тIехула а охьа куьг хьаькхира Бакара.

ЦIеношна тIехьахула гучубевлира бустамаш долу чоьэш а дуьйхина болу хьолахойн кIентий а, кхиболу церан къона кегийрхой а.

— Вайнаш богIу!—аьлла, севцира кегийрхой. Хьамзатан кIант Исмаьил, шен дегI хьала а нисдина, бетах куьг а хьаькхна, мекх то а дина, корта ластийна коьртахь куй дIа а нисбина — баккхийчарна тIевахара:

— Тхо оьший шуна? Шун гIуллакх дан кийча ду-кх тхо!

— ХIан-хIа, баркалла! — аьлла, куьг а ластийна, массарна а хьалхара жоп делира Бакара.—Шайн новкъа дIагIо.

Некъана шина а агIорхьа шера аренаш яра. Декхначу дийнан хIаваъ адамийн гIовгIанеххий, терсачу говрийн аьзнеххий дуьзна дара. Ерриг юрт хи йисте гулъеллера.

Тобанна дехьо, цигга хи йисте, гобинна охьахевшира доттагIий а. Цаьрца ву Джо — гIараваьлла волу бере. Цуьнан карахь, даима а санна, шед а ю, ткъа хаьн тIехь, доьхкарх а йоьллина йоллуш, ден дех йисина нохчийн тапча а ю.

Цунна уллохь майра ТIатIаш а вара. Дехьо, тила а тилла, тиша куй коьртахь а болуш, къорззий цкъа цхьаьнга хьожуш, тIаккха кхечуьнга хьожуш Iеш вара БатIал. СхьатIевеара Арсби. ДоттагIаша хьала а гIевттина, цуьнгара салам схьаийцира. Сийначу, амма кIеда а, кIеззиг кIадбелла а хьоьжучу бIаьргашца массаьрга а хьожуш чекхвелира иза.

— Хьала хIунда гIевттина шу? Охьаховша!..

— ХIан-хIа, хьо охьахаа! — Арсби охьахиира. ДоттагIий а охьахевшира. Ша воллучохь дIа а тевжина, маьхьсийн меттина голашка а кхочуш долчу морсачу гатанан пезагашна тIехула юьйхина неIаран мачаш а йолуш болу шен когаш дIахийцира Арсбис. Карахь дечиган пондар а болуш, царна тIевеара илленча, Жабраил. Хазахеттачу доттагIаша охьахаийра иза — шайна иза тIе ца варна кхоьруш бара берриге а.

— Шу доцчу меттигехь цхьаннахьа а хиллий со ткъа?—аьлла, велакъежира иза. И берриге а бенойн тайпана болу кегийрхой, берахь дуьйна чIогIа доттагIий а, Хьажбекарна бецаш бечу балхахь накъостий а бара, амма царна юккъехь цхьа башхалла яра: Арсби гуттаренна а хьоладена чухIоьттина вецаш вара, ткъа цуьнан доттагIий — бIаьста оханан заманахь дуьйна, гурахь ялташ чудерзийна довллалц бецаш бара.

Дукха хан ялале царех дIакхийтира вежарий: Биболаттий, Бай-Мурддий, Байсолтий шаьш илланчаш а, дийцаршка ладогIар дезаш а болу. Уьш гендаргнойн тайпана бара, бенойн цIийнах схьадаьлла долчу. Цигга кхечира нохчийн, Теркаца бехаш болчу гIалгIазакхийн хIу иэрах схьадаьллачу, гунойн тайпана волу кхин кхо ваша а Шахьболаттий, Жамболаттий, Хасболаттий. И кхуьй а тайпа вовшашца бертахь а, вовшийн гIолоцуш а дара.

— Сел лерина стенна хьоьжу хьо цаьрга,— аьлла, уллохула тIехбовлуш болчу хьолахошкахьа корта а таIийна, шен доттагIчунна Джона тIе а вирзина велакъежира БатIал. Цуьнга къаьрззина дIахьажар бен, хаттарна жоп а ца луш, сихха кхечухьа дIа а вирзина, цер-

гашна юккъехула туй кхоьссира Джос. Диттах сара а баькккхина, ши ког дIа а хецна, уьрсаца иза хьекха волавелира иза. Цунна тIаьххье киснашкара арсаш схьа а даьхна, кхин дан хIума ца хиларна, серий хьекха буьйлабелира вуьш а.

— ХIума йиъний ахьа тахана? — аьлла, инзаре юткъа гIодъюкъ а йолуш, эвлахь уггар тоьлуш волчу хелхархочуьнга, Индарбига бIаьрг а тоьхна, хIетта тIевеанчу цуьнга хаьттира ТIатIаша.

— Йиъна, — аьлла, бIаьрг таIийра Индарбис. Ткъа хIоа а IаIийна, ткъа километр гена базара а яхана, уьш а доьхкина баьпкан юьхк эцнера тхан нанас. Иза иэ а деш диира оха: кIеззиг бепиг а, йоккха сискал а кхоллуш... Иштта йиъча бага а юзура, гай а дузура.

Корта а хьавзийна, доккха са а даьккхина, сихха Жабраилехьа дIа а вирзина, Арсбис элира:

— Цхьа илли алахьа вайна!

— Хьажбекар тIехваллалц собарде,— аьлла, жоп делира вукхо.— БIаьрг ма кхитти болх бан хьажор ву цо...

Арсбис юха а доккха са даьккхира. Кхуьнан да велчхьана дуьйна хIара вацош волу кхуьнан «хозяйн» вара вогIуш верг.

Арсбин нана а яра кхечарна чухIоьттина. Кест-кеста хуьлуш дара, пIерасканан дийнахь цхьа хIоа а доттий, сискалан юьхк а оьций, цхьа хох а бахьаш иза кIантана тIаьхьаяр. КетIарчу заIарна улло дIа а хIуттий, берзалоша цуьнан нана йийначул тIаьхьа, къаьсттина дукхаезаш цо кхаьбна а, кхиийна а «Леча цIе йолу къона говр юкъахь а йолуш долу даьхний-стерчий а, говраш а кхобуш воллучу Арсбига хьоьжуш, ехха лаьтташ хуьлура иза. Арсби балхана чIогIа тIера а вара, цхьана а хIуманна тIехь, цкъа а шен хозяйнна дуьхьало еш вацара иза — мегардацара воккхачуннa, цу тIе хьоладена, цу тIехула, тIе, юьртдена, дуьхьало ян! Иза яр къилахь дара!

Ткъа хIинца, «Хьажбекаран бIаьрг кхетахь, цо балха хьажор ву», Жабраила аьлча, Арсбина дуьххьара дагадеара: «ХIинца со-м гIур вац балха», — аьлла. Шена дагадеанчу вочунах ша а кхера а велла, илленчегахьа дIавирзира иза.

Алахьа, Жабраил! Хьажбекар дIавахана хьуна.

КIеззиг охьа а таьIна, мерзашна тIехула пIелгаш шаршийра Жабраила.

— Шемилах лаций алий аса?

— Ма алахьа цунах лаций, — кхолавелира Джо.

— Шемилах лаьцна олийла ца лаьа хьуна?

— Ца лаьа...

Цергаш гажа а йина, БатIала элира:

— Джон ден ден мерах Iуьрг а даькккхина, оцу Iуьрга чу цигаьрка йоьллинера Шемала.

— Боккъалла а боху ахьа? — цIоцкъамаш дусаделира Жабраилан. Суна иза хаа а ца хаьара.

— Бакъду, Шемал иза деш вара,— цергашна юккъехула элира ТIатIаша, — цигаьрка узуш волчуьнан мерах Iуьрг а доккхий, таIазарна цу чу цигаьрка юллуш Iедал дара цуьнан.

— Ша схьавелхьара вайна а изза дийр дара-кх цо.

— Билггал дийр дара,— аьлла, чIагIдира массара а.

— Ма дукха хьаьжкIаш дIауьйзира Шемала вайн махкара, церан хьесап дина вер а вац! Юьрте хIинца а метта ца хIоттало цо талхийна бахам.

— Шен цхьа мурд итт нохчочух а лур вацара ша,— аьллера Шемала!

— Боккъалла а иштта аьллера цо?

— Иштта аьллера, вайчара цуьнан эскарна хьаьжкIашца кхачо ян дуьхьало йича.

— Вуьтур вай Шемал,— аьлла куьг тесира БатIалс,— цигаьрка узуш ца хиллехь, делахь хIета, вон стаг хилла иза...—Велар эккхийтира цо, амма доттагIаша ша бохург къобал ца дойла а хиъна, оцу минотехь кхолавелира иза.

Адамаш гулделлачу агIорхьара схьа цIеххьана мохьтуьйхира:

— ЛадогIалаш нах!— Говрахь верг— аьтто агIорхьа вала! ГIаш верг — аьрро агIорхьа вала! — аьлла.

ДIа а бирзина ладуьйгIира доттагIаша.

— Э-хIе! Цигахь-м говраш хаххка кечлуш бу, — аьлла, сакъераделлачу БатIала, кIунзалах тарлуш тиллачу шен коьртара куй охьакхоьссира.

Говраш хаххка кечлуш болу кегийрхой, карахь лестош шодмаш а йолуш, говраш дIа-схьа хоьхкуш бара. Цаьрга хьоьжуш долчу адамаша къуьйсура вовшашца хьенан говр тоьлу? Муьлхарниг чIогIа Iа нуьйра тIехь? — бохуш.

— Кестта дIаюьйлайолуьйтур ю,— бохуш, бетташ

мохь бара. — Тоьлаш волчех тоьлаш волчунна уггар тоьлаш долу совгIат лур ду!

— ХIун хета хьуна, совгIат доккхур дуй ахьа? — аьлла, Джога бIаьрг таIийра ТIатIаша. Амма цуьнга, цхьа вон дIа а хьаьжна, важа вист а ца хуьлуш, IадъIийра.

— Бустамаш долу чоий, гIовталлий совгIатана йиллина, бохуш хезна суна, — элира БатIала.

— Башлакхца верта а диллина, аьлла хета суна, — тIетуьйхира ТIатIаша.—Ма хаза хир дара Джо ахьа и совгIат даьккхича!

Джон мераIуьргаш юсаелира, вуно ира цуьнга дIахьаьжира иза.

— Иза-м шена луъучо даккхахьара, — элира цо, шена иза даккха ца лууш санна. — Суна-м сайн дин а тоьур бу. Хаза зуда яло дагадеача, дино гIодийр ду — ядор ю аса; хьал долуш хила ма лиъинехь — Теркал дехьа, даьхний дало гIур ву; со меца хиларх хIумма а дац, дин буьзна хилчхьана; со беркъа хиларх а хIумма а дац, дин кхелина хилчхьана. — Сатта а бина куй маьIа тIе а теттина, туй кхоьссира Джос.

— Зуда-а? — аьлла, дах а деш, цергаш хьакхийра БатIала. — Зударийн мотт беха хуьлу. «Ши зуда йолчу стагана кертахь жIаьла ца оьшу, олуш волчу Хьажбекара, цаI меттахь дика ю, важа керт ларъя дика ю» бахахь а, аса-м ялор яцара цкъа а зуда; ткъа нагахь хьан цхьа зуда елахь, иза буьйсанна зуда ю, дийнахь вир ю. Делахь а зуда ца хилча тоьлашхо а ду.

— ХIунда ду? — аьлла, къайллах бийла а буьйлуш хаьттира доттагIаша, БатIала хIун эр ду, хьалххе дуьйна хуъушехь. — Дийцахьа хIунда ду?

— Нускалх там такха беза... Накъосташна иза хууш ду. Царна цуьнан ойла ян ца лаьа, иза дицда гIерта уьш, шайн сагатдеш дерш дерриге а деган уггар кIорге дIалачкъо лаьа царна.

— ЭхI, ма дика бу хьан дин! — элира, доттагIашна ведда тIевеанчу, саьттойн тайпанах волчу къоначу Тепсаркъас, цунах ша хьоьгуш хиларца Джога бIаьрг а тоьхна. — Ларбелахь, хIун хаьа...

— ХIун хир ду тIаккха? — цIоцкъамаш гулдира Джос; гIиргIа хьожучу кепара цуьнга дIа а хьаьжна, оьгIазе дIавирзира иза.

— ТIаккха дера тарло аса иза лачкъо.

— Лачкъо-он?—цавешаш дахдинна элира Джос.— Муха хир дара техьа иза! Хьоьга мичара лачкъалур бара дин! Цул уьстагI бадабехьа: жижиг дуур ду вай, ткъа кхакха БатIална лур бу вай: цо шена керла куй бер цунах.

— Мехкарийн цуьнга безам бахийта бохий ахьа? — аьлла, велакъежира Жабраил.

— Мехкарех бIаьрг тухуш сакъералуш ву иза,— аьлла, бегаш бира ТIатIаша. Дагахь хIума доцуш вела а велла, доттагIчуьнга вистхилира БатIал:

— Схьаяккхахьа, цигаьрка оза вайшиммо, ТIатIаш!

— ЭхI, БатIал, оццул дукха нахана хьо ваьцнашехьа, хIетте а хьайна томка иэццал хIума а ца яьккхина-кх ахьа. ДIаэца, оза хьайна!..

— ХIун дийр ду ткъа, дала дIаоьцулда уьш! Адамашца мерза хьо хилахь, цара дIакхоллур ву, цаьрца къаьхьа хилахь, багара охьакхуссур ву. Сискал ца хиларх-м томка хуьлу, ткъа томка а доцуш висча, хIун дан деза, Жабраил?

Балдаш ваьшта а озийна, юьстах а хьаьжна, сингаттамечу ойланца жоп делира Жабраила:

— И-и-и... Кхечеран дикане сатийса ца деза: хала ду дарбанна молха оьшуш хилар, амма кхин а хала ду кхечеран дикане сатийса дезаш хилар. Бакъ дуй иза, Джо?

— Бакъду,— аьлла, корта таIийра вукхо,— кхечуьнан дегIах боллуш болу чIу — дечигах боллуш хета: цо лазам ца бо.

## 2

Тоьпаш евлира — говраш хахка йолаяран билгало. Шаьш болчуьра хьала а гIевттина, сих а ца луш, говраш хахка кечам бечу боккхачу гонна меллаша тIебахара доттагIий. ГIайба санна кIедачу бацалахь охьахевшина Iеш бара Хьажбекаррий, Бакаррий, Хьамзаттий, ИбрахIиммий, Туганний, ткъа говраш хахка кечбинчу гонал арахьа— важа йолу ерриг юрт яра. Цигахь низам лардеш вара шуьйра белшаш а, стаммийра, деха мекхаш а долуш волу тхьамда, цо шен и мекхаш, кест-кеста куьйгашца схьа а лоций, муш санна хьовза а дой, шина а агIор генна лергашна тIехьа дIадуьгура.

Говраш хахкар дIадоладаларе сатуьйсуш болу кегийрхой, хIинца гонна юккъехула говраш йора йолош бара. ХIора а шен говр дикачу бIаьрла гайта гIертара, хIоранна а ша хьалхавер ву моьттура. «СовгIат муьлхачо доккхур ду?»—бохуш, къуьйсура, адамаша, юткъий настарш йолчу говрашкий, тIахъаьллачу берешкий леррина хьийса а хьуьйсуш.

ЦIеххьана адамаш меттах а хьайна, цхьабосса дIахьаьвсира: юрт йолчу агIорхьара схьахезаш лоькхучу зурманан аз а, еттачу вотанан тата а дара. Зурманчиний, вотанчиний тIаьхьа а хIиттина богIуш бара бустамаш долчу чоьэшций, тайп-тайпанчу басахь йолчу гIабалешций кечбелла болу кегийрхой. Мехкарийн юткъий гIодаяккъаш дато доьхкаршца къевлина яра, церан гIабалийн пхьуьйшаш шуьйрий а, дехий а дара, куьйгаш гуш дацара. Коьртара Iаьржа кIажарш яйчу шипонашца дIахьулйинера. Лаьттан бIаьра а хьуйсуш, шайга хьуьйсучу божаршна гергахь, иэхь хеташ бела а къежаш, богIуш бара мехкарий. Царна шина а улло а хIиттина богIуш бара кегий нах, амма уьш богIура царех дIахьакхабаларх чIогIа ларлуш, цунах дала ларвойла: иза мегар дац, уратталла ларамаза а мегар дац! Нагахь дIахьакхалахь — тIамна кечвала веза: лепаш хир ду баттара даьхна тарраш а, шаьлтанаш а...

Мехкарий тIебогIуш гича шодмаш а айина, говраш тIаьхьарчу когашна тIехIиттайора береша. Сихачу говраша бергаш етташ, бацаца цхьаьна латташ ирх ккхуьйсура. «Со вац тIахъаьлла бере?— бохучу ойланца мекхаш хьийзадора хIор беречо. — Со вац и аша, мехкарий, шайн эшаршкахь вуьйцуш верг, со вац и аша шаьш цхьа долчохь гIийла дагалоьцург?..»

Мехкаршна а моьттура: «Со яц, шен дуьхьа тIамехь хьо вала а кийчаверг? Со яц и шен дуьхьа, бух боцуш долчу Iаннийн басошкара белшашца лаьмнаш а херцош, говр хаьхкина, ижонна хьо гIонверг?»

Жабраила айа а велла, ворта яхйира — царех шен сирла бIаьрг а тоьхна, ламанан мехкарийн хазаллех лаьцна илли даккхархьама, церан сибташ дагалаца гIертара иза. Амма новкъарло йора: хьалха лаьттачара цунна а, доттагIашна а дика ца гойтура уьш.

Исбаьхьчу мехкаршна гена боццуш Iеш болу хьолахой Жабраиле а, цуьнан доттагIашка а цабезамца, агIор

хьуьйсура. Хьолахойн бIаьргаша «шу хIун гIуллакх дахьаш даьхкина кхуза», бохуш, санна хеталора. Жабраил воцург, цхьа а ца кхийтира оцу хьежаран маьIнех. Мелхо а, къехой гIад а бахана хьоьжура юьртан баьччашка.

ОхI, ма исбаьхьа бу уьш! ДIахьовсал, дIахьовсийша цаьрга! Жан да, совдегар, ма кечвелла ву иза — ша ма варра эла ву-кх!

— Тамаша а бац! Доллу хIума а церан карахь ду: оьзда бу, гIиллакхца кхиъна, йоза хууш бу.

— Дала гIо дина церан, дика бусалбанаш бу, марха кхобу, ламаз до... Иштта боху моллас...

Жабраил кхолавелира: шена а, накъосташна а гергахь юьхьIаьржа хIоттийнера иза.

— Дог ца даьттIа хьан? — аьлла, муьшка таIийра цо шен доттагIчуьнга, оьгIазе вела а къежна. Ваьшта а таьIна, го бира доттагIаша. Массарна а хезира Жабраила аьлларг. Вист а ца хуьлуш, цIоцкъамаш ваьшта а далийна, курра лаьтташ вара Джо.

— Вист хIунда ца хуьлу хьо? — аьлла, юха а муьшка Iоьттира цунах Жабраила. Джо цуьнгахьа дIавирзира.

— Шайн сагатделча хьоьга кхойкхура цара, пондаран мерзашца хьоьга шайн самукъадаккхийта, дагадогIий хьуна? Ткъа кхузахь курабевлла уьш, я хьо а, я тхо а, тергал а ца до...

Корта а хьовзийна БатIала хаьттира:

— Ткъа хьуна хIун хета, ТIатIаш? — аьлла.

Ша волчуьра меттах а ца хьовш, шен меркIел гIамгIим а деш лаьтташ волу ТIатIаш, доттагIчун хаттаро самаваькхича санна, цхьа минот яьллачул тIаьхьа вистхилира:

— Суна суо дагарх тера хета, цIенош дина ваьллачо диг неIарал арахь дуьту.

ДоттагIашна уллохула тIехвелира юьртахо. Цуьнан бустамаш долчу чоьийна тIехула дихкина дешеца кхелина доьхка дара, цуьнан юкъах къегаш детеца кхелина шаьлта яра. ТIатIашана уллохула ша тIехволуш, куралица хаьн тIе куьйгаш хIоттийра цо.

— Шуьга хьаьжжина ду сан тIехвалар а, бохург ду цуьнан дагахь дерг,—аьлла, вуно луьра ТIатIаш цунна тIаьхьа хьаьжча, доттагIий вовшашка хьаьвсира. Амма тIехваьлларг вист а ца хилира, болар сих а дина, мех-

каршна гена боццуш болчу хьолахошна гергга а вахана, дIахIоьттира иза.

Юьртарчу хьолахойн кегийрхойх бIаьрг тухуш чекх а ваьлла, пондаран мерзех пIелгаш туьйхира Жабраила.

— ДIалаккахьа, Жабраил, тIаьхьара илли а олуш!— аьлла, меттахъхьайра доттагIий. Пхьуьйшаш хьала а дина, говраш хаха кечлуш болчухьа дIа а хьаьжна, цIеххьана ши бIаьрг серла а баькхина, куй тIехьа а теттина, мекхаш шардира Жабраила.

— Муьлхарниг ала аса шуна, майра кIентий? — аьлла, шен накъосташка бIаьрга туьйхира цо.

— Уггар тоьлашдерг ала! Уггар майра дешнаш дерг ала. Жабраил! — дехарш дора накъосташа, тIетаьIIина герга го беш, охьа а ховшуш.

БIаьргийн негIарш ваьштадалийра Жабраила, оцу минотехь бIаьргаш юха кхин а серладевлира.

— Майра кIентий, ткъа муьлхарниг ала аса шуна? Къоналла дIа муха йоьду? Болато суйнаш муха туьйсу? Я муха хIоьттира барзана тIера чо ира, вайн наноша вай дечу буса? Я муха цIогIа деттара цIоькъалоьмо вайна цIераш тохкучу дийнахь?..

— Гор, маржа дуьне яI-кх, аьлла, ши бIаьрг серла а баькхина, доккха са даькхира Джос.

Пондаро аз туьйхира. Жабраилна гонах готта го а бина, тIамехь вийначу майрачу беречунах лаьцна, дог делхош долу илли тIаьхьара элира доттагIаша:

И-и... — лай-лахь я-ла-лай, ва-а-а лайлахь яла-лай,
КIайн гIиргIа стиглахь, шен ижунна тIаьхьа ма кхиира.
Цо дийна доллушехь цоьсту, этIадо, къиза зIок етт
ижонна...
Майра бере-турпалхо теркал дехьа ма велира,
ТулгIеш хийзочу оцу Теркал — мостагIийн лаьтта тIе,
Цигара цо схьалаьллира цIенчу хIух говрийн рема,
МостагIаша хьалха дIайигина хилла йолу,
ЦIеххьана цунна тIаьхьа бевлира: мостагIчун эскар
сихделлера,
Хьалха а ваьлла дин хьаьхкина вогIу эла Къахьарма.
Турпалхочо шен доттагIашка дош элира:
Уьш мохо йовдийна йогIу мархаш яц,
Уьш вайна тIаьхьахьаккина богIу мостагIий бу,
Меца лоьмаш санна вай царех тасалур ду.

— Мила ву шун эла? — аьлла чу а хаьхкина,
Къахьармас цаьрга хаьттира,

Хlун деза тхоьгара ямартхочунна! — жоп делира цунна... ДоттагIий иллега ладугIуш бара. Гиччошкара а, хьаьжа тIера а церан пхенаш дуса а делла тIедевллера... Балдаш тIехь оьгIазе къежараш дара: мичара хуьлу паргIатчу нохчийн элий! НаьIалт хуьлда Къахьармина! Бакъволу нохчо вер вуй мостагIашкахьа?

...Къахьарма оьгIазвахара, цо говра тIера юха а мохьбеттара:

— Мила ву шун эла? — Амма цунна Турпалхочо цавешаш жоп делира:

— Тхуна элий хlун ю а ца хаьа! Тхо паргIатонан адамаш ду— тхан некъ маьрша а бу!

— Шун тIемаш дац тхуна кIелхьара довла! — мохьтуьйхира Къахьармас, баттара тур а даькккхина. — Шу кера дагIахь, аса къинхетам бийр бу шух!

Охl, ма илли олу-кх Жабраила! ЛадугIуш болчу доттагIийн бIаьргаш цIарца догуш дара. Керадуьйла бохург хlун ду? Къоначара кортош лестадора.

Турпалхо велакъежира: «Ахьа къинхетам бар — тхуна эхь ду!

Хаалахь хьайна: Iамоза говр аренашка муха гIерта, —

Береш иштта сихбелла бу мостагIчуьнца тIаме бовла!

Ткъа хьох, Къахьарма, аддам а ца кхоьру.

Хьо эла велахь а, ямартхо ву! Хьо мостагIчуьнан гIоьнча ву!

ЧIуораш санна вовшашна чучча хаккабелира мостагIий.

Вовшашна тарраш деттара, догIа санна детташ хIоъдаьндарг яра...

Майра Турпалхо чов хилла вуьйжира. Амма тIом чекх ца баьллера.

— ХIей сан накъостий! — мохь туьйхира цо, — кIилошна эхь ду!..

Стигло шен кораш, вайна тIехула схьадиллина.

Оцу корашкахула вайга хьоьжуш, ялсаманин мехкарий бу,

Вайх хьокъала берш, шайна марой къестош.

ТIамехь массарел а майраниг, ирс долуш ву.

Цунах йоккхаер ю иза къастийнарг!

Декъаза бу кIилло берш: царех гуттаренна а дIабоьрзур бу, илли ду ме хIара?

Сирла бIаьргаш долу мехкарий, церан цIераш яьхча эхь хеташ».

Шегахь боккха ницкъ болуш ду халкъан илли! ЦIий Iанош болчу оцу тIамехь хIинца ду мотталора кегийрхошна: царех цхьа а хир вац тешха а, я ямарт а!

Массо а кийча хир ву вовшашна хьалхара вала! Царна сурт хIуьттура, декаш долчу олхазарийн санна, кIеда мукъам болчу мехкарийн... ТIеман арахь вийначу турпалхочунах къахеташ царех цаI йоьлхуш гIеллур ю... Къахеташ кортош а техкош, дегнаш а доьлхуш, илленчана тIаьхьара олуш бара уьш:

Лен зама тIехIуттуш лаьттийла хиира майрачу турпалхочунна.

Тоьлург хиларх тIаьххьара дог диллинера.

Стигала иза хьалахьаьжча — генна лакхахь цуьнан бIаьрг кхийтира,

Малхбале бовхачу махка дIадоьлхучу олхазарех.

— ХIей, тIемаш долу олхазарш! Сан тIаьххьара маршалла,

Сан тIаьххьара дош доттагIашка дIааьллаш!

Цаьрга аша алалаш даьндаргаш оха шортта тIейцира тхешан курачу белшашна!

Массаьрга а аша алалаш, Iаьржачу лаьмнашна тIехьахь,

Чохь са доццчу буйнахь даьхна тарраш а долуш,

Даларо эгийна, лаьттахь Iоххуш тхо хилар...

ПIелгаша тIаьхь-тIаьхьа меллаша ловзадора мерзаш. ДIатийра Жабраил, дIатийра пондаран аз а.

Охьаохкийна хилла долу кортош хьалаънисдира доттагIаша, тIаккхий бен ца гира царна шайна го бина тоба. Массеран а куйнаш цIоцкъамашна тIе охьатаIийна дара.

Коьртара схьа а баьккхина, шен куй лаьттах туьйхира Джос.

— Баркалла! — элира цо. Цуьнан бIаьргашна хьалхара хIинца а дIа ца девллера турпалхочун а, цуьнан доттагIийн а сарташ, ямартхочуьнца цара бина тIом, уьш балар. Ткъа гонах берш берраш а кхуьнца цхьаьна Жабраилна тIаьхьара илли олуш хилла болу, кхуьнан шен доттагIий бара.

— Гор, Жабраил, яI-кх, баркалла хьуна, бакъдолчу адамех лаьцна долу илли ахьа аларна! — мохь туьйхира Арсбис.

— Иштта хила беза бакъболу доттагIий! — тIетуьйхира ТIатIаша, оцу тIамера хIинцца схьакхаьчна ша волуш санна, доттагIашка а хьаьжна.

Шелъеллера. Къегаш болу лекха лам герга беана хеталора. Лаккхарчу стиглахь го туьйсуш хьийзаш аьрзош яра, ткъа царна лахахь, цкъа лаьтта кхаччалц охьадогIуш, тIаккха генна ирх хьала доьлхуш, хIазарш а деш, ловзуш чIегIардигаш дара.

Тхьамдина гонахьара адамаш меттахъхьайра. Массара а къамелаш долийра, къийса буьйлабелира. Меттахъхьайра сийлахь хьеший, дийцарш. Хаххка кечйинчу говрашна тIера бIаьрг дIа ца боккхуш лаьттара Джо.

— Цига вогIий хьо? — хаьттира БатIала.

Джос жоп ца делира. Цуьнан мерIуьргаш, чуоза хIаваъ ца тоьуш санна, юсалуш яра.

Хьала а гIаьттина, мекхаш хьовзийра тхьамдас, — «барзах санна, шу кхерадалийта», — бохург дара иза.

— ХIа-хIане, нах! ЛадогIалаш! — аьлла, мохь а тоьхна, куьг айира цо. — Массарчул дика шен говр кхаьбна верг тахана говро юьхькIайчу хIоттор ву! Майраллийца беллачу шайн ден дайн а, дайн а, вежарийн а кешнаш дицдеш воцург, тахана нуьйрах дIакъаьстар вац! Мила ву таханалерчу дийнахь тоьлуш бере? — аьлла, говрашкахь болчаьрга бIаьрг а тоьхна, кхин а элира цо: — Хьалхаваьллачо доккхур ду совгIат а! Ткъа диллина долу совгIат — гIопаца топ а, тур а, шаьлта а, шедаца нуьйр а ю, Нохчийчохь уггар тоьлаш болчу говзанчаша шайн куьйгашца йина йолу. Царна тIетухур бу уггар хазчу мехкарша кечбина бIоржамаш а, башлакхца куй а, бустамаш долу керла чоа а. Мила хир ву таханалерчу дийнахь майра а, тоьлаш а волу бере? — Адамаша гIовгIанаш ехира. Цо аьлларг къобалдеш деттачу маьхьарша, тхьамдас дуьйцург ца хозуьйтура. ГIовгIанаш ца совцура.

— ХIа-хIане, ладогIалаш! — бохуш, адамел чIогIа вистхила гIерташ, шен ницкъ ма кхоччу чIогIа мохь беттара тхьамдас. — ЛадогIалаш! Баккхийчу наха сацийна, совгIат даьккхинчу беречунна бала, реманна юккъера уггар тоьлаш болу дин къасто!..

Адамаша тIаккха а маьхьарий деттара:

—Дика совгIат ду! Баркалла!..

Говраш хаххка дIайолаяре хьуьйсуш, са ца тохалуш дара адамаш, ткъа береш бара, мочхалш а детташ, гаьл-

лаш а Iуьйшуш, тIаьхьарчу когашна тIе а хIуьттуш йолу говраш хала сеца а ешт, лерг таIIийна, говраш хахкар дIадолоран билгало яларе хьоьжуш Iеш.

Джона тIе а вахана, цунах муьшка Iоьттира TIатIаша:

— Къонахчунна цхьа дош аьлча а тоьур ду, ткъа дикачу динна — цкъа шед тоьхча а тоьур ду.

Джо доттагIчуьнга дIа а ца хьаьжира: юкъ а къовлуш, нохчийн тапчий, шаьлтий дIатодира цо.

Вист а ца хуьлуш, хаьнтIе куьйгаш хIиттийна Арсбина уллохула тIехвелира цхьа юьртхо, гIарабевлла болчу кегийрхошна улло а вахана, сецира иза.

«ХIинцца и дIавахнарг,— сол жима ву,— ойла йира Арсбис. — ХIинцца баккхийчарна тIе а вахана, цаьрга куьг кховдор ду цо, амма къамеле вер вац, вуьш шега хьалха бистхиллалц. Цул а, кхиболчу дукханнел а вокхха ву со, амма цхьанна а дагахь дац соьца гIиллакх леладар: маршалла ца хаьттира соьга, дегахь я ненехь хIун хьал ду ца хаьттира...»

Арсбис корта айира, доттагIашна шен дагахь дерг хIун ду хиира моьттира цунна, делахь а шен дагахь цо сацийра: «Со мича гIерта цаьрга кхача! Со стенна гIерта цаьрца нисвала?» — аьлла.

— Сих ма лохьа хьо! — аьлла, хеттачу эхьана а, халахетарна цIийвелира, эццигахь ша шега юха вистхилира иза: «Къа дац хьолахошна оьгIазвахча? Уьш-х юьртана дала белла бу». Делахь а чIогIа халахетарна кийрахь оьгIазалла Iаьткъира цунна, хIуъа дина а царна декха лууш вара иза, цхьанна а хоийла а ца лууш, къийлавелира иза.

Говрашкахь берш дIахIитта буьйлабелира. Эзарнаш адамаш, Iаламат йоккхачу хьаргIанийн тоба санна, маьхьарий детташ дара. Говрашна а, берешна а тIера бIаьрг дIа ца боккхура Джос. «Дуса а делла лелхарг-м хир ду шу, амма хьалха-м девр дац!» — ца вешаш, балдаш а саттош, велакъежира иза. Цуьнан сирлачу бIаьргех къайла ца дахара Арсбин дIавахар а. Оцу минотехь, Арсби санна къайлавелира Джо а, сиххий, цхьанна а ца хаалушший.

Оццу хенахь, адамийн тобано го бина болчу хьолахошна тIе схьаеара совгIатана еххина хIуманаш. «ЭхI. ма дика совгIат а ду-кх!» — аьлла, цаьрга хьаьвсинчохь цец а девлла, дисинера адамаш.

Тlехьа куьг а дахийтина, доьхкарх йоллуш йолчуьра нохчийн тапча схьа а яьккхина, шен когашна юккъе охьа а ерзийна, кхоьссира тхьамдас.

Мехкаршка бlаьргтоха а кхиъна волу Хьамзатан кlант Исмаьlал, тlедуьйхинчу башхачу духарца шайна юккъехь дика къаьсташ а волуш болчу берийн могlа, кхоьссина топ санна, дlанккхира. Говрийн бергаша ирх кхуьйсу латташ генна дlаоьхура. Адамийн тоба бердах еттало хlордан тулгlе санна, цкъа гонна герга таьlара. тlаккха дlахуьлура. Оццу хенахь дерриг а адамаш цlехьана дlахьаьвсира: юьртан кхечу йистехьара схьа говраш хаьхкина, кхоьссина топ санна чехка, гонна тlевогlуш вара ши бере.

— Хlайт!— бохуш, ирча мохь а бетташ вогlура Джо.

— Iайт-вlайт! — бохуш, цунах терра мохь беттара Арсбис а. Адамийн тобанна нисса тlехаьхкина вогlура ши доттагI, баккхийбечу накъосташа шайга дlа маьхьарий а детташ, хьолахой Iечу меттигана уллохула тlехъиккхира и шиъ.

Хьолахоша юха а бевлла, берешна некъ битира. «Дуьне доьхна-м хир ма дац вайна? — бохучу кепара цецбевлла дlахьоьжуш бара баккхийнаш.

Гlовгlанаш кхин оццул алсамъевлира. Къийсарш дlадуьйладелира — хьалха муьлхарниг вер ву, бохуш.

Батlал ведда Тlатlашана тlевахара:

— Совгlат вайчара доккхур ду!— аьлла, мохь а тоьхна, Жабраил волчу дlахьаьдира иза. — Хlинцале тlаьхьакхуьуш бохку!..

— Муьлаш бу и «шуьнаш»? — аьлла, цуьнгахьа дlавирзира совдегар Хьамзат, цабезамна чу цlий а доьссина болу ши бlаьрг цхьа вон цунна тlе а хlоттийна—беной-м хир бац уьш? — ца вешаш велакъежира иза.

— Кхин муьлаш хир бара уьш, саттой бу-м ца моьтту хьуна уьш? Цхьа Муса, я Исмаьlал ву-м ца моьтту хьуна? — аьлла, къовза а вина, сацийра иза Тlатlаша.

— Исмаьlал ма хьехавелахь! — аьлла, вон вистхилира жа долу Ибрахlим, дов даккха кечвеллачу совдегарна улло дlа а хlоьттина. — Тхо муьлаш ду ца хаьа хьуна? — аьлла, шен мидална тlе пlелг Iоьттира Ибрахlима.

— Иштта хlума соьга сайна хьалха оллалур яц моьтту хьуна?— аьлла, хьолахой болчу агlорхьа йоккхачу ой-

ланца дIа а хьаьжна, цунна тIеволавелира ТIатIаш: «Хьайн бага хьала ма гIаттаелахь!» — бохург дара иза.

— Хьада, яхийта, хьайн алаша кхузара! — аьлла, ТIатIашана чугIоьртира аннаш дохуччу чорхан да, Туган.

— ЭхI, иза мила ву, «яхийта хьайн алаша» соьга бохург? — аьлла, шен инзаре шуьйрачу шаьлтанна тIе ка диллира ТIатIаша. Амма цIеххьана, лаьтта бухара хьалаваьлча санна, дов даьлла воллучу шинне юккъе дIахIоьттира къена Жанхот, катоьхна куьг а лаьцна, Хьамзат юьстахваькккхира цо, тIаккха дIавигира ИбрахIим а, тIаккха а юхавеана, катоьхна куьг а лаьцна дIавигира Туган а.

Тоьпан хIоъ санна чехка йогIуш яра говраш. Шен говран кхесарна тIетаьIIина вогIуш вара Арсби. Къоначу кIентан ши бIаьрг куйна кIелхула хьалха дIахьоьжуш бара.

Луьтанашна тIекхача воллалц цкъа цхьана агIорхьа, тIаккха вукху агIорхьа охьа а теIаш, юха хьала а нислой, мохь а бетташ вогIуш вара Джо. Белш белшаца нисйина, вовшашна улло а хIоьттина, шайл хьалха гонна бахана болчу берешна тIаьхьакхуьъуш воллуш, хаьхкина вогIуш вара ши доттагI.

Кураллица хьолахошкахьа дIа а вирзина, вела а къежна, БатIала элира: «Аса ца элира шуьга, тхайнаш тоьлур бу?!...

— ХIей-хIей, ИсмаьIал, тIаьхьа ма вислахь! — бохуш, маьхьарий деттара Хьамзата а, Бакара а, ИбрахIима а,—ДIалалла! Лаллалахь!.. Юьртана хьалха тхо юьхьIаьржа ма хIиттаде! Човхае!

БIаьрг а тухуш, тIехъиккхира ИсмаьIал. Цуьнан юкъахара доьхка схьахетарехь, иза дукха вулавелла Iерна хедира, цунна тIера дашо гIирсаш, хIаваэхь лепа а лепаш, охьаийгира. Цо говр лоьллура, гоъ тIе а, пIендаршна тIе а хаддаза шед еттара—хIуъа а дича а, дош ца хуьлура. Арсбий, Джой тIаьхьакхуьуш лаьттара цунна. ГIовгIанаш а, маьхьарий а, къийсамаш а бевлира... Хьолахой, маьI-маьIIе а лелхаш, шайна халахетар, къаьсттина, сел гIовгIа еш, баккхий беш болчу Арсбин доттагIашна шаьш оьгIаздахар, хьанах оккур ду ца хууш бара. ХIуьгтаренна хьолахошна нисса тIе а вирзина лаьтташ вара БатIал.

— ДIахьовсал! ДIахьовсал! Тхайнаш тоьлу! — бохуш, мохь беттара цо. Совдегаро оьгIазвахана гIам-гIим дора. Жен да къехошна тIе а вахана, хаьнтIе куьйгаш а хIоттийна, цхьа ког хьалха дIа а тесна, буьрса вистхилира:

— Эхь ца хета шуна! ЦIогIанчий! ГIиллакхе хила! Шен шуьйра белшаш а нисйина, тIевеанарг шена ца гучуха, доттагIчуьнгахьа дIавирзира ТIатIаш:

— Гой хьуна, Жабраил, вайнаш мел чехка богIу? Мох санна чехка богIу уьш!..

Туй а кхуссуш, цергаш а хьакхийна, юьстахвелира жа дерг. ШозлагIа го болабелира. Хаддаза тIеетташ шодмаш йолу говраш хьацарна тIе чопа а яьлла яра. «Мехкаршна гучудовлийла а эхь ду»,— ойланаш йора тIаьхьабисинчара.

ШозлагIа го юккъебаьллачу хенахь Арсбий, Джой кхечарел генна хьалха вара. Мохе шок а йоьттуьйтуш чехка воьдура и шиъ.

ТIаьхьависина шиъ — ИсмаьIаллий, Хьажбекаран кIант ШепаIий, чIогIа тIе эхь деана а, оьгIазвахана а, бIаьргашна тIе куйнаш а таIийна, гонна юкъара дIа а иккхина, къайлавелира. Генна ваьлла, шух чу а воьссина, тIе чопа а яьлла йолу говраш сихха диттех дуьрстнашца дIа а тийсина, хьераваьлча санна, мискачу хьайбанех летара и шиъ. Барам бан а бацара царна еттачу шодмийн.

— Хьо бахьанехь юьхьIаьржа хIоьттина со! ХIан, дIаэца хьайна, шайтIа, вон шайтIа!

— Iийт-Iийт... Ас-ас!.. Ахьа со...

— Со санна волу оьзда нохчо юьхьIаьржа хIоттор вара ахьа? ХIан, дIаэца хаьйна!..

— Iийт-Iийт! Гаур, вон гаур! Мехкаршна гучу муха вала веза со?

— ЮьхьIаьржа хIоттий ахьа со, хIан, дIаэца хьайна! ДIаэца хьайна!..

Хьолахойн шина кIанта шайн говрашна оцу буткъийрчу когех еттара, чоьже еттара, пIендаршна тIе еттара, чу таьIначу гоэх еттара... Етташ догIмашна тIехь аьрснаш а дина, холчу хIиттийна хьайбанаш, кортош а уьйуш дIасакхийсалора, кхераделла церан даккхий ал бIаьргаш тIедевллера, тIаккха а царна тIеettачуьра совцош яцара шодмаш.

Цхьа го гергга кхечарел хьалхаваьлла Арсбий, Джой хьолахошна тIех а иккхина, маьхьарий детташ вара:

— Топ! Топ! — аьлла, маьхьарий девлча, тхьамдас топ кхоьссира, хьалхабевлларш схьакхачаран билгалонна. Куй кIесаркIог тIе а теттина, шена марзделла мекхаш а хьийзош, дукха цецваьлла корта хьийзабора цо.

Тобанна юккъера шайга дIакхийсина тоьпаш хаьхкина боьлххучохь дIа а лецна, хьуьнарш къийса волавелира Джой, Арсбий.

Ши доттагI гонна говраш хаьхкина воьдура. Говраш оццул чехка хаьхкина йоьлххушехь цкъа цхьана агIорхьай, тIаккха вукха агIорхьай говрашкара охьа а лелхаш, лаьттах ког бетташ, кхийсалуш нуьйра а хуьйшуш воьдура и шиъ. Хьоьжуш болчара охьакхуьйсура кегийра ахчанаш. Нуьйрара охьакхийдаш, лаьттара ахчанаш схьа а лехьош, нахана юкъа кхуьйсура цара. Джос тур даькхкхира баттара, Арсбис еха шаьлта ирах яхийтира; чIогIа маьхьарий а детташ, цу шиммо а герзаш лестадора, шайна тIехула а, дIай-схьай пел а дохуш, мостагIех шаьш леташ санна. Иштта хаьхкина воьддучохь Джос дерзина тур ирх кхоьссира, катоьхна ирчу агIорхьара схьа а лаьцна иза дIаделира Арсбис. Цхьа а бIаьрган негIар тоха кхиале тур юха а Джогахь дара, тIаккха коьртара схьа а баькхкхина, шен куй ирх кхоьссира цо. Оцу минотехь кочара схьа а яькхкхина Арсбис топ кхоьссира, кхакханан куйнан бухь, кердигаш а юьйлуш, ирх бахара. Хаьхкина воьддучохь юза а, кхосса а езара топ. Цхьана бустамашна чуьра молха доьхкина, вукхарна чуьра чачмаш йоьхкина, тIе тIус а тоьхна топ юьзира Арсбис. Тобанна юккъера схьа а иккхина, ведда гонна тIе а вахана, береш тIехлелха болчу меттигана итт гIулч гена хIоа охьа а диллина, юьстахвелира цхьа стаг.

Оцу минотехь луьйтанна чуьра ког схьа а баькхкхина, охьа а таьIна, топ говрана чукIелхула а яькхкхина, уллохула ша тIехъоькхкхуш, топ ялийтира Арсбис: хIоа демар-дарц хилла дIадахара.

ХIинца ул-улло а хIоьттина, хаьхкина вогIучохь вовшийн говрашна тIехь хийца а луш вогIуш вара Арсбий, Джой: Джо кхоссалой Арсбин говрана тIехоура, ткъа важа — Джон говрана тIеволура. ЦIеххьана Арсби бIаьргана гучуьра дIавелира: тIехь бере а воцуш едда йогIура говр. Амма Арсби шершшана говран чожа кIел а вахана, цхьа ког луьйтанах дIатесна а болуш, чукIелдIахуу-

ла говр мара йолла гIерташ санна, тIамарш а яржийна, вогIуш вара. Оцу минотехь хьала а нисвелла, нуьйран хIоъ куьйгаца схьа а лаьцна, айина кор хьала а бахийтина, юха а шен метта дIанисвелира иза. ХIинца береша лаьтта охьакхуьйсура шайна кIелхьара нуьйран дечигаш а, луьйтанаш а, талбанаш а, шаьш-шаьш а йохуш. Береша говраш хаьххира тIехь ира а хIиттина, хелха а буьйлуш, коган буьхьара а хIуьттуш, ирахь лаьттачохь цкъа юханехьа боьрзуш, тIаккха хьалхахьа боьрзуш, ткъа Iемина йолу говраш шаьш ма яхккалу чехка йогIуш яра. Шаьш охьакхийсинчу говрийн гIирсашна тIекхача масех гIулч йисинчу хенахь шаьш охьа мел кхоьссина йолу хIума юха схьалехьо буьйлабелира дошлой, хаьххина боггIучохь тIетехкира нуьйраш а, дIакъевлира бухкарш а, тIелатийча санна, нуьйрашна тIехь бара уьш. ТIаьххьара вовшийн белшашна тIе куьйгаш а дехкина, хьолахошна гадаькхина, ирсе векхавелла, баккхийбеш болчу шайн доттагIашна тIевеара ши доттагI.

## 3.

Дагахь доцуш Iарж а елла, садайра. Тийначу арахь ека евлира цаьпцалгаш. Теша хала дара, хIинцца, дукха хан йоццуш и аре говрийн бергийн татанех а, адамийн маьхьарийн гIовгIанех а юьзна хилла хиларх.

Сила йолчу оцу бейн аренашкахула, гонах говр хоьхкуш жима стаг а волуш, баьржина схьабогIуш бажа бара. ЦIехьана эра старгIа аттана тIаьхьахьаьдира, шен балдаш шуьйрачу, стоммачу мера кIел хьала а хьовзийна.

— Iий-ит, шайтIа яI-кх! — гIаж кхоьссира цунна бежIуьно. — Iий-ит, хьан вала, хьайн бIаьрмециг да! Дерстина шуьшиъ шиЙ а!

Юьртан цхьана гомачу урамехула дIайоьдуш яра Хедишт, Арсбин нана. Йоьдуш лаьттачохь некъа юккъехь сецира иза; дуьхьал вогIуш вара Хьажбекар, Арсби шена вецаш волу хьалдерг. Боьршачу стеган некъ хадо мегар дацара.

— Суьйре дика хуьлда хьан, Хьажбекар! — декъала вира иза зудчо.

БIаьргаш раз а хьовсийна: — Стенга йоьду хьо?! — аьлла, дог ца догIуш, хаьттира хьалдолчо.

— Хьо волчу йогIура со-м,— жоп делира Хедишта,— мелла а шай-кай яла тарлур дацара техьа, Арсбис бинчу балхана?

Къаьстина ахча лохуш кисана куьг а Iоьттина, иза шен кера деача, схьадаьккхира Хьажбекара.

Схьадаьккхинарг дешин пхи сом дуьйла а хиъна, иза юха кисана а тесна, кхин къаьстина ахча лехира цо кисанахь. ХIинца кера деанарг эппаза хиллера. ТIаккха а шен куьг дIакховдо ца хIуттура юьртда: хIун хаьа, тилкхазделла а зудчун куьг схьахьакхалой? Зудчун куьг хьакхаделча, цуьнан куьг бехло. Куьйгаш а, когаш а буьлуш ламаз иэца дезар ду, коьртах а хи хьакха а, бага хи кхарза а дезар ду. Иза ца лелорхьама, шен куьг бустамаш долчу чоьин тIома кIел а дахийтина, цу тIе а диллина, эппаза дIакховдийра Хьажбекара. Иза кхераме дацара: боьха хIума шех схьахьакхаяларх ларвелира иза.

ХIусамана герга кхаьчча, йовхарш а тоьхна, болар лахдира цо: «Дала жималла а еллера, къеналла а ло».

Уьйтта ваьлча, леррина дIасахьаьжира иза, цуьнан бIаьрг кхийтира шена чухIоьттина волчу белхалочух:

— Хьо схьакхечи, Арсби?

— Дукха хан ю. — Шега цо хIун де олу хьажа, цунна тIевахара ялхо.

— Мичахь ву БатIал а, ТIатIаш а? ХьаьжкIашна асар дан деза...

— Гур бу суна уьш, эр ду аса цаьрга.

— Йол хьакха даха а дезара.

— Иза а дIаэр ду аса.

— Сискал кхоо еза ала, дукха йоу... Кхин хIун дара?.. ХIа-а, говр юзийний ахьа?

— Юзийна, Хьажбекар.

— Стерчашна докъар диллиний?

— Диллина.

— Ткъа хьера вахарий хьо?

— Хьера а вахара тохкура, Iуьрре, хьуьнах а вахара, кха тIе а вахара... Дама а деана, дечиг а, йол а еана.

— Иза дика ду,— аьлла шен можах куьг хьаькхира Хьажбекара. — Нагахь далла лаахь доллу хIума а хир ду хьан, варийлахь, болх белахь. Я совгIат а ца оьшу хьуна. Сан дин хьалхаваьллачунна бала биллина бара, хилча хIун ду? Ахьа дIаоьцур бара иза? Хьо кхузахь,

сан чохь Iеш ма ву, дин а кхузахь бу. Хьайн болх а беш !адъIехьа!

ДIа а вирзина, чувахара Хьажбекар.

— Болар ма ду! — тIаьхьа хьаьжира цунна Арсби.— Ша ког тIе баькхинчуьра латта буха гIур ду моьтту цунна, я шен локхалла, лаьмнашка хьаланисъелла моьтту цунна?

Дукха хенахь дуьйна зуда ялийна вара Хьажбекар. Цо дуьххьара ялийна зуда, Нуци, арахь, кха тIехь, болх беш, хьаьжкIашна асар деш яра. Хьажбекар тIехь волчу варданна тIаьхьа а хIуттий, кха тIера гIаш цIа йогIура иза. ЦIахь йолчу хенахь бустамаш долу чоьэш а, гIовталш а тоьгура, Хьажбекар кечва башлакхаш а, вертанаш а дора, цунна уьстагIан жижиг а кхехкадой, галнашца иза хьалха а дуьллура, бераш а дора, цундела хенал хьалха къанъеллера Нуци. Хьажбекара шозлагIа зуда ялийра, Зайдат. ТIаккха а арахь болх беш а, уьйтIара кхеллеш дIайохуш а яра Нуци. Зайдата чуьра гIуллакхаш дора, мотт буьллура, кхача кечбора. Шераш дIадахара, хьалха ялийначуьнан санна. Къанъелира шозлагIа зуда а.

Хьажбекара кхозлагIа зуда ялийра, къона Амнат. ХIинца Нуций, Зайдаттий ара-уьйтIара гIуллакхаш деш йоллура, ткъа Амнат цIенкъа юккъе хIоьттина, куьзгана а хьоьжуш, коьртарчу кIажарех хьелийн даьтта хьоькхуш лаьтташ яра. Коьрта хIума тилла иза кхиале, тIекхечира майра: неI дIа а йиллина, гIулч яькхина чоьхьа а ваьлла, неIарехь сецира иза.

— ХIара хIун ду, хIинца? Тфу! — бIаьргаш а къарзийна, туй кхоьссира цо. Къона зуда дуьхьал йист а ца хуьлуш, кхераелла, лаьтта бIаьра а хьоьжуш лаьтташ яра. — Коьртахь хIума хIунда яц хьан? Корта берзина хIунда бу хьан? Хьоьга ца хоьтту аса? Аса-м хьоьга хоьттий! — мохь беттара цо, дукха оьгIазвахана, цуьнан мочхалш лелаш дара, цергаш гIарж деш хьекхош яра. Амнат егайора.

— Зуд яI-кх, зуд! Нагахь боьрша нах чубаьхкинехь хIун дан йоллура хьо, хьан корта-х берзина бу! Ара дала зуд!..

Сел буьрсачу бIаьргашца цунна тIаьхьа хьоьжуш волчу Хьажбекарна дагадеара: «Иза-м хIинца а мегар йолуш ю... дегI бамба санна ду... ЭхI!.. лелар а бедан санна, техкаш ду... Амма коьртахь хIума яцара-кх!»

Пенах кхозуш шен герз-гIирсаш болччу вахара иза. Цара гуттар а шен майра къоналла дагайоуьйтура цунна: лорриЙ нуьйрей, шедей а хьожиЙ, берешна юккъехь — говр хоьххучу шен сурт хIуьттуш лаьтташ хуьлура иза. Хаьххина воьддучохь катухиЙ йоI говра тIе а йоккхиЙ,— хIинца мох лаха шайна эрна арахь! — олиЙ, минот ялале бIаьргана гучуьра вовра цу йоIаца. Амма, иттех чаккхарма гена дIа а воьдиЙ, куьг дIа а ца тухуш, цец а йоккхиЙ юхаялайора цо йоI. «ХIе-хIе — воьлуш лаьттара иза, хIинца со—Хьажбекар ву, тхан тайпа тоьлла тайпа ду...»

ТIаккха шаьлтанеЙ, туьрей а хьожиЙ, лулахочуьнца шен баьлла къовсам дагалоцура цо. Цо, Хьажбекара, аьллера шен лулахочух «жIаьлин кIеза», ткъа цо кхунна—«кIилло» аьллера—цунах даьлла дов дара иза. Хьажбекарна дегIа тIехь хIинца а яц мо боцуш меттиг. Ворта а, хьаж а, лерган улло а, аьгча санна ю, коьртан туьта а иштта жIар юьллуш, екъна ю. И моьнаш иза валлалц дIадевр долуш дац.

Ткъа ялх са болчу ехачу нохчийн тапчех бIаьрг кхетча юха а цунна дагадогIура: паччахьан эскарца хилла тIом. «ЭхI, ма тIом а бара-кх иза! Ма чIогIа тIом бара иза! — бIаьрган нур тухиЙ, хьала а кхоссалуш, мохь тухиЙ, цергаш хьакхайора цо. Ткъа дагалецамаша кхин а керла сурт хьалха хIоттадора цунна: наибана тIе хабар эцна воьдуш хиллера иза. ЦIеххьана цунна дуьхьалкхеттера говрахь вогIу гIалгIазакхи. Минот юкъа ца юьйлира цу шиммо — Хьажбекарий, гIалгIазакхичой вовшашна тIе а дерзийна герзаш довлуьйтуш. Молханан къаьхьа кIур дIабайча, лаьттах вахча санна, тIепаза вайра хьалхара гIалгIазакхи. «Делахь хIета, дийна висина иза... ткъа со а, далла бу хастам, дийна ву... амма цIиЙ-м ду охьаоьхуш. Иза-м пайда боцу хIума дара!..».

Уьш дерриге а ширделларш ду, уьш дIадаханарш ду... Суьлхьанаш схьа а оьциЙ «ла-и-лахIа-иллаллахI», бохуш, пхи бIозза суьлхьанаш хьовзадо Хьажбекара.

Оцу хенахь иза волчу чу ваха цхьа ваьхьаш вацара: я зуда а, я йоI а; цуьнан цхьана кIантана, ШепаIана елла яра чуван бакъо, иза а цхьа ца торуш гIуллакх хилчиЙ бен воуьйтуш а вацара. ХIинца чувеара ШепаI, генна дIа а хIоьттина, сиЙ дарца шен дега хаам бира цо:

— Говрашкахь цхьа нах бу вайн кетIа богIуш, —

аьлла. Бохучуьнга ла а доьгIна, карах ца долуш жоп делира Хьажбекара: — Хьешашка хьажжий хилалаш: нагахь мехала хьеший бацахь — кхерзинчу хIоашций, гIалмакхчайнаций хьошалла де... ткъа вайна пайда а бер болуш, баккхий хьеший белахь, тIаккха бен а бей, берстина уьстагI зударшка дIало, пхьор кечдайта.

ШепаI аравелира, ткъа Хьажбекара шен коьртара куй то а бина, доьхка къевлира: хьеший оьзда тIеэца безара...

ТIаьхьий-хьалхий а хIиттина, хьешашна динчу сов цIа чу бевлира ламанхой, цу чохь хIоранна а шен цIахь санна, паргIатвала йиш яра.

ТIера вертанаш а, чоьэш а дIа а даьхна, юкъ а яьстина, мачаш дIа а яьхна, маьнгина тIе а бевлла, истангашна тIе охьахевшира хьеший.

— Ма доккха ков-керт ду хIара, — элира хьешех цхьаммо.

— Доккха а ду, — дахдинна элира вукхо.—Ма дакхий ду й ргIош! Дерриге доьрчий хьаьжкIех дуьзна ду...

— ХIусамда вогIу, — меллаша элира кхозлагIчо, лохачу корах арахьаьжча Хьажбекарх бIаьрг а кхетта.

— Марша догIалда шу, хьеший!—чоьхьа а ваьлла, куьг кховдийра цо.

— Маршалла хилда хьуна а! — хьалагIевттира хьешший.

— Могуш-паргIат?

— Могуш ду. Хьо муха воллу, Хьажбекар? Доьзал муха Iаш бу?

— Тхо а, далла бу хастам, дика дохку!.. Охьаховша. Хабар хIун ду?

Беха мара а болуш, баьхкинчех воккхах волчу хьешо, шен куй саттийна, лаьттан бIаьра а хьоьжуш, дIадолийра:

— Iаьржа буьйса яра, Iесачарна эхартахь кечъеш ерг санна, дукха Iаьржа буьйса. Ткъес а детташ — гр-рехь стигал къекъара: сахиллалц вовшех леташ жинаш дара. Вайн жинаш, керста жинел туьйлира; догIа деара, бежан арс яшийра.

— Дика хаам бу, — халла элира хIусамдас. ХIун некъ бу аша юьхьарлаьцнарг? Я соьца гIуллакх долуш ду шу? Со кийча ву-кх...

— Баркалла. ХIокху сохьтехь оьшуш хIума дац. Терка йисте доьлхуш ду тхо. Цигахь тхан стаг вийна.

ГIуллакх муха хилла хаа дезаш ду. Стенна вийна? Хьан вийна?..

НеI схьайиллира. Чу а еана, хьешашна хьалха кхача охьа а биллина, араелира зуда.

Хьешийн говраш рагIу кIел дIа а тийсина, царна хьалха хIоъ а боьхкина, хьешиий болчу а веана, аьтто куьг шаьлтанан макъарна тIе а диллина, хьешашна гIуллакх дан ша кийча хиларан билгалонна, цхьа ког хьалха дIа а тесна лаьтташ вара ШепаI. Амма цунна тIе цхьаммо а цхьа хIума ца дуьллура, охьахаа а ца олура, ткъа жиманиг баккхийнаш болчохь охьахууш Iедал а дац, ткъа хьешиий болчохь хаъане а хаа йиш яц, уьш болчохь хаъане а хаа йиш яц, уьш болчохь да а хилча-м, муххале а.

Iаржделлачу доккхачу текхахь лаьтташ кIон берам чохь кад бара. Цунна гонах ехкина кхехкийначу жижиган коржамаш яра: дума санна дерстина жижиг тIехь уьстагIан дийнна накха а, гIогIаш а, довхачу жижиган кхийолу меженаш а, когаш а, мотт а, корта а, дийнна дума а. Оцу текхахь ахьаран галнаш а яра.

— ХIан, хьешиий, дIаэцал, кхаллал хIума,— элира Хьажбекара.— Шел а ца йолуьйтуш, яал. Шайн цIахь санна, паргIат хилалаш. Кхоаяй ма Iелаш. Шуна оьшучу гIуллакхе хьажа, хIара кIант ву шуна.

Цхьана минотехь тIехь а лаьттина, аравелира хIусамда.

Куйнаш тIехьа а теттина, пхьуьйшаш хьала а карчийна, куьйгашца схьа а оьцуш, жижиган коржамаш а, галнаш а кIочу берамала а хьаккхош, сих а ца луш, бист а ца хуьлуш, юуш бара хьешиий: шуьна тIехь хабарш дийцар оьзда дац. Дика чам а боккхуш, цIуб а беш, буура кхача. Кхано шаьш дика буьзча, чорпа мала йолийра, Iуьпаш эха доладаллалц — иза буьзна хиларан билгало яра.

— Яалаш, дела дуьша, яалаш! — аьлла, воккхах волчу хьешана герга гIоьртира ШепаI.

— Йии оха-м,— оллушехь хьуьнкIаш кхийтира хьешана, ткъа ШепаIа, юха а герга а вахана элира:

— Яалаш, ийза ма лолаш!— ткъа дагахь кхин дара: «Ма хара ю хьо, и дерриг гIогI диъна вели-кх хьо! Дуьмех а буха хIума ца дити-кх цо!».

— Элхьамдуьлил-ла-ахI!—дахдеш элира лекхачу дегIахь волчу хьешо, тIаккха куьйгаш доIийна сихха хьал-

ха а лаьцна, вовшах а хьакхийна, юьхьа тIехула, можа тIехула чекхдаллалц охьахьаькхира цо: беркат шорта лаьттийла. Цунна тIаьххье изза дира вукхара а.

ПхьегIаш эцна ара а ваьлла, уьстагI кхехкийнчу, уьйтIарчу цIа чу вахара ШепаI, цу чохь лаьттачу ен бухахь кIеззиг йисина чорпа яра. ПхьегIаш цIенкъа охьа а ехкина, охьа а хиъна, хьешех бухайиснарг яа волавелира иза. ГIогIан даьIахк цIанйина ша ваьлча, ког хьалха дIа а хецна, хьена куьйгаш маьхьсийн бертигех хьаькхна цIан а дина, хьала а гIаьттина, аравелира ШепаI.

Цул тIаьхьа чуеара цуьнан нана, Нуци. Цунна тIаьххье чуеара Хьажбекаран шоллагIчу зудчо, Зайдата йина йоI Берийта. Когашна тIе охьа а лахъелла, мацаллина а доцуш, дуьххьалдIа шайн сутар амалш йолуш хиларна, даьIахкаш цIубъя йолаелира и шиъ а. ДаьIахкаш бага а Iиттина, цIубъеш, яккхалург царна тIера охьа а яьккхина, юззалц шаьшшиммо жижиг диъна хиларан кеп хIоттийра цу шиммо.

БерхIитта шо кхаьчна а, шура санна кIайн юьхь, кIора санна Iаьржа ши бIаьрг болуш йолчу йоIа, Берийтас ерриг даьIахкаш схьа а лахьийна, неIарал ара уьш дIа а кхийсина, уьйтIа мохь туьйхира:

— Борза! Борза! Борза!... — аьлла.

Инзаре доккха ши жIаьла оцу минотехь даьIахкаш къуьйсуш вовшахлетира. Цу шиммо вовшех доху кенаш, кхийсалуш дIаоьхура.

ХIусамда ша, иза деш Iедалехь ма хиллара, хьешашка маршалла а хаьттина, царна дан дезаш долу хьошалла а, терго яр а шайн чуьрчарна тIе а диллина, шен оточу дIаваханера.

Шен ото чохь Хьажбекарна цхьаммо а новкъарло ца йо. Дечиган маьнгина тIехь агIор а ваьлла, пхьаьрсана тIе корта а товжийна корах арахьоьжучу цунна гуш яра, жIаьлешна даьIахкаш туьйсуш йолу шен йоI.

«Мацца ехна а Берийта цхьана стагана йоьхур ю соьга,—ойланаш йора цо.—Хьаьнгга а цхьаьнга иза дIаяла дезар ду сан. Нуц муханиг хаьржича бакъахьа хир дара аса? Там мел лур бу суна? Къонанаш, ткъе пхиъ, ткъеитт шо кхаьчнарш, гуттар а там бала бIаьрмециг хуьлу, цара там кIезиг ло. Баккхийра—шовзткъа, шовзткъеитт шо кхаьчначара — шозза, кхузза алсам ло... Нагахь воккхачу стагана захало хьахадахь... ОхI-охI!

тІаккха-м хьаха дийнна цхьа бахам лур ма бара!.. Аса а деллий Аминатах шовзткъе итт туьма ахча а, Іаьржа ши дин а, пхи етт а, ши сту а, ши гомаш а... кхин хІун еллера аса?.. ХІан! — шовзткъей итт уьстагІ... Царел совнаха делла кІадийнаш а, чай а, шекар а — уьш мел дукха дара!...

ЭхІ, шайхо иза шена ехахьара тІаккха ма дика хир дара! Кхузткъа шо кхаьчна иза хилар-х, иза-м хІумма а дацара. Даьхний шорта ду цуьнан!.. Ткъа коьрта дерг — иза шайх а, эвлаяъ а хилар ду. Цуьнца гергарло хилар — дегІана а, дагна а, хІокху дуьненахь а, кханале-рачу эхартахь а пайдехь гІуллакх ду».

Хьажбекаран юьхь екхаелла, йоккхаеш ю: керт-ков доккха ду, къанбеллачу зударшна шен-шена къастош дина цІенош ду дІа лаьтташ. Дуккха а говраш ю, стерчий ду, хьелий ду, ворхІ гомаш, ши бугІа ю, жа ду, ткъа котамийн, москалийн дукхаллийн хьесап дан а дац. Ялтех юьзна лелхха йохкуш лаьтташ амбараш!.. Цунделла сан сий а до, дукха а веза... Со ца везаш мила ву? Веза хир вац-кх оцу ерзина лелачу хІуманашна—ЖабраилгІарний, ТІатІашгІарний, ДжогІарний, БатІалгІарний, уьш санна йолчу писсашний. Сох хьоьгу уьш! ЖІаьлеш! Дерриг гІуллакх делан карахь ду: цунна лиъча — дерриг дуьне а къийлур ду!..

Хьажбекаран юьхь кхоьлира, цуьнан хьежар сингаттаме дара, балдаш ваьштахебира: цуьнан бІаьрг кхийтира уьйтІахь ша долчуьра цкъа хьала а гІаьттина, амма гІора доцуш, цу минотехь юха охьахиъначу къанделлачу жІаьлех. «Онда, дика жІаьла дара иза, — ойланаш ян волавелира иза, — хІусам а, даьхний а лардора цо, ткъа хІинца къанделла кІелдисина иза. Цхьанхьахула дІа а дахана, цхьана некъа йистехь дала а делла, дахкалуш Іуьллур ду иза... Уллохула тІехбуьйлучара, хьожанна са ца тохалуш, туйнаш кхуьйсур ду». Сингаттамечу ойланаша корта хьовзийра, Хьажбекар и ойланаш дІалелхо гІертара, амма и Іаьржа, буьрса ойланаш юха ца йовлура, са пагІат дала ца вуьтура, коьрта чу сацца буру хьийзадора.

«Кестта со а лийр ву, лаьттах дІавоьллинчохь со а вахкалур ву, со а... со а... — коьрта чохь ойла хьийзара, — жІаьла санна», бохуш. Хьажбекар пенехьа дІавирзира, амма тІегІертачу буьрсачу ойланаша са пагІат-дала ца вуьтура.

«Хьал сох дуьсур ду — говраш, даьхний, цIеношI, хаза нускаллий...».

Хьала а иккхина, кхоссавелла маьнгина тIера чуиккхира Хьажбекар. Ваха а вахана дохкерта, божалчу, ерриг кертахула, чохь са долчу а, са доцчу а дерриг хьоле, зударех, кIентех, чухIиттина болчу ялхойх — доллучу хIуманах бIаьрг тухуш чекхвала дагадеанера цунна. Уьш дерриге а тахана а, гаханчул тIаьхьа кхана а, шо даьлча а, иттаннаш шераш девлча а ган а гуш, ша ваха декхар ду а, иза иштта хила дезаш ду а моьттура цунна...

Аравала дагахь катоьхна неIаран тIам схьалеширацо, амма и охьалаьцна воллучохь, неI схьа а ца йоьллуш висира иза: малхбуза ламазана маьждиге кхойкхуш волчу моллас дахдина, цIогIа санна, цхьа сингаттаме аз хезира цунна:

— ОллохIу оккабар, оллохIу оккабар!.. — бохуш, кхойкхуш вара молла.

## КОРТА III

### I

Дезачу, пIераскандийнахь Жабраил волчу гулбелла бара доттагIий, цIехьана уьш болчу чувеара ШепаI, Хьажбекаран кIант. ДоттагIаша хьала а гIевттина охьахайира хьаша, охьахевшира шаьш а.

— Могуш-паргIат дуй шу? — аьлла, маршалла хаьттира Джос, цецваьлла чувеанчуьнга а хьаьжна: «Хьал долчу стеган кIант, уггар къечаьрга веанийца! ХIун гIуллакх дахьаш веана техьа хIара ккуза!..»—

— Могуш-паргIат ду, ткъа шу муха дохку?—пIелгашца шен мекхаш тодира ШепаIа.

— Хала а, атта а, иштта дIа дохку-кх,— аьлла, цIоцкъамаш а дусийна, ладогIа кечвелира Джо. Иза хааделлачу ШепаIа, шен къамел дIадолийра:

— ДуьххьалдIа шуьца гIуллакх долуш веанера со. Тхан ваша цIа веанера...

— Муьлхарниг? — юкъаиккхира Жабраил.

— Анзор...

— ХIа-а! ДIадаханчу шарахь иза цIа веана волуш, пондарца илли элира аса цунна. Дика ду. Эпсар хилла ваьллий Анзор?

— Ца ваьлла, ккхин цхьа шо даьлча хир ву цунах эпсар. Аьхкенна садаIа цIа веана. Цуьнца цхьа хьаша а веана, оьрси, цхьана доьшуш ву и шиъ.

— Цlа веана дика ду. Тхоьгара маршалла ло цуьнга.

— Баркалла. Амма аса деанарг-м кхин гlуллакх дара: говраш хаьххинчохь совгlат даьккхинчу говре безам бахана хьешан.

Доттагlий вовшашка хьаьвсира. Ша волчохь тоха а велла, гlам-гlим дира Тlатlаша.

— Хьажбекара говр схьаеллий? — сихвелла хаьттира Джос. Дукха оьгlазвахана, хьаьжа юккъе шед хlоьттанера цунна.

— Ца елла хlинца а, амма лур йолуш-м ву.

— Юьрто а бина сацам Хьажбекарна хlумма а йоцург ю ткъа?

— Хlун юьртан сацам бу ахьа буьйцург?

— Хlун сацам бохург хlун ду? Говраш хохкучохь хьалхаваьллачунна тоьлаш йолу говр ялар хьан сацийра?

— Хlа-а-а... и ду ахьа дуьйцург! — кхеттачу Шепаlа, куьг тесира, кепек мах бац шун сацаман, бохург дара иза. — Гой хьуна, юьртан сацам — иза ша гlуллакх ду, ткъа говран дас бина сацам — иза кхин гlуллакх ду, цуьнан бакъо ю шена луъург дан...

— Мичахь ю говр? — хьалагlаьттира Джо. Хьалагlаьттира Тlатlаш а.

— Говр-м кхузахь ю. Вуно хала ялийра аса иза,— элира Шепаlа,— эцца кертах дlатесна лаьтта.

Дlанехьа а вирзина, сихха чуьра аравелира Джо.

Говро лаьттах тlа туьйхира, корта а айина, шен баккхий бlаьргаш тlевогlучунна тlе а боьгlна, «герга ма гlерталахь», бохучу тайпана, ало санна, багара йовха lе туьйхира цо. Ларлуш тlеволавелира Джо.

— Леча, Леча,— бохуш, Арсбис иза хьостуш ма хиллара, куьг а айина, говр хьоьстура цо, — Со ца вевзу хьуна, Леча?

Дин дlатийра. Цул тlаьхьа цхьа-ши секунд яьлча, лергаш а ластийна, корта таlийра цо — шеца цхьаьна ддачу говра тlехь хилла бере вевзира цунна.

— Гора Леча яl-кх! Яло, керта гlо вайша! — аьлла, говран ондачу вортан тlе куьг туьйхира Джос, тlера кlужал дlа а теттина, тlехь кlайн сет долчу хьаьжа тlе куьг а хьаькхна, дуьрста схьалецира цо. Хlоз санна, ворта. сатта а йина, хелхар дора Лечас: кlайн пазаташ юьйхича санна болу цуьнан исбаьхьа когаш, леррина цlохар лаьцча санна, куьцехь бара.

— Говр вайн карахь ю,— элира, юха чувеанчу Джос.

Джо дарехь стаг вара, шен дешан да вара, харц дерг дезаш а, цхьаннех кхоьруш а воцуш. Къехошна дукхавезаш а, цара сий деш а вара, ткъа хьолахошна цавезара иза, амма шайн цуьнга безам цахилар ханйта, цунах ца хIуьттура уьш.

Шепаlан бlаьрга тIе бlаьрг а хIоттийна, хаьттира цо:

— ХIан-хIа, Шепаl! Юьртден, вайн юьртахь уггар хьалдолчу стеган кIант ву хьо. Хьо хIунда веана, уггар къен тхо долчу? Ма дарра схьадийца: мича гIуллакхо валийна хьо тхо долчу?

Гоьла тIе ког а баькхина, хIоранга а леррина бlаьрг а тоьхна, ша цига варан бахьана дийца волавелира Шепаl:

— Шу долчу со хIунда веаний, къонахий? Кхиберш болчу а ца воьдуш, дуьххьалдIа шу долчу со хIунда веаний? Со шу долчу веана, хIунда аьлча, бакъонца бакъ долу къонахий шу хиларна...

Кхола а кхоьлина ладугIуш вара Джо, ткъа ТIатIаша, хаьн тIе ши куьг а хIоттийна, леррина ши бlаьрг тIе боьгIнера, хIан-хIа, Шепаlе шега хьоьжуш вацара иза, ал лепаш болчу цуьнан холхазан куйнна тIе боьгIнера цо шен ши бlаьрг.

— Шуьца гIуллакх ду сан.

— ХIун гIуллакх ду хьан? — хеттарш дара хезаш.

— ДIадийцар эхь делахь а,— цIийвелира Шепаl,— амма даго... кхетий шу?

— Лозуш ду дог?

— ХIан-хIа, ца лозу. Сатохалуш дац-кх.

Лаьтта бlаьра а хьаьжна, коьртара куй дIабаькхира Шепаlа — вохвеллера иза. ЦIена баьшначу коьртан чкъор сийна лепаш дара.

— Цхьа йоl ю, иза... — Кхин хIума ца олуш сецира Шепаl: «Гучуваькхи-кх ахьа со, дог! Шен безамах лаьцна, шен езарх лаьцна дийцича эхь ду стагана. Иза къайлехь латто дезаш ду, цхьанна а хаийта мегар дац. Дийца мегар ду динах лаьцна, герзах лаьцна, башлакхах, вертанах, нуьйрах, шодах лаьцна, тIамах, тIамехь валарх лаьцна,— тIаккха хьо майра къонах ву бохуш вуьйцур ву!»

Къонахаллин, кураллин сибат шен юьхьа тIехь хIотто гIертара Шепаl, куьг хьала а айина, пIелгашца мекхаш тодира цо. Амма цуьнан озано къар ца луш, кий-

рахь кхидIа а ша шега дуьйцура: «Шел ма балийта хьайн деган безам. Цунах а ваьлла, деса бIар санна, ваьсса вуьсур ву хьо: цуьнан чкъуьйриг тIехулара хаза хуьлу, ткъа чохь деса хилча пайденна дац иза. Нагахь деган безам тIехтуьйсуш белахь, нагахь безамо хьан дагахь буро хьийзадахь,— сихха ялаяй вала хьайн коьрта хье хьийзош ерг. Амма иза хьекъалца де — хьайн деган къайленаш цхьанна а дIа ма йийца! Уьш хьох буьйлур бу. «IШепаI — зударшна тIаьхьаваьлла лелаш ву»,—эр ду. Деш дерг, сихха дина вала веза».—Хозуьйтуш IШепаIа пхи дош элира:

— ЙоI ядо гIо дейша суна!..

— Ой, Ой! — бохуш, гIовгIанаш евлира. — ЭхI!

— ХIа-хIа-а! — аьлла, вела ца вала, хала са а дет-таш, дийца волавелира БатIал. Суна-м хIара цхьа доккха... мехала хIума ала воллу моьттура, ткъа кхо бохург-м... Лаьий хьуна, иза-м аса ядор ю? — аьлла, цIехьана хьалаиккхира иза, вела ца луш хьовха, ур-аттала вела а ца къежаш. «Сан гIуллакх хила доллу» бохург дага деара ШепаIана, ткъа БатIал, Джога дIахьажира: «Аса бохург, хьуна муха хета?» — бохучу кепара.

— Айхьа делла дош кхочушда деза ахьа, — жоп делира Джос. — Бакъ луьй со, ТIатIаш?

— Иза-м цунна шена а хууш дара,— вистхилира ТIатIаш.

— Ткъа ца кхета хIун ду кхузахь? — бIаьрг таIийра БатIала. — Дика хаьа: йоI ядо еза-кх. Иза дан хIун оьшу? Цкъа-делахь, йоI IеIш мичахь ю хаа деза. ШоллагIа— суна накъост вала веза, нагахь вай сийдеш волчу ШепаIана шена ван ца лаахь.

КхозлагIа — уггар тоьлаш йолу ши говр яла еза соьга, нагахь санна тIаьхьа орца далахь герз а оьшур ду — иза а хила деза. ДоьазлагIа — ловзаргахь тхо невцан накъостий хила а деза.

— Баккъалла а ядор юй ахьа? — сакъераделира ШепаIан.

— Ядор ю!

— Аса шун хIоттор ду-кх шуна! Ткъа тахана майдана дIадуьйла, цигахь хелхарш а хир ду, говраш а хохкур ю. Шен доттагIчуьнца Анзор а вогIур ву! Цуьнан доттагI — паччахь ша вехаш волчу Петарбухера воккхачу хьаькаман кIант ву! Гонахарчу ярташкара хьеший а гур бу шуна, и йоI а цигахь хир йолуш ю.

Доцца аьлча — де даздийр ду вай. Муха ца даздо: тхан дена паччахьо шена тIе дIа а вигина, мидал елла. Дика ду!— аьлла, сихха чуьра аравелира ШепаI.

Бист а ца хуьлуш вовшашка а хьаьвсина, хьалхийтIаьхьий а хIиттина, чуьра арабевлира доттагIий а. Арсби волчу баха новкъа бевлира уьш. Шен нана йолчохь, хIетта товханчуьра схьабаьккхина сискалан межарг а бууш Iеш вара иза. Арсби шен ненан цаI бен вацара, кхин аддам а дацара церан доьзалехь.

— Хьажбекарна вецаш чIогIа кIадло хьо,— кIантана хьалха а хIоьттина, къахеташ, гIийла цуьнга а хьоьжуш лаьттара нана. — Сатесчахьана буьйса йоллалц, когашна тIера охьа ца лахло хьо...

— ХIумма а дац. Мацца тоделла а, гIуллакх толур ду вайн,— элира Арсбис, йоккхачу стеган сатедархьама.

КIоргге чу а бахана болу ши бIаьрг кIантана тIе а боьгIна, гIийла корта а ластийна, цунна там бан лууш, нанас хаьттира:

— Кхин а ло аса хьуна межарг? Я мерза бац иза?

— ХIан-хIа, чIогIа мерза бу. Чай а ду чам болуш...

— Кхин а доттий аса? — аьлла кхийра кад дIаийцира нанас. — Хьожа хазачу Iаждарбацах даькккхина ду сан чай. Ара а яхана, айса яькккхина еанера аса. Амма цхьабакъду, ХьажбекаргIерниг санна-м дац сан чай. Цара молуш дерг, ша тайпа бакъдолу чай хила декхар ду.

— Хьайн чай тоьлуш ду,— аьлла, шен нене дIахьаьжира Арсби. Цунах схьаетталора хьомечу ненан йовхо, кхузахь шена гуш мел долу хIума, массарел тоьлаш а, хьоме а хетара Арсбина.

— ХьажбекаргIерчул тоьлуш ду хьан чай. Кхузахь массо а хIума дика ю.

Шен кIантах йоккхайийна ца йолура нана: «И башха бустамаш долу чоа! Исбаьхьа гIовтал! И куй! герзаш!» — йоккхаеш хьоьжура иза цо даьхначу совгIаташка. ЦIеххьана бIаьра хьаьжжинчохь а юьсуш ойланашка елира йоккха стаг. Юха а цхьа минот яьлча, серлабевллачу бIаьргашца шен кIанте хьаьжира нана.

— ХIун дан деза хаьий хьуна? — аьлла, гергга кIантана тIеяхара иза. —Зуда яло ма езара ахьа!

— Ахьа дуьйцург хIун ду, ахьа дуьйцург хIун ду?! — цецвелира Арсби.

— Хlунда боху ахьа?

— Ткъа соьга мила йогlур яра?

— Хlунда ца йогlу? — аьлла, учий а, гонаха керт а, я ков а доцуш, хlусамнана ша а санна, адамашна генахь, эвла йистехь, ша цаI бен доцуш лаьттачу, шен жимчу цlийнах бlаьрг туьйхира нанас.

Ойланаш ечуьра юкъахъяьккхира иза чувеанчу БатIала. Векхавелла, воккхавеш волу иза, цхьа керла хабар ца дийцича, тоха са доцуш хеталуш вара. Цунна тIаьххье чубаьхкира Джой, Жабраиллий, ТIатIашший.

БIаьргашна хьалха куьг лецира йоккхачу стага.

— Ма дика ду шу даьхкина,— аьлла, хазахетарца тIейийцира цо кIентан доттагIий.

НаьIар тIехь гучуелира БатIалан нана, якъа а елла, букар а сеттина йолу йоккха стаг. Чоьхьа а яьлла, бодаш болчу чухула леррина бlаьрг туьйхира цо.

— Ой, ой, шу а дара кхузахь? — элира цо, ша чуяьлча хьалагIевттина кегийра нах гича.

— Охьаховша! Охьаховша! Баркалла! Охьаховшийша, аса доьху шуьга!

Амма кегий нах охьа ца хевшира, хьошалгIа еана йоккха стаг, Арсби нанна улло охьахиъна яллалц.

БIатIала цигаьрка хьарчийра, шен стоммачу шина пIелгаца товханчуьра кIега схьа а эцна, латталц иза цигаьрканна тIеIиттира цо. Цхьана метте мосуьйттаза кIур чу а тоьхна, чIогIа йовхарш етта волавелира иза.

— Дела дуьхьа, ма ийзахьа иза! — оьгIазаллица элира нанас, шена бетталучу кIуьрах пе а тоьхна. БатIала боккха баькккхина кIур юха а чу а тоьхна, тIаккха а йовхарш еттара. Боьлучу шина бlаьрга чу хи хIоьттинера, веларо а, йовхарша а са дукъдинчу цо, эххар тIаьхьа цIехьана хьоршам туьйхира.

— Дукха баьхнера аса ма ийза! Амма хIара шена луъург бен деш вац! Мерах богIийла хьуна и кIур! — аьлла, ша йолччохь оьгIазе меттахъхьайра йоккха стаг.

— Мерах оьхийла боху ахьа? — аьлла, хаттар а дина, кхин цкъа боккха кIур а баькккхина, ненехьа дIавирзира БатIал:

— Ахьа боьллина сардам бу хьуна хIара... хьажал хIинца!

Нана тIейирзира: кIентан меран Iуьргех, туьнкалгехула санна, оьхуш боккха кIур бара.

— Вай-вай-вай!— аьлла, мохь а хьаькхна, елха йола-елира иза,— аса динарг! Айса сайх сардам бахийти-кх аса!..

Цуьнан сатедархьама баькккхина, ишттта мерехула кIур бахийтира ТIатIаша а, Джос а.

— ХIан, тоьур ду шуна, дуьло берешка хьовса гIо вай,— аьлла, церан забарш юкъахъехира Жабраила.

Амма хIума яаза уьш дIабахийта ца лаьара Хедиштана. Товханчуьра юкъ дIаса а хьаькхна, цунна кIелхьара дика деттина межаргаш схьа а гулдина, дечиган кеда туьха а доьхкина, цу чу хи а доьттина, кега а дина, кад хьешашна хьалха хIоттийра цо.

— Кхаллийша,— аьлла, йистхилира иза кIентан доттагIашка. Со чIогIа хазахеташ ю шу даьхкина. Сайн кIантаца доттагIалла лелош берш, сайн кIентий санна, дукхабеза суна. Яалаш. Бакъду, берам ледара-м бу сан: кIалд а яц, тIо а бац.

— КIалддий, тIой баа, тхо элий дац,— велакъежира Джо.

— Мелхо а вай баа декхар дара мерза кхача,— аьлла, Джон къамел хадийра БатIала.

— Нийса боху,— элира Жабраила,— бакъ луьй со ТIатIаш?

— Нийса боху БатIала.

Джо ойланашка велира. ХIинца БатIала цергаш а ца гежайора, воьлуш а вацара иза, ткъа вовшех хотта а делла долчу, цуьнан даккхийчу цIоцкъамашна кIелхьара схьахьоьжуш, хьекъале ши бIаьрг бара. «ХIан-хIа, наха ма бохху IовдIал а вац иза,— аьлла, шен дагахь сацам бира Джос.— Дика нахъост ву, амма къен стаг ву, тхо массарел а къен ву».

— Iийт яI-кх!— аьлла, белшаш меттахъхьайира ТIатIаша.

Дуккха а ахча долуш вай делхьара, Арсбина зуда ялор яра вай. ТIаккха синкъерамен хир дара.

— КIентан кIентий а, кIентан мехкарий а хир бара сан... Къанъелла кIелйисча, гIоьнчий хир бара суна,— аьлла, ела а йоьлуш, ТIатIашца къамеле елира Хедишт.

Арсбина эхь хийтира, амма ца ваьлла ойланаш йора цо: «Ткъа баккъалла а, хIумма а йоцург ю техьа со? СовгIат а даьккхина аса. ТIебуьйхина гIирс а, хIинца

кхин бу сан. Мацца аьлла а цкъа, дуьхьалкхетча наха эр ду: «Салам Iалийкум, Арсби! Хьан гIуллакх дан тхо кийча ду-кх! Кхин берш санна, стаг хила а мегий со-м. «Баркалла, паргIат хила шу!» — аьлла, аса шайна жоп даллалц, суна хьалха а хIиттина лаьттар бара уьш. Амма цхьа хIума ду со ца кхеташ: доIанашца дехарш аса дукха мел дин тIеттIа хала а, беза а болх ло-кх суна. Иза иштта хIунда ду — суна-м хааш».

Джо хьалагIаьттира, хьалагIевттира вуьйш а.

— Кечло хьо а, — элира цара Арсбига.

— Стенга? Со хIинца а говрана докъар диллаза ву.

— Ца диллина? — сагатделира ненан. Иза шена хаахь, Хьажбекар оьгIаз гIур ма ву хьуна. Ма ца лаьара суна иза.

— Жабраил волчу кертахь хьоьга хьоьжуш лаьтташ бу хьан дин, — аьлла, къастош сихха вист а хилла, Арсбига дIахьаьжира Джо. Иза Жабраилехьа дIавирзира, вукхо корта а таIийна, чIагIдира накъосто аьлларг.

— ГIор вай хIета, — аьлла, хьалагIаьттира Арсби. «ХIокхара дуьйцург цхьа хIума-м ду, — ойла йира цо: хийра стаг мичара вуьгур вара дино шена тIе? Лечас шена тIе цхьа а вуьтур вацара. Цхьана маьIаргона, цкъа Хьажбекар а вера цо».

ДIабоьлхуш новкъахь вист а ца хуьлуш, накъосто шега дуьйцучуьнга ладоьгIура Арсбис. Амма Джос говрах лаьцна къамел ца долийнехь цIеххьана саца а сецна, зуьйш, леррина шен доттагIчуьнан бIаьра хьаьжира жима стаг:

— Аса кхиийна Леча. Юург цхьаьна юура оха шиммо: цо сийна буц юура, аса ахьаран сискал юура. Шовда а роггIана молура оха шиммо: цкъа говрой, тIаккха — асий. Леча сан говр ю.

— ХIунда яц? Иза дуьйцийла йоццуш хьан ю. Хьоьга хьоьжуш лаьтташ ю, — жоп делира Джос, тIаккха дIабуьйлабелира доттагIий.

Сийна басар а хьаькхна йолу говран ворда тIаьхьакхиира царна. Цу тIехь пхи стаг вара. Царех цхьаммо шедаг ирх а яхийтина, беснеш юсийра — Iаламат чIогIа хелхаран йиш йолаелира.

Кхечу цхьаммо чIоггIа вота туьйхира, юкъ-юкъа цIогIа а детташ, кхозлагIчо гIадвахана зурма а, вота а ца хозуьйтуш, хьер ваьлча санна мохь беттара. Воьзз-

лагIчо, шен луларчуьнга мохь а бетташ, тIараш дет-
тара. Шега бохучунах кхеттачу вукхо куй тIехьа а тет-
тина, куьйгаш хьалха дIа а тесна, ворта охьа а таIий-
на, дIайоьдучу ворданна тIехь лаьттачохь, бухь буьй-
гIира.

— ХIорс! ХIорс! Хорс-тоъ! — цкъа хьаьвзура, тIак-
кха ша воллучохь кхоссалора хелхарча. Ткъа оцу тIа-
раш детташ волчо, цIеххьана мохь туьйхира:

— ХIей, ТIатIаш! Схьавола, ворданна тIе хаа, цхьаь-
ний гIур ду вай!..

— Хьо ву иза Индарбий? Шу стенга доьлхуш ду?

— Берешка хьовса доьлху! Схьавола!

— ХIан-хIа, тхо тIаьхьа догIур ду!

Урамехула дIахьаьвзира доттагIий. Жабраил волчу
керта кхечира уьш. ЗIаран кертана чоьхьа, буьйдачу
кибарчигийн жима цIа дара. Царна юккъехь сени яра.
Цхьа цIа чохьIеш дара, важа дина далаза дерг — хье-
шийн оти дара, амма цу чохь хIинца а бина маьнга а
бацара, я истангаш а дацара, гуш юргIанаш а, гIайбеш
а, тас-гIуммагI а дацара, парггIат садаIа цу чувогIу
волчу некъахочунна оьшуш ерг цхьа а яцара цу чохь.
Гонах йина ах бен керт а йоцуш долчу декъа тIехь я
рагIо а, я божал а, я даьхнкерт а яцара.

— Говр мичахь ю? — саготта хилира Арсби.

— ЦIийна тIехьа юйла хьожур со, — аьлла, дIахьаь-
дира иза, амма цIенна го а тесна сецира иза. «Ца-
ра соьца бегаш бина», — элира цо меллаша ша
шега.

Десачу хьешийн оти чохь йоллу говр шен ден аз а
хезна, берг а тоьхна, терсира. Арсбин кийрара дог дет-
талучуьра сецира.

— Леча! — аьлла, ша волчуьра меттах а ца вала-
луш, мохь туьйхира цо. Цуьнан озанна жоп луш, чIогIа
терсира говр. Хьешийн отин неIаре дIахьаьдира Арсби,
мийра тоьхча, неIарна тоьхна долу догIа кхоссаделла
дIадахара. Шен ваша цIа веача хеттачу кепара хазахе-
та стагана, шена дукхабезаш болу дин гича. Лечина
чухьаьдира Арсби, цунна хьалха дIа а хIоьттина, вела а
велла, тIехь сет долчу хьаьжа тIе куьг хьаькхира цо,
пIелгашца гилгаш а дохуш, ткъа говро, шен хаза корта
бахбинна, жимчу стеган белшна тIе а биллина, самалха
даьлла, доккха садаькхира.

Сийначу стиглахь цхьа а марха яцара. Органан берд уггар лекха болчу меттигехь и сийна шера аре ларъеш санна, лаьтташ бара бIе шераш а кхаьчна болу Iаламат боккха ши наж. Циггахь, бердан йиста тIера дIа цхьа бIе гIулч бен гена йоццучу меттиге гулъелла яра юрт.

Кхузахь массо а вара: кегийрхой, церан дай а, къежбелла баккхий нах а. Цхьаберш баьхкинера синтем боцчу жималло а, безамах юьзна йолчу къоналло а кхайкхина, кхечарна лаьара шайн берийн сакъерадаларх сакъера, кхозлагIнаш гулбеллера дуьххьалдIа садаIа а, хьовса а, генна дIадахана шайн ирсе денош дагалаца а...

Мехкаршна охьаховша деха гIанташ а, кхо ког болу гIанташ а деара, дан а деана гоьргашна тIе охьадехкира аннаш а. Божарий, лан санна, ах го а бина, масийтта могIаршкахь лаьтташ бара — массарна а мехкарий гайтархьама, тIехь-тIехьара могIа лекха бара.

Ловзаре бIаьрг тоха йогIучуха тIе а еана, къайллах мехкаршка кехатан пондар дIабелира жерочо — тIеоьллина ши горгали болу керла пондар. Йисттехь Iеш йолу йоI пондар дIа а эцна, юьхьа тIера Iаж санна цIийелира. Цуьнан дуткъийра пIелгаш пондаран пиллигашна тIехула шершира. Пондар боьлхуш бу моьттура: «Сан сагатло, сан дог кийрара схьа а даьлла, цхьанхьа дIадаха гIерта... Мичахь ву хьо сан ирсан да, деган безам? Волахьа со йолчу, майра кIант, волахьа сан деган безам!».

Роггана кер-кера а луш, могIаршкахула дехьа дIабахара пондар. ХIинца цо лоькху йиш кхечу тайпана яра, хIокху сохьтехь гонах мел долу хIума — стигал а, латта а, шерачу арахьа долу адамаш а, тIехула хьийза олхазарш а санна чехка а, тIахъаьлла а.

— ХIайт! —са ца тохаделира Берсе, массарна а вевзаш волчу сакъерархочуьнга. Кхечу жимчу стага, бустамаш долчу чоьин шуьйра пхьуьйшаш хьала а карчийна, тIараш туьйхира. Цунна тIаьххье тIараш туьйхира массара а, мехкарий боцчара: цара цкъа а ца туху тIараш. Охьа а ховший, безам баханчу божарша шайна тIедоьгIна латточу, цIарца догучу церан бIаьргашна хьалхахь лаьтта бIаьра а хьуьйсуш, Iаддаiеш хуьлу уьш.

Кегийрхойн цIий ловзаделира: хала ду мехкаршна хьалхахь цхьана метте латта. Когаш дIалелха гIерта, кура белшаш сетта гIерта. — Юкъавала! Хьо-х хелхаволуш ву, — бохура гондахь болчара Берсега.

Иза вухагIертара. Нахана юккъера кхечуьнга мохь туьйхира:

— ХIей, чола куй берг! Валол, юкъавалал!..

— Сой! — аьлла, вухахьаьжира Тепсаркъа, олхазаран санна ира юьхь-сибат долу жима стаг. — Делан дуьша, со виталаш. ХIара ваккхийша, — аьлла, бIаьрган эшарца Индарбина тIехьовсийра цо уьш.

Iаламат боккхачу оцу шина ножах цхьаннан гIода тIе а тевжина Джой, Арсбий схьаваре хьоьжуш лаьтташ вара Жабраиллий, ТIатIашший, БатIаллий. Лоькхучу пондаран аз хааделла, гергга тIебахара уьш, амма оцу минотехь цIеххьана лоькхучуьра саца а бина, шена евзаш йолчу кхечу йоIе пондар дIабелира йоIа. Лаьтта бухара хьалаваьлча санна, ван а веана, цIеххьана царна хьалха дIахIоьттира ши бере: ШепаIий, ИсмаьIаллий, говраш хохкучохь эшначул тIаьхьа, хIинцца чу са деанера царна. Куралличца раз а ваьлла, кест-кеста мекхаш а хьийзош, шодмаш а лестош, мехкарийн тидам шайна тIе хIун дина бохуьйтур бара техьа, цаьрга тамаша хIун дича байталур бара техьа, боху ойланаш а еш, нуьйрашна тIе дIатегча санна, Iаш вара и шиъ. Пондарюха а йиш лекхира: уггар майрачу кIентан-беречуьнан, говраш хохкучохь ша цаI бен совгIат доккхуш воцчу, кхечеран говрийн рема тIахъаьлла лоллий ялош волчу кIентан йиш ю аьлла хеталора лоькхуш ерг... «И саннарг бен хьакъ ваш веза! Иштачуьнга бен яха мегар дац маре!».

«Суна лоькхуш хир ю иза!» — бохучу ойланца ладоьгIуш бара береш, шаьш лаьттачохь шодмаш етташ говраш йох а еш.

«ХIан-хIа, дIогахь Iеш ю иза-м, — эххар а йоIах бIаьрг кхийтира ШепаIан. — Кхо де-буьйса дер дац аса хьо...» Ларамаза делахь а, дацахь а оцу минотехь цуьнга дIахьаьжира йоI. Дуьрста цIеххьана юха а озийна тIаккха дIа а хецна дин дIаэккхийтира ШепаIа, амма беречуьнан керахь муьтIахь болу дин, нисса БатIалан мера кIел сецира.

— Айхьа суна делла дош дагадогIий хьуна?

— ХIунда бах ахьа? — серлабаьлла шен ши бIаьрг

тIеберзийра БатIала. Нуьйра тIера охьа а таьIна кхин а меллаша ШепаIа элира:

— Аса хьуна йийцина йоI дIо мехкаршна юккъехь Iеш ю, гирий хьуна?

— Муха ца го! Юьхь кIайн а, цIоцкъамаш Iаьржа а долуш... Дукха хан ю аса цуьнга бIаьрг бетта...

— Совнаха дерш ма дийца, — кхоьлира ШепаI. — Хьан декхар, оьшшучу хенахь катоьхна иза схьа а лаьцна, дIаядор ду, кхетий хьо?..

— Иза цунна реза юй ткъа? Иштта хилла барт буй?

— Со хууш вара, ахьа со левийр вуйла...

— Хатта мегардац ткъа, хьалха хатта сайна дицделларг? Кхетал хьо: нагахь дерриг хууш а, хьоьга ян лууш а иза елахь тIаккха ядо а ца оьшу: ша а йогIур ю иза!..

Дукха оьгIазвахана кийра доьссина цIий а долуш, тIевирзина ладугIуш вара ШепаI. Цуьнан оьгIазалла тIеттIа совъюьйлуш лаьттара. Шена тIехь лелориг цавашар дуйла оцу минотехь хиира цунна.

— Хьо санна болу нах болчу вон веара со! Тьфу! — туйн кхоьссира ШепаIа.

Говр юха а ерзийна, ша шега дов а деш, туйнаш а кхуьйсуш, дехьо дIавелира иза.

— Вайнаш бу говрашкахь богIуш, —элира Жабраила сихха доттагIашна тIе а вахана, белшашна тIехула царна чу корта а кховдийна. Вовшашка хьаьвсина бела а къежна, тIебогIучу шайн накъосташна дуьхьал баха дIабуьйлабелира уьш. Церан самукъадаьккхинера юьртахь уггар хьалдолуш волчу стеган — Хьажбекаран кIант ШепаI, Iехава БатIалан аьтто баларо.

— Хилларг хIун ду? — аьлла, шайн говраш совцийра Джоссий, Арсбиссий.

— Цхьа керла хIума ду, — жоп делира Жабраила сих а ца луш, амма гуш дара шен сихалла цо сецош хилар.

— Вайна, там беш дуй хьан керла хIума? — сихвелла хаьттира Джос, баккъалла а, леррина ойлане ваьлла а волуш.

— Хуур ду-кх гIуллакх муьлхачу агIор доьрзу. Нагахь вайн аьтто балахь, дуьненахь уггар ирс долуш волу стаг, Арсби хир ву...

Шена ца хезчуха, лергашна тIехтилийтира Арсбис Жабраила аьлларг. Цунна мичара дер дара ирс! Амма

Жабраила, цуьнан барзакъана тIе пIелг а хьажийна, элира:

— Хьуна тIехь мел долу хIума: хIара бустамаш долу чоа, гIовтал, куй, хьан нана йолчу чохь Iуьллу верта, башлакх — уьш ерриге а шен куьйгашца йина йолу йоI, хIинца кхузахь Iеш ю-кх...

— Ахьа баккъала а боху? — цецваьллачу Джон мерIуьргаш шоръелира, Жабраил стигала ирх хьаьжира:

— Аса чIагIо йо! Ларамаза хинра суна иза. ДIахьаьжна со — хазалла эккха йоллуш йоI ю Iеш. Хьенан ю иза? — аьлла, кхузахь цхьаьнга хаьттира аса. Иза-м луларчу юьртара хьаша ю, — элира соьга, — совгIатана хIумнаш тегнарг иза ю-кх бохура.

Арсбин кийрара дог тохаделира, пхенашкара цIий доладелира. Жабраил велакъежира, ткъа Джос церга балда лецира: «ЭхI, эхI, Арсбин юьхь-бIаьргаш ма хийца делла!» ТIаккха шен доьхка а тодина, куй бIаьргашна тIе а теттина, баккъалла а дIахьедира цо:

— Арсби, оха хьуна нускал далор ду-кх!..

Арсби вист а ца хилира, лаьттан бIаьра хьаьжира иза. ДоттагIчо бохучух тешаш хилар дацара иза, хIанхIа, шеца бегаш бо моьттура цунна. Мила йогIур яра цу къечу стаге?!

Дуьйцучух шаьш шиъ ца кхета моттийтира ТIатIаший, БатIалий, вовшашна юкъа а лелхаш, къамелаш долийра цу шиммо:

— Ма хаза йоI хилла-кх ШепаIа шена хаьржинарг!— дIадолийра ТIатIаша.

— Ша ма дарра малик ду-кх! — тIетуьйхира БатIала.

— ШепаIан цунах гIуллакх хир дацара, — цергашна юккъехула элира Джос.

— Хир дац боху ахьа?

— Хир дац.

— Хьан бохура хьоьга иза?

— Аса айса боху-кх.

ТIатIаш леррина лаьтта бIаьра хьоьжуш вара. «Джос гIуллакх хир дац боху. Дала ма хуьлитийла иза...».

— И-и-и, Арсби, — аьлла, цхьана хIуманах цецваьлча санна, корта а хьовзийна, къамел дан волавелира БатIал.

Ша эхь хеташ хилар хаа ца далийта, Арсби дIавирзира.

— Со кхуза схьакхечира, — кхидIа а дуьйцура БатIала, — гондахула го туьйсуш лелаш вара со. — «ХIахIан, БатIал, — боху, — дIахьажал дIога!» ДIахьаьжира со. Мила ю моьтту хьуна суна гинарг? Иза ю-кх! Сел хазчу цунна тIера бIаьрг дIа ца баккхалора соьга. Цуьнан майра хир ву техьа ШепаI, аьлла, ойла йира аса. «ХIара ШепаI боху хIума! Дозалла лело хIара пис! Тохка доцуш, лурчах кIант а ца веш, йоI йина, аьлла, хазалла ялла йоллу зуда йитира цо!» Аса бохуччьнга ла ца дугIу ахьа, Арсби?..

Леррина бIаьра а хьаьжна, ойла йира Арсбис.

— ЭхI ша хирг хир-кх цунах, амма сайн дагахь дерг дIаэр ду аса цуьнга! — аьлла, ойла а йина, ша бохуччьнна тIера юха ца волуш, массарна а хозуьйтуш БатIала элира:

— ШепаI ма вац цуьнан майра хила хьакъ, ткъа...

Шен къамел чекх а ца доккхуш, юьстах иккхира иза, говран бергаша лаьттан гIорзанаш ирх оьхуьйтура. ЦIеххьана ша лаьттачуьра говр дIаэккхийтира Арсбис. Чаболахь ша цIеххьана дIа ма эккхийтар, иштта закъ аьлла, цIеххьана говр сацийра цо. ТIахъаьллачу береша цо говр дика хьовзорна резахилла тIеийцира иза. Дехьо лаьттачу шина юнкеро — ШепаIан вашас, Анзорий, училищехь цуьнан хиллачу доттагIчо Быстролетов Анатолийссий хаза-хетта, тIараш туьйхира. ДуьххьалдIа цхьана совдегаран Хьамзатан кIанта ИсмаьIала, ца вешаш бIаьрг туьйхира Арсбих, оцу хьежаро кийра Iовжийра жимчу стеган.

ИсмаьIална дика хаьара Арсби мила ву. Цунна хууш дара даккхийдеш хиллачу адамаша маьхьарий а детташ, мекхаш долчу тхьамдас говраш хаьхкина яьлча, цунна совгIат дIадалар а. Амма хIинца и жима стаг шена хьалха цкъа а гина воцчух хила гIертар ву ИсмаьIал. Арсби оьгIаз а вахийтина, датIийна масех дакъа дан деза цуьнан догах. Мила ву хIара ван, хIара Арсби? — Байлахь дисина бо. Цуьнан-х цхьа ваша а, шича а вац, цунна динарг декха стаг вац.

Ткъа хIун йолуш ву хIара Арсби? — ХIума яц иза да волуш. Ларамаза хилла долу цунна тIера барзакъ бен, цхьа нихI дац цуьнан! Цкъеллиг-цкъа мукъане а, Хьамзатан туьканна чу ваханий иза — хьожа йогIу саба

эца, я лачкъийна деанчу хIоьах хийцина кампеташ эца? Цкъа а ца веана!

— Иза мила ву? — аьлла, волавелира ИсмаьIал, бухIунан санна горга болу шен ши бIаьрг Арсбина тIе а боьгIна, цхьа муьста балда а саттийна. Жа долу верстина жан да ИбрахIим, цуьнгахьа дIавирзира:

— Муьлхарниг? Изий? — жима стаг волчу агIорхьа корта тесира цо. — Иза хIумма а йоцург ю-кх, цхьана а хьесапехь воцург ву-кх. Хаттал ШепаIе, цо а изза эр ду хьуна.

ШепаI оцу хенахь йоIе дIахьоьжуш вара, цуьнан дагахь иза ма хиллара «шечуьнга» дIа а хьоьжуш, ойланаш йора цо: «Хирг-х яй аса иза мараюьхку йолу зама! БIаьргашна тIе, балдашна тIе, лога тIе обанаш бохур ду аса цунна...» Оццу меттехь, оццу минотехь иза шега схьахьажаре сатуьйсура цо.

ЙоIа, баккъалла а, шен ши бIарг дIахьажийра, амма цуьнгахьа а ца хьажош, ткъа цунна тIехьахула кхечухьа.

«Иза хьаьнга хьоьжу?» — оьгIаз вахана верриг сен а велла, меллаша вуха хьаьжира ШепаI. «Цуьнга хьоьжуш хилла-кх, зуд» — цергаш хьакхийра цо, шена тIехьарчу Арсбих бIаьрг а кхетта. Арсбига акхарочуьнан мостагIалла дижира оцу минотехь цуьнан даг чу.

— Иза мила ву? — аьлла, юха а хаьттира ИсмаьIала, амма хIинца цо хаттар ШепаIе дира.

— Мила ву ахьа хоьттург, — кхолавелла юха а хаьттира вукхо.

— ДIогахь лаьттарг ву-кх...

— Иза-м тхан ялхо вара, — аьлла, Арсбина а, гондахь болчарна массарна а хозуьйтуш, ца вашарца жоп делира ШепаIа. «Массарна хезийла иза! Оцу йоIана а хезийла иза! Аса хоуьйтур ду цунна, хIун хуьлу лега дIахьежча!».

— Ялхо-о? — дахдира ИсмаьIала. — Делахь хIета, хьайн делан дуьхьа дийца суна, иза мила кхайкхина веана кхуза?!

Арсби ша воллучохь кхоккавелира. Собарна садеттара цо, амма когаша ша-шах говран пIендарш Iуьйдура, ткъа куьйгаша дуьрста юьйлинера.

Цунна кIелхьарчу дино шен онда яьIна а саттийна, бергаш тоьхна латташ ирх а кхоьссина, массаьрга а бIов бохучу кепара, доккха са даьккхира.

— Некъ бита! — аьлла, мохь тоьхча, гІаш берш дІасхьа хилира. Береша лесточу шодмаша мохе шок йоьттуьйтура, шайн белшаш хьаланисйира цара. Мехкаршна а хьалхахула говраш хьовзо ца еза ткъа!

Адамаш сихха цхьана агІорхьа девлира. Мехкарий цхьана агІор бара, царна итт гІулч бен юкъ йоцуш, нах вукху агІорхьа бара.

Шепаl хьоьжуш хиллачу хазчу йоІа, куьг дІа а кховдийна, шена уллохь йолчуьнгара пондар схьа а эцна, белшехьа кІеззиг корта охьа а таІийна, йиш лекхира:

Йоlана тІехула кІант валар хезча — хазахета.

«Иза мила ву?» — бохуш, тІаккха вай сагатдо.

Йоl езаеллачун дагна кийра гатло.

Хьайн динахь со йолчу вола майра турпалхо.

Ша волччохь тоха а велла, гонах болчаьрга бІаьрг тухуш чекх а ваьлла, доттагІашна велакъежира Арсби, тІаккха цхьа воккхавеш ойланаш ян волавелира иза:

«И-и-и... хьан хазаллех лаьцна дацара Жабраила олуш хилла долу илли? Ма исбаьхьа ю и хьан кІажарш! Іаьржа, гезган маша санна, охьаяьхкина уьш оцу киси кІелхьара! Шура санна кІайн и юьхь, ткъа ши бІаьрг лилура сийна!.. Хьанна лоькхура техьа цо и шен йиш? Цунна хьалхара вала кийча волу иза, баккъалла а хила... веза турпал. Кхузахь вуй техьа иза?» — оцу ойланашца дІа а, схьа а хьаьжира Арсби.

Шен доттагІчуьнга мохь а тоьхна, шен говраца бІаьргана гучуьра дІавелира Джо. Мехкаршка баханчу безамо гІадбахийтина болу береш, хІинца а дой хьийзош бара. Амма шен безам баханарг муьлхарниг ю ханйта мегар дац, иза хаахь дов хир ду. «Хьуна хІун оьшу тхан йоІера?» — бохуш, шаьлтанаш а, тарраш а даьхна, чугІертар бу верасаш. Оццу хенахь юха а хезаш ю керла йиш:

Кисанахь деший ца хилча,
Сел чІогІа хьуна езар эрна ду, бере.
Нагахь хьо турпал ца хилча,
Эрна ду хьо тІехьийзар!
Исбаьхьа мехкарий, схьадуьйла кхуза!
ТІахъаьлла береш, схьадуьйла кхуза!

Со миска мича гІур ву, — аьлла, доккха са даьккхира Арсбис. Оцу ловзаргара дІавахар тоьлуш хийтира цунна. Говр хаьхкина мохал хьалха а вуьйлуш. Леча бен шеца адам а доцуш, шерачу арахула дІаваха дага-

деара Арсбина, цигахь динара охьа а воьссина, шена луъучухула иза дIа а хецна, хаза хьожа йолчу сийначу бай тIе охьавижа, тIаккха «Леча!» — аьлла, ша мохь тоьхча, корта хьала а айина, ши лерг дуса а дина, яьIна а саттийна едда шена тIе а еана, цIога а дусийна, шена уллохь цо хелхар деш, цуьнга хьежархьама.

ЦIехьана ерриг ойла яйра. Цуьнан меркIел вела а велла, кегийрхошна юккъехула шен говр дIаэккхийтира Исмаьала. Духаршца кечбелла а, сакъералуш юьхьбIаьргаш серладевлла а болчу мехкаршна а, божаршна а юккъехула тIехъиккхира иза. Церан могIарш, ткъех сажа хиллал бен деха а дацара. Стелахаьштиг санна чехка царна юккъехула тIехъиккхира Исмаьал. Иза юхахьаьвзина воллушехь, мохь а тоьхна, шен дин дIаэккхийтира Арсбис. Раз-раз! — мох хеда а беш, кегийрхошна юккъехула тIехъиккхира иза. Хаьххкина чекхвала пхийтта гIулч йисинчу хенахь, чIогIа урх юхаоьзначу Арсбис, цIехьана сацийра сел хьекъале болу дин, оццул чехка йоьдучуьра саца гIерташ, ша йолчохь тIаьхьарчу когашна тIе а лахъелла, яда а ца йодуш, шершина дIаяханчу говро, лаьттахула, дехха шп тача хьаькхира когийн бергашца.

Лаьттан бухара хьалаваьлча санна, веъана Арсбина хьалхха дIахIоьттира Джо, шен доттагIчуьнга дIа а хьаьжна, шен амалехь, цIоцкъамаш дах а дина, волавелира иза. ТIаккха бIаьрган негIар тухучу юккъехь, мехкаршна улло дIа а кхаьчна: «Дика бу береш, — боху мехкарша,—амма хьо массарел а тоьлуш ву»,— боху цара, оцу ойланца, яьIнийна тIе куьг а детташ, шен дин хьоьстуш вара иза.

Тешамечу доттагIаллел деза хIун ду? Сакъерделла Арсби хаьххкина Джона тIевахара.

Дой а доттагIий санна дара шайна тIерачу берешца а, вовшашца а. Цхьабосса бергаш а тухий, цкъа лергаш дусадора, тIаккха бат бете а юьллуш, кортош вовшашна тIе а дерзадой, къайлах къамелаш деш санна, лаьттара уьш.

ХIинца мехкаршна уллохула говр хьовзо йиш яцара Исмаьалан: шина беречо — Арсбиссий, Джоссий новкъарло йора.

— ХIийт-яI-кх... шайтIанаш! — бохуш, шен дагахь дов дора цо. — Шаьшшиъ бен кхузахь аддам а доцуш санна, некъа юккъе дIа а хIиттина ма лаьтта шу! Ткъа

дІа а мичхьа хІиттина! Мехкаршна улло!.. ХІай ялхой! Нажжазаш! Шайна наьІалт хилларш — шайн дайшна а, ден дайшна а, ворхІа а дена а!

Цхьа вон гома хьаьжира иза шен ницкъ кхаьчча къа ца хеташ доггах цоьстур бара цо уьш, я йолуьйтуш тапча еттар яра: цхьанна оцу хьаьжа юккъе даьндарг юьллур яра, вукхунна — оцу даг тІе тухур яра!

Лаар, иза цхьа ша гІуллакх ду, амма лаам кхочушбар иза кхин ду: царех цхьанна цо тапча тоьхча, вовшийн атар дІадолалур ду... Бакъду, Арсбин вежарий-м бац, делахь а накъостий бу цуьнан. И яккхий шаьлтанаш а яьхна, чухьолхур бу уьш... Царна гІо дийр ду беноша. Церан гІо лоцур ду гендаргноша а, гуноша а... Шаьш байнча а бен ца хеташ чугІертар бу наьІалт хилларш! Шаьш дайнйтар, майралла ю ткъа? Іовдал болчарий бен ца до иза. Бакъду, Іовдалш бан а бу уьш! — иккхира ИсмаьІалан багара дагахь а доцуш.

— Ахьа хІун дуьйцу? —ца кхийтира ШепаІ.

— И Іовдалш, беной буьйцура аса-м. Іовдалш бац уьш ткъа? Тхан дас дийна йоллушехьа пхьагал цІа а еана, сарралц чохь дІакъовла аьлла, тхуна чу хІоьттина волчу беночуьнга дІаелла хиллера. Беночо тІекъовлуш неІ йоцчу сеничу йоьллина хиллера иза. Ткъа пхьагал дІа ца ядийта, неІаран меттина ян а еана, дуьхьал ворданан чкъург хІоттийнера. Пхьагал-м едда дІаяханера. Дас оцу Іовдална дов дора, амма иза шек дІа ца волура! Ткъа тхуна чухІоьттина волу, важа бено, тхан дас хьаьжкІийн гали ахьа хьера вахийтина халлера. Гали ги а доьллина, гІаш ваханера иза. Ша цига дІакхаьчча, хьерана чу а вахана, хьархочо иза ахьа долоре хьоьжуш, вист а ца хуьлуш Іийнера. «ХІей! — аьлла, мохь тоьхнера беночо.— Делкъхан а хилла, со Іуьрре дуьйна хьоьга хьоьжуш Іаш а ву». Иза бено вуйла хууш волчу хьархочо, бегаш а беш, жоп деллера: «Гой хьуна, тІулг хьийзаш бу?» — «Го, — аьллера вукхо, — хьийзича хІун ду иза?» «Сацо беза-кх хьийзаш болу тІулг. Шен хьаьжкІаш ахьа лууш волчо сацош бай иза-м». «Тоххарехь ахьа иза соьга аьллехьара», — аьлла хьийзаш лаьттачу тІулгана бертал тІевижнера бено. И Іовдал тІулгана тІехь, ша тІехь даьндарг санна хьийзаш хиллера, — тьфу! — аьлла, БатІалний, ТІатІашний улло туй кхоьссира ИсмаьІала.

БатIална а, ТIатIашна а сел гома шайга Исмаьlал хьежарехь тосабелира, цушинна хIинццалц гина боцчу кепара, цуьнан шайга болу цабезам. Цуьнан бIаьргашна чохь и тешаме йоцу ало шена хааелча, дуьххьалдIа цец а ваьлла, БатIал IадъIийра, ткъа оцу хьежаро цIехьана ТIатIашан дог а, пах а «датIийра». Жимчу стеган бIаьргашна чу ало йоьссира, цIоцкъамаш дусаделира, цергаш ша-шах вовшех хьекхалора.

— И хIун бIаьргаш бу цо вайна къерзораш, — аьлла, оьгIазе вист а хилла, шен ка шаьлтанна тIедихьира ТIатIаша.

## 3

...Дуьненчу хала долуш ду илли, атта дац и шен дага чохь тосадала а. Керлачу иллина, доггах керла дешнаш хила деза. Ткъа и дешнаш стиглара охьа оьгуш а, я матто ша шах деш а дац. Уьш массо а меттигехь дуьненахула даьржина ду, тайп-тайпана доьдда ду уьш: хаза а, ирча а, бакъ а, харц а. Уьш леха деза, гулда деза, литта деза, зезагашна тIера накхаран мозаша оьцу дургал санна, лахьо деза уьш.

Цхьана меттигехь сацалуш вацара Жабраил. Цкъа мехкаршна тIевоьдура иза, цкъа божаршна тIевоьдура, царна тIера берашна тIевоьдура, ткъа уъш болчуьра, баккхийчу нахана тIевоьдура. Лоррий хьожура, ладугIура, дагалоцура муьлхачуьнан бIаьргаш муха ду, уьш муха хьоьжуш ду: Iахарнаш санна эсала хьоьжу, я берзачеха луьра хьоьжу? Хьан муха дуьйцу, цуьнан къамел муха ду? Дерриг халкъана оьшуш долчуьнан хьокъехь ю еш йолу ойланаш, я цхьана стеган шен диканан хьокъехь ю?

ДуьххьалдIа цхьа ккача баа елла яц стагана бага, цуьнан Iалашо иза хилла ца Iа. Цуьнан лаккхара Iалашо — дешнаш кепа тохар, дешнаш шардар ю: стеган велха я велавала, безам бахийта я бIаьргава ца везийта дог доуьйтуш. Ткъа цуьнан дуьхьа уггар хьалха оьшуш ду доллу хIума гуш хилар, тергам бар, дагалацар, дагана хаадалар. ТIаккха метта буьххье догIур ду оьшуш долу дешнаш, тIаккха даккхалур ду илли.

Дукха хIуманаш гира Жабраилан бIаьргашна. Дукха керла ойланаш дагаяьхкира, дог дуьзна шен доттагIшна тIевоьдуш волчу цуьнан, цIеххьана бIаьрг ккхий-

тира шаьлтанна тIе ка а диллина, хьалха а таьIна, онда гIулч а яьккхина, Исмаьlална тIеволавеллачу ТIатIашах.

— Хьо стенга воьду, ТIатIаш? — аьлла, кхера а велла, ша волччохь сецира Жабраил. Оццул буьрса вара цуьнан доттагI. КIеззиг саца а велла, дукха оьгIаз вахарна хIумма а гуш доцчу шен бIаьргашца Жабраиле дIахьаьжира ТIатIаш. Исмаьlал шайх сел чIогIа ца вешаш хиларо, синтем байина волу иза, тIаккха а хьалхахьа дIагIоьртира. Жабраила дуьхьал а ваьлла сацийра иза.

— ТIатIаш! аьлла, меллаш цхьанне а ца хозуьйтуш, амма цо ладугIу долчу кепара, доггах юха а вистхилира иза. Цуьнан хьаьжа тIера пхенаш дусаделлера, бIаьргашна чу ало хIоьттинера.

ТIатIаш сецира, шаьлта къевлина долу цуьнан куьйгаш дастаделира, кхетамчу веача санна, корта ластийра цо.

— Нагахь санна хьо дуьхьал ца ваьллийхьара, аса и корта тIера дIабоккхур бара цуьнан!

— Ткъа хилларг хIун ду? — сих а ца луш, хаьттира Жабраила.

— ЖIаьла вон жIаьла! — меттан лерца цергашна юккъехула вист а хилла, туй кхоьссира ТIатIаша. Хьуна ца гира иза соьга гома хьоьжуш?..

— Ахьа тергал а ма вехьа иза. Иза-м дегала хIума яй. Шен духарх а, хьолах а дозалла деш ву иза. И санна болчара шаьш шайна хьовзам боккху. Лаа олуш дац: «Хьо кхечарел онда ву бохуш дозалла ма де, кхечара хьо эшийча, эхь хьуна хьайна тIедогIуш ду», бохург.

— Иза-м бакъду,— ойланца жоп делира ТIатIаша.

— Кхечарел хьайгахь хьекъал алсам ду бохуш, царел лаккхавала ма гIерта,— юха а дийца волавелира Жабраил,— нагахь гIуллакх кхечу агIорхьа дерзахь, адамаш хьох доьлур ду, хьох болу безам бовр бу, ткъа хьуна тIе шалха эхь догIур ду.

— Иза а бакъду,— корта таIийра ТIатIаша, амма юха а шен дагахь Исмаьlална дов дора цо: «Хьий, дахкаделла жIаьла!» — бохуш.

Ткъа БатIала йогучу цIерга мехкдаьтта доьттира:

— Гой шуна уьш вайга, къаьсттина беношка гома хьоьжуш?

— Дукха дика го,— юха а сихвелира ТІатІаш, амма БатІала юкъа а иккхина элира:

— Вайга санна гома Бакаре хІунда ца хьоьжу уьш, вай санна бено иза воллушехь?

Жабраил велакъежира:

— Шуьшиъ цхьана тайпана хилар — иза бакъду. Нагахь санна цунах царех цаІ летча, цо билггал мохь беттар бара: «Сан вежарий, беной, орцах довла!» — бохуш, ткъа хьо цуьнгахьа гІо даккха дІахьодур вара. Бакъдуй иза?

— Бакъду.

— Амма хьуна цхьа бохам хилча цо-м дийр дацара хьан гІо. ХІунда аьлча? Бакар таро йолуш волу дела. Хьан хІун ю? Цунна хьо стенна оьшу? Шуьшиъ цхьа бено велахь а, цундела хІуттур ваций иза-м хьуна улло а. Кхечу тайпанах бара аьлла ца Іеш, кхечарна тІегІур вара иза. Ткъа иза хІунда дийр дара цо? И а дера дийр дара ша санна хьал долуш болчаьрца уьйр йолуш ша хиларна.

Ши бІаьрг тІе а боьгІна, нисса Жабраилан бага хьоьжжучохь висинера БатІал: «Хьажахь, деладуьхьа, ма бакъ лоь иза! Лаа дац цуьнан и хьаж къегаш!»

Адамаш меттахъхьайра, маьхьарий девлира:

— ХІоккхуза!

— Кхин а дехьа яккха!

Масех стаг гучувелира. Аннех йина, еха яьшка яхьаш богІура уьш. ШепаІа гайтира иза охьахІотто еза меттиг, дукха хан йоццуш Арсбий, Джой лаьтташ хилла меттиг.

— Ча схьада! — бохуш, шад а етташ, говр хаьхкина тІевеара ИсмаьІал.

Цигахь го туьйсуш хилла долу бераш девдда цхьанхьа керта а лилхина, оцу минотехь мор буьззина ча а дахьаш, юхадаьхкира. Лулахойх цхьаммо Іаьржачу мехкдаьттанах дуьззина долу ведар деара, бехдина долу шен кьуйгаш чаца цІан а деш, бес-бесарчу цуьргашца йоманаш техкина йолчу шен тишачу гІовталх тийсаделла чамхалгаш дІа а дохуш, яьшкина улло дІахІоьттира иза. ХІун ду цунна тІехь бустамаш долу чоа ца хиларх? Иза хІумма а эхье дац, чоа ца хиларх юкъах дихкина дато кхелина доьхка ду, ткъа доьхкарх кхозуш шаьлта ю!

Еана схьахІоттийра кхо ког болу стол, оцу минотехь

кхо ког болу лоха гІант а карийра. Эцца тІевеара бере, Мурад, Арсбин нана Іинах яханчьура схьаяькккхинарг. Цунна тІехь доцо бустамаш долу чоа а дара, юкъах йихкина гуттар а хуьлуш йолу шаьлта а яра. Цуьнан маж леррина тойина яра; аьтто мекх Іаьржа дара, ткъа аьрроиг къежделла, гуттар кІайделла дара. Цунна аьрро агІор лаьттачу адамаша бохура: «ЛадогІал! Вокхачу стага къамел дийр ду!» Ткъа аьтто агІорхьара маьхьарий деттара: «ХІей, ладогІалаш! Тхан стага дош эр ду».

Деттачу маьхьарша адамаш цкъа дІатедора, амма тІаккха юха а гІовгІанаш йовлура. Тоха са доцуш йолчу говраша бергаш еттара, береш цкъа хьалха таьІара, тІаккха шайн говраш юхайохура. Детташ долу цхьадолу аьзнаш, сихбелла ечу гІовгІанашна юккъехь дІадовра.

Оццу хенахь кхо ког болчу гІантана тІе а ваьлла, массаьрга а, кІора санна Іаьржа болу шен ши бІаьрг тухуш чекхвелира Мурад. ХІинца адамийн гІугІ дІатийнера, цара гІовгІанаш меллаша йора, ткъа цо куьг хьала а айбина, бага гІаттийча, берраш а дІатийра. Хьийзаш йолу бумбареш цхьана ханна дІаяхча санна, дІатийра гІовгІанаш.

— ХІа-хІан, хІа-хІан, кІентий! — мохь туьйхира цо адамашна тІехула дІа. — Со шуьга цхьа дехар дан веана: вайн юьртан сий ма дайалаш! Вайн дайн цІе йожа ма елаш! Хьалхара меттиг цхьангге а дІа ма лолаш!

Ирх дахийтинчу куьйгаца шен мекх хьовзийра Мурада.

— Диц ма делаш, кІентий, шайга хьоьжуш гІарабевлла болу хаза мехкарий хилар!

Доллу хІума тап, аьлла дІатийра. Мурада къамел дечу хенахь, масех стага ча тІе а гулдина, цунах Іаьржа мехкдаьтта а тоьхна, гІожмашца иза кега а дина, тІаккха иза яьшкина тІе а диллина, цунах цІе йиллира. Диц ма делаш, кІентий, шуьга хьуьйсуш гІарабевлла болу хаза мехкарий бу!» — аьлла, мохь тоьхна, шен говр цкъа цІеххьана юха а оьзна, тІаккха яьшкина тІе дІахаьхкира ШепаІа. Яьллачу цІарах стигала хьалаболабелла кІур, кІарул Іаьржа бара, догуш долу ча лелхара, цунах туьйсуш долу суйнаш а, хьалабуьйлуш болу кІурз а адамашна тІехула дІаоьхуш бара. Кхерсташ йолчу цІарна тІе ма кхеччинехь, кхераелла хур а даьккхина, массарна а ца моьттучу кепара, къаьсттина ШепаІана ца моьттучу

кепара, шен ядар мал а дина цIеххьана юьстах дIахьаьвзира говр.

«Иштта эхь тIе а хIоьттина юха воьрзучул оцу цIергахь вегивелира со»,— дага иккхира беречунна. Говрана юха а шед туьйхира ШепаIа. ХIуъа дина а говр цIарна тIе а хаьхкина, кхерсташ лаьттачу цIарна тIехула дехьа а иккхина, шен меттиге юхава дезаш вара иза. Амма Джо цул хьалхавелира.

— Iийт! — аьлла, мохь а тоьхна, хиндолчуьнга хала са детташ хьоьжуш долчу адамашна уллохула, стелахаьштиг санна, чехка тIехъиккхира иза. Догуш долчу чана кIелахь яьшка гуш а яцара, нагахь цунах говран ког тасалахь, бере велла ваьллера.

Джо тоьлча башха массеран а сакъералур дац. Иза хууш волу Жабраил, ИсмаьIал тергалвеш вара. Оцу минотехь ИсмаьIалан дагахь дара: «Дала тIех ма кхосса волуьйтийла хьо! Дала бертал тухийла хьо! Ма хьийзор вара иза аса!». Цхьаммо шега кхайкхича санна, Жабраилехьа дIавирзира иза. Цу шиннан бIаьргаш, дуьхь-дуьхьал хIоьттира. Цу шиммо а вовшийн бIаьргашна чохь дешнарг цаI дара — цабезам.

ЦIарна тIехула дIа а кхоссавелла, говраца цхьаьна Джо цIеран кIуьрана юккъе вахча, кхера а делла, шаьш доллучохь «эхI», аьлла дIатийра адамаш. Оцу минотехь гучу а ваьлла, говр юха хаьхкина вогIуш вара Джо.

Цуьнан доттагIий юьстахбевлира. Царех дIакхийтира гендаргнойн, гунойн тайпанех болу церан важа доттагIий а. И берриге а кегийра нах ткъеитт гIулч хиллал юьстах а бевлла, тоба а йина, юьстах лаьттачу Хьажбекарна а, цуьнца болчу кхечу хьолахошна а гена бощуш севцира.

Улло баьхкинчу кегийрхойн агIорхьа дIа а бирзина, царна тамана юьртан баьччанийн бийлабалар хIумма а дог цIена дацара. Амма оцу дезчу дийнахь вуьшта а хьолахойн кегийрхошний, оцу ялхошний юккъехь мосуьйттаза эккхаза дисина дара дов, ткъа баккхийнаш ларлуш ца хилча, уьш кхин а марсабевр бара. Иза стенна оьшу? И кIентий чогIа каде леташ бу: бIаьрг дIатохале, цаI тоьхна охьавуьллур ву цара! Ткъа кхечу агIорхьа, оцу тIебаьхкинчех дукхах берш хьал долуш болчу дайшна чухIиттина ялхой бара. Цаьрца дов а даьлла юкъаметтиг йоьхча, ялхой дIагIур бара, иза хIумма а санехь дацара: шаьш дIабахана а ца Iаш, дозалла деш болчу хьо-

ладайшна чухIиттина болу кхиберш а дохко бохур бара цара. Сиха кортош ду уьш! ТIаккха болх хьан бийр бу— мила гIур ву хьаьжкIаш яха, ахьа, йол ян, дечиг дан? Хьажбекара, ИбрахIима я Хьамзата, Тугана—цара бийр бу и белхаш? ХIан-хIа, цаьрца девне валар оьшуш дац!

«Иза хIун къам ду? — ойла йора Хьамзата. — Ванах,-иза хIун къам ду? Бууш болу кхача еккъа цIена сискаллий, цхьа хий бен дац церан, ткъа нах санна ондий бу уьш!».

Адамаш юха а шаьш долччохь тохаделира. Йогучу цIерга мазот а тоьхна, кхин а ча тесира, цунах буьйлучу Iаьржачу кIуьрал а лакха юьйлуш, буьйсанан стигала сихъелла хьала кхерсташ йолчу цIечу цIаро, ча лелха а лоьлхуьйтуш, шок еттара.

— Лаллалаш! Лаллалаш!— бохуш, ИсмаьIалей, ШепаIей маьхьарий деттара гоьбевллачу къонахаша, амма цхьа а дIахьажа кхиъна валале, нуьирах дIалетта волуш санна, оцу минотехь говрахь хьалха иккхира Арсби. Воьдуш лаьттачохь говра тIехь цхьаьна кога ира а хIоьттина, йисинарг итт гIулч бен яцара. Охьакхетча санна, закъ аьлла, нуьйра тIе охьа а хиъна, Iаьржачу кIуьрана юкъахь мохь а тухуш дIавайра Арсби, тIаккха оцу минотехь юха а адамашна хьалхха схьахIоьттира иза. Цунна кIелахь дин хелхабуьйлура, яьIна цкъа аьрро агIор, тIаккха аьтто агIор сетта а еш, мерIуьргашкахула хур дора цо.

Даккхийдечу адамаша деттачу маьхьарша, хIаваъ декадора:

— «Вайн Арсби!» — бохуш, маьхьарий деттара гобаьккхина гонах, къаьсттина шайн тайпанхочух баккхийбеш, сакъералуш бара беной.

— «Iийт, зуд яI-кх!»—дукха оьгIазвахана цергаш хьакхийра ШепаIа, тоххарехь цо шен лоруш йолу йоI, Арсбига дIахьожуш шен бIаьрг кхетча.

Эццахь тIееара цкъа а йицлур йоцу минот. Пондар кара а эцна, Арсбига дIа а хьаьжна, дукха кIедамерза йиш лекхира йоIа:

Чоа а, гIовтал а.
Цу доьхначу дийнахь аса тегна ю
Лелае уьш турпалхо, хьайн ирсана
Цул сийлахь дерг дац хьуна дуьненахь.

— «Суна, схьахетарехь, тарделла хир ду»,—лаьттан

бIаьра хьаьжира Арсби. Йоla лоькху йиш шена лоькхуш хиларх ца тешара иза. «Со хьал долуш ву а, гоьваьлла ву а моьтту хир ду цунна? Амма йиш! Ма хаза дешнаш долуш ю иза! Ма ирсе ю иза!»

Арсбин бIаьргаш лапп, аьлла серладевлира, тIаккха оцу минотехь кхоьлира. Юха а дог шекделира.

«Ой, ма чIогIа ойланаш еш ву Арсби! — тосаделира тергаме волчу Жабраилна. ДоттагIчун самукъадаккха деза хIинццехь, хьем бахь тIаьхьа хир ду!»

— ХIей, береш, ГIойтIархой, ВаларгтIхой, АтагIой, БердкIелхой!.. Малхал къегина лепаш болу мехкарий гуш, дог ловза ца дуьйлу шун?.. — мохь туьйхира цо.

Геннахула тIехъиккхира олхазар, цо деттачу тIемаша лоьцу мох хезаш тийна яра аре.

— Стенна оьшу совнаха дерш дийца? ДуьххьалдIа эр ду аса! Мехкаршна юккъехь цаI ю шега безам бахан-чу цхьанга даккхий синош дохуьйтуш! ХIа-хIан, кIентий, цуьнан дуьхьа валар снйлахь хеташ муьлхарниг ву шух? — аьлла, кIоргачу бердан йистехьа дIахьаьжира Жабраил.

— Муьлхарниг ву? — юха а хаьттира цо.

Доллу хIума тапп, аьлла дIатийра. Бердийн кхерамечу Iаьржачу кIоргенашкахь гIовгIа еш хезаш цхьа ламанан хи бен дацара, цо еш йолу гIовгIа, шен кIоргенехь хIаллакьхиллачех деш белхар ду аьлла хеталора.

«Муьлхарниг?» — и дош дара дошлойн лергашна чу аз детташ. ХIинцца дукха хан йоццуш йоьIан бIаьрг шайх кхетийта гIерташ хилларш а, илленчан дешнех шаьш ца кхетта моттуьйтуш бара, и дешнаш шайх Iотталуш дац моттийта гIертара. Стенга яханера церан бIаьргашна чохь йогуш хилла ало, церан кура догIмаш?!

— Муьлха йоI яра Жабраила юьйцург? — цIоцкъамаш ирх дахийтира ИсмаьIала.

— Хаац,— кIеззиг воьхна белш таIийра ШепаIа, амма оцу минотехь хIилла дан волавелира иза: «Со Iовдал вац вала, амма сурт хIотто деза, хIуъа дан а со кийча ву моттийта деза аса». ИсмаьIале бIаьрг а таIийна, говр дIаэккхийтира цо.

— Ва-а, ИсмаьIал, со дIалацалахь! — оцу минотехь ша бердах чу эккхар волчуха куьг тесира цо. Оцу минотехь шен доттагIчунна улло кхечира ИсмаьIал, мохь а бетташ, говран урх етташ воллуш вара ШепаI, амма мухха делахь, говр ша йолчуьра меттах а ца йолура.

— Хьо хIун дан гIерташ ву? — аьлла, дуьхьала ваьлла ИсмаьIала некъ бихкира цуьнан. — Делах . кхера! Хьайн ненах дог лаза!..

Ша а шен доьналлех тешшал чIогIа кеп хIоттийра ШепаIа доллучун а. Шен аьтто ца баьлча новкъа хеташ санна, корта ластийра цо: хьовсал . шу, ца вити-кх со! ТIаккха йоIе дIахьаьжира иза, амма йоI Арсбига хьоьжуш яра.

Коьрта чу яьхкинчу ойланаша масех минотехь тилкхазаваьккхина вара жима стаг, Арсби. Оцу минотехь цунна дагадеара хIумма а синкъерамен доцу, хьоладена чухIоьттина къахьоьгуш волчу шен дахар, хий, сискаллий бен даа хIума доцуш йолу шен нана, даима а шена беш болу тIехбеттамаш, шех бийларш... иштта кхин йист ца гун шен гIийла дахар. «Мила волчу гIур ву, хьаьнга ялхор ю аса сайн къа-бала? Со-х къен стаг ву!».

— Iийт-т-т... маржа дуьне яI-кх!— аьлла, куьг тесира Арсбис, цуьнан дин ша дIаиккхира. КIоргачу бердан йисте хьовзийра беречо иза.

Адамаш шаьш доллучохь дIатийра. ЦаI хьалха дIагIоьртира, цунна тIаьхьа вуьйш дIататтабелира, амма юха а шаьш боллучохь тапп, аьлла дIатийра: хьалхара ши кор шуьйра баржа а бина, чукхозучу бердан йистах бергаш а тесна сецира Арсби тIехь Iаьн дин. ГIода юккъе кхаччалц бух боцчу бердах чукхозура иза. Арсбин бIаьргашна хьалхахула, стелахаьштиг санна, чехка чекхъиккхира цуьнан дерриг дахаран сурт, берриге а хьомечийн юьхьан сибаташ — ненан, доттагIийн; иштта тIехъиккхира шен елакъажарца цунна совгIат дина йолчу йоьIан сибат а, берриг даймохк шен бIаьргашна хьалха лаьтташ хетара цунна: и лекха лаьмнаш, шуьйра аренаш, хьаннаш, цанаш — цкъа сийна, тIаккха дашо басахь. Валарний, висарний юккъерчу хенан дуьхе кхиалур ваш!

Амма Iожалла тIе ца йогIура. Стигал хьалха санна сийна лепаш яра, буц мохо ловзош яра, тIехула хьийзаш олхазарш дара.

ЧIогIа вала ца лиира цунна. — Иза бакъду! — ларамаза дош делира Арсбин багах. Урх юха а оьзна, ша воьхна ву ца моттийта гIерташ, сих ца луш дине вистхилира иза: «Леча юхаяла!.. Кхин а, кхин а... кIеззиг...».

Чухьаьжча бух а ца гуш долчу Iинах дехьакхоссаяла йоллуш санна, тIаьхьарчу когашна тIе а хIоьттина, юха

а когаш хьалха дIа а гесна, ша йоллчохь егаелира Леча: цуьнан бергашна кIелхьара Iинах чухецабелира жагIа. Беречун лергашна чохь лаьтташ чухерцачу тIулгийн татанаш а, Iин чохь гола бетташ охьадоьдучу Органан гIовгIа а яра. Юха а бега а бина, мерIуьргашкахула хур дира Лечас. КIеззигчу ларамазалло ший а хIаллаждийр дара: дин а, бере а.

— Леча, Леча,— дог детталора Арсбин, амма цуьнан юьхь-сибат кхоьруш ву эр доцуш, тIулг санна, цхьана эшшарехь дара.

— Иза-х Iовдалалла ю! — элира Анзоре, Iе ца веллачу юнкеро Быстролетовс. Амма вукхо куьг ластийра, иза-м вайн гIуллакх дацара, бохучу кепара.

Чопаш тIе а яьлла болчу дино гаьллаш Iуьйшура, ламанан хIаваъ цIаро санна дохдеш, юьйсинчу мерIуьргашкахула Iе а етташ. Цуьнан массо а пха бусабелла бара. КIайн бIаьрг гучу а боккхуш, шен хьекъале бIаьрг раз а хьажийна, бердах чу кхозабелла болу ког ларлуш юхабаькхира дино.

ЧIогIа са ца доккхуш, дIатийна дара адамаш. БатIала куьг туьйсура. — Юхаяккха! Юхаяккха! — Ткъа йоI, юьхьа тIера бос а байна, дог делхарца бIаьргийн негIарш тIеттIа а дахийтина, ша йоллучохь галъяьлла лестира. Цуьнан нийсархоша мехкарша го бира цунна.

— Хьуна хилларг хIун ду? — хаьттира Берийтас. Хьажбекаран йоIа. — Со санна шек дIа а ца йолуш. хьежал хьо!

«Бакъду, Арсби дукхавеза цунна»,— дагадеара иза тергалъеш волчу Жабраилна, оццу хенахь мохь туьйхира цо. «Тхан Арсби! — аьлла.

Адамашна тIе юха а бирзина лаьтташ бара хIинца Арсбин дин.

— Вай дийна мел ду, латта вайн лаамехь ду! Вай ду цунна тIехь дай, амма иза дац вайна тIехь да! — юха а мохь туьйхира Жабраила. — Ткъа вай деллачул тIаьхьа, шена луъург дойла цо вайна тIехь!

Дуьненахь доллу хIума нийса а, шен меттахь лаьтташ а дуйла хьоьжуш санна, стигала хьала а, лаьмнашка а бIаьрг тухуш, чекх а ваьлла, шен доттагIашна велакъежира иза.

Шен морса мекх хьовзийра ТIатIаша: вай тоьлуш лаьтта! — бохург дара иза. Беной баккхийбеш бара.

Сакъералуш бара кхечу тайпанех болу кегийрхой а. Амма цхьана Исмаьлала шен юьхьан сибат мустдира. «Лай!» — аьлла, балдаш саттийра цо, кIелдIахула Арсбина дIа а хьаьжна. Муха лан еза и тIееана юьхьIаьржо? Говраш хаьхкича, хьоладен кIант — Исмаьлал вац хьалхаваьлларг, тахана тоьлларг а иза вац, ткъа Арсби ву, и къен кус-куз, и... «Тьфу! — оьгIаз вахана туй кхоьссира цо. — НаьIалт хуьлда суна, нагахь аса иза шен дедай бахханчу ца вахийтахь!».

Шен къералуш долу са саца а ца деш, говран кхеса на тIе а тевжина, охьа а кхийдаш, лаьттара тIулгаш а лехьош, берда йистехула говр дIахаьхкира Джос. Цхьа минот ялале мехкаршна уллохь вара иза, цаьрга бIаьрг а тоьхна, оцу минотехь веана юха а Арсбина улло дIахIоьттира.

Баккхийбеш вовшашка хьаьвсира накъостий. Дукха баккхийбеш болчу церан беснеш йогуш яра. Ша хьоьстуш долчу адамашна жоп луш санна, корта теIо йолаелира Леча. Сихвелла цунна тIевахара ТIатIаш а, БатIал а, берриг доттагIий а, къаьсттина турпалхочун тайпанхой — беной а, цаьрца гергарло долуш болу гендаргной а.

Тайпанийн башхаллаш лоьруш воцчу, амма майралли гIуллакхашна тIехь къовсалуш волчу Мурада, ша волчуьра иккхина, ведда юккъе а вахана, Арсбиний, Джоний хьалхха дIа а хIоьттина дош элира:

— Мосуьйттазза а баркалла хуьлда! Береш хIинца а болуш бу вай-м. ХIорш бу къонахий а, майра кIентий а. Аша тхан са а къерадалийти, дог а тоди.

Дег тIе куьг а диллина кхин цкъа а элира цо:

— Массеран а цIарах баркалла хуьлда шуна...

— Массеран а цIарах! Массеран а цIарах баркалла! — бохуш, маьхьарий деттара наха. Деттачу маьхьарийн аьзнаш вовшех а элой, геннахь дIадовра, тIаккха юха а лергашна уллохь хезара: «Тхуна массарна а хазахета... Цкъа а дицлур дац тхуна!.. Дукха дехалда шу!..».

Иза ду массарна а дукхавезаш хилар! Иза ду ирс долуш хилар! Иза хаалуш дара Арсбин хьежарехь а, цуьнан юьхьа тIехь а, иза велакъежча, цуьнан гиччошна уллохь лепаш долчу хершнашкахь а.

«Кхузахь юй техьа иза? — дIабузуш лаьттачу маьлхан йоьзачу зIаьнаршна дуьхьал шен бIаьргашна тIе куй

теттира Арсбис. — Мичахь ю хьо, Диди, сан седа, сан зезаг?».

Диди, аьлла Арсбис цIе тиллина йоI кхечу метте а яьлла охьахиъна яра. ШепаI кIордийнера цунна. Шена иза дукхаезар хоуьйтуш цIоцкъамашца а, пIелгашца а, бIаьргашца а бIаьцаш йора цо цуьнга: — Хезий хьуна? Хьо дукхаеза суна! КIеззиг схьахьажахьа! Соьга мелламаша йистхилахьа. Мара а воллий генна, дукха гена дIавигахьа со! — ала гIертара иза йоIе.

Кхоьруш, юхахьаьжира Диди. Нагахь хьоладен кIант ШепаI, цо тергал ца войла адамашна хаахь, цара бехк билла тарлора! ДIа а яьлла, дIаяха а йиш яцара. «Хала а хетта» дIаяхча, дедайшкахь дуьйна схьадогIуш долу Iедал дохийнарг хир яра. Береш кхузахь мел бу, кхузахь Iен езара. Ткъа береш кхузара дIабаха дагахь а бацара, церан кхузахь сакъералора.

Кхузахь хаза мехкарий бара, дайшкара а, дедайшкара а, ворхIа а дайшкара дуьйна схьа а шайн дагахь дерг цара дийцина ма хиллара бIаьргийн эшаршца, цIоцкъамаш сетторца, бIаьргаш тIорца, оцу буткъачу маттахь шайн дагахь дерг цаьрга дIа а дуьйцуш, сакъера меттиг бара; церан сакъералора къоналлин, безаман оцу маттахь шайга дIааьллачух кхета а кхетий, эхь хеташ болчу мехкарийн яххьаш тIера беснаш цIий а делла, шайна луларчу мехкаршна тIехьа уьш дIалечкъина шайна гича.

Синкъераме дац ткъа, ша схьаваьллачу цIийнах а, шен хьолах а, шен зоьрталчу белшех а, бухаройн холхазан куйнах а, дешеца кхелинчу доьхкарх а куралла а еш, хазчу мехкаршна уллохь латтар? Хазчу мехкаршна гергахь цхьана беречунна, къаьсттина шеца йохье вуьйлуш волчунна тIехь бегаш бан а, и бегаш девне бовллалц, иза хьийза ван таро яра. Амма уьш девне бевлча, тIаккха мостагIий вовшашна чуччу хьолхур бу, цара детта дерш буйнаш хир дац, кхузахь буйнаш а детташ девнаш кхоьлличхьана цкъа хилла а дац, цхьаволчо ка тухий дитт орамашца бух а доккхуш я ялтех дуьззина долу галий атта цхьана пхьарса кIел а лоций, ткъа вукху пхьаьрса кIел — важа галий а лоций, тIедевлла пхенаш, буькъа баьлла чо а болуш долчу пхьаьрсашна кIелахь уьш къийла а къуьйлуш генна, юьртал арарчу хьера а хьош, оццул чIогIа ницкъ болуш нах уьш боллушехь а.

Ондий бу, амма цара дов буйнаш бетташ дийр дац.

Дов иштта ца до. Буйнашца деш долу дов «оьзда доцу» дов дар ду.

Шаьлтий, туррий — дов цаьрца къастадо! Цхьаммо тур а доккхий, вукхо инзаре йоккха шаьлта а йоккхий, шиъ вовшашна чуччу хьоду. Адамаш дІа-схьа къасто кхиале цаІ лаьттахь цІийн Іоврашлахь, чІеро санна са а доьІуш, Іуьллуш хуьлу, ткъа говрара шершшина охьавогІуш волчу вукхуьнан белш а, куьг а дІахадда доллуш, кхозуш хуьлу.

Дов хиллачохь ший а велла дІавалар тоьлашхо а ду, юкъа мостагІалла доьр дац, цхьанна дуьхьал важа а лоруш, чекхдолу иштта хилла дов. Амма нагахь санна царех цаІ лахь, ткъа важа чуьра са дІадала доллуш а дийна висахь, тІаккха буьрса тІом хир бу. МостагІчунна цаІ декха чухьодур ву, кхечара цуьнгахьа гІо доккхур ду; вукхара, вукхуьнгахьа гІо доккхур ду. Зударий боьхна хьийзар бу: — Ва-а, орца дала! — бохуш, орца доккхуш маьхьарий детташ хьийзар бу уьш. Доккхуш долу орца хезча берриге а божарий ара а лилхина, берашкара дуьйна, къанбеллачеран бицта кхаччалц дІахьолхур бу. ЦІоькъалоьмаш санна девнна дІахьолхур бу уьш, вовшийн нах а бойуш тайпа тайпанах летар ду. Наной а, мехкарий а маьхьарий детташ боьлхуш хир бу, ткъа церан дай, кІентий а, хІусамдай, вежарий а, вежарийн, йижарийн кІентий а, кІентан кІентий а цІий Іенош а, дуьйлуш герзаш долуш а долчу девнехь, леташ белла дІабевр бу...

## 4

Юьртахь цІе яханарш — Хьажбекар а, цуьнан кІант Анзор а, хьаша Быстролетов а, сийлахь лору кхиболу юьртахой дІабаханчул тІаьхьа а, оцу тайпана сакъерар дІадоло чІогІа лууш вара ИсмаьІал. Баккхийнаш ца хилча атта ду. ШепаІ а, дас кхайкхина дІаваханера.

Шен говрана шад а тоьхна, хаьххина мехкаршна тІе а вахана, Берийтица къамел долийра ИсмаьІала.

Паччахьо совгІат а делла волчу хьоладен-юьртаден йоІ ша хиларе терра, ловзаргахь мехкарийн тхьамда а Берийта яра. Цуьнан вуьрхІийтта шо кхаьчначу хенахь, цуьнан дас, Хьажбекара, цуьнга аьлла дара: «Дуккха а деший, детий лун долчу, уггар хьал долуш волчу кІанте

йохуьйтур ю аса хьо. Дуккха а говраш, хьелий, гомашаш, инзаре дукха уьстагIий лун долчу кIанте. «Хаза а волчуьнга», — аьлла, шен дагахь тIетуьйхира йоIа.

Оцу тайпана кIант карош вацара. Дена а, йоIана а товш волу нуц карош вацара. Иштта дIадахара кхо шо. Цул тIаьха а иштаниг кароре сатуьйсуш, масех шо делира. Захало дуьйцура. Цхьаболчийн амбараш а, доьрчий а ялтех дуьзна, лелхха дохкуш дара. Даьхний-хьелий а, уьстагIий а эзарнаш дара, говраш-бежнаш дара. Мекара кIентий бара уьш, тIе а леташ, схьакхуьйлуш даьхний гулдора цара. Амма иза хIумма а новкъарло еш дацара йоьIан дена, мелхо а, оцу тайпанчу адамашка шаьш дийна мел ду, хIуъа а далуш хуьлу. Ткъа хIун дара дан дезарг? Цкъа делахь, хан дIайоьдуш лаьттара, шозлагIа делахь, оцу кIенташа боккха там лора, амма йоI цаьрга яха реза ца хуьлура. Церан хьал цIенчу некъаца гулдина ца хиларна а дацара иза, ткъа иза дара церан тайпанан цIа башха гIарадаьлла цахилар. «Эхь дац ткъа суна, оцу тайпанчу сайн ден йоIана, мила ву а ца хууш волчуьнга маре яхча», — олура йоIа. «Бакъдоь хьо» — олий, овкъаран басахь долу шен мекхаш а хьовзадой, реза хьулура да.

ЦIенчу цIийнах волчуьнан даима а корта лакха айбина хуьлу, белшаш а хуьлу ловзош, нагахь санна... эзар говр-м хьеха йойла а дацара, цунах дала ларволда, нагахь санна цхьа а уьстагI а боцуш иза хилча тIаккха... Амма хьалдолуш а болуш цIенчу цIийнах боцурш а, цIенчу цIийнах а болуш, хьал долуш боцурш а — йоIана гергахь хIумма а боцурш бара. Ткъа цунна безаш болчу тайпанара и ший а агIо йолуш берш, хIуьттаренна долуш санна, болуш бацара.

— Де дика хуьлда хьан, Берийта! — элира ИсмаьIала. Кура йоI ша йоллучохь тохаелира. Чекх са а гуш йолу къегина шифон тIехула а тиллина йолчу шен Iаьржачу месашна тIе куьйгаш дехьира цо: цкъа аьрро агIорхьа куьг Iуттура, тIаккха аьтто агIорхьа куьг хьокхура, юха а месаш охьа а озайой, сихха гиччушна уллохула уьш шаръеш пIелгаш хьокхура. Оцу дерригенан а маьIна, беречуьнга безам бахана иза хилар дара. Балдаш делакъежира, делакъежира бIаьргаш а, цара бохуш дерг дика хууш дара: «Хьо веза-кх суна», — бохург дара иза, амма балдаша: «Де дика хуьлда! — бен, кхин хIумма а ца элира.

Цуьнан цIе ца яьккхира йоIа: мехкарша шен ваша воцчуьнан цIе цкъа а йоккхуш ца хуьлу. Цул совнаха, цIе а йоккхий зуда а йист ца хуьлу шен майрачуьнга. «ХIей! — олу цо, — цIа доьлху хан ца хилла вайна? — Нагахь санна цо дуьхьал жоп ца лахь, зудчо юха а олу: «Хезий хьуна, аса бохург?».

Майрачо а ца йоккху шен зудчуьнан цIе. Нагахь санна ИсмаьIалан зуда йолуш хилча, иза а зудчуьнга вистхир вара: «ХIей йогIург, сацал! Стенга йоьду хьо? Аса бохург хезий хьуна, шайтIа, сацал!» — аьлла.

ШепаI а санна, ша ядо гIерташ волчу Дидийга а, иштта вистхир вара иза. Бакъду, цо шен дагахь дерг цхьаьнгга а ца дийцина, цхьаьнгга а гIо а ца дехнера цо.

Дукха хенахь дуьйна йига гIерташ иза велахь а, амма ИсмаьIална генахь дара Дидин мар хила: цхьа бIе гIулч хиллал церан цIеношна герга дIа а хIуттий, дийнахь сарралц цуьнга бIаьрг тоха гIерташ лаьтташ хуьлура иза. Иштта кIира а, бутт боккхура цо.

Дукха хан йоццуш Диди йолчу, шега ягIахьара аьлла шен йиший, шичий яхийтинера цо. Цунах а гIуллакх ца хилира. Оцу хенахь совгIатана хIуманаш тоьгуш яра Диди — чоий, гIовталлий, цо шен дагахь еш чIагIо яра: «Цхьа а ца оьшу суна, цхьа а... нагахь санна со маре йодахь, со гIонъерг хIара совгIат а даьккхина, шен шуьйрачу белшна тIе гIовталлий, чоий дуьйхина, ткъа шен турпалчу коьрта хIара башлакх туьлла ерг хир ву».

— Охьахаий Iе, охьахаий Iе! — бохуш, куьг туьйсура ИсмаьIала, ша вистхилча, кIеззиг хьалаайа еллачу Берийтега. Хьайн делан дуьхьа, охьахаий Iелахь! Баркалла!

ИсмаьIал шен терго еш хиларо, шена там беш хилар лечкъа ца дора йоIа. Къийлалуш охьа а хиъна, дашочу зIенна тIехь кхозуш вуно жима шаьлта а йолуш долчу, дешица кхелинчу шен доьхкарна тIе а кхочуш йолу коьртара шифон тойира цо. Деза мухIарш а дохкуш долу шен дуткъий пIелгаш карахь чIоггIа Iийда а Iуьйдуш, сетта а деш, тIехула хьаьла йогIуш дела котам а йолуш долчу, шена хьалххахь хьаладаьлла лаьттачу бецан чемхалга бIаьра хьоьжуш яра иза. «Иза цIа ца ядахь — со ирс долуш хир ю», — дагалецира цо.

Делакотам лакха буьххье кхаччалц хьала а яхана, тIаккха юха охьайоьдуш юккъе кхаьчча, дIалечкъира.

ТIаккха юха а лакха буьххье хьала а яьлла, саца а сецна, шен тIемаш даржийна, дIа а едла, къайлаелира. Цунах дог эшна Берийта ша йолччохь дIатийра, ур-атталла ИсмаьIала шега бохург а ца хезира цунна. Корта охьа а бахийтина шена хьалхарчу лаьтта цхьа аьрта бIаьра хьоьжуш а Iийна, иштта башха а доцуш, бIаьргаш хьалаайира цо.

ТIаккха юха а шена хьалхахь лаьттачу ИсмаьIалах шен бIаьрг кхетча, ца яьлла елакъежира Берийта, амма дукха гIийла а, халла бен хаалур доцчу а дехарца: «Къахетахьа сох!» — бохучу кепара.

— ХIара санна долу хIума суна гина а дац, Берийта! — мекх схьалецира ИсмаьIала. «Со ю-кх цо юьйцург», — дагадеара, кийрара дог деттадала доладалар хааделлачу йоIана. Бакъду, масех шо хьалха санна детталуш дацара цуьнан дог тахана, хIетахь шега леррина бIаьрг ма тоьхханехь, дегIах цIе а летий, йодий шен доттагI йолчу а йоьдий, накха хьалха а тоттий, цо олура: «ЛадогIахьа, сан детталучу даге», — ткъа важа, меллаша Берийтин даг тIе куьг а дуьллий, цецйолура: «Ой-ой, ма чIогIа деттало иза! Тук-тук-тук!..» — бохуш.

«ХIун де аса? Сайн дог ханйта аса цунна? Иза бакъхьа хир дац! ХIан-хIа, ша кхетар иза, шена хуур». Бакъду, хьалхалера куралла, дуьххьарлерчу къоналлин хазалла а санна, шашах дIайолуш лаьттара, делахь а, шега аьллачу дешнех ша ца кхета моттийтира Берийтас. Береша хаза а, тIахъаьлла а говраш хьийзош хиларна тIедерзийра цо къамел:

— Иза бакъду, — элира цо, — къаьсттина шина беречо.

— Шина беречо бохург хIун ду? — ИсмаьIалан цIоцкъамаш ваьштадахара.

— Цаьрга безам бахана.

— Хенан?

— Массеран а, къаьсттина...

— Хьайн безам бахана боху ахьа? — я новкъа хетарца, я дуьххьалдIа ца вашарца хаьттира ИсмаьIала.

Цхьа лаккхарчу деган ойланца дуьхьал дош ала гIоьртира Берийта, амма цуьнан меттина, олхазаро санна корта агIор а таIийна, цхьана бIаьрга хьаьжна иза ИсмаьIална тIе а тесна, жоп делира цо:

— Сан-м ца бахана, хIокхуьнан бахана-кх, — гена йоццуш Iеш йолчу Дидина тIе пIелг хьажийра цо.

Исмаьlал сенвелира, ткъа Дидис кхохка а елла. Берийтс дlа а ца хьожуш, шен деха бlаьрган негlарш охьа а охкийна, декачу озаца меллаша элира:

— Иштта хlунда боху ахьа? Ма алахьа иштта...

— Аьлча хlун ду иза, бакъ дац иза ткъа? — Берийта тlейирзира цунна. — Хьо-х ши бlаьрг а хьаббина, дог иккхина охьакхеттаза йисира!

Хала а хетта, цlе яххана йолчу лулахочуьнга дlахьаьжира Диди: «Ма дезаш ю хьо Iиттарш яр! Эхь ца хетий! Сел воиг эр дац — ша вон а, воиг деш а йолчой бен!». И ойла дагахь а йолуш сихдинна бlаьргийн негlарш а детташ дlайирзира Диди.

Мехкарий меллаша вовшашка бистхуьлуш гира Арсбина, амма цара бохург ца хезира цунна. Корта охьа а оллийна, Диди ойланаш ян йолаялар гира цунна. «Хlун хилла хьуна сан седа?» — шен дагахь хаьттира цо цуьнга. Кlадъелла хьо? Я цхьа халахетар хилла хьуна? Корта хьала а айбий, бода болале хьайн ши бlаьрг гайтахьа суна».

Ларамаза малхбузехьа дlахьаьжира Арсби. «Кестта малх ломана тlехьахьа къайлабер бу, тlаккха сан ирс а чекхдер ду!» — ойланаш йора цо.

Оццу хенахь иза волчу агlорхьа дlахьаьжира Диди. Ма чlогlа там хиллера цуьнан дагна! Амма ирс атта кхералуш ду, цунна ца деза адамаш шега хьежар а, хийрачийн шийла къамелаш а. Гонах болчех цхьа а дlа ма хьажа цуьнга!

Кlоргге ойланашка а яхана, йицъелира Диди. Цуьнан бlаьргашна хьалхахь, ерриг а зезагех юьзна йолчу, йоккхачу маьлхан аренан сурт хlоьттира. Моз санна мерза йолу зезагийн хьожа ерриг чу а ийзош, едда бlаьстенан шуьйрачу аренашкахула дlа а яхана, тlаккха хаддаза цхьана эшшарехь декхаш долчу шовданан хи йистте бацала охьа а хиъна Iен лаьара цунна...

«Хlа, хlинца чекхдолуш лаьтта сан ирс, — доккха садаькхира Арсбис, — малх дlабузуш лаьтта, бухайисина зама миноташ бен яц!» Дидига дlа а хьаьжна, ша волччохь дlатийра иза: дlабузуш лаьттачу маьлхан тlаьххьара зlаьнарш яра кхузза а яьхкина лаьттахь ловзуш. И зlаьнарш доккхачу ножан диттах хьарчира, тlаккха цуьнан шуьйрачу генашна пе а тоьхна, генна кхуза схьа а яьхкина, Дидих хьаьрчира: цкъа хьалха цуьнан белш

къагийра, йоІа шайна дуьхьал хуьг тасарна кхераелча санна, тІаккха сихха юьхьа тІе хьала а евлла цуьнан хазачу балдашна дешний диллира зІаьнарша.

Цунна тІера бІаьрг дІа ца баккхалора Арсбига. Улохула тІехволуш, бІаьста бошмашкара хаалуш йолу хаза хьожа етталора цунна, — оццул чІогІа гІадвохуьйтуш хуьлу цу хенахь дерриг латта а. «Іожо зазадаькхина», — бохург дара цуьнан дагахь.

«Диди, — аьлла, балдаш дегаделира цуьнан, — дашо Диди! Со къен ву, делахь а... хьуна лууш дерг, дерриге а аса дийр ду-кх... дерриге а».

Джос цІоцкъамаш хьаладахийтира: «Цунна хІун хилла? Сан доттагІчо балдаш хІунда детта?»

Арсби доллу хІума дицделча санна вара: «Хьуна лаахь, Диди, даима а диллина ло долчу, лекхачу лаьмнийн баххьашка хьала а ваьлла, цигахь а вайшинна баа кхача карор бу суна! Теркал дехьаяла хьуна лаахь— атта цига а кхочур ду вайша: вайшиннан гила-кема — Леча хир ду, ткъа пийсакаш — шад хир ю!» — Арсбис куьг тесира. Джос юха а хьаладахийтира шен даккхий цІоцкъамаш: «Ой-й-й... хьуна хилларг хІун ду?»— аьлла.

Доллу хІума а, шена гонах лаьтташ мел верг а вицвеллера Арсбина. ЦІеххьана кхета а кхетта, бехкала вахана ши бІаьрг охьабахийтира цо: «Схьахетарехь, хьерваьлла-кх со. Сан хІун бакъо ю цуьнга сатийса?» Диди цуьнга дІахьаьжира. Цо а ши бІаьрг хьалахьажийра. Шен даг чохь бІаьста яьлла хетаделира цунна. Вуно кІезигчу ханна вовшашна тІенисделира цу шиннан бІаьргаш, иза цхьанна а ган а ца гира, къамел деш волчу ИсмаьІална а тІехь.

— Делан дуьхьа дийца, Берийта, хьаьнга бахана цуьнан безам? — аьлла, Дидигахьа корта таІийра цо. Цуьнан маьІнех Берийта ца кхийтира, цо дина хаттар шега ду моттаделла Берийта, цІийелира. «Дешнашца лур дац аса цунна жоп, — ойла йора цо, — дешнех ца теша а тарло». Меллаша корта хьала а айина, ИсмаьІале дІахьаьжира иза, оцу хьежарехь муьлххачо а доьшур дара диъ дош: «Хьоьга безам бахна сан», — бохуш, долу.

ИсмаьІала шад ластийра, хІумма а сакъераделла а ца ластош, шен куралла. Говр хьалха таьІира, амма беречо сацийра иза.

— Берийта, хьан вежарий сан доттагIий бу... охI, ма дика кIентий а бу-кх уьш! Хьан сий деш ву со. Ахьа а сайн дехарна дуьхьало йийр ю моьттуш вац со: къамел дехьа цуьнга. — БIаьргашца Диди гайтира цунна ИсмаьIала.

Оцу дехаро оьгIазъяхийтинчу Берийтин хьаьжа тIе кхо харш хIоьттира.

— Суна иза чIогIа дукхаезаелла алахьа цуьнга! Соьга яр тодехьа цунна!

ЧIогIа оьгIазъяханчу Берийтас шен юьхьа дуьхьал шифон а лаьцна, Дидина дов дора:

— И хIун ду ахьа дийриг? Эхь ца хета хьуна? Зуьде санна ма хьоьжу хьоьга!..

Жимчу беран санна болу шен ши бIаьрг цунна тIебуьйгIира Дидис. Цунна дагахь хIумма а дацара, цуьнан ойла дукха генахь яра! Берийтас аьллачу цIарматчу дешнаша, шена гуш долчу гIенах самаяькхира иза Сихха бIаьргийн негIарш а тоьхна, кIеззиг балдаш меттахъхьадира цо.

— ХIей! — аьлла, цара дийцинчух цхьадолу дешнаш хезначу ШепаIа, ИсмаьIална улло тIетаIийра шен говр.—ХIей! ХIинцца хии суна хьо сайн доттагI воцийла! Ахьа дийриг хIун ду... сайчуьнга бегаш беш ву хьо?

Ша бийраш бегаш бу а моттуьйтуш, вела а къежаш, боккъалла а дара цо дуьйцург.

— И бохург хIун ду, вай ший а цхьа дог долуш-х ваций? — иштта вела а къежаш жоп делира ИсмаьIала. — «Суна иза еза», — боху хьоьга хьан даго. «Суна иза еза»,— боху соьга сан даго. Кхетий хьо? Сайчо иза боху! Хьо ШепаI ву, со ИсмаьIал ву. Вайшинна хIоранан а шен-шен дог ду. Иштта дац ткъа иза? — Шеца йоI къуьйсуш волчуьнан юьхьа тIе ши бIаьрг буьйгIира ИсмаьIала. Важа а тIебоьгIначуьра ши бIаьрг дIа ца боккхуш, хIинцца дукха хан йоццуш а шен доттагI хиллачуьнга хьоьжуш вара, цо бийраш бегаш бу, я боккъалла а дуьйцу къаста ца лора цуьнга.

— Схьавола, кхаж тосур бу вайшиммо!

— ХIунда? Цул хаьттича ца тоьлу, вайшиннех цо ша къастош верг муьлхарниг ву?

— Ва-а Берийта! — дIавирзира ИсмаьIал. — Хаттал цуьнга, цуьнан дагна гергара муьлхарниг ву — со я ШепаI?

Берийтас оьгIазаллица бIаьргаш а тоьхна, балдаш

ваьшта а таIийна, корта охьа а бахийтина, меллаша дов дора: «ЖIаьла ду хьо! Хьан да а ду жIаьла! НаьIалт хуьлда шуна!» Шена хьалхарчу, тоххара делакотам тIехула лелаш хиллачу бецан чамхалгах бIаьрг а кхетта, пошмакхаца иза охьа а таIийна, айрица, лаьттахь иза хьаьшна дIаяьккхира цо: хIара стенна хьалаяьлла кхузахь?

ЮьхьIаьржча хIоьттинчу йоIана хууш дацара, оцу минотехь дуьйна шен юьхьа тIе дуьххьарлера харш даьлла хилар: тай санна дуткъачу цо тIехулара балда доькъура. Балдаш шаьш а дара дуткъделла хеталуш.

— Берийтас жоп лур дац хьуна, — аьлла, дуьхьало йира ШепаIа, шен йишина дагахь дерг хIун ду ца хууш, амма иза шегахьа хилар ган а гуш.

— Иза хIун ду хаьий хьуна? — ца вешаш хаьттира ИсмаьIала. — Иза дер ду — я хьо а, со а ца веза бохург.

— Хьуна иза моьтту?

— Аса къорIанах дуй боу-кх, хIокху сохьтехь аса кхин цхьацца хIума а хоттур ду цуьнга.— Юха а йоIехьа дIавирзира иза.

— Ва-а, Берийта! Схьахетарехь, кхечо корта хьовзийна хир бу цуьнан? Иза тергал а ма ве ала цуьнга! Иза цунна хьакъ яц!..

— ИсмаьIал, ахьа соьга мохь туьйхирий? — тIевеара Мурад.

Туьйхира, туьйхира! — аьлла, важа велавелира. — Муьлаш бара ахьа цигахь хестош берш? Беной-м бацара уьш?

Говрашкарчу берех цхьаберш Джогий, Арсбигий а хьаьвсина белакъежира, нахана царех жухаргех санна синкъерам бер бу бохург моттаделла.

Дов дала герга даханийла а хиина, доттагIчунна тIевахара Жабраил.

— ХIей, Джо! Кхузахь хIуъа дийцахь а, хьо вист ма хилалахь.

— ХIунда боху ахьа, вай а дац ткъа боьрша нах?— шаьлтанан дитт санна долчу ирачу хьажарца, цуьнга дIахьаьжира Джо.

Жабраил вист а ца хилира. Цунна хаьара: Джо яьлла цIе санна чехка вуйла. ХIокху сохьтехь иза сихлур ву, тIаккха меттавогIур ву. Амма Арсби гарехь дукха буьрса вара. ХIинццалц схьа цхьанна а оцу кепара гина вацара иза цкъа а.

Шега бохучуьнга ла доьгIна, ойла а йина, цаI Iаьржа а, важа къежделла а долчу шен мекхех куьг а хьаькхна, ИсмаьIална жоп делира Мурада:

— Дика кIентий бу беноЙ! Дукхабеза суна уьш! Масала, аьр вай, хьанна везар вац и шиъ, аьлла, Джоний, Арсбиний тIе пIелг хьажийра цо. — ХIокху сохьтехь массарна а дукхавезаш ву и шиъ: гуноЙн тайпанна а, Iаларойн тайпанна а, чIебарлошна а!

— Хьо хьерваьлла, Мурад! — ца башарца дуьхьало йира хьолахоша. Муьлаш бу ахьа хестош берш! Царех цхьа а вац мегарг керт-ков долуш а, я хьелий, я стерчий, я урд долуш а! Уьш саннарш шена тIехула лелар лаьтто а муха лов хьовха!

Арсбис ша воллучохь ши бIаьрг хьаббира. Дог детталора. Шена а ца хаалуш керахь шад къуьйлура цо, сиха а, ладоьгIуш а болчу шен динан пIендарш тIетеIочу голашца Iуьйдура цо. ГIаш болчу беноша а, гендаргноша а, церан доттагIаша хIораммо а шен-шен гIовгIанаш йора; бист дIа а ца хуьлуш, меллиша шайн берашна тIе а баьхкина, пен бина царна тIеххьа дIахIиттира уьш.

— ЭхI! ЭхI! Хьашт доцург ду ахьа дуьйцург! — дуьхьало йира Мурада ИсмаьIална.

— Бакъбоху, хьашт доцург дан а ду! — маьхьарий деттара беноша адамашна юккъера схьа.

— Дан а ду хьашт доцург! — чIагIдира Мурада.— Хьанна ца хаьа, масала, Арсби къен вуйла? Массарна а хаьа. Амма иза тоьлуш ву керт-ков а, стерчий а долчарел!

Ша волччохь дегI диэга а дина, доккха садаькхкхира Арсбис. ОьгIазалло а, халахетаро а ца детта долуьйтура цуьнан дог, иза деттадолуьйтура цуьнгахьа гIо даькхкхинчу стага дуьйцуш хезаш долчу бакъдолчо. И масех дош тоьуш дара цунна, мичча хенахь даькхкхина а шен доттагIчуьнгахьа оццул кхузза, ткъозза сов гIо даккха.

— Кхин хIун олу ахьа? — цавешаш велавелира ИсмаьIал.

— Хьолах, керт-кех, стерчех лаьцна ду ахьа дуьйцург. Ткъа иза а, я важа а доцуш волу стаг, лара а ца лору ахьа. Ахьа дийцарехь иза а вон стаг ву-кх? — аьлла, юьстах лаьтташ волчу Жанхотана тIе пIелг хьажийра цо.Воккха стаг, вист а ца хуьлуш, хIинца хьалхахь кхо-

зуш а йоцуш, ткъа доьххарх кхозуш йолчу шен мидалх кест-кеста куьг а Iуьттуш, лаьтташ вара.

— Иза — ша гIуллакх ду. Иза гунойн тайпанах ву, бено вац.

— Со ван а ву, гуно! — вистхилира Жанхот, аьрзочух тера болу шен мара, курра хьала а бахийтина. — Суна чохь дерг нохчочун, гIалгIазакхичун ийна цIий ду. Оьрзагlалахь берш берриге а гуной бу! Царех муьлххачуьнан бакъо ю: «Сан пхенашна чухула лелаш дерг нохчочуьнан цIий ду!» — ала, амма аса дуьйцург-м кхин ду. ХIун башха ву гуно а, бено а?.. Суна хаьа: Арсбина а, Джона а массо а тайпа цхьабосса дуйла, царна башха а вац: чIаьнто а, эрсно, эрстхо я чIебарло а...

— Муьлххачуьнца а хила мегар ду доттагIалла! — са ца тохаделира Жабраиле...—Ойланаш цхьабосса хилчхьана. Хьовсал шу, беноЙх волу Арсбий, Джой — гуноЙх болчу вежарийн Шахьболатан, Жамболатан доттагIий бу.

Жабраила шен меттахь аьллачу дашах сакъералучу Мурада корта теIабора.

— ХIай-хIай! Аса а изза боху-кх!.. Дийцал, Жабраил, дийцал ахьа!

— Хьал долуш берш муьлаш бу? — Жабраилан ши бIаьрг серлабелира. Царех лаьцна Кунта-Хьаьжас хIун аьлла? Цо аьлла: хьал долуш верг хьаналчу дахарца вехаш вац, хIунда аьлча, цуьнан хьал кхечийн хьацарца, къехойн хьацарца гулдина ду. Иштта аьллий цо? Аьлла!.. — Ша бохург цо чIагIдаре сатесна, хIетта тIевеанчу моллига дIахьаьжира Жабраил. Амма цо иза чIагI-м муххале а ца дира, ткъа мелхо а, оьгIазаллица цуьнга дIахьаьжира молла: вист ма хила, суна тIе а ма тийжа, Iавдал. Хьо сан гIортор а яц, я со хьан гIоьнча а ваш, бохург дара иза.

Хьолахой ИсмаьIална тIе богIабеллера: «ХIа-хIа, дала ма деззара жоп лол цунна вайна массарна а гIера!» Церан хьежарх кхета а кхетта, оццу хьежарца жоп делира ИсмаьIала: «Шек дIа а ма довла шу, ала дезарг-м аса эр ду шуна», — кураллица шен белш дIа а, схьа а хьовзийра цо.

— Сой, сан оьздангаллий массарна а евзаш ю! Ткъа хIара мила ву? — Арсбигахьа корта тесира цо. ХIинца берриге а къехой Жабраиле хьуьйсуш бара: «ХIан, хIинца ахьа лол жоп!»

Туй а кхоьссина, кIеззиг куьг хьалха тесира Жабраила:

— Дика оьздангалла ю — зуда ен Iинах кхоссар!

— Сан керах аддам а ца делла!

— Аддам а ца делла? Хезий хьуна, Мурад? — цецваьлла, элира Жабраила.

— Ткъа мила яра Iинах яханарг? — аьрцнашкахьа куьг хьажийра Мурада. — Хьо вацара цунна бехке верг?

— Ма доккха хIума а ду, зуда! — дуьйцуш дерг хIумма а йоцчу хIуманах долуш санна, куьг ластийра ИсмаьIала.

ХIор минотехь чукхоссавала кийча волчу Арсбис, хала сатуьйхира.

— Оццул оьздачу хьуна, эхь хIунда ца хета? — мохь туьйхира Жабраила. — Аса кхин цкъа а боху — эхь ца хета хьуна къечу мисканца къийса?

— ХIей, хезаш вуй хьо? Ларлу-уш дийцалахь! Хьо хьаьнга лоь хууш хилалахь! — бIаьргаш тIебуьйгIира ИсмаьIала, амма сихвеллачу Жабраилна цо бохург ца хезира, цо кхидIа а дуьйцура:

— Эхь дацара йоIана а, нагахь санна, оцу тайпанчу оьздачу стаге цуьнан безам бахча? — аьлла, ИсмаьIалехьа корта а таIийна, хаттар дечу кепара массаьрга а дIасахьаьжира Жабраил. Мехкарша шайн бIаьргаш аьрта хьовсийра, ткъа беной бийлабелира. Бийлабелира кхиберш а. Цергаш гажа а йина, корта дIаса а техкош, гIадвахана воьлуш вара БатIал а.

ТIаьхь-тIаьхьа чIогIа оьгIаз а оьхуш, кхоьлинера ИсмаьIалехьа берш. Ша волччохь вула а велла, бIаьргаш деттара ИсмаьIала.

— Цуьнан ден да а нахана воьхкина хилла, — аьлла, эххар тIаьхьа а Арсбина тIе пIелг хьажийра цо. Нахана чухIоьттина волчу лех, ялхойх схьаваьлла хилла иза. Церан ерриг тIаьхье а леш бу!..

— НаьIалт хуьлда сан дена, нагахь иза бакъ делахь! — нахана юккъера схьаиккхира шуьйра белш йолу ТIатIаш. — Сан ден да, ткъа цуьнан хIинца бIей ткъей вуьрхIийтта шо а кхаьчна, Арсбин ден-ден деца доттагIалла долуш хилла. Гоьлуш болу иччархой хилла уьш! Гуьржехахь Вахуштин эскарехь гIажаршна дуьхьал тIом беш хилла... Ца теша хьо? — ИсмаьIална тIера ши бIаьрг дIа ца боккхура цо. Ваха а гIой, сан ден дега хаттал! Иза цIахь ву хьуна, кетIарчу хена тIехь мангал

тусуш Iаш. Нагахь санна...

— ГIур ма ву! — ца вешаш куьг ластийра ИсмаьIала. — Шун беночунна тIера барзакъ а дац хIуманна мегар долуш!..

Шена дуьхьал берш бист а ца хуьлуш IадъIийча, ИсмаьIал майраваьллера:

— Цуьнан говр а ю аттах тера!

Дуьхьал вист а ца хуьлуш, кIелдIахула цуьнга вон хьаьжира Арсби: «Ма оьзда гIуллакхаш а, хIуманаш а ду оьздачара лелораш!»

ОьгIазе гIам-гIим а дина, уьрсан дитт санна ира, ИсмаьIале дIа а хьаьжна, туй кхоьссира Джос.

«ХIинца кхехкаш ву» — шен доттагIчуьнга дIа а хьаьжна, куьйган эшарца вистхилира Жабраил: — «Собарде!» Амма Джос церга балда лецира, шен дагахь ИсмаьIална чу а хьаьдда иза хедош, цоьстуш воллура иза. ХIокху тIех-кхийсарш еш волчу Iовдало юьхьIаьржа хIоттор вара сан доттагI! ХIинца хабар а дитина, шен цIийца жоп дала деза цо суна!

Амма цхьаммо шен дагахь иза цестарх, цуьнца мостагIалла цара леладарх ИсмаьIал лаза ца во, мелхо а, цо цуьнан ойла лакхайоккху, майравоккху, шаьш цунна къахьбо.

— Иза-м стаг вацара! — мохь туьйхира цо, Арсбина тIе пIелг а хьажийна.

ХIинца белар иккхира хьолахойн тобанан, амма и церан беларш оцу минотехь дIатийра. «ХIинца хIун дан деза? И кIентий — Джо а, ТIатIаш а, церан доттагIий а — чIогIа леташ бу». Оцу тийна хиларан тIаьхье буьрса яра.

«Доллу хIума делан керахь ду, — ойланаш йора ИсмаьIала. — Шена лаахь — стигала хьалавоккхур ву цо, нагахь цунна лаахь — ши ког ирх а бахийтина хьо Iункар лаьттича а, хьан дан хIума дац! Хуьлуьйтур вай тахана Арсби турпал...— Балдаш гамдира ИсмаьIала. — Амма тахана турпал хиларх, кхана — шийла дакъа хуьлу. Хьанна хаьа, кхана сан карах вала а мегий иза-м: кIел а хиъна Iалашо лоцур ю аса, — даркх аьлла топ яьлчахьана, дIадолу цуьнан дерг! И ойла суна дагаяр дела лаам бу, делахь хIета цо могуьйту сайна ца веза стаг суна лайла лаар, хIан-хIа, стаг вац иза, Iовдал ву: иза-м бено вай! Къечу стеган ша леш бухадиса дагахь баллам болуш хIума дац. Ткъа сан цIенош ду, латта ду,

даьхний ду. «Мехкаршка дIахьаьжча, цIеххьана Дидин бIаьрга тIе бIаьрг нисбелира цуьнан». Схьа ма хьежа соьга! ДIагIо кхузара!» — бохура Дидин бIаьргаша. Ерриг егош яра иза. ИсмаьIал чIогIа оьгIазвахара.

— Аса и хеча охьайохуьйтур ю хьан!.. — аьлла, дукха оьгIазвахарна ша лелориг хIун ду а ца хууш, мохь туьйхира цо. Эца меттигехь цкъа а ца хилларг хилира. Арсбис мичара вели а ца хууш тIе а кхетта, катоьхна легаш а лаьцна, бIаьрга негIар тухучу юкъана говрара охьа а ваьккхина, кера деана экха санна, вадийна вехьна, мехкарийн когашна кIел охьакхоьссира иза. Мохь а баьлла, вахвелла охьавуьйжира ИсмаьIал. Бухаройн холхазан куй коьртара охьабуьйжира, дашо кхелина доьхка хедира; бустамаш долчу чоьин тIемаш дIаса а даьржина, цунна тIера Iаьржа хеча гучуелира.

Цул доккхачу эхьен хIума хуьлийла ян а яцара.

Кхерабелла шайн меттигашкара хьала а лилхина, мехкарий цхьана маьIIе а гулбелла, шаьш цIа бига шайн вежарий шайна тIебахкаре хьуьйсуш лаьтташ бара. Ша хиллачуьра меттах а ца елира Диди. ЧIогIа кхераелла Арсбига дIахьоьжуш лаьттара иза. «Иза хIунда дин ахьа? ДIагIо кхузара — цара вуьйр ву хьо! — дара цуьнан дагахь.

Цунна велакъежира Арсби: «Хьо кхузахь яцахьара аса са даьккхина хир дара цуьнан». Шаьлтанна тIе ка а диллина, ИсмаьIална тIевирзира иза.

ИсмаьIал хьалаайавелира. Цуьнан юьхь кIайеллера, бIаьргаш кхоьлинера, цуьнан хьежаро доьхура: «Ма вехьа со, аса бинарш бегаш бара». Корта охьа а бахийтина, дукха юьхьIаьржа хIоттарна, сенвелла вист дIа а ца хуьлуш лаьттара иза. Цуьнгахьа болчара шаьлтанаш лестайора, тоьпаш каралецира.

— ХIара хIун ду?! Оцу дахкаделлачу жIаьлин хIун бакъо ю оьздачу ИсмаьIалах куьг тоха?!

Чухьаьлхира беной а. Къегаш дара тарраш, тIелоьцура мажарш а, маьIан маккъаш долу нохчийн тапчанаш а. Шен йоккха шаьлта а яьккхина, цуьнца мох а цоьстуш, беноша тухуш ма хиллара мохь а бетташ, хьийзаш вара ТIатIаш а.

— ВаллахIилIазам аса тоьхна и корта кхоьссина дIабохуьйтур ма бу хьан, — бохуш, маьхьарий а детташ, вовшашна чуччахьаьдира ши тоба.

— Аса тоьхна ши дакъа дийр ду хьох! — къегара кхечу саьтточуьнан Тепсаркъин тур. Дукха хан йоцуш, ТIатIашан, БатIалан, Арсбин доттагI хилла волу иза, хIинца кийча вара царех лата: сел хIилланца хьолахоша тайпанашна юкъатесначу мостагIаллина, шен меттиг дIаеллера доттагIалло. ДуьххьалдIа ИсмаьIаллий, шай цхьана тайпана хиларна, ИсмаьIалехьа гIо а даьккхина, шен тешамечу доттагIех лата кийча вара иза.

— Аса и чуьйраш охьахоьцур ю хьан! — мохь туьйхира ТIатIаша.

— КIеза вон кIеза!..

— Тешха зуд!

— Делан дуьша совца! — ведда тIевеара Мураддий, Жабраиллий.

— Уьш IадъIе-кхи.

— Тепсаркъа ахьа лелориг хIун ду? Хьер-м ца ваьлла хьо? Хьо тхан доттагI ваш ткъа? Чуйолла хьайн шаьлта!

Гунойн тайпанах волу кхо ваша — Шахьболаттий, Жамболаттий, Хасболаттий пен хилла беношний, саьттошний юккъе дIа а хIоьттина, шина а агIонга бехкаш дохуш лаьттара.

— ХIей къонахий! Эхь ца хета шуна? Шайн-шайн цIа гIо!

Саьттой юхабовла дагахь хилира, хIунда аьлча, царна хаьара нагахь санна баккъалла а цхьа хIума хилча гуной шайна дуьхьал бевр буйла. Ткъа церан тайпанна волу, гIараваьллачу стеган кIант юьхьIаьржа а хIоттавайтина дIадахар, — хIан-хIа, иза эхь дара! Уьш севцира.

ТIедаьлла меран дукъ а, доккха дегI а долуш волчу ондачу Шахьболата, гена йоццуш IуьллучуьрА ворданан сема схьа а эцна, иза карахь леста а еш мохь туьйхира:

— ДIасадовла, аса хIара сема еттар ю шуна!

— ХIай-хIай, иштта! — юхахьаьжира Мурад. — ДIалелхабе уьш берриге а!

— Аса къорIанах чIагIо йи-кх и бIаьштигаш кхуьйсуш айса шун дIаоьхуьйтург хиларна. ДIасадекъало чехка! МаьркIажан ламазана молла а ву кхойкхуш!

Юьртахой кхоьлина шайн-шайн цIа баха буьйлабеллачу хенахь стигал IаржъеллА яра. Массо а агIор-

хьара хезаш дара, йиш а хаьлла, декъачу озанца сацаза,амма чIогIа кIордийна, лиэташ долу жIаьлеш. Цхьанхьа бодашкахь доцца цIеран тача иккхира, ткъа цунна тIаьххье, даьндарг уьнах тоьхча санна къора, доцца тата делира кхоьссинчу тоьпан.

— ТIетохалахь! — оьгIазалла йоцуш мохь туьйхира гена воццуш цхьаммо, — оцу яьллачу тоьпо сакъерадалийтинчух тера дара цуьнан.

## КОРТА IV

### I

Малх дIа а бузале къайлаваьллера ШепаI, амма хан яллалц а Iийна, бода боьлча бен юьрта ца велира иза. Говрашкахь ши накъост а вара цуьнца.

Пхи чаккхарма дIа а бахана, говраш коьллашна юккъе йигна, некъана уллорчу борзана тIехьа дIалевчкъира уьш. КIело а йина, цIа эцна боьлхучаьргара Дидди дIаяккха аьтто болуш меттиг яра иза. Нагахь санна дIадолийнарг чекхдалахь, ши-кхо де даьлча йоьIан дай-наний долчу там бан стаг вахийтичхьана, яздинчуьнан иза зуда хир ю. Дай, наний тIедоьрзур ду. Муха ца доьрзу? Цкъа-делахь, ядийнчуьнан тхов кIел масех де-буьйса даькккхинчул тIаьхьа йоI юха схьаэцар, доккха эхь ду. ШозлагIа-делахь, къоьлла гуттар а хуьлу шена хIума ялар дезаш, ткъа Дидих тамана ШепаIа кхо етт а, ши гомаш а, ши сту а, царна тIехула тIе шовзткъеитт туьма ахча а лур ду. Халахетар хилла болчарна и там а кIезиг хетахь, цхьа пунт шекар а, ши туп кIади а тIетухур ю. Нагахь уьш а кIезиг хилахь — уггар берстинарг пхи уьстагI бохьуьйтур бу.

IаьржачуI стигалхула едда дIа а яхана, дIаяйра серлонан аса: охьабоьжна седа бара иза. ШепаIан сахьаьвзира. Шен дага оьхуш йолу Iаьржа ойланаш дIалелхо гIертара иза, уьш тIегIертара — хIинца юккъехула дара. Дикачух лаьцний бен ойла ян а, дийца а ца деза.

— Гирий хьуна? — меллаша хаьттира цо доттагIех цхьанга. Суна дага доггIушехь... — Диди яло, — ала воллура иза, амма накъосто юкъахваьккхира:

— Доллу хIума а делан лаамца хуьлуш ду.

Юха а сагатда волавелира ШепаI.

Ерриг стигалхула дашо некъ буьллуш чекх а баьлла, охьабуьйжира шозлагIа седа а. Мичхьара схьабелира иза? Мичахь къайлабелира иза?

— ОьгIаздахана маликаш ду уьш,— кхетийра накъосто. Цара жинашна кхоьссина седа бара иза,— уьш стигала хьаладевлла хааделлa хир ду царна. Къар ца луш хIуманаш ю и жинаш: тIемашца стигала а довлий, цуьнан къайленашка ладоьгIуш хуьлу уьш!

Амма накъосто бохучуьнга ладугIуш вацара ШепаI: цуьнан сагатдора ИсмаьIала бинарш бегаш бара, я иза оцу йоIе безам, болуш вара, ца хааро. Ткъа хIун хир ду, нагахь санна иза а ишттa цунна кIел хиъна Iеш велахь? ТIаккха цхьа зулам доцуш доьрзур дац!

Ша хIун леладо ца хаьара ШепаIана. Вертанах а хьаьрчина, бодашка а хьоьжуш, ша шен дог-ойла айа гIертара иза: «Буьйсанца цхьа а юьртахо гIопал чоьхьа ца волуьйту,— шен дагахь ойланаш йора цо,— ткъа соьга чу вагIахьара хьо»! — олу. Ткъа боккъалла а иза хIун ду? Со юьртден воI ву, цу тIе оццул дукха хьал долуш а, сийлахь а волчу. Эпсарш хьошалгIа мила волчу буьссу? Тхоьга буьссу. Ткъа уггар дика куй хьенан бу? Сан бу. ЭхI, ма хаза хир дара попан Iиндагlе со агIор а ваьлла, коьртара куй аса охьакхоьссича! Куй куза тIе охьа а кхоьссина, гор хIоттийнчу куьйгана тIе корта а товжийна, дашо а, дато а бос лепачу чимчаргIашка а хьоьжуш Iийр вара со. Каравел сол тоьлуш волу нуц! Ткъа баккъалла а... муха хуур дара техьа, ИсмаьIала бинарш бегаш бара я бацара?..»

ИсмаьIала бинарш бегаш бацара. Цо баккъалла а сацийнера зуда яло, ткъа Диди бен ца яло а. Амма оцу ойлано шен меттиг дIаеллера кхечунна, безамал алсам ницкъ болчунна: чIирана. Нахана хьалхахь иза, ИсмаьIал, юьхьIаьржа хIоттийна а, цунна тIе эхь даийтина а волу Арсби, вийна даваккха везаш вара. Иза юьхьIаьржа хIоьттинера! Иза сийсазвинера! Иза, Грозненски округан хьаькамо хестийна волу, «оьздачу денненан кIант, башха бере ИсмаьIал». Иза бакъ дан а ду, юьртарчу тоьлуш волчу массо а стага изза олу: совдегарша а, жан дайша а, латта долчара а.

Диттах шед санна, цуьнан дагах доьллера оьгIазе мостагIалла. Оцу гIуллакхана аравалале хьалха шен накъосташца цхьаьна ламаз эцнера ИсмаьIала. Сихо е! Сихо е! чIир екхар тIаьхьатетта мегар дац, иза тIаь-

хьатеттар кхин а чIогIа эхь дацахь а, зуда санна тешха хилар ду.

— Уьзаш хьайна гира, бахарий ахьа?

— Гира те,— меллаша жоп делира цуьнца волчо.— Сан бIаьрг кхийтира БатIалх а, кхеч...

— Арсби а вара? — и хаттар а деш оцу бодашкахь веана шена хьалхха мостагI дIахIоьттича санна, корта дIахьовзийра ИсмаьIала.

— Вара.

— ХIокху новкъа дIабахара уьш?

— ХIокху новкъа дIабахара...

«Делахь хIета уьш билггал йоI ядо бахана, — сацийра ИсмаьIала. — Сарралц вовшашка лаа ца хьоьжура и шиъ! НаьIалт хуьлда цунна! Сихое! КIел а хиъна, топ тоьхна ден деза и жIаьла!»

Эзарнаш седарчий стиглахь лепахь а, буьйса Iаьржа яра.

Гена доццуш, вуно гергахь гуш цхьа Iаьржа гIаларт дара. Иза Органан боьра бара, цунна гена доццуш стигала хьалагIоьртина ирхдахана лаьмнаш а дара.

И Iаламат даккхий лаьмнаш замано а, хиша а дайина дара: дIогахь гуш ду Iаламат чехка охьадогIу хи сецош долу оцу лаьмнийн пIендарш, ткъа дIогахь, лаха буха чохь, тогIино гола туххучу меттигехь, буьрса Орга ду, шена дуьхьал нисбелла берд оххуш, бетах тIара санна, тулгIе етта цо цунна. Амма Iаламат йоккха токхам, бага а гIаттийна и дерриг хи дIамала гIерташ хета, амма цуьнга иза цадало. Дуккха а бIешераш ду и лам хе баош болу а, цунна оьгIазъоьхуш, шо шаре мел дели иза къанлуш лаьтта а. Буьрсачу Органо мохь бетта, чопа яьллачу шен мIарашца ка детташ, седарчий цоьсту. ТогIенан гаттонехь оьгIазе деттало иза, боккха лам буро хьийзош оххуш, цунах схьа а йохий кесгаш шерачу ара шен хица охьаккхоьхьу... Мацца а лекхачу лаьмнашкахь ткъес тоьхча лаьмнийн Iаннашкахула къекъаш стигал чекх а йолий, цунна тIаьххье чаччамаш санна догIа туху — тIаккха хьун лелхайолало даккъашна тIехь ирх а дахана лаьтташ долу ножан, попан ханнаш лесташ бух а дуьйлуш, шайн меттигера шаьш меттахдохуш, маьхьарий а хьоькхуш, бух боццу бердашна чу оьху...

— ХIей, хIей! — борзана тIехьара схьабетташ мохь хезара.

«Арсби-м вац иза?»— цIеххьана дагадеара ИсмаьIална, цо а мохь туьйхира:

— ХIей, мила ву хьо?

Карахь бирданг а къуьйлуш, тIетаьIина бодашка дIахьоьжуш вара иза, амма хIумма а къаьсташ дацара, цхьаммо а дуьхьал жоп ца делира цунна. Iийжочу бIаьргех хиш туьйсура, го баькхкхина лаьттачу Iаьржачу боданах, тайп-тайпана ирча гIаларташ хIуьттура. Орга дац иза готтачу тогIина чохь мохь бетташ, цIогIа детташ, шок етташ хьийзаш долу? Цо хIаллакдечу адамийн гIийла узарш цара чIогIа хьоькху маьхьарий-м дац и хезаш дерш? Масане хIума догIу доьхначу, Iаьржачу дага чу!

ИсмаьIал санна, йоьхна ойланаш йолуш а, иза ша санна долу а адамаш дара борзана дIанехьа агIор лаьтташ дерш. Цо юха тоьхна мохь а хезна, лаьтта охьа а бийшина, пхьидаша санна тIамарш дIаса а яржийна, татанаш доцуш, сихбелла хьалхахьа дIатекхара уьш. Кхин а цхьажимма, жимма дIахилал — совца! Шен накъост саца а вина, корта хьалаайира ШепаIа. Кхаьрца яц техьа иза? Мила ву техьа иза цIа эцна воьдург? Маса ву уьш? Бист а ца хуьлу...

— ХIей, хIе-хIе-хIей! Мила ву цигахь верг? — юха а мохь туьйхира цо.

— Ткъа хьо мила ву ?— юха хаьттира ИсмаьIала.— Тхан Арсби-м вац хьо? Нагахь хьо велахь, нисса схьатIевола!

Цуьнан дог сихделла детталуш дара, са а ца даккхалуш, къурдаш хIуьттура легашка, амма ойла тохурлерраниг яра: «Ма даьндарг а тухур ю-кх аса хьан дегIах!».

«Ма тамашийна хIума ду хIара! ЦаIIа-м ву Арсбига мохь бетташ! — цецваьлла, бесачу бодашка дIахьоьжура ШепаI. Иза хIун хила тарло?» Вист а ца хуьлуш шен накъостан белшах муьшка Iоьттира цо, хьала а нисвелла, дIа а, схьа а хьаьжна, бирдаьнг тIе а лаьцна, кога буьхьар тIеволавелира иза. Амма хьалхахь лаьтташ лекхачу лаьмнийн Iаьржа даккъаш бен хIумма а дацара— царел сехьахь оцу Iаьржачу буса хIумма а къаьстар ярий?

Ткъа ИсмаьIална доллу хIума гуш дара: лаьмнийн бодашкара шерачу арахьа дIахьоьжуш вара иза, цуьнан сирлачу бIаьргашна атта гуш дара тIедогIучу адамийн гIаларташ.

«ХIай-хIай... вогIуш ву. ХIета, хIара Арсби ву»—топ тIе а лаьцна, лаг уьйзира Исмаьлала. Шепаl тохавелира, амма кхоьссинчу тоьпана дуьхьал топ кхосса-м кхиира иза, тIаккха оцу минотехь шен коьртах катуьйхира цо. Топ кхоьссира цуьнан накъосто а. Герзаш кхийсар дIадоладелира.

— Хьо дийна вуй, Шепаl?! — хаьттира цуьнга доттагIчо.

— Дийна ву... ахьа кхоссалахь, тохалахь... аса чов дIайоьхкур ю. — Шепаlан лер хийцаделла дацара, амма йиш йоьхнера.

— ЦIий оьхий хьуна, Шепаl?! — хаьттира накъосто, кхуьйсуччуьра топ а ца сацош.

— Оьху моьттуш ву со: юьхь тIеда ю... «НаьIалт хилла буьйса! НаьIалт хилла адамаш! ХIинца со хьанна хьашт хир ву? — дерриге а дуьненна а, гIуллакх дан шена дагадеанчу сахьтана а сардамаш дуьхкура цо.

— Стенца дIайихки ахьа чов?

— Кучаца. Цхьа ах тIе а йиллина, вукху эханца дIайихкиаса.

— Делахь хIета, чоа а, гIовтал а дIаяьккхина ахьа?

— Яккха дийзира...

Цхьабосса а, цхьаццаммо ша-ша а тоьпаш а кхуьйсуш, беш тIом бара. Патармаш кхачалуш лаьттара. ТIаккха шина а агIорхьара йиш халлал чIогIа вовшашка маьхьарий деттара, вовшийн кхеро гIерташ.

## 2

Вовшашца чIогIа барт а ийгIина, мостагIаллех дегнаш а дуьзна, бодаш боьллачул тIаьхьа адамаш дIаса а декъаделла, юьртан ловзар хилла меттиг яссаелча, цигахь бухависира Жабраил. Ножана тIе а тевжина, арене бIаьрг а бетташ, вехха лаьттира иза. Сингаттаме ойланаш яра цуьнан коьрта чу хьийзаш.

ХIунда ду дуьненахь иштта? Аганара гIаьттичхьана лаьттан кийра верзалц стеган некъашхо дикий, вой хIунда ду? И шиъ даима стагана тIаьхьа а даьлла лелаш ду — вовшех даьлча мегаш дац, даима вовшашца мостагIаллин а, вовшашна сардамаш доьхуш а шаьш шиъ доллушехь. Уьш доцуш хила тарлац техьа дуьне? Цкъеллига цкъа хир а вуй техьа: «ХIа-хIа, адамаш, шу иштта

даха ца деза! Дуьне кхечу кепара хила деза!»—аллал хьекъале стаг?

Хьажал хьо, хIинцале тIедогIуш лаьтта вониг: тховса ИсмаьIала Арсбина бекхам бийр бу. Жабраилна иза дика хууш ду. ШепаI йоI ядо кечлуш вуйла а хаьа цунна.

Ткъа вой, дикий — стеган шен куьйгийн, ойланийн гIуллакх ма ду. Жабраила-м вонна некъ дIа а къевлина, диканиг даржор ду. Халкъан илланча — халкъан оьздангалла ю. Оьздангаллин декхар дац, вонна гIо деш хила. Цо, Жабраила, хаам бийр бу Диди цIа эцна боьлхучаьрга. Ткъа Арсбина кIел хуьйшуш долчу вонах лаьцна аьлча, иза ИсмаьIална шена марах дала тарлуш ду!

Эццара дIаволавелла юьрта, Дидин нахе хаам бан вахара Жабраил.

— ЛадогIалахь ахьа соьга, оьздачу ден кIант! — шен амалца вистхилира иза хьеше. — Тхо долчу оьзда хьаша ялош боккхачу новкъа схьавеара хьо. Ткъа хьо иза цIа эцна вуха воьдуш гадаькхина, тIедаьлла дуькъа къух а долуш болчу, тIех дехьа ваьлча, хьийзаш боьдучу новкъа ваха веза хьо.

Цул тIаьхьа сахьт даьлча Арсби волчу вахара иллиалархо.

— ЛадогIалахь соьга, сан доттагI,— элира цо.— ТIех дехьа ваьлча дIа а боьрзий, къухалахула хьийзаш дIабоьдучу новкъа дIагIо. Оцу новкъахула хьаша цIа эцна воьдуш ву цуьнан гергара кIант. Цуьнга хьажа. Ларъе иза... Буьйса аттачу яьлча со волчу юхавоьллахь.

Гуттар Iаржъелла яьллера. Хьуьна йисттехула, кокан коьллашна юккъехула хьийзаш боьдуш бара и некъ. Диди тIехь дIайоьдуш йолу ворда сецира, Органах дIакхеташ долчу ламанан хиэ гола тухучу меттехь.

— Ассалам Iалайкум тхан деза хьеший! — бодашкара гучувелира бере.

— Ва Iалийкум салам... Хьо мила ву?

— Шек ма хила шу... Шуна тIекхаьчнарг маьрша бере ву. Жабраила ваийтина со.

— Хьо ву иза, Арсби?

— Со ву.

— Кхин цкъа а ва Iалийкум салам!.. Нийса догIий техьа тхо?

— Нийса догIу. Аса шу тергал ден дуккха а хан ю.

— Делахь хIета тхо-м тешамечу хехочо лардеш хилла... баркалла...

ТIехьахь Iеш йолу йоI, доккхачу корталина кIелхьара кхоьруш схьахьоьжуш яра. Тийначу буьйсанах кхоьрура иза. Некъахой тиларчу буьгуш долчу жинех а иза кхоьрура; шен амалш а ца евзаш, чухула дехьабовла боьллачу майрачу кIентийн дахар къйзаллица хIаллакдеш долчу хих а иза кхоьрура; дагахь хIумма а доцуш воьдуш волу некъашхо, катоьхна схьалаца гIерташ санна коьрта тIе охьа а даьхкина долчу хьуьнан генех а иза кхоьрура; буьйсанца аренашкахула лелаш долчу адамех а иза кхоьрура.

— Мила ву иза? — муьшка Iоьттира цо ворданна хьалха Iечу шен некъахочух. Цуьнан дегI диэгош дара, дукха кхераелла ворданна тIера охьа а иккхина, дIаяда кича яра иза.

— Хьо йолччохь Iе, хьойолччохь!.. Иза-м иза ву... дагавогIий хьуна? Мила вара сан иза, совгIат даьккхина волу... бере.

— И ву иза? — шен юьхьа тIера кортали дIадаьккхира цо.

— Хьо ю иза Диди? — охьатаьIира Арсби. «Оцу стиглор бакъ ма ду со пича цунна хазахетта хилар»,— оцу минотехь дагадеара цунна.

— ХIан-хIа, со-м яц Диди...

— Диди яц хьо?.. Арсби юха а охьатаьIира. «И яц техьа иза?»—Диди-м хир яц хьо... амма аса и цIе тиллинарг-м ю.

— Цуьнан цIе Селима ю, — хаийтира иза цIа эцна воьдучу цуьнан шичо, вела а луш, Арсбих чIогIа бIо боьллера цуьнан.

— Баркалла Арсби! ХIинца тхо тхаьш а цIа кхочур ду. Жабраилца вола тхо долчу. Цуьнга илли а олуьйтуш, сакъоьрур ду вай. Но-о! — архаш хьайира цо.

«Ма дика кIант ву-кх Жабраил! — ойла йора Арсбис ша юха вогIуш: иза новкъа яккха аьтто баьккхи-кх сан цо... ХIоккху дуьненахь уггар дика стаг — Жабраил ву!..».

Юха а Жабраил волчу гулбелла бара доттагIий: Джо а, ТIатIаш а, БатIал а. Дечиган маьнги тIе маьI-маьIIе охьа а хевшина, бист а ца хуьлуш, цигаьркаш а уьйзуш ойланаш еш Iеш бара уьш.

Эххар тIаьхьа къамел долийра, ша волчуьра пен дIататта гIерташ санна, цунах белш а тоьхна Iеш волчу ТIатIаша, цкъа хьалха боккха баьккхина чIогIачу томкин кIур чу а тоьхна:

— Сан уьстагIий а делхьара, Джон стерчий а делхьара, Жабраилан ткъа гали хьаьжкIаш а елхьара, БатIалан кIадий а, итт корта шекаран а, итт туьма детин ахча а делхьара,— тIаккха Арсбис зуда ялор яра.

— Аса чIагIо йи-кх хIокху сохьтехь сан дагахь а иза ма дара аьлла,— велавелира БатIал. — Амма соьгара пай а ца йоккхуш гIуллакх хила мегар дацара техьа: сан мичхьара хир ду кIадий, тIаргIий, детий?

— Оцу ойлано Iуьйранна дуьйна коьртан хье чу буро хьийзош ву со,— аьлла, шен карара цигаьрканан юьхьиг кхоьссина дIаяхийтира Джос. — Хьо а хир вара, билггал изза ойланаш еш? — Жабраиле дIахьаьжира иза.

— Дика хии хьуна,— жоп делира вукхо. — Сайн дагахь аса хьоме лелош дацма а илли ду — цкъа а юха шозлагIа хуьлуш доцчух лаьцна илли. Вар, валар цкъацкъий бен хуьлуш дац — бакъ дуй иза? Амма со церан ойла еш вацара, я царех лаьцна илли ала гIерташ а вацара. ХIунда аьлча? Стагана хьалххе хууш дац ша дуьненчу вер ву-вац. Суна хаьара ткъа, нанас со вийр вуйлий, дуьненахь сайна тIе хIуттудерггий? Цхьанна а хууш дац ша маца лийр ву, веллачул тIаьхьа шех хиндерггий: зовкх хьега ялсамана гIур ву, я ваьгна дIавала—жоьжахата гIур ву? Я алсамана а, я жоьжахата а ца воьдуш, дуьненахь дахкалуш мел долу хIума санна, вахка а велла дIавала а тарло иза:дерриге цо ккхачадо.

— Дерриг цу тIехь чекхдолу,— элира массара а.

— Ткъа-ткъеитт шо кхаьчна волу жима стаг — иза ша гIуллакх ду. Цунна цаI езало — цуьнан дог карзахдолу, сакъерало, сахьийза, доккхаде, доьлху. Стага дуьхьара зуда ялайо, иза а дац дуьненахь цкъа бен хуьлуш.

— Хьалха балийна зударш дийна а боллушехь шозлагIа а, кхозлагIа а зударш ккхуьйлу! — юкъаиккхира БатIал.

— Иза а бакъ ду. Амма шозлагIа ялош ерг, ткъа кхозлагIа ялош ерг, хIета а, вета а, дуьххьара ялориг санна, баккъалла а дукхаезаш, цIенчу безамца тIеоьций ткъа даго?

— Арсбин зуда хир ю-кх! — хьаланккхира Джо. Шен доьхка а къевлина, юкъах кхозу шаьлтий, нохчийн тапчий нис а йина, куй бIаьргаш тIе а теттина, ши бIаьрг серлабаькхира цо:

— Жабраил, хьо цIахь Iе. ТIатIаш, хьой, БатIаллий, суна тIаьхьахIотта!

Вертанаш а кхоьхкина, куйнашна тIехула башлакхаш а хьарчийна, Мурад волчу баха новкъабевлира доттагIий: ТIатIашний, БатIалний тIеховша говраш оьшура.

## 3

Мохо шок хьийзайора. Кхузахь обарган амал йолуш бу иза. Дийнахь дIалечкъа, ткъа буьйсанна шена малуъу хьоькху. Амма доттагIий тешхачу хIух схьабевлла бац,— царна хIун новкъа ю Iаьржа буьйса? Цул тIаьхьа цхьа сахьт даьллачу хенахь тогIийна чу а биссина, шайн кортошна тIехула стигалахь догуш долчу седарчашна кIелхула бехха некъ беш бара уьш. Седарчех уггар боккхах берг цкъа берешна аьтто агIорхьа, тIаккха аьрро агIорхьа лепаш бара,— иштта хьийзаш бара церан некъ. Лергаш дийшош, гIиттош дIаоьхуш яра говраш, ткъа береш шайн сирла бIаьргаш генна хьалха а хьежош, бист а ца хуьлуш, дIаоьхура. «ДоттагIчунна доккха гIуллакх ду вай дийриг — ойланаш йора цара,— дуьненахь цкъа бен хуьлуш доцу мехала гIуллакх ду хIара»...

Седарчийн бос бовш лаьттара, доттагIий тогIий чуьра хьалабевлира. ТIатIаша цIеххьана шен говр сацийра. Корта а айина, ши лерг ира а доьгIна, сахуьлуш хилар хааделла говр синкъерамен терсира. Беречо урх хьайира: «Мохь ма бетта, шайтIа» ТIаккха нуьйрара охьавоьссира иза, цунна тIаьххье сихха говрашна тIера охьабиссира доттагIий а. Массара а шайн герзаш теллира, малделла бухкарш къевлира, сихха юха говрашна тIе а хевшина, ларлуш дIабахара.

Малхбалехь кIеззиг синбилгало елира. Цхьанхьара схьакхийтира матарйоьллачу кхеллин хьожа. Эвлан йистехь дIакхийсинчуьра шайна яхIума лоьхура жIаьлеша. Гена боцуш товханашна чуьра хьалабуьйлуш кIур бара. Юьртан йисте дIа а бахана, агIор а яьлла лаьттачу хьерана тIехахь севцира береш, рогIана цхьацца къайллах дIа а хьожуш.

— ХIай-хIай, дала аьтто боккху вайн,— меллаша вистхилира БатIал. ДIо йогIуш ю, ШепаI ядо гIерташ волу йоI. Цуьнца аддам а дац... кIудал а ю цуьнгахь, схьахетарехь, хи тIе йогIуш ю иза...

Леррина дIа а хьаьжна, кIеззиг охьа а лахвелла, кхоссавелира Джо.

— Сихо е! Сихо е! — сихвинера иза БатIала,— сихо е, стиглахь малх схьакхетале!

ДIасахьажа кхиъна ялале, Джос катоьхна говра тIе яькккхира йоI.

Кхоьссина топ санна, говраш юха хаьхкина богIура доттагIий. Джон карахь чIара санна етталора йоI: хIинций, хIинций юккъехула иза каглур ю моьттура. Некъаца бIаьрг а бетташ, бист а ца хуьлуш богIучу доттагIаша, хьуьнан сийначу йисте шаьш кхаьчча бен, йоIе хаттар а ца дира:

— СовгIаташ хьанна тийгира ахьа? — аьлла, йоьIан бIаьра хьаьжира Джо. ЙоI йист а ца хуьлура. Цуьнан бIаьргашна чохь хаалуш дара иза кхераелла а, оьгIазъяхана а, эхь хеташ а хилар.

— Хаза совгIат... Арсби — тоьлуш волу бере... нускал а ду хазаниг,— хозуьйтуш, ша шега къамелаш дора Джос.

Хаьхкина йогIуш яра говраш. ХIинца ша ядийначуьнан карара яла ца гIертара йоI. Цо шен корта беречуьнан белш тIе товжийнера, ткъа цуьнан Iаьржа кIажарш, коьртарчу шифонна кIелхьара схьа а евлла, охьакхозура.

Оццу хенахь Жабраил волчу чоьхьа волуш лаьттара Арсби. Керахь пондар а болуш, ша Iеш вара важа, амма доттагIчух шен бIаьрг ма кхийттинехь, хьала а гIаьттина сакъералуш, велакъежира иза.

— Хьан Лечин цIарах чIагIо йи-кх аса Арсби, хьуна далош долу нускал, кестта схьакхочур ма ду аьлла! Джос шен багах схьааьлла: «Арсбин зуда хир ю-кх»,— салам дIаэцаран меттина, иза делира Жабраилан багах.

Леррина илленчин бIаьра хьаьжира Арсби шек: хуьлийла ян а яцара. Жабраила бийраш бегаш бацара. Дечиган маьнгин йисте охьахиира Арсби. Ша-шах делакъежаш дара цуьнан юьхь-бIаьргаш. «Бакъ хIунда ца хуьлу иза? — ойланаш йора цо,— ма хазахетар ду сан нанна!»

ЦIеххьана велакъажар дIа а дайна, кхоьлира Арсби. Некхан уьн тIе ка тоьхна, цунна тIера чкъор, озийна резинка санна дах а дина, цу тIе пурх куьг туьйхира цо.

— Жабраил, — элира Арсбис диэгочу озанца, — сан доттагI, хIокху декъазчу кийрахь доллург онда дог ду хьуна, шена чохь цхьана йоьIан цIе а йолуш. И йоI йоцург, дуьненахь со дукха вахарх, цаIIа а сан зуда а хир яц.

Лаьттан бIаьра а хьаьжна, юха а илленчега дIахьаьжира иза.

— Бегаш-м ца бо ахьа. Жабраил? — цIеххьана чIогIа хаьттира Арсбис.

— Шек дIа ма вала хьо, и ахьа юьйццург хир ду хьуна хьан нускал. Хьан доттагIий хIинцале иза далош богIу.

— Баккъаллий! — неIарехьа дIахьаьдира Арсби. Жабраил иза сацо а ца гIоьртира: ца соцу дерг, сацалур дац.

Сихвелла Лечина тIе нуьйр туьллуш воллура Арсби, бухкарш дIа а къевлина, нуьйр то а йина, кхоссавелла цунна тIе а ваьлла, хIетта ша юьрта чувеанчу новкъа, дIаэккхийтира цо дин.

Гечо долчухула хих дехьа а ваьлла, коьллашна юкъа а вахана, некъ ларба охьахиира Арсби. «ДоттагIашна дуьхьал веана хилча бакъахьа ду... ХIун хаьа, ШепаIана я ИсмаьIална сан нускал дIадаккха дагадогIий а!— ойланаш йора цо. Оцу «оьздачу нахана» хIуъа дича а эхь дац! Горлера доттагIий яI-кх! ХIинца цхьанхьа хир ду-кх шу!»

Амма цуьнан доттагIий хIинца а геннахь бара: нагахь тIаьхьабевлла меттиг хилахь а аьлла, генахула хьаьвзина богIучу новкъа богIура уьш. Шаьш юха богIуш, борзехьа дIабирзинера.

Даккхийдеш, хаза зурманаш а лоькхуш, хIинца лакхахь диэкаш хIуьрцIалдигаш а дара. Цу лаьтта тIехь цкъа а цхьана а тайпана адамашна вон зулам а, адамашна тIехь ницкъ бина хила а хиллий техьа цкъа а, уьш хир а дуй техьа аьлла, оццул хаза екхна а, машаре а, синкъераме а яра и IуьйрЕ. Дато къегаш дара лекха лаьмнаш, маьлхан дашочу зIаьнарша дох а дина, кестта самалхадоккхур ду лаьттан а; адамаш аренашкахула дIасадекъалур ду — асарш дан а, бежнаш дажо а... Береш нускал а далош богIура. ХIун ду нускал далийча а, иза-х дукха дезарна далош ду? Цу тIе тешаме доттагIий а уьш хилча, цара гIо дийр ду шайн доттагIчунна, вуьшта цуьнга цхьа а йогIург хиларх башха тешам

зинчу хенахь, цIеххьана шен дин сацийра Арсбис. Цунна хьалххахь лаьттахь воьжна Iуьллуш ши стаг вара: «Ялочу йоIана тIаьхьадаьллачу орцано байина Iоххуш сан доттагIий-х баций техьа уьш?» — буьрса ойла дагаккхира цунна. Сихха говрара охьа а воьссина, сехьахь Iуьллучуьнан юьхь-бIаьргашка хьаьжира Арсби. Иза ШепаI вара. Дукха чIогIа цецваларна, мохь тоххаза висира Арсби.

— Дийна вуй хьо?.. — цуьнан вета-туьйдарг а, юкъахара доьхка а дIадаьстира Арсбис. Халла балдаш а хьадина, меллаша делан балийца вистхилира ШепаI:

— Дийна ву... амма... топ кхосса... ницкъ болуш-м вац...

— Хьуна хьан хIун дина? — цунна тIе ши бIаьрг а боьгIна лаьттара Арсби. — Мила ву зуламхо?

— Бехкен цхьа а вац... Ца хууш, ларамаза хилла зулам ду... Вовшашна кхийсарш хилира тхан...

— Хьаьнца яра кхийсарш?

— Сой... ИсмаьIаллий вара-кх...

Борзана го а баькккхина, дIанехьа агIор велира Арсби. Ма гIуллакхаш а ду хьалдолчу адамаша лелош дерш! Хилларг хIун ду а ца хууш, дукха цецваьлла, корта хьийзабора цо. Цунна тIаьхьа а хIоьттина лелаш дин а бара. Арсби бIаьргашна дуьхьалара дIа ца валийта гIерташ, халла корта а айина цунна тIаьхьа хьаьжира ШепаI.

Борзана дIанехьа агIор, белшах, чIенигах, беснех дендаргаш еттаелла Iуьллуш вара ИсмаьIал. Цунна уллохь, ах биллина бIаьргаш а болуш, вахвелла, меттах а ца хьовш Iуьллура кхин цхьа стаг а. Цунна даьндарг мичхьа кхетта хууш а дацара — коьртах я дагах. Дехьахь Iуьллучу кхечу цхьана стагах а бIаьрг кхийтира Арсбин: иза вист а хилалуш, дийна вара.

Халла хьала а айавелла, шен кхоьлинчу бIаьргашца, шеца йоI къуьйсуш хиллачу Арсбина тIаьхьа хьоьжуш вара ИсмаьIал.

— Хьо муьлхачу эвлара ву? Суна ма ца вевза хьо? — хаьттира Арсбис, чов хилла Iуьллучу, тIаьххьарчуьнга.

— Хьо мила ву, машарен стаг, мичхьара ву хьо?

— Со Арсби ву, оцу...

— А-а-а... Арсби ву хьо? Делахь дIо Iуьллучуьнга хатта, — ИсмаьIална тIе пIелг хьажийра цо, — цо, дерриг а дуьйцур ду хьуна...

«Миска яьI-кх ма хаза хийтира цунна со гича», — доккха са а даьккхина, юха а ИсмаьIалехьа дIавирзира жима стаг. — «Дала ша баьккхина аьтто бу», — аьлла, меллаша вист а хилла, Арсбина тIехьашха букъа юккъе хьажийна топ ялийтира дархочо. Арсбина уллохула а яьлла, ИсмаьIалх хьакха а луш тIехъиккхинчу, даьндарго, чуьра са дIадалла доллуш волу, кхоалгIа накъост вийна дIаваьккхира. Цунна хIотта цхьа а теш вацара, борзана дехьара схьа, Арсби тергалвеш волу IШепаI воцург.

Говраш хаьххкина баьхкина юьртара береш кхечира цига. Говрашна тIера охьа а лилхина, дIауьдуш, схьауьдуш хьийзара уьш:

— Муьлаш бара кхузахь тIом бинарш? ХIей ИсмаьIал, хьо мичахь ву? ХIа-а... хьуьллахь ву иза... ХIара хIун ду? Мила ву сан ваша вийнарг? Хьан вийна иза? — мохь беттара хаьхкина баьхкинчех цхьаммо, ИсмаьIална уллохь вийна Iуьллучунна тIе а хIоьттина.

БIаьрган негIарш схьадиллира ШепаIа. «Арсби бехке ве аса? — ойла хилира цуьнан. — ЙоI бахьанехь бекхам иза хир бу». Амма аьшпаш ботта ца ваьхьира иза. Оьздангалла яцара цуьнга аьшпаш ца боттийтинарг, — иза духхьалдIа кхеравелира дийна висинчу тешах, шен накъостах, оццу хенахь хьала а айавелла, леррина шега схьахьоьжуш волчу. Иштта хьовсуш хуьлу, массара а дина юкъара зулам девзаш болу, бертахой. «ДIадуьйцур ду цо бакъдерг, наьIалт хиларо!» — аьлла, ШепаI дIавирзича цунна хьалххахь лаьтташ вара, оццул буьрса а, онда а волу Арсби. Вовшашна тIе бIаьргаш дуьйгIира цу шиммо. Хьежар-къар а делла, дIавирзира ШепаI.

— Мила ву иза вийнарг? — юха а дукха буьрса мохь туьйхира вашас. Топ нийса ца кхоьссинчунна тIевирзира ШепаI.

— Вист хIунда ца хуьлу хьо?.. ДIадийца айхьа!

— Дийций вала! Хьан вийна иза? — дукха оьгIазвахарна верриг а вега, а веш, чов хилла Iуьллучунна тIе а вахана, хоьттура вашас.

— Делаца чIагIо йи-кх аса...

— Ахьа вийна?

— Аса вийна... иза муха хилира аьлча...

Кхин хIумма а ца аладелира цуьнга: эццахь шаьлта тоьхна са даьккхира цуьнан вукхуьнан вашас.

— Ткъа оцу стага диний цхьана а тайпана зулам?— хаьттира Шепаіе, Арсбина тІе пІелг а хьажийна. Корта охьа а бахийтина, дІа-схьа ластийра ШепаІа.

«Царна хІун ца тоьура?» — ойланаш йора Арсбис, шек а йоцуш, тІе тхи а диллина йолу буц шена парггІат юуш йоллучу Лечега кест-кеста бІаьрг а бетташ.

Белларш цхьана ворданна тІебехкира, чевнаш хилларш кхечунна тІебехкира. Берриш юьрта боьдучу новкъа бевлира. Дехьо бевлча ши некъ дІаса къаьстачу кхечира. Арсби ша хьалха схьавеанчу новкъа дІавирзира.

«Стенна тІехула дІадоладеллера техьа церан иза?»— оцу ойлано синтем байинера цуьнан. Амма дукха хан ялале ойла кхечухьа йирзира, цуьнан коьрта тІеххула стиглахь а валар-висар дара къуьйсуш: лакхахула лелачу куьйрано кхоьссина тІулг санна нисса охьа чу а деана, катоьхна, цхьа жима хьоза схьа а лаьцна стигалан Іаьрчашка юха хьаладехьира. Олхазарх къа а хетта, иза кІелхьарадаккха сихвелира Арсби. Кочахь кхозу топ сиха схьа а яьккхина, дика хьажа а йина, лаг уьйзира цо. МаІаршна юккъехь доллучу хьозанца цхьаьний, буро а хьийзош охьадогІучу хи чу дуьйжира куьйра...

— ХІан, хІинца цІа гІур ду вайша, Леча, — хозуьйтуш вистхилира Арсби. ЦІа гІур ду вайша, нускал хІинца цІахь хир ду!.. Деллахьа ма ирс долуш а ву-кх со!.. ХІинца ловзаран бал чекхбаллалц, кхаа дийнаххьий, кхаа бусий массарех а лечкъаш лела деза. Нагахь со лечкъаш ца лелахь наха бехкаш дохкур ду: «Арсби эхь доцуш ву», — эр ду. Кхаа дийнахь-бусий цхьанхьа чу а воьлла Іийр ву со, тІаккха къайллах сайн нускал долчу, сайн Диди йолчу гІур ву со... Чабол эца, Леча!..

Нускал Мурадан хІусаме дІа а дигна цуьнан зудчуьнан кера дІаделлера. Майра а, зуда а сакъераделла, нускал хьоьстуш дара. Церан бахам башха боккха а бацара, делахь а цІена хІусам йолуш бара, уьш веанчу хьешана а, доссийначу нускална а. Доллу хІума дика дІанисделла дара, амма ловзаран бал тІаьхьататта безаш хилира: оцу дийнахь сарахь байинарш дІабухкуш бара. Цул совнаха Хьажбекара а ца вуьтура Арсби садаІа а: чов хиллачу кІантана дарба лело ярташкахула лор вало вахийтина лелийтира цкъа, тІаккха ваьштта кхаа дийнахь хьаьжкІашна асар дан эхийтира. Арсбис

дуьхьало а ца йора:» Суна хIун ду шина кхаа-дийнахь болх барх хила? Ирсе вирзина хIета а, вета а со хIинца ваьлла».

КхозлагIчу дийнахь яан сискал а, кхеххийна хIоа а, кIеззиг туьха а эцна малх схьа а кхетале кхатIа вахана вара Арсби. Цунах схьакхийтира Хьажбекарна чу хIоттийна волу кхин а масех ялхо, царна юкъахь гуттар а хуьлуш волу Джо а, ТIатIаш а, БатIал а вара.

Асар дан дезаш йолчу меттиг тIе ейтта чаккхарма гена баха дезара. Шайгара гIийла кхача уьрда юьххье охьа а биллина, хIетта схьакхеттачу маьлхан зIаьнарша лепош йолу, хаза тIеевллачу хьаьжкIех бIаьрг туьйхира доттагIаша. Массо а юьхьа тIехь велавелла вара: и латта аьхнарш а, цунна тIе хIу дIадийнарш а уьш шаьш бара. Iаламан и башха къайле — хIор дIабийначу буьртиго дуккха а буьртигаш тIехь хиндолу кан баккхаро шайн куьйгашца лелош хиларо, баккхийбебора уьш.

Арсбин доттагIаша хIораммо а шен-шен амалца бора болх — сихха а, цел яхйой хьокхуш а, амма хIораммо а шен-шена екъна йолу меттигаш а къестош. Наггахь саттийна букъ хьала а нисбой, шен луларчуьнга бIаьрг тухура цхьаммо.

— ГIуллакх муха ду хьан Арсби!.. ХIей, Арсби! Делкъахан хилла! — мохь туьйхира БатIала.

ДегI дагош болчу малхана кIелахь цхьацца кхуссуш шена тIера чоа а, гIовтал а, охьакхоьссина, къар ца луш, мур эцна хьалха дIаоьхуш вара Арсби: «ДIогарчу борзе дIакхаьчча садоIур ду аса!» — сацам бора цо шен дагахь, амма цига дIакхаьчча саца а ца соцуш, асар диэш, кхин а дIавоьдура. Коч дегIана тIелеттера, юьхьа тIехула охьаоьхура хьацар, бIаьргаш Iийжара, дерриг дуьне — лаьмнаш, хьаннаш, латта — доллу хIума сийначу цIарца догуш ду аьлла хетара...

Эххар тIаьхьа дукха кIадвелла са тоха а ца делла, шухь боллучу кхуран Iиндагlе охьа лахвелира иза. Эццигахь ша дуьнен чу ваьлчхьана дуьххьара керла, амма буьрса ойла хилира цуьнан. «Сайн бархI шо кхаьччахьана схьа латта охуш ву со... Цкъа а Хьажбекара охуш а я хIу тосуш а ца гина суна. Ткъа вахар муха ду цуьнан? Массерчул а тоьлуш ду! Ткъа со муха ву?» — пхенаш тIе а девлла, дечигах хуьлуш долу шеддаш санна, чIогIа чIагIделла ахкаргаш а долуш долчу, шен куьйгашка леррина хьаьжира иза.

«Болх-м бо аса, амма цхьа а хIума да волуш-м дац... Цхьа бакъду, доллу хIума а делан карахь ду... ХIун дийр ду ткъа?» Хьала а гIаьттина, шен гIийла кхача юккъехь болчу бехчалгана тIе а вахана, шен дагаяьхкинчу ойланех ша а цецваьлла, корта хьийзош лаьттара Арсби. «Мел ойланаш ярх со кхеташ хIума дац хIара... Ламаз а до аса, марха а кхобу аса,— амма доллу гIуллакх аса доггах мел дин а, уггар хала а, беза а бу суна луш болу болх»...

ХIума а кхаьллина, шена хIун ю а ца хуучу Iаьрбийн маттехь ламаз дан хIоьттира Арсби. ТIаккха нохчийн маттахь, жима бер санна Iеха а луш, деле дехарш дан волавелира иза — шен а, ша санна гIийлачийн а къабала яра цо ялхош ерг.

— ХIинца а ламаз дина валаза ву Арсби,— цецвелира Джо. Церга балда а лаьцна, цIоцкъамаш хьадира Жабраила.

— Дина ма веллинехь ша вала кечвелча санна до Арсбис ламаз, ткъа болх ша цкъа а лийр воцуш санна бо.

Эххар а тIаьхьа «амин» аьлла а ваьлла, бIаьрга эшарца асар даза йисина меттиг юьстира Арсбис: «ХIуъу дина а тахана асар дина вала веза со».

Зама шен эшшарехь дIайоьдура. Амма гIелвалаза а ца вуьсура — хьацарна куьг хьокхуш, даккхий синош дохура Арсбис,— тIаккха юха а асар дан волалора, лоррий хIор хьаьжкIана гонах цел кхочуьйтуш.

«ДоьалгIа дакъа бен дац хIинца буха дисинарг»,— кха тIе бIаьрг туьйхира цо. ЦIеххьашха дукха чIогIа сингаттаме йолуш Дидин сурт хIоьттира цунна хьалха.

Шен берриг ницкъ тIе а бахийтина хьалхахьа дIа а, юханехьа а кхин масех мур баьккхина Арсбис. «ХIинца ши-кхо мур баьккхичхьана вер ву со...»

Де шелделла догIура, малх а цIибеллера. Цкъа хьалха нисса ах стигал цIий а йина, тIаккха лаха охьа а бахана, стиглахь ша лаьтташ йолу морха дашо басахь кхала а кхелина, къайлабелира малх.

Мухха делахь а цIеххьана бодуш тIебаьхкира. ТIаьххьара цел а тоьхна, дукха кIадвелла Арсби ша воллучохь охьалахвелира.

Пхьуьйра ламаз а дина дохнкерте а, божал чу а бIаьрг тоха Хьажбекар араваьлча, буьйсанна дикка хан яьллера.

— Хьо вуй иза? — Арсбина тIенисвелира иза.

— Со ву,— цунна тIаьхьа дIаволавелира Арсби.

— Кха тIера вогIуш вуй хьо?— цхьа вон юхахьаьжира цуьнга Хьажбекар. Асар дина велин хьо?

— Вели.

— Хьо вара хьо?

— Накъостий а бара — Джо а, ТIатIаш а, кхин а...

Шега дуьйцучуьнга ла а ца дугIуш, юха чу вахана, Арсбига дIакхайкхира Хьажбекар.

— Охьахаа! — Арсби охьа ца хиира: «Со маца хиъна воккха стаг волчохь охьа, цу тIе со карахь волу хьола да волчохь муххале а?» Кхин хIун деза кира дуьллур дара техьа аса хIокху ялхочуьнан ги, бохучу кепара юха а Арсбига дIаьхьаьжира юьртан да. Малхо еттина цIаста санна юьхь а, чу даш доьттича санна юьзна яккхий настарийн пхьидаш йолу ондий когаш а, пхенаш тIе девлла пхьаьрсаш а долуш волу и онда жима къонаха хIуъа дина а мукъа вита лууш вацара хьолан да.

— Говр мичахь ю? — лампийна тIе а вирзина, милт чухьовзийра цо: мехкдаьттанах лург ахча ду бохучу кепара.

— ХIун говр? — хьажа юккъе шад хIоттийра Арсбис.

— Ахьа хаьхкича хьуна совгIат даьккхинарг.

— ХIа-а-а... Лечий? Яжа дIалаьллина ю-кх.

— Сан божалахь хIунда яц иза?

— Говр сан ма ю ткъа.

— Хьан муха ю иза?

Цецваьлла хьолан дега леррина дIахьаьжира Арсби. Цунах ша озалуш хилар а, цуьнца сел чIогIа ша лелош долу гIиллакх а оцу минотехь дицделлера цунна.

— Говр-м сан ю,— элира Арсбис. — Мегар яц аьлла иза жертара дIаэккхо вуьйлира хьо... Аса денйина иза. Аса кхаьбна иза — яош а, малош а, цIанъеш а... иза массарна а хууш ду. Цундела къастийра бакхийчу наха иза. Иза суна совгIатана елла ю. Иштта дац иза?

Цхьа ког хьалха дIа а тесна, шек дIа а воцуш, ша шех тешна а волуш, Хьажбекаре хьаьжира Арсби. Вукхо реза воцуш, корта ластийра.

— Говр совгIатана яла аса пурба ца делла... Арсбис кIеззиг бIаьргийн негIарш ваьштатаIийра: ахьа хIуъа дийцахь а говр-м сан ю,— бохург дара иза.

— ДагадогIий хьуна,— кхидIа а дуьйцура Хьажбекара,— аса хьайга хаттар дина: хIунда буьгу ахьа дин дIа? — аьлла. Сайн волуш санна лелаво аса хьо. Цхьанхьа ваха дезаш меттиг хилча, тIе а хаий гIо, амма дин шен метте, божали чу дIахIоттабе. ХIунда лаьллина ахьа дин ара дIа? Нагахь санна иза цхьаммо лачкъабахь, хIун дан воллу хьо? Нагахь санна берзалоша иза цестахь, тIаккха хIун дан воллу хьо?

— Цхьаммо а цостур а бац, я лачкъор а бац, — велакъежира Арсби,— мелхо а Лечас ша юьйр ю хIуъа а! Цкъа а, аддам а шена улло доуьйтур дац цо.

— И бохург хIун ду? Со а вуьтур вац цо шена тIе?!— шен некхан уьн тIе пIелг Iоьттира Хьажбекара.

— Хьо а вуьйр ву. Со бен цхьа а ца вевза Лечина,— совнаха дош ца ала гIерташ, меллаш иза а аьлла, церга балда лецира Арсбис. Делахь а, цуьнан бертаза чIогIа дош иккхира цуьнан багах:

— ХIинцца эвла йисте а ваьлла аса цкъа-шозза шок ма-тоьхханехь, — оцу сохьтехь еана схьахIуттур ю Леча!

Лаьттан бIаьра а хьожуш, юкъах а ца воккхуш, Арсбига ладоьгIуш вара Хьажбекар. ТIаккха корта хьалаайира цо:

— ХьажкIийн тIейовлар муха ду?

— Башха дика тIеевлла,— доккха садаьккхира Арсбис. Дала мукъалахь дIадаханчу шарахь чул дуккха а алсам ялта дер ду царна тIера.

— Тоьлуш юй? Дика ду. ЭхI, ма кIадвелла-кх со... ДаьIаххаша тата а доккхуш, белшаш хьала-охьа саттийра хьоладас. ТIаккха набарна бага а гIаттийна, жимма стаг паргIатвалийтира цо:

— ДIагIо хьайна.

ШоллагIчу Iуьйранна исс бере хIоьттира Джон кетIа. Ядийначу йоьIан гергара а, тайпана а нах бара уьш. Оцу хьалхарчу дийнахь лора тIаьхьа кхиънера уьш.

Берзалой санна оьгIазе говрашна тIера охьа а лилхина,— цаI говрашца сецира — бевдда боьлххучохь шаьлтанаш а, тапчанаш а яьхна, чулилхира уьш. Амма чоь еса карийра.

— Хьий, жIаьла, вон жIаьла! — мохь туьйхира воккхах волчо.

Вон баганаш леяр дIадоладелира:

— ШайтIа! ЖIаьлин кIорни! Iийтта яI-кх! КIилло! Нажжаз! Аса къорIанор вара хьо... Аса къорIанор...

— Ассалам Iалийкум,— цIеххьана веана чоьхьа а ваьлла, куьг кховдийра Мурада. Цунна тIаьххье чубаьхкира вежарий — Шахьболат а, Жамболат а, Хасболат а, царна тIаьххье — важа кхо ваша — Байболаттий, Баймурддий, Байсолтий, ткъа царна тIаьххье — кхин кхо стаг а — дов хьеда баьххинчийлла, верриг исс стаг вара хIорш а. Чоьхьа а бевлла, цара массара а куьйгаш кховдийра.

— Марша догIалда шу, хьеший! Хьал хIун ду — могуш а, паргIат а дуй шу? Доьзалшкахь хIун хьал ду?

Яьхна шаьлтанаш а, юьйлина тапчанаш а йолуш долу адамаш цIий Iано а ца догIуш, дуьххьалдIа сакъера цу чу гулделла аьлла хеталуш дара.

Кхоьлинчуьра бекхабалаза бара хьеший.. ЧIогIа дов дан гIертара уьш, амма хьаьнца дийр дара иза? Уьш чIир екха баьххинарш, цу чохь бацара.

Доллучу хIуманах кхеташ стаг вара Мурад. ГIуллакх дIадерзо дезара. Цунах а тешна, йоI цуьнан керта йоссийнера, иза наха лоруш стаг вара. ДоттагIашна гIуллакх дан дезара, цу тIе дика кIентий а бара уьш.

— ХIан-хIан, къонахий! — дIадолийра цо. — Вайн дезачу къорIанца, вайна дала ваийтинчу Мохьмад пайхамарца чIагIо йи-кх аса, делан салам цуьнан езчу цIарна а хуьлда! Церан цIерашца аса дуй боу-кх шуна, шун йиша оха цхьана а тайпана гамонна ялийна ма яц аьлла, хIунда аьлча, тхо цкъа а шуьца гамо йолуш хилла а ца хиларна...

— ЭхIе, хIан-хIа, хIан-хIа — гIовгIанаш ехира хьешаша... — Хабар ма дийца! Мичахь ю тхан йиша? Мичахь ву ядийнарг?

Мурада куьг айира:— Сих ма ло! Кхетор ду вай шу!..

— Хабар дийца а ма дийца! Мичахь ю тхан йоI?

Дукха оьгIазбаханчу йоьIан верасийн бIаьргашна чу цIий хIоьттинера, амма царна хууш дара, йоI ядийнарш кху чу богIур боцийла, хIунда аьлча, цунах жоп дала юкъаваьлла Мурад кхузахь хиларна:

— Вай кхоьллинчуьнан дуьхьа дийца тхуна,— йоI мичахь ю?

Адамаш дIасатеттина хьалха велира шуьйра некха у а долуш лергина маж а йолуш, цхьалха юьйхина тиша гIовтал йолу Бийболат.

— Бакъду, къонахий,— вистхилира иза. — Тхан наха шун йиша ялийна, амма я иза а, я шу а сийсаз дан дагахь цхьа а вац... Ког хьалха дIа а тесна, юкъахара шаьлта, то а йина кхидIа а дуьйцура цо:

— Шуьца гергарло деза тхуна, хIунда аьлча, шу майра нах а, къонахий а хиларна, шун сийдеш ду тхо... Даима а лорура оха шу тхаьшка нисса, тхешан вежарий санна. Тхан тайпанан, шун тайпанан вовшашца гергарло хила хьакъ ду.

Юккъе велира Шахьболат.

— ХIан-хIа, Тарам! — аьлла, йоьIан воккхах волчу вешега хьаьжира иза. — Хьоьга а боху аса, Азамат,— тIаккха цуьнан кхечу вешегахьа дIавирзира иза. — ВаллахI, биллахI, таллахI Бийболата аьлларг бакъ ма ду. Вай кхоьллинчуьнан дуьхьа оьгIаз ма гIо! Ткъа шу дIагIо,—корта таIийра цо шайчаьрга — бита хIорш. — Хьешашка парггIат са даIийта деза. Мурада ша а къастор ду гIуллакх.

Мураддий, йоьIан воккхах волу ваший воцург, берриш а чуьра арабевлира. КетIахь IуьллучУ хиэна тIе а бахана, охьахевшира уьш. ХIинца йоIах лаьцна дуьйцуш хIумма а дацара, деш долу къамелаш Iаламан дикаллех лаьцна а, чудерзо дезачу ялтех лаьцна а дара, тIаккха вовшашка хеттарш дан буьйлабелира — ахьа муьлха ялта дийна: хьаьжкIаш йийна, я борц бийна, мукх бийна, я сула йийна, бохуш. Мархин бутт тIекхочу болу зама а къуьйсура, уггар йовхачу, мангалан хенахь иза тIе багIахь, тIаккха бала хьоьгур бу, мацлур бу, амма хьо мел хьагваларх маьркIажан бода къовла а белла, хIусамашкахь чиркхаш хьалалато хан тIекхаччалц, ур-атталла хьогалла яйан а йиш яц.

Къамелаш дира шайхан хьокъехь а, цунна дан дезачу гIуллакхийн хьокъехь а— цунна дан дезаш асар дара, мангал хьакха безара, кIа хьакха а, ара а дезара, цIа кхехьа а дезара. И гIуллакхаш шена дича, шайхо деле дехар деш, рузбанахь ши-кхо дош эр ду, кху дуьненахь а, веллачул тIаьхьа эхартахь а царна дика дахар доьхуш. Берриг а бусалбанаш хилчахьана дуьйна схьадогIуш ду оцу тайпана гIиллакхаш. ТIаьххьара а, хьешаша схьабалхийра шаьш хьоьгуш болу бала. Теркан областан начальнико инарла-лейтенанто Смекаловс аьхке дIаяллалц чудекъна латто, яккхий тоьпаш а йолуш йолу гIашлойн, дошлойн эскаран ши полк яийтинера бехк тIебоьжначу

кхаа юьрта, царна юкъахь церан юрт а йолуш. Ярташ оцу сохьтехь къийелира. Къинхетам бар а, дина таIазар дIадаккхар а доьхуш адамаша кехат дахьийтинера Петербухе, амма къинхетам баран меттина цигара жоп деанера, кхин цхьа эвла а чудекъа драгунски полкан эскар дахийта, аьлла. ШозлагIа а къинхетам бар доьхуш кехат дахьийтира, амма цунах а хIумма а ца хилира. ГIуллакхера мехала хьаькамаш байина волу обарг Эска шайн кара ло бохура хьаькамаша. Ткъа обарг дIа ца лора. Иза ярташна оьшуш-м вацара, амма мостагIалла юкъадалар—иза дукха чIогIа луьра гIуллакх ду, обарган гергарчу наха, мотт тоьхначун берриг гергарнаш цистина дIабохур бара — тIаккха дIадолалур дара! Шарахь, шина шарахь, итт шарахь, бIе шарахь, вовшийн тIаьххьара тIаьхьенаш хIаллакйина кхачийна бовллалц дIадоьрзур дацара царна юкъара мостагIалла.

— ЭхI, ма дика хир дара-кх цхьа кхеташ волу стаг Петербухе, паччахьана шена тIевахийтича, тIаккха цхьа гIуллакх хила а мегара цунах,— элира цхьаммо. Массара а реза хилла кортош таIийра.

— Иза бакъду. Паччахь — иза муьлх-муьлха а санна вац!

Хевшина Iеш болчара дагалоьцура Туркойн махка бахийтина болу ламанхой цигара бовдар а: туркой бIаьрмециг нах бу, ур-атталла хьагвелча мала хи а ца ло цара. КIайн паччахь тоьлу царел. Иштта дуьйцура туркойн махкара юхабахка аьтто хиллачара.

Амма цу чохь ма чIогIа хьевелла Мураддий, Тарамий. Сихха чекхдалийта дезара хIара гIуллакх!

Ткъа цара цу чохь дуьйцуш дерг чIогIа гIуллакх дара. Мурада дIадолийра:

— ГIуллакх иштта ду-кх, делахь хIета, хьан йишех тамана уггар тоьлаш болу ши дин ло-кх оха. Ши сту а ло. Етт а ло.

— Собар дел ахьа, нуц мила ву?

— Тарамна нуц мила ву хаа лаьа? —ойла йира Мурада.— Арсби ву муха эр ду кхуьнга? Иза-х чIогIа къен стаг ву, шайн болу а, боцу а гIирс вовшах а тоьхна цуьнан там дIаберзо гIерташ бу доттагIий. Шена луъург хуьлда кхунах!» — кхидIа а дуьйцура Мурада:

— Иза — уггар дика стаг ву-кх.

— Хьал долуш вуй?— шена дашо хазна карийча санна, Тамаран ши бIаьрг серлабелира.

— Хlан-хlа,— цецваьлла дlахьаьжира Мурад Тараме: «Ткъа эхь а ца хетий хlара санна волчу къонахчунна хьоле сатийса?» — дагадеара цунна.

— Вевзий хьуна Арсби? Вуьйцуш хезний хьуна иза?

— Хlа-а-а... иза ву и...

— Вате, вате, иза ву хьуна, иза!

Масех секундехь вистхила ца хlуттура Тарам.

— Делахь хlета, Мурад,— эххар тlаьхьа къамел долийра цо. — Шен цlе къонахчуьнан цlе хилар гайтина Арсбис, ткъа... ахьа дина дехар бахьана долуш,— ткъа тхуна хьо дика вевзаш ву,— юьту аса ккхузахь сайн йиша... Ца оьшу тхуна я хьелий а, я стерчий а, я говраш а. Хlумма а ца оьшу.

Iодика а йина, неIарехьа дlавирзина иза, тlаккха а юха а вирзина элира цо:

— Мурад, тхан юьрто гуттар а ву хьо къонаха а, бакъ стаг а лоруш...

— Баркалла, баркалла,— Тараман къамел юкъахдаьккхира Мурада, ша хестовар дезаш вацара иза.

— Тхан юьртахь латтош дерг хала Iазап ду. Я стерчех а, я уьстагIех а буха хlума ца дисина... Ерриг буц а хьаькхна дlаяьккхина, алах буха хlума ца дитина—доллу хlума а цигахь лаьттачу эскаро хlаллакдина. Доцца аьлча, оха доьху-кх хьоьга: Петербурхе а гlой, тхох къинхетам бар дехар. Делан дуьхьа, дуьхьало ма е цунна!

Шен хьекъале ши бlаьрг лаьтта охьа а хьажийна, ойланашка велира Мурад, цуьнан хьажа юккъера а, гиччошкара а пхенаш дусаделира, тlаккха Тараме дlахьаьжира иза:

— Сайн ницкъ кхочург, дерриг дийр ду аса.

Мурадан хlусаме доссийна Арсбин нускал, Диди, хиларан хьокъехь долу керла хабар, оцу сохьтехь юьртахула чекхделира. Кхуза схьаэха буьйлабелира дукха хан йоццуш ловзаргахь цуьнца цхьаний сакъоьруш хилла болу мехкарий. Шайн тоьлаш долу духарш а дуьйхина болчу цара, нускална го бинера, хазчу дашца а, деанчу совгIатца а цуьнан самукъадаккха гIертара уьш, цхьаболчара дашо басахь сир лаьцна йолу тегна хlуманаш дlакхийдайора, вукхара вовшашка бlаьцаш йора. Эххар тlаьхьа цара дlадолийра, ловзар хилале хьалха шайн ворхIа а дайшкара дуьйна схьадогIуш а, шайн ворхIа а наноша лелийна а дерг: нускал гайта баьрчче кирхьанна тlехьа дIа а хlоттийна, шаьш дехьа чу бахара уьш.

Мехкарий дехьа чу ма бахханехь, схьа чу эха буьйла-белира зударий: схьа тIе а йогIий, кирхьанна тесна бой дIа а тоттий, нускале бIаьрг а тухий, дIайоьдура цаI. тIаккха шозлагIниг йогIура, кхозлагIниг йогIура. Хаа лаьа-кх хаза ду-дац нускал, сийна бу, Iаьржа бу цуьнан ши бIаьрг.

ВаьштатаьIIина дуткъийра балдаш а долуш, хенал хьалха юьхьа тIе девлла хершнаш а долуш йолчу озачу зудчо, меллаша кирхьа дIа а теттина, къайллах нускалан лере а яхана, элира: «Со санна Iовдал ма хилалахь, массо а хIуманна тIехь къар а лой, кIел ма сацалахь. Майрачуьнца дийца хаза дийца, амма иза дуьхьалара дIаваьлча, марчо тега цунна».

УьйтIа еара Арсбин нана. Цхьа куьг бIаьргашна пел дуьхьал а лаьцна — вукху буйнахь яхьаш цхьа хIума яра цо — кертахула дIа а, схьа а бIаьрг туьйхира.

— Мичахь ду нускал? Муьлхачу чохь ду иза? — хаьттира цо. ТIедуьйхина гIийла барзакъ дара, кога туьйдина тиша мачийн бахьанаш яра, сихха нускал долчу чу а яхана, кирхьа дIа а теттина, мегарг нускале хьажа а хьажале, цунна мара иккхира йоккха стаг.

— Дукха ехалда хьо, сан хьоме кIорни! Сан хаза йоI! Гайтал суна хьо... гайтал, гайтал!

Ша еана шаршо схьа а яьстина, буьззина чохь моз долу Iайг схьа а эцна, нускале дIакховдийра цо: дIакхаллал сан йоI! Иштта моз санна мерза хуьлда хьан яхар!

Дехьа чохь лоькхуш кехатан пондар а, детташ тIараш а дара: «ХIорс! ХIорс!»—мохь бетташ хелхавуьйлуш вара цаI, ши бIаьрг а къерзош. НIаьна санна кхийса а луш, го туьйсура цо, Джона хьалха а воьдий кога буьхьар а хуьттуш бухь бугIура, ткъа цо чIоггIа тIараш деттара. Тоьпан юьхьиг тховх хьала а ерзийна, лаг уьйзира ТIатIаша. Iадол чIогIа тата делира. Амма цхьаммо а бIаьрган негIар дIа а ца туьйхира, мелхо а синкъерам алсамбелира топ яьлча: хелхар дан а дуй топ а ца кхуссуш динарг? Джона луллахь, хола санна боккхачу месал куйна а вахана Iеш волчу стага, юкъахара схьа а яькккхина, хьалха кхоьссинчу тоьпана жоп луш нохчийн тапча кхоьссира.

Синкъерамехь Арсби вацара: зуда ялийнарг цигахь хуьлуш Iедал дац. ХIунда ца хуьлу? — иза цунна шена а ца хаьа. Хууш дерг цаI ду — дайшкара дуьйна схьадо-

гIуш иштта Iедал хилар. БIе шо а кхаьчна болчу бакхийчу наха боху: иза Iадато тIедиллина.

Арсби Жабраилан сов цIа чохь дIалечкъина вара. СовгIатана диллина хилла долу барзакъ — шен уггар тоьлаш болу гIирс тIе а буьйхина Iеш вара нуц. Цунна тIехь яра хьалахIоттийна кач а болуш йолу гIовтал а, цунна тIехула дуьйхина ламанан машех дина бустамаш долу чоа а, коьртахь керла бина куй а, башлакх а. Кога юьйхина гоьллец йогIу маьхьсеш а, царна тIехула буьйхина кIархаш а, юкъах йиххина шаьлта а яра.

Зуда ялийначул тIаьхьа цхьана дийнахь бенойн, гендарганойн тайпанех вейтта-пхийтта стаг ша волчу дIагулвира Жабраила.

— ХIа-хIан, доттагIий, ладогIалаш! — вистхилира иза цаьрга. — Шуна ма хаъара, Арсбина зуда йоссийна. Ткъа зуда ялийначу стагана шен хIусам а, керт-ков а оьшу. Вайн Арсбин иза йолуш яц.

— Хуьлуьйтур ю вай цуьнан шен хIусам! — маьхьарий туьйхира гулбеллачара.

Кеч а дина долу хьокхий а, серий а, дIадогIа бIогIамаш а, дукъош, поппарна латта а — берриг гIирс сарале тIеуьйзира доттагIаший, тайпанхоший. И берриг гIирс охьабиллира Арсбин нана ехачу керта, цигга цара тIебигира шайн зударий, мехкарий, йижарий, вежарий.

Зурманча а, вотанча а веара. Шен чIижаргIа бете хьала а ехьана, беснеш а юсийна дIахIоьттира зурманча — зурманан дуткъа аз дIадоладелира. Зурманчин накъосто ша лаьттачохь вота шен голашна юкъа а Iаьвдина, цкъа хьалха дIайолош цунах шозза-кхузза цхьа гIаж а тоьхна, тIаккха важа а етташ, тIаьхь-тIаьхьа чехкайоккхуш, вота етта йолийра.

— ХIа-хIане! — мохь туьйхира цхьаммо, хелхаран бал дIаболабе бохучу кепара. Амма и мохь тоьхча тIехьаьлхина болх дIаболийра адамаша — цхьабосса а, сихха а. Доллу хIума ка долуш а, хIор дийнахь шайн цIахь дечул дуккха а чехка а дора цара. Зударий бара ча а, кегаш а тухуш, тIе хи а детташ, сихбелла поппарш беш; божарий бара дукъош хьоькхуш, хедош, уьш дIанисдеш, бIогIамаш дегIа оьрнаш дохуш.

Зуда ялийнчу кхозлагIчу дийнахь хIусам йина яьллера. Цхьаьннан меттина хьалахIоьттинарг, кхо цIа дара. Хьалха эрна аре хиллачу меттигехь, гонах йина серийн керт а йолуш, уьйтIахь сакъералуш декаш хьозий а до-

луш долу керт-ков хилира хIинца. Арсби чохь Iен волчу хIусамах букъ а тухуш, цунах а хоьттина Лечина божал а дира.

Малх чубуззучу хенахь баьхкира Диди цIа йига. ХIинца иза цIа юьгу зама тIекхаьчнера. Дуьххьалдiа басар хьаькхна хиларна уггар тоьлуш болу гIирс лоруш йолчу варданна тIе нускал а хаийна, новкъа бевлира уьш.

Ларга а лергина йолу шен Iаьржа маж а шаръеш, керла йинчу хIусамна чохь хиъна Iаш вара молла. БIаьргашна уллора цуьнан шуьйра беснеш а, можана кIелхьара лаг а даьшна дара. Цхьа а жайна а, я кехат а ца дахьаш веанера иза: шериIато церан меттина магош ву ши теш, малар молуш а, цигаьрка узуш а уьш бацахь.

Арсбий, нускаллий цу чу далийнчу хенахь, малх ах дIабуьзна бара. Хьеначу бIаьргашца леррина цаьрга хьоьжучу моллин дагахь дара: «Ма аьтто хили-кх ялхочун! Муьлхха а молла хьаьгар ву кхунах-м! Цхьа кIира хьалха аса ялийнчу шозлагIчу зудчал дуккха а хаза ду хIара нускал-м...»

— ХIа-хIан, вовшашна реза дуй шу шиъ? — дIаволавелира молла.

Я Арсбис а, я нускало а цунна жоп ца делира: и саннарш муха дуьйцур ду? Уьш дийцича, эхь ду.

— Дист ма ца хуьлу шу? Я аса хоьттучунна жоп дала ца лаьа шуна?

Моллега цIеххьана бIаьрг а тоьхна, юха а оцу минотехь корта охьатаIийра Арсбис. Молла нускалехьа дIавирзира. Иза шега леррина хьаьжча, цIий а елла, корта белшехьа дIаберзийра цо.

— Ванах шу шиъ ший а ду эхь хеташ? ХIа-хIан,— тешашна тIевирзира молла,— тIечIагIал кораш!

Чохь бодаш хIоьттира.

— Хьан цIе хIун ю, йоI?

Шен ши бIаьрг шуьйрра схьабиллира нускало. Жоп дала хIинца эхье дацара.

— Селима ю,— меллаша элира цо. Са а ца доIуш лаьттара Арсби: «Шена лаахь Селима а хила-кх. Амма хIуъа хилла латтахь а, аса-м Диди эр ду цунах», — ойланаш йора цо.

— Моллас кхидIа а хоьттура:

— Хьан да мила ву, Селима?

— Мескар-Эвларчу Аьстамиран йоI ю со.

— Хlей, Арсби! — цуьнгахьа дlавирзира молла. — Аьстамиран йоl, Селимех хьайн зуда ян реза вуй хьо?

Арсбис жоп ца делира, амма иза эхь хетта ца lийра. Иза кхоьрург кхин гlуллакх дара: шена вониг дахьаш цу чу веана, арахьара хийраниг хиларна кхоьрура иза. Тай а деана, цунах шеддаш дан тарлора. Тlаккха бохам хила кичча бара, иза барт бухург хиларан билгало ю: и шеддаш юха схьадастталц, зуда майрачьунан кара йоьрзур яц. Я молханаша а, я пал тийсаро дан гlо хир дац.

— Вист хlунда ца хуьлу хьо? Аса шозлагlа а хоьтту хьоьга — Селима хьайн дола ерзо реза вуй хьо?

Моллас кхозлагlа а дийр ду хаттар. Амма нагахь зуда ялийнчо тlаккха а жоп ца лахь, оцу минотехь, и хаттар дина ма деллинехь мах баран гlуллакх доха а духий, кlелдуьсуш ду.

Схьадийцахьа аса сийдеш волу молла, хийра стаг-м вац кху чохь? — изза хатта кхиира Арсби.

— Хlа-хlа- а... хlинца кхета со хьан дагахь долчух! Цунна са ма гатделахь, ши теш воцург кхин кху чохь цхьа а ца хилийтархьама, аса шен хеннахь гlайгlа бина. Жоп лой вала: реза вуй хьо иза хьайн дола ерзо...

— Реза ву, реза, — сихвелира Асрби, — муха вац реза, ву дер-кх со-м.

Ткъа хьо, Селима, Аьстамиран йоl,— Дидехьа дlавирзира молла,— хьайн лаамехь маре йодуш юй беночуьнга, Арсбига? Я нуьцкъала ялийна хьо?

Юха а са ца доlуш сецира Арсби, кийрара дог детталуш дара. Бодашкахь моллина гуш санна, корта таlийра нускало.

— Йист хlунда ца хуьлу хьо? Хьайна лууш еаний хьо?

— Сайна лууш еана...

Молла дlавахча, корана дуьхьал оьллина йолу хlума меллаша дlа а теттина, шен хьоме нускал мара а доьллина, кlеда-мерза лардеш деган безамца кара а эцна лаккха хьала а айина, юха а шен марахь сацийра Арсбис. Хlинца цунна дика гуш бара кlеззиг хьаббина болу цуьнан. ши бlаьрг а, кlайчу цергийн ши могlа а.

— Сан дог! — мара къуьйлура цо иза. Цу шиннан балдаш вовшашна тlеттlакхечира. Цуьнан бlаьргашна, гиччошна, кlажаршна обанаш бохура Арсбис, довхачу дийнахь ткъех чаккхарма ведда вахча санна кlад а велла дlатийра иза.

Селимас доьIучуьра са сацийра: вист хIунда ца хуьлу иза? Меттах ца хьов иза? Кхераелла хьала а айаелла, цуьнан хьаьжа тIе куьг диллира цо «ой, ой... цIе санна вогуш ву-кх хIара!» Арсбис цунна тIе куьг хьаькхира: «хIумма а дац, кхера ма ло хьо». Корта Арсбина тIетовжийра Дидис, ткъа цунна атта хилийтархьама, вукхо гоьлехь сатта а бина, шен пхьарс цунна гIевланга биллира. Чу даш а доьттина, дуьзча санна, пхьаьрсан пхенаш дусаделира.

Оцу нуьцкъалчу пхьарсана тIе а тевжина Iуьллучу Селимина дагадеара Арсби динахь бердах чуваххаза висар, цунах, берах санна, къахийтира цунна. Кхин а чIогIа тIе а тевжина цуьнан пхьаьрсана оба элира Дидис.

— Ма ирс долуш ю-кх со! — элира цо.

Мерза а, велла дIаваллалц хьоме а дара Арсбина и аз!

— Сан дог,— цунна велакъежира Арсби. — ХIокху дуьненахь уггар ирс долуш верг — иза со ву! И ирс суна делларг хьо а ю...

## КОРТА V

### I

Деза, пIераскан де дара. Юьртахой, хIинццалц санна, рузбанан маьждиге а гулбелла, шайн къиношна гечдар, дуьненахь а, эхартахь а шайна диканиг далар доьхуш доIанаш деш бара.

Маьждигана чуьра араволучу хIоранна а моьттура дуьненахь уггар а цIена стаг ша ву, амма оцу чуьра ара а ваьлла, цигга майданахь иза саца ма сеццинехь, цуьнан дахар юха а чIогIа вонаш деш, къинош лиэтош, озабезамаш беш дIадолалора.

Маьждигана хьалхахь гулвелларг кхо бIе стаг хир вара. Вай даьлча санна, гIовгIанаш евлира оцу майданахь: цара массара а дуьйцург цхьа гIуллакх ду а, я уьш вовшашца девнаш деш бу а — хууш дацара. ЦIеххьана гIовгIанаш дIатийра. ТIекхоьллина верта а, кочахь башлакх а йолуш волу цхьа стаг нах дIасатуьттуш юккъе а ваьлла, моллин карахь долчу къорIанна тIе пIелг а бетташ, шен ши бIаьрг гонах болчушка дIа а хьежош, дIахIоьттира:

— Хlокху делера доьссинчу къорlанца дуй бии-кх аса! Хезий шуна? Хlокху къорlанца!..

— Хlан-хlа, хlан-хlа! — цхьаммо беттачу маьхьаран озано юкъахваьккхира иза, — хlан-хlа, ца теша со!

— Ца теша тхо! — гlовгlанаш ехира тобано.

— Хlей нах! Сатохалаш! Аьлла валийта иза! — гlо даьккхира юьстахо лаьттачара.

— Хlокху къорlанца дуй бии-кх аса! — массарчул а чlогlа мохь туьйхира верта кхоьллина волчу стага. — Хlинца чул тlаьхьа кхин къола дийр ма дац аса! Дийр дац! — шен ницкъ ма кхоччу кхин а чlогlа мохь туьйхира цо. Хьал ца хуучунна моьттур дара къола дечуьра иза сецча, царна дечу диканах цо уьш массо а кlел вуьтуш ву.

— Хьовсур вай! Моссазлагlа бууш бу ахьа и дуй?

— Наьlалтах ма волийла со, нагахь хlинца айса биъна дуй аса къарбахь!

— Теша тхо! — цкъа гlовгlанаш а яьхна, юха а дlатийра адамийн тоба. Массарна а хозуьйтуш мохь беттара цхьана кхечо:

— Хlа-хlане, ладогlалаш! Сан чохь обарг Эскас буьйса яьккхина бохуш, бехке веш ву со! Маца дара иза? Мила ву шух иза чlагlда йиш йолуш верг? Хlан-хlа, иза бакъ дац! Ткъа делахь хlета дlаяздейша Буритlарчу воккхачу инарле, обарг Эскас сан чохь буьйса яьккхина яц, алий! Дlаяздийр дуй аша? — массаьрга а мекар бlаьрг тухуш чекхвелира иза. Юьртахой бист а ца хуьлура. Цхьаберш белакъежара, цхьаболчара кортош охьадахийтира, цхьаберш дlабирзира, цхьаммо тlехьашхула шайга кхойкхуш санна, амма массарна а дагахь дерг хlара цаI дара: «Ма хlилла долуш стаг ву хьо! Ма аьшпаш буьтту цо! Массарна а юьхьа дуьхьал а хlоьттина буьттийца!»

Бина лаьттачу гонна юккъевелира цхьа оза а, гlийла а кхозлагlа стаг. Этlа а эттlа долчу шен чоьин тlомаца, шен юьхьа тlе даьлла хьацар дlа а даьккхина, гlийла хаттар дира цо:

— Мегар дуй со вистхила?

— Хун ду хьо ала гlертарг? — аьлла, цхьа вон цунна тlе буьйгlира шен ши бlаьрг Хьажбекара.

— Шуна хууш ма хиллара, юьртара сан дакъа... и со Iаш волу меттиг... шоралла цхьа сажий ах сажий жимъ-

елла, ткъа йохалла, цига, лаха буха хи йисте йоьдучу меттехь — пхийтта сажа яцъелла...

— ХІинца юха а иза дуьйцу ахьа? — цхьаммо юкъахваьккхира иза.

— Со дийца хІунда ца вуьту цара? — бІаьргаш ирах хьовсийра къечу стага. Шега цхьа вон буьрса хьоьжучу шен лулахойх бІаьрг а кхетта, юха а корта охьабахийтира цо.

— Буьйсанца тхуна юккъера серийн керт сан декъа тІе чуоьзна цара,— оьгІаз а вахана чІоггІа мохь туьйхира цо. — Сан дакъа жимделла, цераниг доккха хилла. Аса хІун дан деза? Хьаьнга ала деза аса? Дела ша воцург, гІо дан стаг вац-кх сан... Ва-а-а, сан сийлахь дела, ахьа мукъана а гІо дехьа сан!

«Ма гІийла стаг ву-кх, ма гІийла стаг ву-кх хьо»,— къа хийтира цунах Арсбина. Дукха кІад а велла гІелвелча а, гІийла ойланаш дукха йича а шен юьхьа тІе долуш долу хьацар, дуккхазза а дІадаккха дезна вара Арсби ша а. «Хьажбекара хІумма а гІо доккхур дац техьа цуьнгахьа а, соьгахьа а?» Ша вацош волчуьнга гІийла дІахьаьжира Арсби, амма хІинца вукхуьнан дагахь дерг кхин гІуллакх дара, оцу хабаршна эрна сецавора, ткъа цІахь билггал цуьнга хьоьжуш лаьтташ мерза даар дара — кхехкийна уьстагІан жижиг а, дума а, можачу ахьарх йина галнаш а, кхерзина хІоаш а, чІепалгаш а, шекаран чай а...

— Сан а ду ала дош! — юкъавелира Арсби. — Мегар дуй? Пхьоьха йист а ца хуьлура, амма цхьа а вист ца хиларехь хаалуш дара цо бохург къобалдеш хилар а, вист хила цунна бакъо луш хилар а.

— Шуна хууш ма хиллара, хІокху юьртан спискина юкъахь ларалуш ву со а. Амма хІинццалц схьа латта хилла вац со, хьаьжкІаш ен кІеззиг мукъана а латта ма дезара суна.

КхидІа вист а ца хуьлуш сецира Арсби: тапп, аьлла тийна ладоьгІуш адамаш хиларна, эхь хийтира цунна. БІаьргаш лаьттан бІаьра хьовсийра Арсбис.

— Спискашна юкъахь ларалуш-м вара хьо,— хезира Арсбина,— амма лаьттан дакъа мичара даьккхина лур ду хьуна?

— Лаьттан дакъа дала деза цунна! — Арсбигахьа гІо лоцуш, маьхьарий деттара цхьаболчара.

— Собар делаш, хIай нах! — чугIертара важаберш. оьгIазаллица бIаьргаш а къерзош.

— ХIей, стенна до собар?

— Собарде! Лаьтта тIехула гIовгIанаш хIунда йо? Ойла ел аша, вай латта ца делча а, дала вахарна аьтто бан мегий цуьнан-м? Бакъ дуй иза, молла?

— Бакъду! Шех тешаш верг дала вицвийр вац! Массо а бусалба—делан лаамна кIел сецна хила декхар ду...

— Амин!

— ХIунда бац уьш суна лаьттан дакъа дала реза?— цецвелира Арсби. — Нахана ца вевза ткъа со? — пхьоьхане бIаьргтуьйхира цо.

— Ва-а, бусалба нах! Шуна хууш ду, со даима а болх беш схьавогIуш хилар! Iай со шелло ца аьлла аса! Iай а, аьхка а аса лелош дерг цхьа барзакъ ду. Муьлхачу балхана дуьхьало йина аса?

Iасанна тIе а тевжина лаьтташ вара Хьажбекар. Цунна улло хьийзаш бара молла а, Хьамзат а, Туган а, верстина ИбрахIим а, цуьнан ваша Бакар а, я саьхьара бIаьрг Бакар, аьлла Жабраила цIе тиллина волу.

«Вист хIунда ца хуьлу иза? Цхьа дош мукъана а алахьара цо! Ма тамащийна гIуллакх ду хьо? Массарна а чул дика ца вевза цунна со, аса болх муха бо ца хаьа цунна?» — ойланаш йора Арсбис.

— ХIа-хIа, бусалбанаш! — юха а къамел долийра Арсбис. — ХIинца доьзал а бу сан. Керт-ков а ду, хIусам а...

— Иза массарна а хууш ду!—мохь туьйхира Джос. Оха йина цунна хIусам — асий, Жабраилий, ТIатIаший...

«Аса ца дина охана? Аса ца хаькхна мангал? Царна хууш дац иза? — сихбинна бIаьргаш беттара Арсбис: гонна говраш хахка дIайолаялале хьалха, цуьнан хилла йолу гIийла ойла хилира Арсбин: сел дукхачу нахана юккъехь, эрна арахь ша цхьа волуш санна хетара цунна, ткъа цара деш долу къамелаш, геннара схьахезаш хетара цунна.

— Хьажбекар къамел дан воллу,— Арсбих муьшка Iоьттира БатIала. Лаккха корта хьала а айина, гонах лаьттачийн белш тIехула, диканиг цо аларе сатуьйсуш, Хьажбекарна тIебоьгIначуьра ши бIаьрг дIа а ца бокхуш, хьоьжуш лаьттара Арсби.

«ХIинца Хьажбекара пхьоьхане эр ду. Цунна дика

хаьа, ша ала дезарг,— цо диканиг аларе сатуьйсуш, доккха са даькхира Арсбис».

Шен Iаса хьалха дIа а гIортийна, вовшашна тIеттIа диллинчу шина куьйгаца цунна тIе а тевжина, ойлане а ваьлла, пхьоьхане бIаьрг туьйхира Хьажбекара. Эххар тIаьхьа Арсбих бIаьрг а тоьхна, лаьттан бIаьра а хьоьжуш, сих а ца луш, дIадолийра цо:

— Цхьа хьаькам вара со волчу веана — крепостан начальник. Цхьацца гIуллакхех лаьцна, тайп-тайпана къамелаш дина тхойшиъ ваьлча, цо соьга элира: «Хьажбекар! Шайн нахе дIаала»,— иштта-м дера элира... «Шайн нахе дIаала». Шун пхьоьхане дIаала бохур-кх цо иза. Доцца аьлча, Органал дехьарчу Чехкар-гIалахь, казенни гIирсаш бу, паччахьан, царна ха дан деза. Цигахь везаш буьйсанан хехо ву. Шун пхьоьхано сацам бан беза: мила вахийта цига?

— Цхьа а вахийта ца веза! — цIехьана мохь туьйхира Мурада.

— ХIунда ца веза? — дуьхьал велира Хьамзат, балдаш а саттийна.

— Цхьа а къасто ца веза! — гIовгIанаш ехира, Мурадана тIаьхьахIиттинчу беноша.

— ХIан-хIан, къастор ву вай!—цхьабосса маьхьарий туьйхира ИбрахIимий, Бакарий. И хьолахой шаьш а бара беной, амма дуьххьалдIа цхьана тайпана шаьш дара аьлла, муьлх-муьлха а йолчу писашна тIаьхьахIитта муха мегар ду ткъа? Хьамзаттий, Туганний кхин а дукха гергара ву ИбрахIиман, Бакаран. Уьш беной ца хилар хIумма а новкъа дац, амма церан дезарш цаI ду. Цундела ИбрахIима оцу сохьта гIо даькхира саьтто волчу хьолахочуьнгахьа.

Амма беношкахьа гIо даькхира къехой болчу гуноша кхаа вашас — Шахьболатий, Жамболатий, Хасболатий.

— ХIинцца шен гIуллакх ма дийцира Арсбис! Шена лаьттан дакъа даларан хьокъехь дехарш ма дора цо! Къамел а ца дойтуш юкъах хIунда ваькхира иза? Лаьттан дакъа дан деза цунна! — бохуш, маьхьарий деттара цара.

ГIовгIанаш евлира. ХIораммо а шен-шениг дуьйцуш мохь беттара. Эххар а цIехьана хьалха юкъавелира Жанхот.

— ХIа-хIа-а, нах! Арсби вайн юьртахо вуй? Ву. Кхи-

берш санна иза хуьлийла а, цо шена яа сискалан юьхк йоккхийла а хIунда ца лаьа шуна? Латта ца тоьуш ду? Тоьу. Мел ду Хьамзатан латта? Ткъа Туганан мел ду? Цуьнан а шортта ду! Ткъа ИбрахIиман мел ду? Хьажбекаран мел ду?..

— Тхуна паччахьо ша делла латта! — аьлла, цунна юкъаиккхира Хьамзаттий, ИбрахIиммий. — Иза ца хууш ву хьо?

— Паччахь хунда вуьйцу? Вайх муьлхарниг, муха вехаш ву гина ткъа цунна? Асрбина латта дала деза!

— Дала деза!— бохуш, маьхьарий деттара пхьоьханна юккъера схьа.— Ца хилча мичхьара доьхур ду иза?— маьхьарий деттара резабоцчара. ГIовгIанаш тIаьхьтIаьхьа стамлуш яра. Деш долчу къийсаршна а, девнашна а юккъехь хезаш дара кхуьйсуш долу туйнаш а.

Амма оццу хенахь Хьажбекарна тIе а веана, цуьнан лере а вахана, къайллах цхьа хIума элира цуьнга бIаьрмецигчу Бакара. Вукхо ла а доьгIна, корта таIийра.

— Схьавоьл кхуза, Арсби! — тIекхайкхира цо цуьнга.

— ХIор стаг шен сий долуш хуьлу,— дIаволавелира иза. — Хьан да гIараваьлла дика иччархо а, башха дика бере а вара. Болат дахчо чIогIа говза стаг а вара иза. Массо а къонахчо олуш дара: сан тур Арсас шен куьйгашца ирдина ду. Хьан да Арса — наха доккха сийдеш вара. Ткъа оцу Арсас бухавитина, цуьнан кIант Арсби ву. Арсин а дацара латта — Арсбин а дац латта. Латта а доцуш вехира Арса. Ткъа Арсби — Арсин кIант, вахалур вац ткъа латта ца хилча?

— Нийса боху! — хазахийтира саьттошна. Хьажбекара гIуллакх кхечухьа хьовзийра. Амма беной Iад ца Iара. Юха а маьхьарий детташ гIовгIа яьккхира. Арсбигахьа дIавирзира Хьажбекар:

— Иштта дац ткъа иза? — хаьттира цо.

— Иштта ду,— жоп делира Арсбис, амма хьаьжа тIе хьацар туьйхира.

ТIевеанчу Джос реза воцуш, корта ластийра:

— Вон стаг ву Хьажбекар. Цо даарш даарх, хьо вузуш вара ткъа? Ткъа гIап йинарг мила ву? Паччахь ву. Тфуй, наьIалт хила Хьажбекарна! Цо боху — ларъян еза. Ткъа хIунда ларйо иза? ЖIаьла ду иза.

Оцу кепара марсаяьлла цкъа а хилла яцара пхьоьха. ХIинцале садов хан герга кхаьчнера, акхтаргийн Iин-

дагI дахделлера. Шайн-шайн чудерза дуьйладелира адамаш. Маьждигехьа дIа а вирзина, момсарна тIехь гучувелира молла. Хьаладахийтинчу куьйган кераюкъ, сатта а йина бете а ехьна, деха дуткъачу озанца молкхайкха волавелира иза.

— ОллохIу оккабар, оллохIу оккабар, оллохIу оккабар!

Го баьккхина момсаран вукху агIорчу коре вахара молла:

Хьий-я-Iалас-сала-ат! хьий-я-Iалас-са-ла-ам!..

Юха а го баьккхина, кхозлагIчу коре а вахана кхойкхура иза:

ОллохIуоккбар! ОллохIуоккбар!

## 2

ВорхIазлагIа буьйса а яра казенни гIирс ларба Арсби Чехкар-гIала оьхуш волу, ша мосазза воьду а ойла йора цо: «Хьажбекара аьлла ду: алапа оьцур ду ахьа. Ахча Iаа а дай, хьайна лаахь соьгара йолах лело латта эца.».

Арсбис ша-м мах а ца боккхуш лаьттан кийсиг лур яра, оццул дукха шерашкахь, маьхза шена болх бинчу стагана, ша иза дийриг хиларна дуйнаца чIагIо ян а кийча вара иза. Амма хIун дан дезара? Латта оьшура цунна. Латта хилчхьана — накъосташкара стерчий а, нох а дехна кха тIе гIур ву иза. Цо охана деш хьоьжуш Диди а хир ю!

Органал дехьа а ваьлла, готтийчу урамашкахула дIа а вахана, хехошна динчу цIа чу вахара Арсби.

— Салам Iалайкум, ТIунтIа! — салам делира цо, буьйсанца шеца хехь волчу, шен накъосте.

— Ва Iалайкум салам, Арсби! Юьхьа тIехь ма беса ву хьо?

— Дагахь бала бу суна.

— Юьхьа тIера бос вон бу хьан... Сагатдеш бала ма бе хьайн дагна. Кестта ахча лур ду вайшинна. Ахча — доккха хIума ду ахча долуш велахь — хьо стаг ву, ахча дацахь — цхьа а мах бац хьан. Ахча — иза доллу хIума ду.

— БIаьргаш а хьабдина Iуьллуш вара Арсби. Шен ойланаш еш вара иза.

— Наб кхеттий хьуна? — хаьттира хехочо. Меллаш ши бIаьрг схьа а биллина, юха а дIахьаббира Арсбис.

— Хьуна наб кхетта моьттура суна-м. Бакъду: ахча долуш хьо велахь — дерриг хьан хир ду... Иза хIун дара?— корта айира цо. — Хезий хьуна? Татанаш. Билгал цаIIа-м ву схьа тIегIерташ: казенни говраш йига гIерта! Валолахь?

Бирданг схьа а эцна, текхна чуьра ара а ваьлла, бертал вижира ТIунтIа.

— ХIун дан гIерташ ву хьо?—хьалаайавелира Арсби.

— Топ кхосса воллу со, ца кхоссахь говраш йига тарло. ТIаккха алапе даха дог дац.

— Ма кхоссалахь: со воьду цига. Нагахь санна къу велахь, дIагIо, дIавала эрду аса.

— Хьерваьлла хьо! Топ тоха еза, ткъа хьо — дехарш дан воллу.

Бирданг белшах тесира хехочо. — «Хьа-хьа-хьа, кьуьне до дехарш!» — матта юккъехула вист а хилла, топ йожийра цо.

ЧIоггIа елира топ. Цуьнан тата генна дIадахара, юха а доллу хIума гонах дIатийра. Цхьаммо а дуьхьал жоп ца делира, орца а ца даькхира: масане кхуьйсу кхузахь тоьпаш.

Малх схьакхеттачу хенахь гонах хIун ду хьажа вахана волу ТIунтIий, Арсбий цхьана жимчу борза тIехь, бертал Iуьллучу стагана тIеIоттавелира. Арсбис аркъал ваькхира иза. Цунна кIел Iуьллуш топ а яра, дIаихначу цIийн Iовраш а яра. «Ой, ой, гиччу уллохь детта лаьтташ цIий ду!» — дIа а карчийна, иза деш Iедал ма хиллара, иза бакъахьа а верзийна, ТIунтIе дIахьаьжира Арсби. Воьхнера важа, церга балда а лаьцна, шуьйра бIаьргаш а къарзийна ша воллучохь меттах а ца хьовш, лаьттара иза. Иштта вовшашна дуьхь-духьал а вирзина лаьттара и шиъ — хIоранна а дагахь дерг цаI дара: «Тхойшиннех цхьаннах хIинца мостагIалла доьлла». Нийсонца-м мостагI — топ кхоьссинарг вара.

Докъана тIе верта а тесна, карахь юьйлина тоьпаш а йолуш, юха а хьожуш, юьстахвелира ши хехо. ТIунтIа сецира.

— Арсби, — элира цо,— аса вийначу стагана дуьхьал вуьйр ву со. Вен лууш ца вийна аса иза. Гуш а вацара суна иза. Топ ирах а ерзийна кхоьссира аса, амма цунна

иза муха кхетта — суна сайна а ца хаьа. Доьзал дукха бу сан, дуьххьалдIа сан диъ бер тоьур ду кхин хIумма а ца хилча а. Со хIинца жима а вац... Бераш а эцна къайла мичхьахь вер ву со? Аса доьху хьоьга—мостагIалла хьайна тIе а эций, тхо марша дахар.

Воккхачу ТIунтIас дехар дира, Арсбис иза кхочуш а дира: оцу кепара дина дехар кхочуш ца дича ца долуш Iедал ду нохчийн. Кхин цкъа а вовшашна гуш а воцуш, цхьацца нхьа дIа-схьа къаьстира и шиъ.

ВогIу-уш шен эвла йисте кхечира Арсби. Цунна тIехула тхов санна лаьтташ кIур бара, ткъа маьждиган момсарна тIера схьахезаш, векаш кхойкхучу моллин аз а дара.

Веъана шен хIусаман неIаре хIоьттира Арсби. Чу муха гIур ву со? Чуваха ца хIуттуш сецира иза. Оццу минотехь топ елира, цуьнан коьртара куйн а божош. «ДIадоладелла хIара», — ойла хилира цуьнан. Стаг вийнийла кестта массарна а хуур ду, ткъа чIир такхар цхьаммо а тIаьхьатоьттуш ца хуьлу. ХIинца чуьра ара а ца волуш Iен дезар ду сан: тхан стаг а вийна, шена ма луъу волавелла лелаш ву эр ду, цуьнан маьIна сан карах веллачуьнан верасаш аса къонахий ца ларар лорур ду! Вайн стаг верал совнаха цу тIе сийсаз а дойца, бохур ду.

Жабраил волчу ваха дагахь хилира Арсби, амма иза луларчу юьрта, синкъерамехь пондар лакха вахана, цIахь вацара. Са даьржжачу хенахь хехочуьнан карах веллачуьнан цIахь гулбелла бара берриге а, го баьккхина хевшина Iаш зударий а болуш, цIа чохь тийжамаш беш йоьлхуш цуьнан зуда а яра:

— Ва-а-а, сан майра къонаха ЧIоччIа! Хьан корта белш тIехь мел бу, цо туьйсуш IиндагI дара, сайн берашца оцу IиндагIе дIалечъаш со а яра! ХIинца со йоьлхуш ю... Хьан кхобур ду вайн бераш? ЧIоччIа! Ва-а, сан майра къонаха, ЧIоччIа!..

Ша юьрта юха кхаьчча, Арсби волчу чувахара Жабраил. Кхузахь а дара белхарш: «Ма дика Iаш хиллера вай ахьа мангал а хьокхуш, охана а деш! — бала балхош яра Хедишт. — Ма хаза хан хиллера даккхий генаш долчу дитта кIелахь ахьа са доIуш ерг! ХIинца оха хIун дийр ду?!» — бала балхош яра иза.

Маьхьарца йоьлхуш яра Селима. Цкъа неIсагIе хьодуш, тIаккха коре хьодуш, хих буьзна ши бIарг а болуш,

ша шега лера иза: «Арсби, хIинца оха хIун дийр ду хьо а воцуш? ДIа ма тIохьа!..» — бохуш.

Цхьа накъост волчуьра важа накъост волчу а воьдуш, цунна хьалхара шийла даьIахкаш хилла иэга а кийча болчу, амма доттагIчунна тешнабехк хуьлуьйтур боцуш болчу, шен доттагIий болчохь дIалечкъаш вара Арсби.

Цхьана сарахь, гуттар а санна, Жабраил волчу чу гулбелла бара доттагIий. Массо а хIуманах лаьцна дара цара деш долу къамелаш, амма мостагIалла хьахош хIума дацара: я шайн а, я доттагIчуьнан а дагна халахетар дан ца лаьара царна. Пондар кара а эцна, пенах дIа а тевжина, мерзех пIелг тосуш чекх а ваьлла, Жабраила гIийла илли дIадолийча, гIайгIанашка велира Арсби:

Лаьмнашкара экха, со хьоьгуш ву хьох:
Майрачу турпалхой декъий ахьа дуу!

Арсбин бос байнера.

— КхидIа Iелац со! — элира цо хьала а гIаьттина.— Цкъа йогIур ю-кх вайна хан сайн доттагIашца цхьаьна шерачу арахь, я Органан тогIий чохь хьоьга илли алийта сан охьахаа йиш а йолуш, сайна луъучунна парггIат тIеваха сан бакъо а йолуш... Ткъа хIинца со дIагIур ву. Лаца а лаьцна чохь даллочу олхазаран дахар — дахар дац; чохь бодашкахь воллучу стеган дахар а — мерза дахар дац. Iодика йойла хьан Жабраил, шу массеран а Iодика йойла, доттагIий!

Хьаннашкахула, Iаннашкахула лечкъаш лелаш вара Арсби. Са хилча генна аьрцнашка дIавоьдура, ткъа буьйса йоьлча юьртана герга гIоьртура иза. Цхьана диттан гIодана тIе а тевжий, зуда йолчу, нана йолчу, доттагIий болчу ша кхачаран дагахь сурт а хIиттош, ойланаш еш лаьтташ хуьлура иза.

«Шуьца массаьрца а цхьаьна хила лаьа суна: доттагIашца, Дидица, ненаца, миска ю и ший, миска! Мича бахьанашна хилла ду хьо таIзар? Соьца чIир лелайо! Аса а лелор ю чIир вийначунна тIера а, сайна тIера а! Со, Арсин кIант обарг а хилла дIахIуттур ву! ДоттагIашна тIе а кхаьчна, цаьрнара топ а, патармаш а даьхна — лаьмнашкахула дIагIур ву со...».

Акхачу хьаннашкахула, Iаьржачу Iаннашкахула ша лелаш дIаоьхура лурвоьллачун денош.

## 3

Селима холчахIоьттина яра: бер хьулу хан тIекхаьчнера. «КIант хуьлда хьан! КIентан кIант хуьлда сан!»— бохуш, цунна гонах хьийзаш яра Хедишт.

ГIоьнна орцах баьккира лулара зударий, цара хIораммо а шега далу гIо дора, ткъа холчахIоьттина йолу Селима мохь хьоькхуш, холчохь яра. Зударша керчайора иза, букъ а, гай а чутеIадора, хьийзийнчу бехчалгашца тховх хьалауьхкура, цуьнан шен кIажарш хьарччайой, цуьнан бага а юххий, Iетторашка оьхуьйтуш, ирах кхоззучохь дIа-схьа лестайора.

Эххар а, бер хилира — сатийсина волу кIант. Цуьнан цIанга ден шаьлтанца дIахадийра.

Ткъа иза хууш а воцу цуьнан да, оццу хенахь хьуьнчуьра ара а ваьлла, цхьана ширчу новкъа юьртана гергагIерташ вара. «Маржа Жабраил, — ойла йора цо,— хьо волчу со вогIуш хилар, хьуна дагахь а дац-кх! Ма цецвер ву хьо, тховса обаргаца айхьа къамел деш! Хьайн топ суна а елла, со новкъа воккхур ву ахьа, ткъа вайша вовшах къаьсташ пондар схьа а эцна...».

Текхаш доттагIчуьнан цIенна улло а вахана, наьIарна тIе лерг диллира Арсбис: «ХIара хIун хила деза? Хан яьлла хан а ю, ткъа чохь — дуьйцуш хабарш, бохуш илли а ма ду...» — цецвелира иза.

НеIарх хIума а тоьхна, чу а вахана, цIенкъа юккъе дIахIоьттира тIера бедарш тIелхиг а евлла, мохо-малхо Iарж а вина волу Арсби.

— Охьахаа, хьаша, охьахаа! — доттагIашна ца вевзира иза.

— Муха Iеш ду шу, Жабраил, со вогIур ву аьлла хеташ дарий шу? — Арсбин кхоьлина юьхь-бIаьргаш, вела а къежна, серладевлира. Цо хаьн тIе куьйгаш дехкира.

— Ой, Арсби вац хIара? — леррина хьаьжира Жабраил.

— Арсби! — бохуш, маьхьарий а детташ, хазахеташ хьалалилхира доттагIий.

— Хьо а воцуш, хьан кхоана тIера кад молуш дара тхо: кхин цхьа Арсби ваьлла хIинца дуьненна чу, — доттагIаша охьахаийра Арсби.

— Нийса ду. Жабраил дика кхуьуш стаг ву. Бакъдерг аьлча, со хIинца чIогIа хийцавелла, кIентий! Тховс-

сехь новкъа воккхур ву аша со. Хlун ю шун кху чохь ерг, ниха ду хlара? Охьадотта, мер ду вай, ткъа ахьа, Жабраил, обарг Эскин илли алахьа суна! Аса...

И хlун бос бу Арсбин юьхьа тlехь берг? Безачу сингаттаман ойланаша вийна дlавоккхуш лаьтта-кх иза, амма хилларг шена башха а ца хетачу кепара гайта гlерташ, уьш лечкъа-м йо цо. Дlахьовсал хlинца юьхьа тlера бос байн цуьнан, гиччошна уллохь пхенаш дусаделла — хlинца юха а меттавеана... Жабраилна уьш дерриш а гора, амма хlунда гlерта церан дуьхе кхиа, стенна оьшу доттагlчуьнан деган кlоргера чов марсаяха?

— Хlа-хlа-а, доттагlий! — хьалаайавелира иза. Шу долчу кхача кхин аьтто хуьлий а ца хаьа. Уггар боккхах болу кад буза а бузий, дlадоладел, Джо!

Вахочу нихан кад а айина, мекхаш а тодина, Джо вистхилира:

— Хlокху цlеношна чохь lеш волчуьнан а, доттагlаллица кху чувогlуш мел волчуьнан а некъан ирс ма оьшулда! Серладовлулда, Арсби, хьан денош а! Хало а ца хьоьгуш яан сискал хуьлуш волчунна иза яа хаа а ца хаьа! Ирсе хуьлда ахьа мел хьоьгу къа а, ахьа мелбоккху ког а. Шен да а, де да а санна хьулда хьан кlант!

Пхьош хьаькхна баг а цlанйина, кад кхечуьнга дlабелира Джос. Хьаьжа юккъе шад а хlоттийна, сихха бlаьргаш а детташ, массаьрга а хьожуш чекхвелира Арсби: хlун кlант ву цо вуьйцург? — цецваьлла Жабраилехьа дlавирзира иза.

— Хьан зуда могуш ю-кх хьуна, — кад айира Жабраила, — нана а ю могуш. Хьо могуш хилчхьана, далла бу-кх хастам, тхуна оьшуш кхин хlумма а дац-кх. Тахана борхlазлагlа де ду хьан кlант дуьненна чу ваьлла. Пхи де ду хlор сарахь гул а луш, оха цунна тилла цlе къуьйсу, цу тlехь хlинца а хилла барт а бац тхан. Хlинца хьо хьуо а ву кхузахь. Дика гулделла ду вай тахана, дика цlе тилларца чекхдолулда хlара дезде!

Цхьа тlадам буха ца буьтуш кад дlамелира Жабраила.

— Оффай! Ма чlогlа ду хьо ниха-меха! Ма дика ю хьо суьйре-муьйре! Онда стаг хир ву Арсбин кlант а!..

Арсбина кlеззиг эхь хийтира. Ведда нана а, зуда а йолчу ваха лаьара цунна, хаза хир дара, набарх а баьх-

на, зударш баккхийбеш чухула дІа-схьа хьийзаш гуш а, ткъа агана чохь воьлхучу шен кІанта ен гІовгІа хезаш а. «Сан доьзалхо ву, — ойла йора цо, — кІант ву-кх сан... ялхочуьнан, лурвоьллачуьнан, обарган... ХІаъ ате со — обарг ву... тховссехь вала а ваьлла цхьанхьахула дІагІур ву со...»

— ХІун цІе туьллу вай хьан кІантана? — белш сатгийра ТІатІаша.

— Суна хаьа муьлхарниг тилла еза, — вистхилира БатІал.

— Муьлхарниг тилла еза?

— Арсжаб, — аьлла, Арсбин, Жабраилан ах-ах цІе тилла еза цунна.

— Джоарс! ТІатІарс! — бохуш, цІераш тохкура доттагІаша.

— Юха а гІуллакх ца хуьлу-кх вайн. Джо, ахьа алахьа хІун цІе тилла вай Арсбин кІантана?

— КІентан дега шега хоттур ду вай. — Массо а Арсбигахьа дІавирзира.

— Суна-м ца хаьа, Жабраил... Гуттар а забарш еш Іедал ду-кх хьан... Ткъа аса-м аб... абр...

Цкъа хьала а гІаьттина, башлакх схьа а эцна, юха а охьахиира Арсби. Хилларг диц муха дан деза? Когашна кІелхьарчу лаьттах йогІу бІаьстенан хаза хьожа, къоналла, дин, иза хехкар, зуда ялийна ловзар... уьш дерриг а диц а дина, дІаваха атта дацара...

— ХІей, Арсби! — Леррина цуьнга дІа а хьаьжна, ши бІаьрг цунна тІебуьйгІира Жабраила. — Хьан пезагех дохкуш баьІаш ду. Делахь хІета дукха генара веана хьо. Вертанна тІе агІор а валий, садаІа... Бакъ ца лоь со? — Джогахьа корта дІаберзийна цо.

— Сел атта а дац иза дан, — ойла а йина, жоп делира вукхо. — Суна-м иштта бакъахьа хета. Арсби бенойн тайпанах ву... Оцу тайпанан сийнна, Арсбин кІентан цІе Бено тилла лаьа-кх суна. Реза дуй шу?

— Ма дика дагадеара хьуна иза! — цІе къобалйира накъосташа. Бено тиллахь — Бено ву-кх иза хІета!

Ша воллучохь хьала а гІаьттина, кхозучуьра нохчийн тапча схьа а яьккхина, юьхьиг лаьтта охьа а ерзийна, лаг уьйзира ТІатІаша. Іадо санна чІогІа тата делира.

— Иза ду шуна аса цунна тІетаІош долу мухІар! — элира ТІатІаша, дІакхеттачу дошан чаччамаш цІенкъахь баькхина кІаг а гайтина.

Кестта чуера Арсбин нана. Иза кест-кеста йогIура цига: бодашкахь гал а юьйлуш ян а йогIий «дIайовш лаьттачу товханна хьалха охьа а хоий, корта а оллабой, ладоьгIуш Iара иза: йоккхий техьа цхьаммо а сан кIентан цIе? — бохуш. ХIинца а иштта леррина къамелашка ладоьгIуш Iеш яра иза. Иза хьенан аз ду? Леррина хьажархьама, хьаьжа тIе пурх куьг лецира цо. Мела дог кийрахь сихха детталуш дара. Хьала а иккхина, цкъа цхьанна тIехьодуш, тIаккха вукхунна тIехьодуш, хевшина Iеш болчаьрга хIоранга а лоррий хьожуш чекхйолуш яра иза.

— ХIара хIун ду? ХIун ду хIара? Хьо вуй иза? Мичахь ву хьо? — гартт, аьлла оти чуьра араиккхира иза. Шен ког ма боллу едда Селима йолчу а яхана: «Иза ккхузахь ву! Сихло! КIант схьа а эций, суна тIаьхьахIотта!» — аьлла, цуьнга кхаъ баккха дIахьаьдира Арсбин нана. Цунна тIаьхьавада гIоьртира Арсби, амма иза накъосташа сацийра.

Масех минот яьллачу хенахь, бодашкахь гал ца яла гIерташ, леррина когаш а бохуш, йоккхачу стагана тIаьхьа а хIоьттина йогIуш яра Селима.

Царна дуьхьал хьаьдира Арсби, бехчалгаш дIа-схьа а яржийна, охьа а таьIна кIанте а хьаьжна, шен накъосташка, нене, зудчуьнга хьожуш чекхвелира иза. «Обарг вала дага а муха деана суна — хIай? Со-х да ву. КIант воккхахилча — цо лар а вийр ву, гIо а дийр ду. Хьанна хаьа, шиммо а болх а бина, чIир йитийталла, иза юкъара дIа а даьккхина, маслаIат далла ахча даккха а мегий охашиммо-м. Ткъа болх мичахь бийр бу? Юьртахь иза бан йиш яц. Ткъа мичахь бан беза иза? Цхьанхьа нохчий боцчу дIа а вахана бийр бу иза?»

НеIаре а вахана, тата ца доккхуш меллаш иза дIа а йиллина, чуьра ара а ваьлла, малхбалехьа стигала хьалахьаьжира Джо. Дерриг дуьне бодаш хилла дIахIоьттинера, синбилгало хIинца а гучуялаза яра. Амма аьрзонан санна цуьнан сирлачу бIаьргашна бодашкахула дIаэккхаш кхаа стеган гIаларташ гира: бертал лаьтта охьа а вижина, тиэкхаш неIаре кхаччалц юхавахара иза. ДоттагIаша леррина ладуьйгIира цо дийцинчуьнга: шеко яцара, уьш мостагIчунна тIаьхьабевлла лелаш нах бара.

«ДIагIур ву со», — сацам бира Арсбис. Цунна дагадеанарг хиъначу Жабраила элира:

— Хьо хьайн доттагIий болчохь ву. Са ма гатде. Дахар муьлххачу а агIорхьа хьовза тарлуш ду. Масала, хIокху вайн эвлахь цхьа хIума хилира: къовсам хиллачохь цхьана стеган карах стаг веллера. Цул тIаьхьа ниса ткъа шарахь лечкъаш лийлира карах стаг велларг. Цуьнан кIентий баккхий хилира. Баккхийчарна а, берашна а синтем болуш бехаш Iойла дацара. Лечкъа а ца лечкъаш маьрша лелархьама, белхаш а беш бехаш Iерхьама туркойн махка дIабахара уьш. Цул тIаьхьа а дуккха а шераш дIадевллера, карах стаг велларг къан а веллера. Цхьана буса цо шен зудчуьнга аьллера: «Ламаз ден хан хилла. НеIарал арахьа лаьтташ долу тас схьадал суна, ламаз иэца воллу со». Йоккхачу стага цунна жоп деллера: «Ткъа шарахь вешан цIахь Iийра вай, хьо вен а ца вийра. Ткъа кхузахь хIунда кхоьру хьо? Айхьа да хьайна тас, суна хIинца кIордийна уьш!» Амма майрачо дуьхьало йинера: «Соьца мостагIалла дерш — майра нах бу. И кIентий вуно атта кхочур бу кхуза а, дуьненан йисте а кхачалур болуш бу уьш». Цунна аьттехьа а дагахь а дацара, мостагI лоьхуш берш оцу хенахь кхара дуьйцуччуьнга ла а доьгIуш, хIара вен шайн аьтто баларе хьоьжуш, неIарехь лаьтташ хилар. Амма мостагIчо шаьш майра къонахий ду бохург шайна хезча, иза вита сацам бира цара. «Схьаелла неI! — маьхьарий туьйхира цара. — Вити оха хьо!» Уьш чу бахча, мостагI витаран билгалонна, царех воккхах волчо мостагIчуьнан корта баьшнера.

Арсби меллаша хьалагIаьттира. Цуьнан юьхьан сибат сацам боллуш дара.

— ХIан-хIа, дIагIур ву со, сайн кIентан дуьхьа вахархьама, — сацам боллуш элира цо. Мацца а цкъа цуьнцанна юхавогIур ву со. ДIа ма гIо бохуш, аша соьга дехарш ма делаш. Аса сацам бина. Ма елха сан нана...

НеIарехьа дIавирзира Арсби. Цхьаммо неIарера юхакхоьссича санна сихха юхавелира иза: иза-х дуккха а ханна новкъа волуш вара, кхин юха а ца ван волуш хила а тарлора. Муха гIур вара иза дIа шен азъеллачу, къеначу нанна мара а ца эккхаш, накха некхах тухуш шен доттагIашна мара а ца эккхаш! Амма иза ца дира цо: оцу тайпана вовшех къастар ца магош ду.

Ша сингаттаме цахиларан сурт хIотто а, шен майрачу хьежарца вукхаьрга са ца гатдайта а гIерташ, шена

ца луъушехь велакъежира иза. Амма бIаьргаша а, велакъежаро а гучуваькkхира иза.

Шена уггар оьшуш ю аьлла хеташ йолу хIуманаш шед бина дIа а хьарчийна, кIант карахь а волуш, дуьхьало ца еш, шен майрачунна тIаьхьа а хIоьттина дIаяхара Селима а.

## 4

Готтачу, орцан дукъа тIехула хьийзаш боьдучу гIашлойн некъо къилб-малхбузехьа дIабуьгура некъахой. Лахха охьаяьхкинчу морхаша йолчу тIе а Iаржйинера буьйса.

Юхахьаьжча гуш долу цIенош довл-довлуш гена а девлла, бIаьргашна гучуьра цIеххьана дIаелира хьоме юрт. Iаьржачу бодашкахь гуш, лаккха ирхдаханчу аьрцнийн гIаларташ бен хIума дацара. Гонах — я акхачу аьрцнийн Iаннаш а, я гIовгIанца охьаоьхуш долу хиш а дацара. Юьртара юьрта, эвлара эвла вуьгура аьрцнийн даккъашкахула дIабоьдучу гIашлойн некъо.

Малхбузехьа, лаьмнашна юххехь БуритIа гIала а, гIалгIайн къам а ду бохуш хезнера Арсбина, амма цига муха ваха веза а, гIала муха карор ю а, цунна хууш дацара. Цунна иштта ца хаьара соьлжан линехь, Теркан областан административни центр йолчу БуритIана гена йоццучу меттехь гIалгIазакхашний, гIалгIашний юккъехь дукха хан йоццуш девнаш хиллийла а.

ГIалгIазакхийн станицан лаьттан дозанехь гIалгIа вийнера. Иза Iедале даьллера: уггар гергахь йолчу гIалгIазакхийн юьртдега хаам бинера велла Iуьллучуьнан дакъа цигара дукха чехка дIадоккхулда, аьлла. ШолгIачу дийнахь, оццу лаьтта тIехь, ши некъ вовшахкхеттачу меттигехь, хIетта эскарера ваьлла цIа веанчу, шена тIера тIеман хорма хийца а кхиаза волчу, вийна Iуьллучу гIалгIазакхичуьнан дакъа карийнера. Иза ирчу герзашца вийнера, цуьнан дегIа тIехь гуш вуьрхIийтта чов яра. Станицехь орца даькkхинера. Вийна Iуьллучуьнан дакъа долчу метте кхаьчнера станицан атаман, цунна тIаьххье цигга дIакхечира суьдан пурстоп а, лор а, следователь а.

Талла а толлуш, гIуллакх къастош Iедал доллучу хенахь, шайн герзашца станицера генна дIа а бахана,

шайн новкъа дIа-схьа оьхуш болу гIалгIай схьа а лоьцуш, циггахь уьш бойуш бара гIалгIазакхий.

Дуьйлучу герзийн татанаш хезира гIалгIайн юьртахь. Цигара говрашкахь хаьхкина орцах баьхкинчу гIалгIаша, иштта къинхетам ца беш бойура гIалгIазакхий а. И гIуллакх гена а даьлла эскаран дакъош цунна юкъагIоьртира: кхайкхина гIалгIазакхийн ши сотни а ялийна, массанхьа а некъашкахула хIоттийна ха дара.

Арсбис гIаш некъ бен кхозлагIа де а дара. Бода боьлча зуда сацийра цо:

— ХIинца Iаржъелла. СадоIур вайша. Кхузахь буьйса а яьккхина, ткъа Iуьйранца иштта дIогашхула дIагIур ду вайшиъ — элира цо, генахь халла гуш йолчу гIалгIазакхийн станицехьа пIелг а хьажийна, иза цхьана ламанхойн юрт ю а моттаделла. — Нагахь санна цигахь бехаш берш гIалгIай белахь, царна тIе а диссина, цхьана-шина дийнахь хьеший а хилла, тIаккха болх бан долалур ду вайшиъ.

Арсбис Дидина кIел вертанан бIегIаг тесира.

— ДIахьажал муха ду кхузара латта Iаьржа а ду, аьрцнашка дIакхаччалц шера а ду... Вайниг а дара дика латта. Ма дика яра вайн аренаш! Цанин аренаш! Ткъа хьаннаш ма яра! ЛадогIа, ладогIа: хIинца вайн нах болчохь, цигахь Iен вайн йиш яц...

Зудчуьнга дIахьаьжира Арсби: «Соьга схьа а ма ца хьожу хIара? Сан зуда хила ша реза хиларна дохкояьлла техьа хIара!» — дагадеара цунна.

— Диди, — аьлла, цуьнга куьг кховдийра Арсбис, — суна дов деш ю хьо? Юьртара ара а даьлла, вайшиъ схьадогIуш аса хьуна мел дийцинарг бакъ-м дара хьуна. Стаг вийнарг со вацара хьуна. Амма воккхачу стага иза хьайна тIе а лаций, ша кIелхьара ваккхахьара аьлла дехар дира соьга. И дехар кхочуш муха дийр дацара, со нохчо вац ткъа?

— Аса хьайна дов дой бохий ахьа? — цуьнан дуткъийра цIоцкъамаш айаделира.—ХIунда дийр ду аса хьуна дов? Хьуна вуьшта а атта дац... цу тIе аса бехкаш а баьхча!.. ХIанхIа, аса цкъа а дийр дац хьуна дов! Хьо воьддучу со а йогIур ю. Хьуна воний хилахь, суна а хуьлда изза воний. Хьуна диканиг хилахь — суна а хир ду дика... Амма хьоьцанна бен суна дуьненахь яха лаа а ца лаьа.

— ХIаъ, хIаъ, диканиг хир ду вайна. Со балха хIут-

тур ву, оханаш дийр ду аса. Ма хаза хьожа хуьлу лаьттан, охана дечу хенахь!..

Буьйса шелъелира. Вахвелла лаьтта охьавижира Арсби. Сийна буц кхайкхаза баьхкинчу хьешашна тІе зу санна юсаелира, мохо лесточу цуьнан хелигаша, берзинчу когашна гилгаш дохура. Лергашна уллохь ека а екна, тІехъелира чхьаьвриг.

— Ма дукха седарчий ду стиглахь даьржина... сила йолчу оцу йоккхачу стиглахь! — бохуш, ирах хьоьжура Арсби. — Ма еха ю хьо Іаьржа буьйса!

Арсбин даг тІехь Іуьллуш шийла тІулг бара. БІаьргаш дІахьабдира цо, амма уьш ша-шах схьаделлалора.

Бутт... бутт ма хуьлу: маьрсан суртахь вуно жима, стиглахь гучу а болий, стигалхула нека деш лелаш хуьлу иза. Де дийне мел дели боккха хуьлу, серлаболу, тІеттІа дукха къегаш дІабоьду — шен тІаьххьара де тІекхаччалц... Сан дахар ца тарло иштта хила?

Зудчуьнгахьа дІавирзира Арсби.

— Хезий хьуна? Цхьа тамашийна тата делира?

— ХІан-хІа, хьуна моттаделла, — меллаш йистхилира иза.

— Моттаделла хила а тарло. Меца юй хьо?

— Ткъа хьо вуй меца?

— Бинчуьра шед схьа а баьстина дакъийна жижиг, сискал, туьхий схьаийцира Арсбис.

— Яа, со чІийш дан воьду: ерриг йиэгош ю хьо.

— Хьуьнах воьду хьо? Ой, ма гена ю иза!... Ма гІохьа...

— ХІан-хІа, хІоккхуза гена йоццуш ю иза-м, тогІи чохь, дага ца йогІу хьуна? Вайша цигашхула тІех ма делира.

Кестта цІе хьалалетира, бодашкахь юха а къайлавелира Арсби — чІийш кІезиг дара. ТогІийна чувоьссича, геннара схьа татанаш а, адамийн аьзнаш а хезира цунна. Лакха тІе хьала а ваьлла, леррина ладуьйгІира Арсбис. Юха а татанаш девлира, царна тІаьххье, хьалхий, тІаьхьий цІераш а лепара.

«ХІа-а-а, уьш цхьанхьа кхуьйсуш тоьпаш ю!» — бохуш, леррина бодашкахула дІахьоьжуш вара Арсби.

— Сихое! Сихое! Сихха схьавола!— зудчо бетта мохь хезира цунна.

Латийнчу цІарна уллохь лаьтташ, карабинка тоьпаш а йолуш гІалгІазакхийн ха дара.

— Хьо мичхьара ву? Мила ву хьо? — тIечехара уьш.

«ХIаъ, хIаъ — кхечу махкара — кхечу къомах. Хьаьнга, хIун эр ду хIинца?» — бIаьргаш хьалахьовсийра Арсбис: цхьана дашах мукъана а муха кхетор бара техьа хIорш? Даржийна Iуьллучу вертанна тIе пIелг хьажийра Арсбис: тхо-м буьйса яккха севцца ду кхузахь, бохург дара иза.

Говраш кхин а герга тIеташйра гIалгIазакхаша. Царех цхьаммо Арсби дIатеттира, кхечо цуьнан зуда дIатеттира.

— Чехкка схьаэца шайн тIелхигаш! Сихое! — бохуш. шодмаш лестайора цара.

Верта схьа а эцна, царна хьалхавелира Арсби, зуда цунна тIаьхьахIоьттира: сихъелла масех гIулч яьккхича, гIорзолгех ког а тасабелла, лаза а еш, охьакхийтира иза, амма карахь долу бер, лаьттах ца кхетийта, куьйгаш хьалаайина дара цуьнан.

— Ког баккха, йолало масса! — тIаьхьара лоьллура иза говрберечо.

«Миска Диди, — вуха хьаьжира Арсби, — со бахьанехь ловш ду-кх ахьа хIара дерриг Iазап».

— Вуха хIунда хьоьжу хьо, шайтIанан корта? Яхийта хьайн алаша! ·

— Обарг! Муьлш ду шу? — церан некъ лецира кхечу дошлоша.

— Вайнаш ду тхо!

— ХIун хили шун?

— ХIара цаI-м валаво оха, — Арсбина тIе шад хьажийра хьалхарчо. — Ткъа шун хIун хили?

— ЦаI вийн.

Беречо сихха дIадийцира округан начальник, полковник вийначу юьртан го муха лецира а, вовшашна тоьпаш еттачу хенахь сотнера гIалгIазакхи, Аникеев муха вийра а.

— Мила вийна? Сан ваша вийна? — оьгIазе мохь беттара хьалхарчо. НаьIалтийн а наьIалт хила кхарна! Дайий дIадаха уьш, жIаьлеш, вон жIаьлеш!

Говрара охьа а иккхина, шена хьалха лаьттарг шен ваша вийна мостагI волуш санна дукха оьгIазвахана церга балда а лаьцна, шен доггах Арсбина букъах шед туьйхира цо.

— Мича бахьанина дойуш ду тхо? ХIа, дIалаца хьайна! Шен гIоддах ластийна юха а юьхьа тIехула шед

туьйхира цо Арсбина. Дукха чIогIа лазийнчу Арсбис цергаш вовшех хьакхийра, ткъа Селимас, шайн юьртехьа дIа а йирзина, цигахь иза хезар болуш санна, «Ва-а нана! Ва-а дада», — аьлла, мохь хьаькхира.

— И кач-белш а лаций, кхоссий дIаяхийта иза! — мохь туьйхира гIалгIазакхех цхьаммо.

— ДIаэца, хьайна, нажжаз вон нажжаз! ДIаэца! ДIаэца! — бохуш, сихйинна тIееттара шодмаш.

— Хьажахьа цуьнга, шек дIа а ца волийца! — церга балда лецира йоккха маж йолуш волчу гIалгIазакхичо.

— Еттий гIибаваккха иза! — аьлла, корта таIийра уряднико могIарчу салтичуьнга. Важа, нохчийн гунойн тайпанца цIий ийначу, Теркаца бехаш болчу гIалгIазакхийн хIух схьаваьлла вара, цунна ца лиира Арсбина етта. «ХIунда етта цунна? ХIун бахьана ду? Со суо а ву нисса ах ламанхо!» — ша-шах дагазаваьллера иза.

— Етта, бохий хьоьга-м, — дов дора цунна уряднико. Дегаза говрара охьа а воьссина, Арсбина тIе а вахана, хьала айина, Арсбина цкъа тIе а ластийна, сихха шен шад охьаяхийтира гIалгIазакхичо. Аннех тоьхча санна, тата делира цу шедан.

Говрара охьатаьIира урядник: ша лазавар Арсбис муха лов хьажа лаьара цунна. Амма важа ша воллучохь, меттах а ца хьовш, лестош еттачу шодмийн шакаршна кIел, царна дуьхьало а ца еш лаьтташ вара.

— ХIун ду ахьа дийриг, хьан дена иштан, вуьштан хиларг!.. Къахета хьуна цунах? Хьайн эткех хIунда етта ахьа иза? ХIа, дIаваьлла кхузара! — могIара салти дIа а теттина, юха а ша шед етта волавелира урядник. Ехха а, къа ца хеташ а йиттира цо цунна. Тоха а тухий, вуха хьожура иза, — иштта тоха езий хIара-м, — олий.

Арсбина тIера бустамаш долу чоа дерриг иэтIийна дIадаькхинера, юьхь цIийша юьзна яра, бIаьргаш кхоьланера, ткъа дего балдаш меллаш хьиэдора цо: «Седарчий довш ду, лаьмнаш шаьш долчуьра меттахдуьйлу, акхарой тебаш ду...» БIаьргаш кхоьлинера, корта агIор хьаьвзинера...

Iаьржачу хьаннашкара схьа мох хьаькхира, бехха а, гIийла а... Уряднико команда делира. Отряд бодашкахула дIайолаелира.

Кхоьлина Iуьйре яра. ГIалгIазакхийн дозоро полкан штабан цIеношна чувигира Арсби. Дежуркина чохь, на-

барна бага а гIиттош, шена хьалха аьрта дIа а хьоьжуш, хиъна Iаш вара эпсар. Буьйсанна сахиллалц вижаза волчух тера вара иза.

— Ахьа хIун леладо? — хаьттира цо гIалгIазакхичуьнга.

— Кхин цаI а валийна оха, — хьаланисвелира урядник. — Бевддачех ву хIара. Муьлхачу чувуьгу хIара, хьан сийлалла?

— ДIа а язвай, хехошка дIа а лой, дIагIо...

Тайп-тайпанчу эскарех вовшахтоьхна йолчу командин цIеношна чохь, цIенкъахь Iуьллуш вара Арсби. Уллохь, акха бIаьра а хьоьжуш, шен бераца хьаьрччина Iуьллуш Селима а яра. Майрачуьнан юьхьа тIехь дата а детта лаьтташ долу цIий меллаш, бехчалгаца дIадоккхуш йоллура иза. ХIара хIун ду? Бахьана хIун ду? Сан Аби-х дика белхало а, майра бере а, шен доьзал дукхабезаш волу цIийнда а, доьзалда а вара, — мича хьола тIе ваькхина хIара оцу девзаш доцчу, хийрачу адамаша?!

Чу а веана, къахеташ Селиме леррина хьаьжира салти-гуьржи.

— Слюши, слюши, — меллаш вистхилира иза, хи чохь долчу ведарна тIе пIелг а хьажийна, — юьхь яшае цуьнан! Яшае!

Селима кхийтира, амма ша йолчуьра меттахъхьа ца яьхьара иза. НеIаре вуха а хьаьжна, цунна улло ведар схьа а оьзна, юха а гуьржичо элира: — Яшае!. Иштта яшае! — шен мерана гонах куьг хьаькхира цо.

Корал арахьа вота туьйхира. Кхераелла тохаелира Селима, цуьнан чIениг-мочхалш, хорша еача санна дегадора. Марахь бер а къуьйлуш, кхоьруш неIарна тIе бIаьргаш а боьгIна лаьттара иза.

Лахара чин долу шиъ — гуьржий, оьрсий Арсбина тIе а вахана, куьйгашца иза хьала а айина, говран ворданна тIевиллира цу шиммо, аьрцнаш а хIиттина, кIарул Iаржбина болу Арсбин букъ шена гича: «Вай-ме, вай-ме», — бохуш, цунах къахеташ меллаш шабар-шибар дора гуьржичо. — Иштта хуьлу ткъа хьаькамаш! МамазагIли[1], хьаькамаш-м мухххале а дацара шу! ХIун хир дара хIокху мискано динарг? Ма чIогIа дакъаза даькхина цара кхуьнан онда а, къона а дегI. Ткъа

---

[1] *Гуьржийн маттахь* — пажжаз.

хIинцца дIахьаьжча цIахь йоккха стаг — нана а, дottагIий а хир бу-кх кхуьнан. Схьахетарехь, хIокхо зуда ялийна а яц дукха хан. ДIахьовсал оцу кхераделлачу меэ, ма холчу хIоьттина иза! ХIиэ-й-т, генацвали[1], — доккха са а даькхина, цIеххьана хьала а нисвелла, ши куьг дегIаца охьахийцира цо.

— ДIанис-сло! — команда делира эпсаро.

## 5

ХIара ю БуритIа гIала, Владикавказ. Слободкина тIехотталуш долчу, гIалин уггар хьалхарчу урамехь — лекха пенаш дара лаьтташ; йовхоно а, заманан дукхалло а пенаш баса а даьхна долчу цIеношна чохь, набахти яра.

Набахтин аьчган решетканашна юккъехула арахьуьйсуш тутмакхаш бара. Беснаш а дайна, мацалла гIел а белла болу уьш, аьчган решеткийн шийлачу серашна тIе батош а йохкуш, цхьа кIеззиг мукъана а сийначу стигалан цхьа маьIиг ган гIерташ, я лекхачу лаьмнийн цхьа бухь ган гIерташ бара. Кхузахь, набахтин уьйтIахь, жагIий, якъа а елла бос байна йолу акказий, лелха а лилхина долу латтий бен, хIумма а дийна хIума дацара.

Оцу кхоьлинчу цIеношна массо а агIорхьара схьа тIеоьхура ламанхой. ТIулгах доьттинчу пенашна уллохь шайн варданаш совца а йой, шайн гергара тутмакх ган тIебоьлхура уьш.

— Ой-й, ва нах, хьо вуй хIара? — хоттура баьккинчара тутмакхан барзакъ а дуьйхина волчу лаьцначу стаге. Ткъа цо, кхана ша катарге дIалоллуш хилар лачкъа а дой, шен къа-бала ца ялхайора, мелхо а, ша волчу хьажахIотта веанчуьнан дог тедора тутмакхо: «Хьайн дагна хало ма ел ахьа, лакхарчу хьаькамаша нийса къастор ду сан гIуллакх...» — олура.

— Тоийта! — мохь тухуш хеза. — ДIагIо!

— Паджалиста, ишшо!

Амма надзиратель хIуъа дича а тIе ца воьрзу: «Яхийта! КIордийна-кх хIара шайтIанан кортош — схьаоьху, схьаоьху!»

ХIорш шаьш а санна, дIайоьжна озий говраш а йо-

---

[1] *Гуьржийн маттахь* — хьоменг.

луш йолчу варданашна тІе а боьлхий, гІийла иллин байташ а туьйсуш, оцу йовхонна кхехкачу дуьненахь дІа а боьлхий, бІаьргашна гучуьра дІабовлура ламанхой.

Буьйса йолча доллу хІума дІатоьра, амма леррина хьоьжуш гонах дІа-схьа лелаш ха-м хуьлура: гучудолий техьа набахтин кІайчу пенаца тутмакхан гІаларт, бохуш.

Чохь дохку адамаш гІелделлера. Арсби даккхий синош дохуш вара: «Мичахь ю техьа сан зуда? Мичахь ву техьа кІант? — ойланаш йора цо.

Уьш набахти схьабалийча, иза хьалха вигира божарий болчу камере. ТІаккха астагІчу зудчо — надзирателло Селимина тІе а яхана, иза куьг а лаьцна дІатакхийра. Карахь бер а долуш йолу Селима юхагІоьртира. Надзиратель йолчу зудчо кхин а чІогІа дІаозийра иза. Гал а йолуш, лестинчу Селимин бІаьргаш а, надзиратель йолчу зудчун бІаьргаш а вовшашна дуьхь-дуьхьал нисбелира.

Селиме хьоьжуш дерш пхьагалан чух тера балдаш а, меран меттина ши Іуьрг а долуш долу цІен юьхь-бІаьргаш дара. Селимин ши бІаьрг шуьйрра дІабеллабелира. Кхераелла елха а озийна, зу санна юса а елла, марара бер а къуьйлуш, сихъелла нохчийн маттахь лен йолаелира иза, хьалха юьхьенца чІогІа дехарш деш, тІаккха дукха оьгІазъяхана, чІогІа а луьйш:

— ДІа ма йига со! Йита со! ТІе ма гІерта суна!

— Мохь ма бетталахь суна ккузахь! — шена тІаьххье чуьра йогІуш боьху хьожа а йолуш, бодаш а болуш йолчу чу йигира надзиратель йолчу зудчо Селима. Селима юхагІоьртира, амма надзирателан ондачу куьйгаша пенах дІатаІийра иза. Надзиратель йолчу зудчо ка тоьхна Селимин карара бер схьа а даьккхина, цунна хьалха барзакъ охьакхоьссира.

— ТІера хьайн бедарш дІа а яхий, тІеюха хІара тхайнаш!

Пенна тІе тевжира Селима, когашна тІехь латта а ца елла, шершшина, цІенкъа охьакхийтира иза. Надзиратель йолчу зудчо дІакарчош, схьакарчош, цунна тІера коч а, хеча а дІа а яьккхина, хала а, атта а набахтин барзакъ цунна тІе а дуьйхина, йига а йигина, зударех юьззина йолчу камера чукхоьссира Селима. Дукха ницкъ бина а, гІаддайна а йолу Селима, чоьхьа ма еллинехь нарашна тІе охьаюьйжира.

Сахилча иза самаяьккхира камерна чохь цуьнан лулахо йолчу, лаьцна чохь йоллучу оьрсийн зудчо.

— Ма чIогIа наб кхеттера хьуна! — корта ластийра цо. — Оццул бер доьлххушехьа хаза а ца хезара-кх хьуна!

Халла ши бIаьрг схьа а биллина, кхера а кхоьруш, уллорчу зудчуьнга леррина дIахьаьжира Селима. ТIаккха хьала а иккхина, дIаяда йоллуш санна, дIакхоссаелира, амма оццу минотехь гIор а дайна охьалахъелира: — Аби мичахь ву техьа? Иза волуш вац. Гобаькхина хийра зударий бу. Ма тамашийна а бу хIорш: цхьаберш боьлхуш бу, вуьйш тIулгал боьха шаьш болчуьра меттах а ца хьовш, Iеш бу. ХIорш берраш а къонанаш а, къенанаш а мацалла гIелбелла бу. Ткъа Аби мичахь ву техьа?

Сахиллалц ша волчу камера чохь са бIарзделла Iийра Арсби а. Чуччухула а даьхна ваьштахоьттинчу куьйгашца, настарийн голаш а лаьцна Iеш вара иза. «Мича дехьна техьа кхара сан зудий, кIанттий? — гIайгIа йора цо. — Хьан дуьйцур ду соьга и шиъ мичахь ду? Кхузахь цхьанхьахь герггахь дац техьа и шиъ? Мохь тоьхча хIун дара техьа аса?».

Шен и ойла дика хеттачу Арсбис, шен гIора мадду чIогIа мохь туьйхира:

— Ва-а Диди, со кхузахь ву хьуна! Го баькхина бийшина Iохкуш берш кхерабелира, са дукъдеш йолчу оцу чоьнашна чохь, кIоргге чу а дахана долчу бIаьргашца гIайгIане вовшашка а хьоьжуш, кхерабелла меттахъхьайра уьш; ла а доьгIна, юха а бIаьргийн негIарш ваьштакъевлира цара.

Сеничохь хезаш сихха бохучу когийн татанаш дара, камерийн неIаршна тIера волчокаш дIа-схьа етташ яра, цхьаммо оьгIазе цIармата дош элира — юха а набахти тапп, аьлла дIатийра, дохуш долу даккхий синошший, деш долу узаршший, хьекхош йолу цергашший, буьйсанна хехоша етташ йолу шакаршший бен, хезаш хIумма а дацара. Кхера а лой самабуьйлучу тутмаккаша дуьненахь мел долчу хIуманна а сардамаш дуьххура, юха а гIайгIанечу набаран тар тасийтархьама, лергашна чу хIумнаш юхкура.

Пенехьа корта а болуш Iуьллуш вара Арсби, цо цецвуьйлуш ладоьгIура дика хаза а хезаш цкъацкъа лакха

тIера, охьа пенаца еттачу хIумане, тIаккха бен хезаш а йоцуш, лаха бухарчу чуьра хьала еттачу хIумане.

Сахилча цхьана лулахочо, нохчичо, Арсбига хаьттира:

— Хьуна суд мича бахьанина йина? — аьлла.

— Сайна суд йина а, ца йина а хууш вац со, — жоп делира Арсбис. — Сайна етта хIунда йиттира а, со набахти чу хIунда воьллина а—церан бахьана а ца хаьа суна.

ДIаоьхуш дара хIумма а синкъераме доцу набахтин деха денош. Денойх кIира хуьлура, кIиранах беттанаш хуьлура. Дахар а, зама а шаьш йоллучохь севцца лаьтташ ю моьттура Арсбина.

Цхьа шо даьлча тутмаккхаш суд хатта бигира. Ерриг гIалех чекхдовла дезара цига дIакхачархьама. Хьалхарчу могIарехь болчийн когех диттина буржалш дара. Урамехь боккхачу хIор кого аьчган тата доккхура. МогIанна юккъе а хIоьттина корта а оллийна воьдуш вара Арсби. «Муха ойур бу корта хьала, муха хьожур ву адамийн бIаьра, ямартхо, волуш санна, аьчган буржалш а тоьхна, дIавуьгуш хьо хилча! Схьалоцур вай сан дахар, — ойла йора цо. — Сел дукха хьал долуш волчу Хьажбекарна мел чIогIа вецира со! Сатасале хьалагIоттура со, охьа массарел а тIаьхьа вуьжура — къахьоьгуш вара со. Стенна хьоьгура аса иза? Иза кхача биъна ваьлча, цунах бухайисинчу диларех вецара-кх. Ткъа со цуьнгара цхьана дикане са туьйсуш а, цхьа дика болх хир бу моьттуш а вара!». Шен накъосташка дIа а хьаьжна, юха а корта оллийра Арсбис: «Маржа сан гIуллакх яI-кх, церан дерриг ду-кх хьо а», — и ойла дагатесира цунна.

Цхьана шарал кIезиг сов хан йолуш долу бер карахь а долуш, массарна а тIаьхьа а хIоьттина йогIуш яра Селима. Ненан коча а хьаьрчина, цуьнан белшна тIебиллина корта а болуш, набкхетта дара бер. Нанас тата дича-кхера а делла, ши бIаьрг схьа а биллина, дилхира иза. Ша йолаелла йоьддучохь тахка а дина, Iаьржачу баьпкан екъа чкъуьйриг елира цунна нанас. Бер дIатийра, юха а Селимин коча а хьаьрчина, шен жима корта дIаберзийра цо — царна тIехь ха деш вогIучунна тIеши бIаьрг буьйгIира жимчу беро. Кхоьлина тIедалийнчу цIоцкъамашна цхьанхьа генна кIелахь къайлабаькхкхина болу шен къинхетам дIахьулба а гIерташ, салтий а ва-

ра жимчу бере леррина хьоьжуш. КІеззиг хаалуш, амма кхечарна хаа ца лун йолчу кепара цуьнга бІаьца йира цо. Бер делакъежира, цуьнга ластийнчу куьйгара баьпкан юьхк охьа а йоьжна, юха а делха доладелира иза. Юхахьаьжначу нанна гира салтичо охьа а таьІна, охьайоьжна чкъуьйриг схьа а эцна, шен карарчу кІанте схьакховдош. «Дала вахаволда иза»,—доккха са даькхира Селимас.

Тутмакхаш суьдан зала чу бигира. Суьдан талмажо шайна ма гайттара, дехачу гІанташна тІе моггІара охьа а хевшина, лекхачу кІайчу пенашка а, англи тоьхначу шуьйрачу корашка а, тІетесна исхар а долуш бочабІаран дечигах йинчу стоьле а, басар хьаькхначу цІенкъе а хьийса буьйлабелира уьш.

Суьдахойн стоьлана тІеххула, дешица кхелина гур а болуш, пенах дІатоьхна долчу суртана тІера бІаьрг дІа ца боккхуш вехха Іийра Арсби. «Нисса соьга хьоьжу-кх иза» — меллаш элира цо шен лулахочуьнга.

Хьаьжа юккъе шеддаш а хІиттийна, леррина зала чохь мел долчу хІумане хьоьжуш бара суьдан кхиэлана кІел берш. «Схьахетарехь, лакхара хьаькамаш богІур бу кху чу... цара нийса къестор ду вайн гІуллакхаш, вай бехке-м ма дац...» — ойланаш йора цара. Вуьшта а атта тешаш болу ламанхой сел ларамечу хьоло Іехийра: «ХІоккхул оьздачу цІеношна чохь нийса йоцу кхел йийр а яц», — дагахь дара царна...

— ХьалагІовтта! — гІанташна тІера хьалагІовттийра суьдан кхиэлана кІел берш. Дехьа чуьра схьа а баьхкина, стоьлана гонах охьахевшира суьдахой. Массарна а юккъе хиънаЧо, хьала а гІаьттина, цхьа кехаташ бІаьргашна гергга хьала а дехьна, уьш дІа-схьа а хоьрцуш, дехха а, сингаттаме а деша долийра.

Цхьа а дош ламанхой кхеташ дацара, делахь а доьшуш волчунна тІера бІаьрг дІа ца боккхуш, тІетаьІІина ладугІуш бара уьш: — Муха ю цуьнан бага! Цергаш муха ю! — бохуш.

Эххар тІаьхьа а хьалагІаьттира, лерина тІедуьйхина чоий, гІовтал а долуш волу ламанхойн талмаж, суьдан кхиэлана кІел болчарна тІе а вирзина, талмажалла дан волавелира иза. Ла а доьгІуш, бист дІа а ца хуьлуш, вовшашка хьуьйсуш бара кхиэлана кІел берш. «Иза нийса ду, сан цІе Эльмарза ю, сан накъостан цІе Жам-

мирза ю, амма валлахI-биллахI, оха иза а, важа а дина бохуш цо дуьйцург бакъ-м дац...».

Суьдахочо юха а дIадоьшура, талмажо юха а талмажалла дора, ткъа ламанхоша ойланаш йора: «Иза иштта-м ма дац! ХIунда дуьйцу иза! Аьшпаш биттар — оьздангалла ю ткъа?».

Шаьш тийсина долу са эрна Iехадалар дуйла а хиъна, шаьшна кхиэл еш болчаьрга кхин дIа а ца хьовсура уьш, ткъа прокурор къамел дан волавелча, — цуьнга ла а ца дугIура цара. Амма талмажо дийцинчуьнга ладоьгIча, бегийра уьш, прокурорана тIера бIаьрг дIа ца боккхуш, цуьнга буьрса хьуьйсура: «Нагахь со дийна висахь, сан карах лийр ву хьо», — хIораммо а бохург иза ду мотталора.

Тайп-тайпанчу барамашкахь хенаш туьйхира царна обаргаш а, каторгера бевддарш а чохь кхабарна а, Iедалла дуьхьало ярна а, тайп-тайпанчу зуламашкахь дакъалацарна а.

Зуламхой чохь кхаьбначарна юкъавахара Арсби а. Схьабалийнчу кеппара набахте юха дIабигира хенаш тоьхнарш. ЦаI бен мукъа ца ваьккхира: дезткъа шо а кхаьчна, къора а, бIаьрзе а волу цхьа воккха стаг бен.

Оцу шарахь зуламхойх юьзира набахти: камерш юьзна яра къуйх а, адамаш дайинчех а, жуликех а. Цхьа тутмакх а вара царна юккъехь, бIаьста йолучу хенахь мукъавоккхуш а, ткъа гуьйре ойлча юха а набахти чу вуллуш а волу. «БIаьста а, аьхка а волалой лела со, цхьацца нхьа яа-мала лохуш, — дуьйцура цо камера чохь. — Цхьанхьа лачкъайо, вукхузхьа кIеззиг бо. Охьа базаршкахь вуьжу, ткъа цигара иэккхийча, гIалина йистерчу къаххашлахь кIорда яллалц наб йо. «Къахашлара гостинница» — Хьа-хьа-хьа! — олий, велалора иза! Ткъа Iа доьлча буьйса яккха хIусам каро хала ду. ТIаккха цхьаннан корта кагбо — иза дича буьйса яккха меттиг кичча йолуш ю: полицехь, тIаккха набахтехь. Тхо кхунах доьлла ду, набахти а, тхайн цIа а цаI ду тхуна! Хьа-хьа-хьа!

ТIаккха а дIаоьхура денош, кIиранаш, шераш... Арсбина кIординера уьш дагарда, иза кIадвеллера ойланаш ян, дагалецамаш бан, сатийса... Амма шена хилларг хIун ду я хьалха а хууш ваьара иза. Цунна гуш дерг цаI дара — докъазалло боданечу, садукъечу набахти чу а кхоьссина, «зуламхой» аьлла цIе а тиллина

долчу, цхьана акхачу адамийн кара ша дIавелла хилар.

Цкъа цхьана дийнахь камера чу цхьа сирла чорпа еара. «Саьрмик» аьлла цIе а тиллина волчу, уггар боьхачу, зуламхойн баьчча волчу цо, масех къурд а бина шен кад бассийра. Юкъарчу кедара цхьаний чорпа муьйлуш Iечу нахана юкъа а вахана, яккха а яьккхина церан кедачу марш туьйхира цо. Массара а шайн карара Iайгаш охьакхийсира, ткъа «Саьрмико» буха хIума ца дуьтуш чохь мел долу хIума диъна а ваьлла, шена тIера тутмакхийн гатанан коч хьала а оьзна, шен гай тIе куьг деттара. Куьйга тIе, хIож санна, боккха шен корта а товжийна, агIор велира иза, тIаккха оцу минотехь хьала а иккхина, техка а техкаш кхечарел дукха оьгIазваханчунна тIе а вахана, цунна оцу коьртах хIума туьйхира цо. И миска, ур-атталла эхI ца олуш, гIапп, аьлла вуьйжира.

— Зоьпар кхийти хьуна? — цергаш гажийра «Саьрмика». — Иштта хуьлуш хуьлу! Кхин вист дIа ма хилалахь! ХIэй, аша, шайтIанаша! — гIелделла Iохкучу адамашна юккъе чувахара иза. — Ладогlа сан дийцаре!

Набаран тар туьйсуш Iохкуш берш дIа-схьа кхуьйсуш, хIор дийнахь шен дийцаршка нуьцкъах ладоьгIуьйтура цо. Шега ладоьгIчхьана, ша буьттурш аьшпаш хиларх, башха а дацара цунна, амма ла ца дугIург, оцу минотехь еттий охьавуьллура цо. Цуьнан дерриг дийцарш цхьана тайпана а, шен акхаралла даима хестош а, адамийн цIий мийларх, лаьхьанал боьха ша Iебаш цахилар гойтуш а дара. Цуьнан дагна там хуьлура кхоьруччу адамашка ша дIахьаьжча, ша тоьхна охьавиллинарг вала ветталуш шена гича. Цуьнан дийцаршна юккъехь дара адамашна кIелхийшарш, тешнабехкаш бар, хьалххе дуьйна кечамаш а беш дина ямарт гIуллакхаш, царна юккъехь дара иштта, шен зудчуьнца молуш Iаш волчу цуьнан «хьомечунна» ша тIекхаьчча, хадийна шен зудчуьнан накха схьа а баьккхина, къаьркъанан кад дIа а малийтина и накха оцу везарге ша тIекхаллийтар а, доцца аьлча, уьш дара, цабевлла шега ладугIуш берш цецбаха а, кхеро а ша кхин хIун дийр ду ца хууш волчу, дукха хенахь дуьйна волчу зуламхочо дуьйцуш долу массо а боьха мел дерг.

Цкъа шен дийцар цо дуьйцучу хенахь наб а озийна волчу, цхьаммо хур элира. «А-а-а! — цергаш хьакхийра

«Саьрмико», — ладугIуш вацарица хьо?» — вижина Iуьллучунна оцу гай тIе мийра туьйхира цо. Вукхуьнга Iадийча санна мохь белира. Ах дерзинчу адамийн лаьттахь гIулч хилира. Цхьана маьIIе а гулбелла, шайн маттахь маьхьарий а детташ, шайна тIелетачарна дуьхьал лиэташ бара ламанхой.

— ХIун ду кхузахь хилларг?— герзашца чулилхира надзирательш.

— Иза хьан вийна? — воьжна Iуьллучунна тIе бIаьргаш къерзадора цара. — Муьлхачо вийна иза? Шуьга хоьттий оха-м! Ахьа вийна иза? — хорша еана ши бIаьрг богуш волчу ламанхочунна тIегIоьртира надзиратель.

— Яй-й бох, моя болной ест! — узарш дора вукхо.

— Хьий, корта берзина шайтIа! Хи да,— бохуш, мохь а биттина, ткъа хIинца цомгуш хилла хьо! Са долулда хьан!

Кхечу цхьана тутмакхо текхна нарана тIера охьа а воьссина, шен лерга улло пIелг а биллина, надзирателе вон дIа а хьаьжна, шен маттахь багаеттара: «Чуьра ма вийла хьо! Кхузара со мукъаваьлча — уггар хьалхара дIаьндарг — оцу хьан лерга улло кхетар ю! Аса дика амат баьккхина хьан!».

Буьйсанна тутмакхех цхьаберш, гIовгIа ца яккхархьама цхьацца воккхуш, арабехира. Буха бисинчех цхьанна а цкъа а царех хилларг хIун ду а ца хиира. Шо шаре мосазза дели а и саннарг хуьлуш дара: цхьаберш дIабуьгура, кхиберш тIебалабора...

Цкъа цхьана дийнахь камера чувалийра масех оьрсий. Царех цхьаммо Арсбина уллохь шена меттиг лецира.

— Дукха хан юй хьо чохь воллу? — куьг кховдийра цо Арсбига.

— Пхи шо ду, — сакъераделла жоп делира Арсбис: «Ма дика хьиэжар долуш ву и оьрсий, суна хIинццалц схьа гина а бац и саннарш».

— Чу стенна воьллина?

— Пхи шо дIадаьлла, — хоьттучунах ца кхеташ белш таIийра Арсбис, — я не знай. Ткъа хьо стенна лаьцна? Тахана каравеана хьо?

— Дукха хан ю. Ростов гIалахь кхаа шарахь чохь ваьллина со, Одессерчу набахтехь — кхаа шарахь ваьллина, Екатеринославехь цхьана шарахь ваьллина; цигара хIинца кхуза валийна...

— А-а-а... Ахьа динарг хIун ду? — цунна тIера ши бIаьрг дIа а ца боккхуш, цунна тIехилира Арсби. Керлачу лулахочуьнан хьаж шуьйра дара, юьхьа тIехь оза вара, лергина хьаьрса маж яра. Арсбис динчу хаттарна жоп ца делира цо: хезна хир дацара цунна, шен тIоьрмиг кегош воллура иза.

— ЦIе хIун ю хьан?

— Арсби ю.

— ХIума кхалла Арсби! ХIара бепиг а, чIара а бу хьуна. Доьзал буй хьан?

— Бу. Зуда а, кIант а ду.

— ЦIахь буй уьш?

— Мичара — цIахь! Кхузахь бу-кх!

— Набахтеххьий?

— ХIаъ.

— ЖIаьлеш яI-кх!

— Ахьа дов хьанна до? — цIоцкъамаш дусадира Арсбис.

— Хьо санна долу адамаш набахтеш чу дуьхкучарна до-кх. ХIумма а дац, сатоха, сан дотагI! Мацца даьлла а бакъдерг тIедер ду! — куьйгах буй бира оьрсичо.

— «Хьаькамашна дов дой-ца, — цецвелира Арсби. ЦIе хIун ю хатта аса кхуьнга» — Как твой имя? — хаьттира цо шен керлачу хьеше.

— Дмитрий ю.

— Я-й бох, хорошо, — велакъежира Арсби.

— ХIун ду боху ахьа дика?

— Кхузахь дика ду, — дог долчу агIорхьа некха тIе куьг диллира Арсбис, тилкхаз а вуьйлуш, дешнаш лехьа а деш, оьрсийн маттахь къамел дора цо: хIинца санна цкъа а набахтехь самалха ца даьллера цуьнан. Шен доттагIашна юккъе ша кхаьчча санна, хазахеттера цунна. Джога, Жабраиле, ТIатIаше баханарг санна, оцу сохьтехь Дмитрийга безам бахара Арсби. «Дийна буй техьа уьш, дагавогIий техьа царна со?»—бIаьргаш артделира Арсбин.

Цо дуьйцура ша чIогIа сатийсина хиларх лаьцна — кIант кхиа а вина, цуьнца шаьш динчу махка юхаверза... Цо дуьйцура набахти чохь шена девзинчу адамийн хьокъехь «паччахьаллина бекхам бан» лууш уьш хиларх лаьцна оьрсийн мотт хууш воцчу шена мел хала дара цаьрга ладегIа а, цара дуьйцучунах кхиэта а. Амма оцу пхеа шара чохь хIор дийнахь лоррий оьрсийн матте ла-

доьгIуш Iара иза, хала а, атта а цаьрца къамелаш дан, хеттарш дан гIертара иза — оццул чIогIа царех кхиэта, уьш бовза лууш вара Арсби! ХIинца цхьадолчу хIуманех кхиэташ вара иза.

— Иза дика ду! — цуьнан дог гIаттош велакъежира Дмитрий. — Уггар коьрта дерг — гIел ма ло хьо, са ма гатде ахьа! Дуьненахь дика адамаш дукха ду, хьо цхьалха вуьсур вац хьо! Ткъа хIинца, деш хIума а доцуш хьо кху чохь Iеш воллучуьра, адамаш довза Iамаде ахьа! Ларрий хьожуш хила, дуьйцучуьнга ладогIа, кхиэта: хьайн доттагI мила ву а, мостагI мила ву а хууш хила. Уьш хьо дийна мел ву оьшур долуш хIуманаш ду — чIогIа а оьшуш!

Масех кIира делира. Кестта цу чуьра ша дIавуьгур вуйла хууш санна, шен киса кегийнчу Дмитрийна цхьа жима къоламан юьхьиг а, кехатан цуьрг а карийна, цунна тIе масех дош а яздина, Арсбига иза дIаделира цо.

— ДIаэца, дIа а диллий Iалашде, мацца кхаьчна а вовшашна тIекхача а тарло вайша. Тахана-м цхьаьна ву вайша, ткъа кхана хIун хир ду хьанна хаьа?

Изза хила а хилира. ШоллагIчу Iуьйранна бетташ мохь бара:

— Ивашин, хьайн хIуманашца аравала!

Арсбин кийрара дог Iовжийра. ЧIогIа дог эшна Дмитрийна тIаьхьа хьаьжжинчохь висинера иза. Дмитрий араваькхича пенаца дIа а тевжина, бIаьргийн негIарш тIедахкийтира цо: хIан-хIа, дуьненахь доллу хIума а, схьахетарехь, хIокху кепара дIахIоттийна ду: вонаш — хьуна мел луу ду, ткъа диканаш — цхьацуьрриг бен дац, я данне а дац. Юха а сингаттам галсамбелира, юха а цаI ша висира Арсби.

Бено, Арсбин кIант, набахти чуьрчу зударийн камера чохь, шен ненаца кхуьуш вара. Хьенан маттахь дара цо Iамийна дуьххьарлера дешнаш? Иза ала хала ду. Нанас иза хьаста а хьостура, дIавижош цунна йиш а локхура нохчийн маттахь, ткъа гондахь данма а хезаш берг оьрсийн мотт бара. Иза воккхахила воьллачу хенахь, иза винчу меттиган хьокъехь, лекхачу лаьмнийн хьокъехь, зезагийн хьокъехь цунна дийцарш дан гIертара Селима, амма леррина цо деттачу балдашка хьоьжуш Iаш долу бер, цо дуьйцучунах ца кхиэтара. Шен ненан маттахь масех дош бен ца хаьара цунна. Амма Селимас кIорда ца деш дуьйцура, уьш дуьйцучу хенахь

хьоме меттигаш шена дага а оьхуш, цунах елха а йоьлхуш. Наггахь бераш набахтин керта арадохура. Цкъа цхьана дийнахь кхечу берашца ловзуш, хьаьдда-ведда лелаш ша волуш, корта а айина сийначу стигале а, шура санна кIайчу морхашка а, набахтин лекхачу пенашка а лерриna хьоьжуш вара Бено, амма тIехьашхула хезаш аьчган татанаш дара: тутмакхаш уьйтIа хецнера. Когех тоьхна буржалш а долуш болу цхьаберш — суьде буьгуш бара, важберш — кIеззиг буьйлабалийта арабаьхнера. Оцу дийнахь ирс хилира Арсбин: гергахь надзиратель вацара. Катоьхна кIант кара а эцна, шега ма айъалу лакха айира цо, цуьнга лаьмнех бIаьрг тохийта лаьара Арсбина.

Бераш камерш чу дигира. Шен нанна тIе а вахана, ойла а йина, Бенос элира: «Суна лаьмнах гира, кIайнис, кIайнис... Уьйтlахула лалас баккхий нах бала, цела когах тийсина аьцкас а дала. Истта хIунда лела уьс?».

Цунна уллохь а лаьттина, ша коре хьалаайаре сатуьйсуш кхечарна тIевахара иза: стиглах бIаьрг тухуш хазахетара цунна. Цхьана зудчо, оьрсийн хьехархочо, куьйгаш кховдийра цуьнга:

— Схьавола суна, — хьостуш дIакхайкхира цо кIанте, шен хьаьжа тIеяьхкина къоьжа месаш дIа а шарйина: халонаша хенал хьалха къанйинера иза.

«ГIой со?» — бохучу кепара нене хьаьжира Бено.

— Давало, гIо цунна тIе, — кхийтира нана, цу зудчуьнга дIа а хьаьжна, ша а елакъежира иза.

Эхь хеташ, меллаша масех ког баькхира Бенос тIаккха цIенкъа юккъе ша кхаьчча, ведда «тетина» мара иккхира.

— Дика кIант ву хьо! — мара а воьллина, оба элира цо цунна. — ХIа, схьадийцал, «петушок, петушок!» — дицделла хьуна? — Бено ведда шен нанна тIе дIавахара, ткъа цхьа минот яьлча юха а ведда хьехархочунна тIевахара.

— Дицделлий? Дицделлий техьа хьуна?

— ХIан-хIа...

Цхьацца элп моссазза эли къурд а беш, дIадолийра цо: «Пятшк, пятшк!» — Гонахара берриг зударий бийлабелира, цу чохь болчарна дукхаезара кIеда-мерза «тетя Маня» я «тетя Ульяшева» аьлла, цара цIе тиллина йолу хьехархо.

— Тхоьца кхиъна вай хIара-м, — элира лаьцна, чохь йоллучу цхьана зудчо.

Маса шо ду цуьнан? Диъ шо хир дуй? хоьттура Ульяшевас.

— Пхи шо хир ду. Диъ шой ах шой шен ненаца и кху чохь воллуш волу а ду, ткъа кху чу валочу хенахь ах шо хир долуш вара иза.

Корехула генна, сийначу стигале дIа а хьаьжна, ойланаш йора Ульяшевас. «ХIара ду-кх хIара Саволькин... дуьне... дуьне... — Бенон Саволька цIе тиллинера цо. Селимас кест-кеста олура кIанте «схьавола» — «Саволькин дуьне — хьалххахула тоьхна решеткаш а йолуш, готта кор долчу набахти чохь деца. Цуьнан дахаран дIайолаелла юьхь ма ю!».

Ульяшевойн бIаьргаш жимделира, цIеххьана ша-шах елхаран къурдаш лилхира цуьнга.

— Оффай-кх, ма боьха эхь ду хIара,— меллаш дуьйцура цо. Хьо миска бер! Цо мукъана а мича бахьанина хьоьгу хIара Iазап! ХIара-х цхьа жима бер ду. ХIара боьха хьожа йогIу камера, решеткаш, боьха уьйтIе, цу тIе набахтин коча чорпа! Уьш гича а деша-кх дог, оффай, хьо еза хало...

Ульяшева, хьайн хIуманашца араяла! — мохь туьйхира надзирателло.

Ши бIаьрг горг а бина, хIумнаш дIахьарчо маьнгина тIеяхара Ульяшева. Шекваьллачу Бенос «дикачу тетина» тIебоьгIначуьра ши бIаьрг дIа ца боккхура, ткъа иза дIайоьдуш шена гича, цуьнан юбкех таса а велла: «Йохуьйтур яц!» — бохуш, мохь хьоькхура.

Ульяшевас дайн куьг хьаькхира цуьнан коьртах.

— Ма велха, кIант, со кестта схьайогIур ю! СхьайогIур ю со!

— ДIа ма гIо-о!..— цIенкъа охьа а воьжна, когаш а хьоькхуш, мохь хьоькхура Бенос. Амма иза дIайоьднйла шена хиъча, хьала а иккхина, цунна тIаьхьахьадда воьдуш, неIсагIина улло кхаьчча охьакхийтира иза, ткъа неI, оьгIазе тата а доккхуш, гIапп, аьлла цхьа вон, тIекъевлира.

Масех де делира. Юха а нене ладоьгIуш, цо дуьйцучу «туьйранех» кхета гIерташ Iаш вара Бено, ткъа цо дуьйцура ши бIаьрг кхола а бой, сеца а ца соьцуш, даккхий синош а дохуш. Гонах болу лецна зударий сардамаш духкуш, оьгIазе туйнаш кхуьйсуш, боьлхуш, девнаш деш Iаш хуьлура.

## ДАКЪА II

# ДОТТАГIИЙ, МОСТАГIИЙ

### КОРТА I

#### I

Набахти чохь яккха Арсбина тоьхна хан чекхъяла герга яхнера, ткъа чIирхой шайн ницкъ ма кхоччу чIогIа, амма аьтто ца хуьлуш, мостагI лоьхуш бара. Эххар тIаьхьа вовшашца дага а бевлла, дагабовла шайхана тIебаха сацамбира цара.

— Ассалам Iалийкум! — аьлла, иза волчу чоьхьабевлира уьш.

— Ва Iалийкум сала-ам! — дахдеш салам дIаийцира шайхо. — Охьаховша...

— ХIан-хIа, тхан сийлахь да, ирахь лаьттар ду тхо-м. Дагадовла даьхкинера тхо: хьан хьекъале ши-кхо дош хаза лаьара тхуна,— элира чубаьхкинчех цхьаммо...

— ХIун ду иза ткъа? Хилларг хIун ду? — ур-атталла хоьттуш волчуьнга дIа а ца хьожуш, кIеззиг корта дIаберзийра шайхо. МостагI лоьхуш волчо цхьа ког хьалха дIа а тесна, корта а хьовзийна ши бIаьрг серла а баькхина, коьртара схьабаькхина шен куй биэга а бина, юха а иза дIа а тиллина, юкъах кхозучу йоккхачу шаьлтанна тIе куьг а, диллина, массарна а хьалхара жоп делира:

— Лулахой тхох буьйлуш бу: «Эхь ца хета шуна, хIинца а шайн мостагI а ца вийна аша?» — олу цара. Ткъа оха хIун дийр ду? Оха иза ца лохуш меттиг ца бигина — Iаннашкахула, хьаннашкахула чекхдийлла тхо. Теркаца лехна, гIала а дахана... Цхьа а юрт ца йисина тхо кхачаза — цхьаннахьа а иза волуш вац. Iийтта, яIкх! — цергаш хьакхийра цо. — Вийначу сайн вешин кийрара схьаяьккхина йолу даьндарг, аса сайца лелош ю, мостагIчух дIа а кхетта, цуьнан цIий ца даьккхича Iебар йолуш яц иза. Кхетий хьо, оха сийдеш волу тхан шайх? МостагI карорах хьаьгна ву со. Цуьнан дакъа лаьттах гIур долуш ду, ткъа цу докъах боллуш — дошан хIоъ хир бу! ДегI дахкалур ду цуьнан... амма даш дан-ма даьIахках доллур ду!

Дан амал а доцуш кIелвисина шен мостагI шена хьалхахь Iуьллуш санна, леррина лаьтта бIаьра хьоьжуш вара иза, тIакхка доккха са а даьккхина, чIогIа муьтIахь волуш а, дехарш деш а, кхидIа а дуьйцура цо:

— Тхан сийлахь шайх, хьекъалечу хьехарца гIо дехьа: хIун дича карор вара техьа тхуна мостагI?

Кест-кеста корта а хьовзош, хьаьжа юккъе шад а бина, дехарш дечо дуьйцучуьнга леррина ладоьгIуш Iаш вара шайх.

— Доллучу хIуманна ницкъ кхочуш ву вайн дела а, вайн элча Мохьаммад-пайхамар а, дала цуьнан сий долда! Хьайн доггах хьо дан гIоьртинарг, гуттар а кхочуш хуьлуш ду!

— Аминь! — элира чIир лоьхучара. «Боккъалла а ван а ву иза шайх», — хетаделира царна. Шайх ша а вара резахилла: оьшшучу меттигехь ала дика дош шена дагадарна! Дика дешнаш а дара уьш, цхьа а тайпа тIе декхар дожош а дацара! Хебаршка дахана хьаж шарделира, ткъа хууш хIума а доцуш, адамаш ледархочуьнан аьрта юьхь-бIаьргаш, дукха ша шена резахилла, хазчу баса даьхкинера.

Оцу Iуьйранна шен къечу хIусамехь, кIеззиг техка а техкаш, шен къа-бала ша шега ялхош Iаш яра къена Хедишт: «ХIинццехь цхьана наха бахка а баьхкина, соьга эр ду: Арсби вийна... елха ма елха, оха гIо дийр ду хьуна... Ой, ма эр ду иза, ма эр ду!» Шен дакъаделлачу некхан уьн тIе кадеттара цо, меца яра, шен бала балхо мича гIур ю ца хаьара. Делахь а, цIеххьана-ша-шах ура-

ме а яьлла, цхьа а ган а ца гуш, цхьаннаге а йист а ца хуьлуш, йоьлхуш дIайоьдуш яра иза.

— Хьо хIунда йоьлху?—сацийра иза Бакара.— Елхарх хIун гIоле хир ю хьуна? Шайхана тIегIо. Хьан кIентан хьокъехь цо доIа дийр ду. Елха хIунда йоьлху? Далла ца лиъна рг цхьа а хир дац. Яло шайх волчу гIо!

Йоккха стаг меттах а ца йолура. Совдегаро шега бохучух ца кхийтира иза, ткъа Бакар, цо шега ахча дехарна кхоьруш, сихха дIа а вахана, къайлавелира.

Ехха новкъа дIагIиртира Хедишт. Органна йисте кхаьчча саца а сецна, борза тIе охьа а хиъна, балано гIелбина ши бIаьрг лаьтта бIаьра а хьежош Iаш яра иза. «Мичахь ву хьо, сан кIант? — ойла йора цо. — Дийна вуй техьа хьо? Мича дуьненахула лелаш ву техьа хьо?»

— ХIей, Iашъерг? — цхьаммо мохь туьйхира цуьнга.

— ХIун оьшу шуна, дика адамаш—хьалаайаелира йоккха стаг.

— Шайх цIахь ву-вац хаьий хьуна?

— ЦIахь ву боху...

Шайхана сагIийна хIуманаш кхоьхьура адамаша: тускаршна чохь котамаш а, якхийчу кхабанашна чохь даьтта а, дуьйцинчу тускаршна чохь хIоаш а, галеш дуьззина тIаргIа а; лаьххкина цунна дIакхуьйлуш уьстагIий а, тIаьхьахIиттина эсий а долуш хьелий а дара.

«Со а яхча хIун дара техьа иза волчу?»,— хьалагIаьттира йоккха стаг. Юха а яхана, кхо хIоа а, хьокхам а эцна шайх волчу яхара иза.

Даккхийчу цIеношна хьалха гулъелла адамийн тоба яра. Гондахь Iоьхуш уьстагIий а, хьелий а, эсий а дара. Уьш дерриш а шайхана далийна дара. Иза шайх хиларх шекьхуьлийла ян а ярий? Цкъа цхьана хенахь эвлал арахь, цо ша даьккхинчу кIоргачу ор чохь ткъентт дийнаххьий, ткъентт бусий халбата а воьлла ваьллинера иза. Цу чу ша вуссучу хенахь цхьа а тайпа шеца баа кхача ца бехьира цо. Далла гергахь цо марха кхобуш хилар адамашна хаийта дезара! ХIилла долчу воккхачу стага омар динера шен йоккхах йолчу зудчуьнга шена тIаьхьа баа кхача кхиэхьа, аьлла. Цо цунна тIаьхьа кхоьхьура бепиг а, жижиг а, хIоаш а, иэдина даьттий, моз а, шура а гIалмакхан чай а. Цхьанна а ца гайтархьама къайллах, бодаш боьлча йоьдура иза цига.

Холбата а воьлла делаца къамелаш деш стаг волчу орана уллохула, цуьнан чIогIа сийдеш тIехдовлура адамаш. Ткъеитт де даьлча оцу Iаьржачу ор чуьра схьа а ваьккхина, пхьаьрсаш а лаьцна цIавигнера иза. Мацалла гIелвелла волу воккха стаг охьакхетарна кхоьруш, мелламаша дIавигнера наха. Амма воккха стаг тIахъаьлла а могуш а вара, атта ша дIавахалур волуш вара иза, амма шайхан декхарш чекхдоллалц лело дезаш дара, цо уьш лела а дира.

Цундела иза хIинца шайх ву — деланий, стаганий юккъехь уггар сийлахь а, мехала а, адамаша лоруш а волу геланча: эпсарал а, пнарлел а лакхара вара иза.

Дуьйцийла яц, шайхан коьрта корматалла — шайхалла дара. Мисар болатана кхийолу аьчгаш санна, доллу хIума а цунна тIегIерташ дара: и куц доцуш инзаре ирча а, къена а воллушехь, уггар хазчех масех зудчун майра вара иза. Шайхе йоI маре муха лур яц? Цуьнан гIоьнца зудчуьнан гергарнаш а ялсамане гIур бу!

Цул совнаха, дийнна эскар цуьнца тоба дина мурдаш а бу цуьнан, иза цуьнан тешаме тIаьхье ю, цо кхайкхича муьлххачу а минотехь тIе а баьхкина, хIуъу а цо тIедиллинарг кхочушда кийча болу.

Дуккха а ялташ дIадийна латта а, цанаш а, бежан аренаш а йолуш, хьалдолуш ву иза. Мурдаша берриг аренан белхаш бо, ялташ чудерзадо; хIор зудчуьнан цIарах цIенош до цунна; хIургонаш йо, варданаш йо, тачанканаш йо; хьун яхьа, цунах аннаш доху, керт-кехь оьшу гIирсаш боьшканаш, харанаш, дуккха а кхиерш йо — и дерриг а мах боцуш до. Шайхера ахча хьан оьцур дара?

Мурдаша шайн долахь йолу хIуманаш а кхоьхьу шайхана, кхиберш цуьнан вирда юкъабалабо, цаьрга а кхоьхьуйту шайхана совгIатана хIуманаш. ХIокху сохьтехь а кен бертехь, шайхан хьадалчаш ара а бевлла, шаьш деана совгIаташ дIаэцаре хьоьжуш лаьтташ дара адамаш.

— Ва Iалайкум салам! — ков схьа а диллина, арахьаьжира мурд.—Шу шайх волчу даьхкина?

— Даьхкина, даьхкина, шайх волчу даьхкина.

— Ирс хуьлда шун, дикачу хенахь даьхкина, хIинцца ламазана хIоьттина воллу иза.

— Суна тIера доIа де алахьа цуьнга. Сан цIе БахIа ю. Изза яра сан ден-ден цIе а — хезнерий хьуна?— тIер-

гIах дуьззина гали деанера оцу стага. — Ша доIа деш, со виц ма вахьара алахьа цуьнга.

Хьадалчо-мурдо ког Iоьттина, карчийна кел чоьхьадаьккхира гали.

— Домбина тIера доIа де алалахь шайхе! — карахь ахчанан туп дIа а кхийдош, тIевеара шозлагIниг. Ахча дIа а эцна, иза кисина дилла дагахь хилла волу хьадалча, цIеххьана цIийвелира: шайхан зударех цаI ша тергал веш юйла хааделира цунна.

Вукхо сихха тIе а еана, ахчанан туп дIа а эцна, шел йоккхах йолчу вукха зудчуьнга дIаелира, ткъа цо, ерриг шайхан хазна а, аьчган гIораш а тоьхна, чохь лаьтташ долчу тIорказийн догIанаш а карахь долчу, уггар йоккхах йолчу зудчуьнга дIаделира ахча.

Кхачанан сурсаташ — дама, кIа, кIалд, даьтта — уьш къаста а йой охьайохкура, тIаккха амбарашна чу дIахьора уьш. Котамашший, москалашший буьнчу хоьцура, ткъа уьстагIий а, тIаьхьа эсий а долуш долу хьелий а— божал чу, я дохнан керта лохкура.

Массарел а тIаьхьа мурдана тIеяхара Хедишт.

— Дала дукха вахаволда хьо, дика стаг! — дехарца гIийла цуьнга дIахьаьжира иза. — ХIорш дIа эцахьа... кхин хIума яц сан... Вевзий хьуна? Сан кIант, Арсби. Шайхе доIа де а...

— Дика ду, дика ду! — цуьнан къамел юкъах а даьккхина, дехьо дIавелира мурд.

— ХIорш хIун ю? Тфу-у! Кхо хIоий, хIуманна а мегар доцу хьокхамашший,— еанчаьрга хьажа а хьаьжна, ца ешаш туйнаш кхуьйсура шайхан йоккхах йолчу зудчо. — Борз! Борз! — мохь туьйхира цо. Дедда тIедеара лергаш а хедийна долу, борз санна, доккха жIаьла, цо дедда доггIушехь даа долийра шена кхийсина хьокхамаш.

ТIебаьххира Арсбин чIирхой. Оцул хьалхха, юстийна старгIий, стен, боьршан ши гIаззий шайхан уьйтIа лаьллинера цара, хьелийн даьттанах юьзна йолу ши пунт чуйоьду кхийра гуьмалк дIа а елла, цара мурде элира:

— Тхан гIуллакхан аьтто хилар доьхуш доIа де ала шайхе.

— Ца олуш Iийр вац, эр ду,— жоп делира мурда. — Билггал дIаэр ду. Цунна тIедаха-м ца лаьа шуна? Дан лууш болчаьрга тобанаш дайта хIинцца дIаволалур волуш ву иза. Цунна тIе-м ца доьлху шу?

ЧIирхой юхабевлира: уьш тIаккахула богIур бу, хIинца уьш сиха бу, мостагI схьалаха дезаш бара уьш — топ тоьхна я шаьлта хьаькхна иза виэн.

Сихха юха а бирзина дIабоьлхуш, кестта Хедиштана тIаьхьакхиира уьш. ЧIиран гIуллакхана мостагIчуьнан нана хьесапе а яц: иза зуда ю. Амма хIетте а сецира иза: божарий хьалхабовлийта безаш бара, зудчо гуттар а некъ буьту царна. ГIо дахьара аьлла дехар дан, Хьажбекар волчу яхча хIун дара техьа, бохуш ойланаш а еш, меллаша царна тIаьхь-тIаьхьа йоьдуш яра Хедишт. «Мадукха болх бинера Арсбис Хьажбекарна!» — ойла йора цо.

Оццу хенахь, дуьззина чу тийсинчу къорзачу истангашна тIехь шайхан доккхачу цIа чохь, когаш кIел а хьерчийна хевшина Iаш бара ламанхой. Чалба а хьарчийна, массарна а хьалха хиъна шайх вара. Доккхачу дегIахь а, зоьртала а, мекхайоьлча санна хьаьрса йоккха маж а йолуш волу иза, гIуммагI чуьрчу хица, ламаз оьцуш вара. Теса тIехь леррина когаш а, куьйгаш а юьхь а йилина, хьаьжа тIе хи хьаькхира цо, ша ламаз оьцучу хенахь шабар-шибарш дора шайхо: — «БисмиллахIир рохьманир рохьийм»,— буьрса кхиэл схьакхайкхоре хьоьжуш болуш санна, шаьш болчуьра меттах а ца хьовш Iаш бара ламанхой.

Ламазана кечвелла ша ваьлча, массарна а хозуьйтуш бакъдолчу дине кхойкхура шайх:

«Айхьа тхуна кхел ечу хенахь, тхан аллахI, къорIан аьрро куьйган кара а ца оьцуш, ткъа аьтто куьйган караэца пурба ло ахьа тхуна!»

«Ницкъ кхочуш волу тхан дела, туьран дитт санна долчу суртан тIех а дахий жоьжахатин цIаре а ца иэгош, ялсаманин неIаре дIадига ахьа тхо...»

«Ламазаш дийр ду оха, нехан хIуманна тIекхевдар дац тхо, хьаькамаша бохучуьнга ла а дугIур ду, церан сий а дийр ду оха, законашна муьтIахь хир ду тхо, хIунда аьлча, царна дуьхьало йинарш кху дуьненахь а, эхартахь а таIазаре оьгур бу. Къоьлла а, хало а, цамгийла а, мацалла а, гергарчуьнан Iожалла а ловр ю оха, хIунда аьлча, халонаш ловш болчарна, эхартахь дала дика болх бийр бу».

— Аминь! — чекхдаьккхира ламанхоша, шайхо мел аьлла долу дош, цунна тIаьхьара а аьлла.

Аркъал а даьхна куьйгаш доIийна дIалецира шайхо.

Цуьнга а хьаьвсина, изза дира керла тоба динчара а. Тоба дар чекхдаьлча, наьIарехьа дIаволавелира шайх.

— Хьайн доIанашкахь тхо диц ма делахь! — дехарш дора ламанхоша. Шайх ара ма веллинехь, цIа баха сихбелира керла тоба динарш а. Шайхалла ду бохуш лелийна бозбуанчалла чекхдаьллера, стеган амалш тIейогIуш лаьттара шайхана. Ша Iаш волчу чу а вахана, кузана тIе охьа а хиъна, гIайбина тIе гола а хIоттийна, пхьаьрсана тIе корта а биллина, дIатевжира иза.

Меллаша, когаш буьхьар а луьйзуш, ур-атталла чIогIа са а ца доIуш, иза волчу чоьхьаелира жимах йолу зуда: талхарна кхоьруш зезагана тIе куьг кховдош санна, дайн куьйгаш тIе а дехьна, шайхана хаа а ца луш, иштта меллаша цуьнан когара мачаш дIаехира цо. Шайхан ши бIаьрг горгбелира, бетах мотт хьоькхуш, жижиг даа кечделла циниг санна, цунна тIаьхьа а хьоьжуш, велакъежира иза.

Чуеара шоллагIа, юккъера зуда. Хьалха еанчул майро тIе а яхана, цо шайхана хьалха охьахIоттира кхерзина котам а, шен дуьмица дийнна кхехкийна шо кхаьчна болу Iахар а, кIайн бепиг а, кхерзина хIоаш а—тIаккха араелира иза.

Эххар тIаьхьа чуеара кхозлагIниг — уггар йоккхах йолу зуда, шен туфленийн кIажаш а детташ, вукху къоначу шиннел а майра лелара иза. Цо шайхана хьалха хIоттийра довха чIепалгаш а, даьтта а, чай а, дийнна шекаран корта а.

— Тахана вайна кхехьна хIуманаш башха дукха а яцара,— элира цо. Шина-кхаа ворданна тIейоттал бен хир яц. Ахча тIорказ чу дIадиллина аса.

— БисмиллахIир рохьманир рохьийм! — жижиг хедо волавелира шайх. КIочу берамна чу а Iоьттина дIакхаьллира цо: тIаккха схьа а хадийна, дума санна дерстина жижиган потт, юха а дIакхаьллира шайхо. Цхьа агIо биъна ша ваьлча, Iахаран чарх вукху агIор а ерзийна важа баа волавелира. Сих а ца луш, уггар дик-дикачуьра доккхура цо жижиг. Дукха сутараллица, ирча балдаш а детташ дуура цо иза. Цкъа хьаладоьлхуш, тIаккха охьадогIуш долчу цуьнан цIоцкъамашна тIе охьа а беана, бара шайхан месала куй.

Уьстагlан даьIахкаш хьалхара дIа а теттина, дума баа волавелира иза. Хьена хIума бIаьргашна дика ю — бIаьра са дика хир ду. Берриг дума биъна ваьлча, Iуь-

паш оьхура шайхе. Шекаран коьртан бухь каг а бина, стаканна чу тесира, ткъа йоккха шекаран гIорза стаканна чу тар а ца луш, стакана берте таса а елла йисча, сих а ца луш, цунна тIе Iайгаца чай дуттуш воллура шайх. Шекаран гIорза яша а ешна, стаканна чу юьйжира. ТIаккха хIоьан буьйр а тухуш, керла кIалд чу а юьллуш, кIайчу демах дина чIепалгаш герга а оьзна, церан болх бан волавелира воккха стаг, схьаоьцуш, даьттанна чу а Iуьттуш, сих а ца луш, дика чам а боккхуш, уьш диъна а велира. ЧIепалгашна тIе мерза чай мелира.

НеIаран херонехула иза тергалвеш бара зударий, шайн цIийнда шайх, хIума йиъна ваьллийла а хиъна, тIаьхьий, хьалхий а хIиттина чубахара уьш. ПхьегIаш схьа а эцна, бист а ца хуьлуш ара а бевлла, буха йисинчех мега йолу хIума яа буьйлабелира зударий. Шайна йогIург кертахь гIуллакхаш дечарна а кхечира; леррина цIуб а еш цара цIанйина, даьIахкаш жIаьлешна кхийсира.

ХIума йиъна ваьлча, дIа а таьIий са доIуш Iедал дара шайхан. Амма тахана шен йоккхах йолчу зудчуьнца чот а тухуш, мел ду хьажа, даьхний лара дагахь вара иза. ТIебогIуш болу пайда дика Iалашба тешаме а йолуш, бIаьрмециг стаг а ма ю, амма делахь а иза... зуда ю! Цундела даьхний айса лара деза аса!

Дегабааме, ца тешаш, дийца а ца юьтуш, юх-юха а хеттарш а деш, зудчо дийцинчуьнга ладоьгIна ша ваьлча, куьг ластийра воккхачу стага: дIаяха мегар ду хьуна хIинца, аьлла. Шайхо цкъа а, цхьа а хIума дIаязъеш дацара: язда хууш вацара иза. Ткъа дIаязда стенна оьшура? Вуьшта а доллу хIума башха дика дагахь лаьттара цунна.

Далла бу хастам, хьал оьшуш кIелвисина вацара иза вуьшта а! Цуьнан яра шовзткъа говр, шовзткъеитт етт, масех эзар уьстагI, ткъеитт гомаш. ХIинца кхин а дукхахо а хир ю уьш — далла бу хастам! Амма говраш кIезго ю, говраца дукха мерза ву ламанхо, ша шел а дукхаеза цунна говр! Иза-м хIумма а доцург дара: со тIетаьIар ву, тIаккха схьакхуьйлур ю говраш а!

Амма сан уггар доккхах долу хьал — адамаш ду. Цаьргахула тIедогIуш ду суна доллу хIума а. ХIокху сохьтехь сан волуш верг ши эзар мурд ву, кхин цхьа бутт баьлча уьш кхо эзар хир ву. ХIораммо а шарахь кхоккха уьстагI бахьар бу, уьш берриг а исс эзар хуьлу;

бIаьста йолуш уьш дахка а дехкина, кхин а исс эзар уьстагI тIекхетар бу... о-о-о далла бу хастам!.. ХIор уьттал-гIачу мурдо цхьа гомаш я етт балор бу суна... Далла бу хастам, далла бу хастам! ХIор мурдо цхьа урд охур ду, цунна тIера ялта — кIа, хьаьжкIаш борц чуберзор бу,— далла бу хастам, сийлахь ву дела!

ХIинца садаIан а мегар дара, хIунда аьлча, тховса жимах йолчу зудчуьнца буьйса яккха дагахь а вара иза. Нагахь зуда шена муьтIахь елахь и шиъ эхарта дахча, майрачо иза ялсамане йохуьйтур ю. «Хьо муьтIахь зуда яра,— эр ду цо,— цхьана а тайпана дуьхьало еш яцара, суна лиъинарг, иза хIуъу делахь а цунна резахуьлуш яра». Эхартахь шуьйрра гIаш а гIаттийна дIахIуттур ву майра, цо эр ду: «Чекхъяла!» — ткъа зуда охьа а таьIна гIаш юккъехула чекх а яьлла, ялсамани чу гIур ю. Ишта ца хилча ялсамане бIаьрга а гур яц цунна.

Чуеара жимах йолу зуда. Шайх мерза велакъежира. Иза а елакъежира: шайхана там бан безара.

— Соьца буьйса яккха еаний хьо? — бIаьргаш серладевлира шайхан. — Дика ду. Кор тIечIагIа.

Амма зуда ша йолчуьра меттах а ца елира.

— Я цхьа хIума ала гIерта хьо? — оцу сохьтехь кхоьлира шайх. Шайхан велакъажар тIапп, аьлла дайра — иза дайра къоначу зудчун юьхьа тIера а.

— Хьо волчу оьзда къонахий баьхкина.

— Хьо со волчу чуйогIуш-м ца гира царна? Морхал Iаржъелира юьхь: доккха эхь дара шен майра, шайх волчу чохь зуда гича! — Гирий хьо царна? Чехкка араяла!

## 2

Тамашийна дара Iа: декабрь баттахь а, апрель баттахь санна яра арахь.

Хьажбекар волчохь, керт-ков дуьззина хьеший бара. Цига гулбелла бара говрийн реманан да Туган а, шен вешица ИбрахIимца цхьаьна, совдегар Бакар а, ткъеитт шарал сов эккхаш хан йолу, гIалгIазакхийн дика ши кIант а: паччахьана тIеваханчу атаманан Дейн кIант Афонька а, станицехь дика вехаш волу Фока а.

Афонький, Фокий чIогIа нохчех тера вара. Цу шиннан ши мара дукъ тIедаьлла бара, бIаьргаш ира бара, кортош даьшна дара, тIедуьйхина бустамаш долу чоьэш

дара, юкъах йихкина шаьлтанаш а, хумпIаршна чохь тапчанаш а яра. Буьйсанца баьхкинера уьш юьрта. Лачкъийна ялийна Iаьржа говраш, Тугане дIаеллера цара. Са хилча Тугана валийнера и дика ши кIант Хьажбекаран хIусаме: Исмаьlала Берийта ялийнчохь долчу ловзаргахь сакъерийта!

Доккха ловзар дара динарг. Бакъду, ШепаIца вовшашна герзаш кхуьйсучу хенахь чевнаш а хилла, Исмаьlал дукха чIогIа эрчаваькхина ца хиллехьара, цо хIуъу а хилча а Берийта ялор яцара. Маре яхаза хан яьлла яра иза — хIетахь дуьйна пхи шо даьллера, ткъа иза кIезиг зама яц йоIана! Маре бахана болчу мехкаршна юккъехь хIетахь йоккха лоруш яра иза, ткъа хIинца-м муххале а йоккха яра! Амма ша йоккха ца хетийтархьама, куьзганна хьалха а хIуттий, даша а дой цIен тай хьоькхуш, шен беснеш цIиййора Берийтас, шена тIехь и пхьола дехха а кIорда ца деш а дора цо, юьхьа тIе къона бос беана баллалц и тай хьоькхуш йоллуш хуьлура иза.

Хьажбекар волчу баьхкинчу хьешашна бийна бустийна ши сту а, ворхI уьстагI а бара; кхин а биэн кечбина бархI уьстагI а, биъ сту а бара.

Жима киса долу цхьа миска а воцуш, ткъа гIараваьлла хьалдолуш волу нохчо ша хилар гайтинера тахана Хьажбекара. Иза волчу хьошалгIа веана пурстоп, гIумкечух хилла волу нохчи, эла Умалт-Гира а, Чахкар-гIалин горнизонан начальник, подполковник а, цуьнца веана драгунски полкан эпсар Быстролетов Анатолий а, волуш. Ишгта эпсар волу Хьажбекаран кIант, Анзор, кесткеста шен дена а, ялхошна а водий тIе а воьдуш, приказаш луш, хьаьдда-ведда лелаш вара. Подполковникана уллохь Iаш — интендантски гIуллакхан капитан а вара.

«Сан уьйр хьаьнца ю хоанда шена нахана»,— воккхавеш вара Хьажбекар.

Локхуш кехатан пондар а, тухуш вота а, детташ тIараш а долуш, уьйтIахь хелхарш деш бара кегийрхой. Хьовсуш болчара маьхьарий а детташ карзахбохура хелхабийраш; вовшашка безам баханарш вовшашка а хьоьжуш, бIаьцаш а еш дегнаш дохуш бара. Диэхьо, хьарччийна когаш кIел а бехкина, кузашна тIе охьа а хевшина, бист а ца хуьлуш хIума юуш Iаш бара баккхийрнаш. Царна хьалхахь лаьтташ яра чохь вахо ниха долу сури-

лаш а, жижиг-галнаш а, йовха жижиган чорпа а, хохаш а, саьрмсекхаш а. Царна дуьххьал, ргIона кIел Iаш бара хийра хьеший, «уггар сийлахьберш». Масех гIулч дехьахьа Iаш яра дошлойн тоба. Береш ловзар чекхдаллалц кхузахь Iийр бу, ткъа цул тIаьхьа, хьешийн сий деш хиларан билгалонна крепостан неIарна тIекхаччалц «сийлахь» хьеший дIаэцна гIур бу.

РагIу кIелхьара дIахьаьжча гобинна сакъоьруш Iаш берш, куьйган кера юккъехь санна гуш бара. ДIогахь Iаш бу мехкарий. Хьаьллахь ши бесний а юсийна воллуш ву зурма локхуш верг, карахь гIожмаш а йолуш цунна уллохь вота етташ ву вотанча а. Зурманан озой, вотанан говгIаной лергаш къардо. Амма юьртарчу кегийрхойх, гонах болчара шайга юкъадовла боххушехь, цхьа а хелхарна юкъаволуш вацара: уггар хьалха хьеший хелхабохуш ду гIиллакх.

Гонах лаьтташ берш шен белшца дIа-схьа а тоьттуш, ловзарна юкъаволлушехь кор хьалха а тесна, леста ца лестийта шен юкъахара шаьлта ша воьддушехь то а еш, хелхаран го тесира Афонькас. Хьалхара го баькхина иза ваьлчий бен юкъа ца елира йоI. Нисса хьала дахана куьцехь дуткъа дегIан гIад а долуш йолу иза, меллаша юкъа а яьлла, цхьа хIума айина йоьдуш санна, коьртал лакха айина ши куьг а долуш, тулгIе санна, дайчу болярца хелхаран го эшна яхара. Шен куй тIехьа а теттина, аьрро агIорхьа ши куьг хьалха дIа а тесна, йоI хьовзош, цунна бухь а боьгIна, йоьIан бIаьргашка хьаьжира Афонька. Эхь а хетта, гонна юкъара дIаяла дагахь, олхазар санна дIаиккхира йоI, амма гIиргIа санна кхоссалой, юх-юха а цунна хьалха а эккхий, хелхаран бухь буьйгIуш, ша тIехь даьндарг санна, хьийзаш волчу Афонькас хьовзайой некъ а боьхкий, юха а юкъаялайора иза. ХIетте а юкъара дIаяла аьтто а баькхина, мехкаршна юккъе дIаяхара йоI. Ша динчу хелхарна реза а, куралла еш а волчу Афонькас, йоьIан сийнна кIеззиг куй хьалха а теттина, хьаьжа тIе куьг хIоттийра, тIаккха сийлахь хьеший болчухьа дIа а вирзина, подполковника на а, цуьнан сийнна корта таIийра цо.

— Дика кIант ву! — хаставира иза вукхо, ша иза хаставар кхузахь боккхачу мехала хир дуйла хууш: лакхарчу хьаькамо хастийра иза, эр ду.

— Сайн ницкъ кхочург дан кийча ву, хьан сийлалла! — цIенчу оьрсийн маттахь элира Афонькас, подпол-

ковникан бIаьрга тIе бIаьрг а боьгIна. Цецваьлла подполковник интенданте дIахьаьжира:

— Капитан, хьо кху меттигашкахула лелаш волу дуккха а хан ю,— ккхузахь цхьаболчара-м дика цIена ма буьйцу оьрсийн мотт? Капитана белш а таIийна, ца буьйцу бохучу кепара корта ластийра.

— ХIинццалц схьа цкъа а суна буьйцуш хезна-м бац.

— Кхиэто пурба лой ахьа суна?— сий а деш, подполковникана гергахилира Умалт-Гира. — Хьалха пурба ло суна со хьуна вовзийта — эла ву со...

Подполковника цуьнга куьг кховдийра, амма иза полицехь гIуллакхехь хиларан билгало йолчу цуьнан пагонех шен бIаьрг кхетча, реза ца хилла дагаца, балдаш тIекъевлира цо.

— Кхиэто пурба лой ахьа суна? — бакъонца хаттар дечу озаца, юха а хаьттира реза воцуш волчу Умалт-Гирис. Подполковника корта таIийра.

— Иза нохчо вац, — хIинца а подполковникана хьалхахь заккъ, аьлла дIахIоьттина лаьтташ волу Афанасий, бIаьрган эшарца цунна ган а гойтуш.

— Ткъа мила ву иза?

— ГIалгIазакхи ву.

ПIелг тесна, хелхархочуьнга тIекхайкхира подполковника. Леррина масех гIулч а яькккхина хьаькамашна тIе а веана, пондаран мерз санна вула а велла, царна хьалхха дIахIоьттира важа.

— ГIалгIазакхи вуй хьо? — корта айира подполковника.

— Хилар бакъду, хьан...

— Кхуза мича гIуллакхана веана хьо?

— Гергарчу нахе хьошалгIа веана, хьан сийлалла!

— Гергарчу нахе? — цецваьлла пурстоьпе а, интенданте а дIахьаьжира подполковник.

— Бакъду, бакъду, — кхиэто сихвелира эла, — и саннарш ккхузахь хуьлуш ду. Оьрсаша йийсар дина хиллачу нохчочух схьаваьлла ву иза. Йийсарехь хиллачара, дукхах болчу гуной чкъурах схьабевллачара, нохчийн маттахь аьлча, гуной тайпанах болчара, оьрсийн зударий балийна хилла. Цунах дIадоладелла ду эр хIу. ГIалгIазакхаша а, нохчаша а шаьш вовшийн гергара а лору, вовшашка хьошалгIа оьхуш а бу уьш. Цунах лаьцна язйина литература а ю. Со жима бер долчу хенахь сайн ден библиотекера цхьа книжка ешна аса. 1628 шарахь

московски правительствос кхечу махкара ши векал ваийтина хиллера — церан фамилеш дага ца йогIу суна...

— Фричий, Геральддий, — дагаяийтира капитана.

— Ахьа а ешна иза?— цецвелира Умалт-Гира.

— Еша езаш меттиг хилира. ДIадийца ахьа, хаза хIума ду иза.

— Кавказан лаьмнашкахь хазна лаха ваийтина хиллера и шиъ. Ибак-Мирзин шина кIентан: Элдаран, Кельмохьмадан ярташна лаккахь, Гребенски городокаш карийна хиллера царна кхузахь. Цара динчу хьехарца гребенцашний, Терк цIе йолчу паччахьан гIалиний юккъехь зIе латторхьама, Соьлжан хи йистехь гIап йиллина хилла...

— Собар делахь, — юкъахваьккхира иза подполковника, — делахь хIета, оцу хенал хьалха а кхузахь Iаш гребенцаш хилла?

— Хилла хуьлу-кх. Царна хIетахь а девзаш хилла Теркан бердайистош, Теркан регIан (гребень) дукъ дIа а лаьцна баха хевшина хилла уьш, цунах дIадоладелла ду «регIан» гIалгIазакхий царна цIе тиллар.

— Ткъа гергарлонан зIенаш? Уьш маца юьйлаелла?

— Иза дийца а со кийча ву-кх. Книжкина тIехь ма дарра аьлла ду, хьалха юьххьерчу деношкахь дуьйна гребенцашний, нохчашний юккъехь уггар дикачу лулахойн юкъаметтигаш дIахIиттина хилла хилар... Цара дукха хьолахь зударий балош хилла...

— ГIалгIазакхаша нохчийн зударий?

— ХIаъ, ткъа вукхара церанаш балош а хилла. Ткъа берхIийтталгIа бIе шо доладеллачу хенахь, гребенцашний, нохчашний юккъера юкъаметтигаш телхина.

— ХIунда телхина?

— Ши бахьана долуш телхина: цкъа делахь, нохчашна юккъе бусалба дин кхаьчна хилла; шозлагIа делахь, оьрсийн Iедало гIо а деш тIелеттачу аренан гIалмаккхоша даккхий зенаш дина хилла нохчашна.

Подполковник гIалгIазакхичуьнга дIахьаьжира, ткъа вукхо, бIаьрга эшарца шега дечу хаттарна, хьаькамана оцу минотехь жоп делира:

— Иза бакъду, хьан лаккхара сийлалла, тхан дайн дайша а дуьйцуш дара тхан хIу ийна хилар. Со—терско-гребенски гIалгIазакхи ву. Эзар ворхI бIе доьзткъе цхьайтталгIачу шарахь цуьнан сийлалле императрице Екатерине ша бинчу хаама тIехь графа Гудовича тхох

лаьцна яздина хилла, тхо инзаре майра нах а, герз ниĭса кхосса хууш а, хlокху лаьмнийн махкахь чlогlа оьшуш а ду, бохуш... Тхо дошлойн эскар лара мегар ду. Эзар ворхl бlей доьзткъей бархlазлагlчу шарахь Анапа гlалйна уллохь хиллачу тlамехь массанхьа а оха тхаьш къаьсттина майра нах хилар а гайтина.

— Иза хьуна мичхьара хууш ду? — ийза а ца луш гlалгlазакхчо дийцинчунна резахилла, велакъежира подполковник.

— Сан ден ден дас евангелин мужалтана тlе дlа а яздина шен тlаьхьенна дитина хилла, ткъа цуьнан кlентийн бераша а, кlенткlентийн бераша а шайн истори lамийна, къаьсттина дика аса lамийна.

— Ткъа нохчийн мотт хаьий хьуна?

— Нохчийн моттий? Иза бакъду, хаьа.

— Муьлхачу станицера ву хьо?

— Оьрза-гlалара ву, хьан лакхара сийлалла. Ткъа сан накъост — Калиновкера ву.

— Муьлха накъост?

Дlа а вирзина шен гlоддах мохь туьйхира гlалгlазакхчо.

— Фо-ока! Сиха схьавола!

— Цунна а хаьа нохчийн мотт? — Афоньке дlахьаьжира начальник.

— Иза бакъду, хьан лакхара сийлалла! Гlезлошна санна дика хаьа.

— Иза-м кхин гlуллакх дара, нохчий гlезлой-х баций, — меркlел велакъежира подполковник.

— Ерриг а цхьа гlер ю: бусалбанаш бу хьан сийлалла, — жоп делира Фокас, цуьнан дуткъийра а, хlилланен а долу балдаш, резахилла делакъежира. Цо тlаьххьара дешнаш аьлча дукха оьгlазваханчу Умалт-Гирина благор беара. Гоьла тlе ког а баькккхина, цlоцкъамаш дусадира эло:

— Кхуза хьошалгlа веана ву боху ахьа хьо?

Жоп дала сих ца велира гlалгlазакхи: «Говрашцанна гучувала воллу техьа тхойшиъ? — дага иккхира цунна. — Ша хирг хир-кх кхунах!» — аьлла, юха а сихха жоп делира цо:

— Иза бакъду, хьан сийлалла, хьошалгlа веана ву!

— Ткъа мила волчу веана шуьшиъ?

— Мурад волчохь саца дагахь хиллера тхойша, уьш тхан гергара, гуной бу. Иза волчу вогlуш вара тхойшиъ,

ткъа новкъахь Хьажбекар дуьхьал а кхетта Хьажбекар ву-кх кхузахь юьртда,— элира цо юха а цуьнан цIе якхархьама: Хьажбекарна вевзаш хилчхьана, цхьа а хьох шекьхир вацара.— ДIадахийтахьара ахьа тхо бохуш дехарш дарх, аьттехьа а дош ца хилира!..

— Баккъалла а хьошалгIа веана ву шуьшиъ?— юха а хаьттира пурстоьпо, цуьнан велакъежарх ца тешаш, шеквелира гIалгIазакхи.

Бакъдерг аьлча — говраш нэца дагахь хиллера тхо,— кхидIа а аьшпаш буьттура гIалгIазакхичо.

— ХIунда оьцу аша уьш? Юха йохка оьцу аша?

— Эццане а ца оьцу... Тхайн вежарий а, лулахой а эскаре баха новкъа баха кечам беш ду тхо.

— Ткъа говраш нохчаша новкъахь дIаяхарна ца кхоьру шу?— юкъаниккхира интендант.

— Иза а хила тарло, хьан лакхара сийлалла!— хIиллане велакъежира гIалгIазакхи.— Оцу кортош даьшна долчу шайтIанаша, хIуъу а дан тарло!

Цхьана нохчичо сатта а бина шен боккха куй тIехьа а теттина, мекх а хьовзийна, корта ластийра: «Ма дика къамел дан а хаьа-кх оцу гуношна хьаькамашца!».

— ХIинэй, Фонка!— са а ца тохаделла мохь туьйхира цо.— ХIун боху хьоьга оцу эпсаро.

Афонькас нохчийн маттахь сихха жоп делира:

— Цо-м шу дика кIентий ду, бохура,— аьлла.

Оццу хенахь гIадваххана велавелира пурстоп, подполковникехьа дIа а вирзина, Афонькас боьттинчу аьшпех цуьнан самукъадаккха дагахь вара иза. Амма оццу минотехь сихвелла уьйтIахула мохь бетташ схьавогIура Хьажбекар:

— ХIа-хIа-нехьа! ХIа-хIанаш! ХьалагIовтта!— мохь беттара цо, ламанхошка.— Лакхарчу хьаькаман хIусамнана кхаьчна кхуза!..

ХIаваэхь лесточу шодмийн татанаш девлира — говрашкара замой кен бертехьа дIагIоьртира.

— Iаьржа ши говр а йоьжна йолчу пайтонна тIехь керта еара, дукха ерсгина хиларна ши чIениг а йолуш йолу цхьа зуда — подполковникан хIусамнана, шен берашца цхьаьна: хIетта Владикавказехь гимназин чекхъяьккхина яьллачу йоIаций, кадетийн школехь доьшуш волчу кIантаций.

— ХIей зурманча! ЧIоггIа лакха! ХIей вотанча!— воккхавеш, мохь беттара Хьажбекара. Иза-м цецваьлла

а ца Іиэл тамашийна хІума дай: иза, Хьажбекар волчу, доьзалшцанна цхьаьна хьаькамаш баьхкина-кхи!

— ХІей, хезаш дуй шу? — шен кегийрах болчу зударшна дов дан волавелира иза. — БІарз-м ца делла шу — шайтІано дІаэцарш? Со волчу баьхкинарш муьлаш бу ца го шуна? — кен бертехьа корта таІийра Хьажбекара. Араяха стоьлаш! Сихха дуьхьалдовла хьешашна! Іийтт, жІаьлеш яІ-кх! Сихое!.. Даарш кечде! Хьалха яхка дийна уьстагІийн чаьрхаш! Галнаш! ГІаймакхаш! ЧІепалгаш! Хьовла! ТІо! Керла кІалд! Доллу хІума хьалха хІоттаде!

Шайна тІедиллинарг кхочушда дІахьаьлхира зударий, амма майрачо юха а мохь беттара.

— Совца, совца-ал! Чайнаца яа хІун лур ю аша? Ца хаьа шуна? Хьийтт, жІаьлеш яІ-кх! Кхерзина хІоаш ло! БІе хІоа кхарза!

Вовшашка аьрта хьаьвсира зударий.

— ХІун деш лаьтта шу? Еанарг мила ю ца го шуна? Сихое!.. Дакъаза ма довларш, жІаьлеш, вон жІаьлеш!

## 3

ХІинццалц цхьана а хІуманна юкъа а ца гІерташ юьстах Іаш хилла волу драгунски эпсар, сихха хьала а гІаьттина, пайтонна дуьхьал вахара. УьйтІахь мел верг цуьнга хьаьжжинчохь виснера: тур ма тамашийна ду цуьнан лаьттахула а тиэкхаш, доьхкарна тІехь кхозуш диэца! Гоьлел лакхайовлуш лабанаш а йолуш йолчу дошлочуьнан эткех тамаша бора массара а. Амма я топ, я тапча хІунда ца лелайо цо? Нохчичунна дуьненахь дац царел мехала хІума!

ТІахъаьлла а, куц долуш а волчу эпсаро пайтонна тІера охьайоьссинчу зудчунна тІе а вахана, еана хьаша декъал йойтуш санна, ког когах а тоьхна эткех йохкучу шпорашца зов а доккхуш, закъ аьлла дІа а хІоьттина, час дира. Иза ма тамашийна гІуллакх ду! Амма нохчаша кхин а боккха тамаша бира эпсарна резахилла зуда цунна ела а елла, ткъа эпсаро шен хаза корта охьа а таІийна, севсина бод санна долчу подполковникан зудчун куьйгана, оба аьлча!

— Хьовсийша, хьовсийша... Цуьнан куьг схьа а лаьцна, оба элинца!

— Ткъа вукхунна башха а ца хетийца!
— Зудчунна эхь а ца хетийца?!
— Ткъа эпсаре хьовсийша! Зудчунна хьалха гора корта Іункара а таІийна лаьттийца!

Нохчаша кхин а боккха тамаша бира: цуьнан сий деш зудчунна хьалхахь хьала а нисвелла, цунна некъ буьтуш, кІеззиг дІахилира эпсар, ткъа важа цунна чухула ша пхьарс а баькхкхина, дІайолаелира. Подполковникан зудчунна тІехь яра, халла бен туфленийн буьхьагаш гуш а доцуш йолу, еха коч. Цуьнан стомма дегІ юкъах дихкинчу шуьйрачу доьхкаро ондда къевлина дара, ткъа цо цуьнан хьалхенаш, вуьшта йолчу тІе а яхкхий хоьтуьйтура, иза йолаелча, цуьнан шуьйра хенан маьІигаш, дуьмеш санна лесташ яра. Шен карара куьзганаш бІаьргех а доьхкина, выставкехь гайта хІиттийнчу экханашка санна, царна чухула нохчашка хьаьжира иза.

Нанна улло а хІоьттина йогІуш яра йоІ. Цуьнан юткъа еха кІайн юьхь бовхачу малхах ларйора шуьйра боккха го а болуш болчу шляпано, цунна кІелхьара схьагуш хьаьрса — ал месийн хьийзина кІажарш а яра. ТІеюьйхина Іаьржа коч хиларна, шен долуш долчу берхІийтта шарал йоккха хетара иза. Ша тайпанчу цуьнан боларо ца ваьлла цунна тІе тидам бохуьйтура: ела а къежаш, цкъа шен ненс хьожуш, тІаккха нохчашка хьожуш, кІеззиг бен ког лаьттах хьакха а ца луш, цхьа яйн тулгІе санна, неканца йогІуш хеталора иза. Цунна улло а хІоьттина вогІуш цуьнан ваша вара, кхиъна вогІуш волу жима стаг — кадет. СадаІа цІа веана хиларна а, цу тІе «лакхарчу хьаькаман» кІант хиларна а шен хьолах дог йовха а, бен ца хеташ лелаш а вара иза. Амма цуьнан да Іеш волчу рагІу кІел дІакхача масех гІулч йисича, шена тІера коч охьа а оьзна, мІеран меттина йоккха экъа йолу шуьйра доьхка то а дина, къовлавелира иза.

Умалт-Гирица ша деш долу къамел ах дош аьллачохь юкъах а дитина, зудчунна дуьхьал вахара интендантски капитан. Зудчо цуьнга шен куьг кховднийра — схьахетарехь, уьш тахана вовшийн гинера, амма ламанхойн доллучу хІуманан а шайн кхетам бара: «Оцо куьйгана оба ца эли, иза къеж а велла воккха стаг ву, ткъа важа обааьлла эпсар, жима стаг ву».

ТІейогІучу зудчуьнга геннара дуьйна корта а таІий-

на, маршалла хаьттира Умалт-Гирас. Капитана, цунна тIе пIелг а хьажийна, элира:

— Пурба ло суна хIара хьайна вовзийта...

Подполковникан зудчо, ела а къежна, бIаьргашна хьалха даьхна пурстоьпана тIе куьзганаш дерзийра. Сихха тIе а вахана, цунна хьалха ког когах а тоьхна, дIахIоьттира важа:

— Эла ву со, — аьлла, шен цIе а яьккхина, вукха эпсаро санна зудчуьнан сий деш, тIе а кхевдина, цуьнан куьйгана оба элира цо.

Цхьа бIей ах бIей шо хьалха дуьйна схьа шен ден дай Нохчийчохь Iеш хиллачу гIумкех схьаваьлла а, ша нохчашка вирзина а волчу, ламанхойн къоман барзакъ цкъа а тIера дIадоккхуш а воцчу пурстоьпо кхин а чIогIа цецбехира нохчий: «Лай санна, ведда стоммачу зудчунна тIе а вахана лай санна, корта а таIийна, цу тIе а, — тфуй, — цуьнан куьйгана оба а элинца... Хьовсийша, хьовсийша! ХIанхIа, иза боршалла яц. Цо, схьахетарехь, ламаз а до хир дац, хьакха а йоу хир ю!».

Массо тайпана а, массо басахь а долу кузаш дахьаш бевдда рагIона кIел баьхкинчу Хьажбекаран зударша уьш лаьтта а тийсина, лохийра стоьлаш дIахIиттийра, оцу минотехь хьешашна хьалха дехкира кхерзина хIоаш а, хIоьан буьйр тухуш дина бепиг а, даьтта а, чIепалгаш а, тIоберам а, хьайбанаш а, Iежаш а, кхораш а, хьуьнан бIараш а.

Генара дуьйна хьешийн сий деш тIевеара Хьажбекар. Куьйгаш а тесна, велакъежира иза кхоа а ца еш, яалаш деллаша, аьхна хуьлда шуна, бохург дара цуьнан иза.

Цуьнан шина зудчо йоккхах йолчу Нуциссий, юккъерчу Зайдатий цхьана а лаьцна тIееара, гIабакх санна доккха гай а долуш йолу, Iаламат йоккха самар: жимах йолчу зудчо, Амната — шекар а, моз а, кедаш а деара. Гена воццуш тIехIоьттина лаьтташ, хьешашна гIуллакх деш жима ши стаг вара, шен хенахь кхачийча чай дотта а, нагахь цхьанна цигаьрка оза дагадагIахь, сихха сирник лато а, ца оьшуш совнаха берш улло ца бита а — хьанна хаьа я бераш догIалда я урам новкъара къехой гуллолда цига — и дерриг а гIуллакхаш деш, хьешашна тIера бIаьрг дIа а ца боккхуш, дукха тIахъаьлла хьийзаш вара и ши нохчо.

Хьалхара даарш хестадора хьешаша, хIусаман дега шайца охьахаар доьхура, амма важа охьа ца хуура,

вела а къежаш, куьйгаш туьйсура цо: яалаш, шу-м Хьажбекар волчохь дай, бохучу кепара.

Шайна дина дерриг приказаш кхочуш а дина, кIезиг юьстах а бевлла, шайн майрачо хьаькамашца къамел муха до геннара мукъана а хьовсур вай, бохуш лаьтташ бара Хьажбекаран зударий.

— Хьайн зуда схьа а ялийна, тхоьца охьа хIунда ца хаайо ахьа? Тхоьца хьошалла тасахь цуьнан, — элира подполковникан зудчо. Капитана кIеда-мерза цуьнан гIо лецира — подполковникан зудчо аьлларг кхочушдархьама, Хьажбекаран зуда тIеялае элира цо Умалт-Гире, Капитана аьлларг нохчийн маттахь Хьажбекаре дIа а аьлла, цо жоп даларе а ца хьожуш, подполковникан зудчунна бIаьрган эшарца дехьо лаьтта масех зуда гайтира Умалт-Гирас:

— Уьш бу цуьнан зударий.

— ЭхI! Иза тамашийна хIума ду, — бIаьргаш хьалха а дехьна зударшна тIе куьзганаш лецира цо. — Кхоь а цуьнан ю уьш? — аьлла, цецъелира иза.

Хьаша шайга сел лерина дIахьаьжча, цу тIе гIожа тIе а доьхкина долчу куьзганашна чухула иза шайга хьоьжуш а хилча, бIаьргаш охьадахийтира Хьажбекаран зударша.

— Чесаслов, кхоь а цуьнан ма ю уьш! — «Честное слово» бохург иштта олуш Iедал дара Умалт-Гирин.

Шен баьллачу аьттонах пайда ийцира Хьажбекара:

— Яхийта цигара дIа, жIаьлеш! — ши бIаьрг а къаржийна, дIаьвшен тIечевхира иза зударшна. Вуьйш къайлабевлира, ткъа воккха стаг, юха а хьешашна тIе а вирзина, шек дIа а воцуш, вела а къежаш, хьешийн гIуллакх дан дIахIоьттира.

— И зударий хьайнаш бу? Уьш стенга баха? — тIе а йирзина цуьнга хаьттира подполковникан зудчо.

— ХIун боху цо, Умалт-Гира? — цуьнга раз хьаьжира Хьажбекар. Вукхо гочдира. Воккхачу стага шек дIа а воцуш, зударш шен хилар чIагIдеш, корта таIийра: уьш-м, сан зударий бара, аьлла, биъ пIелг гайтира цо.

— Цуьнан маьIна хIун ду? — шен майрачуьнгахьа дIа а йирзина, елакъежира хьаша. Юха майрачуьнга хаьттира: — Муха хета хьуна и бIаьцаш?

— Ишта а, вуьшта а хета-кх, — кIеззиг воьхна жоп делира вукхо, цунна башха дика къаста а къастира, хаза а ца хезира, шега дина хаттар.

—Биъ пIелг хIунда гайтира ахьа? — хаьттира Умалт-Гирас, оцу минотехь Хьажекара делла жоп гоч а дира цо:

— Ерриг шен хилларг йиъ зуда ю боху цо.

—Йиъ хилла? — елакъежира подполковникан зуда, гIадваххана вела а воьлуш, элас кхидIа а дуьйцура:

— Чесаслов, цо бохург бакъ ма ду: йиъ ма хилла. Кхин а дукха хуьлуш а хуьлу уьш-м.

— Иза-м дийнна зударийн рема ма хуьлу, иза-м доьзал ма бац, — элира капитана, хьаькаме дIа а хьаьжна, ткъа цо китела киснара блокнот схьа а яьккхина дIаязира: «Зударийн рема а, доьзал а. Дукха зударий болу дахар».

— Таханлерчу ловзаран да — гоьваьлла хьал долуш стаг ву, — кхидIа а дуьйцура капитана. Цо пIелгашца гайтира шен йиъ зуда хилла хилар, ткъа хIинца йисинарг кхоъ ю, — вайна хьалхарчу стоьлашна тIе кхача схьахIоттийна уьш ма бевллинехь шайн майрачо юьхь йоцуш, лаьххкина дIабахийтинарш уьш бара. Церан Iедал дац зударий шайн майрачуьнца а, иза волчу баьхкинчу хьешашца а охьаховший Iеш.

Оццу регIона кIелахь шайнна хIоттийначу стоьлана гонах охьахаийна яра гимназехь доьшуш йолу хьаькаман йоI а, цуьнан ваша а, ткъа цо шен бIаьрг къоначу эпсарна тIера дIа ца боккхура.

— Оля, Печоринах тера хетий хьуна иза? — хаьттира кадета йишега, Анатолига раз а хьаьжна. Кечйинчу башхачу хIуманна тIехь волуш санна, кIеззиг гола а саттийна, туьран макъарна тIе куьйгаш а дехкина, юьстахо леррина лаьтташ вара важа. Дела а делла долу цуьнан юьхь-бIаьргаш а; цуьнан «Лермонтовски» жима ши мекх а, иза кьийлалуш цахилар а, цуьнан майра хьежар а чIогIа хазахетара кадетана.

ЙоI шашах дIахьаьжира къоначу эпсаре, амма оцу минотехь юханехьа а хьаьжна, цIарул цIийелира.

— Вуй цунах тера? — хеттарш дечуьра ца соцура ваша. — ДIахьажахьа, дIахьажахьа, дIогахь вайга хьоьжуш Казбич а ву! ДIогахь лаьтта, Iаьржачу аматахь а волуш, месал куй а тиллина...

— Ма ехьа говгIа, го суна! — чIогIа оьгIаз а яхана жоп делира Ольгас.

Ткъа кадето «Казбич» аьлла цIе тиллина ламанхо, къиэгаш йолчу подполковникан погонашна тIера бIаьрг

дIа ца баккхалуш лаьтташ вара: белшна тIедоьхкинчу оцу дашочу аннийн деш доккха сий а дара, хьаькаман карахь дерриг Iедал хиларан билгало а уьш яра. Цара эпсарна бакъо лора герзашна тIехь а, хIоъ-молха чохь долчу складашна тIехь а куьйгалла дан. Оццу погонаша цунна бакъо лора «пишшоль» бохуш мохь бетта а, салташна бетах буй бетта а. Доккха Iедал ду погонийн карахь дерг!

Юха а дIайолаелира зурма, цунна тIаьххье дIадуьйладелира хелхарш а.

Шен зудчуьнан лере а вахана, цаIIа-м аьлла вистхилира горнизонан хьаькам.

— Эла, гайтахьа суна гIалгIазакхий, — пурстопехьа дIайирзира иза, — сан майрачуьнца къамел динарш гайтахьа.

— Дукха реза волуш гойтур бу! — хьалагIаьттира пурстоп. — Хелха ма дика бовлу уьш! Нохчех къаста а лур бац хьоьга уьш! ХIей, Хьажбекар! — мохь туьйхира цо, — схьакхайкхал оцу шина гуночуьнга — гIалгIазакхичуьнга!

Хьажбекара корта таIийра: хIокху минотехь!

— Бакъду, церан хелхаре хьажа мегар а ду, — дуьйцура Умалт-Гирас.— ОьрзагIалахой буьйцу хезний хьуна? Ма хаза бу оцу станицера гIалгIазаккхийн мехкарий!

— Ва-а, Умалт-Гира! — геннара мохь туьйхира Хьажбекара, — бац уьш кхузахь, и хьан гIалгIазакхий!

— Мича бахана уьш? — оцу минотехь вула а велла, пурстоьпо дан ма деззара буьрса къамел дора Умалт-Гирас. — Хьий жуликаш яI-кх! Суна хаа а хаьара уьш кхуза хIунда кхаьчна! Схьакаро беза уьш! — шеца ши стражник ваькхкина, говра тIе а хиъна царна тIаьхьа хаьхкира цо.

Мелла аьлча а, сел башха кхераме гIуллакх а дацара иза, сихвала оьшуш меттиг бацара, шиъ — кхоъ стражник тIаьхьавахийтича а тоьур дара. Амма хьаькамашна хьалхахь, зударшна хьалхахь ша гайта лууш вара иза — иштта меттиг кхин маца ер ю хьанна хаьа! Моьттур-кх царна, оцу гIалгIазакхийн хьокъехь цхьа доккхачу мехала гIуллакх суна хууш ду, со волччуьра дIаикхкина, сел чехка хаьхкина царна тIаьхьа вахар кIезиг гIуллакх дац моьттур-кх царна!

Шуьйрачу гонна юккъехь дечу хелхаршна тIера бIаьрг дIа ца боккхура къоначу эпсаро. Иза сел лерина

хьежаро ца яьлла оцу гонна тІе тидам бахийтира подполковникан ерстинчу зудчун а, цунна хезнера и къона эпсар столицехь дешна ву бохург, цундела сел лерина оцу гоне иза хьежарна, хІун ду техьа цигахь дерг аьлла, куьзганаш бІаьргашна хьалха а дехьна, леррина ша а цига дІахьаьжира подполковникан зуда. Эххар тІаьхьа цуьнан бІаьрг кхийтира бесне тІехь тІеда а болуш йолчу йоІах — схьахетарехь йоІ хаза яра, къона эпсар сел лерина цуьнга хьоьжуш а вара, — ерстина зуда ша шех йоккхаеш яра, эпсаран дагахь дерг шена гучудалархь.

Схьахетарехь, иза чІогІа цецъер яра, къоначу эпсарна дагахь дерггий, цуьнан хьокъехь шена хеташ дерггий, вовшашна аьттехьа а доцийла шена хиъча. Генна хьалха хилларш цунна дагадаккаран бахьана хІун дара? Я шедаган аз — цунна хетарехь вуно Іовдала а, вуно ира а долу, — я ламанхойн гІоргІа къамелаш а, я церан барзакъаш а цуьрриг а цхьаьна догІуш дацара, сел чІогІа цуьнан коьртачу гІертачу ойланашца. Мел чІогІа духеш диттича а, муьлхха а кхечу тайпана марка тІетесча а хийца а ца луш, ша ма дарра дуьсуш долу къоналлин, тІахъаьлла хиларан, мерзачу безаман хьал дарий техьа цуьнан коьрта чохь хІокху сохьтехь долуш дерг? Хила тарлора, билггал дан а дара... Амма цигахь гІуллакх гуттара кхечу тайпана хуьлура: доккха, серлонах дуьззина зал, тІеман хьаькамийн башха духарш, духеш диттинчу зударийн духарех йогІу ІатІаран хаза хьожа, хІетта лахарчу эпсаран чине ваьккхина иза ша а, цуьнан накъостий а. Залан шерачу паркетни цІенкъахула шершший тІе а воьдий, цо Быстролетовс, мазурка хелхар дан шеца юкъайоккху, юнкерийн училищан рогІерчу синкъерамехь оцу тайпана инарла хилар а, юнкершна чІогІа сийлахь долчу инарлин йоІ Йоі йоккхаеш яра, гоьваьлла дика хелхарча вара Быстролетов, — резахиллачу нанас ела а къежий, кІеззиг корта а таІабой бакъо ло йоІана цуьнца хелхаяла — ткъа и къона шиъ, доккхадиэш, массара а тамаш беш, башха дика хелхаран бал оьций долало зала чухула. Уьш дара тахана кхузахь къоначу эпсарна дагаоьхуш дерш.

ЭхІ, ма тамашийна хІума ду со кху къорчу меттиге кхачар! Мила ву суна кІел ког теснарг? Сан къоналла кхузахь дІаяха хьакъ ма ящара! — ойланаш пора цо.

— Ловзар хаза хетий хьуна? — цIеххьана тIехьашхула динчу хаттаран аз хезира цунна. Анатолий сихха юханехьа вирзира, амма оцу сохьтехь жоп дала ца делира цуьнга. Цунна хьалхахь лаьтташ яра и стомма зуда, генахь кхиъна а, Iовдалан амалш йолуш а долу и нана лом. Дог сингаттамана дуьйжира, амма эпсаран гIуллакхех воьлла хиларо гIуллакх дира: ког когах а тоьхна, вула а велла дIахIоьттира иза.

— Бехке ву со! Ца хезира суна...

— Нохчийн ловзар хазахетий хьуна? Церан хелхарш муха хета хьуна?— шен хаттар юха а карладаьккхира подполковникан зудчо.

— ХIанхIа, хаза ца хета,— белш саттийра Быстролетовс.

— Царна тIера бIаьрг дIа-м ца баккхалора хьоьга! Тхо а диц ма деллера хьуна-м, — мох тухуш йолу веер ластийра цо. — Оцу шовкъечу адамаша сел гIаддахана дечу хелхаршна реза вац ткъа хьо? Хьо-м хIета башха стаг ма ву!

— Иза ала ца хаьа суна. Иза хьуна диках хаьа хир ду.

Амма нана лом ца соцура: мел кIезиг хьаькхна а муьлххачу а цхьана нохчийн йоIа цуьнан догах налха хьаькхна цахиларх тешаш яцара иза.

— ХIинццалц хьо хьаьнга хьоьжуш вара ткъа?

— Оцу челакхашка хьоьжур-кх,— ойла а ца еш, шен дагахь ма хиллара жоп делира къоначу эпсаро.

— Бакъдоцург ма дийца.

— Бакъдоцург дийца дагахь а вац со-м. — Кхин а цхьа хIума ала дагахь вара иза, амма оццу минотехь тIееара Ольга. ЭхI, иза хилла-кх сел чIогIа цуьнга дагалацамаш байтинарг! Хуьлуш хуьлу-кх вовшех сел теранаш! Ма тамашийна хIума ду иза! Лаахь мазурка хелхар дан хIинца кхузахь юкъа а яккха-кх хьайна иза!

Къоначу эпсаран юьхьа тIера бос а хийцабелира: хьалха цуьнан хилла болу безам а, цо лелийнарш а, иза тIехьийзаш хилла а, амма хIинца цо догдиллина а йолчу йоIах тера йолчу Олин сурто уьш дерриш а шена хьалха схьахIиттийна хетаделира Анатолийна.

Схьахетарехь, сел дарехь безам бахана а, воккхавеш а Анатолий шега хьоьжуш хилар хааделла йолчу Ольгин юьхь цIийелира, эхь а хетта елира иза юьстах.

— ЮьхьIаьржчу ма хIоттаве со! — мохь бетташ, тIехьарчу кертахь шен зударшна тIечехаш вара Хьажбекар, — сийлахьчу хьешашна совгIатана кхо уьстагI а, ши газа а кечъе!..

— УьстагIий а, гезарий а бах ахьа? — вовшашка хьавсира зударий.

— Юкъа ма лелха, жIаьлеш! Аса шайга боххург де! — чуравуьйлура воккха стаг. Цхьа пунт даьтта а, кечде! Цхьа-ши бIе хIоа а кечде! Цхьа галий баIарш а! Айса деш дерг хIун ду суна дика хаьа! ДIалуш йолчел а дукха юха схьа хир ю суна! Оцу кортошна чохь хьо бац шун, жIаьлеш, вон жIаьлеш! Уьш ерриш а варданна тIе а яхкий, хьешашна тIаьххье цаI уьш дIаэций вахийта, кхетий шу? Хьий наьIалт хила шуна!

ЧIогIа сий деш новкъабехира Хьажбекара хьеший. Дукха чIогIа куралла еш а, ша шена чIогIа реза волуш а, доллу хIума диц а делла юха керта веара иза. Сел чIогIа воккхавеш иза хилар оцу сохьтехь дохийра: шена улло ваьлла Джо а, ТIатIаш а, БатIал а, Жабраил а, кхиберш а — верриг а ткъех стаг а волуш цуьнан кетIа еара йоккха стаг. Царна хьалха а ваьлла вогIуш волу Жанхот, кетIа ма кхеччинехь сецира.

— Салам ду хьоьга, Хьажбекар!

Дуьхьал цхьа гIам-гIим дира Хьажбекара, амма цхьангге а чу ца кхайкхира я Жанхоте а, я кхечаьрга а. Оцул хьалхха сел воккхавеш екхна хилла йолу цуьнан юьхь оцу сохьтехь кхоьллина, оьгIазъяхара.

— Шу хIун деш ду кхузахь? — шийла хаьттира цо. Хьажбекарна хаьара, дайн дайшкара дуьйна схьадогIуш долу хьаша дика тIеэцаран гIиллакхах ша вохарна муьлххачу нохчичо шена бехк буьллур буйла, амма ша шен везар а, писалла а, куралла а тоххарехь кхиънера цуьнан бIаьрмецигчу дегIан тIамарх йола, делахь а цуьнан дагахь дара: «Бехк шайна ма луъу буьллунда кхара суна, амма сан хIун гIуллакх ду кхаьрца совнаха хабарш дийца?!».

Шен когашна кIелхьарчу лаьттан бIаьра а хьоьжуш, вехха ойланаш еш лаьттира Жабраил. ТIаккха, цIехьана дагадеача санна, Хедиштехьа дIа а вирзина, цо элира:

— ДIаала цуьнга! ДIаала!

Йоккхачу стага шен къа-бала ялхайора:

— Сан кIант вац хьан говрийн рема кхиийнарг, хIайн? Иза вац хьан хьелийн, гомашийн бажа бажийнарг, хIайн? Сел декъазчу йоккхачу стагана гIо дарх, хьуна хила хIун ду?

— ХIиэй, хIиэй! И ахьа дуьйцург хIун ду? — луьра тIе а чевхина, Хедишта дуьйцург юкъахдаьккхира Хьажбекара.

— Бакъ дац ткъа цо бохург?— Хьажбекаран бIаьрга тIе бIаьрг а боьгIна хаьттира Жанхота.— Хьуна хьун хьаькхнарг мила вара? Ахьа динчу масех цIеношна хьун хьаькхнарг, царех аннаш даьхнарг мила вара?

— Мила вара ткъа хьуна мангал хьокхуш хилларг, охуна деш а, ялта чудерзош а хилларг?— бохуш, маьхьарий деттара массара а.

Цара дуьйцучунна куьг а тесна, чоьхьавала дагахь кен бертехьа дIавирзира Хьажбекар, амма хьала а нисъелла, хьолада шена дика гайтархьама хьаьжа юккъе пурх куьг а хIоттийна, цуьнан некъ бихкира Хедишта.

— Ткъа шарахь хьайна ваьцначу сан кIанте ур-аталла цхьа дика дош аьллий ахьа?

— Хьеръяьлла хьо!— цIоцкъамаш дусийра Хьажбекара.

— Хьо хьо ваьлла хьер!— тIечевхира Жабраил,—нагахь санна хьекъалах талхаза хьо велхьара, адамах тера хир вара хьо! Хьан декхар дац ткъа цунна гIо дан?

— ХIун хилла-а? Аса хIинцца юхавалор ву эла Умалт-Гира! Цо дан деззарг дийр ду шуна!

Полицин цIарах кхерам туьйсура Хьажбекара. Цо кхин а тIехбаийтира, вуьшта а оьгIазаллех буьзна болу яй.

— ТIех кхийсарш ма ел ахьа!— чIоггIа вистхилира Жанхот. — Суна а гина паччахь! Цо шен куьйгаца мидал а елла суна! Ахьа тхуна дан кIадда а дац! Сайна лаахь, хIокху сохьтехь вала а ваьлла Петербухе гIур ву со! Дерриг аса дIадуьйцур ду цунна! Кхечара бохучух ца тешахь а, аса боху чух-м иза тешар ву хьуна: аса делла тур соьгара дIа а эцна ву иза-м!..

Цуьнца болчеран гIовгIанаш евлира: цо сел чIоггIа аьллачо марсабехира уьш:

— ГIохьа, Жанхот! Ахча вайна карор ду хьуна! Газа а йоьхкина аса кхо сом лур ду-кх! Аса туьма ло-кх, хIан дIаэца!.. ЦаI бен боцу етт боьхкинера аса — дIаэца!.. — маьхьарий деттара цара.

Шоллагlчу Iуьйранна гулделларг итт туьма дара, дуккха а хенахь дуьйна Iаlийна оццул Жанхотехь шегахь а дара. Ахча схьа а эцна, иза бохчи чу дIа а дилина, ша лелийнарг толлуш санна, ша шега лен волавелира воккха стаг:

— Суна паччахь гиний? Гина! Цуьнца къамел диний аса? Дина! Ткъа цо соьга диний? Дина! Цо суна мидал еллий? Елла. ХIара ю иза! — ша лаьттачохь шена хьалхахь кхозучу мидале хьаьжира иза.— Уьш дерриг бакъдуй? Бакъду!

Цунах тамаш беш а, цо тIелаьцнарг къобалдеш а болчу наха резахилла гIовгIанаш ехира.

— Паччахье вайна латта оьшу ала!

— Вайн пурстоьпо лелош дерг дIадийца! Хьал долуш болчаьрца гергарло а тесна, вайн долахь мел долу хIума цо дIадаьккхина ала!

— Вайн Арсби цIа ванйта ала! Набахтехь ву боху иза! Цигахь цхьана воккхачу стагана гина иза!..

Еа юьртара кхуза гулбеллачу къечу наха маьхьарий чIогIа мел дитти а цига вахар кхин а чIогIа хазлора Жанхотана, оцу деттачу маьхьарша ша цига хьош долу гIуллакх кхочушхирг хиларх кхин а чIогIа теша а вора иза.

— Ткъа паччахьца къамел муха дийр ду ахьа?— цIеххьана хаьттира цхьаммо. Ахьа дIадуьйцучух мила кхетар ву?

Жанхот ойланаш ян велира.

«ЭхI, дера хаац суна-м ша хирг хир-кх! — корта таIийра цо. ТIам тIехь а — хIумма ца хилла суна, ткъа цига вахар суна хIун ду? КIадда а боцург дара иза-м!»

— Жамболат! — мохь туьйхира цо юьстахо лаьттачу гуночуьнга. — Хьуна оьрсийн мотт бийца хаьий?

— Хаьа ши дош-м!

— Суна а хаьа оццул, соьца волахь хьо а!

— ХIун дийр ду ткъа, гIор вайша хIета, — жоп делира вукхо.

Жанхота бина харжам нийса бара: дика некъашхо а, хIуъу а далуш а, ловш а вара Жамболат. Цхьа бакъду, цуьнан Iаламат доккхачу дегIо новкъахь массеран а хIокхарна тIе тидам-м бохуьйтура, амма цо новкъарло ца йора, ткъа мелхо а аьтто бора церан некъана.

Стерчийн варданахь цкъа хьалха Соьлжа-гIала вигира и шиъ, цигара почта кхоьхьуш йолчу говрашца

Буритlа вигира, ткьа цигара дlа цlерпоштахь Москвехула «Петербухе» паччахь волчу вахара, цига и шиъ дlакхаьчнарш, империн массо а маьllехь lазапехь доллучу халкъо, цуьнан «снйлахьчу цlарах» дехарш деш дахкийтина кехаташ ши вагон хиллал lаьlна а, оцу кехаташка хьовсаза а долу денош дара.

## КОРТА II

### 1

Революционни боламо кхерийна а, сингаттам баькхина а волчу паччахьо, шен лаам кхочушба тешаме болу хьадалчаш шена гонах а оьзна, дукха чlогlа хийцира политика, цул тlаьхьа «контрреформа» аьлла цlе яхара оцу политикан. Паччахьан хорма тlеюхар цо тlаьхьатоьтту ши шо а дара, торжественни иза тlеюхучу хенахь зуламен гlуллакхаш хиларна кхоьрура паччахь. Дукхах йолчу хенахь иза lеш вара я гlалина арахьарчу гатцинерчу дворецехь я Гlирмехь. Валар дахьаш йолу цамгийла оцу сохьтехь кхийтира цунах, делахь а шен ондачу дегlах тешаш, бала балхош вацара паччахь. Цунна тlевалийна московски профессор Захарьин, оцу сохьтехь кхийтира паччахьехь дерг вон хьал хиларх: «Даха дог дац», — сацийра цо шен дагахь, ткъа официально дlахьедира: — «Дукха чехка хlорда йисте вига веза! Къилбе вига веза!» — аьлла.

Цхьана а хlумано гlоли ца йира. Шовзткъей иссалгlачу шарчу воьлча, 1894 шарахь кlедачу гlентахь хиъна lаьччохь велира паччахь — Александр кхозлагlниг.

Александр кхозлагlчух йисина йолу Мария Федоровна реза яцара шен воккхах волу кlант Николай шозлагlа паччахь хlотто, ша валале хьалха шен майрачо иза ма хlоттаве, аьлла бохург бахьана хlиттадора цо. Денний, наннний хаьара Николай шен лаам боцуш а, мела а вуйла, уьш даима а кхоьруш бара, лууш доццу либеральни гонийн лаамана иза кlел вахарна.

Паччахьан гlопехь берш а, министраш а чlогlа боьхна хьийзаш бара. Гlуллакх дlадерзийра одесски инарлагубернаторо, графа Мусина-Пушкина: хила тарлуш йолу политически вон тlаьхье ца хилийтархьама, паччахьах йисинарг йолчу чу а вахана, Николай шозлагlа паччахь хlоттор чlоггlа дlакхайкхийра цо.

Паччахь валаран хьокъехь болу хаам бен а ца хеташ тIеийцира халкъо. Я гIаланашкахь а, я ярташкахь а паччахьан Iедал хийцадалар хIумма а хаалуш а дацара.

Шен да дIавоьллинчу шозлагIчу дийннахьехь керлачу паччахьо кирхьана кIел хIоттийра шен нускал, Гессен-дармштадски принцесса Алиса, цуьнан хьокъехь язйинчу манифестана тIехь яздина дара: «...иза езаш волчуьнан дас магийна дара вайх тешаш а, вай дезаш а йолу хьенех, вайн даймехкан хьокъехь даима а гIайгIа беш хилар а, иза толар а Iалашдархьама шен кIантана иза ялаяр».

Паччахьан гIопехь оцу сохьта къамелаш долийра юьххьехь дуьйна Россехь «гассенски моза» аьлла цIе тиллина долчу керлачу нускалан амалш дукха хала а, ондийн а хиларх лаьцна. Паччахьана гонах берш керлачу хIусамнанна чIогIа дуьхьал бевлира. Алиса юса а елла, паччахьан бакъонашна тIе ца кхийдар а лоьхуш, кураллица чIогIа къовлаелира. Цунна дукха сиха ма дарра девзира дIахIоьттина долу хьал. Цуьнан майра шен лаам боцуш а, вуно мела а стаг вара, цу тIе жима волчу хенахь дас-нанас шайн луьрчу Iазапана кIелахь латтийна а вара иза. Делахь а тахана иза император ву — иза паччахь вара дуьненан йолхалгIачу декъана тIехь, бIеннал сов тайп-тайпана къам юкъадогIуш долчу ши бIе миллион адамашна тIехь! Шайна ца лаахь со ма езалда кхузахь, амма сайн мела лаам болуш волу майра караверзо веза аса — тIаккха цхьа а хIума сун кхераме хир дац! Ткъа хIинца, хьалха юьххьехь сайн цIе а, сий а лакхадаккха деза аса, цуьнан дуьхьа дерриге а оьрсийн къоман гIиллакхаш сайна дукхадеза моттийта деза аса. Гкъа коьрта дерг — сихха хIара ловзар чекхдалар ду, — цул тIаьхьа доллу хIума а атта хир ду! — ойланаш йора цо.

Александр кхозлагIниг веллачул тIаьхьа масех де даьлча «церан императорски сийлалла уьш цхьаьна баха ховшар» къобалда массанхьара а Петербурге векалш бохкийтийла, аьлла, дIахьедина дара ерриг Россехула. Жанхоттий, Жамболаттий цига кхаьчна де а цаьрца цхьаьна нисделира.

Петербурго дика тIе ца ийцира и шиъ: шийла яра, еана дохк а яра. ТIе кIаг йиллинчу нохчийн вертанашка

а, церан масел куйнашка а, ира йолчу юьхь-бІаьргашка а бІаьрг тоха а ца ларош, тІехбуьйлура цигарнаш.

Жамболат цхьангге а дІа а ца хьожура. Яккхий гІулчаш а йохуш, цхьа а хІума башха а ца хеташ, кІад а велла, меллаша дІавоьдуш вара иза.

Жанхот, Жамболатал кхин оццул воккха ша воллушехьа кепийра амма сиха а, тІахъаьлла а, когаш а бохуш кест-кеста вертанна кІелхьара куьг ара а доккхуш воьдуш вара. Цо саццаза дуьйцура:— Уггар хьалха, инарла Орцин кІант Тапчер схьалохур ву вайшиммо. Тапчера дукха хан йоццуш юнкерски школа чекхъяьккхина, хІинца эпсар ву иза. Цо дехар деш кехат а яздийр ду, цуьнгахула паччахьана тІе а кхочур ву вайшиъ.

Жанхот волавелла воьддучохь гуттара дІа-схьа хьийзара: цкъа лоррий лекхачу цІеношка хьожура, тІаккха ло диллина кІайделлачу урамашкахула хаьхкина йоьлхучу пайтонашка дІахьожура, тІаккха туьканашка хьалхарчу куьзганан витринашкахьа дІавоьрзура. Ткъа Аничкина тІай тІе кхаьчча, тІаьхьарчу когашна тІе а хІоьттина лаьттачу говран суртана хьалхахь саца а сецна, маттаца «цІок-цІок-цІок» бохуш, цецвуьйлура и шиъ...

ДІа-схьа лелаш долу адамаш сеца а деш, шайгара кехат царна дІа а оьхьуш, лоьхура цара Тапчер. Садовчу хенахь бен ца кхийтира и шиъ оцу тайпана лехарх Тапчер шайна карорг цахиларх: бакъду, цхьа эпсар гІоьртира царна иза волу меттиг йийца. Тапчер «цуьнан сийлаллин конвойхь ву» бохуш, амма цо бохучух ламанхой ца кхийтира, дуьхьал богІуш болчара шаьшшиммо хаттар дича сетточу белшка а хьоьжуш, лелаш вара и шиъ, ткъа цхьаммо шега и хаттар дича шок а тоьхна, куьг ластийра: и хІун пайдабоцург ду аша хоьттург, бохучу кепара.

Бодаш булуш лаьттара. Шело а яра чІагІлуш. Нохчаша хІинца цхьа а хІума тергал а ца дора — хІинца и шиъ цец ца воккхура: я Іаламат йоккхачу килсо а, я паччахьан дворецо а, я шуьйра техкинчу тІеша а. Шел а велла, гІел а велла, букар а сеттина полицейски участке нисвелира и шиъ садоввчу хенахь. Цхьа сажа хиллал лекхачу городовойс кехаташ хатта валийнера и шиъ кхуза. Ламанхой дежурничуьнга дІабелира. Цхьа ах сахьт даьллачул тІаьхьа приставан кабинетана чубигира нохчий. Дина хеттарш эрна хилира— вовшашка дуьй-

цучух ца кхетара уьш. Сингаттаме Жамболате дIа а хьаьжна Жанхота элира:

— Хьайн деллахьа ала цуьнга оьрсийн маттахь шиннкхо дош,— ша бечу кхетамах хIумма а хир доцийла а хууш, гIийла воккхачу стаге дIахьаьжира Жамболат. Делахь цо халла элира:

— Давай нада!... Полицеш гIад а бахана бийлабелира.

— ХIун давай боху ахьа? — куьзганашна кIелхьара шин бIаьрг тIебуьйгIира приставо.

— Давай нада,— юха а элира нохчичо. Оьрсийн маттахь цунна хууш кхин хIумма а дацара.

ХIинца дукха хан йоццуш а оццул сингаттаме кхоьлина хилла волу Жанхот, вела а къежаш, цIеххьана самукъадаьлла вара, дIаала дешнаш лехьада волавелира иза, цаI оьрсийн маттахь олура, сацца туьйсуш долчу куьйган эшарца иза гIертара шена паччахь вевзаш хиларх, шайн цигахь, Кавказехь, шена иза гина хиларх, цуьнца ша къамел дина хиларх, шен вархIа а дех дисина долу тур ша цунна а, ткъа паччахьо шена мидал а елла хиларх и адмаш кхето.

— Паччахь надо, — Жанхота паччахьан сурта тIе пIелг хьажийра. — Паччахь мидал наш давай! — тIера верта дIа а даькхина мидал дIагайтира цо.

— Тур давай паччахь, — дIакховдийна полициччунна юкъах кхозучу гIаманах куьг Iоьттира нохчичо.

Полицехь саца а вина и буьйса а, тIаккха шолгIа буьйса а яккхийтира цу шинга. Бакъду, кхиберш санна лаьцна, камерна чу воьллина-м вацара и шиъ, амма лакхарчу, шолгIачу этажа тIехь, дежурни полицейш болчу чохь Iевеш вара. Полицина а хаьара уьш цхьа а тайпа зулмхой боцийла а, «кхераме адамаш» доцийла а, делахь а дIа а хецна, «паччахьана тIевахийта» бохуш, гIалина юккъехула кхидIа а буьйлабелла уьш лелийта а таро яцара.

Ши де дIадаьлча царна тIевалийра гуьржин-салти. Цо шайн маттахь хаттар дира, амма кхара цунна жоп ца делира. Эрмало валийра — цунах а дош ца хилира. КхозлагIчу дийнахь гIелбеллачу некъахошна хьалхахь лаьтташ вара перс а, лезгин а — кузаш а, кавказски Iасанаш а юхкуш болу совдегарш. Шайн дагахь паччахьана а, шаьш кхуза бахка новкъа бевллачу денна а сардамаш а дуьхкуш, бист дIа ца хуьлура нохчий.

Царна яахIума еара—дежурнеша гуттар а бууш болу кхача: жижигах йина борщ а, худар а, Iаьржа бепиг а. Царех куьг дIа а ца туьйхира нохчаша. «Хьакхин думица кхехкийна хир бу кхача! — дагахь дара царна. Юьстах волий охьа а хоий, верта дIа а даржадой, тIулг санна онда сискаллий, кхехкийна хIоашший схьа а оьций, яа волалора и шиъ.

Эцца меттигехь кхийтира и шиъ хIинца шаьш шиммо лелош долчу тайпана Iовдала гIуллакх, кепийра бераш шаьш долчу хенахь а шаьш шиммо лелийна цахиларх. ЮьхьIаьржоно а, оьгIазалло а къевлинера и шиъ. Шаьш шайна а, массарна а дарвелла вара и шиъ. Хьажбекарна а, шайн гергарчарна а — цара шаьш шинга ма гIо ца аларна, паччахьана а, полицина а, Петербургехь Iеш мел волчунна а — шаьш шиммо кхуза деанчух кхеташ уьш ца хиларна. Ткъа церан уггар чIогIа сагатдора деана гIуллакх кхочуш а ца хуьлуш юхаверза дезаш хиларо,— нагахь санна юхавоьрзийла хилахь!

Сахилча дукха Iуьрре самаваькхира и шиъ. Стоммачу полицичо кара цхьа кехаташ а эцна, гIалина юккъехула дIавигира и шиъ. Цхьана даккхийчу цIеношна чу бахара уьш. ТIеюьйхина, тIехь дашо сираш лецна йолу еха гIовтал а, йоккха маж а йолуш волчу хьаькамца дехха къамел дира полицичо, тIаккха ламешна тIехула цкъа лакха тIе хьалавоккхуш, тIаккха тийсина кIеда кузаш а долуш йолчу шуьйрачу учешкахула дIасалелаш, вехха лелийра и шиъ, ткъа эххар тIаьхьа цхьа неI схьа а йиллина, хIара ши нохчий цхьнхьа чувигча, цу чохь хIара шиъ тIеIоттавелира шайн даймахкахошна — Хьажбекарний, Бакарний, ИбрахIимний, кхечу ярташкарчу хьалдолчу наханий. Цигга чохь вара масех эпсар а — схьахетарехь, кхаьрца волчу полицичуьнан хьаькамаш бара уьш — некхан у тIе а даькккхина, вула а велла царна хьалхха дIахIоьттира иза.

Жанхоттий, Хьажбекаррий вовшийн мостагIаш лоруш воллушехь, цIеххьана вовшашна гича, тамаш бина маьхьарий а довлуш, цецвелира. Полицин хьаькамех цхьаммо кхечу эпсаре цхьа хаттар дира: схьахетарехь Кавказера столице векалш балош веана волу и эпсар, талмаже вистхилира, ткъа цо шен рогIехь Хьажбекарца къамел дира.

И ши стаг мила ву хаа дезаш дара. Бакъахьа дерг а, ала дезаш дерг а, хьесап а — уьш дерриш а мох санна

чехка даьхкира Хьажбекаран коьрта чу. Оцу шен шина мостагIчуьнан кхиэл хIокху сохьтехь шен карахь хеташ вара иза. Амма цунна хууш дацара и ши векал, паччахьна шена гIуллакх деш волчу Тапчерна, инарла Орцина тIекхача кхиъна я ца кхиъна. Нагахь и шиъ цуьнца барт бан кхиънехь, тIаккха Хьажбекаран шен дезар дара цо ша дина долу худар кхузахь а, шен юьртахь а ша дIадерзо. Цундела тоьлуш дара машар бар: «ЧIир лелор а, уьш хIаллакбар а цигахь дича бакъахьа ду аса. Ткъа кхузахь талмажо ладогIа тарло цара дечу арзе а. Цундела дикачу дашца Iеха а бина, сихха церан баганаш дIакъовла еза аса. Паччахьана уьш тIекхачарх лаьцна аьлча, цу тIехь Хьажбекар кхоьруш вацара: векалшца цхьаьна паччахь декъалава цунна тIевеана волу хIара ша а «кечвина вара», ткъа кхушинга, муххале а бага дIа а гIатта йойтур яц! ХIара БуритIахь дац!» — шен дагахь иштта сацам бира Хьажбекара.

Жанхоттий, Жамболаттий цецваьлла вара шаьш-шингахьа нагахь корта а таIош, кест-кеста паччахьан цIе а йоккхуш, мидал а хьахош, инарла Орца, Тапчер, тур, бохуш сихвелла талмажца кIамел дан Хьажбекар волавелча... Цо дийцарехь, Жанхота, наха сийдеш волчу воккхачу стага, веллачу паччахьана боккхачу мехала долу тур деллера, цунна духьал паччахьо цунна совгIатана мидал еллера, ткъа и Жанхот кхуза веанера, къоначу паччахьана шена гIуллакх деш волу, шен гергарчу инарла Орцин кIант, Тапчер волчу хьошалгIа.

Талмажо дийцинчуьнга ла а доьгIна, вовшашца къамелаш дира оьрсийн хьаькамаша: делахь хIета иза-м хIумма а вон гIуллакх дац, аьлла сацийра цара: веллачу паччахьо совгIат дина волчу воккхачу стага, шен ден меттина паччахьалла караэцна волу цуьнан кIант декъала вича дикахо а хир ду. Цу тIем иза инарла Орцин гергара стаг а ву — иза а ю дика агIо. И гIуллакх сихха лакхарчу хьаькамашка дIа а хаийтина, дико барзакъ тIе а дуьйхина, кечва веза и шиъ. Нагахь лакхарчу хьаькамаша иза къобалдахь — паччахь декъалва баьхкинчу векалшца двореце вахийта веза и шиъ. Воккха стаг тамехь а, куц долуш а ву, иза хазахета а тарло паччахьан къоначу зудчунна.

Дукха кхеравелла са юха чу а даза лаьтташ волчу Жанхотаний, Жамболатаний уллохула ша тIехво-

луш, ша шена резахилла волчу Хьажбекара цу шингахьа дIа а вирзина дош кхоьссира:

— Хьажбекар вон ву шуна? Хьажбекаран дош — доккха дош ду. Аса бохучуьнга ладугIу юьртахь а, аса аьлларг до БуритIахь а, кхузахь а, паччахьа ша волчохь а, иза цхьа маьIна долуш ду шуна. Миччахь хилча а шен нехан гIо дийр долуш ву Хьажбекар!

Цул тIаьхьа кхин а цхьа де даьлча, дика барзакъаш тIе а дуьйхина, хаза кеч а вина, кхечу ламанхошца цхьаьний, паччахьан двореце вигира Жанхоттий, Жамболаттий.

Паччахь декъалава цига баьхкина бара дворянийн, земствон, гIаланийн, гIалгIазакхийн, эскарийн векалш. Цигахь бара ремесленний, мещанский юкъараллин векалш а, биржийн собранийн, ахархойн, кхечу къаьмнийн — кавказски ламанхойн, полякийн, финнийн, литовцийн, латышийн, гIалмакхойн, гIезалойн, киргизийн, жуьгатийн векалш а. Массанхьара а баьхкинарш шайн къоман духаршца кечбелла бара, — оцу кепара тайптайпанчу духаршца кечделла долу адамаш двореце гулдалаза дуккха а хан яра!

Цкъа хьалха чоьхьарчу гIуллакхийн министрана Дурновона тIебигира уьш, цигахь «тIаьххьара а теллира» паччахьана тIебуьтуш берш. Кхузара дIабахара уьш йоккхачу Николаевски зала чу.

Векалша деана совгIаташ леррина оцу кечйина йолчу стоьлашна тIе охьадехкина дара. Царех цхьанна тIехIоттийна дара гIарабевлла болчу Кама хи йистерчу пхьераша, хьалхалерчу ширчу заманан йозанца кечдина долу пермски шайхийн сурт.

Аьтто агIорхьа дIахIиттина бара дворянаш, царна тIехьа, ах го бина дIанисбелла бара гIаланашкара векалш; дворянашна дуьхьал а бирзина, дIахIиттина, бара ярташкарчу Iедалан векалш. Царна кIеззиг дехьо гIалгIазакхийн эскарийн векалш бара; царна а дехьахь, юха а ах го бина дIахIиттина бара, кхиберш санна, лакх-лакхарниг хьалхахь а волуш болу, къилбседа-кавказски ламанхойн векалш: дворянаш, лаьттадай, купецаш, ахархой, царна юккъе дIахIоттийна вара Жанхот а, Жамболат а.

ТIедаьхкинчу цIоцкъамашна кIелхьара Хьажбекаре оьгIазе дIахьаьжира Жанхот: «Ма къинхетаме къонаха а ву! Ткъа хIокху деношкахь шен юьртахошка цхьа а

дика дош аьлла вист а ца хилла, кхузахь а лаьттийца шена тхо довза а ца девзаш санна, кура а ваьлла, шен гIуллакхах воккха а веш!» — дагаоьхура цунна.

Дворянаша бахкийтина болу векалш шек а боцуш, дог йовхха лаьтташ бара: дворянаш — империн гIортор а яра, хор паччахьан ницкъ а уьш бара. Вовшийн ца хилча ца тарлуш берш бара уьш — цхьана поппарх бина а бара.

Дикачу балхах тешаш бара земцаш: мимпес лург хиларх, къаьмнашна юккъера мостагIалла дIадоккхург хиларх, царна юкъахь маслаIат дийриг хиларх, прогрессивни реформаш паччахьо йийриг хиларх. Тешаш бара ахархой а паччахьо дуьйцийла йоццуш латта лур ду, ткъа латта — цул докха хIума дан а дац! Жанхот а, Жамболат а вара лаьтте сатуьйсуш — иза дара юьртахоша цу шинна тIедиллинарг а!

Шена улло бевлла шен гIоьнчий — министраш а, оберцеремониймейстер а волуш, делкъал тIаьхьа нисса ши сахьт даьлча векалш болчу чувелира паччахь, пачахьца цхьаьна чоьхьаелира паччахьан къона зуда а, ткъа иштта сийлахь элий а, элийн стунаш а — Николайн гергархой. Паччахьана гонах ха деш болчу эпсаршна юккъехь гучувелира Тапчер а. «НаьIалт хиларг, хIара мичахь хилла!» — меллаш элира Жамболата.

Кхо гIулч а яьккхина, бинчу ах гонна юккъе ша ваьлча, тIемалочо лоцучу кепара каралаьцна холхазан куй а болуш сецира паччахь. «Ура», бохуш дехха маьхьарий а диттина, гимн лекхначул тIаьхьа, чохь болчаьрга бIаьрг тухуш чекх а ваьлла меллаша а, мотт тийсалуш а къамел дора Николайс. Шен карара куй хьовза а бина, иза шина а куьйга а лаьцна, бухь лахахь а болуш шена хьалха а бихьна, кест-кеста цунна чу хьожура паччахь.

— Суна хазхета Россерчу массо а къаьмнех а, чкъурех а баьхкина векалш кху чохь сайна гуш, шу кхуза даьхкина тхоьга схьаала..

Юха а куйнна чу хьаьжира паччахь:

— Шаьш муьтIахь хилар схьахьеди... Тешаш ву со... — тIаккха а куйнна чу хьаьжира иза:

— Тешаш ву со шун и дог-ойла цIена хиларх... Амма... суна хууш ду, хIокху тIаьххьарчу хенахь хезаш... Сел дукха паччахь куйна чу хьежарна Iе а ца велла цунна чу хьаьжира, паччахьана уллохь лаьтташ волу

земски ши деятель а. Паччахьан къамел даккхийчу элпашца тIеяздина долу кехат дара куйнна чохь Iуьллуш.

— Хезаш ду, хIокху тIаьххьарчу хенахь цхьацца йолчу земски собранешкахь, пачхьалкхан чоьхьарчу гIуллакхашна тIехь дечу урхаллехь земствон векалша дакъалацаре эрна сатуьйсуш долчу адамаша дийцина долу хабарш.

Паччахьан къамел чIагIделира, цуьнан аз тIаьхьтIаьхьа лакхаделира.

— Массарна а дIахоалда, халкъан зовкхан дуьхьа сайн берриг ницкъ дIалуш волчу аса, самодержавис дIадолийна долу гIуллакх, цкъа а суна вицлур воцчу сайн веллачу дас иза лардина ма хиллара онда а, дIаса ца теIаш а лардийриг хилар!..

Кара бепиггий, туьхий а лаьцна паччахьана хьалхахь лаьтташ волчу цхьана дворянийн куьйгалхочуьнан карара туьха чохьдерг охьаюьйжира, ткъа Николай дворянийн векалшкахьа дIавирзира:

— Суна хууш ду дворянашна тIехIоьттинарг хала мур хилар. ПаргIат хила, шун хьашташ аса диц дийр дац. — Оцу меттахь кIеззиг ахархошкахьа дIа а вирзина, шен къамел чекхдалийтира цо:

— Дагахь латтаделаш, паччахьалла ша караоьцучу хенахь хIокху чохь, волостин старшинашка сан хьомечу дас дIааьлла долу дешнаш: «Дворянех шайна тIехь куьйгалла дан хIиттийна болчара дечу хьехаршна а, цара дечу куьйгаллина а муьтIахь хуьлда шу. Мохк-юхабекъаран хьокъехь, латта тIетохаран хьокъехь оцу тайппана кхечийн хьокъехь харц а, Iовдал а даржош долчу хабарех ма тоьшалда шу. И хабарш даржош берш тхан мостагIий бу. Муьлххачу а долаллина, шун шайн долахь долчунна а санна, тIекховда мегар доцийла дIахоулда шуна».

Земствийн векалш Iадийча санна лаьтташ бара: керлачу паччахьо мелла а хийцамаш бийриг хиларе сатуьйсийла яцара. Ткъа гIадбаханчу дворянаша, чуьра араволуш волчу паччахьана тIаьхьа, «ура», бохуш шайн гIоддаха маьхьарий деттара. ТIеюьйхина еха фрак а йолуш, вустийча санна стоммачу цхьана дворянино, дукха гIадвахарна сатоха а ца делла, чIоггIа мохь туьйхира:

— Сов дика ду! Башха дика ду! Доцца а, кхеташ а

ду паччахьо бохург! Цу чохь дийцинчех ша кхеташ вацахь а, амма шена гондахь берш леларехь Хьажбекар кхийтира, паччахьо шега, гоьваьлла волчу ламанхочуьнга аьллачо, шен вахарна новкъарло йийриг цахиларх.

Нохчийн векалша талмажана го бира. Ярташкара баьхкинчу хьолахоша дукха резахилла кортош а теIош, цунна тIедоьгIначуьра бIаьргаш дIа а ца дохуш, леррина ладоьгIура талмажо дуьйцучуьнга. Царна тIевахара Жанхот а, Жамболат а. Амма талмажо дуьйцург шайна хезча «...паччахьа шен багах схьаэлира: мах боцуш, шайна латта тIетохаре са ма туьйсийла аша, иза лууш берш тхан мостагIий буйла дIахоулда шуна», — Жанхота цергаш хьакхийра, ткъа Жамболат вист а ца хуьлуш, бос а байна, оццу минотехь къан а велла, юьстахвелира.

Хьалхий, тIаьхьий а хIиттина зала чуьра арабевлира векалш, ткъа хIара декъаза ши векал, дог а доьхна, гIайгIане вахана, гIнйла лаьтта бIаьра а хьоьжуш лаьтташ вара, Тапчер шайна тIевогIуш а ца хаавелира царна.

Хьажбекара шен «гергарнаш» аьлла харц кхоьллина волчу кху шинна тIера бIаьрг дIабоккхуш вацара пачахьана ха деш волу къона эпсар. ХIилланен а, миччахьа а кхочуш а волу Хьажбекар хIинцале кхиънера цуьнга цхьа-ши дош ала а, харцдерг ша хIунда аьлла цунна дIадийца а. Амма Тапчер цо дийцинчух ца кхеттера, делахь а цунна хууш цаI дара: юьртда дуьхе ваха гIерташ вара Тапчерна Жанхот гина я ца гина, церан вовшашца къамел хилла я ца хилла, бохуччунна. Амма паччахьана ха деш верг а вара коьрта чохь шен хьекъал долуш, цундела иза чIогIа къавлавелира, ткъа Хьажбекар, хIумма а цуьнан дуьхе ца кхуьуш а, шек волуш а висира.

Ткъа хIокху шиннаца — воккхачу стагаций, лекхачу ургIалций,— гергара хиларх лаьцна аьлча, вела а къежна, дуьхьало а ца еш IадъIийра Тапчер. Цкъа делахь паччахьана гонах гIуллакх деш волчу эпсарна цкъа а магош дац цо муьлххачу а тайпана гIовгIа якхкар а, дош дашера далар а, ткъа шозлагIа делахь, векалийн могIарехь лаьттачу хенахь цу шиннах шен бIаьрг кхетча — массарел лекха а, куьцехь а волчунаххий, массарел воккха а, бIаьрла а волчунаххий,— цу тIе, тIеюьй-

хина сел башха шайн къоман хорма а йолуш волчу, цунна оцу сохьтехь дагадеара оцу тайпана «гергарнаш» болуш ша хилар, шен керлачу паччахьана дика хета тарлуш хилар.

Цу тIехула тIе — ткъа иза а цунна вуно боккхачу мехала дара — мацца а тIаьхьа тIехиндерг гуш стаг вара Тапчер. И башха, дош мерза а, хьекъалца кхиийна а волу эпсар, цуьнца цхьаьна, акхараллица адамаш дацорхо а, воккха хьолан да а, адамаш Iазапехь дахкорхо а вара. Цундела цкъа хьалха тIеман гIуллакхана тIехь лаккхо а ваьлла, столицехь зIенаш а тийсина, сайн цигахь йолу агIо а тойича бакъахьа дац аса? — аьлла, вахана вара иза оцу гIуллакхе. ТIаккха бертахь дIа а ваьлла, сайн Кавказе цIа гIур ву. Нефть — иза ду сан долахь хиндерг. Ваха а, Iен а со схьаваьллачу сайн халкъаца дезар ду сан, цундела бакъахьа дац ткъа, хьалххе дуьйна со вовза а вовзийтина, цигахь сий лакха а даьккхина сайн бух а, тIекаре а аса кечйича? Жанхота аьлларг а дина цунна тIаьхьа хIуттур болуш бу берриг юьртахой. Суна, Тапчерна, хIокху сохьтехь хIун хала ду ткъа, схьахетарехь, паччахьо и къамел динчул тIаьхьа чIогIа дог эшна волчу воккхачу стеган дог тода а, цуьнан деган безам сайга бахийта а? И шиъ тIаьхьа сацо веза аса и шиъ-х сан гергара ву! — керла паччахь дIахIоттош де дазден хан тIекхаччалц кхузахь саца а вина, царна цкъа а гина доцург ган а гайтина и шиъ цец а ваьккхина, хьаста веза аса. Ахча сан долуш ду, доллу хIума кичча долчу хIусаме дIанисвийр ву аса и шиъ, кIеззиг зовкх хьегийта деза цу шинга!

БIаьста яллалц йолу хан сихха дIаелира. Май бутт болабелча Россехь паччахьан Iедал дIахIоьттичхьана дуьйна иза деш ма хиллара, паччахь а, цуьнан зуда а, паччахьан гIопехь мелверг а Москве баьхкира, цигахь даздеш Iедал дара, керлачу паччахьо шен паччахьан гIирс тIебухар.

Ши нохчо Москве ша валийра Тапчера, цхьа бакъду, цIерпоштан кхечу вагонна чу а ханйна-м валийра цо и шиъ. Паччахь волчохь хиллачех цхьа а юьртахо гуш ца хиларна цецваьллачу Жанхота хаьттира:

— Ткъа Хьажбекар мичахь ву? Вуьйш а мичахь бу техьа?

Эпсаро башха ойла а ца еш жоп делира:

— И якккхий гайш ерш кхузахь кхин оьшуш бац. Оха

шайн цIа бахийтина уьш. Шуна стенна оьшу уьш? Тергал бан а ца оьшура уьш-м!

Керлачу паччахьо паччахьан таж тиллар дазда долийра московски йоккхачу театрехь спектакль а хIоттош. «Паччахьан дуьхьа дахар» цIе йолу опера яра оцу чохь хIоттийнарг.

Шайн «гергархочунна» тIаьхьа а хIоьттина йоьазлагIчу ярусехь йолчу ложе хьала тIевелира ши нохчо. Жанхоттий, Жамболаттий цу чу охьа а хаийна, цаьрга «со тIеваллалц кхузахь Iелаш» а аьлла, паччахьана гонах болчу эпсаршна йитина йолчу ложа чу, ша лахачу охьавоьссира Тапчер.

— ТIехула гуш сийна стигал а йолуш, арарчу сийначу бай тIехь, кхузахьчул дуккха а самукъане кхир дара цуьнга хьоьжуш Iен,— меллаша элира Жанхога, къаьрзина чухула дIа-схьа хьоьжуш волчу шен накъосте. Царна луллахь массо а ярусашна чу леррина хьоьжуш, кехатан цуьргашна тIехь сихдинна сурташ а дохкуш, цхьацца хIуманаш дIа а яздеш, социйла дайна, ша воллучохь дIа-схьа а хьийзаш Iеш вара цхьа тIахъаьлла стаг. Ламанхошна дагахь а дацара и цхьана меттехь сацалуш воцу стаг европейски пачхьалкхех цхьаннан «корреспондент хилар, оцу минотошкахь шена гуш дерш «историн агIонашна» тIе дIаяздеш воллуш волу, ткъа цу чохь яра «декаш долчу зезагийн куз санна йолу партер» а, «кхераделлачу маликан гоан басахь дерзина кортош а, жовхарех дина дийнатийн, ораматийн вуно кегийра сурташ» а, дуккха а кхидерш а.

Ши нохчо шаьшшиъ Iеччохь виэгийра: ерриг зал адамийн гIовгIанехь юьзира, массо а шаьш Iечуьра хьалалилхира. Церан когашна кIелахь, лаха буха чохь, тIеюьйхина Iаьржа а, вуно йоца а хорма а йолуш волчу, цхьана стоммачу стага, шен карара гIаж хьалаайира, циггахь йолчу оркестран йоьза зурманаш Iаьхира, Iадор воллуш иштта чIогIа етташ Iаламат яккхий вотанаш а яра. «Ура» бохуш деттачу маьхьарийн меттина гими лекхира: зала чу велира паччахьа а, цуьнан зуда а.

Ши юьртахо когашна тIехь латта а ца луш, кIадвелла вара. Цецваьлла мосуьйттаза гонах дIа-схьа хьаьжира и шиъ, ткъа чуьра гIовгIанаш дIатийча, гIенташна тIе дIа а таьIна, даккхий синош дехира цу шиммо. Цу шиннан сагатлора, кIордийнера, сатоха а ца лора, ткъа

деана гIуллакх кхочуш ца хиларо, гуттар кIелвитинера и шиъ. И шиъ муха кхетар вара, церан бIаьргашна хьалхха хь дIайоьдуш йолчу шина тайпанчу концертах? Сцени тIехь гуш дара мехкашдIалецархойн—панийн Iазапана кIелхьара даьллачу халкъан доккхадер, паччахьан цензуро «РомановгIеран цIийнан» самодержавин Iедал дIахотторан а, чIагIдаран а идейца леррина дIахьулдина долу; зала чохь хаалуш дара и Iедал лахлуш а, дIадолуш а хилар, ткъа паччахьан гIопехь Iеш а, махкана тIехь урхалла деш а йолу тоба а яра шен лаам боцуш а, куц доцуш а шен идеалаш бульваран новкъахь хила хьакъ йолчу литератураллий, тIеман парадаш яраллий, гвардейски эпсаршца маларан кедаш мийларал лий тIех йоцуш волу паччахь декъала веш.

Журналист шен заметкаш язъеш Iеш вара: «Суна гуш ю лакха тIерачу могIаршкахь эпсарийн погонаш, ткъа кхин а лаккахь — халкъан Iиндагl: цигахь бу ахархой, могIарерчу халкъан векалш. Суна уллохь ложа чохь а ву мехкан воцу ши стаг — цхьаммо а чу а валийна охьахаийна Iевеш, ткъа церан цхьа а тайпа, цхьана а хIуманах къералуш са а дац — кортош а охкийна, наб а кхетта, хала са а доьIуш Iеш ву и шиъ...».

Спектакль чекхъелира. Зал нисса ах яссаелира, ткъа ши нохчо шаьшшиъ воллучохь ложехь Iеш вара. Чуччу а доьхкина шайна хьалхарчу гIенташна тIедехкинчу куьйгашна тIе кортош а товжийна, цхьана эшшарехь чIоггIа даккхий синош а дохуш, наб еш вара и шиъ. Дусаделла гай а, дешица кхелина хорма тIехь а йолуш волчу паччахьан гIоперчу капельдинеро сама а ваьккхина, чуьра араваьккхира ши нохчо. Амма шаьшшиъ уча ваьлча, дуьхьало йора ламанхоша: «Тхойшиъ мича гIур ву? Тапчер тIевалаве тхуна, цо ша тIекхаччалц собарде аьлла!» Халла чуьра араваьккхира и шиъ.

Волавелла воьддушехь наб еш вара Жамболат. Жанхотана тIаьхьа а хIоьттина жимчу майдане велира иза, кхузахула дIаоьхуш адамийн тобанаш яра. ДIаоьхуш болчех дукхах берш могIарера нах бара: мещанаш, белхалой, Москве баьхкина болу ахархой.

Шен накъосташца-эпсаршца самукъадаьлла волчу Тапчерна, ларамаза шен махкахой бицбеллера, ткъа генарчу хийрачу адамашна юккъехь юха а ша дIакхоьссина хетаделла волу Жанхот чIогIа дог доьхна вара, цунна цIеххьана дагадеара оцу майданахь мел долу

адам саццал чIогIа мохь тоха. Амма мухха делахь а мохь ца тухуш, корта а айина, Жамболате хаттар дира воккхачу стага:

— Хьайн деллахь ала соьга, хьер-м ца ваьлла со?

КIеззиг собар а дина, туй а кхоьссина, сих а ца луш, Жамболта жоп делира:

— ХIинццалц схьа валаза-м ву.

— Ткъа хьо-м ваьлла моьттуш ву со.

— ХIун хилла ткъа? — цецваьлла хаьттира лекхачу ургIало.

— Цкъа а вист а ца хуьлуш Iадда тапъаьлла Iеш ву-кх хьо... ЦIеххьана шен къамел юкъах а дитина, чIогIа цецваьлла эхI элира Жанхота.

— Сийначу стигалора бу и дIо богIуш станицера гIалгIазакхи! — мохьбелира цуьнгара. Цара шаьш-шинне гIо дийр ду аьлла хетара цунна: мухха делахь а, цу шиннан лулахой ма бара уьш. — ХIей, хIей! — шен гIоддах мохь туьйхира цо. — Тхойша гуно ву! Шу дуй гуной?

Керлачу паччахьо шен паччахьан таж тиллар дазда баьхкинчу гIалгIазакхийн цхьана эскаран векалш бара уьш. Московски майданарчу тобана юккъехь Iотта а белинца уьш шайн шина махкахочунна тIе!

— Со ву гуно! — аьлла, юха мохь туьйхира гIалгIазакхех цхьаммо. — Кунакаш, схьадуьйла, цхьаьний дIагIур ду вай! — куьг а лестош, ламанхошка дIакхойкхура иза.

Ши нохчо тIевахара, цаьрга куьйгаш а кховдийна, гIалгIазакхашцанна дIаволавелира и шиъ. ХIорш тIехьашкахула тIетуьттура тIаьхьабогIучара. Урамнекъаш а, тротуараш а юьзнера адамаша. ДIа-схьа а хьоьжуш, цецваьлла корта а хьийзош, вогIуш вара Жамболат: массарел а нисса цхьа корта лекха волу иза, оцу къегина беттаса долчу буса, ган тарлуш мел долчу хIумане, къарззина хьоьжуш вара. Амма массо а агIор юкъаIаьвдина волчу Жанхотана гуш-м дацара шен лулахойн баккъашший, цара схьаIуьттуш йолу пхьаьрсийн голашший бен хIумма а. ТIетаьIина ойла а йина, шена хууш долу масех оьрсийн дош дага а данйтина, цо элира:

— Паджалиста... ваша, наша... куда?

Шен можана юккъехь вела а къежна, ламанхой чIогIа цец а бохуш, гIалгIазакхичо нохчийн маттахь жоп-делира: тхо, деца хьуна, массаьрца а цхьаьний, Ходынка

цIе йолчу йоккхачу майдана доьлху, цигахь инзаре доккха дерриг а халкъан ловзар хир ду; кхана са хилча цига, халкъ долчу шен зудчуьнцанна вогIур волуш паччахь а ву — массаьрца а цхьаьна сакъера; массаьрга а дIахьедина ду, дезачу дийнан сийнна цигахь массарна а совгIаташ а лур ду, шун а хIоттор ду, аьлла.

Нагахь санна оцу майданашкахула а, урамашкахула а оццул дукха дIаоьхуш долу дерриг адамаш шайн бIаьргашна ган таро йолуш Жанхоттий, Жамболаттий велхьара и шиъ чIогIа цецвер вара, цхьанхьахь царна юккъехь, дукха хан йоццуш театрехь шайна луллахь, цхьана меттехь сацалуш воцуш хилла волчу стагах шайн бIаьрг кхетча. Журналист — цIена бакъду «борз когаша кхобу» бохург — оцу адамашна юккъехула цкъа цхьанхьахь гучуволуш, тIаккха кхечахьахь гучуволуш, доллучу хIумане, массо а стаге лоррий хьажа а хьожуш, ткъа цкъацкъа, волавелла воьддучохь цхьана тумбина я пенна уллохь саца а соций, шена гуш дерш дIа а яздеш, дIаоьхуш вара. Цхьа-ши де даьлча, миллионаша адамаша газеташна тIехь йоьшур йолуш яра хIара лахахь цо язйина йолу заметкаш:

«...массарна а тIаьхьа а хIоьттина, тIулган некъана тIе ека Iаса а етташ, халла воьдуш вара цхьа воккха стаг, цо цхьаьнга-м бохура: ... ма бодане халкъ ду хIара! Иза да волуш мел долу хIума цуьнгара массо а хенахь дIадоккхуш ду — стенна доккху а, хIунда доккху а хатта бакъо а ца лора. Нагахь санна шегара доьхург цо шен хеннахь дIа ца делча, цунна къиза етта. Оцу адамашна цкъа а гина цхьа а хIума дац, дан хIума доцуш йолу, чIогIа къеллий бен. Иза бакъду, бакъду... Ткъа хIинца адамашна хезна паччахьан дезачу дийнахь шайна совгIаташ доькъур ду бохург. Мичахь? Ходынкехьий? Гира те, селхана гира суна: цигахь ханна дина цхьа ледара рагIош ду. Цигара даккхий оьрнаш кIеззиг бен дIадукъна а дац!»

ХIинца дIаоьхуш долчу адамийн йоккха Iаьржа тулгIе яра, сацца хьалха дIаоьхуш, гуттар хьалха дIаоьхуш дара и адамийн Iаламат.

Сахуьлуш лаьттара. Сел дукха дIагуллуш долу адам чIогIа цхьа буьрса хеташ дара: тIаьхьарнаш хьалхарчарна тIетеIара уьш совца а ца буьтуш, ткъа гуттар гена хьалхахь схьакхеташ лаьттачу маьлхан зIаьнаршкахь

хIорд санна бIаьрго ма лоццу гуш адамийн кортойн тулгIенаш яра. Оцу сила долчу адамашна тIехула, тхов санна дIа а ца йолуш лаьтташ яра церан багошкара схьаетталучу Iаьнарх хIоьттина йолу дохк, маьI-маьIнехь хезаш дара юкъаIаьвдинчохь садукъделлачара хьоькху маьхьарий. Ходынски аре дийна а, буьрса а, бетталуш а болу буьрса хIорд санна кхехкаш яра. Когашна кIелахь кIеззиг бен дIа а дукъаза оьрнаш а, ргIош динчул тIаьхьа дIа а ца дохуш дитина тIехь хьостамаш а дохкуш долу аннаш а дара — иштта бара и сила долу халкъ, паччахьана тIедаха дезаш болу некъ!

Хаьхкина цу майдана а вена, пайтонна тIехь Iеччохь хьала а гIеттина, оцу адамийн хIордах бIаьрг тухуш чекх а ваьлла, юха хаьхкина московски инарла-губернатор, сийлахь-воккха эла, паччахьан ден ваша, Сергей Александрович волчу вахара обер-полицмейстер Власовский: хила тарлуш болу бохам ца хилийта эскар деха.

— Гулделла халкъ ялх бIе эзарнал кIезиг дац, — хаам бора полицмейстеро. — Цигахь оьрнаш ду. Дукха тIеттIа гIоьртинчу адамийн са дукълуш лаьтта...

Цо деш долу къамел юкъах а доккхуш, луьра вистхилира эла:

— Суна дика хаьа айса деш дерг хIун ду, ткъа хьо иза хууш вац. Аса хьайна тIедиллинарг кхочушде! Доллу хIума аса хьалхха тидаме лаьцна ду.

Малх дикка лакха баьллера. Са а ца тохалуш йовха яра. Къора тоха кечъелла морхаш санна буьрса яра адамийн тоба.

ЦIеххьана Iадийча санна цхьа вон мохь белира. Ша юкъаIаьвдинчу тобанна юкъара схьаиккхира цхьа йоккха стаг. Дукха кхераеллачу цуьнан ши бIаьрг хье тIе а баьлла бара, оцу минотехь сийсаш долчу адамийн хIордо юха а дIакхаьллира иза. Кхечу цхьанхьара царна юкъара схьахезаш цхьа гIийла аз дара: «Со кхоьллина сан дела... ГIо дехьа сан, къинхетам бе ахьа!».

Гена доццуш оццу адамийн тулгIено тIеяьккхира цхьа йоI. Адамийн кортошна тIехула цхьана минотана гучу а яьлла, юха а дIаяйра иза.

— СовгIаташ! СовгIаташ ду дIадоькъуш! — детташ долу маьхьарий дара дIанехьа киоскаш йолчу агIорхьара схьахезаш.

Паччахь волчу павильонехьа долчу рагIошна тIе дIахьаьдира адамийн и хIорд. КIезиго гIор долуш берш, кхуьйсуш шайна тIехула ирах хьала а охуьйтуш, цаI вукхунна тIехула а кхийсалуш, сихха дIагIерташ яра адамийн тулгIенаш. ТулгIено юьстах тесча санна, адамашна юккъера юьстах иккхира масех стаг.

— Адамаш хIаллакхуьлуш ду! Оьрнашна чохь! Йоьхьаш аралелхийтина! Беллачийн декъий а, дийна бисанарш а— берриг а цхьана Iохкуш бу! — дукха кхерабелла акха маьхьарий деттара цара. — Орца дала! Оьрнашна чуэгна уьш!

Де дазда гулделлачу аренна тIехула хезаш узарш а, белхарш а, сардамаш а дара...

Я Терка йистера гIалгIазакхий а, я ши нохчо а ца велира массаьрга а хIоьттинчу хьолана кIелхьара: я церан ондалло а, я тIахъаьлла хиларо а гIо ца дира. Уьш а, вуьйш санна когашна тIера охьабиттира — цхьаберш оьрнашна чу беттабелира, важаберш, дуьххьлдIа охьа а беттабелла хьаьшна Iохкучарех тийса а белла когашна кIел охьаийгира.

Жамболатан ког а лаьцна иза дIа ца хоьцуш, цунна тIехула текхна, бухара хьалаваьлла воллуш воллура Дей, амма ламанхочо катоьхна цхьана куьйга маж схьа а лаьцна, вукха куьйга кIужал а лаьцна иза кIеззиг шена тIе а ийзош, ша лаза ца вайта, у санна, иза шена дуьхьал туьйсура. Цул тIаьхьа цхьа минот яьлча цуьнан пIелгаш дастаделира: цхьа еза хIума цуьнан коьртах а кхетта — чIоггIа тата делира... Го баькхина долчу адамаша вовшийн куьйгаш а, когаш а, баккъаш а кегдора; доллу хIума а дицделлера царна: экхано санна, ша шен ларваран дуьхьа, шаьш санна болу кхиберш хIаллак а беш, церан меженаш кег а еш, ша кIелхьара вала гIерташ вара хIор а.

Говрашна тIехь баьхкина схьа а лилхина, некъ мукъабаккха, адамийн тобанна юкъа лилхира полицеш. Маьхьарий а детташ хIургонашна тIехь юкъабаьхкинчара, беллачийн декъий тIе а кхуьйсуш, царна тIе черташ кхуьйсура. Беллачийн декъашца цхьаьний хIургонашна тIекхуьйсура дийна берш а.

— Хьан лаккхара сийлалла! — аьлла, Iохкуш долчу адамийн борзана тIевеанчу тIеман министре вистхилира тIеман лор. — Чевнаш хилларш декъех схьакъастабар

тIедиллахьа полицина, уьш лечуьра баха хIинца тIахьа дацара!

— Иза хьан гIуллакх дац! — чIоггIа тIечевхира министр. — Аса выговор дийр ду хьуна! Хьайн декхарш кхочушде, тхан гIуллакхашна юкъа ма гIерта!

Массо а меттехь цIийн Iовраш яра, беллачеран батош гажа а гежна яра, куьйгаш къевллина бунайш а бина дара. Белла Iохкучуша кIелхьаьшначуьра схьабовла таро а йоцуш, ура-атталла лаьтта охьа а кхачаза, адамийн тобано юкъаIаьвдина бохкуш болу чевнаш хилларш, декъашна юккъехь Iохкуш болу дикка хан яра.

ХIун дика болх бара паччахьо бинарг ткъа? Кремлана гонах тIеоьзна латтош эскарш дара — оьгIаздаханчу халкъо бунт гIатторна кхоьрура Iедалчаш.

Тешаме долу ха шена гонах а хIоттийна, халкъана гергахь бехказлонан, оьздангаллин дуьхьа мукъана а, цу дийнахь дан ша билгалдаьккхина долу цхьа а хIума, ура-атталла талха ца деш, кхидIа а сакъоьруш Iеш вара паччахь.

Австрийски эрцгерцог велча, цунна кадам бар Iалашо йолуш цхьана дийнахь сарралц парадаш яр а, торжественни ловзар дар а цул хьалха дихкинера паччахьо. Ткъа шен лаамна кIел долчу адамех бIеннаш нах байинчу дийнан сарахь, паччахь волчохь боккхуш бал а болуш, шун хIоттийра.

Хиллачу бохаман хьокъехь цхьаммо а къамел а ца долийра паччахьца. Цхьа бакъду, беллачийн декъийн сурт хIинца а шен бIаьргашна хьалхара дIадалаза волчу французски инарлас Бодёффрс паччахьана тIе а вахана, цуьнга элира: «Оцу тайпана бохамаш массанхьа а хуьлуш хуьлу. Тхан Францехь, масала, Людовик 16-гIа паччахь хIоттор даздечу хенахь а хилира и санна болу бохам».

Сийлахь-воккхачу эло Владимира кхечу пачхьалкхашкарчу хьешашка-принцашка а, дипломатически корпусехь гIуллакхехь болчаьрга а, тIеман векалш а бохам хиллачу майданна гена йоццучу меттиге, кхокхашна тоьпаш кхуьйсуш сакъера дIакхайкхира. Верриг оцу дийнахь вийнарг масех эзар стаг вара, схьахетарехь, оццарел хир бара чевнаш хилла кIелбисина берш а — гIудалкхашний, хIургонашний тIехь уьш хIинца а дIакхоьхьуш бара.

Схьабогlуш бара леррина силманаш хьаькхна кечйинчу кlедачу пайтонийн, тачанкийн бехха могlа. Царна дуьхьал хlургонийн декъачу цlашна чохь дlахьош кхечу тайпана кир дара — адамийн декъий. Царна тlетийсинчу палсашний, черташний кlелхьара гучудевлла дара сен а делла, деста а дистина долу куьйгаш а, когаш а, яххьаш а. Дика кеч а белла болчу динчикаша сих а йина, марсаяьхнера говраш — сихха, дукха чехка дуьхьал богlучарна генахула тlехдовла дезара! Ткъа вукху агlорхьа белшаш а тоьхна оьгlазе а, кхоьлина а лаьтташ яра адамийн тохарлера тоба.

Журналист дlаяздеш вара:

«Геннара схьахезаш еттачу вотанийн татано хеда а деш зурманийн аз ду, lоккуш долчу декъашна юккъехь, саца а сецна, lасанна тlе а тевжина, цхьа тамашийна. хьоьжуш лаьтташ воккха стаг а ву. «Со — воккха стаг ву... иза шуна шайна а гуш ду дукха къена стаг ву со,— цхьаьнга-м боху цо. — Со вала а велла сан даьlахкаш паргlатйовла еза дукха хан яра. Ткъа хlара lоккуш берш берриг а къона нах бара»... Гена йоццуш, ши бlаьрг бакъа а белла лаьтташ йоккха стаг а ю. Оцу декъех цаl такхийна юьстах а даькккхина шек а йоцуш цо бохура: «Хlара сан кlант ву... Иза дlавахьа лаьара суна, амма гlудалкх схьаеана ца йолу-кх... Лойша суна кlентан дакъа дlадахьа гlудалкх, иза-м сан кlант вай... хьоме а волуш...»

Сел чlогlа лазийна волу Жамболат болницехь когашна тlе а хlоттийна, цхьа хан яьллачул тlаьхьа корта иэтlо безар бу аьлла, кара кехат а делла цlа хьажийра.

Хала а, атта а ша винчу юьрта кхечира Жамболат. Ворхl дийнахьий, ворхl бусий ихира иза волчу масех тайпана болу къехой, цо дуьйцуьчуьнга ла а дугlуш, дог а оьший, шайн-шайн цlа боьрзура уьш. Жанхот валарх лаьцна ша цlа кхаьчначу хенахь цкъа бен ца дийцира цо. Цул тlаьхьа цкъа а цхьа дош ца хаьттира воккхачу стеган хьокъехь. Хеттарш ца дар — иза ду дан доггlучу кепара lожаллин сий дар. Нохчичун lедал дац стаг велча воьлхуш, узарш деш, хеттарш деш: цо кхола а лой, дуьххьалдlа цlоцкъамаш дусадо. Жанхот волуш вац! Ма боккха бохам бу иза! Бакъдерг юьхьа дуьххьал дlаолуш волу, дерриг халкъан а тоьлуш долу гlиллакхаш шеца долуш волу воккха стаг юкъара дlаваьллера!

Бакоънца ша къонах волчо цергаш хьакха а йой, дагалоцура воккха стаг, Жанхот!

Цхьа бутт дIабелира. Кест-кеста тIеттIа чIогIа лаза болабелира Жамболатан корта. Жамболатан вежарий — Хасболаттий, Биболаттий дархочунна уллора дIабовлуш бацара: кест-кеста цунна морза а, йовха сискал а, нехча а яхьаш, цунна гонах хьийзаш бара уьш.

— Яа, хьайн дегIе ницкъ баийта! Кхана дуьйна хьуна дарба лело волалур ву со,— элира цхьана дийнахь Хасболата.

Хасболат бакъонца лор вара, цунна дегIан массо а даьIахк евзаш яра, уьш муьлхарниг мичахь йоллуш ю а хаьара цунна. Мел дукха хедийнера цо адамийн меженаш, дарба мел лелийнера — бакъонца хирург хилла а ца Iара иза! ХIор пха мичахь боллу хууш вара иза — цо дукхазза а даьккхинера маIа а йоьгIна цIий!

ХIинца а оцу кеппара лоьралла дан воллуш вара иза: Цхьана Iуьйранна цомгуш волчу шен вешина тIе а веана, хьалха чов хилла а, ткъа хIинца тIедеана ал басахь чкъуран пардо а долуш йолчу меттигана гонахара корта ирчу уьрсаца дIа а баьшна, цо элира:

— Сатохалахь!..

— ХIун дан воллу хьо? — гIийла хаьттира Жамболата.

— Хьан корта берзо хьажа воллу со. Цкъа хьалха оцу хьан коьрта чохь йоллуш ерг хIун ю хьожур ву со.

— Хьажа, хьажа. Амма цкъа хьалха цигаьрка озийта соьга... хIа, хIинца дIаволало хьайна.

Шен вешин коьртан хье юкъал кIеззиг лахо, аьрро агIорхьа ира то тIе а хIоттийна, яйн цунна тIе жIов туьйхира Хасболата. Жамболата бIаьргаш хьаббира. Кхин а цкъа-шозза жIов туьйхира Хасболата.

— Лазавой хьо, Жамболат? — хаьттира цо.

Жамболата жоп ца делира, амма боккха баьккхина чу циьгарканан кIур туьйхира цо, ткъа Хасболата кхоазлагIа а тона тIе жIов туьйхира, цо иза тоьхча ган а гуш дIакхоссаелира коьртах схьаяьккхинчу даьIахкан цуьрг. Кхин цкъа жIов туьйхира — кхин цхьа цуьрг а схьаелира.

— Лазавой техьа, хьо? — юха а хаьттира Хасболата.

— Ца лазаво бохучу кепара, гІам-гІим дира Жамболата.

— Сатоха, кхин а кІеззиг сатоха,— юха дІакхийсалуш яра коьртан даьІахкаш.

— ХІей, Хасболат, собардел, собардел— хье гучубаьлла! — кхера а велла сацийра иза, эшна меттиг хилча гІо дан кеч а велла, тІехь лаьтташ волчу жимах волчу вашас, Биболата.

— ХІун хилла, хье гучубаьлла? — юха а хаьттира Жамболата.

— Баьлла-те, баьлла...

— Бакъ хир дац иза! ТІетоха ахьа, Хасболат! Сан коьрта чохь хье бан а бац хьуна! Нагахь иза хиллехьара со паччахьана тІегІур а вацара!

— ХІа, хІинца гІуллакх чекхдели,— элира Хасболата,— сахьаяькхи аса! Дархочуьнан дегош долчу куьйган кераюккъе охьайиллира цо бойначу хьостаман ах. ТІаккха налха схьа а эцна, коьртах ша яькхинчу чхона чу иза а биллина, цхьана бехчалгаца чов дІа а йихкина, юха а кхача хьалха биллира цо Жамболатана.

— Сискалца кІалд а яа, тІе морза а мала...

Сарахь Хедишт еара.

— Суьйре дика хуьлда хьан, Жамболат!

БІаьрга эшарца шуьнга охьахаа элира Жамболата—

— Могашалла муха ю хьан? — охьатаьІира Хедишт. — ХІун гира хьуна? Петербухехь хьанна тІекхечира хьо?

ХІумма а дийца дог догІуш вацара Жамболат. Хала дара цунна; амма оцу йоккхачу стагана халахетар дан йиш яцара. КІеда-мерза цуьнга дІа а хьаьжна, хІумма а дийца а ца оьшу, доллу хІума хІинццалц схьа ма хиллара хир долуш ду, бохучу кепара, гІийла куьг ластийра Жамболата.

— ГІуллакхаш толур ду бохуш ма дуьйцу наха-м... Сан Арсби а вогІург хир ву-кх цІа...

Оцу къежбеллачу мискачу коьртана цкъа а виц ца лора шен кІант. Оццул кІелдисинчу оцу декъазчу дегІехь гІело бен кхин хІума долчух тера а дацара, амма цу дегІехь цхьа йовхо данма а йолуш яра — оцу йовхонан цІе яра нанас шен кІанте туьйсуш долу са.

## КОРТА III

### 1

Эххар а Арсби схьахийцира. Іуьйрре дуьйна набахтин арахьарчу пенашна уллохь кІантаца цхьаьна цуьнга хьоьжуш Іеш яра Селима. Набахти чуьра масех сахьт цул хьалха арахецнера иза.

Селима набахти чуьра арахецале хьалхха, куьйга тега а тоьгуш, Бенона коччий, хечий йинера цуьнца чохь бохкуш хиллачу оьрсийн зударша. Селимина а тІе барзакъ дуьйхира цара, цунна тІехь яра тиша юбка а, кофта а, коьрта туьллу йовлакх а, тишъелла ши мача а. ТІехьаьжча цхьанна а иза нохчо юйла хІинца хуур а дацара.

Маж яьлла, аз велла волу кхин а масех стаг ваьккхира оцу дийнахь набахти чуьра ара. Аккхабевлча санна хьоьжура уьш шайна гондхьа, сенделлачу диттех а, сийначу стигалх а баккхийбеш хьоьжура уьш цаьрга.

— Хьайн ден да вахханчухула дІаяхийта хьайн алаша! — олий забар а еш, чуьра аракхуссура уьш набахтин надзирательша.

Мукъабаьхначийн бІаьргаш серладевллера, лерри на дІа-схьа а хьоьжуш, дІаоьхура уьш. Набахтина гено а бовлий совцура. ТІаккха а дІабуьйлалора. Царех цхьаберш шайн накъостел тІаьхьа а бисина, цигга некъа йисттехь буьйса яккха охьабуьйшура.

ТІеюьйхина казенни тиша тІелхигаш а йолуш волу Арсби леррина хьоьжуш вара циггахь лаьтташ йолчу адамийн тобане. ХІара лаьтташ берш набахтин надзирательш бу — оцу массо а шарахь суна етташ а, дов деш а ницкъ бина болу! Ткъа хІара лаьтташ берш, соьца набахти чохь бохкуш хилла сан накъостий бу! Уьш а дІасхьа бекъалуш бу! Ткъа со, Арсби а ву хІокху сийначу стигална кІелахь, сайна луъучу дІаваха паргІат. «И дІогахь лаьттарг мила ю? Диди яц иза?» — Арсбин дог деттадала доладелира. Дика хІотта а ца хІуттуш, аз а елла, гІел а елла лаьттачу шен зудчунна тІевахара иза. Бено тІехьаьдда цунна мараиккхира. Набахтин кертахь наггахь гина хиларна шен да вевзира цунна. Дас караийцира кІант, шен кІант, шен синтем, тІейогІучу хенахь шен хинйолу гІортор, азделлачу шен некха уьш

тIе а таIош, къевллина маравоьллира цо иза. Селимин бIаьргех догIа санна оьхуш хиш дара. «Хьанна оьшура техьа тхан дахар сел дакъаза даккхар?» — дагахь дара цу шиина хIоранна а. Цуьнан дог тадан иза теян дагахь Арсбис зудчуьнга элира: «ДIо генара хьаннаш гой хьуна? Царна тIехьахь дерш — вайн лаьмнаш ду. Елха ма елха. Вешан нана а, доттагIий а болчу, кестта цIа кхочур ду вай...» Йист а ца хуьлуш, леррина шен майрачуьнга дIахьаьжира Селима. «ЭхI, суна-м хууш ма ду иза хила тарлуш доцийла сан хьоменига, хьо-м луралла тIехь долуш мостагI вай» — дагахь дара цунна.

— Муьлхачу агIорхьа дIагIур дара техьа вай?—ойла йира Арсбис. КIеззиг саца а сецна, масех ког баькхкхира цо. Цунна тIаьхьа хIоьттира Селима а. Шен нанна улло а хIоьттина вогIуш волу Бено леррина хьожура, шена хIинццалц схьа цкъа а гина доцчу цIеношка, жIаьлешка, говрашка.

— Ма хаза ду хIинца! — юх-юха а олура Селимас. Арсбис доккха са а даькхкхина чу уьйзира лам тIера схьахьаькхна керла хIаваъ, велакъежира иза: «ХIинца юха а цхьаьна ду вайша, вайшинна улло а хIоьттина вогIуш вайн кIант а ву...» — дара цуьнан дагахь.

— Хаза дуй хIинца? — хаьттира Селимас.

— Дера ду! ДIахьажал оцу хазчу лаьмнашка, лаьмнашка! Гой хьуна? — пIелг хьажийра Арсбис.

— Го. Царна лакха буьххье тIехь гуш цхьа Iаьржа хIума а ю.

— Иза саьрмик бу, — кхетийра Арсбис, Казбек цIе йолчу башломан буьхье а хьаьжна. Шена бен а бина, цигахьа дIагIоьртинарг дIа а кхоллуш иза цигахь Iеш болу дукха зама ю... КIадъеллий хьо? — сецира Арсби Цхьана кен бертехь долчу гIента тIе уьш кхуьй а охьахиира.

Бист а ца хуьлуш, меттах а ца хьовш Iеш бара уьш. Амма жима Бено хIуъу дича а саца ца луш, леррина гондIахула дIа-схьа хьоьжуш вара: хьуьллигахь кевнна кIелхула араикхкхира цхьа жима жIаьла, ткъа цунна тIаьххье кхин цаI а иккхира; цара цIогIа детта, лета уьш. Ткъа кхеран кортошна тIехула лелаш кхокхий ду, цIехьана чехкка охьа а хьолхий, тIаккха тIемаш даржа а дой, хьаьвззий доьлхий тхов тIе меллиша охьаховшу уьш. Ткъа дIога кхечахьа диттийн генашна тIехь декаш

ду тIахъаьлла хьозий, цигара схьахьолхий, урамновкъара чан кегайо цара. Уьш дерриг гора Бенона.

Де дIадовш лаьттара. Лаьмнашна тIе кIур хIуттуш лаьттара. ХIинца уьш бIаьргаца къасто хала дара, амма церан кIайн баххьаш генна лаккхахь хIинца дашо лепаш дара. Цкъа хьалха маж а делла, тIаккха цIечу баса а дахана, юха оцу минотехь суьйренан стигалца дIанийра уьш.

Лепа дуьйладелира седарчий — цкъа хьалха юьхьанца гIийла а, тIаккха бутт кхетаза йолу Iаьржа буьйса серлаяккха гIерташ санна, тIеттIа серладуьйлура уьш. Делахь а буьйса чIогIа Iаьржа яра, шайн кевн бертерчу гIента тIехь Iеш болчу, хIокху хIусам йоцчу доьзалан гIалярташ а ца гира, сихвелла кех чоьхьа ваьллачу цхьана стагана. Цхьанхьа вуно гергахь бацалахь даьлла коган тата а, тIаккха жима ков схьадоьллуш а хезира Арсбина — оцу минотехь юха а доллу хIума дIатийра. «ЭхI, и стаг саца а вина ма хатта дезаш хиллера аса цуьнга... Ткъа аса хIун хоттур дара?» — ойла йора кIадбеллачу коьрто. Оцу ойланца ша воллучохь висира Арсби. Берахь дуьйна сил хьоме а, сил дика девзаш а долчу седарчашка хьоьжуш вехха Iийра иза. Арсбина лепаш дара уьш, цуьнан шеко яцара,—цуьнга, хIинца пергIатонехь волчу Асрбига, генарчу хьомечу махкара дуьхьарлера маршалла луш дара уьш. ХIокху сохьта генарчу стигалан лакха тIера охьа царна гуш вара, цаI бен воцу а, шен хьомечу махках ваьккхина а волу Арсби ша а, цуьнан юрт а, цуьнан доттагIий а, цуьнан нана а гуш хила тарлора царна... Меллаша Селимехьа дIавирзира Арсби. Кхуьнан белшна гIе а тевжина, кIорггера дуьйна берриг а некхаца доьIучу сица вуно цIенан а, пергIат а, дуьне дуьзна а долу буьйсанан хIаваъ чу а уьйзуш, наб еш яра иза.

Охьакхозийна ши ког а болуш, ненан карахь дIавижина вара Бено. Амма сингаттаме а, гIайгIане а волчу Арсбин ши бIаьрг бацара ваьштабоьдуш. «ХIун дийр дара техьа? Сахилча мича гIур дара техьа?» ЦIеххьана шашах дагавеара цунна Дмитрий. Цо дийр дара тхуна гIо, хьехар дийр дара, аьтто лохур бара.

Арсбис еш хилла ойла кхочуш а хилира: ирс шашах тIедеара, цIеххьана а, хилла доцчу тайпана а. Бакъду, ишттаниг а хуьлуш хуьлу стеган вахарехь, амма ма кIезиг хуьлу-кх стагана ирс делалуш меттиг!

Іуьйранна пхи сахьт даьлла хан яра жима ков юха а схьадоьллуш, тата даьлларг. Арсби хьалаиккхира: цунна хьалхахь лаьтташ верг Дмитрий вара.

Нагахь санна кех араваьлча иза аьтто агІорхьа дІавирзанехьара цуьнан цхьаннех бІаьрг ца кхета тарлора. Арсбина тІехьашхула иза ца вовза а тарлора. Амма Дмитрий аьрро агІорхьа вирзира. Иштта цІеххьана вовшашна дуьхьал кхетаро иза Іадийна моьттур дара: цхьана юкъана вистхила а ца велира иза. Амма цул тІаьхьа велакъажаро цуьнан юьхь-бІаьргаш серладехира, жима ков дерриг дІа а диллина, маршалла хаттаран меттина, Дмитрийс доцца элира:

— Со волчу чоьхьадовла дукха дахарш! Диканца а догІийла шу! Генна уьйтІахь, Іежашна юккъехь дина долчу цхьана жимчу цІеношна чубигира цо уьш. ЦІеношна чоьхьа бевлчий бен ца дира цо шен дуьххьарлера, уггар мехала хаттар:

— Дукха хан юй шу набахти чуьра арадевлла?

— Селхана девлла,—доцца жоп делира Арсбис.

— Дика ду, къамелаш сарахь дийр ду вай ткъа хІинца суна тІаьхьашхула неІ дІакъовла, со заводе воьду. Охьа а дийший, садаІа шайна. ХІара маьнга а, кушетка а ю шуна. ЯахІума шкафана чохь карор ю шуна.

Сарралц юха а ца ван ваханера Дмитрий. Амма Арсби хІинца сингаттаме вацара. Накъостан бІаьргашка хьаьжча иза кхийтира шайн цхьаьнакхетар кІеззигчу ханна ца хиларх а, чІогІа а, еххачу ханна а Дмитрийца шен доттагІалла чІагІлург хиларх а. Дерриге а хьалха лелийнарш—юрт, Іаннашкахулий, хьаннашкахулий ша йиттина йорт, набахти, суд, юха а набахти — уьш дерриге а дагаоьхуш чекхлилхира цуьнан коьртачухула. «Миска Диди — ма чІогІа хийцаелла хьо!» Дог лазош доккха садаькхира Арсбис. Иза шега хьоьжуш хилар хаа а делла корта оллийра Селимас. Цунна сурт хІоьттира шайн хьомечу юьртахь зазадаькхина догІуш долчу диттийн. Къона а, лелхха йохкуш, тІум санна юьзна меженаш а йолуш йолу ша царна кІел а хиъна, хІетахь шена мила ву а ца хууш волчунна шен дог дІа а делла, бустамаш долу чоа тоьгуш Іеран, ткъа цо и шен дог дІаделла верг хиллера сел майра а, гІиллакх долуш а волу Арсби. ХІунда бина цунна адамаша сел вон бохам?

БIаьргийн негIарш тIекъевлира цо, коьрта чу хьийзара тайп-тайпана ойланаш.

Хьегначу халоно гIелдина, вовшашка дист а ца хуьлуш, дехха Iийра и шиъ, цу шиннен а болу синтем — кIант вара. Иза вара цу шиннан дахаран Iалашо а, и шиъ доккхадеш верг а. Оцу минотехь цу шиннан ерриг ойла а, синтем а цаI бара цхьабосса цхьаьний леррина кIанте дIахьаьжира и шиъ.Пеша тIера охьа иккхина, дахана Арсбина кара а хиъна, хур деш долчу цицигана тIе бIаьрг а боьгIна, леррина цуьнга хьоьжуш вара Бено.

— ХIун ю хIара? — хаьттира дас кIанте. Жоп а ца луш, юха а ваьлла, нанна тIехьа дIалечкъира кIант. Селимас ела а къежна элира:

— Вайн маттахь аьлча ца кхета иза, оьрсийн маттахь хаттал ахьа.

Арсбис юха а цицигана тIе пIег а хьажийна хьаттира.

— Бено, как звай его?

— Не знаю, — беран мотт карчош элира Бенос. Цецваьллачу ден цIоцкъамаш дусаделира.

— Цунна-м цкъа а ган а ца гиний циниг,— гIийла елакъежира Селима.

Хьала а гIаьттина, шен шуьйрачу юьхьа тIе ког а хьаькхна, шен ал мотт бехха багара ара а боккхуш набарна бага а гIаттийна, оза а делла, букъ хIоз беш сатта а бина, Бено воллучу лаьтта охьаиккхира циниг. Жима кIант велакъежира: тамашийначу хIуманех дуьзна дара дуьне — уьш дерриш а хаза хIумнаш а дара!

Бакъ дан а дара, декъазчу жимчу доьзална тIееанарг тоьлашха йолу хан хеташ яра: уьш кхоьа царна тешаме а, церан гергара а стаг волчохь цхьаьна Iеш дара. Амма Арсби сагатдеш вара: денош а, кIиранаш а дIаоьхура, ткъа иза бан болх а боцуш, доттагIчо хьошалла а деш Iеш вара. Цхьана стеган алапех юзош совнах кхо бага яра — цуьнан хьокъехь ойла ян а сов хала дара Арсбина.

Эххар тIаьхьа Дмитрийн аьтто белира чуьйна лалочу заводе Арсби балха вахийта. Цхьа шо гергга хенахь Iаьржачу белхалочун болх бира цо, тIаккха лала а дой чуьйна кепа дуттуш гIо дора, ткъа хIинца Iама а дина, иза кепа дуттуш ша вара иза.

Цхьана дийнахь. Дмитрийна тIехь ерг санна, тIеюьй-

хина сийна пиджак а йолуш, чехкачу боларца заводе воьдуш вара Арсби.

— Сел сиха хIунда воьду хьо?— цецвелира Дмитрий.

— Дуккха а тайпана кепаш ю йотта езаш, ткъа пеш эрна лаьтташ ю: чуьйна дац.

— Чуьйна доццушехь, хьо сих хIунда велла...

— Ремонт еш гIо дан деза сан.

— Инженер вара хьо хестош. «Дика кIант ву» — бохура цо.

— Дов дорий техьа цо суна?

— ХIахIан, хеставора. ГIуллакх дика дан гIерташ, дика белхало ву,— бохура.

— Иза тамаш бу! Юьртахь болх беш со волчу хенахь,— цигахь Хьажбекарна дукха болх бина а ву со! — цо цкъа а дика дош ца аьлла соьга. Ткъа ккузахь сан дог самукъане ду! И дийриг а мила ву? Оьрсий бу! Тхоьга-м уьш вон нах бу бохуш, ма бийцинера.

— Моллас дуьйцу хир дара иза...

— Дуьйцура те, моллас а. Хьал долуш волчу Хьажбекара а дуьйцура. Арсби диканиг ву — инженеро элира боху ахьа. Ткъа заводан дас хIун аьлла?

— Заводан да вон стаг ву. Шен завод йоккха мел хилли а, цуьнан шен волла алсам йолу.

— Иза муха ду?

— Иштта ду-кх: селханачул тахана боккхаха пайда ахьа цунна беллехь, хьо диканиг ву, амма иза а багахь дийцарца ву хьо. Нагахь санна селхана биначул бен ахьа цунна пайда ца бахь, иза реза ца хуьлу, ткъа нагахь санна, селханачул а кIезиг ахьа тахана пайда бахьахь — лаьллина араоькхуьйтур ву. Мел дика ахьа болх бахь а, хьо мацалла леш воллуш велахь а, цхьа кепек алапа тIе а тухур дац.

— Хьекъале ду ахьа бохург.

— Дахаро ша Iамаво дийца. ЛадогIал ахьа: кхана сарахь цхьа накъост волчу гуллур ду вай. Пхийтта стаг хир ву вай цигахь. Цхьацца гIуллакхаш ду дийца дезаш. Белхан дийнан хьокъехь дийца деза, хIинца санна, шийтта сохьтехь а ца беш, бархI сохьтехь болх бархьама. Лахам бан беза! Кхетий хьо? Лехамаш бан беза! Заводан ден гIуллакх тIеттIа лакха хьала а доккхий, шор а дой дIахIоттадо белхалочо, ткъа ша вуьс-вуьсуш кIел а вуьсий, вала а лай дIаволу.

Амма и «кхана сарахь» бохург кхочуш ца хилира.

Цкъа а гина доцург а гина, заводера цIа вогIуш вара тахана Арсби. Тахана заводехь схьайоьллуш керла цех яра. Иза схьаеллар даздечу веана ша заводан да а вара, ткъа цуьнца веана полицин начальник а вара. Делкъанна хIума юучу хенахь берриш дIагулбира. Чу жаIар а Iоьттина даздина долу хи а тухуш доIанаш дан, шеца тIаьхьара йир олуш берш а болуш веъана схьакхечира мозгIар (священник).

Юьхь-куьг боьха а долуш, мажош а евлла, оцу гIуллакхе башха ца хеташ хьоьжуш лаьтташ бара белхалой.

ДоIа чекхдоллучу хенахь кхузза чу жаIар а Iоьттина, кеда чуьра и даз а дина, хи тухуш ерг — йоцачу гIожа буьххье йоьллина чотка — схьа а эцна, иза хи чу а Iоьттина, жаIаран сурт хIоттош уллорчу стоьлана тIехь лаьттачу иконах чоткица хин тIадамаш туьйхира мозгIаро. Чотка шозлагIа чу а Iоьттина, станокашна а, бормашинна а туьйхира деза хи, тIаккха борзаморхашна а, инструменташна а туьйхира. Цул тIаьхьа массара а рогIана цунна тIе а боьлхий жIарна оба олура, ткъа священнико гулбеллачеран кортойх хинан цинцаш тухура. Уггар хьалха заводан дений, полицин начальниканий туьйхира, тIаккха конторехь болчу гIуллакххошна а, белхалошна а туьйхира. «Елейни лик» цIе тиллина волу белхалойх цаI, тIаьххьара а тIевахара. Йоккхачу жIаран сурт хIоттош доIа а дина, мозгIаре хи тохийта цунна хьалха дIа а хIоьттина, цуьнан куьйгана оба а аьлла, цигар ваьлча, деза хи чохь долчу кедана тIе а вахана, кад схьа а эцна, тIаккха а жIаран сурт хIоттош доIа а дина, бухадисина деза хи дерриг а дIамелира. «Хьажал цу эхь доцчу хIумане!» Вон вист а хилла, шен когашна хьалха туй кхоьссира Дмитрийс.

Заводан да мозгIарехьа дIавирзира.

— Батюшка, кхуза гулбеллачарна динан хьехам бар доьху аса хьоьга.

Вукхо, оцу сохьтехь жIаран сурт хIоттош доIа а дина, белхалошна тIе а вирзина къамел долийра:

— Да-делан а, кIант-делан а, сийлаллин хIон а цIарах... провославни керстанаш!..

Къахьега дезаш а, Iедалхошка ладогIа дезаш а хиларх лаьцна хьехарш дира цо.

Оццу хенахь иккхира ца моьттург.

— Делан дош хьехарна баркал хуьлда,— юкъавели-

ра «Елейни лик» шена цIе тиллина волу белхало.— Тхайга далург дан кийча ду тхо. — Заводан дега дIахьаьжира иза, цунна тIера ши бIаьрг полицин начальникана тIе хьажийра:

— Адамаш талхо гIерташ берш бу тхуна юккъехь,— цхьа маьIна а доцуш корта таIийра цо. — Суна вуно дукха хан йоццуш дуьйцуш хезира: «Забастовка ян еза! БархI сохьтехь бен болх бан ца беза!» — бохуш. Бакъ ма ду иза! — белхалошка дIахьаьжира иза. Вуьйш кIелдIахула вон дIахьаьвсира цуьнга:

— Аьшпаш ма битта!

— Тхуна-м ца хезна!

— ЦIий а велла, шен некхан уьн тIе буй а тоьхна «Елейни лико» элира:

— Дала хIаллакволда со ца дийцарехь! Бакъ ма ду, хIорш бунт гIатто гIерташ хилар!

— Тоьур ду, тоьур ду, — сихачу лерца юкъаиккхира полицин начальник,— шеконца белхалошка вон бIаьрг а бетташ. — ГIовгIа ма е. Къастор ду оха!

Суьйренан гудок йийкира. Болх чекхбаьллера. Амма Дмитрий гуш вацара, оцу сохьтехь доIийна гулбинчуьра дIа а вахана къайлаваьллера иза. ЦаI ша цIа вогIуш вара Арсби. Дукха оьгIазвахана са дукъделла вара иза: сайн куьйгашца вийна дIавоккхур вара аса и ямарт айкх, амма гIортал хьо иза дан! ОьгIаз а гIой, хьайна ма луъу вега-м ве, амма иза дан гIора доцуш хьо хилар диц ма де»,— ойланаш йора цо.

Болар чехка а даькккхина, цхьана урамехула иза дIавирзича юьхьа тIера бос байра цуьнан: куйнаш а техкина, царна тIехула башлакхаш а оьххина, дуьйцийла йоццуш кIелхула кхозуш герзаш: шаьлтанаш а, тапчанаш а йолуш, тIекхоьллина вертанаш долуш дуьхьал богIуш, иза лоьхуш болу чIирхой бара... Амма Арсбис шен некъ ца хийцира — ламанхочунна эхь ду мостагIех кхера а велла юхаваьлча!

Оццул дукха хан яьллашехьа, юха а вовшашна тIенисбелира уьш! Амма чIирхошна Арсби ца вевзира. Шен юьхьан сибат хийцаделла а, тIера хорма кхечу тайпана йолуш а вара иза. ТIеюьйхина гIовтал а, бустамаш долу чоа а, кхакханан куй а, пезагашца буьйхина когах кIархаш а болуш иза ган Iемина бара уьш. Ткъа хIинца царна уллохула тIехволуш волчу стагана тIехь яра бех а елла йолу белхалочуьнан сийна тужуркий, хечий, коьртахь

яра цхьа вон фурашка, кога юьйхина тиша эткаш яра. Цул совнаха Арсбин, юьхьан сибат хийцинера цо хьалха дIайошуш хиллачу, хIинца яьлла йолчу мажо.

«ТIехбевли»— доккха садаькхира Арсбис. Амма оцу сохьтехь цуьнан дог юха а лаза даькхира валлалц, даима цунна а, цуьнан кIантана а тIера дIабер боцчу кхерамо. Иза а, цуьнан кIант а дийна мел ву и шиъ лоьхур волуш а, чIир юьтур йоцуш а бара мостагIий.

Вукху урамана тIекхаччалц дIа а вахана, теркана тIебоьдучу урамехула дIавирзира Арсби. Хи йистте охьа а хиъна, чу са даийта лиира цунна. Оцу хенахь цIа вахкал гIор дацара цуьнгахь.

Диттийн IиндагI долчу бердах чу а воьссина, тIулгана тIе охьахиира иза. Бердаш а охкуш, ларамаза шен кара еана хIума царех дIа а етташ, Iоьхуш охьаоьхуш дара Терк. Арсбин бIаьрг кхийтира чопа туьйсуш йолчу йоккхачу тулгIенна кIелхьара схьа а иккхина, цунна кIелхьараяла гIерташ санна, дIакхоссаелла бердах дIакхеттачу гуьйригах: юьхьиг бердах дIакхетча, юха а кхоссалой хи буха йоьдура иза, агIо дIакхетча — тIаккха а юха а кхоссалой, хи буха йоьдура иза.

Иштта буьрса охьахьаьдда доьдучу хих тамаша беш, вехха Iийра Арсби.

«Со вацахьара сан доьзалх хIун хир дара техьа? — ойланаш йора цо. — Нагахь санна со вийнехьара, хIун лелор дара техьа Бенос?».

Валарх хIумма а кхоьруш вацара Арсби, амма дIа муха туьйсур бара кIант а, набахтина чуьра араваьллачул тIаьхьа йина йолу жима йоI а — Iайшаттий, ГIетIаматтий?

Бено воккха а хилла накъост хилла ваьлча тIаккха цу шиммо — дассий, кIантий — болх а бина говр а, стерчий а эца ахча доккхур ду, мостагIалла дуьтург уьш чIирхошна дIалур ду. ТIаккха гур ву цунна Жабраил а, Джо а, ТIатIаш а.

Юьхьа тIера бос хийцабелла иза хилар цIахь гучуделира зудчунна.

— Аби, — элира цо,—цхьа сингаттам хилла-кх хьуна, хиллий? Хьан юьхьа тIера бос ма хийцабелла бу! Чу а вуно тIаьхьа веана хьо...

— Бакъ лоь хьо,— дахдинна иза а аьлла, кхин вист а ца хилира Арсби. Вист а ца хуьлуш Дмитрий чу вал-

лалц аьлла, цIенкъа агIорвелира иза, амма тIегIертачу ойланаша наб ца кхойтийтура — оццул еза а, къар ца луш а яра коьрта чуьра дIа ца йовлуш йолу и ойланаш.

Буьйса дIатийначу хенахь, чувеара цхьа стаг — Дмитрий цIа варе хьежош, неI дIакъовлуш хила а ца хуьлура. Леррина чувеанчуьнга хьажа а хьаьжна, дукха хазахеттачу Арсбис сатоха а ца делла шашах мохь туьйхира:

— Дмитрий! Хьо вуй иза? Уьш хIун ю хьуна тIехь ерш? Маж мичара яьлла хьуна?

— ГIовгIа ма е, боху сурт хIоттош бете пIелг лецира Дмитрийс, леррина ла а доьгIна, неIаре а, коре а бIаьрг туьйхира цо. Ший а вист а ца хуьлура. Хезаш дара цIенкъахь бийшина IохкучарадоьIуш долу синош.

— Со къайлавала везаш ву,— эххар тIаьхьа меллаша элира Дмитрийс.— Чохь берш сама ма баха... гIар а, тата а ца хилийтархьама. Кечвала гIо дел ахьа суна.

Цул тIаьхьа масех минот яьлча неIарал арахьа лаьтташ вара и шиъ. Дмитрийс чIоггIа Арсбин куьг лецира.

— Со новкъа ма ваккха,— ишттa меллаша элира цо. — Ца оьшу. Суо хилча дIаваха аттахо а хир ду. Цкъачунна хьо ккузахь Iе, паргIат хила. Сох лаьцна хьайга хеттарш дахь, гуттар а цаI ала: «Цунах лаьцна суна хууш хIумма а дац; доIанера дIавахчахьана — цул тIаьхьа ккин чу а ца веана»,— ала. Хьуна хIумма а дийр дац. Ткъа цул тIаьхьа... хьох лаьцна аса дийцина, накъосташна хьо вевзаш ву. Доллу хIума дIатийча, хьо волчу а веана, цхьана воккхачу стага эр ду хьоьга: «Маршалла ду хьоьга, нохчо, Бено гайта суна». Цунах тешалахь, цо аьлларг диэлахь. Ткъа хIинца — Iодика йойла хьан, накъост, мацца ккаьчна а ккин а вовшашна тIекхочур ву вайша!

Дмитрий дIавахара. Арсбин дог сингаттамана ккоьлира, делахь а ша шен самукъадаккха гIертара иза, вевзар ву аьлла хIумма а дагахь а доццушехьа. «Дмитрий вовза а вевзаний суна! Ткъа хIинцачул тIаьхьа хIун бахьана ду тхойша вовшашна тIе ца ккача? ХIинца иза аттахо а хир ду — цунна а, суна а бевзаш болу накъостий а хIинца болуш бу, оьрсийн мотт а хIинца сел хийра а бац суна. ХIа-хIан, дуьйцийла йоццуш вовшашна тIекхочур ву тхойша!» — ойланаш йора цо.

Дмитрий хьокъехь хеттарш дира Арсбига, кхерам а тийсира цунна, амма цо баккъалла а ша ца кхеташ санна, куьйгаш туьйсура, тІаьххьара а хье ца веш, витира иза.

Ткъа кхин а масех де даьлча цхьана сарахь иза волчу веара Дмитрийс вогІур ву аьлла волу воккха стаг: ша къежвелла вара иза, амма ши бІаьрг къона бара. Дмитрийс, цо эр ду ма аллара дерриг а нисса схьаэлира воккхачу стага. Иза шен гергара волуш санна, Арсби цунна мараиккхира.

— Меллаша, меллаша дийца,— кІеда-мерза сацийра иза воккхачу стага. — ХІун хилла? — Дмитрий мичахь ву! — Уьш ма хеттал ахьа. Тхан кица ду: «дукха хІумнаш хаа гІиртича — кестта къанлур ву» — олуш. Ткъа хьан вехха ваха деза, хьуна иза чІогІа оьшуш а ду! Цул сан цІе хІун ю алий, хаттар де соьга. Аса дІабоху хьоьга: сан цІе Ефим Петрович ю. Кхетий хьо? Ткъа хІинца схьагулъе хьайн сал-пал, зуда а, хьайн кегийра бераш а тІаьхьа хІиттаде — со волчу дІагІур ду вай. Кхийтин хьо? Со волчохь Іийр ву хьо. Дмитрийс тІедиллина суна хьо дІатасий ма вита, хьо хьийзор а ву, вохор а ву,— аьлла.

Оцу минотехь Арсбин бІаьргашна хьалха хІоьттира «Елейни лик» аьлла цІе тиллина волчуьнан и сийдоцу сурт.

— Хьий сволочь,— туй кхоьссира цо. — Сабарде ахьа!

— И дов хьанна деш ву хьо? — хаьттира Ефим Петровича, махорка чохь йолу аьчган гІутакх киснара схьа а доккхуш.

— И пион ву бехке верг,— оьгІазе корах арахьаьжира Арсби, тІаккха гІийла корта охьабахийтира цо. Дмитрий ккхузахь волуш ма вац ткъа!

— Дика ду хІета,— воккхачу стаге ши бІаьрг дІахьажийра цо.—Хоьттур дац аса-м, Дмитрий мичахь ву. Ахьа иза хетта мегар дац боху. Мегар дацахь, хоьттур дац аса-м. Амма цхьа хІума алахьара ахьа соьга: юхавогІур а вуй Дмитрий?

— Юхий? Ца хаьа суна. Вехха Іен вахана хила а мега, юха ца ван а мега.

КІеззиг Іен а Іийна, кхин а тІетуьйхира воккхачу стага:

— Хезий хьуна? Хьоьга кхин цкъа а дІаала аьлла

Дмитрийс: цуьнан хьокъехь хьайга хеттарш дахь, хьайна хIумма а хууш дац ала.. Арсбис корта таIийра.

— Хезий хьуна? «ХIумма а дац хилларг, латтош къийсам бу хIара»,— бохура, «Вохий ма хьовза»,— бохура. Хезий хьуна? Хьан зудчуьнца набахти чохь яьллина йолу Ульяшева йолчу вахана ву иза. Нагахь санна юха вагIахь Ульяшева а йогIур ю цуьнца,— цигаьркан кIур а баькхина, йовхарш туьйхира Ефим Петровича.

— Кечлой вала, хезий хьуна? Суьйре гIехь дика шелъеллачуьра дIагIур ду вай. Со хьалха ара а ваьлла, хьо тIаьхьакхиаре хьоьжуш, бульвар йолччохь соцур ву хьуна, ткъа хьо кеч а лой, меллаша дIавола. Хьан салпал цхьа шад балла бен яц. ДIаяхьалур ю вайга.

Цул тIаьхьа цхьа сахьт даьллачу хенахь, гIали кхечу маьIIе, Шалдоне дIа а кхаьчча, Ефим Петровичан цхьана жимчу цIеношна чу дIанисбелира Арсбин доьзал.

Iуьйранна синбилгало йоллушехьа сама а ваьлла, ши бIаьрг схьа а биллина, ша верг хIун меттиг ю ца хууш, вехха Iийра Арсби. Эххар а тIаьхьа цуьнан бIаьрг кхийтира стоьлана уллохь Iеш волчу воккхачу стагах.

— ХIун хилла хьуна сан доттагI? Набаро тиларчу вигна хьо? Мила ву хьан бIаьргаша лоьхург?

Хьала а иккхина, когашна тIе ирахIоьттира Арсби: доллу хIума дагадеара цунна. КIиран де дара иза, балха ваха башха сихвала оьшуш а дацара. Зуда а, бераш а хIинца а дийшина Iохкуш дара.

— Хезий хьуна? Хьо ван мичхьара ву? Кхечхьара схьавеана-м вац хьо?

Ша мила ву а, мичхьара ву а дийцира Арсбис, тIаккха хIума а хьаькхна юьхьа тIера хьацар дIа а даьккхина, доккха садаьккхира цо.

— ХIан, цигара хилла-кх хьо! Евза суна и меттигаш: ДаьргIахь хилла со.

— ДаьргIахьхьий? — шена — евзаш йолчу хьомечу юьртан цIе йоккхуш хезира Арсбина.

— Веданахь а хилла со...

— Ведана а евза хьуна? — юха а цецвелира Арсби.

— ТIом бина аса цигахь. Ма тамашийна адамаш ду шун нах! Цицигаш санна кхийса а луш лела уьш лаьмнашкахула. Карахь шаьлта бен кхин хIума а йоцуш, мохь а бетташ, шайтIанал боьха къар а ца луш, йоккха-

чу тоьпана чу гIерташ хуьлу уьш, кхеро гIерташ... Оьрсий муха кхера лур бара цаьрга? Оьрсий кхералуш бац. Шаьш Iаламах схьабевлчхьана бу уьш иштта майра.

Боккха баьккхина кIур чутуьйхира Ефим Петровича.

— Туркошца а бина аса тIом... Уьш мича гIерта! — куьг а ластийна, цIеххьана хьалаиккхира иза: дIайиллинчу неIарел арахьа цхьа тата делира. Ефим Петрович сихха ара а иккхина беша вахара.

— АхIа! Долуш ду! — сихха гIента тIе а ваьлла, аказин гIашна юккъехь дIа а хьулбина боллучу, цо ша бинчу гура чуьра хьоза схьа а даьккхина, циггахь хьовза а бина цуьнан корта дIабаьккхира воккхачу стага.

— Iийтт! ХIунда баьккхи ахьа цуьнан корта? И гIуллакх чIогIа къилахь ду! — элира цуьнга Арсбис.

— ХIунда баьккхи боху ахьа? Хьозий чу а туьйсий худар до аса! Ма мерза хьулу моьттахьа, сан ваша, хьозий чу а тийсина дина гречневи худар! Дорах а, дика вузош а хуьлу .

— Ма дийца иштта... Къилахь гIуллакх ду иза!

— Къилахь гIуллакх хIунда ду иза? Котамана урс хьаькхча дац къа? УьстагIана урс хьаькхча дац къа? Тамашийна стаг ву хьо, мацвелча, хIуъу а юур ю ахьа. ГIуллакхаш иштта ду-кх: бедарш тегча луш йолчу шайнех таро ян гIерташ воллуш ву со, луш кхо сом пенси а ду...

— Тиша тIелхигаш оьцуш ву со,— бохуш, неIIаре схьа тIе а веана, тIелхигаш эцархочо беттачу маьхьаран озо юкъахдаьккхира воккхачу стеган къамел.

— Марша вогIийла хьо, эла! — велакъежира воккха стаг. — Гучу хIунда ца волура хьо? Я хьал долуш хилла хьо? ТIелхигаш эцархочо тIелхигех дуьззина долчу галина тIе пIелг а Iоьттина, воккхачу стаге бIаьрг а таIийна, йиш лекхира:

ВорхI пунт детин ахча,
Цхьа пунт ах пунт Iаьржа ахча,
Кхо гали кехатан ахча —
Со къелур волуш вац!

«И-и-и... ма доккха ду хьо дуьне — тайп-тайпана ду-кх адамаш а,— цецваьлла цуьнга дIахьоьжура Арсби. — Амма Дмитрий мичахь ву техьа? Тайп-тайпана а, дукха а ду адамаш, амма царел массарел а сан гергарниг Дмитрий ву».

## 2

Цул тІаьхьа ши шо дІаделира, Арсби бугІано санна болх беш вара, бераш даккхий хуьлуш лаьттара. Оццу хенахь тІееара цхьа Іуьйре...

— Ульяшева еана! — серлабаьлла ши бІаьрг а болуш, шен зудчуьнга хаам бира Арсбис. Селима хІетта самаяьлла яра. Бено самаваккха дагахь хилира иза, амма сел мерзачу набарх кІант ваккха къа хийтира цунна. Оццу минотехь гІар-тата а доцуш, цунна тІееара ша Ульяшева.

— ХІан, могуш-маьрша хуьлда хьо! — дукха цецъяьлла юхаяллаза йисира иза. Серладевллачу бІаьргашций, оцу екхначу елакъежарций бен ца евзира цунна набахти чохь шеца цхьаьна хударш диъна йолу, цигахь «къона нохчо» аьлла цІе тиллина а, хІинца дукха бос байна а, мархалъелла йолу Селима. БІаьргех оьхуш хиш а долуш, Ульяшевана маранккхира иза. Цуьнца хабарш дийца, дагалецамаш бан, цуьнан кара корта а биллина йилхича а дагна там хир болуш яра иза. Амма дукха самукъадаьлла юха а шуьйрра елакъежира — гІехь чІогІа елаелира сел гІийла йолу Селима.

— Муха Іийра шу кхузахь? — хаьттира Ульяшевас, цкъа Арсбига, тІаккха Селиме, цул тІаьхьа вижина уьллучу Бенога хьожуш, масаьрга хьожуш чекх а яьлла.

— Дика Іийра! — жоп делира Арсбис. — Дика муха ца Іа? Хьо санна дика адам хІокху доккхачу дуьненахь цхьа а дан а дац!

— КІеда-мерза елакъежира Ульяшева, амма оццу минотехь цо баккъалла а элира:

— Массо а адам дика Іеш хилийта гІорта деза.

Шен зудчуьнгахьа дІавирзира Арсби: «Хезирий хьуна? Дмитрийс а изза бохура хьуна!»

Бено самавелира.

— Тоьта дагайогІий хьуна? Цуьнца айхьа чай мийлина дагадогІий хьуна?— охьа а таьІна кІанте хеттарш дора нанас. Моза дІаэккхийра Бенос, къайллах Ульяшевага бІаьрг а тухуш, шен сийна ши бІаьрг цунна къажа а бина, юха а дІахьаббира цо.

Амма нанас юха а хаьттира:

— Дага ца догІу хьуна ткъа хьо цуьнан маралилхина? «Питишок, питишок» хьан Іамийра ткъа хьуна?

«Дикачу тоьтега» берахь дуьйна бахана безам хIинца а дIабала кхиаза бара цуьнан жимчу дагна чуьра. Ткъа хIинца, цуьнан дерриг а сибатах схьайолуш йолу кIедамарзалла а, дикалла а кIантана юха а хааелча, и берахь дуьйна бахана мерза безам, кхин а алсамбелира Бенон кийрахь. ГIадвахана вела а къежна, беро кховдош ма хиллара Ульяшевага ший а куьг дIакховдийра цо.

Ульяшева ша Iеш волчу чохь дIа а нисйина, шен хIуманашцанна сени чу велира Ефим Петрович. Шен доьзалца хьалхарчу цIа чохь дIанисвелира Арсби.

Дукха хазахеттачу Арсбина ша мила волчу хьодур ву а, хьанна мараэккхар ву а ца хаьара: веана вара Дмитрий а — цуьнан доттагI, Дмитрий цуьнан — хьехархо! Дахар юха а аттачу даьлла, серладаьлла хеталуш дара.

Екхна Iуьйре яра Ульяшевана делла долчу цIа чу уьш берриге а гулбелларг: Ефим Петрович а, шен доьзалца цхьаьна Арсби а, книгийн барз къастош воллуш волу Дмитрий а — оьшуш йолу литература схьа а къастийна, кхечу квартире дIаваха дезаш вара иза. Кхузахь юьсуш Ульяшева яра, мегар дацара берриг ницкъ цхьанхьа гулбелла хилар.

Шина шарахь шаьш чохь Iийна чоь ца евзира Бенона. Ша чоьхьаваьлча цецвелира Арсби а: и чоь иштта цIена а, тамехь а цкъа а ца гинера цунна. Массо а хIума ша хила ез-езачохь яра, бIаьргашна там хуьлура уьш гича. Жимчу стоьлана тIехь яра книгаш а, язде кехат а. «Схьахетарехь, дукха книгаш а йоьшу, дукха яз а до цо». — дагадеара Арсбина. Чоьна цхьа маьIиг, юккъе ширма а хIоттийна дIакъастийна яра — цигахь лаьтташ маьнга а, тумбочка а яра.

— Саволька, хьайн кегийра йижарий дукха безий хьуна? — аьлла, шена тIеозийра Ульяшевас Бено. Корта а таIийна, йижаршка дIахьаьжира кIант.

— Ткъа Iайшагаххий, ПетIаматаххий дукха муьлхарниг еза хьуна? — цунна жоп а ца луш, кIелдIахула Ульяшевага дIа а хьаьжна, IадъIийра Бено. «Цигахь, набахтехь санна, схьахетарехь, со хIинца а жима бер хета тоьтина»,— дагадеара цунна.

— Дийцал муьлхарниг дукхаеза хьуна? — шен ден санна болчу сийначу бIаьргашца вела а къежаш, хIуъа а дича а вист ца хуьлура Бено.

— Цунна оьрсийн мотт ца хаьа,— элира нанас, иза къамеле валийтархьама. Цунах ша тешаш санна, шен юьхь-сибат цецдаькккхира Ульяшевас.

— Оьрсийн мотт ца хаьа цунна? Ой-ой! Бицбелла хьуна?

Цхьана минотана хьовзавелира Бено, амма юха а бlаьргашца вела а къежна, кlелдlахула къайллах Ульяшевага дlахьаьжира иза.

— Хlа-хlа, дика кlант ву иза-м,— елакъежира иза— эр ду цо-м шена дукха муьлхарниг еза. Хlайн, алал, муьлхарниг дукхаеза хьуна — lайшат еза я Петlамат еза?

— Массо а веза,— дозаллица хьаланисвелира Бено. Ульяшевас юха а шена тlе дlаозийра иза:

— Ткъа со? Со дукхаезий хьуна?

«Баккъалла а жимчу кlанте я жимчу йоlе санна докх цо соьга хеттарш: дукхаезий? ца езий?» — ойла хилира кlентан, амма «дикачу тоьтега» ша дlахьаьжча, ца ваьлла чlоггlа а, доггах а элира цо:

— Еза!

— Ма дика кlант а ву-кх хьо, Саволька! — цунна оба а аьлла, коьртарчу lаьржачу кlужалх куьг а хьокхуш, хаьттира цо. Ткъа деша гlур дуй вайша?

— Доьшур долуш хьаха ву иза-м, — элира, тlе хlупп а бохуш, стаканан бошхепара чай муьлуш волчу Ефим Петровича,—дика кхеташ кlант ву иза! Амма цуьнга хьажа стаг вац. Доллу хlума дедда доьддучохь схьалоцуш ву иза. Деша воьду хан тоххур яра цуьнан: итт шо а кхаьчна, цхьайтталгlа шо ду цуьнан хlинца!

Баккъалла а сагатда волавелира Бено. Хьалха урамехь цуьнца ловзуш хилла долу, цуьнан хенара бераш, хlинца гуш а дацара, уьш дерриш а школе даханера.

Цкъа цхьана дийнахь Ульяшева чуьра араяьллера, ткъа Селима хlуманаш а юьттуш, бераш lалашдеш яра. Бено урамновкъа велира. Дlавоьдуш цхьана а шина а кварталал тlех а ваьлла, дашо басахь варкъ дуьллуш кечдинчу вывескина тlехь сурт даькккхинчу йоккхачу маьlана чухула охьа оьхучу конфеташка а, пирожнешка а, шоколадашка а кондитерски туьканна хьалхахь саца а сецна, вехха хьоьжуш лаьтташ вара иза... туьканна чохь деш дерг чlоггlа хlун ду хьажа лиъна цигахьа дlаволавелира иза. Цул хьалхха чоьхьаелира коьр-

тахь шляпа а, тIедуьйхина башха духарш а долуш, кечъелла йолу цхьа зуда. «И булавка оцу коьртах чекх муха баькккхина техьа цо?» — цецвелира Бено.

Зудчуьнца чоьхьавелира кIайчу аматахь а, хьийзина кIужалш а, дика кечвина а волу жима кIант.

— Мама, суна шоколад эцалахь! — цо олуш хезира Бенона.

— Оьцур ю, оьцур ю, жоп делира нанас.

— Пирожнеш а эцалахь!

— Пирожнеш а оьцур ю.

ГIопастанна тIеяхара зуда, ткъа хьийзина кIужалш йолу кIант, витринашна тIехь дIахIиттийна йолчу мерзачу хIуманашка хьоьжуш, туькана чухула дIавахара. Тиларчу вахача санна, ша лелочух ккхета а ца ккхеташ, кечъеллачу зудчунна тIаьхьа а хIоьттина лелаш вара Бено.

— ДIахьарчаел ткъа пирожни! — заказ йира зудчо. — Тайп-тайпаннаш хьарчаелахь.

Стоммачу кехатах дина долу гIутакх тайп-тайпанчу пирожнех дуьзира приказчико, цунна тIехула цIен чимчаргIа а хьарчийна, дIаяхьа атта хилийта тIе жима дечган мукъ а тесна, эцархочуьнга дIакховднйра цо.

— ДIаэцар доьху-кх аса, мадам! — аьлла.

— КIанте дIало ахьа.

— Оцу кIантей? — коггаш Iуьйра, циггахь лаьттачу, кIанте, цецваьлла дIахьаьжира приказчик.

— ХIаъ, хIаъ — кIеззиг йоьхна жоп делира, ойланашка яьлла йолчу зудчо. — ХIинца шоколадни конфеташ а ло ахьа, ткъа коробка хазаниг хилийталахь, совгIатана яла езара суна уьш.

Жима кIант шена гIоьнна валийна хир ву-кх эцархочо, моттаделлачу приказчико шен карара гIутакх уллохь лаьттачу Бенога дIаделира.

— ХIара хIун ю? — цецвелира Арсби, хаза гIутакх а дахьаш ведда Бено цIа веача. — Ма хаза хIума ю хIара! Тетя Ульяшевас совгIатана елла хьуна хIара?

— ХIанхIа, туьканчуьрчу дядяс елла-кх,— генна кел арахьахь йолу тьука гойту сурт хIоттош, лакхахула куьг хьовзийра Бенос.

— Мича дядяс елла хьуна хIара?

— Тетяс дяде дIало элира, ткъа цо схьаелира.

— Со-м ца кхета ахьа бохучух. Ткъа схьайтал, хьажийтал!

ГIутакх схьа а даьстина, тIера негIар дIадаьккхира Арсбис.

— Ой, ой, ой... хIара дика пряникаш! Хьажахь хьо а! — гIутакх шен зудчуьнга дIакховдийра Арсбис.

— Дуьне ша а ду вайгахьа,— елакъежира Селима.— Дуьйцийла йоцуш тIе ирс догIур ду вайна! Хьо болх беш ву, гергарчо санна, вайна гIо деш Марем а ю. Кхидlа кхин а диках хир ду. Ахьа вайна ши котам оьцур ю, цара баьста корнеш дохур ду, даккхий хилча — уьш дIадухкур ду вай. ТIаккха газа оьцур ю, тIаккха...

— Собар, собар,— юкъахъяьккхира иза Арсбис,— гена дIа ма эха. Цхьана юьртарчу зудчо шен къечу майрачуьнга хIун аьлла хилла хаьий хьуна? «Болх а бина айхьа ахча даьккхича вайна ши старгIий, вардий эцалахь: луларчу эвла, сайн йиша йолчу хьошалгIа гIур яра со...».

Чекхдаллалц дийца ца кхнира Арсби. Ульяшева чуеара. Берриш а хьалагIевттира. Иза охьахиъначул тIаьхьий бен, охьа ца хевшира уьш.

— Аса, схьахетарехь, новкъарло йи-кх шуна? — елакъежира иза.

— ХIанхIа! ХIанхIа! Со цхьа тамашийна хIума дуьйцуш воллура... Иза чуеана хазахетта волчу Арсбис дIадийцира Беноца туьканахь хилларг а, зудчуьнга ша дийцинарг а.

Пирожнех лаьцна Арсбис дийцинчуьнга ла а доьгIна, корта ластийра Ульяшевас.

— Дика гIулакх хилла хьуна, Саволька,— элира цо. — Амма хьалдолчу зудчо къечу берана ткъа пирожни эцар — иза а ду тамашийна хIума. Цу шиннах муьлхха делахь а цаI хье телхина хилла я и зуда, я приказчик.

Арсбигахьа дIайирзира Ульяшева:

— Айхьа дуьйцуш хилла тамашийна хIума, суна а дийцахьа!

— ХIуъа а Ульяшевана лууш дерг кхочушдa даима а кийча вара Арсби. Бакъду, шен зудчуьнга нохчийн маттахь дийцинера цо иза, ткъа Ульяшевана оьрсийн маттахь дийца дезара, иза хало дара. Делахь а, хIумма а дац, цхьа тема дийр ду аса!

— Цкъа цхьана юьртарчу цхьана стеган зудчо шен майрачуьнга аьлла хиллера: ши старгIий, вардий эца-

хьа вайна, луларчу юьрта сайн йиша йолчу хьошалгIа гIур яра со. Майрачо зудчуьнга аьллера: «Ахьа хIун дуьйцу? Иштта лело мега старгIанаш? Кочмаш дан а дайна, ма яра уьш. Иза дан муха мегар ду?».

Кхидlа вист а ца хуьлуш велакъежира Арсби: — Кхолла а кхуллий наха-м хIума!

— Иза тамашийна хIума дан а ду, — элира Ульяшевас. — старгIанаш эца а эцале, девне бовла кийча хилла-кх уьш. Дийцахьа цхьа кхин а хаза хIума. Аса чIогIа хазахеташ ладугIур ду хьуна. Цунна доггах хазахетара набахтехь шен хиллачу доттагIийн доьзал кхузахь паргIат Iеш болуш а, цу тIе шайгара бала цхьацца йолчу хенахь царна бицлуш а.

«Тхан нехан дийцарш хазахета хьуна цунна», — аьлла хеттачу Арсбина дагавеара Жабраил. Шен доттагIчуьнан дийцарех цаI дагадеара цунна.

Воккхачу стеган, лаьхьанан хьокъехь дерг дийцира Арсбис. Чхар тIе а хаьрцина кIелахь боллуш хиллера лаьхьа. Воккхачу стага иза паргIатбаькхина хиллера, ткъа баркалла доцуш болчу лаьхьанна, иза ваа лиъна хиллера. Воккхачу стага дехарш деш хиллера:. схьабола соьца, хьалха вайша тIекхаьчначуьнга хоттур ду вайша, вайшиннех харц муьлхарниг лоь. Цу шиммо хаьттина хиллера жIаьлей, говрей, Стага шайна тIехь латтийна Iазап лайна долчу цу шиммо а, гIуллакх лаьхьанехьа къастийнера. Амма кхозлагIа воккха стаггий, лахьий цхьогална тIекхаьчна хиллера. Ткъа цо, цара дуьйцучуьнга ла а доьгIна, гIуллакх муха дара, суна гайта деза аша, аьллера. Уьш кхоь а новкъа юха деанера, лаьхьа ор чу дIабижнера, ткъа воккхачу стага, цунна тIе чхар карчийнера. Цхьогало воккхачу стаге аьллера: «ХIинца корта каг бе цуьнан, ткъа хIинцачул тIаьхьа кхеташ а хила».

Дийцар дийцина ша ваьлча, Ульяшевага кIеззиг дIахьаьжира Арсби — хазахийтин техьа цунна? — аьлла.

— ЧIогIа самукъадолуш, ладуьйгIира аса,— элира цо, — баркалла, дика дийцар дара, хьехар деш дийцар ду иза. Ткъа хьуна хазахийтирий иза, Саволька?

Бенос корта таIийра.

— Ткъа урок Iамийний ахьа?

Бенос юха а корта таIийра.

Цу тIерачу ерриг уроках кхийтирий хьо? Дешалахь, дешалахь!

Ульяшева чуьра араелира. Арсбис ойланаш йора: «Ма дукха болх бира аса Хьажбекарна! Цо со а аракхоьссира, со шена оьшучуьра ма веллинехь, цхьана туьйранехь оьгIазечу дас, шен тешаме ялхой — жIаьлий, говррий аракхийсина ма хиллара. Схаьхетарехь, берриге а хьалдолуш берш иштта хуьлуш бу».

Дог лазарца шен кIанте дIахьаьжира иза: «Дала пурба лолда хьуна аса лайнарг, ца лан...».

Кандитерски гIутакхах бIаьрг кхийтира цуьнан. Цунна чуьра «трубочка» схьа а эцна, Бенона елира цо. Кхин цхьа пирожни схьа а эцна — шен зудчунна елира, кхин шиъ а схьаийцира:

— ХIорш хьайн йижаршна ло.

— Ткъа хьуна? — шен дега хьаьжира Бено.

— Суна ца оьшу.

Шена догIу дакъа дIэна а ваьлла, коьрта куй а тиллина, аравелира Бено. Урам новкъахь цунна гира дукха хан йоццуш шен хилла болу накъостий, шен нийсарой. ТIехь цIена бедарш а, когахь керла ботинкаш а, карахь тIоьрмигаш а, ранцаш а йолуш, школера цIа догIуш дара уьш. Цунна уллохула шаьш тIехдовлуш, хьалха совцуш ма хиллара, совца а ца севцира бераш. Шен берзинчу когашка а хьаьжна, кхола а кхоьлина, шен нана йолчу юха чувеара Бено.

## 3

Аьхке чекхъяла герга яханера. Са довш лаьттара. Iаьржа бодаш, богIу ца богIу а ца хууш, тIебаьхкира. ЦIеношна го баькхкина, дерриге а кораш тIечIогIуш чекхвелира Арсби, ткъа цул тIаьхьа Ульяшева Iеш йолчу цIа чу вахара иза, цу чохь хIинцале гулбелла бара гуттар а хуьлуш волу Дмитрий а. Курганов а, духовни училищан хьехархо— Степан Тарасович Радько а, слесарь Тимофеич а, аьчган пхьар Щетинин а, цIерпоштнекъан телеграфист Сандро а. Массарна а хозуьйтуш брошюра йоьшуш яра Ульяшева. Ешна ша яьлча, массаьрга а шен зIаьнарш санна сирла бIаьрг тухуш чекхъелира иза.

— ХIа-хIан, накъостий, муьлха ву шух вистхила лууш верг? — хаьттира цо.

— Аса эр ду, — стомма кIедачу озаца вистхилира Степан Тарасович.

— Алал, — аьлла, коьрта таIийра, оцу минотехь лерина къовлаеллачу Ульяшевас. Цуьнан шуьйрачу хьаьжа юккъехула чекхдолуш кIорга харш дара. Корехьа дIа а йирзина ладуьйгIира цо. Гулбеллачара цхьана секундана доьIучуьра синош совцийра. Хьала а гIаьттина, ара а ваьлла — цхьа а вуй техьа ладоьгIуш?— аьлла, бодашка шен сирла бIаьрг туьйхира Арсбис. ДогIа а тухуш ков тIе а къевлина тата ца деш юха чувеара иза.

— Аса сайна пурба лур ду вайна хIинцца хезначуьнан масех дашца жамI дан,— дIаволавелира Степан Тарасович.— Литература сел хала вайга кхочуш а хилча, цхьаммо хозуьйтуш иза ешарца вай цунах кхета дезаш а хилча, вайна къаьсттина мехала ду, вай ваьш вешан таллар, нийса а, дерриге а вай ваьшна кхетийна я ца кхетийна хаар. Иштта дуй иза Ульяшева?

Йист а ца хуьлуш, бохург чIагIдеш корта таIийра Ульяшевас.

— Вай, цхьа бакъду, ша йолуш йолчу капитализмехьа дац,— леррина лаьтта бIаьра а хьоьжуш, кхидIа а дуьйцура Радькос.—Вай капитализм кхиарехьа ду, хIунда аьлча, бахаман и хорма цхьана ханна исторически ца хилча йиш йоцуш йолу дела. Капитализм лакхаяларо — пролетариат кхиайо... Мила ву боккха пачхьалкхан бахам ша кхуллуш верг? Иза белхалойн класс ю, интеллигенци яц, ткъа оха цунна дуьххьалдIа гIо до йоза-дешар а хууш, культура а йолуш йолу пачхьалкх кхоллархо хилийтархьама... Оцу планехь капитализм кхиарехьа хилар—иза ду вай социализме дуьгу долчу белхалойн классехьа хилар. Бельтовс хIун аьлла? «Уггар хьалха Российски пачхьалкхана тIекхаьчна долчу, сийлахь доккхачу исторически декхарх кхеташ хиларо бакъонца дозаллех дегнаш дуза деза, цу пачхьалкхехь бехаш Iечу ирс долуш болчийн массеран а...».

— Дика аьлла,— билгал а даьккхина, гоьла тIе кор баьккхира Дмитрийс.

Арсби цара дуьйцучунах хIумма а ца кхетара. Хьагвелла чIогIа бала хьоьгуш волу стаг, хи дуй хьажа гIерташ, кIоргачу гIуна чу хьоьжучу кепара, къаьрззина хьоьжура иза. ТIулг санна, ша волчуьра меттах а ца хьовш Iеш вара иза, амма цуьнан ши бIарг, хорша еача санна серла а баьлла, цкъа Ульяшевага хьожура, тIаккха Радькога хьожура. «Степанан хьокъехь ду техьа ца-

ра дуьйцурш?— бала болуш ладоьгIура цо. — Муха кхетар вара техьа оцу дикачу, хьекъалечу дешнех? Ульяшевас ма бахара: массарна а дика дахар хилийтархьама къийсам латто беза. Цуьнан хьокъехь вовшех дагабуьйлуш буй техьа уьш?» — ойланаш йора Арсбис.

Шен амалца дог дика стаг вара Степан Тарасович. Амма нагахь санна «Iаьржа», «бодане» адамаш, цхьаммо жимма а ца лоруш меттиг цунна хаьелча, я цхьацца болчу миллионаш ахчанаш долуш болчу Черепенниковгlар, я Рябушинскийгlар саннарш болчех лаьцна, церан тlахъаьлла а, хьекъале а хиларан хьокъехь дуьйцуш цунна хезча, оцу сохьтехь чуьраволура, кхехкаш, оьгIазвоьдура иза, и хабарш дуьйцуш волчунах къинхетам беш а вацара иза.

— Мичахь боллу аьлла хета хьуна социальни а, политически а нийсо йолуш ца хиларан орам, хIун ду вай дан декхарийлахь дерг а? — хаьттира Ульяшевас.

— Кхуззахь тIекхечи вай ваьш дан декхарийлахь долчу гIуллакхана! — цхьа чIогIа мехала хIума шена карийча санна чуьравелира Степан Тарасович.— Нийсо ца хиларан орам боллу Iедал вайн карахь, халкъан карахь ца хиларехь, белхалойн карахь ца хиларехь, суд а, банкаш а, полици а, эскар а, латта а халкъан карахь ца хиларехь. Делахь хIета, дерриг гIуллакх дозуш ду, Iедал хьенан карахь хиларх. Халкъ декхарийлахь ду Iедал шен кара эца. ГIуллакх иштта ду.

ТIаьххьара дешнаш куьйган буй а бина, сацам боллуш оьгIазе элира Степан Тарасовича. Цо бохург къобалдеш, накъосташа кортош таIийра: «Нийса боху, иштта дан а ду иза».

Цара дуккха а дуьйцучу дешнех кхеташ воцу Арсби, леррина доттагIийн юьхь-бIаьргашка хьоьжуш вара, церан юьхь-сибатехь, цара туьйсучу меженашкахь, церан аьзнашкахь шена кхето гIертара иза дуьйцучийн маьIна. Эххар а шена девзаш долу кхо дош хезира цунна: «суд» «полици», «латта»— Радькос дийцинчух нисса цо схьалаьцнарг уьш дара. «ОхI, ма вон ду, со сил кIезиг царех кхеташ!— юха а доккха са даьккхира цо. Сан а ма дара ткъа лаьттан хьокъехь, полицин хьокъехь, суьдан хьокъехь ала цхьацца хIума! Суна а ма ду хууш суд хьанна йо а, муха йо а! Иза хIун ду? Хала ду ткъа со санна берш схьагулбе? Къийсам латто безаш белахь — латтор бу-кх къийсам!» — дагаоьхура Арсбина.

Гулбелларш берриш а бацара цунна бевзаш: царех цхьаберш цунна тахана дуьххьара гина бара — цундела хIор стаге леррина хьоьжура иза. «Цхьаберш тIебуьйхина вон гIирс болуш бац, — шен дагахь ойла йора Арсбис, — схьахетарехь, дуккха а дешна бу уьш, ткъа хIинца гIуллакхехь а бу, дика алапаш оьцуш а бу. ХIетте а уьш а бац Iедална реза»!

Арсбин леррина хьежарх къайла ца делира, массара а Ульяшевойн къаьсттина сий деш хилар. ЦаI цуьнца къамеле ваьлча, — хеталуш дара дуьйцуш верг жимах а, иза йоккхах лоруш а верг хилар, ткъа и йоккхах ерг — церан массеран а доттагI а хилар. ХIинцца стоьла тIе буй а бетташ, шен чIогIа аз детташ хилла волу хIара Радько а, цуьнца къамел дан волалушшехьа, чIогIа хийцавелира: Тимофеичан аз а кIеда-кIадделира ткъа цуьнан бIаьргашна чохь дуьйлучу суйнех гуш дара цо цуьнан чIогIа сий деш хилар а, иза цунах тешаш хилар а. ХIетте а цо цаьрга хеттарш до, ткъа хеталуш ду, доллу хIума иза ша хууш ю аьлла, амма делахь а цунна лаьа цара дуьйцийла, шайн дегнашна чохь IаьIнарг цара схьадуьйцийла, массеран а юкъарчу гIуллакхан хьокъехь цара ондда ойла йойла!

Арсбина ца хууш цаI дара: мел хала дара Ульяшевана цхьа дог дина, цхьа хье бина и тайп-тайпана долу адамаш цхьаьнатоха — дика кхеташ а, шен хьекъалах тешна а волу Радькой, белхалой — хьоладена сил чIогIа къахьегарца шайн вортанна тIехь дерриг Iазап лайна волу Тимофеиччий, Щетининний, лехамаш беш ша тайпана сетта некъ дIакхехьна волу Кургановвий. Цкъа цхьана хенахь Бакунинан гIуллакх доггах дIакхехьархо хилла вара иза, амма цуьнан теори цхьа а бух боцуш юйла а хиъна, Кропоткинехьа ваьлла вара иза. Дика лаамаш баррий бен, кхузахь а хIумма а кара а ца дина, анархизмана тIаьхьахIоьттина волчуьра а дIавелира иза. ХIинца ехха ойланаш йинчул тIаьхьа а, литература ешначул тIаьхьа а шен кхетаман лаамца социалдемократически партин член хилла вара Курганов.

Гулбеллачарна цхьацца стака чай деара Дмитрийс. Брошюра йийцарна тIера, цхьацца шайн хьаштийн кегийрчу гIуллакхашна тIеделира къамел. ЦаI чекхйоллушехь важа а узуш, цигаьрканаш уьйзуш вара Курганов. Цуьнга дIа а хьаьжна, кIеда ела а къежна, Ульяшевас элира:

— Деллахь дийца, накъост Курганов, онда муьлхарниг ду: амал ю онда я цхьана хIуманах воьлла хилар ду онда?

Ца кхеташ меллаша цуьнгахьа дIавирзира Курганов, амма цIеххьана ша а вела а къежна цигаьрка чим чу тосучунна чу охьайиллира цо.

— Бехке ву со, кхин узур яц аса... цкъа а. Тахана дуьйна дIа, со велла дIаваллалц.

Ульяшева меллаша елакъежира.

— Цхьана хIуманах воьлла хиларал, амал онда ю ала гIертий хьо?

Массо а ца ваьлла велавелира. Ткъа Курганове бегашина — торжественно цигаьрканийн йоккха пачка кисанара схьа а яьккхина, Ульяшевана тIе а вахана, цуьнан сий а деш, цунна хьалхха охьайиллира.

Массо а хаддаза воьлуш вара. Амма Ульяшеван юьхьа тIера елакъежар сихха дIаделира, иза леррина Арсбига дIахьаьжира. Цхьана меттиге тIехIоьттинчуьра а бIаьрг дIа а ца боккхуш, хала синош а дохуш гондахь берш шена бицбелча санна Iеш вара Арсби.

— Стенан ойланаш еш ву хьо, Арсби?— кIеда хаьттира Ульяшевас цуьнга, тIаккха цунна дагахь дерг шена билггал хууш санна, тIетуьйхира цо: — Са ма гаттаде ахьа. Оха доллучунах а кхетор ву хьо.

Дукха хаза хетта Арсби ша волчуьра хьалаэккхаза висира: «Хьажал хьо, кхийти-кх иза сан дагахь долчунах, са теди цо сан, дог-ойла а айи»! Кхуззахь цхьа хIума хатта вуьйлира иза, амма ца хоттуш сецира, юьхьа тIе цIий доьссира, ши бIаьрг серла а белира.

Къамелаш дерзош Ульяшевас масех дош элира герггарчу хенахь организацис кхочушбан безачу белхан хьокъехь, «Оьрсийн социал-демократийн декхарш» аьлла йолчу статьян масех экземпляр гулбеллачарна дIа а йийкъира, белгийцаш БуритIахь йоккха металлургически завод йилла дагахь хиларан хьокъехь хаам а бира.

— Муьлаш? Бельгийцашший? — юкъаннкхира Радько. — Нажжазаш!— И дош цо олучу хенахь даима а цуьнан дагахь паччахь а вара, цуьнан правительство а яра. — Нажжазаш! Берриг мохк дIабоьхкина бевр бу уьш!

— Заводан дирекци а, инженераш а, техникаш а бельгийцаш хир бу, — кхидIа а дуьйцура Ульяшевас, —

ткъа белхалой кху меттигехь тIеоьцур бу... Со ала гIерта, цкъа делахь, вайн гIала дуккха а белхалой кхочур бу, ткъа шозлагIа делахь, Теркан областехь бехаш дуккха а тайпана ламанхой а бу, гIалгIазакхий а бу. Бан безаш болу болх дукха хир бу.

— ХIа-хIа, шаьш ойла ел аша! — юха а юкъаиккхира Степан Тарасович.—Вайн белхалойн ницкъаца кхечу мехкахоша руда доккхур ду, оццу ницкъаца металл лалор ду детий, даш, кислота доккхур ду, уьш дерриге а вайн белхалойн оццу ницкъаца дозанал арахьа дIакхоьхьур ду! Ткъа кхузахь жIаьлин овгал буьтур бу: юккъий, чиммий. Нажжазаш!

Масех секундехь са а даьIна, шен къамел доцца дерзийра цо:

— Бакъду, болх бан деза — тIаьхьа а ца туьттуш бан безаш бу болх. Амма иза бан беза чуьра а ца дуьйлуш, сих а ца луш, дика ойла а еш. Вайн хIор кхоссар Iалашонах гIех ца туьлуш, нийса кхета дехкар ду.

Буьйса юккъеяханчул тIаьхьа дIасабекъабелира уьш. Квартира чуьра ара а, хьалха чубогIуш санна бевлира: сих а ца луш, цхьацца ша-ша волуш, кIеззиг юкъа хан а юлуьйтуш.

ЦIа дассаделча Арсби тIаьхьа сацийра Ульяшевас: дуьйцуш долчунах кхета а ца веш, сагатдеш воллучохь вита мегар дацара иза. Сиха а, бакъдерг юьхьа дуьхьал дIаолуш а стаг ву, дийцинчух масех дош дIалаьцна цо — бохам баккха а ,ша шен эрна хIаллакван а тарло. Хаийта деза цунна хIокху сохьтехь уггар коьрта дерг — сих ца валар, ша шен сацо хууш хилар дуйла. Кхето веза иза лелош долу гIуллакх дуьххьалдIа белхан де дацдаран хьокъехь а, алапаш тIетохаран хьокъехь а хилла ца Iеш, вуьшта аьлча, шаьш бахьанехь белхалочо сел хала къа а хьоьгий, дуьйцийла йоццуш цо иза кIел а вуьтий, белхало вийна дIавоккхуш долчу алапана луш йолчу шайнех лаьцна гIуллакх хилла ца Iеш, ткъа дерриге дахар хийцаран хьокъехь долу гIуллакх иза хиларх. Цуьнан корта тиларчу бигна бу, цуьнан дахар талхийнчу кхерамтийсархоша: пурстоьпо, урядник, моллас, юьртдас — наххьийзорхоша. Амма дахар хийцархьама, кечдала деза. Хьолахой а, хьаькамаш а болчу дIа а вахана: — Бертахь дIадовла шу! — цаьрга аларх гIуллакх хир дац.

Иза шега схьадуьйцуш ерг, ша тийсина долу са — кIоргге ша дагна чохь дукха хенахь дуьйна туьйсуш латтийна долу са долуш санна — иштта леррина ладугIуш вара Арсби Ульяшевас хIинца шега дуьйцучуьнга. Цунна цIеххьана хезира цуьнан аз. Ткъа Ульяшевас боху— кечло, ладогIа, кхеташ хила, Iама! ХIинцца дукха хан йоццуш цара массара а ма баххара къийсам латто беза! Вист а ца хуьлуш куьг а айина, пIелгашка тата а оьккхуьйтуш, чIоггIа буй бира Арсбис.

— Къийсам! — оцу дашах кхеташ ву иза. Иза кесткеста цигахь олуш дош ду. Иза бакъду, амма къийсам муха латто беза? Схьалоцур вай, масала, иза, Арсби, цо муха латто беза къийсам? Хьаьнца латто беза?

«Нийса ду, — элира цо ша шега. — Ульяшевас нийса боху: хьекъалечу адамашка ладугIуш хила веза, Iама веза, кхета веза. Дог-м этIачуьра соцуш а дац, хIун дийр ду ткъа — дан дезарг хаац-кх. Дижа ду гобаьккхина гонах дерш хIара адамаш долуш: Ульяшева, Дмитрий. Къечийн хьокъехь гIайгIа беш бу уьш. Ткъа хIунда бо цара иза? Цара иза бо шаьш хьекъал долуш болу дела, цара иза бо церан дегнаш долу дела. Уьш сан доттагIий а бу. Сан доттагIий хилла ца Iеш — вайн массеран а доттагIий бу уьш! Мичахь ду шу, Жабраил, Джо, ТIатIаш? Мичахь ю хьо, сан нана? Хьайн кIант цIа варе са а тийсина, маццах лаьтта кийрахь Iуьллуш юй техьа хьо? Я дийна йоллушехьа баланой, халоной якъийна ю техьа хьо? Хьоьжуш Iелахь, сан нана, хьоьжуш Iелахь! Хьан хьокъехь гIайгIа беш бу хьан Арсбин доттагIий! Дахар хийцаррий? ЦIак-цIак-цIак, ма хала гIуллакх ду иза! ОхI, ма чIогIа хала а ду-кх иза! Арсбина хууш а дац иза муха хир ду? ОхI, ма дукха а ю-кх шу ойланаш — ма хала ойланаш а ю-кх шу, коьртан хье Iовжа бо-кх аша — иштта а хуьлу-кх ойланаш!».

Йоьза басахь горга бутт лаьмнашна тIехьара тоххура схьабаьллера, тата ца деш меллаша, цIенкъа шена тесначу метта тIе а вахана, тIера бедарш дIа а яьхна, шен кIантана улло Арсби охьавуьжчу хенахь. Оцу хенахь гIан гуш вара Бено: «Дозалла а деш, цунна уллохула тIехволуш воллура цуьнан нийсаройх цаI, иза дозалла деш кхуьнга схьахьаьжира. «Куралла ма е!» — туьйхира цунна Бенос».

— Ахьа хIун до? — коьртах хIума а кхетта кIегар хиира Арсби. — Хьуна хIун хилла?

Чохь Іаьржа бодаш бара, гІийла йогуш яра чухьовзийна лампа. КІантана тІе охьа а таьІна, вехха цуьнга хьоьжуш вара да. Эххар а набаро кІелвитира иза а.

ТІаккха самавелира Бено. Хьала а айавелла, массо а вуй техьа наб кхетта, аьлла, ладуьйгІира цо. Цул тІаьхьа меллаша хьала а гІаьттина, дІакхевдина стоьла тІера лампий, кора тІера книжкий схьа а эцна, уча аравелира иза. НеІ юххе тІе а къевлина, лампа хьала а оьзна бертал тоьхна лаьттачу чарина тІе а хиъна, цаІ самаваларна кхоьруш, меллаша иза еша волавелира. Дукха лерина тІехьажийна бІаьргаш лаза бевлира. БІаьргийн негІарш чІоггІа тІекъуьйлура цо, царех оьхуш хиш а долуш.

Оцу тІаьххьарчу хенахь хІор буса иштта доьшуш вара Бено. Цо книжкаш йоьшура, цхьа агІо ешна ваьлча важа агІо а йоьшуш, хьалха юьхьанца хала йоьшура, цул тІаьхьа тІеттІа атта йоьшура. Къаьсттина шена хазахетта меттигаш шозза а, кхузза а йоьшуш, юх-юха а йоьшура, тІаккха уьш шашах дагахь Іемара. «Чоьта» тІехь цунна гІо дора Ефим Петровича.

Коран херонашкахула а, дуьхьал оьллинчу хІуманах чекх юьйлуш а чу кхочура беттан бесан серло. Сама а яьлла, шен кІант вижина Іуьллуш хила везаш йолчу цІенкъа дІахьаьжира нана, амма цунна кІел тесна йолу хІума яьсса яра. Хьала а гІаьттина, шен майрачунна тІе а яхана, кхерарца, меллаша цуьнга Селимас элира:

— Бено чохь ма ваш...

— Вижий Іилла... Юха а вон лелаш ву хьо? — дІавирзира Арсби.

— ХІара-м со яй, Аби. Бено стенга вахана? Халла нуьцкъаш ши бІаьрг схьа а биллина, пхьаьрсан голина тІетевжира Арсби. Куьг дІа а кховдийна, кІел тесначу хІуманна тІехула куьг а хьаькхна дІа а, схьа а хьаьжира иза. Бено баккъалла а цхьанхьа а волуш вацара.

Цецдаьллачу дас-нанас Ульяшеван неІарх хІума туьйхира. Бехк ма буьллалда цо ша меттахъхьеярна, — амма царна ца хаьа кІант стенга вахана. Ларамаза иза йолчу чу а вахана, цхьанхьа соннехь наб-х ца кхеттий техьа цунна?

Карахь латийна чІурам а болуш царна дуьхьал араелира Ульяшева. ХІан-хІан, Саволька иза йолчохь вацара.

— Ткъа дIо чохь дерг хIун ду? — цигара херонехула схьаетталуш серло йолчу учахьа пIелг хьажийра цо. Арсби хьаьдда вахана учавелира.

Терхина тIехь йогуш яра лампа. Цунна кIелахь, чкъург санна хьавза а хьаьвзина къевллина марахь йоллуш книжка а йолуш, Ефим Петрович вуьжучу меттехь наб а кхетта, Iуьллуш вара Бено. Воккха стаг оцу буса чIерий леца вахана вара.

Гулбеллачохь Iерна а, дехха Арсбица къамелаш дарна а кIадъелла йолчу Ульяшевас наб еш волчу жимчу кIантана тIе а яхана, ненан хьастарца корта ластийра:

— Ма Саволька а ву-кх хьо! Хьо хIун деш ву? Книга карахь а йолуш! Ма меттиг карийна хьуна! Со йолчу чу дIахьо иза,—элира цо юха а йирзина Арсбига.

Баркалла бохуш долчу бIаьргашца Ульяшевага дIа а хьаьжна, цунна мара а кхетта, цуьнан некха тIе корта товжийра Селимас.

— Хьо.., сан нана санна ю суна, — элира цо, шен дог дуьззина цуьнга болу безам оьрсийн маттахь дIаала ницкъ ца кхочуш. Ткъа шен дагахь, нохчийн Iедалехь болчу кхетамца цунна шен лаам бира Селимас: «Аса делаца чIагIо йи-кх, дала хьо могаш а, маьрша а лела йолда, дуьненахь цаI елахь, уггар хьалха ялсмане гIон ерг хьо хиларна».

## 4

Арахьахула тIечIаьгIначу коран херонехула чукхийтира, маха санна ира маьлхан зIаьнарш. Ульяшевас кор дIадиллира, арара схьажхийтира цIенчу хIаваан, Iуьйренан мерза хьожа.

Бенос цкъа схьа а биллина, юха хьаббира ши бIаьрг. ТIаккха сихха кIегар а хиъна, меттахь Iеччохь ши ког маьнгех чукхозийра цо.

— Ахьа хIун до, Саволька? — Ульяшевана оцу минотехь хинра иза сагатдеш вуйла.

— Школе ваха лаьа суна.

Дика хIотта а ца хIуттуш элира цо иза, амма цуьнан озехь хаалуш бара жимчу беран къарлуш боцу лаам, цундела ехха леррина иза тергалвеш Iийра Ульяшева.

«Ватталхьана, — ойла йора цо. — Шен лаам гайта а, шена лууш долчуьнга кхача а дІаволалуш ву хІара. Ткъа оцу гІуллакха тІехь цунна гІо дар — сан гІайгІа хила беза». Цуьнан беснех хьестарца дай куьг а хьаькхна, хаьттира цо:

— Ткъа муьлхачу школе ваха лаьа хьуна, василек?

Бенос куьг а хьайжина гайтира, шен накъостий школе оьху агІо.

— Иза-м хІумма а хала дац, суна чІогІа хазахета вайшинна лууш дерг цаІ долуш,— корта таІийра цо,— Цуьнан хьокъехь аса ойла ен дуккха а хан яра, ойла йина а ца Іеш, амма цхьадерг хІинцале дан а дина аса. Хьан школе воьду хан масех шо тІехъяьлла, сан жима доттагІ, атта дацара суна хьо дІаэцийта. Иза а, хІумма а дац, и ницкъ вайн хІинца кхаьчна, школе гІур ву хьо. Иза тІаьхьатетта ца оьшу. ДІавало, хьайн юьхь йила, цхьаьнний чай а мелла, школе гІур ду вайша.

Цул тІаьхьа цхьа сахьт даьлча ши класс йолчу училищан директор волчохь яра Ульяшева. И гІуллакх хІетале чекхдаьлла а доллушехьа. Бенон хан юьхьар а Іуьттуш, хьевелла хилар бахьана долуш занятешна юкъаваха оьшуш болу кечам цо бина хилар шеконе а лоьцуш, кІеззиг дуьхьало йира директора, вуьшта аьлча, иза гІертара хІинца оцу кІентан гІуллакх дар, духхьалдІа ша цхьа директор воцчуьнан карахь доцийла, дехар дан еанчу зудчунна дІахаийта. Са а ца доьІуш, дукха лерина церан къамелашка ла а доьгІуш, юьстах лаьтташ вара Бено, нагахь дІа ца эцахь хІун дийр ду техьа? — бохуш. Цуьнан дог тедира сих а ца луш Ульяшевас дечу къамело:

— Кечам бина иза волуш хилар ахьа хІинццехь а талла мегар долуш ду, цуьнан хенах лаьцна аьлча — хІун дийр ду ткъа, нагахь санна хІинццалц схьа школе ваха кІант таро йолуш хилла ца хилча? Ткъа шен дегІан барамца иза башха дукха къаьсташ а хир вац шеца цхьаьна классехь болчарна юккъехь: цуьнан беральа вуно хала а, меца а хилла ду, цундела хІинца а дегІана лоха а, физически гийла кхиъна а ву иза.

Къамел чекхдаьлча ша билггал дІаэцнийла хаьара Бенона. Сакъералуш векхавелла, даккхийдеш долчу шен бІаьргашца хІор мин-минотехь Ульяшевага дІа а хьожуш, кабинета чуьра аравелира иза.

— Хlинца ахьа хlун дийр дуй, Саволька, — сецира иза. — Школе кхана Iуьйрре гIур ву хьо. Хьан хила дезаш ду тетрадаш а, книгаш а, къоламаш а, перьяш а, Хьо цIа гIо, со кхано йогIур ю.

Урам новкъахула дIаволавелира Бено, амма цхьа — ши минот яьлча вуха а вирзина училище юха веара иза. Когаш Iуьйра, коьртахь боккха тиша куй а болуш, дешархоша бедарш хьалаухкучу чу а вахана, моггIара дIахIиттинчу баккхийчу дешархошна тIеххьа дIахIоьттира иза. Цара ден доIа а, олу йир а хезча, цецваьлла юха а ваьлла, неIарх араэккха гIоьртира Бено, амма иза дан ца кхиира.

— Хьо мичхьара веана ву? — хьехархо тIееара цунна, Бено цIийвелира.

— Хьо мила ву?

— Бено ву.

Хьехархойн цIа чу дIавигира иза.

— Деша веана хьо? — хеттарш дан долийра цуьнга цу чохь.

«Ткъа кхин стенна вогIур вара со?»— ойла йора Бенос, вист а ца хуьлуш, шена гонах болчаьрга кIелдIахула а хьоьжуш.

— Иза-м цхьа акха бер санна ма ву, — элира хьехархойх цхьаммо. Коьртан чкъор а тIехь чIогIа цIийвелира Бено.

— Хlун ду кхузахь дерг? — чувеара директор.— Аса кхана вола аьллера цуьнга. Иза а хlумма а дац. ТIаьхьависина иза велахь а тIеэца дийзира сан. Таллал цуьнан хаарш, — корта таIийра цо, хьаьрса месаш а йолуш йолчу, доIа дечу хенахь зала чохь Бенона тIеяхана хиллачу къоначу хьехархочуьнга. Керла веанчу Бенон бIаьргашна чу хьастарца кIеда-мерза хьаьжира хьехархо.

— Деша хаьий хьуна?

— Хаьа, — чу са деара Бенона.

— Делахь хlета, дIадешал хlокху меттигера!

Шина куьйга книга дIа а лаьцна, мерехула шок а тоьхна, доккха са даьккхина мох чу а оьзна, тийса ца луш, Бенос чIоггIа дIадийшира «Ахархой, цхьогаллий цIе йолу туьйра. Дешна ваьлча, куй тIехьа а теттина, хьаьжа тIе даьлла хьацар пхьош хьаькхна дIа а даькхкхина, бIаьргаш хьала а ца хьовсош, хаьттира цо:

— Кхин еший аса?

— Ма еша, тоьур ду. Дика хаьа хуьна деша, — хастийра Бено, оцул хьалхха иза акха бер ду аьллачу хьехархочо.

Хьехархойн цIа чуьра канцеляри чувигира Бено, ткъа цигара класса чу вигира, тIаьхьа шен хинболчу накъосташка а хьоьжуш иза парташна уллохула тIехвелира. Вукхара иза тIеийцира дуьйлуш долчу бIаьргашца цуьнга дIа а хьоьжуш, куьйган эшарца шайций, шайций охьахаа а бохуш. Бенон бIаьргаш воккхавеш серладевллера, амма цо иза дIахьулдира — вела а ца къежира, саца а ца сецира. Массарна а уллохула тIех а ваьлла, тIеххьа пена уллохь йолчу парти тIе охьахиира иза.

Иштта дIадоладелира цуьнан школьни дахар, шен рожжехь а, цхьана эшшарехь а, кIиранера кIиране, баттера батте долуш, гуьйренна тIера керлачу шарехула — бIаьстенга дуьйлуш.

Гуьйре санна, чекхделира Iа а. Доьзалехь сингаттам а ца ийшира, хазахетарш а хилира. Доьзал алсамбелира: кхин цхьа йоI а хилира. Ульяшеван сийнна цуьнан цIе Марем тиллира. Хасторан лист а, книга а луш, бIаьста яьлча вукху классе велира Бено.

Дмитрий грозненски нефтяни промыслашка дIавахара. Иза а, цуьнца масех стаг а промыслови белхалошна юккъехь пропагандистски болх бан вахийтира партис. Дмитрийцанна дIавахара Курганов а, Щетинин а, воккха стаг Тимофеич а. Грознехь балха хIитта безаш бара уьш, вуьшта аьлча, гIуллакх дIадолорхьама царна тIехь дара гIалин боьхачу урамашкахула буьйлабелла лерар а, оьрсийн а, кхечу мехкашкарчу фирмийн нефтепромыслови конторашка а оьхуш, бан белхаш боьхуш лелар а.

Партин заданица Ульяшева а дIаяхара. Цхьана ханна швейцаран балха а хIоьттина и болх бийриг чохьIен мехаза чу маьнга хIоттабалла меттиг а, буун кхача а луш, цIерпоштнекъан училищехь Iен, квартирера кхечухьа велира Ефим Петрович а.

Берриге а бевз-безарш цхьацца нхьа дIасабекъабелира. Ша цаI висаро чIогIа сагатдора Арсбин. Дмитрий а, Ульяшева а шеца ца хилча Iе а ца луш, чIогIа воьллера иза оцу шен доттагIех. Мила вара ткъа хIинца цуьнца виснарг? Кхуьнан шен кIант бен цхьа а вацара, ткъа цуьнан хьокъехь къайлах, ур-атталла цо цкъа а шен дот-

тагIашка хаа а хайтаза, кийрахь чIогIа бала болуш вара Арсби. «Бено школехь доьшуш ву, иза дика-м дара, баркалла Ульяшевана. Амма цигарчу хьаькамаша шайгахьа а ваьккхина, кхин стаг вийр ву-кх цунах, шен дех воккхур ву-кх, доьзалехь хийра стаг а вина дIахIоттор ву-кх цара иза. Цунах а воккхавер а, я гIо а хир дац-кх суна...»,— дара цуьнан дагахь.

Оцу ойлано чIогIа кIел а витина, цкъа цхьана дийнахь ваха а вахана, школехь шен кIант муха доьшуш ву хьажа, сацийра Арсбис. Школана уллохула гола тухуш болчу урамехула тIех а ваьлла, тIехьахула чудоьдучу школан кех чу хьаьжира иза. БIаьстенан довха де дара. Кертахь дуккха а адамаш дара— цхьа бахьана-м долуш доIа деш бара уьш. Бено оьрсийн мозгIарна гонах хьийзаш вара.

«Билггал бакъду, сох хийра воккхур ву цара иза,— дагахь оьгIазвахара Арсби. — ХIинцале Iамош бохку! ХIанхIа, иза дайта мегар дац...» — сацийра Арсбис.

Хьалха дIа гIулч яькхира Арсбис.

— ХIей, Бено, цкъа схьавоьл кхуза! — мохь туьйхира цо. Бено схьа а хьаьжна, ша волччохь лаьттара.

— Схьавола кхуза! — кхин а чIогIа мохь туьйхира Арсбис. Резавоцуш шен дега дIахьаьжира. Бено: ца вогIу со, бохучу кепар, цу тIе куьг а ластийра цо.

— Мохь хIунда бетта ахьа? — кетIа веара дворник.

— Бенога, сайн кIанте кхойкху со,— кертахьа корта а таIийна шен гIоддах юха а мохь туьйхира Арсбис:

— ХIе-ей, Бено!

Шен накъосте цаI-м аьлла вист а хилла, вуно дегаза шен дена тIевеара Бено.

— ЛадогIахь соьга, Бено! Язда хьо хууш, ву чот лара а хьуна хаьа, оьрсийн мотт бийца а хаьа хьуна. ХIинца цкъачунна тоьур ду.

Корта а айина, гIайгIане шен дега дIахьаьжира Бено.

— ХIинца цкъачунна школа йита. Цунах дош хир дац. Ульяшева дIаяхана. ТIаккхахула, нагахь сана оьшуш меттиг хилахь, юха а гIур ву хьо деша.

Бено дуьхьало ян ца хIоьттира. Школа дIатаса дийзира цуьнан.

## КОРТА IV

### 1

Оцу, эзар исс бIей цхьолгIачу шеран гурахь, къайлерчу организацис кхайкхина, Грознера Ярославле дIавигира Дмитрий. Цигахь яра Ульяшева а, цуьнан йишин кIант Курганов а, уьш социал-демократически партин заданица, кIадий дечу ярославски фабрикашкахь забастовка ян кечам беш бара.

Сихха цигара юхава таро яцара Дмитрийн: цунах шек долчу Iедало шен тидамехь латтош вара иза, цундела ларлуш хила дийзира цуьнан. Иттех де даьлча бен новкъа вала аьтто ца белира, ткъа оцу хенахь забастовка хьаьшна дIайоккхуш, белхалой дIасалоьххуш, карахь герз а доцуш болчу царна тоьпаш етташ дара эскар. Оцу гIуллакхан хьокъехь губернаторо шега бинчу хаамна тIе, Николайс шоллагIчо шен куьйгаца яздира: «ЧIогIа реза ву со фабрикашкахь порядкаш талхийнчу хенахь кхера а ца луш, майрра эскаро динчу гIуллакхашна...».

Амма доггах «паччахьан таж а, даймохк а ларбархойн» тоьпийн дендаргаша цуьнан карахь долчу халкъах, дуьхьало ян герз доцуш болчу белхалойх, цхьа мелла а барамехь нах хIаллакбина хиларна ша сел реза волуш иза хиллехь а, хьалха хIуьттучу революцин сурто са пергIат хила-м ца вуьтура иза. И тайпа гIуллакх цхьана Ярославлехь хилла Iеш дацара. Полицейски гIуллакхашна дуьхьал массанхьа а гIуьттуш бара студенташ.

IадъIеш боцу студенташ салтбахаран хьокъехь керлачу указана тIе куьг яздинера паччахьо.

Чоьхьарчу гIуллакхийн министро Сипягина дIадолийра белхалошний, прогрессивни дог-ойла йолуш болчу интеллигенташний тIехь саццаза луьра таIзарш дар. Цунна жоп луш гIевттира Россера берриге а революционни кегийрхой.

Оцу буьрсачу шерашкахь Ульяшева а, цуьнан йишин кIант Курганов а, Дмитрий а полицех лечкъа а лечкъаш, цхьана гIалара кхечу гIала а оьхуш, партин заданеш кхочушъеш лелаш бара. Эрна кадраш хIаллакьяйтарх ларба безаш бара кегийрхой, цхьацца ша-ша вуьйш, Iедалан векалш байарх совцо безаш бара уьш. Цу хенахь

берриге а ницкъаш цхьанатоха безаш бара, берриге а политически дIахIоттамана дуьхьал цхьабосса вовшахтохараллица къийсам латторхьама. Амма тIех сиха болчийн дуккха а кортош жигарчу «турпалхойн» а, мелачу «тобанан» а хьокъехь йолчу, народовольцийн теорин лаамна кIел хIиттина дара.

Петербургерачу студентех цхьаммо лен волу чов йира халкъан серлонан министрана Боголеповна, Победоносцев вен гIоьртира важа, ткъа меттигашкарчу Iедалийн кхин кегийра векалш бойуш хиларан хьокъехь дийца оьшуш а дацара. Уьш тIеттIа дукха бойуш хиларан хьокъехь массанхьара а схьабеш дукха хаамаш бара.

Амма оцу кепара цхьацца болу Iедалан векалш байарх паччахьан Iедал дIа ца делира. Байинчийн меттина дIахIуьттура кхерабелла а, тIеттIа кхуьуш лаьтта революционни болам хьаьшна дIабаккхархьама муьлххачу а герзаца гIуллакх дан эхьхеташ а боцу, халкъ Iазапехь даллорхой. Адамашна, цIийнах хьийсаран, уьш лецаран, каторге дIалехкаран тулгIе хьаьдира ерриге а Россехула.

Генарчу БуритIа дIадаха сихдала дийзира Дмитрийн, Ульяшеван— шен гIуллакх деш хIорш болчу партис царна тIедиллинарг иза дара.

ДIаоьхура луьрчу къийсамах дуьззина долу шераш,— дала детталуш долчу, амма дуккха а бIеннаш шерашкахь нисйина шен Iедалан кеп а, система а хиларна хIинца а ондо йолчу паччахьалло, самадаьллачу халкъан къеначу ницкъашца тIаьххьара къийсам беш долу шераш. Цу шерашца цхьаьна, нуьцкъалчу боларца, дIайоьдуш яра, дуьненах йолхалгIа дакъа ша дIалаьцна йолчу, йоккхачу пачхьалкхан истори.

ДIаоьхура шераш Арсбин жимчу доьзалехь а — дахарехьа, баьпган юьхкехьа, берийн тIехиндолчуьнгахьа къийсам латторан хала шераш, могашалла гIелъеш а а, къоналла дIайоккхуш а долчу ла ца баллал халчу къинхьегаман шераш.

1901-чу шеран гуьйре тIекхочуш Арсбин доьзалехь кхин цхьа йоI, Малика а хилира. ГIайгIа кхин а алсамъелира, дахарехьа латтош болу къийсам кхин а ирбелира. Къайллах шен зудчуьнга дIа а хьожий, ши бIаьрг гIийла охьабохуьйтура Арсбис: «Сан миска, ма хийцаелла хьо». Шен майрачуьнан хьокъехь Селимас а йора ойла-

наш: «Корта лозучуьра туьйш а бац цуьнан, беснеш чуэгна».

Гуьйренан йочанаш тIеяьхкича дай-наний цомгаш а хилла, меттахь дисира. Доьзалехь беш болу берриг гIайгIа Бенон коча беара. Чохь юучу хIуманна сом даккха кхин стаг вацара. И керла бохам тIехIоьттича сихха вокханиг а хилла дIахIоьттира Бено. БIаьргийн цIоцкъамаш дуса а дина, гуттар а ша тIевуьжуш долу галий цIенкъара цо схьаэцча, цо шаьшшинна хIун тIедуьллу техьа бохуш, цунах тешарца, шайн вешега дIахьаьжира йоккхах йолу ши йоI — Iайшаттий, ПетIаматтий. Цо цаьрга корта а таIийна, уьш кхоь а араделира.

— ЯахIума яц вайн. — Шен кегийрчу йижарийн бIаьргашка хьаьжира Бено. — Я бепи а дац, я хох а бац, я туьха а дац. ПетIамат, хьо цIахь Iе, кегийрчарна тIехь Iуналла а деш, цомгуш берш а биц ма белахь, ткъа со Iайшатаца гIур ву. Юучунна гIайгIа бан беза.

ТIулган некъ а хадийна, гIалин урамех тIех а даьлла дIадоьдура Беной, Iайшаттий. Гобаькхина лаьтташ огородаш яра, царел тIехваьлча коьллаш а тIе къух а даьлла лаьтта яьсса аре а яра, ткъа царна а дехьахь гучуелира гIаличуьра нехаш дIакхуьйсуш йолу меттиг. Хьалха юьххьерчу нехийн борзана тIе а вахана, охьа а таьIна, цхьанхьа а, вукхузхьа а ког а Iоьттина, цхьа хIума схьа а эцна, галина чукхоьссира Бенос.

— ХIун ю ахьа лехьораш? — голашна тIе охьалахъелира Iайшат.

— ДаьIахкаш ю. Ахьа а лахьае. Хьуллахь Iуьллу хьуна. Схьа а гулъеш, галина чу кхийса.

— Ткъа царех хIун дийр ду?

— Юхкур ю вайшиммо.

— Юхкур ю? Ткъа уьш оьцу? — цхарйоьлла йолу цхьа тиша даьIахк схьаийцира Iайшата.

— Дера оьцу. Цхьана стага юхкуш суна сайна а ма гина. ХIоккхузахь лахьа а йина, вайшиммо а хьур ю цига. Заводехь цIан а йой, цIергахь морцу уьш, деш долу шекар тIаккха царех чекхдоккху,— шен хенарчу берзшкара шена ма хаззара, кхетийра Бенос шен йиша.

ТIетаьIина болх беш дара ши бер. Кеста гали дуьзира. Амма цул тIаьхьа дIадоладелира уггар халаниг, бертиг дIа а йихкина, галий дIатакхо гIоьртира Бено. Масех ког баькхкича сецира иза. ХIумма а цуьнга

ала а ца хIуттуш, ялх шо кхаьчначу шен озачу йишега а хьоьжуш, цхьана минотехь лаьттира Бено. Амма кхин дан хIума дацара.

— Цхьаьний дIатакхадей вайшиммо?— мухха делахь а дика ца хIуттуш хаьттира цо цуьнга.

Цхьаьний дIатакхийра. Гали дIатекхира. Вашас йишицанна кхин цкъа а дIатакхийра. Ша долчуьра меттах а даьлла, амма циггахь цхьана хIуманах тасаделира гали. Iайшатан бIаьргех хиш девлира. Жимчу йоIах дукха къа хеташ, Бено ша а вара велха кийчча, амма гали дIатекхо дезаш дара — хIуъа дина а дIатекхо дезаш дара! Жимчу йишин дог айа сацийра Бенос:

— ЭхI, дIа ма кхеччинехь йохка а йоьхкина ма хIуманаш а оьцур ю-кх вайшиммо — бепиг а, шекар а эцна, цIа гIур ду вайша! ХIан, дIатакхадой вайша?

— Хи деза суна,— бага деанчу туйнах къурд бира йоIа.

— Сатохалахь: кхузахь хи дац.

— Иза ма ду хи-м,— тIе Iеха а тесна болу боьха Iам бетира цо. — Мала мегар дуй аса?

— Мегар дац, мегар дац! Сен а делла, боьха хи ду иза. Гезгаш ю цунна чухула лелаш. Кестта дIакхочур ду вайша! ДIога кхаьччахьана дIакхочу вайша! Ткъа цIахь чай мер ду вайшиммо. ДIатакхадой вайшиммо?

Гал а дуьйлуш, кест-кеста сеца а соьцуш, юха а дIатекхадора цу шиммо гали. Эххар тIаьхьа, са довччу хенахь, гIел а делла, бех а делла, дуьзна галий текхош, базара дIакхечира и шиъ. Иза санна долчу галешна чуьра даьIахкаш яьшкина чу юьхкуш йолчу меттиге дог тешнна тIевахара Бено. РагI тIекхаьчча цуьнан гали дасса а дина. Бенона ши эппаза делира дIаоьцуш волчо.

Шаьшшиъ цIа догIучу новкъахь уггар ца хилча ца торуш йолу яахIума а, баго чIурам а эцна, цIа кхача сихвелира Бено. Iайшат халла бен цунна тIаьхьа а ца кхуьура. Гуттар Iаржъеллачу хенахь цIа кхечира и шиъ. Ша сакъералуш, дозалла деш хилар лечкъа а деш денийнанний юккъе бепиг а, шекар а, чай а, хохаш а, туьха а, бухайисина цхьайтта кепек а охьайиллира кIанта.

Дай, наний меллаша тоделла догIуш дара, амма массеран а дог серладелира. Шайн ницкъ ма кхоччу гIуллакхаш а деш, шаьш яьхначу кепекех яахIума а оьцуш дика хьийзаш дара Беной, Iайшаттий.

Церан аьтто баьллачу цхьана дийнахь доьзале кехат кхечира. Уьш дуьнена тІе бевлчахьана дуьххьара деана кехат! Леррина конвертан йист ятІа а йина, меллаша цу чуьра кехат схьа а даькккхина, кехате а хьаьжна, юха вукха агІор а дерзийна тІаккха а леррина хьаьжа а хьаьжна, кехатан лист Бенога дІакховдийра Арсбис:

— ХІан, дІа а эций, дешал хІара...

Дика къастош долчу хотІца яздина дара письмо, цундела атта иза деша волавелира Бено.

«Маршалла ду шуьга, Селима, Арсби, Саволька!»

— И-и... маршалла хуьлда, маршалла хуьлда хьуна Марем! — Ульяшева шена хьалхахь гуш йолуш санна, хазахийтира Арсбина.

«Дукха хан йоццуш бен аьтто ца белира сан сайн хьокъехь шуьга хаам бан. Кестта шу сайна гур ду моьттуш ю со». Беной, Арсбий цхьанаметта вовшашка хьаьжира: «Иза ма дика ду!» — дара цу шинненна а дагахь дерг.

— Дуьненахь кхин цхьа а яц вайн Марем санна дика зуда,— элира дас. — ДІадешал, дІадешал!..

«Ткъа муха ву...» — доьшучуьра саца а сецна, оцу сохьтехь корта охьабахийтира Бенос.

— Ахь хІун до? — кІантана халахетар хиллийла хааделира дена. — Дешал кхидІа а!

«Ткъа муха ву жима кІант? ХІун ду цо... деш дерг...— юха а доьшучуьра сецира Бено.— Доьшуш вуй иза? Дешийта деза цуьнга. Дуьйцийла йоццуш дешийта деза...»

Сихха шен дега дІахьаьжира Бено. Важа яккхий ойланаш еш Іеш вара.

Ульяшеван дешнаша — жимчу кехатана тІе цо яздинчу масех дашо, шайн гІуллакх дира: Арсбис кІантана бакъо елира кхидІа а деша.

Нагахь санна, цул тІаьхьа хилла долу гІуллакхаш хуьлучу хенахь, уьш гуш а йолуш Ульяшева цигахь хиллехьара, ши шо хьалха Бенона ларамаза пирожнеш елча ша аьлларг, юха а эр дара цо: «Ма аьтто болуш а вукх хьо, Саволька!» Амма дагахь хІума доцуш а, атта тешаш а волчу Арсбина а, Селимина хІета а вета а, я хоийла а дацара, я хоьтийла а дацара шайн кІентан ирсехьа гІуллакх дерзош, цхьанхьа къайллах йохкуш пуржинаш хилар. Царна муха хуур дара, дуьззина шина шарахь гергга шайн кІанта дешначу школан мозгІар миссионер вуйла а, харцчу динна кІелхьара а баьхна шайн

динехьа ша берзийнчийн списка на, юккъе, тоххур дуьйна Бено вахийта гIерташ иза вуйла а? Царна муха хезар дара оцу «пастыро» цигарчу архиерейца дина къамел динан дикаллаш шеца йолуш а, цунна даккхий гIуллакхаш динарг ша хилар чIагIдеш а, Бено вайн динехьа вала «чIогIа лууш а ву», «цуьнан лаам дика а бу», иза дика кхеташ кIант а ву, бохуш Бено хеста а веш, иза вуьзина керста динна тIеверзорхьама йиъ класс йолчу духовни училище дIаэца везаш хиларан хьокъехь цо деш хилла къамел?

Иза мухха хиллехь а, архиерейс училищан начальнике кехат яздира, Бенон хааршка хьаьжжина иза хьокъал йолчу классе дIаэцар магош. Нагахь санна тIаьхьависина цхьацца меттигаш елахь, иза тIаьхьа а кхуьур ву, аьлла.

Шен баьллачу аьттонна резаволу миссионер училище Бено дIаэца ша вахара.

Урокаш йолчу хенахь веара и шиъ училище. ЦIеношна чохь тийна а, даьсса а дара, садоIу хан тIе а кхаьчна, горгали туху минот тIекхачаре хьоьжуш, пенах хьала кхозуш долчу сахьтана кIел хиина Iеш волу цхьа швейцар бен гуш аддам а дацара.

Корта хьала а тоьхна, шен коьртара ехий кIажарш дIа а нисйина, оьзда йовхарш а тоьхна, шен некхан уьн тIера жIар дIа а тойина, Бено тIаьхьа а хIоьттина, чухула кхин а дIавахара мозгIар. Ведда царел хьалха а ваьлла, уьш чоьхьабовлийта инспекторан кабинетан неI схьайиллира швейцаро.

Письменни стоьлана уллохь лаьтташ лекхачу дегIахь цхьа стаг вара. Нагахь санна, хIун сибат долуш вара иза, аьлла, цуьнга цIахь хаттар дича,— ойла а ца еш, атта хIара жоп лур дара кIанта: «Иза Iаьржа вара»,— аьлла. Коьртара кIужал а, бел санна шуьйра юькъа маж а Iаьржа яра, бIаьргаш а, царна тIехула охьа а керчина долу цIоцкъамаш а иштта Iаьржа дара. Цу тIехула тIе коьртера дуьйна когашка кхаччалц цунна тIехь мел долу хIума а, Iаьржа дара. Цигарчу дешархошна данма а кхоьлина хиларца вевзаш вара иза. Цуьнан юьхьа тIехь цкъа а, цхьанна а ца гинера велакъажар, ткъа иза воьлуш хезна бохург-м аьттехьа а дацара.

Чоьхьа а ваьлла, соннехь кхозучу икона (дела суртана) хьалхахь жIаран сурт хIоттош, пIелгаш тесира мозгIаро. Цунна тIеххьа дIахIоьттира Бено а. Кхаьрга охьа-

ховша бохучу кепара корта а таIийна, шен гIанта охьахиира инспектор.

— ХIун ала даьхкина шу?

МозгIар цIехьана ша волчохь дIатийра. Ша шена резаволуш серлабаьлла болу цуьнан ши бIаьрг, оцу минотехь кхолира. Иза кIеззиг воьхна хилар гойтуш, юьхьа тIера бос а байра цуьнан.

— Со — миссионерски юкъараллин член ву,— дикка дозаллица и дешнаш а аьлла, юха а сецира мозгIар. Амма инспекторан юьхь-бIаьргаш башха а ца хетачу кепара хьоьжура цуьнга.

— Со леррина веана хьо волчу. Владыкас (Воккхачу мозгIаро) ваийтина со,— шен коьрта козар охьайиллира миссионеро. — ХIара пакет цо данйтина ду. ХIара дешар доьху аса.

Меллаша пакет схьа а даьстина. Шена хьокъал долчу дозаллица цхьацца могIа ша-ша а боьшуш, иштта меллаша кехат доьшуш инспектор волчу хенахь, Бено леррина бIаьрг бетташ вара цу чуьрчу хазчу пеше а, паркетан цIенкъе а, портреташка а, глобусе а, географически карте а.

— ВоггIушехь юьртара схьавеана ву хIара? — доьшучуьра кехат саца а дина, хаьттира инспекторо. — Цхьа муьста хьожа ма яьлла кху чохь!

ЦIийвелIачу Бенога кIелдIахула бIаьрг а тоьхна, шена жоп даларе а ца хьожуш, юха а хаьттира цо:

— Ткъа сил тIаьхьа хIунда валийна ахьа хIара? Занятеш дIайолаелла дукхха а хан ю!

— Лаам цуьнан сийлаллин карахь бу.

— Делахь хIета, хIара гIуллакх дахьаш со волчу веанарг...

— Нийса ду, нийса ду, со — миссионер ву. ХIара кIант тIейогIучу хенахь керста динна тIеверзо мегар долуш ву.

— ХIирий-м вац хIара?

— Лаам цуьнан сийлаллин карахь бу...

— Дика ду хIета. ХIара кхузахь а витий дIагIо.

Юханехьа икона тIе а вирзина, жаIаран сурт хIоттош юха а шуьйрра пIелгаш а тийсина, Николайн-тамашхочуьнан суьртана хьалхахь корта а таIийна, дIавахара мозгIар.

Хьала а гIаьттина, ши куьг тIехьа а диллина, хьацаран кIур а хилла, бугIано санна бIаьргаш а къарзийна.

хьоьжуш волчу Бенона уллохула дIаволалуш, схьаволалуш лелаш вара инспектор.

«ТIе ма хьаьжжинехь гуш ду берзалойн чкъурах-схьаваьлла хIара хилар,— шен дагахь сацам бира инспекторо. — Уггар аккачу бенара схьадаьлла жима экха ду хIара».

ТIаьхь-тIаьхьа кхин а чIогIа кхоьлаш лаьттара иза. Цуьнан ваша, пурстоп, масех шо хьалха гIалгIашца даьллачу девнехь вийнера. Ткъа хIокху тIаьххьарчу шерашкахь иза волчу училище кест-кеста схьаIуьттуш яра и дIаьвшен лаьхьанан кIорнеш.

— ДIай-схьай бIаьргаш а ца къерзош, схьавола суна тIаьхьа а хIоттий! — элира а, я барт туьйхира а къаьсташ доцуш вистхилира иза.

МуьтIахь хилла цунна тIаьхьа а хIоьттина, оцу ехачу учахула, столовина, надзирателийн хIусамашна, сарахь дешархоша чохь урокаш кечъечу чоьнашна уллохула тIех а вохуш, дIавуьгуш вара Бено. Цуьнан даг чохь хIинца дуьххьар иккхира цу кхоьлинчу стаге дегIана язо еш болу цабезам.

Уьйтта аравелира и шиъ.

— Иван Ильич! — Эконом! — тIекхайкхира инспекторо, саццаза ша шега гIам-гIим деш, уьйтIахула дIавоьдучу цхьа верстинчу стаге. Оцу минотехь схьа а вирзина, шен кор ма боллу ведда инспекторна тIевеара верстина стаг.

— ХIун приказ ло ахьа?—лерг улло схьакховдийра цо. Инспекторо къайллах масех дош элира цуьнга.

— Кхета со, кхета,— важа лерг дIауьйхьира цо,— дика ду, кхета со!

Куьг а ластийна, дIавахара инспектор.

Бено шена тIаьхьа а хIоьттийна, цкъа дIаволавелира эконом, тIаккха цIеххьана уьйтIа юккъехь саца а сецна, мохь туьйхира. ЧохьIеш поварш а, дворникаш а, херхаца дечиг доккхуш берш а, кхиболу «лахара» гIуллакххой а болчу чуьра араиккхира пешлаторхо.

— Хи а кечдай, банехь лийча вел хIара! Сихо е!

Цунах дIахьакхавелча бехваларна, я цхьа цамгийла шена яларна кхоьруш санна, шина пIелган юьхьагашца а лаьцна. Бенона тIера коч схьаозийра экономо.

— Цунах йогIу эран божан хьожа дIаяллалц лийчавелахь иза!

Сихбинна бIаьргаш а бетташ, ца кхеташ хьоьжура пешлаторхо керла веанчу дешархочуьнга: «Схьахетарехь, мозгIарийн къоьнгех-м вац хIара».

— БIаьргаш а бетташ хIун деш лаьтта хьо? Сихо е! — кхин цкъа тIечевхира эконом.

Ворта дIаса а ца хьовзалуш, оццул стомма вара иза: Ворта цуьнан ю аьлла хеталуш а яцара. Боккха корта шуьйрачу белшна нисса тIе а хиъна Iеш бара. Ирх хьажа везаш меттиг шен хилча, дерриг дегI аркъал а доккхий хьожура иза. Цуьнан стаммийрачу когаша гоьргаш дагайохкуьйтура, хIетте а лелар дайн а, чехка а, тIахъаьлла а дара цуьнан.

Хьуьнаре а, кхеташ а волчу оцу ярославцо шена луъучу кепара урхалла дора училищан Iаламат боккхачу бахамана тIехь.

— ХIун хилла? Кхача вон бу? — мохь хьоькхура цо.—Тоъал бац? Хабар ма дийцалаш. Аса луш болу кхача уггар тоьлуш берг а бу, шен барамехь кхачамболлуш а бу! ХIун хилла? Белье вон тегна ю? Материал вон ю? Иза бакъ дац. Материал хьалхарчу сортехь ю, кхин дика тоьгийла йоццуш, дика тегна а ю. ХIун хилла? ЦIеношна чохь шийла ю? Уьш аьшпаш бу! Йовха ю! ТIех йовха ю! — бохуш, дов деш Iедал хуьлура цуьнан.

Ткъа меца дешархой шийлачу чоьнашна чу а ховший, церга тIе церг ца кхеташ бегош коьрта чу хIуъу дича а урок а ца йогIуш, Iеш хуьлура.

Эконом гучьура дIаваьлча, Бенона цIеххьана дагадеара ведда кхузара дIаваха. Шел хьалха дIавоьдучу пешлаторхочул тIаьхьа соьцура иза, дIа а, схьа а хьаьжира, амма даккхийчу цIеношна гобаькхкхина доьттина долу лекха пенаш бен, гуш хIумма а дацара. «Набахтехь санна ма ду кхузахь-м», — дукха хенахьлера шен бералла дага а деана, оцу сохьтехь, зу санна хьаьрчира иза. Корта белшех чу бахара, ойланаш вовшех хьерчара.

— ХIай, хезаш вуй хьо, тIаьхьа ма виса! — вуха а хьаьжна мохь туьйхира пешлаторхочо.

Нагахь санна цхьа сахьт даьллачул тIаьхьа куьзганна чухьажа Бенон таро хиллехьара, цунна ша шен вевзар а вацара. ТIехьара лергина корта а болуш, дика цIена лийча а лийчина, керла хорма а юьйхина — исхаран хечий, коч а, къевллина юкъах дихкина йоьза мIар болу локкхаран доьхка а долуш, кара лаьцна Iаьржачу

бархатан бухь болу фуражка а йолуш, инспекторна тIевахара иза.

Цхьана сакхтана шеко йолу товар тIедеача цуьнан мах хIотто санна, керла веанчу дешархочуьнга леррина а, вехха а хьоьжура важа. «Азиатах тера, ур-атталла цхьа лар а яц хIинца. Ма дарра аьлча — тIехула хьаьжча гуш-м яц. Ткъа хуьйц-хуьйцуш вуьззина хийцина тIеверзор ву оха», — сацийра цо, тIаккха учахула дIавигира кIант.

— Юьртахьчул тхан кхузахь тоьлуш ду?

Хьалха санна къовлавелла а, цуьнга безам боцуш а волу Бено, цIий а велла, цхьа а дош аьлла жоп а ца луш, IадъIийра.

— Юьртахьчул тоьлуш дуй кхузахь?— хоьттий аса-м хьоьга:—юха а вистхилира инспектор. Амма Бено вист дIа ца хуьлура. Цо хIун дуьйцур дара, мегарг дуьнен тIе вала а кхиале ша дIатесначу, цкъа а гина а йоцчу юьртах лаьцна?

— Вист хIунда ца хуьлу хьо? Мотт боцуш-м вац хьо?

— Ца... хаьа суна-м.

— Тоьлуш кхузахь ду-кх! Хьо ма дарра эхха долуш кхаьчна хьо кхуза!

Бехха могIа а бина дIахIиттина лаьтташ дешархой болчу шуьйрачу учахула дIавахара инспектор. Обед юу сахьт дара иза, ткъа дешархой декхарийлахь бара шишша цхьаьна а хIоьттина, цхьана классана тIаьххье важа класс а йоьдуш, столови чу баха.

Керла веанарг ву, керла веанарг ву! — сихха чекхделира могIаршкахула. Бенона гайтира цуьнан класс а, столовехь цуьнан меттиг а — соннехь, нисса иконна кIел.

Йиш нисъечу камертоне ла а доьгIна, багахь хьалхара йир ала йолийра баккхийчу дешархойх цхьаммо, столови чохь мел волчо чIоггIа цунна тIаьхьара элира, кхача баале хьалха багахь деш долчу доIин мукъам бара иза.

ХIор стоьла тIехь, чутийсина жижиган цуьргаш а долуш, чохь хьена борш а йолуш, лаьтташ яра чу чорпа юттуш йолу кхоккха пхьегIа. Оццул ехачу чохь массанхьа а хезаш дара вовшех еттачу пхьегIийн, Iайгийн дайн татанаш.

— ПхьегIаш вовшех ма етта! Ларий лелае казенни пхьегIаш! — мохь беттара лакхарчу классашкахь болчийн стоьлашна гена воццуш лаьттачу экономо. Цунна

уллохь вула а велла лаьтташ буфетчик а вара, вукха агIорхьа, чорпа кхин тIе хьанна йотта аса, бохуш лаьтташ, дIайоькъушверг а вара.

— Чш-ш-ш! Порядок хилийта,—порядок, шибле-ташка «цIак-цIик» бохуьйтуш лелара надзиратель. — Хьо хIунда вац хIума юуш? — аьлла, Бенона уллохь сецира иза. Важа юха а цIийвелира.

— Хьайна охьа а йоттий, яа!

— Бенос боккха чада караийцира.

— Иштта ца лаьцна ахьа. Иштта катухий гIаж оьцу схьа. Хьажал хьо, чада кара иштта лаца беза! — чада кара а лаьцна, гойтуш воллура надзиратель.

— Боршана чохь чхьаьвригаш ю! — мохь хезира, баккхийра дешархой болчу агIорхьара схьа. Училищехь мел волчо Iайгаш охьакхийсира.

Сардамаш доьхуш, маьхьарий детташ, йоккха гIовгIа елира. Чу цIий а доьссина, экономан ворта цIийелира.

— ХIун хилла-а? — схьаиккхира иза.

Дешархочо Iайг Iоьттира чхьаьвригах, кхин цаI а схьа а лаьцна, уьш аркъал а яьхна, верстанчуьнан меркIел йихьира цо. Iайг ша дIа а эцна, бIаьргашна хьалхха бехьира цо.

— Мичахь ю чхьаьвригаш? Аьшпаш буьтту аша!

Аркъал таьIна бага а гIаттийна Iайга чохь мел йолу хIума дIакхаьллира цо.

— Чхьаьвригаш янне а яц! Борщ — уггар диканиг ю,— хIумма а ца хилча санна, юьстах а ваьлла, ша хьалха хиллачу меттиге дIахIоьттира эконом.

Оцу гIуллакхах лаьцна кестта хабарш даьржина ерриг гIалахула. Чохь чхьаьвригаш хилла Iайг, лелаш долу анекдот а хилла дIахIоьттира.

## 2

Гуйре дIаяла герга яхнера. Мокха пардо тIедижинчу лаьмнашкара охьа шийла мох хьаькхира. Дека хезаш олхазарш а дацара, амма наггахь тIехъэккхаш хаалуш полла-м хуьлура. ГIалахь данма а хьоькхуш мох бара, яьлла чан а яра. Декаш хьозий а дара, ткъа урамнекъашкахь цкъа цхьанхьа ховшуш, цигара дIадовдий кхечухьа ховшуш лелаш кхокхий а дара.

— Училищера дахар хьалха санна цхьана эшшарехь лелаш дара. ХІума йиинчул тІаьхьа цхьана сохьтана дІаса а бовдий бекъалора дешархой. Цхьаберш музыка локхучу чу боьлхура, кхиберш гал-гІожмех ловза уьйтІа бовлура. Баккхийнаш, къайллах дечиган пхьерашший, пешашлаторхой Іеш болчу чу боьлхура, къамелаш дан а, хьаькамашна ца хоуьйтуш, къайллах цигаьрка оза а. Хьо чувахча, самукъадоккхуш уьш бен адам а дацара училищехь.

Лахарчу классашкахь хуьлуш а бара цхьа ша тайпанчу гІуллакхийн говзанчаш: кхин дан хІума цахиларна цхьаболчарна Іиттарш еш, вукхарех буьйлуш, уьйтІахула а, учахула а дІасабевдда лелаш хуьлура уьш. Амма церан гуттар чІогІа сакъералора хІуьссик, аьлла, цхьаболчарна юкъа питана а тесна, вовшашца цера дов даккха шайн аьтто баьлча, ткъа шаьш, вовшехлетачаьрга дІа а хьоьжуш, юьстах лаьтташ хуьлура уьш.

Иштта гІуллакхаш лелош сакъералуш болчех шиъ тІевахара Беноца цхьаьна классехь доьшуш а, шега хІума аьлча ца мега а волчу, шена «Лоппаг» аьлла цІе тиллина волчу, цхьана ондачу кІантана .

— ХІан, Лоппаг, хьан гІуллакх хІинца дІадаьлла-кх! Керла веанарг гиний хьуна?— дІадолийра цхьаммо.

— Гина. Ткъа гича хІун ду иза?

— Иза эшалур варий хьоьга? Цуьнца ларор варий хьо? — юкъаиккхира важа.

— Уьш хІунда хоьттуьаша.

— Оха-м иштта тхаьш дІа хоьттура. Оцу керла веанчуьнга тІе а дахана хаьттинера оха: «Вайн класса чуьра цхьа онда кІант гиний хьуна?» — аьлла. Цо бохура: «Ган а ца гина, я ган лууш а ваш»! Оха цуьнга юха а элира: «Ларлуш хилалахь цунах, цо уппада воккхур ву хьо!» Ткъа цунна дуьхьал цо ца вешаш бохура: «ХІаъа, воккхур ву те! Аса цкъа тоьхча доьгтах санна хьожа ер ю цунах!».

Бено уьйтІахь вацара. Училищан гІайгІа беш волу архимандрит волчу кхайкхина вигина вара иза оцу хенахь.

Чохь кІеззиг бодаш а болуш долчу, доккхачу цІа чу ма веллинехь неІарехь сецира Бено. Арарчу серлонгара цІеххьана чуваьлча, Іаьржа дуьйхина кІоргачу кІедачу креслехь Іийриг дика ца гора цунна.

— Схьавола суна герга,— доца аз а хезна, креслана гергахьа масех гIулч яьккхира цо.

ПIелгаш ваьшта а дехкина царех цхьана хIуманан сурт хIоттийра архимандрита — набахтехь «лергаяхар» еш Ульяшевас хIоттош хиллачух чIогIа тера а долуш, тIаккха Бенон коьртана тIехула куьг хьаладахийтира цо. ОхьатаIаран меттина мелхо а корта айира Бенос, цуьнан куьйго «пхьагал» муха лелайо чIогIа хьажа лууш. Оьрсийн мозгIаро, пIелгаш ваьшта а дохкий, жIаран сурт хIоттош, шеца цхьаьна классехь болчу шен оьрсийн накъосташна тIехула, деле царех къинхетам бар доьхуш куьг хьовзош, школехь мосуьйттазза а гинера Бенона, амма цунна шена тIехь и сурт хIинццалц схьа цхьаммо а, цкъа а ца хIоттийнера. Шен да дага а веана, цIеххьана кхоьлира иза. Дас цуьнга аьлла дара: «Деша-м деша, амма хьожуш хилалахь, хьо сох ма ваккхийталахь». Школехь Бенона мелхо а хазахетара доIанаш а, панихидаш а ечу хенахь мозгIарна ша гIо деш. Цкъацкъа кIора летабойтура цуьнга, ткъа мел хаза хуьлура кадилин хьожа! Амма Бено, мозгIарна уллохь шена иза гича, Арсбис школера дIа а ваьккхина дIавигнера. Делахь хIета — иза къилахь ду? ЭхI, ма хала ду-кх доллу хIума ша шен коьртаца къестон, дагавала уллохь стаг а воцуш! Ульяшева схьаелхьара — доллучу хIуманах а цо кхетор вара! Цунна доллу хIума дика хаьа!

— Сан жима бер,— юха а архимандритан аз хезира цунна,— суна тIаьхьара ала: «Сайн да-делан а, кIант-делан а сийлахьчу хIон дуьхьа!»

Бенос корта охьабахийтира. Цуьнан юьхьа тIе цIий доьссира.

— ХIан-хIан сан кIант, ала суна тIаьхьара: сайн да-дела дуьхьа...

Бено вист дIа а ца хуьлура. Шен баьсса ши бIаьрг цунна тIебоьгIначуьра дIа ца боккхура архимандрита. Ма тамашийна а дара цуьнан бIаьргаш. Хьоьстуш санна кIеда-мерза хеталуш дара церан хьежар, амма цуьнца цхьаьна дагна тIе а кхочуш, буро хьовзийча санна, дегIах чу а дуьссура уьш. Воккхачу стага шена тIе дIаозийра Бено:

— ХIан, сан жима бер,— кхин цкъа а, хьалха санна дайчу, амма ша бохург дар тIедожош долчу озаца вистхилира иза. — Аса хьуна хьоьхуш дерг диканиг ду. Хьо

кхера хIунда кхоьру? Алал суна тIаьхьара, хIан! Сайн да-дела дуьхьа...

Сихдинна бIаьргаш деттара Бенос, амма довлуш хиш-м дацара, легашка а хIиттина, цуьнан са дукъдеш къурдаш дара. Ша шен лаамах тIех а ваьлла, халла бен хаза а ца хезаш, дIадолийра цо: — Сайн да-делан... дуьхьа...

Аз а велла, гIел а велла, цунах, Бенох, шен дегайовхо олуш волчу шен ден, Арсбин сурт хIоьттира цунна хьалха... КIентан бIаьргашна хьалха боданан марха хIоьттира, эххар тIаьхьа царех хиш а хьаьлхира. «Соьга хIун де боху кхо? Кхара массара а хIун де боху соьга? Ма цIа ваха везара со, цIа гIур вара со!».

— КIант-делан а дуьхьа, — кхидIа а доьшура архимандрита, Бено чуьра ара а ца волуьйтуш. Ткъа вукхо, тиларчу а вахана, цунна тIаьхьара бохура:

— КIант-делан а дуьхьа...

— Сийлахьчу хIон а дуьхьа...

— Сийлахьчу...

— ХIон а дуьхьа, ала. ХIа! Сийлахьчу хIон а дуьхьа!

ЖIар схьа а эцна, Iиса пайхамар хьостамашца жIара тIе дIа муха тоьхна хилла гайтира цо.

— Сан жима бер!..

Хин тIадамаш а диссина болчу шен сийначу бIаьргашца цуьнга дIахьаьжира Бено.

— Вайн дела Iиса Христос ву...

Амма хьехар дар шашах юкъахдисира. Куьйгаца ши бIаьрг дIа а къевлина, цIеххьана дIа а вирзина, Бено неIарх аравелира. Ша деш долчунах дика кхета а ца кхеташ, параднехула чувогIучу меттиге чу а воьссина, шен гIоддаха неI дIатеттира цо. ДогIа тоьхна дара. Чекхваллалц учахула дIа а вахана, неI схьайиллира Бенос, цIеххьана ара уьйтIа валар хилира цуьнан.

Оцу минотехь цунах бIаьрг а кхетта, питана таса Лоппагана гонах хьаьвзира бераш.

— ДIахьажал, муха вогIуш ву! Гой хьуна? Ма оьгIазвахана а ву-кх иза!

— ДIадели хьан гIуллакх, Лоппаг!..

ХIокху сохьтехь шегахь долу хьал хууш а вацара Бено. ГIентана тIе а вахана, охьахнира иза. Бераш — питана тийсархой оцу минотехь девдда тIе а даьхкина, цунна улло охьахевшира.

Шен ойланашкахьа корта бирзина волу Бено, хьала а гIеттина, цхьа а хIума дагахь а доцуш, онда Лоппаг лаьтташ воллучу меттиге, рагIона улло вахара. Питана тийсархой а цигга дIахьаьлхира. Цхьаммо цIеххьана тешийтина дIатеттира «онданиг», ларамаза иза тIе а кхетта, Бено охьавуьйжира. Охьа ший а кхийтира, амма оцу минотехь хьала а иккхина вовшашка хьаьжира и шиъ: «Хьуна хIун деза?» — «Ткъа хьуна хIун деза?».

— TIетоха!

— Тоха тIе Лоппаг!

— TIеяхийта!

— TIетохал цунна оцу лерга улло!..

ХIинццалц генара схьахьоьжуш хиллачу, воккхах волчу шина дешархочо тIе а веана, цIерга даьтта туьйхира:

— Хьовсалаш шун «ондачунна» цо оцу мерах хIума тухуш!

ЧутаьIна мара а, ерстина лелххa йохкуш беснеш а йолуш волу Лоппаг ши буй а бина, нIаьнан кIорни санна, Бенона тIеволавелира, ткъа важа цхьа а тергал а ца веш, цхьанхьа ша охьа а хиъна, шена чу са даийта дагахь, юьстах волуш воллура. Цунна дуьхьал а ваьлла катоьхна пхьарс схьа а лаьцна, буй айира Лаппаго. Ша волчуьра меттах а ца хьовш, цуьнга вон бIаьра а хьаьжна, IадъIийра Бено. «Кхарна массарна а соьгара дезаш дерг хIун ду техьа? ДIо чохь воккхачу стага а хьийзийра со, кхузахь — кхара а ца вуьту».

Лоппаго юха а буй ластийра.

— Ма гIерта сан коча! — цIеххьана сенвелира Бено.

Дийнна берийн арданго меллаша тIе а яхана, гобира цу шинна.

— ХIун деш лаьтта хьо, тIетоха цунна оцу лерга улло!..

— Бетах тоха!..

— Дозалла-м ма дора ахьа: аса цкъа тоьхча, хьожа охьа хоьцур ю!.. бохуш.

— TIеялийта цунна, Лоппаг!..

«Ондачо» ластийна оцу некхан уьн тIе буй туьйхира Бенона. Бенон бIаьргех суйнаш девлира. Цо а бетах буй туьйхира шен мостагIчунна.

— УргIал богIу! — мохь туьйхира цхьаммо, питана туьйсуш берш Лоппагца цхьаьний, оцу минотехь бевдда къайлабевлира.

Хьаьрса маж а йолуш, лекхачу дегIахь волу надзиратель вара, еха шенаш а туьйсуш, гIарагIули санна, уьйтIахула схьавогIуш.

Даккхий мочхалш долу цуьнан беха корта цу ютъкъачу вортанна тIехь сацца дIасахьоьжуш хуьлура, ткъа и жима ира ши бIаьрг, бехке ван дешархо лоьхуш, леррина цаьрга хьоьжуш хуьлура.

— ХIан, схьатохал суна хьожа! — баккхийчех цаI сацийра цо. — Ма оьзна ахьа цигаьрка!

— Асий? Ма алахьа! Аса-м ма ца оьзна цигаьрка.

— Муха ца оьзна? Ткъа схьатохал кхин цкъа а хьожа! Оьзна! ТIе хох биъна ахьа!

— Уьш-м аса обедсхь йиъна котлеташ ю... Ца оьзна аса-м цигаьрка...

Бехказа вийларх, дехарш дарх, дош даларх гIуллакх ца хуьлура ишттачу меттигашкахь. ХIинца а, дIаьвше вела а къежаш, дешархо инспекторна тIеэцна воьдуш вара надзиратель.

Кхана кIиранде дара, оцу дийнахь обед яале хьалха дешархошна тIебуьтура уьш болчу богIуш болу дай-наной. Хаза кечйина йолу керла обанаш тIе а юхий, леррина кхиийначу, тулгIеш санна хьийзинчу, коьртарчу ехачу кIажарех а, ехачу можах а дозаллаш а деш, берстина оьрсийн — «оьзда» баккхий мозгIарш а, гIалара вуьшта мозгIарш а, шайн зударий уллохь а болуш, дай-наной тIебуьтучу чу а богIий, шайн кIентий шайна тIебалоре хьоьжуш, охьа а ховший Iеш хуьлура. ДIадолалора барташ бахар а марлелхар а, дай-наноша шайн кIенташна дIалора мерзалгаш а, тайп-тайпана цIахь йина кхарзарш а юккъехь йолу яккхий ларчаш. Къиэнаш а богIура шайчарна тIаьхьа: ярташкара кегийра мозгIарш а, дьяконаш а, псаломщикаш а. Цхьанхьа сонне а бовлий, гоьбевлла болчу динан хьалхархошка, царах хьега а хьоьгуш, хьоьжуш хуьлура оцу тайпана берш.

Бенон дений-нанний а дагадеанера кIантана тIаьхьадаха. Дезаде долуш санна, берриг доьзал бара цига боьдуш: Селимас цхьана кара а эцна яхьаш яра уггар жимах йолу йоI, ткъа важа шоллагIниг, Марем, вукха куьйга а лаьцна ялош яра. Йоккхах йолу шиъ улло а яьлла, едда йогIуш яра. Уллохула тIехбуьйлуш берш лоррий хьовсура оцу цхьа ша тайпа тамашийначу доьзале, ткъа цхьа къона стаг, зудий саца а сецна, леррина цаьрга хьоьжуш лаьттира.

«Дика адамаш ду уьш, — моттаделира Арсбина, — тхан некъ ца хадорхьама севцца уьш».

— ДIахьажал, Iайшат, дIога, — пIелг а хьажийна, гайтира Арсбис. — Цигахь ву хьуна доьшуш вайн Бено. ЧIогIа ган лууш корта хьала айира йоIа.

«Ма йоккха школа ю иза, — дагадеара Селимина, цецъяьлла корта ластийра цо.— Кораш ма дукха а ду— цаI, шиъ... ялх... — берхIиттанна тIекхаччалц дагардира цо уьш».

Подвалашкара дуьйна тхевнийн биста кхаччалц дерриге а цIенойх леррина бIаьрг тухуш чекх а ваьлла, кхоьлира Арсби: «Килсана буьххьехь санна, тхов тIе дIатоьхна йоллуш жаIар ю, амма цул кIеззиг жимом-ю. ГIам-м». — ойла йора цо.

— ДIахьовсийша, дIахьовсийша, — сихъелира Селима, — дIогарчу неIарехула чуоьхуш бу! Гой хьуна, чубоьлхуш лаьтта?

— Схьахетарехь, вай а циггахула чу даха деза, — баса а баьлла болу, шен коьртара куй тобира Арсбис. Йоманаш а техкина, вуно тиш а елла йолу, шена тIерачу пиджакан юх охьа а оьзна, мекхех пIелгаш а хьакхна, тIе дIаволавелира иза. Цунна тIаьххье дIаболабелира доьзал а. Башха дика духарш тIехь а долуш цIеношна чу оьхуш а, царна чуьра арадуьйлуш а долчу адамашна некъ а битина, урамехула чоьхьа йовлуш йолчу яккхийчу неIаршна хьалхха дIа а хIиттина, бехха лаьттира уьш. ХIинццалц схьа цига оьхуш долчу адамех тера а боцчу, цу тIе, чубаха а ца гIерташ, цIеношна чуьра арадуьйлучу адамашка а хьоьжуш лаьттачу Арсбин доьзале, наг-наггахь бIаьрг тухура швейцаро. Ткъа бакъ дан а дара Арсби, мухха делахь а кIеззиг воьхна ван а вара.

— Кхуза а хIиттина шу хIун деш лаьтта? — буьрса юьхь-бIаьргаш а долуш волу цхьа стаг веъана хьалха хIоьттира царна.

— Со а, хIара сан зуда а... тхайн кIантах бIаьрг тоха ма даьхкинера тхо-м...

Дукъа девлла долу шен Iаьржа цIоцкъамаш дусийра оцу стага, ткъа Арсбис шен йоIарий а гайтина, элира:

— ХIара цуьнан йижарий а баьхкина шайн ваша ган.

— Со кхеташ хIума дац ахьа дуьйцург! Доцца аьлча шуна хIун оьшу? Кхета а веш дийцахьа!

Арсбис цIеношна тIе пIелг хьажийра:

— Кху чохь ву тхан кIант. Цунах бIаьрг гоха даьхкинера тхо. Оццу минотехь неI шуьйрра еллаелира.

— ХIа-а, воккха мозгIар хьо ву иза! — буьрса стаг цхьа ша тайпана лала а лелина, цуьнан сийнна охьатаьIира. — КIант волчу веанера хьо?

— Веанера те, делан пурбанца!—шен керара жаIар хIаваэхь дIа а, схьа а хьовзийра оьрсийн мозгIаро, хIунда аьлча, цуьнан сийдеш цуьнца къамеле ваьлла волу стаг, мухха делахь а ша къобал вайта цуьнан жаIарна кIел хIотта, гергга тIе ца хилира цунна. — Башха дика гIулакх ду шун кхузахь, господин инспектор, со чIогIа реза ву шуна!

— ХIусамнана муха ю? Дика могуш юй иза? Тхан чу веа велара хьо!

— ХIусамнана, далла бу хастам, дика ю. Чу кхайкхарна баркалла. Ницкъ кхочург волчу ваха сиха ву со, марша Iолда дала Iалашдолда шу!

Инспектор юха а Арсбина тIевирзира:

— Шун кIант цхьа экха ду. Берзан кIеза санна лелаш ву иза кхузахь.

«Начальнико боху: — КIант борз санна ву, — Арсбин балдийн йистош кIеззиг елакъежира.— ХIан, хуьлуьйтур вай сан кIант иштта, амма хIунда хьоьжу соьга хIара стаг со кхуьнан мостагI а, ткъа хIара ша сан чIирхо а волчу кепара?».

ХIокху сохьтехь уггар коьртаниг кIант гар дара. Амма муха кхачалур ву цунна тIе, кхин хьаьнга, муха дан деза дехар? Арсбина иза ца хаьара. Цуьнан зудий, зудаберашший муьтIахь хилла Iадъеш бара, дог тешна цуьнан бIаьра а хьоьжуш: дадина хаьа хIун дан деза. Арсбина хиира церан дагара сингаттам, цо меллаша корта таIийра: — Вон дац, ма кхералаш, хIинцца гур ву вайна Бено, — бохург дара иза.

Церан дагахь хиллачу оцу къамелана жоп луш санна, шен лергашна тIеххула декъа а, цIогIанен долу инспекторан аз хезира цунна:

— Тхох иза воьлла валлац аса бакъо ца ло шу цунна тIедита, — неIарехьа дIавирзира буьрса начальник. Арсби цунна дуьхьал велира.

— Соьца бегаш ма белахь! КIант сан ву! — Нагахь санна цхьана кхечу хIуманах лаьцна и къамел хиллехьара, даим а лаьттинчу мискалло Iазапехь валлийна а, кIелвитина а волу Арсби, къамел дан бIо а ца бӧьлла,

юхавер вара — оцу начальникан хьежар цIеххьана сил буьрса хийтира цунна. Амма хIинца дена шен кIант ган лаьара! Нагахь санна чIогIа оьгIазе а, цабезаме а долчу инспекторан хьежаро Арсби цецваькккхина хиллехь, ткъа оцу буьрсачу хьехархочо Арсбин хьежарехь а йийшира цхьа буьрсалла, оцу сохьтехь иза шен дешан сацамах юхаваькккхира цо.

— Делахь хIета, дика ду, чудовла. Цкъа хIинца аса тIедуьтур ду шу. Шега бохучуьнга ладугIуш а, кхечара кхочушдеш дерш дерриг кхочушдеш а хила ала шайн кIанте.

КIант кхарех дIаваькккхина ца хиллера. Шен дел, ненал кIезиг воккхавеш а воцуш, хIинца кхуззахь, цаьрца цхьаьна лаьтташ вара кIант.

— Аса ма элира шуьга, вайна хIинца хIара гур ву,— Бенона мара а иккхина, гIадвахана воьлуш вара Арсби. ТIаккха шена хьалхха кIант дIа а хIоттийна, веха, лерина хьоьжуш вара да, воккха а хилла, цуьнан къонахалле дирзинчу аматашка.

— ХIун боху хьан начальникаша? Дика доьший ахьа? Дешалахь, Iамаделахь. Охьа а таьIна кIентан лере а вахана, доьзало цунна деана цаI бен доцу совгIат— цIийбелла Iаж дIа а кховдийна, гуттара меллаша кхин а элира Арсбис:

— Дешалахь, начальникашна лууш дерг, дерриге а делахь. Амма..., — цуьнан аз дуьйхира,— со... аьлча а тхо диц ма делахь. Воккха хилча, тхуна гIо дийр ду ахьа.

Леррина шен дега хьаьжира Бено. БIаьргаш чу бахнера, беснеш чуэгнера, нанас мосуьйттазза а йоманаш а техкина, ша вичхьана дуьйна кIантана дага а догIуш долу тишделла барзакъаш дара цунна тIехь дерш. Ӳллохь лаьтташ йолу нана — хьегначу балано бIаьргашна кIел а, бета гонах а цкъа а дIадовр доцуш долу кIоргийра хебарш а хIиттийна яра, вуно къен а, лоха а долчу цIа чохь дукха хан йоццуш кхуьнца цхьаьна Iийна а, гIалина йистехь дIакхийсинчу кхеллешлахь кхуьнца цхьаьна даьIахкаш лехьийна а болу и эгIаза йижарий... Ткъа хIара ша муха Iеш ву? Меца вац, йовхачу чохь Iеш ву, тIеюьйхина бедар даим а цIена ю, цIенчу метта охьавуьжуш ву, уьш дерриш а долуш дара дешаран дуьхьа, ткъа доьшура тIаккха доьзална гIодархьама. ТIаккха! И «тIаккхе» вуно генахь, вуно бодане хеташ яра.

Ткъа хIинца, велха ца велхархьама церга балда лоьцура, цIий дан доллалц шен куьйгех маIарш туьйсура Бенос.

Дай-наний шозлагIа Бено волчу дахара, иза вукха классе ваьллачул тIаьхьа. Шайца лулара гIалгIа Мусост а валош, дукха Iуьйрре баьхкинера уьш цига. И де шийла дара, ткъа Мусост училище веанера тIеюьйхина кхекхийн кетар а йолуш, башлакхца боккха месала куй коьрта а тиллина. Адамаш тIеоьцучу чохь кхекхех йогIу силон хьожа яьржира. БIаьргашна тIееана башлакх Мусоста тIехьатеттира — тIаккха гучуелира дашо-ал бIаьргаш долуш йолу цуьнан безаме шуьйра юьхь.

— Хьо волчу хьан бусалбанаш баьхкина! — приемни чу ваха цунна некъ а буьтуш, Бенона Iиттарш йора дешархоша. Бено зу санна вусавелира, делахь а цаьрга кIелдIахула дIа а хьаьжна, вист а ца хилира. Иза уьш тергалдечохь вацара.

Оцу хенахь аркина тIехула хьала кхозучу йоккхачу иконе леррина хьоьжуш воллуш вара Мусост. Арсбих пхьаьрсан гола а Iоьттина, цуьнга бIаьрг таIийра цо:

— Дезчу денна кечвелла пурстоп санна, къиэгийца,— элира цо.

— Бено вогIуш ву, — хазахеташ меллаша йистхилира Селима.

Мусост шуьйрра велакъежира.

— О-о-о! Бено, Арсбин кIант, йоккхачу школехь доьшуш веца! — дешархочуьнан белш тIе кьуг туйхира цо.

Бено жоп дала кхиъна валале массо а агIорхьара гIовгIанаш евлира:

— Куйнаш дIадаха, басурманаш! Кхузахь-м базар яций!

— Тфу-у, басурманаш!..

— Ма сакъералуш бу хIорш,— бIаьргаш хьалахьовсийра Мусоста. — ХIун боху цара?

— Шайн кIант гина чIогIа хазахеташ а, иза воккхахилла, ондаваьлла гуш даккхидеш а долчу денний, нанний хIумма а хаза а ца хезара — я гIовгIанаш а, я уьш шайх бийлар а. Ур-атталла церан бIаьрг а ца кхийтира улло яьлла шен зуда а йолуш, приемни чувеанчу, куц долуш волчу оьрсийн мозгIарх а. Амма Мусост-м вара чубаьхкинчаьрга дукха лерина хьоьжуш. Бага а гIаттийна терго еш волчу цунна гора икона хьалха дIа а

хIиттина, цара жаIаран сурт хIоттош а, чохь болчаьрга маршалла хоьттуш уьш массо а агIор охьа муха таьIара а, эххар тIаьхьа шайна дуьххьал уьш охьаховшуш а. Терго еш волчуьра иза юкъахваькхира лерга улло а веана, цIехьана гIоргIа вистхиллачу швейцаро:

— Куйнаш дIадаха! — аьлла.

— ХIун боху цо? — Арсбигахьа дIавирзира Мусост. Амма кIантаца къамел деш волчу вукхунна, цо аьлларг ца хезира.

— ХIу бохура оцу салтичо? — Беногахьа дIа а вирзина, юха а шен хаттар дира Мусоста.

— Куйнаш дIадаха деза, боху-кх, — ца ваьлла иконах бIаьрг туьйхира Бенос. Дийнна швейцарехьа дIа а вирзина, сихвелла багаетта волавелира Мусост:

— ХIей, кунак, наш чапка долой нет... э-э, яман такой дел! — Ша Iечуьра хьала а гIеттина, башлакх коьрта тIеозийра цо: кху чуьра дIагIур ву со-м,— бохург дара иза. Цунна тIаьххье хьалагIевттира Бенон дай, наний а.

— Тфу-тфу! Тфу-тфу! — хезаш дара дIабоьлхучарна тIаьхьашхула. Учахь а, ламина тIехь а гIовгIанаш а, беларш а девлира.

Уьш бIаьргана гучуьра дIабовллушехь Бено чу хьаьдира царех цабешаш буьйлуш хиллачарна. Вовшийн охьа а бетташ тасабелира, гIовгIанаш а, беларш а девлира, гIовгIанаш йолчу веана схьаиккхира дежурни хьехархо.

— ХIара хIун тIом бу аша бийриг? — летачийн тобанна юккъе иккхира иза. Чехкка дIасадекъало!..

Амма дов соцуш дацара. Бенона а, цунна дуьхьал леташ болчарна а аддам ган а ца гора, царна хIумма а хаза а ца хезара. Вовшашна буйнаш деттачуьра ца совцура уьш, шайн аьтто баьл-баьллачу тIетухура цара, цхьаболчара — тIаьхь-тIаьхьа хьербуьйлуш, вукхара — тIеттIа чуьрабуьйлуш.

— Ма жима борз а ю-кх хьо! — кач-белш а лаьцна девнан оцу кIуркIаме юккъера Бено схьа а ваькхина, цуьнан жималлин майралла ша къобалъечу кепара Бенога дIа а хьаьжна, велакъежира воспитатель.

— Хьо хIунда летара? Дов стенна тIехула даьллера шун? — хаьттира цо. Бенос доккха садаькхира.

— Уьш шаьш... кочатийсалора-кх. Царех.... царех... буьйлура уьш.

Дукха чIогIа халахетта, легашка къурдаш а хIуьттуш, вист а ца хилалуш, дистинчу балдина тIехула куьг хьаькхира Бенос.

Воспитатель вухахьаьжира. Дерриге а бераш дIасадевддера. ДоттагIаллийца дешархочуьнан белш тIе куьг диллира воспитателю.

— Одеринт, дим метуант*— элира цо латинин маттахь. — Вало дежурни цIа чу гIур ву вайша, цу чохь аддам а дац.

Дежурни цIа чохь Бено гIента охьа а хаийна, ткъа ша дIа-схьа волавелла лелара иза.

— Голенко вевзий хьуна? — Бенона хьалххахь сецира иза.

— Ца вевза.

— А-а-а... бохуш, цхьа стомма аз а долуш ву-кх иза...

— Вевза, велакъежира Бено.

— Вевза бохий ахьа? Делахь дика ду хIета,— дIасаволавелира хьехархо, — цунах а хуьлура иштта буьйлуш: «Хохол! хохол!» — бохуш. Ткъа иза шек дIа а ца волура! Шен дешар а доьшуш IаддаIеш вара иза. Дика дешархо вара. Кхин цаI а вара — Черноземов. Иза а иштта хьийзавора цара: «Муьжгий! Капал!» — бохуш. Ткъа иза уьш тергал а ца беш, уллохула тIех а волий, дIавоьдура — тIаккха шен книжкаш еша охьахоура...

Юха а Бенона уллохь саца а сецна, куьзганашна чухула шен баккхийчу сийначу бIаьргашца цуьнга дIахьаьжира воспитатель.

«— Ма дика хьехархо ву хьо, — ойла хилира Бенон,— со охьа а хаийна, ша ирахь лаьттийца».

Ткъа важа, ши куьг тIехьа а диллина, юха а чухула дIасаволавелира.

— ХIаъа, сан ваша, хIаъа, — ша шен ойланашна нисса жоп луш волуш санна, цхьа а маьIна а доцуш элира цо.

Цуьнан зарзъеллачу пиджаке а, тишъеллачу шибле-ташка а, къежделлачу гиччошка а, тIехьа хьаькхначу къежъеллачу кIужале а леррина хьоьжура Бено.

Эххар тIаьхьа вуха а вирзина, сих а ца луш, мелла-

---

* Хьо царна-ца везарх хIумма а дац, уьш хьох кхоьруш хилчхьана.

ша масех ког а баькккхина, Бенона герга вахара хьехархо.

— Доллу хIума а хийцалур ду, сан ваша... Сингаттамен ма хила. Ткъа хIинца дIа а гIой вастало, со дежурни воллучуьра кертахула волало, амма хье ма лолахь. ХIинцачул тIаьхьа нисса ши сахьт даьлча аса дежурство дIалур ду хьуна. Вало гIо...

Бено чуьра аравелира. Хьехархочунна муха хиира цуьнан дагахь дерг? Иза кхийтира Бенонна ша а ваьлла, Iен лууш хиларх, чIурамийн, сегIазан, даьттанан, оцу хьожанах а, Iарзделла юьхь-бIаьргаш а долуш, къегаш йолчу иконех а — Николай Чудотворцан, Жабраила Маликан, Иоанн Крестителан, йоьIан Марьян, Георгий победоносцан, Пантелеймонан иконех гена вала лууш иза хиларх.

ХIинца, ехачу учахула ша дIавоьдуш и дерриге а сийлахь адамаш леррина шена хьалха дIахIиттина хетара Бенона. Церан сурташ хьала кхозуш дара хIор неIарна тIехула, массо а маьIIехь; дешархой дIабуьйшучу чоьнашна чохь, классашна чохь, зурманаш лоькхучу чохь, цомгушнаш Iохкучу чохь, урамехула чуйогIучу неIарна хьалхахь. «Тхо шуьца ду, — бохуш, санна хеталора цара, — тхо дезаш хилалаш, хестаделаш, кхералаш тхох, хIинца шаьш кегийра долчу хенахь а, кхано шаьш къанделча а, шаьш лен миноташ тIехIиттича а!».

Училищана гобаькккхина тIулгех динчу пенашна тIехула дIахьаьжча, геннахь хаза лепаш бара Казбек ламанан бухь. Цунна тIехьахь, гуш бара херх хьаькхна хадийча сана нийса бухь болу, Мет лам. И лаьмнаш хIумма а генахь дац аьлла хеталуш дара, амма Бенона хууш дара гIалара дIа, иттаннаш чаккхармаш генахь уьш хилар. Мет ломан шина а агIорхьа, гIалина гергахьа, дIахьаьжча гуш Iаьржа хьун йолчу меттигехь, машарен некадеш, бамба санна кIайн мархаш яра, царна кIелхула ловзуш лелаш ши маккхал а яра — цкъа гучуйолуш, тIаккха къайлайолуш.

Оцу сохьтехь сихха цигга дIа а вахана, сийначу бацалахь Iилла лиира Бенона. Иза цкъа а хилла вацара лаьмнашкахь, ша жима бер долчу хенахь, шен нанна улло а хиъна Iеш ша волуш, церан хьокъехь цо дуьйцуш хазар бен, уьш дага а ца догIура цунна, ткъа нанас лаьмнийн хьокъехь а, церан боьранийн хьокъехь а.

цигарчу дикачу адамийн хьокъехь а, сийсазвина, ирсдайна волчунна тIехь ницкъ бойтуш боцчу, майрачу дошлойн хьокъехь а гIийла эшарш лоькхура хIетахь. ЭхI, ма серлаболура цуьнан кхоьлина ши бIаьрг, хазчу Iуьйренан хьокъехь, дашочу маьлхан хьокъехь, ламанан сирлачу шовданийн хьокъехь цо эшарш лоькхучу хенахь!

Бенос ладуьйгIира. Цунна цхьанхьара схьахезира Iадхьоькхучу пондаран дукха хаза, дукха исбаьхьа аз. Цо дегIана там а бина, жима бер санна, ша шена велакъежира иза. Цо лоькху йиш адамийн матте яккха шена хуур дацахь а, хIинца а йиш къастийна Бенон дагна чу йижира. Цхьана уггар башхачунах, уггар тоьлуш долчунах лаьцна лоькхуш а, ша цаI бен а воцуш, хила гIо а доцуш чIогIа эшийна кIелвитинчуьнга дIакхойкхуш а яра и йиш.

Дагаяьхкинчу ойланаша хилларг дицдира. Бенона. Килсехь тоьхначу горгалин чIогIа даьллачу татано оцу сохьтехь юха а доллу хIума дага а даийтина, метта валийра иза.

Лоькхучуьра пондар (чIондарг) сецира. Бенон бIаьргашна хьалха юха а дIахIоьттира изза йоккха уьйтIе а, тхов тIе тоьхна йоккха жIар а йолуш долу изза цIенош а. Кхоьлина корта а оллийна, классана чу вахара иза. Суьйренан ламазана килсе баха, шишша цхьаьна дIахIуьттуш бара дешархой: кхана дезде дара.

ШоллагIчу Iуьйранна училищан килс а яра адамех юьзна. Школан дешархойл а, хьехархойл а совнаха иза юьзнера даим а цига оьхуш долчу, гIаларчу адамаша. Гуттар а санна, ша волчу классерачу дешархошца дIахIоьттина вара Бено.

Торжественни де дара иза. МозгIаран гIуллакх дIахьош ша архимандрит вара, тIекхоьллина дешица кхелина оба а йолуш. ГIалин протодьякон вара, шех дIатуьйсуш кIайн кIур а, ладанан хьожа а йолуш долу кадило карахь дIаса а лестош.

Паччахьан кех чоьхьа а ваьлла, бос байна шен юьхь ламаз деш болчаьргахьа дIа а ерзийна, цаьрга цхьа хIума а аьлла, уьш декъала а бина, цаьрга маршалла хоттуш охьатаьIира архимандрит. Маршалла хоьттуш цунна охьатеIаш вуьйш а бара. Шега схьа а хьаьжна, архимандрито шега маршалла хоьтту моттаделира Бенона. Иза башха гIалат а ца ваьллера. Цунах бIаьрг кхетча,

воккхачу стагана дагадеара: «Дика билгало ю иза! Делан хьаьрме оьхуш ву иза». Амма оццу хенахь ламазан йир олуш болчаьргахьа дIавирзира Бено.

Меца а болуш ламазашна тIехь лаьтташ хуьлура дешархой. Кегийра дешархой кIадлора, дог а гIеллой бос бовра, цкъацкъа уьш килса чуьра ара текхо дезаш а хуьлура. Оццу минотехь Бенона хьалххахь голашна тIехь лаьтташ волу царех цаI, цIеххьана вегавира, цамгаран узар а бина, ворта ях а йина, сихха бета тIе куьг диллира цо. Иза Iеттийра. МагIаршна юкъара дIа а ваьлла, гал а вуьйлуш килса чухула неIарехьа дIавахара иза, ткъа цигахь, килса чу баьхкинчаьргара гулдинчу ахчанна тIехь лаьтташ волчу инспекторна тIенисвелира иза. КIант сецира: «Сан дог вон хилла... Аравала пурба лохьа суна». Цуьнга цкъа дIа а хьаьжна, иштта вон куьг тесира инспекторо, яхийта хьайн алаша, бохучу кепара.

Аравааллаза висира Бено а, амма олуш йир хиларна чохь сецира иза. Йир олуш хазхетарний бен цига вогIуш а вацара иза.

Йир ала дIакъастийнарш уггар дика мукъам берш бара. Регент а волуш волчу шайн хьехархочуьнан куьйгаллица, йир олуш бара дешархой. Цо камертон хьалаайира. ДIайолаелира цхьа хаза йиш: иза дIайолийнарш дуткъа аз долу уггар кегийра бераш дара, царех дIаийра зударийн тайпана байн мукъам болу аьзнаш, царна тIекхийтира лаккхара мукъам болу божарийн аьзнаш, тайп-тайпана аьзнаш долу и хаза йиш тIе а чIагIъеш, хьала а йоккхуш эххар тIаьхьа юкъадаьхкира божарийн стоммий аьзнаш.

Селхана училищан кертахь дитта кIелахь цуьнан лергашна Iадхьоькхучу пондаран аз хезча, цкъа а ца хиллачу тайпана цо там бира Бенон дагна. Оцу башха исбаьхьчу мукъаман хазчу эшарша и, мукъам цкъа лах а лой, меллаша, дог хьаста а хьостуш, хи тIехь тулгIе санна дIабовра, тIаккха цIеххьана, оьгIазе бекаш, доккха цхьа аз а хуьлий, лакха хьалаболура, тIаккха а генна дIа а боьдий, меллаша дIабовра. Оццу хенахь регенто сихха куьйгаш ластийра, ткъа йир олуш болчара чу мох озош кIорггера даккхий синош а даьхна, къаьсттина училищехь стомма аз долуш волчу Голенкос,— тIам тIехь чу хьалхича санна, килса чухула дIахьаьдира, стигал къекъош санна, массара а цхьабосса

чIогIа тоьхна аьзнаш. Бенон дегIан массо а меже егалуш чекхъелира. Шен ерриг буьрсаллица, шен дерриг сийлаллица оццу минотехь, дела ша, Саваоф, стиглара охьавуссуш ву аьлла хетаделира цунна.

Килсан баьрччехь лаьттачу лекхачу стоьлана улло дIа а хIоьттина, леккха стигала ши куьг хьала а дахийтина, тIаккха уьш охьа а хоьцуш, голашна тIе охьалахвелира архимадрит. Килса чухула меллаша чекхделира тата, дешархой а, килсе баьхкинарш а, голашна тIе охьахевшира. Цхьана гоьлана тIе охьа а лахвелла, эпсар ша волуш санна, кхо пIелг хьажа юккъе а хIоттийна, жаIаран сурт хIотто а ца кхуьуш, оццу суртехь, висира инспектор. Къайллах вонна дIахьежа Iеминчу цуьнан Iаьржачу бIаьргашна бехкбаьлларг гира, охьа а кхозаделла долу цуьнан ши цIоцкъам, мерана тIеххула вовшех хоттаделира. И хIун ду хIинца? Дешархойх цаI, голашна тIе охьа а ца хууш, ткъа нисса ира а хIоьттина. Христос хестош лаккавохуш дIахIоттийна лаьтташ лекха стол йолчу килсан баьрче дIа а ца хьоьжуш, ткъа эгIийча санна, йир олуш болчарний, регентаний тIера бIаьрг дIа а ца боккхуш лаьтташ вара.

Училищан порядкаш луьра ларъярхо хьала а гIеттина, меллаша тIевахара бехкбаьллачу дешархочунна.

— Хьо мичахь лаьтташ ву? Базарахь ву хьо я килсехь ву хьо? — оьгIазе вон вист а хилла, Бенон букъах буй Iоьттира цо. ЦIеххьана дIатеттина волу Бено, бертал кхийтира, шена хьалхахь волу кхин цхьа дешархо охьа а тухуш. Дукха кхеравелла важа мохь а хьаькхна, голашна тIера ира а хIуттуш, сихха хьаланккхира. Цунна тIаьххье хьалагIевттира берриш а. ОьгIаз а вахана, корта а таIийна, вист а ца хуьлуш килса чуьра аравелира Бено. Училищан поваро Чубара, лаха чубуссучу ламина тIекхоччучу хенахь тIаьхьа кхиъна, цуьнга элира:

— ХIей кIант, тхо Iеш долчу чу, со волчу вола! КIезиг чохь а Iийна юхавогIур ву хьо!

— ХIахIан! Со кхин цкъа а вогIур вац кхуза,— цунна пе а тоьхна, ламина тIехула чухьаьдира Бено. Цуьнан бIаьрг кхийтира неIарна тIеххула кхозучу адамаш декъалдан тесна куьг а долуш, даькхкхинчу «Николай Чудотворцан» суртах. ОьгIазе цуьнга дIа а хьаьжна, кхин а чехка дIавахара Бено. Арайолучу неIарна тIекхаьчча сецира иза. Цигахь Iеш швейцар вара. «Хьо вахьахь ва-

лал ара!»— бохучу кепара, Бенога дІахьаьжира иза. Вуха а вирзина, столовина а, надзирателийн квартирашна а уллохула тІех а ваьлла дІавоьдуш, цхьана цІа чу хьаьжира Бено: корах араэккха меттиг бац техьа цигахь, ткъа уьйтІара — керта тІехула урамновкъа вала а? Амма иза дан аьтто ца белира. Цу чохь хиъна Іеш вара музыка хьоьхуш волу Бронислав Иосифович.

— ХІун оьшу хьуна, хІун оьшу... схьа чувала! — деган дикаллица дешархочуьнга дІа а хьаьжна, чу кхайкхира цо. Дика ца хІуттуш ши гІулч хьалха дІа а яьккхина, хьехархочуьнан карарчу Іадхьоькхучу пондарх бІаьрг кхетча, юьхьа тІера бос хийца а белла сецира Бено. «Со уьйтІахь Іеш волчу хенахь Іадхьоькху пондар лоькхуш верг иза хилла-кх» — дагадеара цунна.

— Хьо килсехь хІунда вац? — пондаран мерзах пІелг а тесна, цхьа тамашийна велакъежира хьехархо.

— Килс ца еза хьуна? Ткъа музыка езий хьуна?

Хьехархочуьнгей, скрипкей бІаьрг а тоьхна, чІагІдеш корта таІийра дешархочо. Музыка чІогІа хазахеташ вара иза!

— Халахета суна, халахета, тІаьхьависина хьо.

— ХІун дан тІаьхьависина со?

— Пондар лакха Іамо.

— Іадхьоькху пондар лакха Іамон? Пондар Іамо чІотІа лууш ву со,— дехар дарца леррина цуьнга дІахьаьжира Бено.

Бронислав Иосифович шен дог-дикаллица Бенон деган кІорге кхача гІерташ санна, вехха леррина хьаьжира цуьнга. ТІаккха корта ластийра.

—«Іамо лууш ву со» — бохург кІезиг ду, дукха кІезиг ду, сан хьомениг. Уггар хьалха хаа дезаш ду хьо музыка Іемар йолуш ву я вац, цуьнан мукъам хьуна бевза я ца бевза, муха ю хьан лергийн семалла. Ткъа цул тІаьхьа музыка лакха хаархьама къахьега деза, вуно дукха къахьега! Музыка — иза дахар ду, иза стеган дог ду!

И воккха стаг-хьехархо волчохь цІеххьана дог пагІат а делира, даг чу тешам а бижира Бенон.

— Со... со иза хууш ву. Уьш дерриш а со хууш ву, Бронислав Иосифович. Къахьоьгур долуш ву со. Сел хана ахьа пондар лоькхуш хезира суна! Хьо вацара ткъа иза лекхнарг?

Уллохь цхьа а адам а доцуш, селхана ша уьйтIахь Iеш волчу хенахь шена хезна болу мукъам, хедаш долчу беран озаца дIаэлира Бенос, цхьа бакъду, дика цIенчу оьрсийн маттахь ала а ца луш-м элира цо иза.

— О! О! — цецвелира воккха стаг. — Цкъа бен ца хезнашехьа иштта дагабогIу хьуна иза? О, о!— цецвуьйлура иза.

Чухула дIа а, схьа а волавелла, цIеххьана Бенона тIе а вирзина, цунна хьалхха дIахIоьттира иза.

— Схьагайтал суна хьайн куьйгаш!

Доггах язда гIерташ тIедевлла долу шекъанан томмагIнаш цкъа а тIера дIадовлуш а доцу, шен ши куьг дIакховдийра Бенос. Шен даккхийчу куьйгашца дIакарчош, схьакарчош, леррина цаьрга хьаьжира Бронислав Иосифович.

— Дика ду!— воккхавеш элира цо. Инспекторца къамел дийр ду аса! «Инпектор» боху дош шена хезча Бенона тIера бос сенбелира. Цуьнца къамел дарх дош хир доцийла оцу минотехь хаа а хиъна, аравала дагахь неIарехьа дIавирзира иза, амма цIеххьана ша волччохь юха а сецира. Мерзаш долу тайп-тайпана пондарш дара неIарна уллохь пенан оганца лаьтташ. Бенон ши бIаьрг серлабелира, юьхьа тIе цIен бос беара.

КIентан тидам стенна тIебахана хьажа, ша волчуьра хьалагIеттира Бронислав Иосифович.

— ХIан, схьавола кхуза,— пена улло дIакхайкхира цо Бенога.

— Iадхьоькху пондар лакха Iамор—иза сийлахь доккха гIуллакх ду,— пондаран мерзех пIелгаш тесира хьехархочо. — Оцу исбаьхьаллел лакхара хIума цхьа а дац!..

— Иза хIун ю? — хаьттира Бенос, тIехьаьжча Iадхьоькхучу пондарх тера а болуш, амма охьанехьа а берзийна, юьхьиг цIенкъах а гIортийна лаьтташ болу боккха пондар хьехархочунна ган а гайтина.

— Иза — виолончель бу,— аьлла, стомма аз долчу мерзех пIелг Iоьттира хьехархочо. Ша меттах хьебарна резабоцуш санна, стегачух тера стомма, гIийла аз делира пондарера.

— Ткъа дукха хан езий Iадхьоькху пондар лакха Iама? Училище чекхъяккхина валале Iамо кхуьур вуй со иза?

ДIанехьа а ваьлла, хьалха ша хиллачу охьа а хиъна,

ойла а еш, доккха садаьккхира хьехархочо. Учара схьахезаш адамийн аьзнаш а, когийн татанаш а дара. Килсера бовла а бевлла, чай мала столови чу боьлхуш бара дешархой.

— Хlан, дlагlо хlинца,— элира цо Бенога. — Къамел дийр ду аса.

Пондарх тlаьххьара бlаьрг а тоьхна, корта а оллийна, дог эшна чуьра аравелира Бено.

— Корта хlунда оллийна ахьа? — аьлла, шен стомма аз туьйхира Голенкос, ламина тlехь Бено шена дуьхьал кхетча. — Хlинца чай а мелла, пондарш лоьккхучу цlа чу гlур ву вайша,— доттагlаллица Бено шена тlеозийра цо.

— Музыкальни цlа чуй?

— Хlаъа!

— Голенко безамехь хеташ Бено волу дуккха а хан яра. Лекхачу дегlахь а воцуш, амма шуьйра белшаш а йолуш зоьртал а волчу цо, шега деган безам бохуьйтура lаьржа амат болчу шен цlенчу юьхьан сибатца а, алсирлачу бlаьргашца а.

— Хьо, жима кlант, музыка езаш вуй?

— Езаш ву,— хазахетта тlевирзира цунна Бено. «Езаш хиларх хlун пайда бу иза?» — оцу минотехь дага а деана, шел воккхачу накъосте хаьттира цо: — Ахьа локхуш ерг муьлхарниг ю?

— Виолончель ю.

— Йир а дика олу ахьа. Килса чохь ма чlогlа аз тухуш элира ахьа!..

— Иза соьга далуш ду,— стомма аз туьйхира Голенкос.

Бено ца ваьлла велакъежира. Виолончелан мерзачу озанах тера дара цуьнан аз!

— Ткъа дийцахьа,— цунах тешам бахана юха а хаьттира Бенос,— хlун стаг ву и Бронислав Иосифович? Оьрси-м вац иза?

— Бронислав Иосифович хlун стаг ву? — шега Бенос дина хаттар карладаьккхира Голенкос. Иза стаг вукх. Цкъа а диц ма делахь, жима кlант: ста-а-аг ву хьуна иза. Ткъа цул дехьа — иза чех ву. Географи хьоьхучу хенахь Австри хьехний хьуна? Ткъа цигара чех ву-кх иза[1]. Цуьнан фамили Кочи ю.

---

[1] 1918 шо кхаччалц Австро-Венгрина чуйогlуш хилла Чехия.

Бено кIеззиг бехкала вахара.

— Аса-м иштта айса дIахаьттира. Даима тIедуьйхина, бустамаш долу ал чоа лелош а ву иза, къежъелла маж йоцца дIалоргуш Iедал а ду цуьнан... Суна-м моьттура...

— Шен маж дIаларга бакъо хIораннан а йолуш ю,— велавелира Голенко.— Ткъа цо тIехь бустамаш долу чоа леладо, хIунда аьлча, схьахетарехь, цунна иза...

Доккха са а даькхина, столовин неIарх ша чоьхьа воллучу хенахь, вуно стомма мукъам бира Голенкос.

— Ха-за-хе-та.

Цхьана кIирандийнахь иза уча волу лар а вина, инспекторна дуьхьалвелира Бронислав Иосифович.

— Дезде декъала хуьлда хьан! — куьг кховдийра цо цуьнга. Инспекторо шен болар лагIдира.

— Цхьа дехар ду сан хьоьга.

— ХIун дехар ду иза? — корта аркъал а таIийна, шен Iаьржа ши бIаьрг цунна тIебуьйгIира инспекторо.

— Кхин цхьа Iадхьоькху пондар суна язба пурба лохьа!

Инпекторан цIоцкъамаш дусаделира:

— И бохург хIун ду? ЦаI бохийна? Хьан бохийна иза, маца бохийна?

— ХIанхIа, хIанхIа,— куьйгаш ластийра хьехархочо. Цхьа керла дешархо ву иза лакха Iамош! Аса теллина иза. Иза... цхьа иштта ву! Iама лууш а ву иза! Цхьа башха дешархо ву! Иза суна схьахетарехь, оьрси а вац, кху меттигерчу кхечу къомах бер ду иза.

— И азиат-м вац ахьа вуьйцург?— цхьаммо шена оцу некхауьн тIе хIума тоьхча санна, хаьттира инспекторо.

— Цуьнан хьокъехь аса чIогIа дехар до-кх хьоьга! — хьаькаман бIаьргашна чухьажа а гIерташ, даг тIе куьг диллира Бронислав Иосифовича.

— И хIун ду хIинца кхин а ахьа кхоьллинарг! — цIеххьана сецира инспектор. Хьехархочунах бIаьрг а тоьхна, цунна букъ берзийра цо.

— ХIара гIуллакх со кхеташ хIума дац,— белш а саттийна, дIанехьа вирзира хьехархо а. Амма шен класс-сан неIаре ша дIакхаьчча, вуха шена тIевогIуш волчу инспекторх баьрг а кхетта, цецвелира иза.

— Суна-м хаьара хьо дог дика стаг вуйла! — векхавелира воккха стаг.

Хlинца ахьа дуьйцург а изза ду ткъа? Кхин соьга хьаха ма делахь иза. Цул, охьадийца суна, хьо килсе хlунда ца оьху? Хьо-х ккузахь алапа а оьцуш, гlуллакхехь...

— Цкъа делахь, со бер а дац — и санна долчу хеттаршка ладоьгlуш lен,— шега кхин вист а ца хилийтира иза Бронислав Иосифовича.

— Шуьйрра къарза а бина, хlинцца иза шена дуьххьара гуш волуш санна, Кочинна тlе ши бlаьрг буьйгlира инспекторо.

— Шозлагlа делахь, со...

— Польски килсе оьхий хьо? — юкъаиккхира инспектор.

— Ца оьху. Уьш дерриш а. Шадерриш а дуьххьалдlа цхьа хорма ю. Чулацам бу хила безаш берг,— шен дага тlе куьг диллира хьехархочо. — Кийрара дог дика хила деза — иза ду коьртаниг. Кийрахь дог ца хилча, и шун хорма хlумма а йоцург ю!

— Ладогlалахь, хьо дуьххьалдlа... делазхо ву! Хьайн лаамхо ву хьо! Хьо кхераме стаг ву!

— Хlун бохура ахьа-а? — хьехархоьчунан бос хийцабелира. — Со-м, хьан сийлалла, Санктпетербургски концертни зала чохь музыка лекхна вай! Аса хьалхара олуш ладегlна музыкан лаккхарчу говзанчаша! Цхьана а профессоро ца дина соьга оцу тайпана сонта хаттар! Со хуьлу — кхераме, сайн лаамехь стаг? Дуьйцу хезний хьуна инарла Добровольский мила ву? Цунна хаьа хьуна — со мила ву! Аса кехат дохьуьйтур ду цуьнга, цо дуьйцур ду хьуна со мила ву!

Шен оьгlазбахана ши бlаьрг инспекторна тlера дlа ца боккхуш луьйчуьра сецира Бронислав Иосифович. Амма оьгlазалла цуьнан кийрахь кхехкаш яра:

— Со сайн лаамехь волу художник ву! — мохь тухуш санна, чlогlа элира цо. — Со артист ву — хlун боху ахьа соьга?

Леррина хьоьжуш болчу цуьнан бlаьргех къайла ца делира инспекторан бос хийцабалар. «Буьрсачу» хьакаман латтар а, цуьнан бlаьргийн хьежар а малделлера. Оцу жандармски хьехархочо, и там боцуш долу lоттадалар дlадерзорхьама цхьа цхьогалан хабар шеца долор дуйла хууш, цхьа цавешаш дlа а вирзина, цуьнан хабар кхачо Кочис элира:

— Хьоьца хабарш дийца мукъа вац со, маршa Iойла.

Цул тIаьхьа цхьа секунд яьлча инспекторна хезаш яра учин лами тIехула чувуссуш волчу Бронислав Иосифовича, якххийчу зурманаша олучу кепара ша йохучу гIулчашца цхьана а ялош: Бум-бум! бум-бум-бум! — бохуш, лоькхуш йолу йиш. Цуьнга безам бацарца ши балда ваьшта а таIийна, дIавахара инспектор: «Шен лаамехь художник! Артист! Ма тамаша бу иза!»— бохура цо ша шега.

## КОРТА V

### 1

ХIинца музыкальни цIа чу эха шена некъ баьлла, чIогIа воккхавеш вара Бено. Оцу дийнахь, хьалха а санна, ван а веана Голенкона улло дIахIоьттира иза. Виолончелан мерзаш меттах а хьадина, тIаккха уьш муха лакхалуш ду хьажа цкъа хьалха доцца, тIаккха меллаша а, цхьана эшшарехь а Iад хьаькхира Голенкос. Шен гIийлачу озаца цаI тешо гIерташ ша болуш санна йиш лекхира виолончело.

Тата а даькккхина, юха а муьтIахь хилла дIа а тийна, шен ирчу юьхьигана тIе цIенкъа дIахIоьттира виолончель. Юха а болх бан доладелира пелаг, аьрро куьйган пIелгаш мерзашна тIехула сихха дIахьаьлхира, кхоалгIачу озана тIе ма кхеччинехь, шаьш доьллучохь совца а севцина дIатийра уьш, ткъа доккха аз долчу стоммачу мерзан аз хIинца а Iода кIел йиш лоькхуш дара. Цхьа забарийн хаза бIаьца а йина, эшарца нийса ялош тIаьхьара йир элира Голенкос.

— Маршалла ду шуьга!— чувеара хьехархо.

— Маршалла хуьлда хьуна а, Бронислав Иосифович! Дезде декъала хуьлда хьан!

— Шун а хуьлда иза декъала! Дог-ойла муха ю шун?

— Дика ю, Бронислав Иосифович!

— Иза ду уггар коьртаниг. Хьо а ву кхузахь? — Бенох бIаьрг кхийтира цуьнан. — Со кхеташ хIума дац хIара!

Бенона тIе а вахана, вист а ца хуьлуш сецира иза.

КIентан кийрахь дог тохаделира. Хьехархочуьнан бIаьргех хиира цунна хIинца юха а шен аьтто боьхнийла. Цунна тIера бос байра, тIаккха халахетта цIийвелира иза: «Хьехархочо сох лаьцна къамел хIунда дира техьа инспекторца? ХIинца кхин а вон хир ду сан гIуллакх!» — дага а деана, чуьра аравала дIавирзира Бено.

— Ахьа тхуна еш цхьа а тайпа новкъарло яц,— аьлла, Бено чохь сацо гIоьртира хьехархо, амма макхвелла а, халахетта а волчу Бенона, ур-атталла хаза а ца хезира цо шега аьлларг. Юххе неI тIе а чIаьгIна, уьйтIа аравелира иза.

Цул тIаьхьа цхьа сахьт ах сахьт даьллачу хенахь уьйтIахь, гучубевлира дешархой. Уьш цIеношна чуьра арабуьйлуш бара тIаьхьий-хьалхий хIиттина а, шишша цхьаьна хIиттина а, кегийра тобанаш йина а. Цхьанца тайпана ловзарш дIадолийра кегийрчара, ткъа мера кIел чо бала а боьлла болу училищера чекхбовлуш берш, гобинна дитта кIел а гулбелла, цара иза олуш ма хиллара «кечбала» буьйлабелира, вуьшта аьлча, йовхарш а етташ легаш цIанда.

— ХIан, хьалхара алархо, дIайолаел! — мохь туьйхира цхьаммо.

Оццу хенахь доладелира цхьаннан аз. Ирах а йоьдий, тIемаш детташ цхьана меттехь екаш лаьтта нIаьвл санна, масех секундехь, гулбеллачарна тIехула декаш лаьттара и аз, тIаккха цунна тIаьхьара йир элира иттаннаша кхечара а. ГIалгIазакхийн, украинийн, оьрсийн халкъийн эшарш цхьабарт болуш лекхира дешархоша шайн исбаьхьчу къоначу мукъамца.

Белхалой чохь Iеш болчу цIа чохь мел верг аранкхинера йир алархошка ладогIа: дворникаш а, истопникаш а, поварш а. Гена доццуш юьстах дIа а хIиттина, цигаьрканаш а хьарчийна, уьш а уьйзуш, якхийрчу ойланашца, леррина шайна хьалха дIа а хьоьжуш лаьтташ бара уьш. Царех цхьаммо цIеххьана цхьа кор хьалха дIа а тесна, тIетаьIина мохь туьйхира йир алархошка:

— Дубинушка цIе йолу йир алийша!

— Ямщик цIе ерг! — дехар дира кхечо.

Иза а, важа а элира вукхара. Кхузахь ткъеитт шарахь гIуллакхехь Iийна повар Чубарь а вара дехарш деш мохь бетташ:

— Кентий, алийша Зозуля цIе йолу йир!..

— Делкъанна обедехь лун долу худар дика хир дуй ткъа? — бIаьрг а таIийна, бегаш бира Голенкос.

— Аша бошхепех мотт хьеккхал мерза-м хир ду... ДIайолаейша кIентий, Зозуля цIе йолу йир!..

Йир алархой белакъежира. Массарна а хууш дара, хIоразза а Чубарь дуьххьалдIа и «Зозуля» цIе йолу йир аларан хьокъехь дехар деш волу мосийтта шо а дуйла. Ткъа муха тарлур дара цуьнан дехарш кхочуш ца дан?

Хеталуш дара, йир ша а йоьлхуш ю, аьлла. Чубара корта охьаоллийра.

Йир алархойн аьзнаш цкъацкъа дIадовра, йийсаре бигна турпалхой балехь бохкучу меттигера, цхьанхьа лаьтта бухара схьахезаш баккъалла а уьш долуш санна, тIаккха нехан мохк дIа а лаьцна Iеш болчу султанашна дуьхьал тIом бан ерриг Украина гIеттича санна, стам а лой, чIагIлора.

Йир аларо синкъераме тиларчу вигна волу Бено, ша воллучохь дIатийнера. Кхано олучуьра йир саца а сецна, йир алархой дIасабекъабелча, иза сацалур воццуш чIогIа шена тIе дIаийзавора эшарша, музыко, хIокху сохьтехь цунна гергахь пондар хилла дIахIиттина йолчу.

«ХIуъу дина а Iамор бу аса иза»,— сацам бира цо. Цуьнна моьттура хинцале шен карахь Iадхьоькху пондар бу, цунна тIе бесни а таIийна, цунах хьоькхуш долу Iад хьала а айина, цуьнан мерзашна тIе иза сихха охьадохуьйтуш воллуш ша ву.

Цуьнан ши бIаьрг серлабаьллера, беснеша Iожо санна, цIен бос эцнера. Цунна шена а хаа ца делира цкъа хьалаайина, тIаккха шен куьг сихха ша охьадохуьйтуш.

— Хьо хIун деш ву? — Бенох бIаьрг кхийтира Голенкон. ХIетале ша ян а йина, къайллах, махоркин-цигаьрка Голенкога дIаяла кхиънера повар Чубарь.

Iадхьоькху пондар лакха Iамор дIа муха доло деза гойтур дуй ахьа суна?

— Гойтур ду дера-кх! Сарахь со волчу вола хьо.

— Ой, билггал вогIур ву,— хазахийтира Бенона.

Ша тIома ваьлча санна хеташ вара Бено. УьйтIахула генна дIа а вахана, рагIо кIел вахара иза. Столяро дIакхийсина Iохкуш йолу масех уьнан коржам схьа а эцна, царех цаI схьа а къастийна, мокханца иза леррина хьиэ-

кха волавелира иза. Суьйранна хIума яа чу кхойкхуш горгали туьйхира. «Тфу наьIалт хила хьо шайтIанна! — ши бIаьрг дIа а хьажош, дуьххьара дов дира Бенос. — Ма ца оьшучу хенахь бетта хьо!» Шен керара уьнан коржам цхьана маьIIе дечиган юьхкашна ца гуччу юккъе дIа а йиллина, чувахара иза.

Суьйранна бархI сахьт даьлла хан яра. ХIума йиъна а бевлла, цIеношна чухула дIасабекъабеллера дешархой. УьйтIа йолуш йолу неI дIакъевлина хан яра. ДIа а вахана шен чохь суьйранна хIума юуш вара надзиратель а.

Голенко схьаваре хьоьжуш, цхьана даьссачу цIа чу а вахана Iеш вара Бено. Украинцо ондда боккхуш буьллучу коган татанан, стоммачу озаца еттачу йовхарийн меттина неIарал арахьа кхин гIовгIанаш а евлира, баккхийх болчу дешархойн тоба чоьхьа а елира.

— ХIа-хIан, вежарий! — мохь туьйхира царех цхьаммо. — Нисса пхи минот яьлча дIадолор ду керла ялийнчу зудчуьнан мах бар. Делан лай крыса шена делан лай Нилиха а ялийна ваха хаа воллу.

ДIаюьйлаелира забарш... Цхьаммо ка тоьхна схьадаьккхира пенах тоьхна долу географически карта, цунна тIаьххье кхечо шоллагIниг а даьккхира.

— Гусь! Кулик! — юха а мохь туьйхира, царна тIехь куьйгалла деш волчо. — Шайна тIе дIаохка карташ!

Шина кIанта, Гусевсий, Куликовсий сихха шайн белшна тIеоьххира карташ, тIаккха уьш тIекъевлира мозгIарша лелош йолчу обанийн кепехь. Гучувелира цара шаьш цкъачунна бина болу люцкъаран куй а, кадила а охьа а дерзийна кхозуш тIехь мах долу доьхка.

Луларчу цIа чуьра схьадалийра забарна тIедуьйхина духарш долуш долу нуцций, нуссий. Боккъалла а мах беш санна, олуш йир а яра. Дьяконо забарш тIех йора. Доьхкаран йоьзан мах шен аьтто баьллачуьнан мерах Iотта гIертара иза.

— ДIаваккха дьякон! Корта дIаларга цуьнан! — маьхьарий деттара халахетта болчара.

Къайллах кисанара схьа а йохуш, печенеш юуш вара нуц. Несана иза хааделира:

— Со лейина! — мохь хьаькхира цо. — Сайн лаамехь маре йоьдуш яцара со!

— Сайн лаамехь маре йоьдуш яцара со бохург хIун

ду? Совгlаташ дlа хlунда оьцура ахьа ткъа? — оьгlазвахара нуц.

— Аьшпаш буьтту цо!..

— Схьаяха цунна тlера аса совгlатана йина йолу бедарш!

Мозгlар а, дьякон а, невцан гергархой юккъехь а болуш, пхийтта стаг гlекхийтира несана. Этlийнчу картийн жескаш яра ирхъоьхуш. Озийна несана тlера охьаяьккхира машин коч а, эткаш а, портянкаш а, схьаяккха боккура хеча а.

— Инспектор вогlу,— цlогlа туьйхира цхьаммо.

Масех секунд ялале чоь яссаелира. Бено ша висира чохь. Хьалха юьхьанца са дан а ца туьгуш, вист а ца хуьлуш лаьтташ вара иза — тlаккха цlеххьана гlадвахана велавелира, велар оьгlазе дара, оцу тайпанчу веларца царна массарна а: лекхачу надзирательна а, инспекторна а, архимандритана а чlир йоькхуш иза ву, аьлла, хеташ дара.

## 2

Бенох хилларг хlун дара? Тlееара суьйре — гуттара а йогlуш ерг саннарг. Шаьш дlабуьйшуш йолчу чоьнашна чу дlа-схьа бекъабелира дешархой — уьш а яра иштта дешархой шайх боьлла йолу, цхьана тайппана казенни чоьнаш. Ткъа хlун ду цуьнан жима дог сил синтем болуш а, тешаш а детталуш хиларан бахьана? Хlунда хета хlинца, хьалха сил буьрса а, луьра а схьахьожуш хиллачу, маьl-маьlнехь пенах хьалакхозуш йолчу иконийн юьхь-бlаьргаш lарждела а, басаевлла йолчу ризашна кlел дlалевчкъина а, царна кlелхьара цхьа тешха уьш схьахьоьжуш а?

Дешархой дlабуьйшучу чоьнашна чухула чекх а ваьлла, доллу хlума дlатийна хиларх тешна ша валлалц ладоьгlуш, вехха латта а лаьттина, шен чу дlавахара Дылда. Амма цунна тlехьашхула нел дика тlекъовлаелла яьлла а яцара, шайна тlера одеялаш охьа а кхийсина, хабарш а дуьйцуш дешархой бийлабала буьйлабелча.

Бенона наб ца кхетара. Керла юкъадевлла гlуллакхаш дагаоьхуш, кест-кеста ха а хоьрцуш lуьллуш вара иза.

— Наб кхетта-м вац хьо, кlант?— меллаша тlевеара Голенко. — Ладогlалахь, аса хьайга бохучуьнга,— мел-

лаша элира цо,— со хIинцца цхьанхьа ваха везаш ву. Хьожуш хилалахь, сан доттагI, со тергал веш цхьа а вуйла а, цхьа а суна мотт тоха воьдийла а. Нагахь цхьа хIума хилахь, сихха учахула, хьаштагIна уллорчу неIаре дIа а волий,— цхьа а хьох шеквер вац хьуна,— неIарх шозза хIума а тохий, вистхила: «Данилыч, хьоьга кхойкху»,— алий. Иза далур дуй хьоьга?

— Далур ду,— резахилла жоп делира Бенос. Цуьнан деган хIинцале безам баханера оцу ондачу, майрачу, хьасталуш волчу, шел воккхах волчу доттагIчунах, цу тIехула тIе — сел дика йир алархо а, музыкант а волчу!

— Деллахь баккъалла а кхузахь болуш бу техьа шпионаш, айкхаш? — ца кхеташ цецвуьйлура кIант, бIаьргаш тIе ца къовла а гIерташ, чохь тата даларе ла а доьгIуш. Ткъа муха валалур ву кху кертара ара а, арара чу а массо а неI догIа тоьхна хилча?

Воспитатель Степан Тарасович Радько чохь Iеш волчу цIа чу вахара Голенко, цу хенахь иза волчу чохь бара: оьрсийн мотт хьехархо Леонид Петрович а, телеграфист Сандро а. Схьахетарехь, хьалха цу чохь адамаш дуккха а хиллера, амма Голенко чувале уьш дIасабекъабеллера, цу тIе хIара бухависина шиъ а дIаваха кечлуш а вара. Чу лимон тесна долу чайнан стака сихвелла дIамелла вала гIерташ воллура Леонид Петрович. Цара вовшашка аьллачу масех дашах Голенко кхийтира, хIетахь массо а кхета гIерташ а, церан сагатдеш а хиллачу гIуллакхан хьокъехь къийсамаш цу чохь хилла хиларх, хIунда аьлча, революционни ницкъаша кхидIа а лело безачу берриге а некъан коьрта шад оцу гIуллакхах боллуш бара. Эволюцин, революцин хьокъехь болу кхетам вовшашна дуьхьал хIиттош бара оцу хенахь.

Хьалха ша дуьйцуш хилларг чекхдоккхуш волчу кепара чуьраваьлла Леонид Патровича Радькога бохура:

— Ткъа ахьа ца тардолуьйту эволюцин некъа тIехула вай социализмана тIедахалург хилар. Баккъалла а ву хьо дуьхьал юкъаралла тIаьхьайисина хиларна тIера довл-довлуш иза дика кхиъна хиларна тIедовла тарлуш хиларна?

— Дуьхьал ву,— дог тешна декаш дара Степан Тарасовичан аз. — Аса и гIуллакх сайна кхетадо практически, лелаш долчу гIуллакхийн практически билгало-

нашца а дустуш сан кхетам лакхарчу буха тIера схьаэцна бац.

— Баккъалла а боху ахьа?

— «Баккъалла а боху ахьа» бохург хIун ду? ХIинца а ца кхета хьо ткъа, революци шуьга хатта а ца хоттуш ша тIе а еана, неIарехь лаьтташ хиларх?

— ЧIогIа бакъ луьйш ву! — доггах гIо даькхира цуьнан Сандрос.

— Юха хьовсал, хIун ду шуна гобаькхина гонах дерг,— кхидIа а дуьйцура Радькос. — Дагалацал аша Тбилиси, Баку, Одесса, Екатеринослав. Цигахь хилла стачканаш революцин дуьххьарлера кхийсарш яц ткъа? Уьш яц ткъа...

— ХIанхIа,— куьг ластийра Леонид Петровича,— ма гIерта со тешо. Со генна хьалха дIахьоьжуш ву. Ткъайоьсналгla бIе шо чекхделира Iе юкъаялорца. Хийцаелла транспорт — Iаьнаро, деца хьуна, адамаш вовшашца цхьаьнадоьзна. Халкъаш хIинца вовшашца уьйр алсам йолуш ду, цара вовшашна юкъахь даржадо цхьана къомо юкъадаькхкхина мел долу массо а диканиг. Со англичанин вацахь а, литератураца суна дика евзаш ю Англи. Ма башха мохк а бу-кх иза! ХIанхIа, юкъараллин дIахIоттам дикачу агIорхьа хийцабала декхарийлахь бу цхьана а тайпана ницкъала а доцуш!

— Ницкъалла ца хилча ца йолу,— хьалагIаьттира Сандро, — Степан Тарасовича нийса бохура: — Вай хабарш дуьйцуш Iеш ду, ткъа революци неIаре схьа а кхаьчна лаьтташ ю!

— Ой, вицвеллера-кх со! Хьо-м— чIогIа революционер ма вец! — ша Iеччуьра хьала а гIоттуш, ца вешаш велакъежира Леонид Петрович. Сандро сихвелира.

— Бакъду иза, дозаллица и цIе сайна тIехь лелош а ву со,— шога кхоссар йира.

— Хьо дукха сихлуш ву, — чIичкъаршка вахара хьехархо.—«Шаьш шайн дола дан Iама»,— аьлла, Пушкина. Юха цхьаьнакхетчахьана дуьйцур ду вай, ткъа хIинца...

— Собардел, — сацийра иза Степан Тарасовича. Ша дIаваха сиха хилар шен дерриге а аматца ган а гойтуш, гIента йистте охьаьхиира иза.

— Ахьа хIинцца схьахьедира Англи хьайна дика евзаш хилар. Дика ду хIета, ткъа хьайн халкъ, хьайн мохк бевзаш вуй хьо?

— И хIун хаттар ду? — белш саттийра Леонид Петровича.

— Жоп лол ахьа, мел диках дехаш ду вайн халкъ, масала аьр вай, Разин а, Пугачев а ваьхначу хенашкахьчул?

— Аса бохург-м цунах лаьцна дацара.

— Шун эволюцис адамийн дахаран хьал-де то хIунда ца дина ткъа?

— Тодина хила а мегий иза-м. Доллу хIума хьесапехь дустуш ду!

Степан Тарасович велавелира.

— Делахь хIета, ахьа дийцарехь, вай кIеззиг собар дан деза-кх, цхьана эзар шарахь мукъана а. ХIун хаьа, тIаккха халкъо са пагIат доIий а!

— Амма ницкъаш бар мегар дац. Халкъ акхаралла лелаярна тIетеIо мегар дац!

— Хьуна хетарехь, нийса муьлхарниг ду: дерриге а адамийн итт дакъа дича, цуьнан бархI декъо даим Iазап хьегар, я массеран а юкъара пагIатой, цхьабосса бакъонаш йолушший хилийтархьама боццачу муьрехь нуьцкъалла тIетаIор?

— ТIаккхахула кхин а дуьйцур ду вай, муьста кхоьлира хьехархо. — Со хIинца дIаваха везаш ву.

— Делахь хIета, аса хьо сецор вац.

Буьйса юкъал тIехъяьлла хан яра. Училищан хехочо Голенко къайлах болчу ламина тIехула чувоссийтира, ткъа цигара, пуржина санна, хьийзаш болчу ламина тIехула лакха хьалаволийла яра. Цхьа бохам хир буйла шена дика хууш санна, сихха тIера хIумнаш дIа а яьхна, Голенко охьавижа кхиъна валар а, надзирателан Дылдинан Iиндагl цунна тIехIоттар а цаI хилира.

— Хьо мичахь вара?

Ши бIаьрг схьа а ца боьллуш, меттахъхьайра Голенко. Надзирателло цуьнан пхьарс дIаозийра.

— Хьоьга ца хоьтту аса, мичахь вара хьо?

— Сой? — Со-м хьоштагIанехь вара,— набаран оза-ца жоп делира Голенкос.

— ХIан, иштта бохийца ахьа! Ткъа хьо хьанна гира цигахь? Тешаш буй хьан?

— Со-м ца кхиира цуьнан дуьхе.

— Суна гира-кх! — юргIанна кIелхьара корта аракховдийра дукха хан йоццуш забарна хIоттийнчу ловзаргахь «нуц» хиллачу Крысановс.

— Аьшпаш-м ца буьтту ахьа?

— Хьуна аьшпаш буьттий боху ахьа?.. Хьанна боьттича а, амма цкъа а хьуна-м буттур бацара...

Цхьана минотехь латта а лаьттина дІавахара надзиратель. Гоьна кІел дІалачкъийнчуьра, маІаш йолчу шайтІанан суртахь болу жухурган куй сихха схьа а эцна, мерза наб еш Іуьллучу дешархочуьнан Паниловичан маьнги кІел вахара Крысанов. Цу кІелахь виълар а хІоьттина, шен букъца мосуьйттазза цуьнан маьнга хьалаайира. Мохк бегийча санна, маьнга ирах кхоссабелира.

Ши бІаьрг дІа а биллина, охьа а хиъна, кхеравелла юхавирзира Панилович. Соннехь кхозучу лампин гІийлачу серлоно кІеззиг серла а яькхина йолу цхьа буьрса шайтІанан муцІар яра схьакъедаш.

— Шайтіа догІу! — мохь хьаькхира Паниловича, луларчу маьнгина тІе а ваьлла, цунна тІера дІакхоссавелла кхечуна тІе а ваьлла, цаІ охьа а вожийна, Іадийча санна беттачуьра мохь а ца сацош, дІахьаьдира иза. Спальни чохь мел верг хьаланкхира, ткъа Панилович ша лелориг хІун ду а ца хууш, ша мичахь ву а ца хууш, цхьана чуьра кхечу чу эккхаш, цигара уча эккхаш, маьхьарца хьаьдда хьийзаш вара. Цхьана хІуманах таса а велла иза ша охьакхетталц, хІуъу дича а цхьангге а саца ца лора иза.

Спальнешна чу гулделла дуккха а адамаш дара: дешархой а, надзирательш а, хехой а. Хьерваьлла волу Панилович лазартни чу вигира. Сатоссучу хенахь кхайкхина цунна тІе лор валийра.

— Паниловичана хилларг хІун ду?— хеттарш дора дешархоша шоллагІчу дийнахь. Надзирательша хІумма а схьа ца дуьйцура.

Амма суьйре юлучу хенахь ерриге а училищана муьлхха белахь а цхьана некъаца-м хиънера Панилович гІаларчу больнице дІавигнийла. ЧІогІа кхетам талха а телхина, толкха луьйш вара иза.

— Ткъа Крыса стенга вахана? Иза гуш ма вац.

— Школера дІаваькхина. Цуьнгахь жухурган куй карийна.

Суьйранна прогулка ен хан тІекхачаре хьоьжуш хала са туьйсуш а Іийна, иза тІе ма кхеччинехь рагІо кІел вахара Бено. Нехашна кІел ша дІайоьллинчуьра уьнан коржам схьа а яькхина, цуьнан бакъахьарчу агІонна тІехь сурт хІоттош, къоламца масех сиз а хьаькхна, юха

а уьрсаца иза хьекха волавелира иза. Сел чIогIа цунна тIевирзина воллучу Бенона хаа а ца делира дикка хан йолуш а, цунна ца хезира рагIона хьалхха Дылда тIевогIуш а.

— Яхийта! Яхийта кхузара хьайн алаша!

КIантана хьалха лаьттара сийдоцу Дылда.

— АхIа! — гIадвахана цхьа вон вист а хилла, куьг кховдийра цо. — Схьалол соьга у! Хьайна гечдар а деха соьга, нажжаз!

— Доьхур дац аса! — лаьтта бIаьра хьоьжура Бено. «Аса мича бахьанина доьхур ду гечдар?» — дагадеара цунна, дукха оьгIазвахана хIетахь дуьххьара шен дагахь Дылдина сардам боьллира цо: «ХIаллак хуьлда хьо!».

— Хьалхаваьл суна! — дукха оьгIазвахарна, луьстта тIеевлла сурхаш а йолуш йолу шен беснеш цIий а еш тIечевхира надзиратель.

— Ца волу со.

— И бохург хIун ду? — лаьттах ког а тоьхна, тIечевхира Дылда. — Яхийта хьайн алаша! — неIарехьа дIатеттира цо дешархо. Ша хьегна къа эрна ца дайта уьнан коржам кхоьссина цхьана сонне дIаяхийтира Бенос.

— ХIахIан, хьайца схьада у а! Хьий боьха хIума яI-кх!..

Горгали туьйхира. ГIовгIанаш а еш, вовшашка хабарш а дуьйцуш, хьаьлхина баьхкина корпусана тIегулбелира дешархой. ЦIеххьана доллу хIума дIатийра. Веъана схьакхечира инспектор.

— ХIан, дIаэца хьайна хIара! — аьлла, цунна хьалха Бено дIатеттира надзирателo. — Казенни материал — у дохош воллуш вара хIара, цу тIе суна дуьхьал а лоь.

— Хьо кхуза схьа хIунда эцна аьлла хета хьуна? ХIинца а училищан бакъонаш хууш вац хьо?

Бенос корта охьаоллийра, амма инспектор чIенги кIел хIума а Iоьттина, хьаланисбира иза.

— Бага доьттина хи-м дац хьан? Жоп лой вала суна!

— Витийша со, — халла и ши дош багах делира дог Iаьвжинчу Бенон. Ша верриг а зу санна вуса а велла, дукха халахетта сен а велла, хьаькамашкахьа агIо а тоьхна дIавирзира иза.

КIентан карара уьнан коржам ка тоьхна схьа а яьккхина, ластийна иза цуьнан куьйгах туьйхира инспекторо.

— Эфиоп! — мохь бетташ тIечийхира иза. — ЛадугIуш хир ву хьо я вац?!

Бенос ца ваьлла лазийначу кьуйгах ка туьйхира.

— Борз ахьа мел ккаьбча а... — бохуш вазвала гIерташ вара надзиратель.

— У хIунда дохийра ахьа?— барт хоьттучуьра ца социра инспектор. — Схьадуьйцу ахьа я ца дуьйцу ахьа?

— Аса хIун дуьйцур ду? — бIаьргаш хьалахьовсийра Бенос. — Аса хIумма а ца йохийна, — диэгош дара цуьнан аз.—Iадхьоькху пондар бан гIерташ вара со.

— Пондар? Обед а ца луш, чай а ца луш, карцер чу волла иза! — элира надзирателехьа дIа а вирзина, инспекторо.

— Хьалхавала! — Бенона хьалха некъ а буьтуш, куьг тесира Дылдас. — Аьрро агIорхьа верза! Хьалавала! — ламех хьалаволуш воллучохь, сихвинера цо Бено.

— Ахьа хIун до? — гудок санна долчу шен озаца хаьттира Голенкос, Бенох бIаьрг а кхетта. — Схьавола, столове гIо вайша!

Амма оццу хенахь Дылдех бIаьрг а кхетта, хилларг хIун ду ца хууш, дIавоьдучу цу шинна тIаьхьа хьаьжира иза.

Дехьа йисттехь, хьаштагIна уллохь йолчу неIарна Бено тIевигира Дылдас, иза схьа а йиллина, юха а вирзина, бодаш болчу чу куьг а тесна, доцца элира цо:

— Чоьхьавала!

Бенос белш саттийра.

— ХIун боху ахьа? Реза вац хьо? Чоьхьа-м хьаха воккхур ву! — аьлла, таккхийна кIант чу а кхоьссина, сихха неI тIетуьйхира цо. ДIатоьхначу догIанан тата делира.

БIаьрзе волчо санна, хьалха дIа бодашка ши куьг а кховдийна, чухула дIаволавелира Бено. Пенах куьйгаш дIа а Iоттаделла сецира иза. Цхьа минот яьлча куьйган эшара важа пен а карийна, хьалахьаьжира иза — чуйогIуш гIийла серло а йолуш тIехула гуш дара тIе басар а хьаькхна долу англи а тоьхна жима кор. КIант воьхна хьаьвзира. Зуз хьаьдда чекхделира цуьнан букъах.

— Са ма гатделахь, доттагI! Кеста Степан Тарасович схьавогIур ву, — неIарна догIа тухучу херонехула чутоьхна аз хезира Бенона.

— Хьо вуй иза Голенко? — хаьттира цо.

— Со ву,—аьлла, оцу минотехь дIатийра девзаш долу аз.

Лергашна чохь зов а догIуш, тап, аьлла дIатийра доллу хIума. Амма доттагIчуьнан озо тедира жимчу кIентан дог. ЦIенкъа охьа а хиъна, пенаца дIатевжира Бено. «Ведда кхузара цIа а вахана, мерза со хьистинчу ненан маракхета, сайн ден бIаьргашка хьажа, йижаршна мараэккха, ма дика хир дара сан иза дан аьтто баьлча!» — ойланаш йора цо.

## 3

Цкъа цхьана сарахь, Бенос и бала хьегалий цхьа-ши бутт хьалха, балхара цIа а веана, тIехь кхача буучу ширчу стоьлана улло охьахиира Арсби. Жимма воьхна вара иза. Доьзална иза оцу сохьтехь хааделира.

— Охьаховша шу а, — аьлла, корта таIийра цо зудчуьнга а, зудаберашка а. Берриш а охьахевшира. Селима ладогIа кечъелира: цаIIа-м ала дагахь ву иза!

— Руда доккхучу меттиге, лам тIе ваха дагадеана суна. ХIун ю хаьий хьуна руда?

Ца хаар чIагIдеш корта ластийра Селимас.

— Ца хаьа хьуна? Делахь хIета аса дуьйцур ду хьуна. Руда пешана чу дохку, йоккхачу пешана. Цу чохь иза догу, заводехь цунах лаладо олу. Ма дарра аьлча рудах даш а, кислота а до — девзий хьуна уьш? Ца девза... Руда — иза тайп-тайпана хуьлу. Цунах эчиг а, чуьйна а, болат а, цIаста а доккху. Ткъа царех до: нахарш, мекханаш, тIеш, цIерпоштан некъаш, машинаш — йоллу хIума.

ЙоIарий вовшашка хьаьвсира: «Вайн дадина дукккха а хIумнаш хаьа, цунна массо а хIума девза», — бохург дара иза.

— Соьга шена тIекхайкхира инженеро, тхан хьаькам ву иза, — кхидIа а дуьйцура Арсбис, — цо соьга элира: «Хьо вон белхало вац, амма хIинца айхьа доккхуш долчул сов, кхузахь ахча даккхалур дац хьоьга», — иштта бохура цо: «Хьо иккхина а хIинца айхьа доккхуш долчул сов цхьа кепек ахча даккхалур дац

хьоьга кхузахь». Дагайогlий хьуна, Диди вайшиъ цомгуш lуьллуш а долуш, вайн бераша, гlалина йисте дlакхийсинчу кхеллешна тlехь кепекаш йохуш хилла хан? Хlетахь дуьйна ницкъ эшна ву со. Болх-м бо аса, амма луш долу алапа — тфу! — аьлла, туй кхоьссира цо. — Меца lеш ду вай. И гlуллакх муха хета хьуна, хlа? — леррина зудчуьнга дlахьаьжира иза.

— Хьуна хеттарг хета-кх суна, — муьтlахь жоп делира Селимас.

— Суна хеттарг хета боху ахьа? Делахь ладогlал аса бохучуьнга: «Ткъа аса хlун дича бакъахь ду»,—элира аса оцу хьаькаме. «Цига а гlой, ахка а охкуш, руда даккха,—бохура цо.— Баттахь кхузахьчул нисса шиъ сов ахча доккхур ду ахьа». Аса ойла йира: дуккха а ахча а даькккхина, шуна совгlатана керла кучамаш оьцур ю аса. Тlаккха вай Бено волчу гlур ду, шена уьш гича — цунна хазахетар ду. Оцу йоккхачу школе эхь хеташ къийла а ца луш, даха таро а хир ю вайн. Хlун хета хьуна?

Селима чlогlа могуш йоцуш яра. Сихха жоп ца даладелира цуьнга. Йовлакх тодечу кепара, коьрта тlе куьг а диллина, кхоьллинчу шен бlаьргашца майрачуьнга дlа а хьаьжна, тlаккха элира цо:

— Иза-м... чlогlа дика ду. Бенона а хазахетар ду. Суна а хетар ду хаза.

— Суна а хетар дӯ хаза, — дада, элира шен нанна тlаьххьий жимчу Маликата а.

— Стенан ойланаш йо ахьа? — хаьттира Арсбис, цхьана меттиге пена тlе бlаьрг а боьгlна, дlахьоьжуш йолу зуда ган а гина.

— Аса ойланаш дера йора ахьа дуккха а ахча а даькккхича, оха дико тlе хlума а юьйхича ма дика хир дара, бохуш. Хlоккхал дукха хlокху оьрсашна юккъехь вай lеш долчу хенахь хьоьга цкъа а, цхьаммо а ца хаьттина, мел дукха бу хьан тlебуху гlирс? Дика юй хан топ? Кхелана юй шаьлта? Говр муха ю хьан? — аьлла.— Ткъа стеган дерриг а дахар царех дозуш долуш санна, вайга вайн цlахь уьш хоьттур дара. Иза иштта хlунда ду техьа?

— Бакъду иза. Хlун дийр ду ткъа? Адамийн lедал ду хьан бахаман хьесапаш деш, ткъа хьуна иза мичара, муха тlебогlуш бу, — церан цуьнца гlуллакх дац. Шаьлта лелош со воллушехь, болат мичхьара схьадаьлла су-

на сайна а ца хаьара. Айса оханаш а диннашехь, ялта а дийннашехь нох, мекхий мичхьара схьадолуш ду а ца хаьара суна. ХІинца хаьа суна: доллу хІума белхалоша деш ду. ОхІ, уьш дага ца лецар тоьлашхо а ду! Лаьмнашший, хьаннашший йоцург хІун го, вайн цІерачарна? Вай санна болу къехой а, Хьажбекар санна болу хьолахой а боцург, мила гуш Іеш бу уьш цигахь?

Арсби цига вахара. Ткъа цул тІаьхьа масех де даьлча цомгуш а хилла Селима юьйжира. Мохь хьежкхал чІогІа корта лозуш, бала хьоьгуш яра иза. Амма бераш кхера ца дарахьама, садеттара цо.

— Нана, хьо йижина хІунда Іуьллу? — тІеоьхура баккхийрах болу йоІарий.

— ХІумма а ца хилла суна-м, — олий, цІе санна довха шен куьг цаьрга дІакховдадора нанас. — Кегийрчаьрга хьовсуш хила шу. Кестта дада цІа вогІур ву...

— Хаза хІуманаш а яхьар ю цо?

— Яхьар ю.

ГІалара дІа кхузткъа чаккхарма генахь йолчу Садонехь болх беш вара Арсби. Сатоссушехь ара а волий зІокберг а, ваба а етташ, бодаш боллалц болх бора цо. Я сагатда а, я ойланаш ян а мукъа вацара иза. Садайча, кІад а лой, садаІа охьахуур иза, тІаккха юха а, цкъа а коьрта чуьра дІайолуш йоцчу сингаттаман ойлано хьалагІаттавора иза: садале кхин а ялх шай даккхалур ду соьга, олий.

Цкъа цхьана дийнахь сихвелла болх беш иза воллуш булий ца хууш бода боьлла, белхалойн барака чу ша юхавале, шен белхан гІирс шена улло охьа а биллина, гу тІе садаІа охьахиира иза. Буьззина схьакхетта болу бутт дикка лакха хьалабаьллера. Го баькхина гонаха тийна яра. ОхьадогІучу ламанан татоло ен гІовгІа а, мохо меллаша лестош долчу диттийн гІаша деш долу шабарш а, геннахь хІирийн юьртахь леташ долу жІаьла а хезира Арсбина. «Тоххура тхан цІахь хуьлуш хиллачех ма тера ду уьш, — сингаттаме доккха садаькхира цо. ГІалахь муха Іаш бу техьа сан цІахь берш?»—ойла йора цо. Ша а цецвуьйлуш хьесап дира цо доьзал шена газа буьззина цхьа бутт дІабаьлла хиларан.

Зуда цомгуш хир ю аьлла дагахь а дацара цунна, цунна хууш дацара ши кІира бен юккъе ца дулуш, Селимина тІаьххье жимах йолу ши йоІ — Маликаттий,

Мареммий цомгуш хилла хилар а — цул тІаьхьа масех де даьлча и ший а кхелхина хилар. Хила гІо а доцуш, цомгуш йолчу шайн ненах а хьерчаш йоьлхуш яра Іайшаттий, ПетІаматтий. Ткъа цомгийла чІагІ а елла, харц луьйш йолчу нанас цхьа хІун ду а ца хуурш дуьйцучу хенахь, коре а хоий, шен дега цІа кхойкхуш ши бІаьрг хих а бузий йоьлхуш хуьлура Іайшат.

ЦІахь цха бохам хиллийла хууш санна, цул цхьа де хьалха, баттахь ша бинчу белхан расчет а эцна, сихха цІа вахара Арсби. Чоьхьа ма веллинехь, ша волччохь сецира иза: коре а хиъна йоьлхуш Іеш яра Іайшат.

## 4

Делкъал тІаьхьа диъ сахьт дала герга яххана хан яра. Урамехула меллаша схьагуш цхьа говр южу хІургон яра. Цунна дІайоьжначу озачу говрана улло а хІоьттина вогІуш вара хІургонча, цунна тІаьхьа хІоьттина вара Арсби. Базаран майдана кхаьчча, гух хьалаяла дІайирзира говр. Говр сецца яллалц цуьнан архаш тесна а йитина, дуьххьалдІа цунна улло а хІоьттина иза вогІуш ву хеталора. Некъ хадош йоллура салтийн рота. Цхьана минотехь собар а дина, архаш хьайира хІургончо. ГІалахь тІекІел динчу лекхачу цІенойн меттина кестта гучуевлира агІор а евлла, пенаш а текхна йолу цхьа лохийра цІенойн лаппагІнаш. Шайн нрчалла гайта эхь хеташ санна, вовшашна теттІа а тевжина, шайн кегийрчу корашкара дохийнчу куьзганан бІаьргашкахула ураме ара а хьоьжуш лаьтташ дара уьш. Байн хьокхуш болчу мохо тІулг биллинчу шуьйрачу урамашкахула цкъа духиннйн хаза хьожа идайора, тІаккха цхьанхьа, булканаш юхкучу туьканан неІарх ара довхачу баьпкан мерза хьожа яхьара, и урамаш чекхдевлча гучудевлира яхкаеллачу кхеллин а, боьхаллин а хьожа йогІуш долу цхьа кегийра боьха урамаш. Геннахь гучуелира кешнашна гонахара керт.

ГІалина уггар йистера шн урам морзах боллучохь кхин цкъа а саца дийзира хІургонан. Дирстанех а тийсина коьрта тІехула ирх дахийтинчу тІаусан пелагашца кеч а йина кІайн йиъ говр а йоьжна схьайогІуш яра башха кечйина катафалк. Цунна тІаьхьа а хІоттийна ялош яра, дІайоьжна онда ялх говр а йолуш йолу йок-

кха топ. Лафета тIехь дара веллачуьнан тIеман герзаш а, гIалгIазакхийн куй а. Цара дIавуллуш верг инарла вара. Катафалкана тIаьхьа хIоьттина йогIуш адамийн дийнна тоба яра. Юьхьа тIе а йохкуьйтуш кортошна тIетийсина чорда бойнаш а, хаза кечдина Iаьржа духарш а дуьйхина болу зударий а, эскарера а, вуьшта гIуллакхашкара а боьрша нах а. И адамаш, бен а ца хеташ, гонах дIаса хьуьйсура, вовшашца чIоггIа къамелаш дора, цхьаберш бийла а буьйлура. Уьш дуьххьалдIа сакъера арабевлла лелаш санна хеталора.

Инарла дIаволла кешнашка боьлхучарна уггар тIаьхьа хIиттина бара яккхий зурманаш лоькхуш берш а, эскаран тIемалой а. Ткъа царна тIаьхьа а хIиттина, халла дIагIерташ бара боккха бохам хиллачара сагIийна хIума яларе сатуьйсуш, гуттара а иштта хьалдолуш верг дIавуллучохь хуьлуш болу некъахой: заьIапхой, мискаваш, сагIадоьхургаш, массо а тайпана хIума ехаран корматаллаш йолуш берш.

Оццул дукха болу уьш чекхбовларе хьоьжуш латтош яра Арсбин хIургон, амма цунна шена уьш ган а ца гора, я цара хIун леладо а ца хаьара. ХIургонна тIе а тевжина, цунна тIехь долчу вуно дайчу, амма цуьнца цхьаьна цуьнан дагна вуно хьоме долчу киранна тIетесначу тишачу вертане аьрта бIаьра а хьоьжуш лаьтташ вара иза. Оцу вертанна кIел Iуьллуш дара шийла жима ши дакъа, цуьнан ши йоI — Маремий, Маликаттий. «Муха хилла бу хIара бохам? Со цIахь а воцуш хIара хилларг хIун ду?» — ойланаш йора цо. Цуьнан дегIана хаалуш дерг цаI дара: цуьнан кийрара дог чIогIа, вуно чIогIа доьлхуш дара.

Даькхкхинчу шина кошара хьалатесначу лаьттан шина борзана хIургон тIе а яхийтина, сацийра хIургончас. Кошана тIе а вахана, цунна чу а воьссина, Арсбис дIанйцира, хIургончо шега чу кховдийна кIайн марчо хьарчийна жима дакъа. Шайн цIахь иза деш ма хиллара, шен, беран дакъа ша коша чу а диллина, ша латта тIе а хьаькхина, коша тIехь барз бира Арсбис.

Иштта важа йоI а дIа а йоьллина, керлачу шина кошан баьрзнашна хьалха дIа а хIоьттина, цIера, шишана чохь деана, цIена хи царна тIе а доьттина, тIаккха меллаша шен ши бIаьрг дIа а хьаббина, оцу сохьтехь юха а и шиъ схьа а биллина, ши куьг бете хьала а дехьна, доIа деш вара Арсби.

ХIургонча волчу оьрсичо шен коьртара тиша фуражка дIа а яьккхина, къа хеташ доккха са даькккхира. Къежбелла шен корта охьа а оллийна, цо деш долчу доIина новкъарло ца ян, вист а ца хуьлуш, Арсбина улло дIа а хIоьттина лаьтташ вара оьрси.

«Хьаьнга балхор бу аса сайн бала? Хьан ладугIур ду соьга? Хьанна бала бу цуьнан?»— ойланаш йора Арсбис кешнашкара ша цIа вогIуш. Юккъе кхаьчначу хенахь саца а сецна, цIеххьана дIа а вирзина, Бено волчу вахара иза.

Юха а дагна цатам хилира: «Муха хоуьйтур ду аса иза цунна? Суна гучуволуьйтур вуй техьа иза?» — ойланаш йора цо.

Делкъал тIаьхьа дуккха а хан яьллера, школана чу йоьдучу неIарге Арсби кхаьчча. Цуьнца цхьаьна неIарге кхечира тIехь хорма а полуш волу цхьа стаг. Хьалха латийна кокарда йолу фуражка а, тIедуьйхина чоа а долуш волу — охьахетарехь, хьехархо вара иза. Куьзганашна чухула Арсбига дIахьаьжира иза, хIокху мисканна цуьнан хьежар шена вевзачу стеган хьажарх тарделира.

— Степан Тарасович! — мара кхийтира цунна Арсби.

— ХIа? Ой ой, — сихдинна бIаьргаш деттара Степан Тарасовича. — Хьо-м... Хьо-м Арсби ма ву! Ульяшева йолчохь Iеш варий хьо?

— Вара, иза ву со,— дог детталора Арсбин. — Хьо кхузахь ву? ХIокху школехь ву хьо? Аса доьху хьоьга, Степан Тарасович, сан кIанте, сан кIанте, Бенога!..

— КIанте? Хьан кIант кхузахь ву ткъа? Хьан кIанттий?

— Сан кIант ву... Аса доьху хьоьга!

— Иза тамашийна гIуллакх ду! Дика ду, дика ду.

Ткъа хилларг хIун ду? Бел яхьаш хIунда веана хьо? Балхара вогIуш ву хьо?

— ХIанхIа, — корта ластийра Арсбис. — ЙоIарий дIабохка ваханера со...

ЙоI дIайолла вахнера?

— Вахнера... Ши йоI дIайолла вахнера...

— Ши йоIIий? — Степан Тарасовичан цIоцкъамаш айаделира.

— ХIинцца ши йоI дIайоьллина-м дера вогIу. КIант ган лаьара суна. Иза ган таро хир ярий техьа?

Вуьшта тIе а баьлла болу шен ши бIаьрг кхин а

шуьйра схьа а биллина, леррина Арсбина хьаьжира Степан Тарасович: «Бала боьссинчу меттигехь дукха хьолехь хуьлуш ю къелла, ткъа къелла йолчу меттигехь — бала данма а хуьлуш бу». Кхаа соьман кехат киснара схьа а даькхина дика хIотта а ца хIуттуш, ламанхочуьнан кара дIаделира цо:

— ХIара цкъа дIаэца... Ткъа аса хIинцца...

Арсби аьрта дIахьаьжира кхаа соьман сийначу кехате. Амма тIаккха, иза цхьа хIума юйла а хиъна, цецваьлла дIахилира.

— ХIунда ло ахьа? — воьхна элира цо. — ХIунда ло ахьа?

— ДIаэца, дIаэца... Со воьду хIинца, ткъа ахьа кIант схьаваллац собарде кхузахь...

Степан Тарасович сихха неIарехула чувахара.

— Сихха тIевайта суна Бено! — аьлла, сацийра цо шена хьалха тIенисвелла дешархо. — Со дежурни цIа чохь хир ву хьуна, — надзирателан метта дежурни хила везаш ша хиларна, сихха цу чу дIавахара иза.

— ХIа-а-а, — дахдинна элира шен метта дежурни варе хьоьжуш Iечу лекха настарш йолчу Дылдас. — Кхин а итт минот йисина, — аьлла, сохьта тIе а хьаьжина, балдаш тIехьабдира цо. Доллучу хIуманца а иза дIахаийта гIертара цIена а, шен хеннахь а гIуллакх деш хилар — шен декхар кхочушдечу хенахь уггар мехала дерг хилар.

Цунна хууш дара, дукха хан йоццуш инспекторний, Радьконий юккъехула Iаьржа цициг иккхина хилар. Цундела, оцу сохьтехь хьаькамехьа а ваьлла, Степана Тарасовичаца кIеззиг цабезаман юкъаметтиг лелош вара иза. Ткъа хIинца цхьа а маьIна а доцуш «а-а» бахарца, дагахь цхьа шен Iалашо йолуш тIедигира цо накъостаца ша деш долу къамел.

Чехкка чоьхьа а ваьлла дежурни кIеззиг воьхна Дылдех бIаьрг а тоьхна, чухула чекх а ваьлла, когаш лаьтто дIалаьцча санна, кора уллохь сецира.

Хьажахьа, иза хилла хилла-кх и жима Бено, цу училище кхаьчна волу и ламанхо! Ульяшевас дукхазза дийцинера массарна а оцу декъазчу Арсбин хьокъехь, ткъа цуьнан кIант кхузахь, интернатехь, мелла велахь а цуьнан, воспитателан Радькон карахь хилла! Ткъа мосазза цуьнан тидам шена тIебахийтина вара, дуьйцийла йоццуш хьекъале волу и кIант! И Бено ура-аттала ми-

ла ву а, мичхьара ву а ца хууш волчу Степан Тарасовича ма дукхазза ойла йинера цуьнан хьокъехь, ма лиъне-ра цунна цаI ша долчу оцу беран кийрара шийла дог дохда, цунна нийса некъ гайта, кхиъна а ваьлла ша дIахIоьттича оцу Бенос шен кхетамна чохь дIадийна долу башха дика хIу кхерийна а, Iазапехь даллош а, оьрсех къехкаш а долчу шен халкъана юккъе дIадахьаре сатуьйсуш! Ма тамашийна ду дахарехь доллу хIума а! Цкъа долчунна мел доккха ду дуьне, ткъа цуьнца цхьаьна ма жима а ду иза!

— Тахана ма меттахь вац хьо, — Iоттар еш элира надзирателю. Ша дика ца кхетачу кепара долчу, шийлачу хьажарца цуьнга дIа а хьаьжна, дIавирзира Степан Тарасович.

Дылдин юьхьа тIехь цIен хьоькхнаш хIиттира. ХIара хIуьмилг-м со шех вешаш ца хиларах кхеташ ца хиларал совнаха, мелхо а, схьахетарехь, хIара-м ша а ма ву шеца цхьаьна балхахь берш ца лара гIерташ! Цунна Iоттар еш долу дош Дылдин бапара араэккха кеч а делла дара, амма дежурни цIа чу веара дешна чекхволуш волу Голенко. Дешархо волчохь къовсам муха боккхур бара! Реза ца хилла юьхь чIичкъашка яхара Дылдин.

— Хьуна хIун оьшу, хо... «хохол», — ала дагахь вара иза, амма нисдира цо: — Цхьанхьа вахийта ала гIерта хьо?

Иза тергал а ца веш, дуьххьал Радькона тIевахара Голенко.

— Степан Тарасович, ахьа хьайна тIевайта аьллера.

— Аьллера, аьллера, схьа чу валаве иза.

— Иза-м карцер чохь воллуш ву.

— Карцер чохь воллуш ву бохург хIун ду? — гIентара хьалаиккхира хьехархо. Иза хIун ду ткъа? Ахьа воьллина иза чу? — надзирательна чукхоссавелира иза.

Хьалхарчу минотехь воьхна вара Дылда. Амма оцу сохьтехь къовла а велла, балдаш ваьшта а хьабдина вист а ца хуьлуш, цIоцкъамашца дешархочунна неI гайтира цо. Ца вешаш веларан хьежарца цунна жоп а делла, аравелира Голенко.

Зу санна ирах а яхана йолчу шен кIужална тIехула, шен курачу ойланца куьг а хьаькхна, ур-атталла Радькогахьа дIа а ца воьрзуш, жоп делира надзирателю.

— Инспекторан омарца карцер чу воьллина ву дешархо.

— Со хIокху сохьтехь воьду инспектор волчу, — хадийра цо вукхуьнан къамел. — Цу чуьра дукха чехка аравакхха везаш ву кIант!

— Эрна ду хьуна лууш дерг,— велавелира Дылда.— Инспектор дIавахана, кхузахь вац иза.

— ХIан, иштта ду иза! — хьалха а санна, чуьравелира Степан Тарасович. — Делахь иза дера ду кхин тIе а хьо оьшург. Инспекторера пурба а доцуш, хьан дезар ду-кх тIаккха кIант цу чуьра арахеца.

Дылдас цIоцкъамаш хьаласаттийра.

— Кхетал хьо, хьехархо, — дуьйцура Радькос,—кетIарчу неIарехь лаьтташ цуьнан да ву, хIинцца шен ши йоI, вайн дешархочуьнан ши йиша дIа а йоьллина, кешнашкара вогIу иза! Хьо, духовни училищан воспитатель ву, вайн кегийрхойн, дегнаш кхетархо ву хьо, жоп лол суна, хIинца хьо дан декхарийлахь верг хIун ду?!

Дылда гуттар чIогIа воьхна хьаьвзира. ТIехIоьттина хьал, баккъалла а хала дара. Инспектор а воцуш дIахецар — иза муха мегар ду? Ткъа дIа ца хецча — иза кхин а вон хила тарло! Радько кхеташ вара баьхначух мукха делахь а училище дин хьоьхуш ю, ткъа хIара нохчо — «керстан дине ваккха» кандидат вара. Ма боккха гIурт бу хьо!

Амма кIелхьаравала некъ шашах карийра, Дылда оцу минотехь цунах таса а велира. Цуьнан дежурствон тIаьххьара итт минот чекхъелира.

— Собардел цкъа, — элира цо сихвелла Рядькога.— Аса дежурство хьоьга дIало. ТIеяздеш йолу книга а хIара ю хьуна, догIанаш а хIорш ду хьуна. Жоп луш верг со вац. Хьайна товриг делахь!

Цул тIаьхьа ши минот яьлча дежурни волчу чохь лаьтташ вара Бено.

— ХIун ду хилларг сан доттагI! — шена улло охьахаийра иза Степан Тарасовича. — Хьо чуволларан бахьана хIун ду!

Хьехархочуьнан хастамечу хабаро лалийра Бенон дог. Велххаза висира иза.

— Суна-м хаац.

Цхьанхьа ваха тIаьхьависинера хьо? Я цхьаннах леттера?

— Цхьаннахьа ваха тIаьхьа ца висинера. Я лата а ца летта. РагIу кIел IуьллушцхьауьнанкоржамяраИза схьаэцнера аса. Скрипка бан дагахь вара со. Над-

зирателo иза соьгара дIаяьккхира. Цо со инспекторна гIевигира, ткъа цо суна туьйхира. Аса-м хIумма а ца дира.

— Туьйхира? ХIун туьйхира хьуна?

— У туьйхира.

— Делахь а доьшур-м ду хьуна вайшимма, — аьлла, Бено арайолучу неIаре дIа а вуьгуш, дIаволавелира Степан Тарасович. — ХIуъа хилла латтахь а деша деза. Мел хала делахь а. Воха ма вохалахь!

Шен сирла ши бIарг хьехархочунна тIехIоттийра Бенос.

— ХIаъ, хIаъ, чIогIа хила хьо. Воха ма воха хьо. Ткъа хIинца швейцар волчу гIо, цо ураме араволуьйтур ву хьо. Цигахь хьоьга хьоьжуш лаьтташ хьан да ву.

Бено аравелира, Степан Тарасовича кхин цкъа а цунна тIаьхьа мохь туьйхира:

— Хезий хьуна аса бохург? Воха ма вохалахь!

Урамехь лаьтта Арсби меллаша кIантана тIеволавелира.

— Бено, — аьлла, дIадолийра цо шен дийгош долчу озанца.

Вуьшта а даг чу кхерам бижина волу Бено, ден аз а хезна, кхин а цхьа бохам хиллийла дагна хаа а делла, цуьнга ши бIаьрг ирх хьажжийнчохь, дIатийра.

— Бено, Марем елла. Маликат а елла. ДIайоьлли аса и шиъ.

Бенос корта охьаоллийра. БIаьргашна чу бодаш а хIоьттина, когашна кIелхьара латта цхьа тамашийна мал а делла, шен ден дешнаш цхьанхьа геннара схьахезаш хетара цунна.

Арсбис доккха садаьккхира, бел пенаца дIа а хIоттийна, кIантана тIе а таьIна, цуьнан белшна тIе куьйгаш дехкира цо.

— Велха ма велха, Бено. Хьо — борша стаг ву. Хьо сан накъост ву. Кхин цхьа а вац сан. Хьо — сан кIант а... сан накъост а ву....

БIаьргех оьху хиш совцо гIертара Бено, уьш совца ца даделира. Къаьхьа а, Iийжаш а долу уьш, дог аттачу а ца доккхуш, цуьнан юьхьа тIехула охьаоьхура.

Ткъа ден бIаьргех долуш хиш дацара. Уьш цуьнан кийрарчу дагах оьхуш дара, цара дог готте дерзийнера цуьнан.

— Велха ма велха ДIавало, Бено, школа чу гIо. Со-

барде, хIара... Степан Тарасовича ахча деллера суна.— Арсбис кхо сом кIанте дIакховдийра. — ХIара дIа а эцнй, хьайн накъостех уггар къечунна дIало.

Ткъа Степан Тарасович оццу хенахь дежурни цIийнан корре дIа а хIоьттина, кIорггера ойланаш а еш лаьтташ вара. Ма тамашийна де а ду-кх хьо таханлерниг! Мел дукха гIуллакхаш, мел дукха къаьхьа цатамаш хилла тахана! Тахана Iуьйренца накъостех цхьаммо, деша аьлла, дукха хан йоццуш Гаспрехь Лев Толстойс Николай шоллагIчуьнга яздина долу доьалгIа кехат деллера цуьнга.

Паччахь вийначу революционерех христиански къинхетам бар доьхуш, цуьнца цхьаьна, царна «Уксусни бен» аьлла цIе тиллина а, уьш «дерриш а делах къаьстина, адамийн сибатах къаьстина йолу хIуманаш ю... долуш долу Iедал дохон гIерташ йолу» — бохуш Александр шоллагIниг вийначул тIаьхьа, цуьнан кIанте кехат яздина волчу Толстойс, — килсах дIаваьккхина а, правительствос хьийзош а волчу оццу Толстойс, кхин цкъа а оццу Толстойс хIинца паччахье Николайга яздинарг чIогIа оьгIазе, паччахьан Iедалан харцонаш Iорайохуш, сов чIиркъен, хийцамаш бан безар доьхуш кехат ду! Ма нийса Iора боху цо уьш, ма дика яздина ду иза! Дуьйцуш ду, паччахьо цхьана шен воккхачу ден вешегахула Толстойга кост дина, «кехат деша а дешна ша, иза цхьанна а гойтур а дац ша», аьлла. Цуьнан маьIна дара, шек а ма хила, аса хьо дIавуьйцур вац, ахьа яздинарг тидаме а оьцур дац аса, бохург,—кхин хIумма а дацара иза. Стенга сатуьйсуш вара ткъа и ойланча, и дегнаш тедархо?!

Ткъа ккхузахь берриг хIорд шена чохь гуш болчу жимчу тIадамехь — училищехь а уьзаш дара: «лакхахь лаьттачара» тIедилларца бIаьрзен церан лаам кхочушбархочо изза ницкъаш бар а, изза къинхетам боцу таIзарш дар а!

«СадаIа хIо дац», — ойла йира Степан Тарасовича, шен гиччош тIе пIелгаш а таIийна.

## 5

Масех де даьлча хьехархойн совет гулийра инспекторо. Уггар хьалха вeара тIех чIогIа лерина низам лелош волу латинин мотт хьехархо, цул тIаьхьа схьагул-

белира биснарш а. Хьехархой а, кхетархой а боцурш совете веана вара шен сийнна дуьхьа училищан верас вина волу гІаларчу купецех уггар воккхах волу купец а, ши мозгІар а.

Инспектор кхолавелира, гулбеллачаьрга бІаьрг тухуш чекх а ваьлла, йовхарш а тоьхна, цул тІаьхьа шурел кІайн йовлакх бетах а хьаькхна, дІадолийра цо:

— Господа! Дукха хан йоццуш училищера дІаваькхина вара дешархо Крысанов...

— Далла хастам а бу-кх ваькхина!— элира цхьаммо.

Бакъдерг аьллачу хьехархочуьнгахьа вуно буьрса дІа а хьаьжна, кхидІа а дуьйцура инспекторо:

— Цуьнан дегара Мазлакерчу кафедральни килсан воккхах волчу мозгІарера да Василийгара дехар кхаьчна вайга. Аь, аь, аь... цо доьху вайга сил луьра цахилар.

Инспекторна нисса дуьххьал хиъна Іеш волу мозгІар кІеззиг охьатаьІира. Леонид Петровичан лере а вахана Степан Петровиче цхьа хІума элира, ткъа вукхо куьг ластийра. Дуьхьал валар эрна ду, бохучу кепара.

— Цуьнан сийлалло доьху хІинца цкъа шен кІантах къинхетам бар а, иза кхуза юха схьаэцар а. Аь-аь-аь... дешархочо дош ло... Ма дарра аьлча, дас Василийс ша а эр ду!

Хьала а гІеттина, кочахь кхозучу жимчу жаІарх тесна йолу зІе схьа а лаьцна, гулбеллачаьрга вистхилира мозгІар. Жайнашкахь сийлахь дІаяздарна тІера далочу цхьацца айташца то а деш, хабарна шера волчу цо дийцинарг дуккха а делахь а, цо дийцинчуьнан маьІна доцца а, кхеташ а дара. Цо доьхура таІзар ца дар а, бехках иза хьалхавитар а, шен «къоьнго» шегара баьлла бехк чІогІа беза хиларх кхетта а, керстанан Іедалехь цунна иза дохковаьлла хиларна а, хІинцачул тІаьхьа долчу шен леларца ша бохург цІена бакъ хилар цо гойтург хиларна а, массарна а тоьшалла а лора цо.

— Ткъа мила ву вайх ваьшха а кегийра долчу хенахь бехке дерш довлаза? Цхьаболчаьргара — дакхийранаш, вукхаьргара — кегийрнаш. Уьш — кхетам тоьуш цахиларан, къона шераш синтем боцуш хиларан тІаьхьенаш ю. Вешан замано а, вешан хьехархоша бечу хьехамаша а дерз-дерзош хьекъале дерзадо вай. Бакъду, суо да хиларе терра, къера ву со. ЦаІ бен вац тхан иза, коча

Іамийна ву иза. Оцу дерригенна бехке ерг нана ю — лечкъа а хІунда до иза? Делахь хІета аса иза хІинцца кхузза чу схьавалор ву хьехархошна хьалххахь шега алийта цуьнга ша дохковаьлла хилар!

Мозгіаро, ара а ваьлла, цхьа минот яьлча кабинета чувалийра шен кІант. Важа ша хьошалгІа веача санна вара — лакхарчу ойланца чоьхьа а ваьлла, шегара хІумма а бехк ца баьлча санна, цІенкъа юккъе дІахІоьттина лаьттара иза.

— Дош ло лакхарчу советана хьалххахь, хьо кхин...

— Дика ду, дІавита шен дешар а доьшуш, дог тедира инспекторо. — Аь-аь-аь... диц ма долда цо ша духовни училищехь хилар! ДІавало!

Крысанов неІарехьа дІавирзира, циггахь батт цхьа вон агІор гома саттийра цо.

— Да Василий, шун гІуллакх чекхдаьлла, амма, нагахь санна хьайна лаахь, тхоьца саца а саций, тхан гІуллакхашка ла а догІа-кх.

— Делахь хІета, соцур ву со.

— ХІинца, шоллагІа гІуллакх къастор ду вай, — цхьа кехаташ кхечухьа дехкира инспекторо. — Вайн кхузахь, училищан цаношкахь... аь-аь-аь... духовни училищехь, — билгалдаьккхира цо, — дешархошна юккъехь ву... мила вара иза... кхечу къомах схьаваьлла... ша ма дарра экха...

Мозгіарша кортош таІийра: хаьа тхуна, хаьа тхуна, хезна тхуна.

Степан Тарасовича ши бІаьрг горгбира. Оцу декъазчунна кхин хІун дан гІерта иза?

— Билгалдаьлла ду, и дешархо кхидІа училищехь хиларо вукха дешархошна чІогІа зулам деш хилар... аь-аь-аь... теша а тешна сан кара а, шун кара а, вайн школан берриг хьехархойн советан карабелла болчу.

Дехха а, бодане а, бухахь бахьана доцуш а дуьйцура инспекторо, амма доцца а, сацамболлуш а чекхдаькхира:

— Ткъа цундела хьехархойн совете аса доьху... аь-аь-аь... вуьйцуш волу дешархо школера дІаваккхарна резахилар.

Цхьа минот елира цхьа а вист а ца хуьлуш, тийнна Іеш. Степан Тарасовича ши куьг чуччухула даьккхира оьгІазе цІенкъин бІаьра а хьоьжуш.

— Аша олучуьнга хьоьжуш Iеш ву со, — аьлла, тIе дош а тоьхна, охьахиира иза. Степан Тарасович хьалаайавелира, амма оццу хенахь инспектор мозгIаршкахьа дIавирзира:

— Хьалхара дош шун ду, духовни нах шу хиларе терра.

— Ткъа хIун хетар ду цуьнан сийлахь лаккхарчу возаллина — дена архимандритана? — хаьттира мозгIаро.

Шен сийлахь лакхара возалла реза хир ву совето бинчу сацамна,— шерра дош олуш вистхилира инспектор. Цо хIун олу техьа бохуш, шен сийн дуьхьа школан верас волчуьнгахьа дIахьаьжира иза.

Шен когашка охьа а хьаьжна, цIоцкъамаш ирахдахийтира купецо:

Суна хууш хIума дац,— сацам боллуш элира цо.— Сан гIуллакх ахчанца а, кхачанан сурсаташца а училищана гIо дар ду, ткъа кхеторан гIуллакх хьехархойн советехь ду. Со ца хилча а, шега къасталур ду. ДIаваккха везаш шайна хетахь — дIаваккха; вита везахь— вита.

— Делахь хIета, дош ала дезаш берш хьехархой бу-кх. ХIан хIета, масала, ахьа хIун олу? — хаьттира инспекторо латинин мотт хьехархочуьнга. — Хьо, суна дагадарехь... аь-аь-аь... цунна арз деш вара.

Хьехархо хьалагIаьттира, инспектор цец а воккхуш, нисса хадийра цо:

— Суна, иза дика дацахь а классана чохь иза воцчу хенахь оцу дешархочо хIун леладо ца хаьа, хIунда аьлча, со кхузахь Iеш вац. Аса хьоьхуш болу мотт цо Iаморах лаьцна аьлча, ткъа цо иза вуно дика кхеташ Iамабо. Кест-кеста меттигаш хуьлу, вай уггар дика хууш лоруш болчу дешархошкара дуьйлу гIалаташ цо тодеш.

Вукха хьехархоша, инспекторна ца моьттучу кепара, вовшашна юкъа а лелхаш къобал а дира, гIо а лецира латинисто аьллачуьнан. Советан баьччан когашна кIелахь ор делира. Амма коьрта мина цул тIаьхьа а эккхар юйла хууш вара иза. Шен ницкъ ма кхоччу иза ца эккхийта дагахь Степан Тарасовичах тIех а ваьлла, кхечу хьехархочуьнга хаттар дира цо.

Радько чуьравелира, тата а доккхуш гIант дIа а хилийна, хьалагIаьттира иза.

— Хlинца ргl сан ю, — приказ лучу мукъамехь элира цо. Инспекторо оьгlазвахана белш дlа а, схьа а саттийра.

Чlогглa а, тешна а къамел долийра Степан Тарасовича.

— Вай вуьйцучу дешархочунна со хьоьхуш волу шоллагlа шо ду. Шоллагlа шо а чекхдоллуш а лаьтта. Массо а предмет уггар дика хууш волу дешархо волуш схьавеана иза оцу шина а шарахь — иза диц ма делаш. Шозлагlа делахь, суьйренан занятеш чекхйовллалц кест-кеста школехь дежурни хуьлуш ву со. Суна цкъа а ца гина цо ша вочу агlорхьара гойтуш. Амма суна хууш меттигаш ю, цуьнца йолчу юкъаметтигашкахь цунна...

— Тоьур ду, тоьур ду! — куьг ластийра инспекторо.

— Доллу хlума ккетош ду.

— Со — советан член ву, кхечеран санна сайна хеташ дерг дlаала бакъо а ю сан, — сих а ца луш дуьхьало йира Степан Тарасовича. — Со хlинца а чекх ца ваьлла.

Доккха садаьккхира цо.

— Ккузахь элира и дешархо — кхечу къомах схьаваьлла ву. Иза бехк а бац, бехке ван бахьана а дац. Аьлла дара иза экха ду. Цхьана минотана хуьлуьйтур вай иза иштта. Делахь хlета хатта бакъо ло суна, ткъа вай, хьехархой, кхеторхой, хlун деш ду ккузахь? Вайн хьалхара декхар дац ткъа, вайх тешна долу бераш кхетадар? Амма схьалоцур вай, нагахь санна адамашха тера юкъаметтиг вай цаьрца лелош ца хилча...

— Иза дийца аса бакъо ца ло хьуна... мохь хьаькхира инспекторо.

— Аса юха а боху, со чекх ца ваьлла,— юха а лахвира иза Радькос.

«Дешархо-х ламаройх ву,— ойла йора купецо, цхьанхьа стоьла кlел а хьоьжуш. — Ткъа ламарой — коьрта болу сан товар эцархой бу, кегийра а, даккхийра а духкуш долу!» — тlаккха сацам боллуш корта хьалаайира цо.

— Вон лелар а дитина кхетар вац техьа и кlант? — хаьттира цо, цхьана хьехархочунна тlера шен ши бlаьрг, вукхунна тlе а берзош.

— Кхета оьшуш цо дина цхьа а вон хlума дац,— жоп делира цунна Степан Тарасовича.— Иза кхето веза, цун-

на хьехарш дан деза, амма етта ца еза, хьаста веза, дIатетта ца веза. Юьхьа дуьххьал бохург санна хьехархой сийсаз бечарна хIунда ца до таIзар? Ца доьшуш болчарна, низам доцуш болчарна, шуна тIехьашхахула вон хичаш ечарна, шуна туйнаш деттачарна хIунда ца до иза? Шайн классера дешархой баккъалла талхош болчарна? Аса хоьтту — уьш хIунда ца боху дIа? Церан хьокъехь дист хIунда ца хуьлу хIокху советехь? Дера ца хуьлу, гой шуна, вайн ирчу маьIигех кхоьруш хиларна, эгIа ца лаьа вайна. Гайта ца деза ткъа хьехархочуьнан хьуьнар? Цунна вайна карабо декъазнаш, бакъо йоцуш, гIо дакхка стаг воцуш берш.

— Айхьа дуьйцург диц ма делахь! — цIен пхенаш а болуш болу шен тIебаьлла кIайн ши бIаьрг ир а бина, цхьа вон къарзийна цунна тIебуьйгIира инспекторо. — Аса дIаяздийр ду хьан дешнаш, дала деззачу дIа а лур ду! Иза йоккха сийсазалла ю училищана! Даьссачу хабарца бехке яр ду иза!

— ДIаязде! — куьг тесира Радькос. — ДIаязде, дIало, дIаваккха! Амма цхьана хIуманна тIехь гIалат вер ву хьо: аса цкъа а,— хезаш вуй хьо?—аса цкъа ца дуьйцу даьсса хабар. Ткъа нагахь цхьана сарахь охьахиъна аса гIуллакх дахь, сан а хир ю цхьацца хIуманаш дIаязда а, дIадала а таро!

ЦIеххьана вела а къежна, чуччухула а даькккхина ши куьг некха тIе диллира цо.

— Ткъа ма дарра аьлча... Цуьнан сийлаллин приказ хьайггара хийца а, цуьнан лаамна дуьхьал вала а бакъо йолуш хьо хилча, соьга муха къийсалур дара хьоьца!

— Цуьнан сийлахь возаллин лаамна со дуьхьал ву бохург хIун ду? — сенвелира инспектор. — Со ву боху ахьа цуьнан лаамна дуьхьал?

— Вац ткъа? ХIинцца дара хьо цуьнан лаамна а, приказана а дуьхьал дуьйцучуьнан коьрте хIоьттича. Ккхузахь массарна а хууш ду, ткъа хьуна ккхин а дика хууш ду хьо дIаваккха гIерташ волу дешархо ккхуза схьа хьан лаамца эцна а воцуш, ткъа цуьнан сийлахь возалло приказ дарца схьаэцна хилар!

Инспектор чIогIа кхеравеллера. Тохар нисса хьажийна дина дара.

ЦIеххьана неI шуьйрра дIаеллаелира.

— Воккха да (владыка) вогIу!— мохь туьйхира дешна чекхбевллачех цхьаммо.

Хьала а лилхина, ара дуьхьалбовла сихбелира мозгIараш, шайна хьалхахь кхозу жIараш то а еш. Степан Тарасовича дийцинчо цхьана цIеххьана Iадаварх чу са даза волу инспектор кхечу цIеххьанчо кхитIе а вохийра. Шен дагахь: «ШайтIа, йилбаз ду иза, хьехархо вац», — бохуш дов а деш, Радько дуьненара а дIавайна, каторгехь ватта, набахтехь вахко дуйнаш а бууш, сихха шена тIера барзакъаш дIа а тодеш, воккхачу ден жIарна кIел хIотта дIахьаьдира иза.

Кафельни цIенкъах шен ехачу Iасин юьхьиг а етташ, воккха стаг-архиерей, Владикавказски а, Моздокски а епископ, улло бевлла некъашхой шен секретарь а, архимандрит — училищана тIехьожуш верг а волуш, приемни чухула тIехвелира. Луларчу цIа чохь иза тIеэца кечлуш дIахIуьттуш бара дешархой — йир алархой. Епископ неIарехь гучуволлушехьа регенто куьг а айина, «Чоьхьавалар Хьокъал ду» цIе йолу йир ала буьйлабелира уьш. Архиерейс, Iаса дешархойх цхьанга а елла, уьш декъалба куьг ирх дахийтира, ткъа дешархоша грекийн маттахь маьхьарий туьйхира:

— Испола эти деспота.

Коьртахь Iаьржа пес а, тIекхоьллина оба а, карахь Iаса а йолуш волу лекхачу дегIара, къоьжа архиерей чу са а деана денъелла, килсехь шена гинарш санна йолу йоккха икона ю моттаделира Бенона. Дешархой декъал а бина, чохь урокаш кечъечу чу вахара воккха стаг.

— Бераш муха доьшуш ду? — жоп даларе хьоьжуш а ца Iеш, гергахьо волчу дешархочуьнгара книга схьа а эцна, шен бIаьрсизчу бIаьргашна хьалха яьхьира цо. — Делан Закон муха ду? Жоп ло урокана,— корта а таIош тIевирзира иза дешархочунна. ЦIий а велла, толкха а лелхаш, воха а воьхна мытаран, фарисейн хьокъехь школан дена жоп дала волавелира дешархо. Халкъера пачхьалкхан ял гулъеш хилла волу. Мытарь, дешархочо лучу жоьпе хьаьжча, сагIадоьхург хилла дIахIоьттира, цо деле доьхуш хиллера: «КъинтIера валахьа суна, со сагIадоьхург хиларна», — бохуш.

Дукха оьгIазвахана сенвеллера инспектор: «Аса дагавоуьйтур ву хьуна сагIадоьхург-м!»

— Вон хаьа! — дешархочунна тIе бIаьргаш буьйгIира архиерейс. — Иза жоп далар дац! Фамили хIун ю хьан?

— Богомолов...
— Да мила ву?
— Протоирей...
— Эхь ду иза,— дIанехьа а ваьлла, Бенона хьалхахь сецира епископ.

«ХIа, иза дика ду! — цIеххьана коьрта чу дижира инспекторна.— Воккхада цунна тIе ца веана? Дикахо а ду, цунах аьтто баккха беза»! — нохчочо Бенос кхиболу дешархой талхош хиларан хьокъехь ша хIоттийна долу кехат пиджакан киснара схьадаьккхира цо.

— Хьан сийлахь возалла!..

Амма архиерейс хIетале Бенога хаттар дира:

— Ахьа ло жоп.

Бенос чIогIа а, дика кхетош а, классехь урокехь шена ма хаззара жоп делира.

— Фамили хIун ю хьан? — Оцу минотехь епископана тIе а вахана, цуьнга меллаша масех дош элира архимандрита. Бенона тIебоьгIначуьра ши бIаьрг дIа а ца боккхуш, корта таIийра архиерейс.

— Дика ду. Килсе оьхий хьо? — Бенос ши бIаьрг охьабахийтира. — Ткъа ламаз муьлхарниг хаьа хьуна? «Дала гечдойла» хаьий хьуна?

— Хаьа.

— Архиерейс декъалвира иза, шен куьг цуьнан балдашка а дехьна, дIанехьа велира иза.

Шен карарчу кехатах Iаьвдина межарг а бина, оьгIазаллица иза кисина Iоьттира инспекторо. Иза цуьнга дIадаларх хила хIума дацара.

Беноца йолу юкъаметтиг оцу сохьтехь хийцаелира. Эконом кхин тIе ца чийхира цунна, надзиратель Дылда иза тергал а ца веш, уллохула тIехволура. Инспекторна ванне а ван а воцург вара Бено.

Амма, музыка хьоьхучу хьехархочо, Бронислав Иосифовича, виц ца вора иза. «И кIант музыка дукхаезаш ву: Iадхьоькху пондар гича ши бIаьрг богуш хуьлу цуьнан. Бакъду, цунах дика музыкант хир ву», — олура цо кесткеста.

Ткъа Бено, саца а ца соцуш музыкальни классана уллохула тIех ца валалора. НеIарехь музыке ла а дугIий, дагна чIогIа цатам хуьлий, дIавоьдура иза.

Цкъа цхьана хенахь, хIинццалц чул дикка хьалха, цу чохь я дешархой а, я хьехархо а воцчу хенахь музыкальни классана уллохула тIехволуш вара Бено. Дукха чIо-

гІа лиира чу а вахана, Іадхьоькху пондар кара мукъане а лаца.

— ХІа, де дика хуьлда хьан,—шена тІехьашха аз хезира цунна. Вела а къежаш учахула схьавогІуш вара Бронислав Иосифович. Бено схьа а лаьцна, цуьнцанна класса чу вахара иза. ТІаккха генна дуьхьал кхозу хІума дІа а теттина, пондар схьаийцира цо.

— Хьажал хьо, — элира цо кІанте.— Иштта каралаца беза пондар, хуур дуй хьуна?

— Хуур ду,— векхавелира Бено. Дукха хазахетта ши бІаьрг серлабелира цуьнан.

— ХІа, дІалаца! Цкъа уггар хьалхара ардал!

— Муха? Иштий? — Іадхьоькху пондар каралецира Бенос.

— КІеззиг лакха хьалаайа. ХІинца нийса лаьцна!

Хьалха юьхьанцара урокаш Іамо атта дацар. ПІелгаш лозура, къаьсттина нанапІелг, делахь а хьехархо тІетаьІина шена дагахь долчуьнга кхача лууш вара, вол-волуш чолхечу упражненешна тІеволура иза.

Шена Бронислав Петровича елла урокаш, цхьанггара а гІо а доцуш Іамайора Бенос, дукха атта а, нийса а музыка лакхарца хьехархо цец а вохуш. Цхьа шо даьлча, музыка Іамо хІоранна а шеран барам кІоттийна йолчу хьалхарчу, шоллагІчу а группел хьалхавелира иза. ХІинца цо хьехархо цецвохура музыкан эшарш къаьсттина нийса лакхаран говзалла дика хиларца.

Наб кхетале хьалха ша меттахь Іуьллучохь, эшарийн мукъамаш хІиттабора цо, Іуьйранна самаваьлча шен дагахь уьш юха а хезаш хуьлура иза, иштта шен дагахь уьш ноташна тІе дІа а язбора цо.

— Аса кхоалгІачу оркестран группи чу ваькккхина хьо, — элира цкъа цхьана дийнахь хьехархочо.

— ХІанхІа, Бронислав Иосифович, ца оьшу. Цхьанггера ала а ма алалахь со пондар Іамош ву.

— Цхьанна а хууш дац ткъа ахьа музыка локхуш хилар?

— Дац.

— Иза ма тамашийна ду. Цхьа хІума хаьий хьуна? КІирандийнахь пансионера гІалийчу ваха хьуна бакъо яларан хьокъехь къамел дийр долуш ву со, хІун хета хьуна? ГІур вуй хьо?

Уггар хьалха тІедеанчу кІирандийнахь Бено вига веара Бронислав Петрович. Бакъо ехна яькккхинера цо,

музыка хьехархочуьнан жоьпаллица хIор кIирандийнахь «прогулка ян» вохуьйтура Бено. Вуьггушехь шен квартире вигира Кочис кIант.

— ХIан, хIинца вайшинна цхьаммо а новкъарло йийр яц.— ГIутакхашна чуьра ши пондар схьабаькхира Бронислав Петровича, Бено пюпитрана тIе а вигна, цунна ноташ а гайтина, распоряжени елира цо:

— ХIа, дIалакха... Ахьа — шоллагIа пондар локхур бу, аса — хьалхарниг локхур бу. Инструмент кечъе.

Бенос мерзех пIелг туьйхира, уьш къевлира, Iодана канифоль хьаькхира, тIаккха ноташна хьалха дIахIоттийра. Бронислав Иосифовича бIаьрг туьйхира шен дешархочуьнан латтаре.

— Ког, ког! — шен карара Iад Бенон кога тIе хьажийра цо. — Нийса гIортабе ког! ХIа, дIаволало вайша: шиъ, кхоъ...

Шиммо а цхьабосса Iодмаш карахь долу куьйгаш дIа а, схьа а хьаькхира. Сихчу эшарца дIайолалуш яра дуэт, мерзийн аьзнаш чаччамаш санна даьржаш дара. Пондарчийн куьйгаш бIаьрг тIаьхьа ца кхиъал чехка шершара, пIелгаш мерзашна тIехула сиха лелара. Теша хала дара, ноташ а йоьшуш, секундах масех дакъа дича оцу цхьана декъехь стаге уьш пондаран эшаршна тIеяхалуш хиларх. Оццу хенахь, Iодмаш цIеххьана хIаваэхь айинчохь севцира, тIаккха меллаша мерзашна тIейийшира уьш: шоллагIа дакъа дIадоладелира. Дуккха а тайпанчу аьзнашца декачу олхазарийн эшарех тера долу мерзийн сиха аьзнаш, цхьа хазчу эшарехь декара. ХIинца хезаш йолу йиш олхазарийн эшарех тера а йоцуш, ткъа торжественни суьйренан гимн олуш волчу шина стеган баккъалла а долу аз дара.

Хьехархочо карара пондар охьабахийтира, пюпитрана уллора дIа а ца волуш, дешархочуьнга дIахьаьжира иза:

— Суна наггахь бен ца гина иштта дика хууш верг! Халахетар ду суна, нагахь ахьа музыка дIатасахь! — Бенон белш тIе куьг диллира цо. — Аса бохучух кхетий хьо? — Бено велакъежира, вист а ца хуьлуш хьехархочуьнга дIахьаьжира иза, ткъа вукхо элира:

— ХIа, хIинца аса — шоллагIа пондар локхур бу, ткъа ахьа — хьалхара локхур бу...

— Лакха хьожур ву со,—Бенос воьхна бIаьрг туьйхира хьехархочух, — хьалхара пондаррий?!

— Хlаъ, хlаъ, хьалхарниг! Шорам ло хьайн дагна! Паргlато ло цунна! Дlаэца!

Бенос пондар дlанйцира.

— Шиъ кхоъ...

Юха а куьйгаш дуьйладелира. Юха а дуьйладелира эшаран аьзнаш, вовшел хьалха а лелхаш. Бронислав Иосифовичана йиш дагахь хаьара, цундела цуьнан таро яра Бенос лоькхучу пондарна тlехь а, цунна шена тlехь а саццаза тергам латто.

— Браво! — хьехархочо куьйгаш туьйхира.

— Хьайх дог тешна лекхира ахьа, пондаро хьан карахь йиш дика локху, мукъам нийса бу. Аса эр ду хьоьга, — Кочи леррина дlахьаьжира Бенога,— хьох художник хир ву!

Бенона кlеззиг эхь хийтира, делахь оцу минотехь шена хетта эхь къайладахийтира цо:

— Бронислав Иосифович! Сох цхьа а тайпа говзанча ца хила а тарло... Амма... хьуна баркалла... Аса цкъа а вицвийр вац хьо!

«Маса шо ду оцу куьйго шен карахь пондар латто!»— воккхачу стеган куьйге хьаьжира иза, катоьхна иза схьа а лаьцна, цунна оба ала гlоьртира Бено. Бронислав Иосифовича вега а вина, цуьнан карара схьадаьккхира шен куьг. Велха цуьнан йиш яцара — цо ша кест-кеста олуш дара, бlаьргех дуьйлучу хиша ша «дlатесна» дуккха а хан ю. Делахь а, цунах чlогlа къахетта волу иза хlинца а хьуьнар шегахь долуш вара.

— Иштта ма лела, сан хьоменига! Хийцалуш лаьтта хьо! Билггал бакъонца музыка езаш ву хьо, дала аьтто болда хьан художник хила!

Бено тергалвеш волчу воккхачу стагана гуш дара и жима кlант хlинцале жима стаг хилла дlахlуттуш лаьтташ хилар, онда, шен лаам болуш, шена гондахь долчуьнга кхетамца хьоьжуш волу. Цкъа цхьана дийнахь ша-шах дlадоладелира воккхачу стага цунах хьо а ца олуш, «шу» алар.

— Шун дог доккха ду. Музыкехь доьлуш а, доьлхуш а хуьлу шун иза. Суна баркалла ала дезаш дерш шу дац, ткъа со ву шуна иза ала дезаш верг... Бакъду, со— хьехархо ву, хьехар — сан декхар ду. Аша сан дагна боккха там бина. Хьо сан уггар тоьлашха волу дешархо ву! Хьо шайн хьехархочул а лаккавер волуш ву! Музыка

дукхаезаш шу хиларна — доккха баркалла шуна, сан хьоменига!

Цхьа а вист а ца хуьлуш тийна дара цхьана минотехь — ший а воккхавеш а, сакъералуш а вара оцу хенахь.

— Аса еша цхьа книга лур ю хьоьга Бетховенах лаьцна, Листах лаьцна. Паганинан хьокъехь ешний ахьа? Эхl, ма дика са ду иза! Ткъа, Глинка? Ткъа, Чайковский? Эхl, мила ву царел тоьлуш? Ткъа Ян Кубеликах лаьцна дешний ахьа?

— Хlанхlа, ас муха йоьшур яра...

— Иза кхуьуш керла говза музыкант ву. Со санначех ву иза а.

— Бронислав Иосифович, дукха хан юй хьо кхузахь волу?

— Буритlахь волу шийтта шо ду. Иза хlунда хоьттуш ахьа? Оьрсийн мотт суна вон хуу дела хоьттий ахьа?

— Хlанхlа, цунна ца хоьттура аса-м!

— Иза бакъду, ледара хаьа суна. Иза — сан гlалат ду. Дагна а адамашца къамел музыкальни маттахь деш lедал ду сан, ткъа кхечу къоман мотт lамо ца гlоьртира со. Иза вон ду. Ткъа тхо тхаьш, чехаш, берахь дуьйна а талхийна ду. Австрехь lамош берг — немецки мотт бу. Деша лаьий хьуна — немецки мотт хаа беза, гlуллакхе хlотта, балха ваха лаьий — тlаккха а немецки мотт хаа беза. Тхох дукхах берш талхийна бу — цlена мотт а ца хууш телхина ду тхо.

— Ткъа хьайн даймахка юха дlа хlунда ца воьду хьо?

— Россе кхочуччу хенахь жима вара со. Александр шозлагlчуьнан гlопехь скрипка локхуш вара со. Цул тlаьхьа — театрехь солист вара. Итт шо даьлча Чехия дlаваха гlоьртира со, зуда яло. Амма ца вахара со: ца вохуьйтура, дехарш дора. «Цхьа шо даьлча, ши шо даьлча гlур ву хьо»,— олура хlоразза а. Иштта висина ву со... къан а велла, доьзал а боцуш цхьалха.

Кочис доккха садаькхира.

— Амма хlинца Росси — сан шозлагlа даймохк бу. Оьрсий — эхl, ма дика дог долуш адамаш ду уьш! Тхуна, чехашна, дукха хьоме бу уьш!

— Оццул дукха шерашкахь хьуо цаl волуш ваха... хала дуй, Бронислав Иосифович? — къахеташ хьехархочуьнга дlахьаьжира Бено.

— Ткъа, скрипка! Скрипка! Цуьнца со цхьалха вац. Цуьнца со дерриг дуьненахь ву, — кху сохьта шен даймахкана тIехула яьржина йоллу стигал, сийна стигал геннахь лепачу, корах арахьаьжира иза.

## КОРТА VI

### 1

БIаьсте яра. ДуьххьалдIа цхьа бIаьсте хилла ца Iаш, ткъа 1904-чу шеран бIаьсте, Японица болчу тIеман, революцин дуьххьарлерчу кхийсарийн буьрса бIаьсте яра.

Хьалха санна, шен тохарлеррачу дахарца ехаш йолуш санна хетара училище, хуьлуш урокаш а яра, дIайолалуш экзаменаш а яра. ТIаьххьарчу классехь доьшуш вара Бено, кхин цхьа жимма хан яьлча — юха а цунна хьалха хIуттур ду: кхидIа хIун дан деза техьа? — боху хаттар.

Ура-атталла керлачу ойланан хIо а шена чоьхьа ца далийта гIерташ духовни училище мел чIогIа къийлаеллехь а «тохара хьалха» санна дIадоьдуш дацара цуьнан дахар. Сацалур дуй ткъа массанхьа а кхочуш, доллучух дулуш хьийза мохан дарц?

Бено ша а хийцавелира. Доьналла алсамдаларца цхьаьний, кхуьура цуьнан хьекъал, хIума гар, довзар, дан дезарг хаар. Степан Терасовичаций, Бронислав Иосифовичаций долу цуьнан доттагIалла тIеттIа алсам кхуьуш дара, оцо шина кепара кхиавора иза. Iадхьоькху пондар лаккхархочо искусство еза а, иза йовза а Iамийра иза. Степан Тарасовича цуьнан хьекъаллий, доггий кхиа а дора, дахча а дора, книгаш нийса, леррина еша а марзвира, шен кружокаца гергарло а тасийтира, политикан гIуллакхаш нийса довза а Iамийра. Бено хIинца а дукха къона вара, дуккха а жималлех дерш дара цуьнца, амма иза чIогIа, вухавер воцуш, къоналлин дерриге довхачу дагца нийсачу некъа тIехь лаьтташ вара.

Степан Тарасовичаца тахана дуьххьара воьдура иза 1-ра Май дазда. Iуьйре башха, екхна яра, и шиъ ший а хьехархо а, дешархо а — самукъадаккха араваьлла мотталора.

ГIалин йистошца йолчу бошмех чекх а бевлла, хастоьмаш тIехь болчу хесашкахула дIабоьлхура уьш.

Гена боцуш Іамош бара хІирийн дивизионан цхьана декъера салтий. Иштачу хІуманех волаза волу Бено тамаша беш хьоьжура алан, чан цІевнаш пхьуьйшех а дихкина болчу берешка. Хьалхалерачу ширчу, евзачу кепара Іамабора. Эпсаро, мохь а бетташ, команда дора: «Йол йолчухьа!», «Ча долчухьа!», — бохуш. Дошлоша цхьана эшшара говраш цкъа цхьана, тІаккха вукху агІор хьийзайора, ча долчухьа, тІаккха йол йолчухьа а хьийзош.

Го баькхкина гонах арей, кегий хьаннашший яра, ткъа дІанехьа яьсса аре яра.

— ХІан, кхин юха ма хьежа, — аьлла, команда делира Радькос. — ХІинца ийза а ца луш дІагІор вай!

Нилхо йолчу, цхьана жимчу боьлакана тІекхоччуш бохкура уьш.

ДІо боьлакана чу вуллучохь, дечигашна юккъехь адаман гІаларт хааделира, юха оцу сохьта дІадайра. Дукха хан ялале кхечу агІорхьа кхин цхьа стаг а хаавелира — иза а дитташна тІехьашхула къайлавелира. Бено хьалха дІа а валийтина, ткъа ша, шаьш шиъ вовшашна вевзаш воццуха, дІа-схьа а къаьстина волавелира Радько. Иштта вахара и шиъ шаьшшиъ воьдучу дІакхаччалц.

Юккъе мел вели юькъа яра хьун. Вовшашкхета билгалйина меттиг — боккха наж боллу ирзо дара. Цхьанхьа тоба йина гул а ца луш, кхузахь а, дІогахь а бІарийн дитташний, сийначу мангал комаршний, цІазамашний юккъехь хаалора белхалойн кучамаш, оьрсийн агІор кочмаш долу кучамаш юьйхина, цхьаболчарна тІехь пиджакаш а йолуш долу адамаш.

Радько цхьанна тІевахара, цуьнан куьг лаьцна, маршалла а хаьттина, кхечунна тІевахара иза. Бено цунна тІаьхьа а хІоьттина воьдура, гулбеллачийн куьйгаш а лоцуш, цара доттагІаллица шега маршалла хаттар хаалора цунна.

Керла дуьне гира цуьнан бІаьргашна. Лекхочу, озачу стага, ирзо юккъе а ваьлла, цІен байракх яржийра. Далла гІуллакх дечу меттехь цхьанхьа а гина дацара цунна кхузахь санна иштта шаьш дечу гІуллакхана шовкъе хилар, толаман, нийсонан, маршонан сурт гора царна оцу гІожана тІехьарчийначу цІечу кІадина тІехь. Стеган керахь яйн дІасалесташ лепачу цІечу байракхана тІера бІаьрг дІа ца баккхалора Бенога шега а.

Адамаш лен дуьйладелира, — доггаха къамелаш дора цара. Хезира чIогIачу оьрсийн матто ирбеш, кхуьйсу кхайкхамаш, лозунгаш, украински кIеда, иллий санна дека къамеллий, шайн мукъамехьа ийзо Кавказерчу къаьмнийн гIоргIа хабар а. Цара массара а, хIораммо а дуьйцург цаI дара: халкъо кхин са деттар дац, тоьу хан тIекхаьчна, ахархой карзахбевлла гIуьттуш бу; тIамо халкъан ницкъаш цIуббо, тоьлашха долчу адамийн эзарнаш дахарш хIаллакдо. Ткъа хьанна оьшу и тIом? Халкъаний? Даймахканий? Я шайн хьашташний, шайн кисанний зовкхана политика кечъеш болчу хьоладайн тобанна оьшу и. Эскарехь — ямартлонаш ю, къоланаш до, правительствехь — хьекъал дац, ткъа халкъехь бала бу, ткъа мел хирг а лан цуьнан деза. Салташна я герзаш а, я хIоъ-молха а тоьуш дац, ткъа гIортал белхало шен бакъонах лаьцна, шен жIаьличух терачу дахаран хьокъехь, ша вацоран хьокъехь дош ала — тIаккха герзаш карадо, хIоъ-молха а хуьлу, оьшучул а сов карор ду! Кхин хIара лан амал дац, хIумма а ца деш Iар — дерриге а халкъана дуьхьал зулам дар ду. Цхьаьнакхета, накъостий! Вовшийн белшех белшаш тохий дIахIитта, маршонехьа, нийсонехьа! ДIадаккха паччахьан Iедал! ДIабаха адамийн цIий муьйлурш!

1-ра Май даздина цIа вогIучу Бенон коьртан хьекхехкаш бара, хийла ойланаш яра коьртачу хьийзаш, хьех чекх а юьйлуш кIорггера дог деттадолуьйтура оцу ойланаша. Шира ойланашца, цхьанне а ца оьшучу, кхетаме доцчу, дог дакъош долчу низамца цхьаьний училищехь мел хьехнарг, мел хилларг мел кIезиг, мел ца оьшуш хеталора цунна хIинца! Шен уггаре тоьлашха волу доттагI—Iадхьоькху пондар а, оцу шена хIинца хезначу адамийн аьзнашна хьалха, церан эшаран мукъамана хьалха ницкъ боцуш хетара Бенона. ЭхI, эхI, ша дерриге а, дерриге а цхьана Iалашонна, сийлахь-доккхачунна, сийлахь-дезачунна, тахана кхузахь хьуьнхахь хезначунна тIедерзийна хила декхарийлахь ду! — аьлла хетара цунна.

Кхана дIаюьйлалуш яра чекхбовлуш хоьтту экзаменаш, Iуьйранна сени чохь Бенона дуьхьал кхийтира Степан Тарасович. Когашкара дуьйна коьрте кхаччалц лоррина хьаьжна чекхвелира иза.

— ХIа-хIа, Бено, нислол, толол, — элира цо бегашийна доцуш. — Бакъ волу революционер оллавелла хи-

ла йиш яц. Халкъан гIуллакх дан лаьий хьуна? Делахь чIархъаьлла хила веза. Хьо декхарийлахь ву, — и дош къаьсттина билгалдаьккхира Радькос, — экзаменаш дика дIаяла. Цергаш къовла еза... Кхетий хьо?

— Э, Степан Тарасович! Бакъ волу, воккхах волу доттагI а, хьехархо а ву!

Бенога архимандритана тIекхайкхира.

— Сан кIант, — элира кIанте коьртачу смотрителю.— Дин хоьттуш йолу экзаменаш дIаялар хьуна тIехь а дац. Цигахь хила лаьий хьуна?

Оцу дешнашца цунна тIевогIавелира архимандрит.

— Хила тарлур ду, — аьлла, бен а доцуш, жоп делира Бенос.

— Хьайн хиндолчуьнан хьокъехь ойла йиний ахьа, сан кIант? Жоп дала ца лаьа хьуна? ХIун дийр ду, дIагIо хIета, классе. Дала аьтто болда хьан.

Сени чу а ваьлла, цIеххьана велавелира Бено. Цунна дагадеара, хIун хир дара техьа нагахь цуьнга Бенога, хьайн хиндолчуьнан ойла йиний ахьа, воккхачу стага динчу хаттарна жоп луш, ккхо: «Муха ца йина, хьан возаллин хьомсаро, дика йина! Балхана кечлуш ву со, 1-ра Май даздеш а хилла со! ДIадаккха паччахьан Iедал!» — аьлча.

Катехизис хоьттучу экзаменехь архимандритал совнаха инспектор а, мозгIар а вара. Билеташ стоьла тIе охьа а дехкина, уьш кега а дина, смотрительна тIе а таьIна, инспекторо элира:

— Цуьнга,— пIелг Бенона тIехьажийра цо,— тIаьххьара кхайкхалахь.

Цо бохучух дика ца кхеттачу архимандрита оцу сохьта тIекхайкхира Бенога.

— ХьалагIаттал, сан кIант! Стоьлана тIевоьл... Алал,— аьлла кхунна тIевирзира мозгIар,— дела цаI, амма юьхь-сибатехь кхолха гуш вуй? Хьо муха кхета цунах.

— Катехизиса тIехь малхах лаьцна аьлла ду: малх ша цаI бу, цуьнан серло — шозлагIниг ду, цунах йолу йовхо — кхозлагIниг...

— Тоьур ду.

Экзамен хоттуш волчо кхин ши-кхо хаттар а дина, дIавахийтира кIант.

Бено аравала дагахь неIарехьа дIавирзира, амма архимандрита сацийра иза:

— Ткъа «Стигларчу паччахьана» хаьий хьуна грекийн маттахь? Грекийн мотт а, далла гІуллакх дар Іамош а дика доьшуш вара аьлла хета суна хІара.

— Хаьа, суна: Василев уране пара...

— Хаьа, хаьа.. Ткъа «вайн Да» хаьий хьуна латинийн маттахь?

— Патер ностер...

— Тоьур ду, хаьа...

Кхин шн де даьлча оьрсийн маттахь йоза хоттуш экзамен хилира. Хьехархо, Леонид Петрович, кхечу классашкарчу хьехархойх шеца шиъ ассистент а волуш — шен леларца дешархой иракара хІитто, церан дог-ойла айа гІерташ, чувелира.

— Маршалла ду шуьга!

— Маршалла хуьлда хьуна а, Леонид Петрович! — олуш хьалагІевттира дешархой.

— Цу кеппара, сан доттагІий,— аьлла, дІадолийра цо,— тІаьххьарчу классан программа юьззина чекхъяьлла-кх вайн. Суна хетарехь иза Іама а йина.

Ассистенташна тІе а вирзина, цо хаьттира:

— Темаш тІехь йолу пакет схьадаста пурба лой аша суна?

Цара бист а ца хуьлуш кортош таІийра. Духовни училищера чекхбовлуш болчушка экзаменаш хетта билеташ чохь долуш казенни пакет леррина схьадиллира Леонид Петровича. Іамийначух хоьттуш ши тема яра, кхозлагІниг ахьа айхьа хаьржжинарг яра.

— Тема харжар — шун шайн лаам бу,— элира юха а хьехархочо чекхбовлуш болчу дешархошка. Оьрсийн маттахь барта хоттуш кхин цхьа экзамен а шу дІаяла деза дела, шаьш Іамийна хилар аша тІаккха а гойтур моьтту суна. Ткъа аша шаьш хоржучу темо шун къамел а, ойла ян муха хаьа а гойтур ду тхуна. КхозлагІа тема «сан бералла! цІе ерг магор яра аса-м. Амма лаам шун бу, шайна луъург де. Сих ма ло, доха ма доха. Хан кхин а диъ сахьт ю.

Ах сахьт дІаделира. Йоза ден перош екара. Ткъа Бено шена хьалхарчу цІеначу тетрадана тІе а хьоьжуш, Іадда Іеш вара. «ХІун яздийр ду? Муха яздийр ду?» Цхьана дешархочо хьала а гІаьттина, хьехархочуьнга дІакховдийра тетрадь. «Ма чехка вели иза!» — аьлла, цецвелира Бено. Куьйга корта лаьцна бІаьргаш а хьаббина, цуьнан ойла ян гІертар эрна дара. Коьрта чохь

дерриге кегаделлера. Цlеххьана, кхеташ, екхна, билтгал йолу, хьекъале ойла иккхира цуьнан коьрта чу. Тетрадь тlехь цхьа доккха хlума гича санна партана тlе а таьlна, куьг хьала ца ойуш язда волавелира иза. Хан чекхъяла ерриге а итт минот бен ца йиснера иза ваьлча, яздинарг талла а теллина,цхьа беза мохь шен белшашна тlера охьабиллича санна, доккха са даькккхира цо.

КхозлагIчуьнан цlарах дуьйцуш санна яздинера цо. Амма цо ша шен хьокъехь бакъдерг дуьйцуш долу дийцар дара иза. Къечу ден-ненан кlант, господан лаамца школех цхьанхьа кхечира, ткъа цигахь доьшуш мел дерш хьалдолчийн бераш дара. Царна юккъехь цхьаммо а лоруш а я тергалвеш а вацара хlара, массо а цунах буьйлура, Iиттарш йора цунна, массара а цунна ницкъ бора, цхьа а нийсо ца лелайора. Я ша хьостур ву-кх аьлла а, я шена цхьа мерзачу хlуманан кусок лур ю-кх аьлла а ойла йойла дацара цуьнан, ур-атталла пачхьалкхо лун Iаьржа бепиг а даг тlе хlуьттура цунна шен да-наний, йижарий дагабаьхкича.

Ша яздина волуш цо тlетуьйхира: «Иштта доьшуш Iаьччохь булу дешархой нийсо ца хиларх а, цхьабосса бакъо йолуш адамаш ца хиларх а. Цхьаболчийн дерриге а ду, важаберш тlехбеттамашца сийсазбо, царна цхьа маршо бен ца ло — мацалла балар.

Кхин а лахахь яздинера цо: «Кхин дIа а иштта хила тарлой техьа? Жоп лол аша, тхан хьехархой».

Оццу дийнахь сарахь Бенога ша волчу кхайкхира Леонид Петровича. Шаьш шиммо дуьйцург цхьанна а ца хазийтархьама, жима къоьнаха а эцна еххачу сени чухула дIавахара иза.

— Ахьа экзаменехь язбина йозанан болх— бакъдолу, башха яздина дийцар ду. Иза дерриге гина а, лайна а хилар хаалуш ду. Ткъа чекхдолуш яздинчу дешнех лаьцна аьлча — хьехархо, зуьйш Бенога хьожу,— мичара яьхкина хьуна и тайпа ойланаш дага? Хьайн ирс ду хьан оха, комиссин членаша, и берриге а йозанан белхаш кхаа декъе бекъна а, ахьа язбина болх соьга кхаьчна а хилар! Тlаккха оха вовшашка лур бу и белхаш хьовса. Хьох лечкъор дац аса суна хьох къа хийтира. Юха а хьайн ирс хили хьан цхьа чIогIа ши дош... гIм... тlаьххьарчу кехатана тlехь а хилла. Аса дагийра иза. Йозанан болх цул хьалхарчу дешца чекхболу маьIна а ца телхаш. Цундела шеко хир яц.

Сирлачу бIаьргашца хьехархочуьнга хьаьжира Бено.

— Леонид Петрович, баркалла хьуна ахьа сан гIайгIа барна, ткъа жоп лохьа суна: нагахь дийцар баккъий, ахьа ма аллара нийсий делахь, ткъа цуьнан дерзор а хила ца деза нийсий, доггахкий? ХIун хета хьуна?

Хьехархочо белш саттийра, хIара хIун бала бу кху духовни училищехь баллорнг! Схьаоьцуш берш я бераш а, я кегий нах а боцурш бу! Воккхачо санна чIогIа хабар дуьйцу, мера кIел довла тохаделла мекхаш ду, амма цуьрриг хьекъал дац. Ма куьйгалхой а бу! Идейни!

Цо кхохка а велла, хезаш элира:

— Аса юха а боху: йозанан болх дика язбина бу, исбаьхьаллин бу ала мегар долуш, дуьззина нийса язда хаар гойтуш. Аса пхиъ хIоттийна. Амма хьуна магадо аса: ца оьшург ца яздар, ца дийцар,— балане дер ду хьуна иза,—кхетий хьо? ХIундий? Хьуна хьалха лаьтташ дахар ду, хьо хьуьнаре ву, ткъа хьан дегIаца «ловзуш жималлин цIий» ду — Пушкина ма аллара. Хан яьлча кхетар ву хьо а.

Кхин цкъа а къаьрззина Бенога хьаьжира иза:

— Иштта, ларлуш хилар магадо аса хьуна кхидIа а. Иза сихха лами тIехула охьавахара.

Бено ша лаьттачохь висира. Цхьа минот яьлча корта ластийра цо. Леонид Петровичан меттина хилча Степан Тарасовича хIун эр дара техьа? Иззий? Алахь а иштта-м ца ала магара. Цо а, Бено къобал ца веш, «иштта язда дезаш ца хиллера ала тарлора, амма хIунда? «ХIунда, цундела» боху дешнаш кхечу кепара а хир дара.

Бенона хьалхахьа дIахIоьттира, Шевченкон санна, мекхаш а долуш волчу шена везаш волчу хьехархочун сурт. Цуьнан кIеда аз шена хезаш санна хеталора цунна: «Ахьа, доттагI, эрна кхуьйсу яккхий тоьпаш хьозашна. Аса-м хьоьга аьллера бага сацае, ткъа хьо ца оьшучохь лен шарло. Дедаьтта хьо турпалхочун! Хаалахь, революционеран дахар цуьнан доцуш, ткъа революцин халкъан дуйла. Гlезаш даръян гIерта хьо! Мичахь ду хьан собар, доттаг!?».

Дан а ду иштта, билггал иштта! Ойла а йина, шашаха, ша эриг башха дагахь доцуш, цо хезаш элира: «Бехк ма билла суна Степан Тарасович!» Шен аз а хезна, вела а къежна, кхин цкъа а корта ластийра цо.

Делахь хIета, мила ву ткъа Леонид Петрович? Юха а кхоьлира цуьнан юьхь-сибат. Цхьана агIор хетало иза

сан хьокъехь гIайгIа беш волуш санна, ткъа вукха атIор — осалалла а, сайн са деза а Iамош санна хета. Я доттагI а воцург я, мостагI а воцург,— мила ву а хуур дац!

## 2

Дешархой чекхбевлла дIахоьцуш синкъерам бан кечлуш яра училище. Йир локхурш Iамочуьра соцуш вацара эшарш Iамош волу хьехархо Павел Аркадьевич. Музыка хьоьхуш верг оркестр кечъеш вара, гуттар юхюха лоькхуьйтуш, хала йолу меттигаш кхин цкъа а лоькхуьйтуш. Литература хьоьхуш верг дешархошка деша доцца дийцарш а, кхийолу меттигаш а Iамайойтуш вара, хIотто кечъеш инсценировкаш яра.

Кертахь мохь хьоькхуш векаш эконом вара:

— Чоьнаш. кечъе! Чехкка! Балоз хьакхий шаръе цIенкъанаш! Хьо хIун деш лела хIумма а ца деш йорт етташ? Я кузаш ца дегийна, я цIенкъа тосу палсаш ца цIандина! Чан легашка гIерта! Хьешаша хьоршамаш деттар ду!

— Хьо ма волийла хьоршамашна кIелхьара! — элира цхьаммо. Экономана хезира иза:

— ХIун бахара цо?.. Яхийта, боьха хIума! Яла кех ара! Собар дел! Вуха верзал!

ТIаьххье дерриге шен метта дIанисделча санна дIатийна дара. ЦIа чуьра яккхийчу раманашна чуьра сурташ къегаш дара, цIанйина цIенкъеш лепара, могIара дIахIиттийна гIанташ а дара.

Керла хIумнаш тIеюьйхина, юьхь-куьг дилина, иту тоьхна, кечбелла пансионераш хьеший тIеоьцучу цIа чухула а, сени чухула а, кхечу чоьнашкахула а, мила веана техьа хьежа лууш, дIасалелаш бара. НеI дIайоьллуш, схьайоьллуш Iаш швейцар вара, керла-керла хьешиш тIеоьцуш — дешархойн дай-наной, училищена гIо деш хилла болу гIалахь бевзаш болу хьал долуш болу нах, синкъераме кхайкхина болу лакхарчу классашкара епархиалкаш а.

— Эге, суна гурш!— аьлла, шина зудчунна тIехьаьдира надзиратель Дылда. — Дикканца догIийла шу!

Царна тIе а вахана, шен деха легаш саттийра цо сагIа деха воллуш санна. Зударша дог ца догIуш кховдийра цуьнга шайн куьйгаш, ткъа цо уьш цхьа экаме ме-

хала хIума санна керахь а латтийна, меллаша дIахийцира. Зударша кIеззиг бела а къежаш, курра кортош аркъалтесира.

Воккхавеш ирх а ккхийсалуш царна тIехьаьдира туьппалг санна горга юьхь-марш йолуш, томма мара а болуш волу пансионер.

— Дуьло, дуьло тхан бун йолчу — маршалла мама! Маршалла хьоьга а, тхан ненан йиша!

— Ватта, Миша вац иза!.. — шиммо а роггIана Мишина оба олу цара.

— Муха ву тхан Миша?

«Дог дохийла йоцуш Iовдал ю-кх»,— аьлла, дагадеара Дылдина, ткъа оцу сохьтехь зударех цхьанна кога тIевелира иза. Цо мохь хьаькхира, пансионеран белшашна тIе а тевжина юха а мохь белира цуьнгара.

— ЭхI, са ца тохало! Лазий!

Зоьртала кIант нене хьаьжира.

— Ахьа хIун до, мама? Лазий? Иза со вацара хьуна, делор вацара-кх!

— Бехк ма биллахьара суна, делан дуьхьа бехк ма биллахьара! — олуш, цIийвелира Дылда.

Зудчо ура-атталла цуьнга дIа а ца хьожуш, цергашна юккъехула элира:

— Партала ча! Текхан Iелам!

МогIарш нисбина гучубевлира мехкарий, еха баьцара кучамаш лестош. Шайна тIейиллина йолу ши зудахьехархо юххера дIайоллушехь сени чохь гIовгIа елира.

— Валя! Нина! Володя! Коля!

Цхьаммо-м тIараш тоьхна, элира:

— Ш-ш-ш!.. Зала чудовла!

Кхул ши сахьт хьалха шен къеначу нанна тIаьхьа а хIоьттина, училищера гIала ваха аравелира Степан Тарасович. И дешархойн синкъераме а йигна, мелла а цуьнан самукъадаккха дагахь вара иза.

Йоккха стаг цкъеллигцкъа цхьанххьа а, базарий бен, йоьдуш яцара, Iуьйранна дуьйна шен кIант училищера цIа варе хьоьжуш, иза хьостуш, ша нана хиларе терра гIайгIа беш цунна дуьхьал яла кечлуш, цуьнца ненан маттахь «дагара» дийца а, гIайгIа-бала балхо а кечлуш Iар бен ккхин яхар дацара цуьнан.

Базар хIутту майда хадийра Радькос. «Собардел,— цунна дага цхьа ойла иккхира,— ккхуза гена воцуш вехаш Арсби ву. Иза а вуьгур аса сайца». Стагга а воц-

чу, чан яьлла лаьттачу, тишачу урамехула дIавирзира иза.

Чохь хи кхехкачу ена гонаха шен доьзалца цIенкъа хиъна Iеш вара Арсби. Къаьстинчу зоки чохь чайнан меттина аренан бацах даькхина басар дара. Доьзалах хIоранна а хьалха Iуьллуш дара къечу кхачанан дакъа.

— Суьйре дика хуьлда! Беркат шорта лаьттийла!

Амма дагахь кхин дара: «Ма къен а бу-кх хIорш!» — бохург.

Арсби хьала а иккхина, цунна тIехьаьдира шайн гIиллакхехь цунна мараэккха дагахь. Селима ира а хIоьттина, лаьттан бIаьра хьаьжира. Хьаша охьахаавойла яцара, Iайшаттий, ПетIаматтий цецъяьлла Радькога хьоьжура.

«Кхунна яа хIун яла еза техьа?» — бохург дага а деана, куьйгаш дIаса а ластийна охьахьаьжира Арсби.

— ХIанхIа, суна хIума ца оьшу,— элира цуьнан дагахь дерг хиинчу Радькос. — Вало соьца. Со хьо вига веана. Волалур вайша.

Шекваьлла, цаI хила-х ца хиллий техьа, аьлла, хьеше хьаьжна висира Арсби.

— Тхан кIантехь хIун хьал ду техьа? — хаьттира цо оцу сохьта. Ша хьажавелча хIинца цуьнан даг чу хьожур вара Арсби, хIоккху хенахь сарахь иза хIунда веана? Цунна хIуъа а хиллехь а цаI хилла.

— Хьан кIанттий? Хьан кIант могуш-маьрша ву. Стаг хила ма веззара кхуьуш ву иза. Гур ду хьуна хьайна. ХIан, валол, гIо вайша!

Арсбис, ша шега а, шен зудчуьнга а, берашка а хьаьжна, юха а хаьттира:

— КIантана хIун хилла? Хаа лаьара суна, делан дуьхьа алахьара ахьа!

— ХIумма а ца хилла, са ма гатде! Цигахь дезде ду.

Радько велакъежира. Арсбина иза тергалделира, велар а даггара, дикчу балхана дара. Дог оцу сохьта тедора цо. Арсби самукъадаьлла дIахIоьттира.

— ТIехь беркъа ду тхо! Со мича вогIур ву иштта?

— ХIун дийр ду, тоьур дара хьуна тIехь долу барзакъ-м.

— Степан Тарасович, ткъа зудчой, бераший хIун дан деза.

— Уьш а богIур бу-кх.

Селима а, зудабераш а кечдала дуьйладелира.

— Степан Тарасович, Ульяшева Марьям мичхьа ю?— аьлла, цу юккъехула хаьттира Арсбис.

— Кестта йогIур йолуш ю иза.

— Кесттий? Ма дика хир ду и.

Цхьаьний новкъа бевлира уьш. Некъо гола туххучохь саца а сецна, Степан Тарасовича элира:

— ХIан, кхузахь со схьаваллац собардел. Сайн йоккха стаг схьаялае аса.

Бода булуш лаьттара. Къаьсташ хезаш Теркан гIовгIа а яра. Цхьанхьа геннахь къорра лета хезаш хехойн жIаьлеш дара.

Юкъахара доьхка а тадина, тIера тиша пиджак а нисйина, шен зудаберашка дIа а вирзина, Арсбис хаьттира:

— Iайшат, вай стенга доьлху хаьний хьуна? Ткъа, ПетIамат, хьуна хаьий?

Ца хаьа бохучу билгалонна зудабераша кортош ластийра.

— Бено волчу доьлху вай. Бено гур ву вайна. Схьахетарехь, билггал, воккхахилла хир ву иза!

Жима ков дIаделладелира, тIаьхьа шен нана йоккха стаг а йолуш аравелира Радько.

— ХIара ю-кх мама, довзал вовшийн, хьошалла а тосуш!

Екъана, ерриге Iаьржа бедар юьйхина, буьрсо юьхьсибат долу, кхоьлина йолу йоккха стаг килсехь гIуллакх деш болчу зударех тера яра. Шайна хьоьжуш Iеш болу доьзал а гина, кIеззиг бIаьргаш хьаббеш хаьттира цо:

— Мичхьа дехаш ду шу?..

Генахьо гуш йолчу заводан туьнкалгехьа пIелг хьажийра Радькос.

— ДIо-о-о, гой хьуна?

— Го дера...

— Делахь оцул мелла а гергахьа Iеш бу-кх хIорш,— цо бохучунна куьг ластийна, кIеда-мерза елакъежира йоккха стаг.

Уггаре бегIийла йоцчу хенахь нисбелира уьш училище, училищен сийлахь верас волчу купецаний, экономаний юккъехь хьеший тIеоьцучу цIа чохь къамел долчу хенахь. Цара дуьйцу хезара:

— Муха ца тоьана? — бохуш, цецвуьйлура купец. Аса Iайса ма хецна синкъерамна товар? Лаьцна кIайн дама — кхо гали, шекар — пхи пунт, шоколад — масех

экъа, конфеташца ткъе пхийтта герка, ткъа цу тIе, масала, даьтта — ши пунт... хIоаш — пхи бIе...

— ХIанхIа, данне а ишттa дац, господин попечитель! — бохуш, дуьхьало йора экономо. Аса оза а узуш эцна айса схьаэцнарг: шекар — пхи пунт йоцуш йиъ пунт, шоколад — ткъе пхиъ герка, ткъа ахьа боху — ткъей пхийтта герка, мичара? Лаьцна дама — кхо гали доцуш, цхьа гали дара, ткъа ши гали дама дуьххьалдIа аьхьна кIенан дама дара-кх. — Экономан коьрто болх чехка бора, ткъа хIилланца къегачу бIаьргаша бохура: «Дац алал ишттa: мичхьа ду кехаташ?»

— КхидIа: даьтта — ши пунт дац, цхьа пунттий ткъеитт герхий ду. ХIоаш — кхо бIе дезткъа ду, диъ бIе ткъа дара: шовзткъа хIоа телхина, локкхаргаш ю.

Цхьана а хIуманна ша бехке воцуш санна верасан бIаьргашна чухьоьжура иза.

Гоьлашна тIе куьг а тоьхна, купецо ша шен дагахь элира:

«Ма девза-кх суна хьо, къанделла хьоза! Iехий-кх ахьа со!» — амма, доккха са а докккхий, хезаш олу цо:— О, о! Везан дела!

Адамийн коган тата а хезий, юха а воьрзий, оцу чьура зала чу воьду верас. Эконом кхечу неIарехула дIавоьду.

— ЭхIе, мама,— олу Радькос меллаша. — Хьажал. Дикачу наха бохург бакъду хьуна: къуьно къуьнан гIаж лачкъийна боху.

Йоккха чоь юьзна яра. Шайна тIера бIаьргаш дIа ца дохуш Iеш болчу шайна тIебехкина болчу зударшна юххе охьахевшина Iеш бара школера мехкарий а, училищехь дешна бевлла кегий нах шайн дай-наношца цхьаьний царна тIехьашхула дIахIиттина бара. Сийлахь лоруш болу хьеший хьалхарчу могIаршлахь бара. Дукха чIогIа кура лела гIерташ йолу, шен оза а, лекха а йолу зудий, хIинцца гимнази чекхъяьккхина йолу, гуьмалк санна, стомма йоIIий юххеяьккхина чувелира инспектор. Хьалхарчу могIаре цхьанхьа шен зударий охьа а ховшийна, юьстахо охьахиира инспектор, хьеший ган а, пансионераш тергалба а кхузара бегIийла йолуш дара цунна.

Чохь цхьана йистехь дIахIиттийна деха гIанташ дара, «нагахь эшахь» а, аьлла. Концерт дIайолаяла йоллучу хенахь чувелира ши хехо. НеIарехь а лаьттина, тIаккха теббина гIанташна тIе а веана, охьахиира и шиъ. Царна

тІаьххье чубаьххира училищехь болх беш болу кхиболу ялхой а: керта нораш хьокхурш а, пешаш летораш а... ТІаьххьара чувеара Радько.

— ХІа-хІа, хлопцаш!

— Белхалой хІун ду ца хууш боьхна шайн меттигашкара хьалалилхира.

— Ца оьшу, ховший Іейша! Амма шайна юххехьа сан хьеший дІасатарбе!

— Бехк ма биллалаш, Степан Тарасович, тхо-м ишттта, берашка—хІинца кегийчу нахе хьовса даьххкинера.

— Ткъа ховший Іейша! Мама, охьахаал! Шу а ховша охьа,— Арсбина а хьаьжна Радькос тІетуьйхира,— аса хІинцца схьавалаво шуна шун кІант.

Арсби охьахиира. Цунна юххе могІара охьа вуьйш а хевшира, араволучу юххехьа гІанта йистте охьалахъелира Рядькон нана. Іайшаттий, ПетІаматтий тамашийна хеташ люстре бІаьргаш къерзош яра, ткъа Селима деккъа бІаьргаш бен ца гуш коьртах йовлакх хьарчийна Іеш яра. Пансионерийн могІаршлахь Бено ган гІерташ дІахьоьжура Арсби.

ТІаьххьара кирхьа дІадиллира. Сцени гІевелира литература хьоьхуш волу Леонид Петрович.

— Господаш! Пурба ло суна тхайн хьуьнарш шуна гайта, — куьг тосуш, вела а велла, цхьана хІуманна бехкала вахча санна, — оха Іамийна, кхиийна болчу кегийчу нехан — шун кІентийн хьуьнарш. Шуна кхузахь гур бу тхан къона иллиалархой а, музыканташ а, дагахь дийцаршший, стихашший йоьшурш а.

Инспекторна юххехула тІех а ваьлла «ялхой» тІехь болчу гІантана юххехь сецира Радько а, Бено а. Дукха воккхавеш хиларна Арсбина дицделлера ша мичахь хилар.

— Иэ — и... мел воккха а хилла! Іайшат, иза-м Бено вуй! — элира цо чІоггІа, воккхаверна векха а велла.

Йижарий вешина тІебеттабелира, ткъа нанас, мелла а елхар а эккхаш, маравоьллира шен кІант, Бенос боккхачу безамца цуьнан белшах куьг хьоькхура.

— Степан Тарасович, — хаьттира цо меллаша, — хІуъа а елла а цхьа яахІума яла мегар дуй царна?

Радькос жоп делира, амма Бено цунах ца кхийтара.

— И хІун базар ю цигахь? — аьлла, цхьа вон шога, оьгІазе аз хезира тІехьашха. ГІанташна тІехь берш юха-

хьаьвсира. Бенона тІе ши бІаьрг боьгІна, царна тІехьа лаьтташ вара инспектор.

— ХІинца а хьо ву и? Ткъа хьо царна накъосталла деш вуйца? — аьлла, Радькога а хьаьжна юха Бенона тІечевхира иза:— Яхийта кхузара! ГІатта хьала, хьайца къамел деш!..

— Собардел, — элира меллаша Степан Тарасовича, жимачу стеган белша тІе куьг а дуьллуш, тІаккха инспектор волчухьа дІавирзира иза. — И тайпа хабар, господин инспектор, вайша ваьшшиъ волуш дан а мегар дара — тІе иштта шога а ца деш. Со а ву хьехархо, сан а ю айса кхиийна болчушка хІара, я иза ден аьлла ала бакъо.

Кхерабелла белхалой гІенташна тІера хьала а лилхина, неІарал тІехьа бевлира, хьаькамийн агІор хьажийна наьІалташ а кхайкхош.

Инспектор оьгІазвахана сенвелира, амма Радько шена къарлур воцийла а хиъна, цунна букъ а тоьхна, хІумма а ца хилча санна, шен метте юхавеара иза. Ма дарра аьлча Радько бакъ вара — вовшашца йолу юкъаметтигаш тІаккхахула къасто а мегар дара.

Бехкала вахна Арсби Степан Тарасовиче дІахьаьжира.

— Тхо... дІадаха мегар дарий техьа? — хаьттира цо.

— ХІунда? Хаий Іе хьо! — аьлла, жоп делира вукхо.

Цхьа кІеззиг хан яьлча белхалой а цхьацца, шишша вогІуш юхабаьххира.

Дерриге а тийна дара. Къегина доІаха бос болу чоа а дуьйхина сцени тІехь лаьтташ вара Бронислав Иосифович. Цуьнан букъа тІехьашха дІахІоьттина яра йоккха йоцу струнни оркестр: скрипкаш, шиъ виолончели, физгармония олу пондар а.

— «Славянски марш» локхур ю, — аьлла, хаам бира Бронислав Иосифовича.

— Бено, и чоа дуьйхина верг мила ву? — хаьттира Арсбис:

— Хьехархо ву. Музыкант ву.

— Пондарш хьан локхур ду? — аьлла, хаьттира Іайшата.

— Соьца доьшуш хиллачуша.

— Хьажахьа, муьлхачу школехь доьшуш хилла вайн Бено!

Оркестро дика а, хаза а марш лекхира. Массара а

тІараш туьйхира. Адамаш долчухьа дІа а хьаьжна, охьа а таьІаш, Бронислав Иосифовича юха а дІахьедира:

— «Болгарски марш!»

Воккхачу стага-инарло тІараш туьйхира. Кхечо а тІараш туьйхира — дерриге а дІатийра.

— Кхоъ, диъ — аьлла, пондаран Іад ластийра хьехархочо.

Массарна а хьоме а, девзаш а долу эшаран аьзнаш хеза. Бронислав Иосифовича, керара скрипка дІа а ца боккхуш, цкъа оркестрана тІехь куьйгалла дора, тІаккха оркестрехь ша а скрипка локкхура. ТІаккха, жимчу оркестран эшаран узамца нисдеш дІасалелаш хуьлура цуьнан дегІ а, корта а, белш а, когаш а. Нисбеш ког а боккхуш авансцени тІебевлира эшарш локхурш, адамашкахьа дІа а бирзина, дирижеро пондаран Іад хьалаойушехь музыка лекхира цара:

ЦІийза Марица —
цІийша юьзна,
Йоьлху жеро —
чІогІа чов хилла...
Марш, марш, марш,
вайн инарлаш!
Цкъа, шозза, кхузза,—
оьрсийн кІентий!

Деттачу тІарийн тата декара цІа чохь. Цкъа аьтто, тІаккха аьрро агІор корта а берзош, тІараш деттачуьра ца соцучу инарле хьоьжура берриш а, ткъа инарло, самукъадаьлла, мохь беттара:

— Дика, дика олу! Иштта эр ду ца моьттура суна! Башха локху! Массо а шега хьоьжий хаьара цунна. Шен берриге ницкъаца, шен юьхь-сибатца иза гайта гІертара тохара цкъа Балканашкахь тІемаш бинчу оьрсийн эскаран ерриге нуьцкъалалла, майралла, ша кхоош цахилар.

Концерт дІахьош яра. «Нана Идал-хи тІехула охьа!» цІе йолу йиш лекхира хоро. Павел Аркадьевича хьегна къа эрна ца дайра. Дешархойн аьзнийн мукъам сов дика бара цкъа меллаша, легІана, парггІат хезара, «шуьйра дІасадаьржинчу хи тІехула» охьавогІуш санна хеталора, тІаккха цхьа геннахь лоькхуш санна декара аьзнаш, «тулгІенашкахь гуш хІумма а» дацара.

Тапъаьлла дІатийна дара цІа чохь. Хорехь дакъало-

цуш боцу пансионераш бара, вовшашка бІаьргаш къерзош: хьешашна муха хета техьа шайн хор?— бохуш Іеш. Мехкарий доза доццуш баккхийбеш, сакъераделла бара, иза шера гуш дара. Леррина ладоьгІуш волчу инарло корта дикка охьатаІийча, цуьнан еха маж гоьлех хьакхаелира: цхьанна-м «наной» а бара белакъежаш; тІехьашха долчу гІанташ тІехь ойла еш, леррина ладоьгІуш адамаш дара, гІайгІано кхолийна гуш бІаьргаш дара: пенаца... пенаца лаьтташ даима а цабезаме волу мостагІ, инспектор а вара. ЦІа чохь волчу хІораммо дІабоккхучу коге, цо дечуьнга, хІор даше хьоьжу цуьнан бІаьргаш. ТІаьххьарчу гІанта тІера хьала а гІоттий, неІарах араволу Степан Тарасович а, Бено а. Инспектор на гора уьш, иза царна тІаьхьа хьоьжуш вара, цициго санна когаш бохуш неІарехьа веара иза. Амма неІ дІа а еллаелла Радько юха а чувеара. Инспектор оцу сохьта сецира, могІаршкахь лаьттачу цхьана дешархочунна пІелг а лестош кхерам туьйсуш ша лаьтта моттийта гІерташ.

Сцени тІехь Леонид Петрович схьакхайкхира:

— Кхузахь доьшуш хиллачу, хІинца духовни семинарехь доьшуш волчу Аквилоновссий, Голенкоссий локхур ю «Акха бу тхан хІорд» олу дуэт.

Хормехь йинг йолу, къегаш, йоьза нуьйдарчий а йоьхкина йолу тужуркий, сийна диоганала кхокъалеш йолу хечешший юьйхина волу ши семинарист юкъавелира.

Йиш дІайолийра цара. Цхьа чІогІа дог дохош яра йиш. Муьлххачо а цхьаммо ларлуш, амма хІорда тІехь болчушка хІордо бечу тешнабехках ларлолаш, бохуш хаам беш санна хеталора, хІорд хІоккхуза, юххехь гонаха бу мотталора:

ОьгІазе бу тхан хІорд,
дийнахь а, буса а гІовгІа йо цо...

ХІордан боккхаллин, цо ечу гІовгІанан хьокъехь а, халкъан балин, цуьнан гІайгІанан хьокъехь а декара йиш локхучийн дешнаш.

Инарло белш тІехула корта дІа а берзийна шена юхе Іечу зудчуьнга меллаша элира:

— Иштта нисбелла кІентий мозгІарш хилла бовр бу техьа?

Сцени тІе хьоьжучуьра юха а ца йоьрзуш, цо чехкка жоп делира:

— МозгІар хилар тоьлашха ду хІордахо хуьлучул! ХІорд, хьийзо дарц, хІордан ловзар — брр...

ЦІеххьана чухула дІо гена кІорге дІахьаьжира Голенко. Белхалой меттахъхьайра. Йиш лоькхуш верг шайга хьоьжуш санна, иза цхьана шайга луьйш санна хеталора царна:

Майрра, вежарий!
Юха а:
Дарц дер ду! Цуьнца вай къийсалур ду,
Цу къийсамехь вай тоьлур ду!

— бохура эшаро.

Майрра, ерриге халонаш эшийна, дарцал тоьлла, тІаккха

Цигахь геннахь, кхоларшна дехьахь
мохк бу башха

Амма иштта атта дац оцу махка кхача. Эшаро тешаво, Іамаво дан дезачунна:

...тулгІеша цига вуьгу
Ницкъ болуш майра верг!
Майрра, вежарий!..

Радькос тІараш деттара. Арсби а вара тІараш детташ, цу аьзнашкахь цунна а хезара шен дагна, товриг, безам хетарг: «Йиш локхучо соьга а хьаьжна «ваша!» аьлла цІе яьккхи сан», — бохуш ойла йора цо.

ЦІенна баьшначу коьртах а, юьхьа тІе а йовлакх хьокхуш, поваро Чубара элира: «Ой, накъостий, мел дика а локхур-кх цара!» Цунна юххехь хиина Іеш волчу кертахь болх беш волчу белхалочо, цхьа ког гоьла тІе а баькхкхина, букъ а нисбина, шен мекх хьовзийра тодеш.

— Ткъа кІант мичахь ву, Степан Тарасович! — хаьттира Арсбис, лоькхучу эшарша цецваькхкхина волу иза хІинца а меттаваза вара.

— Мичхьа велахь а кхузахь хир ву-кх, схьахетарехь аьлла, жоп делира цо. Кхузахь цунна дагадеара: «Ма дарра аьлча, мичахь хир ву иза? Соьца чуьра ара а ваьлла, хи чу кхоьссича санна ван ма вай иза». Амма, эшарш лоькхурш лаьттинчу метте дІа а хьаьжна, айавелла Степан Тарасович акъваьлла висира. Керахь Іадхьокху пондар а болуш лаьтташ вара Бено. Арсби а хьала-

айавелира: «Хьажахьа баккъаьлла а, Бено а вуйца цигахь», — аьлла, цецвелира Арсби.

— Хьажал: вайн Бено гой хьуна? — хоттуш, ПетIамат, керахь хьалаайира цо.

Бенона юххехь лаьтташ вара Бронислав Иосифович. ГIанта тIе охьа а хууш, лаьттахь виолончелин ког дIанисбеш воллура иза.

Ша гIийло аз хезира. Цкъа декаш, тIаккха гIийла мукъам беш даржадоладелира аьзнаш. Юха а кортош агIор дIадерзийра зударша а, мехкарша а. Юха а ойла юьйхира тIехьарчу могIаршкахь болчийн. Цхьаццаммо кест-кестта доккха садоккху хаалора...

Инспекторан йоIа, ден куьг схьа а лаьцна, хаьттира:

— Папа, и IадхьоькхУ пондар лоькхург мила ву?

Дас жоп делира. ДуьххьалдIа дагахь а ца хиллачо цецваькхина вара иза. Цхьана агIор гуш дара, цуьнан бIаьгашна хьалхха, хIор шарахь а цуьнан гайтам бохийна хилар, ша мел цамагийтинарг лелийна хилар. Вукху агIор аьлча, сийлахьчу хьешийн могIаршлахь цунна гора жимачу стагана тIебахийтина боккха тидам а, цо пондар лакхарна уьш резахилар, шена «хазахеташ» санна, ша а ша кхиийна волчунна резаволуш санна IадъIар доцург кхин дан хIума дацара. ЧIогIа ца товш хIума дара хилларг, амма иза ца хилийта кхуьнан ницкъ бацара. Ткъа кхуззахь йоI ю шен хаттарца чугIерташ! Цунна-х хIун бала бу?!

— Ванах цо IадхьоькхУ пондар лакха Iамийнера?— бохуш, вовшашка а хьоьжуш, хоьттура хьехархоша а, пансионераша а.

Хьалхара IадхьоькхучУ пондаршца лекхна дуэт чекхъелира. ТIараш тоьхнабовллалц а Iийна, царна хьалха корта охьатаIош баркалла а аьлла, «Iоьху, угIу шуьйра Днепр» боху йиш лекхира Беноссий, Кочиссий.

Радько шен нене хьаьжира. Кортали дIа а озийна, корта дIа а берзош, берахь дуьйна шена евзачу, безаме хеттачу эшаре ладогIа кечъелира йоккха стаг.

Цхьаммо Чубаран пхьош схьа а лаьцна: — Иза хьайниг юй?— хаьттира. Корта а оллийна Iеш вара хIара. Мел дика а локху! И Iодмаш дегах гилгаш дохуш хьоькхуш санна хета! Цуьнан екхна йолчу шуьйрачу юьхьа тIехула охьаоьху бIаьра хиш гора. Iад а хьаькхна, йиш чекхъелира. ТIаьххьара а виолончелин пхенах Iад а

хьаькхна, нахе корта таIийра Бронислав Иосифовича.

— Вало, Бено, — элира цо меллаша, кхин юха а ца хьожуш, сценал тIехьавелира иза.

Амма Бено ша волччохь лаьтташ вара, цхьанхьа генна дIа а хьоьжуш. Тамаша бу-кх шеца хуьлуш лаьттачух иза кхеташ велахь, — амма цIеххьана ша шех тешна куьг а тосуш, пондаран пхенех Iад хьаькхира цо.

— ЛадогIалаш! ЛадогIалаш массара а! — аьлла, Iодан пондаран кхайкхам бийкира.

Бронислав Иосифович юханехьа вирзира: мила ву техьа иза! Ша волччохь лацавелира иза, шена хьалхалаьттачу ша Iамийна волчуьнан юьхье хьожуш, иштта цунна гина доцург, девзаш доцург, иза шех волаза дерг дара гуш.

Ткъа Iадхьоькху пондар йиш лоькхуш, боьлхуш бара:

«Шу дерраш а, кху чохь хевшина Iеш дерш, са пргIат, дуьзна, там хилла ду! Хаьий шуна, дерриге дуьне— садукълуш йолу камерий, ченах дуьзна керт-коввий бен доцчу, зIенийн, буржалийн гIовгIано аганан йиш лоькхучу, ненан шурил тIаьхьа луш болу хьалхара кхача — Iаьржачу бепиган кусоккий, хи тIехь йинчу набахтин чорпин каддий бен боцчу, дуьххьара хезаш долу адамийн дешнаш наьIалт-нажжаззий бен доцчу набахтехь дIадахана бералла хIун ду?

Шу, кхузахь самукъадаккха даьхкина дерш, хьовсийша, дIакхийсинчу яхкаеллачу диларшлахь кхалла хIума лоьхуш доллучу шина бере, церан гирчу, цара халла дIахьочу даьIаххех дуьзначу галига!

ЭхI, мел чIогIа цIийза цхьа йолчу ворданан чкъургаш! Ткъа иза-х шен жимчу шина йоьIан декъий кешнашка эцна воьду цуьнан да ву! Шек ма довла шу, господаш! Лаьмнашкахь халла къахьегна цо даьккхина шуна царна марчонна хIума— ший йоI цIенчу кисина юкъа дIахьарчийна цо! Дерриге ду хила ма дезза ра!»

Бенос бесне Iодан пондарна тIетаIийра, шен бесне тIехула луьстта охьаоьху бIаьран хин тIадамаш ца хаалора цунна.

Арсбий, Селимий доьхна вовшашка хьаьжначохь дисира.

Милла елахь а, цхьана зудчо куьг бIаьргашна тIедаьхьира, ткъа кхечо корта охьаоллийра. Шина йоIе — дешархочуьнга къурдаш деш елхар иккхира. Леонид Пе-

тровича, шен зудчан лере а таьIна, цуьнга цаI элира, ткъа иза цецъяьлла Бенога хьаьжира.

Чубара, хьала а гIаьттина, Арсбина тIе а таьIна:

— Хьайниг вуй иза? — хаьттира, сцени тIе пIелг а хьажош. Арсбис вист ца хуьлуш корта таIийра.

— Мел дика а локху!

Юха а, лекхира Iадхьоькху пондар, керлачу тайпана декара аьзнаш: я белхарш а, я узарш а дацара хезаш. ОьгIазе дуьхьало еш долу аьзнаш хазадора Iодо.

Москва. ЦIен байракх. БIаьргашкахь цIеран суьйнаш лепа белхалой... «Халчу нуьцкъалчу къинхьегаман Iазапехь дохкура тхо, шу деш хIума а доцуш сакъоьрушший, юушший Iечу хенахь! Тхо мацалла хьоьгуш дара, шуна дахаро дерриге а зовкхаш лучу хенахь! Кхин хир дац иза, хила декхар а дац!»

Бенон бIаьргаш шуьйра диэладелла дара. ЦIечу байракхца дIадоьлху эзарнаш адамаш гора цунна. Царна массарна а хьалхашха ша вогIуш санна хетара цунна. Дуьненахь мел дерг диц а делла, Iадхьоькху пондар а карахь иза баккъалла а хьалхахьа дIаволавелира. Мукъам болабелира:

МостагIаллин мох вайна техула хьийза!..

Радько хьалаэккха, цунна тIаьххье хьалаэккха белхалойх цаI а.

ТIаме цIий Iаночу,
Сийлахьчу, бакъ болчу,
Хьалхахьа, хьалхахьа,
Белхалойн халкъ!

Радькос са хала доьIура. Цуьнан хьаьжа тIе доккха хьацар туьйхира. ЭхI, Бено, жима кIант, хIун ду ахьа дийриг?

Амма чохь тийна долуш санна хета. Мукъам эскарна хьалха дIадуьйлалуш локхучу эшаран мукъамах тарбелла, резахиллачу инарло, мукъамца богIуш лаьттах ког бетта. Гонах берш самукъадаьлла бу. Цхьа Леонид Петрович цIеххьана гIанга тIера хьала а гIоттий, зуда а оьций, сихха араволу. Инспектор шен блокнота тIехь дIаяздарш деш вара, могIаршкахь хевшина болчу пансионераша лелош дерш дIа а яздеш. ЦIарах санна муьлххачу а политиках кхоьруш волчу цо цкъа а хIумма а ца йоьшура, «Епархиальни ведомствош» доцурш, ткъа

музыкехь «килсан» эшарш кхечу эшарех къастор бен иза кхеташ хIумма а дацара. Лоькхучу эшаран мукъамо цхьа ойла ца йойтура цуьнга, амма тIехьарчу гIенташ тIерчушка хьаьжча а, Радько гича а, Леонид Петрович дIавахар гича а, хIара хIун ду техьа, хьожуш хила веза, аьлла цецвелира иза. Училищан гIиллакхаш лардархо меллаша сцени тIехьа вахара.

Эшаран мукъаман аьзнаш чIогIа декачу кхоччушехь Бенос пондар сацийра. Корта айинчохь, шена детта сов дукха тIараш а ца хезаш кхин а цхьана секундехь лаьттира иза, ткъа тIаккха цIеххьана корта а оллош сцени тIера дIавахара иза. Голенко, Радько, Кочи цунна тIехьаьлхира.

— Сан бер, хIун йиш яра ахьа лекхнарг? — воккхавеш хаьттира чехо, цунна хьаьжа тIе барт а боккхуш.

Ткъа Радькос хIумма а ца бохура, дуьххьара тIемаш тоьхна айаделлачу оцу ламанан аьрзонан бIаьргашна дуьххьалдIа хьоьжура иза.

Бенос юьхь схьаерзийра.

— Суна-м ца хаьа иза хIун йиш яра,— элира цо меллаша, леррина.— Суна хета и лекхнарг со вац, ткъа пондар бу аьлла...

Цхьангге а дIа ца хьожуш араволу иза.

Цунна тIаьхьашха корта ластабо Радькос: «ХIетте а дика ду-кх тIаьххьар а Мартельза ца локхуш, ткъа цо Варшавянка лекхна, — бохуш, ойла йора цо.—Иза евзар яра».

Инспектор тIаьхьависнера. Бено воцуш вара, чIогIа лерина сцени тIера хIумнаш дIасанисъеш бара белхалой, инструменташ дIасанисъеш Кочи а вара... Дерриге а хила ма деззара долуш санна хетара.

«И чех дIаваккха веза, — бохуш, дагахь ойла йора инспекторо. Синтеме воцу, шен лаамехь волу воккха стаг! Хилийта тарлой училищехь бохург ца дар? Иза-м хьехархо ву! Ткъа бераша хIун лелор ду!»

ТIекхечира аьхке — 1904 шеран халчу тIеман аьхке.

Цкъа сатоссуш, Арсбин берриге доьзалан наб чIагIъеллачу хенахь, цIа веара Бено. НеI дIайиллинчу дена, цецваларца гира Беноца чувогIу тIеман хорма тIехь йолу стаг.

— О-о! — аьлла, кхин а цецвелира Арсби, чувеанарг вевзина,— Степан Тарасовиччий! Охьахаал, деллахьа!

— ХIанхIа, баркалла, сиха ву со,— жоп делира цо.

Со хьан кIант цIа валош веана, ткъа со ваха дезаш ву. Со — тIемало ву, — аьлла, велавелира иза.

КIант охьа а хаийна, леррина цуьнга хьаьжира Арсби.

— Бено, Степан Тарасович тIемалочун барзакъ дуьй хина хIунда ву? Вон ду? ТIам тIехь хьал вон ду? Хьехархой а буьгу?

— ХIанхIа, — корта ластийра Бенос, — цкъачунна хьехархой ца буьгу.— Амма Степан Тарасович кхин хьехархо вац. ДIаваькхина иза. Иза хIинца эскарехь гIуллакх деш ву.

Да дог-ойла йоьхна а, шега дуккха а хеттарш дан дагахь а хилар гинчу Бенос, къамел оцу сохьта кхечу тIе даьккхира.

— Дикка хан ю со школехь воцу. И хан Степан Тарасович волчохь яькхина аса.

— Ткъа школа? Чекхъяькхина ахьа?

— Яькхина дера, амма тоьшалла-м ца делла суна.

— Чекхъяькхина дика ду, хIинца цIахь тхоьца хир ву хьо. Ткъа лаххарчу хьаькамо хIун элира хьоьга? Кхин дIа хIун дан деза ахьа?

— «Керстан дин тIеэца, пачхьалкхан чоьтах кхидIа а деша вохуьйтур ву хьо», — элира цо.

— Ткъа ахьа?

— «Ца лаьа а», — аьлла, схьавеара со.

— Нийса аьлла! Хьажахь дуьйцучуьнга! — Арсби зудчуьнгахьа дIавирзира. — Хьажахьа, муха ву вайн кIант! — Амма Селима хIумма а хезаш а, я хIуманах а кхеташ а яцара. Дуьненахь уггаре хазчу, уггаре хьекъалечу, иштта воккха хиллачу кIантана тIера бIаьрг дIа ца баккхалора цуьнга.

Дай-наний дIасахьаьдира, шайна хIоккхул хазчу хIокху дийнахь шайн даа-мала мел дерг Бенона хьалха дуьллуш.

ЦIа чу кхерстира маьлхан зIаънарш. ЦIенкъахула хьала а евлла, куьзга хIиттош санна зудаберийн юьхь лепош яьржира уьш. БIаьргаш дIабиллинчу йижаршна шайн ваша гира. Хьала а лилхина, сонехь шайн йолуш йолу тоьлашха бедар тIе а юьйхина, стоьла тIе баьхкира уьш.

ХIума йинна девлла чул тIаьхьа Бенос шен тускар чуьра схьадехира тетрадаш, бес-бесара къоламаш, ре-

зинкаш, «Ненан мотт» (оьрсийн маттахь — *Б. Ч.*) цIе йолу керла книжка.

— ДIаэца шайна,— дIакховдийра цо уьш йижаршка,— сурташ дохкур ду аша, ткъа тIаккха деша а дуьйлалур ду. Аша деша деза. Ткъа сарахь аса айса йоьшур ю шуна книжкаш. Сан тамашийна книжкаш ю.

Суьйранна доьзал гулбелира цунна гонах книжка ешийта. Кегъелла пурженаш а йолуш болчу тишчу маьнги тIе агIор велира Арсби, шайна оьшуш ца хиларна лулахойх цхьаммо Селимина белла бара и маьнга. Ша еанчу книжкех цаI схьа а яьккхина, иза еша волавелира Бено, цо дуьйцура, къечу неграна Томана цхьана хьолахочо ницкъ муха бора. Ца кхеташ долчу дешнех кхуззахь кхетабора Бенос шега чIогIа сема ладоьгIуш берш.

— Миска, миска Том яI, — корта ластабора Арсбис. — Ткъа мичхьа хилла иза?

— Америкехь хилла.

— Ткъа Америка мичхьа ю? Россехь ю?

— ХIанхIа, Россехь яц. Иза гуттар а кхин мохк бу. ХIордал а, океанал а дехьа бу иза.

— Кхин мохк бу бах ахьа? Ткъа хьолахой а, къенаш а — вай долчохь санна бу цигахь?

— Массанхьа а санна бу. Хьолахойл дукхах бу къенаш.

— ЭхI, миска Том яI-кх! Цуьнан цIе хилла Том?

— Хилла.

— «Том» — тIом бохург ду вайн маттахь. Амма, оцу Томан тIом вон хилла! Хьийзийна цара иза. Америка! Хезна суна и дош, амма и бохург хIун ду ца хаьара суна. ХIинца жимма хаьа. Кхин мохк! ЦIак-цIак-цIак!..

ШолгIачу дийнахь юха а са тоссуш цIа веара Бено. Меллаша дена тIевахара иза. КIанта билгало йоллуш хIуъа а аьлла а шега цхьа хIума ала воллу аьлла хеташ цуьнгахьа дIавирзира да.

— Доккха гIуллакх ду сан хьоьца, — элира Бенос, хIинцца лекхачу лома тIеваьллачу стага санна са а доьIуш.

— ХIун гIуллакх! — ден дог тохаделира.—Цхьанхьа дIаваха-м ца воллу хир ву хьо?

— ХIанхIа. Цкъачунна ца воллу. ГIуллакх доккха, мехала ду. Алахьа, дада, заводехь хьуна дика бевзаш белхалой буй хьан, церан хьокъехь: «хIара — доттагI

ву, хIара — дог цIена стаг ву, хIокхо вухкур вац, тешна бехк бийр бац» алалур долуш, хIан?

— Бу, — аьлла, ойла а ца еш, жоп делира Арсбис,— дера бу. Дика нах бу.

— Уьш Iаш мичхьа бу хаьий хьуна?

— Берриш ца хаьа, амма хаьа. ХIун хилла?

Арсби чIогIа синтеме вацара.

— Ткъа гIуллакх ишттa ду. Яздинчу кехатийн цхьа пачка лур ю аса хIинца хьоьга. Ахьа уьш итт-итт, я ткъаткъа кехат цкъа цхьаьнга, тIаккха кхечуьнга луш дIасадекъа...

— Ээ. Иза хала дац!

— ХIанхIа, дада, иза хала ду! Цкъа делахь, кехаташ хьаьнг-хьаьнга а дала мегар дац, аса ма аллара тешаме болчушкий бен дала тарлуш дац. Шозлагlа делахь, цхьанне а, ур-атталла мозанна а ца гойтуш, дIадала деза уьш. И санна долу кехат полицин я муьлххачу а хьаькамна кара додахь, тIаккха хьо а, со а набахти чу вуллур ву.

БIаьргаш къарзийна лаьттара Арсби. Вист ца хуьлуш цхьа минот елира.

— Бено, — элира халла, дегочу озаца дас. — Ахьа дешна. Бено, бакъду хьуна дуккха а хаьа... Кхел ян хала ду суна. Амма... Нагахь хьо набахти чу воллахь, хьан нана лийр ю, хьан йижарий хIаллакьхир бу-кх. Ткъа аса, Бено, аса логана хорам бийр бу-кх, тIаккха суна хIумма а ца оьшу. Иза хаьий хьуна Бено?

КIанта меллаша корта таIийра: хаьа, дерриге хаьа бохург дара иза.

— ХIинца, Бено, дийцал суна, дена: и кехаташ дIасадекъар оццул мехала дуй? ХIан? Иза дан дезий?

Деза, дада, ца дичи йиш яц! — чIагIдира кIанта.

— Схьалол кехаташ, — аьлла, жоп делира дас, ишттa сацам боллуш. — Ахьа аьлларг дерриге дийр ду аса.

КIорггера са а даьккхина, цо гIийло тIетуьйхира:

— ТIаккхахула дерригенах кхетор ахьа со. Со дерригенах кхуьур ву, Бено.

ШолгIачу дийнахь болх дIабаьллачул тIаьхьа кIанте хьоьжуш вехха Iийра Арсби. «ДIалаьцна теша?» — бохуш, детталора дог. ХIор минот масазза ели дог кхин а дужура, хан Iаламат меллаша йоьдуш санна хетара.

КIант а вара сагатдеш: «Цунна тIе хIунда дилла техьа аса и гIуллакх? Дена-х цунах хIумма а ца хаьа!

Аса дукхах долчу хьокъехь дийца ма деззара дийцина а дац цхьанцца а. Хlун хир ду, нагахь санна иза кара водахь?».

Бенос сихха нел схьайиллира амма да цlахь а гина, парггlат са даькхира цо.

— Хlун дин ахьа?—хаьттира цо оцу сохьта, ца ваьлла бlаьргаш кхечу агlор а хьажош: «Ца ларавели, ца дан дели» — алахь хlун хир ду, бохучух кхеравелира иза.

— Дерриге дина.

— Хlа, дийцахьа, муха хилира, — аьлла, цунна юххе охьахиира Бено.

— Аса цхьана белхалочуьнга дlакховдийча, цо элира: «Хlан-хlа, схьало чехка!» Аса боху: дlаэца итт, ткъа цо юха а: «Схьало дерриш а!» — аьлла, соьгара уьш дерриге а дlа а эцна, дlаволавелира иза. Ткъа со цунна тlаьхьа... Дlахьаьжча суна гира кевнах чувоьдуш, со со а вара цигашха чуваха дагахь! Ваха а вахара со эццеш чу. Оцо ша дlадийкъира кехаташ. Белхалоша дуьйцура, Россин яккхийчу гlаланашкахь забастовкаш ю, бохуш. Дуккха а дийцира, тlаккха соьга элира: «Тхоьца зlе лелаелахь». Иштта ду-кх. Ткъа хьан хlун хилира?

— Сан а аьтту хилира, — вела а велла, Бенос дийцира, цхьана салтийчуьнгахула ша кехаташ дlа муха делира. Гучувала тарлуш дара, амма дерриге а дика чекхделира.

Сарахь юха а берриге доьзал Бенона гонах гулбелира. Йижарийн бlаьргаш къегаш дара — Томин хьокъехь я кхечу цхьана тамашийна долчух лаьцна кхийолу книжка шайна вашас йоьшур ю, бохуш, lара уьш. Амма церан дог дохош, Бенос элира:

— Аша хlун дей, йижарий, тахана дадица дийца хlума долуш ву со, цунна цхьа книжка еша а деза сан, шун цунах самукъадер дац, шун сагатлур ду. Хьада, шайн нийсархой болчу а гlой ловза, аса тlаккхахула йоьшур ю шуна книжка.

Зудабераш дог доьжна вовшашка хьаьвсира. Амма иза воккхах волчу вашас аьлла, ткъа иза дадас аьлларг санна ду: цо бохург дан деза. Доккха са а даькхина, чуьра ара а яьлла, керта ловза, вашас динчу совгlатех дозалла дан яхара и шиъ.

Четара брошюрка схьаяькхира Бенос.

— ХIара йоьшур ю вайшиммо, дада, — элира цо.— Кхузахь юьххьехь яздина ду «Массо а мехкийн пролетареш, цхьаьнакхета!».

— И бохург хIун ду? — аьлла, хаттар а деш, цIоцкъамаш айира дас.

— «Пролетареш» — бохурш хьо а, со а санна берш бу-кх. ХIумма а доцуш болу бIеннаш, эзарнаш, миллионаш белхалой, берриге къен белхалой бу-кх.

— Кхузахь церан хьокъехь яздо? — хоьттура Арсбис, цецваьлла, цхьа хIума зуьйш санна, книжке а хьоьжуш.

— Яздо. Церан хьокъехь а, царна а яздо. Шаьш миччахьа белахь а цхьаьнакхетаре кхойкху цаьрга.

— Дерриге а дуьненарчу массо а мехкашкахь а бу белхалой.

— Дерриге дуьненахь а! — олий корта ластабо, Арсбис.—Масала, аьр вай, Америкехь Том, кхузахь со. Тхо вовшех цхьаьна муха кхетар ду. Оцу хьокъехь яздина дуй книжки тIехь? ХIа, дешал, дешал!

Бено книжка еша воллавелира, кест-кеста книжка йоьшучуьра саца а йой, цакхетарг дена кхета а деш. Цунна тIера бIарг дIа ца боккхура Арсбис.

— Кхетий хьо, дада? ХIинца белхалошна лаьа шийтта сохьтехь а ца беш, ткъа бархI сохьтехь болх баре кхача, ткъа бинчу балхана ял алсам лойла. Нагахь доьзалехь цаI цомгуш хилча цунна дарба маьхза лела-дойла а...

— Иштта яздина ду? — олий цецволу да.

— Иштта яздина. ЛадогIал ахьа кхидIа а.

Бенос кхин цхьа агIо а йоьшу.

— Цунах кхийтирий хьо? — дегахьа бIаьргаш хьала а ойуш, цо дуьйцу: — Белхалошна лаьа шаьш хаьржжинарг шайн хьаькам хуьлийла. Массеран а — оьрсийн, гIезалойн, гуьржийн, эрмалойн, жуьгтийн — массеран а цхьанисса бакъонаш хуьлийла. «Сан халкъ — эла ду, ткъа хьан халкъ—ялхо, лай ду»,—цхьаммо а ца эрриг. Массара а — «Сан халкъ а, хьан халкъ а — вежарийн халкъаш ду»,— эрриг.

— Э-э-э... ма дика Iедал ду. Иза маца хир ду боху книжкано?

— Боху: нагахь вай дехарш ца деш, герз кара а эцна, вешан бакъо схьаяккхахь, хир ду, боху.

— Хьаьнгара?

— Хlумма а деш боцчушкара,— массарна а тlехь урхалла деш болчушкара.

— Собардел, сацал! Со юха а дика ца кхета. Ткъа хьалдолуш волу стаг хьалдолуш ма вуй, иза хьалдолуш хуьлу, суна хетарехь, цо муьлххa а доккханиг деш хиларна. Инарлашший, чиновникашший, цхьацца тайпана законаш яздеш ма бу,— ткъа цара бийриг а ма бу болх. Я схьалоцур вай со болх беш волчу заводан да. Цо завод яйтина, машинаш а, тайп-тайпана товар а эцна, белхалой лецна... цхьана дашца аьлча, йоккха чалх ю-кх цо лелориг. Ткъа цо «хlумма а ца до» бохург хlун ду?

— Бакъду, заводан ден хьокъехь дийцарх хьо цlехьашха кхетар вац,— аьлла, волавелира Бено. Делахь дагалацал ахьа Хьажбекар, ахьа айхьа ма дийцира суна цуьнан хьокъехь дуккха а. Ткъа хlинца алал, хьуна-х иза ткъа шарахь вевзара: цо дукха борий болх?

Хlун ала деза ца хууш висира Арсби. Дерриге а, Арсби санна болчу, белхахоша дора. Болх ялхоша бора, со, Арсби санна болчуша, ткъа цо белхалоша динарг дlа а гулдеш, совдаьлларг дохка а духкуш са шен кисана юьллура я ахча къечуьнга духалург а лора, кхано цуьнан тlаьххьара цlока схьа а йоккхуш духадоккхура. «Нийса ду, цо цкъа а хlумма а ца дора, амма цуьнан хьал тlеттlа стамлуш дара. Со къахьоьгуш вара — хlетте а къийлуш вара. Делахь хlета...».

— Ладогlал,— элира цо чехкка кlантана тlе а вирзина.—Ахьа боху: «Герз кара а эций, схьадаккха». Аса хlун, муха доккхур дара Хьажбекарера схьа? Со-х циггахь, жlаьла санна, вуьйр вара цо.

— Бакъду иза, цхьанга хьоьга хlумма а далур дацара, цундела...

— Хlа, хlинца кхета со! Цундела, массо а цхьаьнакхета веза! Муха аьлла дара иза цигахь книжки тlехь, Пар... пор...

— Пролетареш.

— Да те, ишттa ду. Гlуллакх нийса дера ду, амма хала ду. Да дера. Дlадешахьа.

Книжки тlера кхин ца дийшира Бенос. Шен дешнашца, чолхе боцчу маттаца, кхетош, дена цо дийцира книжки тlехь дерг.

Кхузахь кхин а яздина ду, дерриге латта мехкадайшкарий, хьолахошкарий схьа а даькккхина ахархошна, цу

лаьтта тIехь аха а охуш, ялташ дуьйш къахьоьгуш болчушна дIадала деза, аьлла. Цхьа а элий а, дворянаш а ма хуьлийла...

— АхIа!— куьг ластийра Арсбис. — Латта берриге къечу ахархошна дIалолда, элирий ахьа...

— Элира, хьал долчу нахерий, мехкадайшкарий схьа а даькккхина къечушна дIадала деза.

— ЧIогIа, чIогIа нийса ду! Къечу наха аха а охура, шайн тароне хьаьжжина тIе хIума а йоьра, тIаьххьара цуьрг вовшахтухий шайхана совгIат хьора. Шайхо цаьрга цкъа а ца олура: «Хьашт дац. Шун шайн а халла амал балла бен хIума дац». Цо дIаоьцура, ткъа цуьнан шен а дара берриш а къехой вовшахтоьхча церан массерачул а дукхах латта, ткъа къехойх вуно дукха бара!

Оцу буса хенахь наб ца кхийтира Арсбина. ШолгIачу дийнахь а вара иза ойланен а, хIума керара доьжна а. Сарахь кIантана тIе а вахана, цуьнан белш тIе куьг диллина, тоххарлера къамел деш санна, цо хаьттира кIанте:

— Бено, хьан язйина и книжка?

— Партис язйина.

— Юха а, хIетал-метал санна, со ца кхета дош. Дика кхета вехьа со. Кхета лаьара суна.

Цхьана-шина минотехь ойла а йина, дегахьа дIавирзира Бено.

— Хьо тхан да ву. Ахьа даима а тхан хьокъехь ойланаш йо, тхан хьокъехь гIайгIа бо ахьа. Тхо — хьан бераш ду, тхуна диканиг лууш ву хьо.

— Муха ца лаьа? Оцу хьокъехь бен гIайгIа яц суна.

— Ткъа белхалойн хьокъехь ойла еш мила ву? Хьаькамаш бу? Заводан да ву? Паччахь ву? Министраш бу? Бац. Мехкдайший, заводийн дайший министаршний, инарлашний, чинаш долчушний, полициний ахчанаш ло, цаьрга белхалойн хьаштийн хьокъехь, къечийн хьокъехь ойла ца яйтархьама, шайн, хьалдолчийн хьокъехь, шаьш кхин а хьалдолуш хилийтаран хьокъехь ойла яйтархьама.

— ХIийтт! Солоч! — оьгIазе вистхилира Арсби. — Вайн хьокъехь ойла еш мила ву ткъа?

— Вай ваьш ян еза вешан хьокъехь ойла. Дуккха а ду, Ульяшева а, Радько а санна долу хьекъале, майра

адамаш. Уьш бац шайн хьокъехь ойла еш, цара вайн массеран а хьокъехь ойла йо. Дика адамаш, дада, иштта кIезиг а дац, амма царна юккъехь а ю башхалаш; цхьадерш — мелла а тIаьхьадисна, гIорасиз а адамаш ду, важадерш — сацам боллуш, дог-ойла чIогIа ойлуш долу адамаш ду. Уьш бу халкъан хьехархой, халкъан дог. Цара яздо, цара вай дерриге Iамадо муха хила деза, хIун лело деза. Вай, гой хьуна, веш-вешан кхерчашна чу а левчкъина, хало хьоьгуш, вовшех кхоьруш дохку. Ткъа тоххарехь цхьаьнакхетта, берриш а цаI хилла дIахIиттина, массара а еш, ерг цхьа ойла ю. Царех олу-кх парти Вайн парти, белхалойн парти ю иза.

— Парти... вайн парти, — аьлла, карладехира Арсбис и дешнаш.— Бено, кхета со: тIевиллинчу хьаькамо яздийр дарий иштта дешнаш? Цкъа а яздийр дацара. Иза паччахьана гIуллакх деш ву. Ткъа полицмейстеро? Ткъа пурстоьпо? Уьш областан хьаькамана гIуллакх деш бу, цара а яздийр дацара. Цхьаберш буьйр деш бу, важаберш церан лаам кхочушбеш бу. Цхьаберш законаш яздеш бу, ткъа важаберш уьш кхочушдеш бу. Ткъа парти... Со кхетта хьуна, Бено! Партис яздо, и ерриге бакъо вайн ю, вай а уьш санна лаьтта тIехь адамаш ду, хIанхIа, лаьтта тIехь вай а дай ду, хIунда аьлча, вай бо цу тIехь болх, — бохуш, неIарехьа а вирзина, пIелг а лоьцуш, цхьанна-м кхерам туьйсура Арсбис:

— Собарде аша! ТIекхочур ю тхан хан а!

— ЛадогIал, дада! Хьуна хIун хета, нагахь цхьана бахаман ден белхало я вайча, я иза дIавахча цо хIун дийр дара?

— И хIун хаттар ду? Цо кхин белхало дIаоьцур вара-кх, иза дийр дара-кх!

— Нийса ду, дада! Нагахь белхалоша берриге а цуьнан хьаькамаш, мехкдай, полици дIакхоьссича, паччахьо хIун дийр дара?

— Кхиберш балор бар... э-э, хIанхIа, Бено, иштта мегаш дац. Уьш юха а вайна тIехь хир бу.

— Паччахь хила ца веза, нагахь дIакхийсахь, берриш а цхьаьний кхийса беза дIа.

Арсби юха а Бенона тIаьхьахьаьжжинчохь висира:

— Иштта яздина ду? Иштта яздо вайн партис?

— Иштта яздо: —ДIаваккха паччахь!».

— ДІаваккха! — аьлла, цІеххьана мохь туьйхира Арсбис.

ЦІа чу яьлла ши йоІ цецъяьлла йиснера: тхан дадина хІун хилла? — бохуш.

— Иштта ву-кх вайн Бено, — олуш, царна тІевирзира Арсби, вела а къежаш.—Бакъдуй, Беноца самукъане хилар?

---

## ДАКЪА III

# КЕРЛАЧУ ДАХАРЕ

### КОРТА I

### 1

Арсби кест-кеста ойланаш ян велира. КІанта ешначу книжканаша синтем байинера цуьнан. «Вайн партис дерриге а дуьненарчу берриге а белхалойн хьокъехь, берриге къехойн хьокъехь яздина,— ойла йора цо.— Со а ву белхало, со а ву къехо. Делахь хІета сох лаьцна а дуьйцу-кх цу книжкано. Муха хуур дара техьа цу тІехь суна сайх, нохчочух Арсбих яздина хІун ду? Сан доттагІаша элира — ойла ян Іама, кхета Іама, аьлла. Ойла йийр ю аса».

Арсби ойланаш ян велира. Цо дагахь карладехира ша мел лелийнарш: Хьажбекаран ялхо хилла ша вацаррий, винчу махкара вадаррий, набахтехь валларрий, заводехь болх баррий. Ша шега хоьттура цо: мичхьа тоьлуш дара? Мичхьахь дара атта? Оцу хаттарна жоп ца карадора цунна. Ткъа болх? Массанхьахь а болх халий, цхьабосса къоьллий яра. Ткъа гонахара дахар тайптайпана дара? Эвллий, БуритІей...—э-э, ма йоккха башхалла яра-кх цу шинна юккъехь! Амма кхунна-м цигахь а, кхузахь а цхьабосса вон дара. ХІунда ду иза иштта?

КІанте а, Радькога а хеттарш дечуьра ца соцура иза. Аьхка хьалха Дмитрий веара, тІаккха Ульяшева еара

кхуза. Арсби воьллера церан цIеххьана дIабахарх а, дагахь а доцуш юха гучубовларх а. «Тхо — кхерста олхазарш ду» олура цара шайх. Цундела цаьрга ладогIа а, цаьрга шен дагара дийца а сихлора Арсби. Цунна резахуьлий жоьпаш а лора цара, иза кхетачу тайпана цуьнца хабар дийца а гIертара уьш. Арсбина хаалора, тохара ша ца кхеташ хилла дукхах дерш хIинца кхеташ а, чолхе доцуш санна а хеташ хилар.

«Хьажахьа деллахьа, ма ду! Хьажбекар — юьртахьий, ткъа заводан да — кхузаххьий. Хьажбекара—къехой, ялхой бацабо, ткъа заводан дас — белхалой бацабо. Цигахь а хьалдолчунна болх бо, кхузахь а хьоладена болх бо. Бакъду, эвлахь болу бахам жимо бу, ткъа кхузахь йоккха завод ю! Да цаI ву, ткъа тхо, белхалой, мел ду? Эзарнаш! Ткъа хIунда бо оццул долчу адамаша цхьана стагана болх? Кхеташ дац! ХIанхIа, иштта хила ца деза! Книжки тIехь нийса аьлла ду! «Цхьаьнакхеталаш!». Ала-м атта ду юьртахь «цхьаьнакхета» бохург! ХIан, цхьаьнакхетар вара Джой, ТIатIашший, сой, кхин а,— ткъа хIун хир дара тIаккха? Ткъа нагахь кхузахь, заводехь белхалой цхьаьнакхетчи? Э-э, тIаккха-м хьаха...».

Арсбис бIаьргаш хьаббеш корта ластийра. ХIинца са ца гатдора цуьнан оцу ойланаша, ткъа самукъадоккхура, гIайгIа йолуш, кхоьруш ца хьоьжуш, чIогIа дог тешна волуш хьоьжура иза хIинца кханалерчу дийне.

Беттанаш дIаоьхура, тIекхечира Iа. Бено балха дIанисвелира — «цкъачунна» балха, цо олуш ма хиллара, ткъа суьйранна цIахь воцуш, гуттар а цхьанхьа воьдий хуьлура иза, мукъа ца хуьлура иза. Доьзалан дахар мелла а аттачу даьлла, кхача а мелла а токхе бара, амма Арсбис тIаьххьара гIора дIалора балхана.

Мухха а цкъа декабрехь сарахь иза волчу чувеара Дмитрий. Ширчу маьнги тIехь охьа а лахвелла, оцу сохьта гIуллакхах лаьцна дийца волавелира иза.

— Петарбухе, путиловцаш болчу ваха кечлуш ву со. Путиловски завод, — евзий хьуна? Хезний хьуна цуьнан хьокъехь? Делахь, цига вохуьйту-кх со. Тешаме воллу стаг сайца вига бакъо елла суна. ВогIий хьо?

— ВогIу! — элира Арсбис, бIаьрган негIар ца тухуш. ДоттагIчо бохучо воккхавер а эккхийтира цуьнан даг чохь, иза велакъежира.

— Делахь дика ду. Заводера дIавала. Некъана ахча

долуш ду, юучунна хьан доьзална а дуьтур ду. Дукха хан яра суна хьо сайца вига дагахь долу. Ткъа хIинца хьох лаьцна Степан Тарасовичаца а, Ульяшеваца а дийцина аса. Уьш реза бу.

— Дийцира ахьа? Реза бу уьш? — Арсби хазахетта векхавелира.

— Реза бу. Iемар шена хьалхелелош болчу накъосташкара. Иштта йоккхачу гIалахь хилар пайдехь хир ду. Гур ду цунна белхалоша шайн гIуллакхаш муха къастадо, — элира цара.

Арсби чIогIа ийзалуш шен зудчуьнга хьаьжира. Дагахь боккха кхерам болуш, шен зуда шега йоьхна хьажарх кхоьрура иза: «Ма гIохьа, Аби, ма тийсахьа тхо дIа!» — боху дешнаш хазарна кхоьрура. Амма Селима шек а йоцуш санна яра, леррина Дмитрийга ладоьгIуш Iара иза. Оцо дIаяьккхира Арсбин тIаьххьара шеко а. Иза расчет а эцна, сихха новкъавала кечвелира. Дмитрийца вахар кхераме дацара. Цо юьхьарлецира шен дуьххьарлера гена некъ.

Петарбухе Iуьйранна уггаре шийла йолуш кхечира уьш. Ша санна шийла мох хьоькхура урамашкахь, шелоно бIаьргех хиш туьйсуьйтура, амма Арсби лаллавелла Дмитрийна тIаьхьа дIавоьдура.

Вокзала чуьра шаьш майдана арадовллушехь, дерриге а девзаш волу стаг санна гонах дIасахьаьжира Дмитрий:

— ЭхIе, — элира цо меллаша, — вайша, схьахетарехь, тхан наха олуш ма хиллара, горгале тухху чу хенахь нисвелла. Э-э, новкъа ду тIаьхьависар! Ваха везачу кхача кхуьур вац вайша! Хьажал: тIеман туьпа тIе нисвелла вайша!

Майданахь а, цунна тIедогIучу урамашкахь а лаьтташ эскаран дакъош дара. Невски урам, ловзабаьлла хIорд санна, хеталора. Дерриге а урамашкахула цуьнан шуьйрачу тротуарашка гуллуш дара адамаш. ГIаролана арабевллачу, дукха хан ялале шалха-кхолха дIахIиттинчу салташа духадеттара адамаш, цхьаьна гулделла дIахIитта ца дуьтуш. ХIетте а, зингатийн туьйлиг санна, сийсара Невски урам.

— Стенга даха кечделла хIара адамаш? — хаьттира Дмитрийс, юххехула тIехволуш воллучуьнга.

— Паччахье гIо деха, — аьлла, оцу сохьта жоп делира масех стага.

— Паччахьана тІей? Белхалой? Иза хила тарлур дац!— олий куьг ластадо Дмитрийс.

— Ткъа хьанна тІедаха деза? Хало ца лало. Халкъ меца, дерзина ду! Иконаш карахь, машарца доьду халкъ!

— Иконашций, доІанашций шайн бакъонаш яхаре кхачалур дац! Шен бакъо кхечу тайпана яккха декхарийлахь ву белхан стаг!

— Ткъа паччахь вайн оьрсийн ма ву? Мила ву гкъа халкъан и воцург да? Вайх кънкхетам бан декхарийлахь вац иза?

Адамаш хаддаза тІеоьхуш ду. Адмиралтействона тІе мел кхечи адамаш алсамдуьйлура, церан тоба стамлора, тротуарашна тІера а дуьйлуш ураман юкъ дІалоьцура цара. Эскарийн гІаролашка а я церан чІагарашка а сеца ца лора адамийн и нуьцкъала тулгІе.

Арсби шена тІаьхьа а озош, хьалхахьа дІаволавелира Дмитрий, кхоьлина, сема, кхохкийна вара иза. ХІун хир ду техьа?! Массеран а юкъарчу стачкин меттина хьан дагалаьцна хьовха хІара хьекъале боцу болам?

Дмитрий а, Арсби а халла воьдура гулбеллачу нахана юккъехула дІа. Го баькхкина гонах кхуьуш лаьттара синтем бацар. Садови урамерий, Екатерински олучу татолан йистерий, Конюшенных олучуй, кхечуй урамашкарий тІеоьхучу адамаша дог-ойла йохош болу хаамаш бахьара, уьш оцу сохьта барт-барта вовшашка дІахоуьйтура:

— Вежарий! Путиловцаш арабевлла иконаш а, паччахьан сурташ а эцна, ткъа Нарвски кехь царна тоьпаш тоьхна!

— Хоругвеш карахь йолуш боьлхуш хилла! Ткъа царна тІе дошлой хаьхкина!

— Байинарш мел бу уьш! Ткъа чевнаш хилларш — лазартнеш юьззина бу!

— Накъостий! Троицки тІе тІехь выборгхошна тоьпаш етта! Ткъа иза хІун ду?

— Вай паччахьана тІедаха гІерта, ткъа вайна — ишшта тоьпаш етта!

Хьалхахьа гуш дара тІе кІац йиллина лаьтта Александровски бешара дитташ. Шийлачу хІаваэхь лепара адмиралтействон дашо бухь. Го баькхкина гонах кІуркІмане хьийзайора адамийн хІордо. КхидІа даха таро яцара — преображенски салташа некъ дІалаьцнера.

Царна тIехьашха Дворцови майданахь гуш дошлой бара: кавалергардаш а, гIалгIазакхийн сотнеш а.

Масех белхало юкъара схьа хьалхахьа а ваьлла, эпсарна тIевахара.

— Господин эпсар, дIадахийтийша адамаш!

— Мича дахийта!

— Паччахьан гIопе! Паччахьана тIе! Я тхо адамаш дац ткъа?

— ДIасадоха! — аьлла, мохь туьйхира эпсаро тобане. — Хьаьнга боху аса? ДIасадаржа!

Белхало — воккха стаг гора вуьйжира:

— Дела Iийсан дуьхьа доьху оха — дахийтахьара аша тхо паччахьана тIе!

— ДIа... са... даржа! — кхин цкъа а мохь туьйхира эпсаро, салташна тIе юха а веана, буьр дира цо. Преображенски салташа тоьпаш тоха кечъеш карайцира.

— Ванах хIара хIун ду, вежарий! — бохуш, детта маьхьарий хезара тобанна юккъера. — Вай да-паччахь волчу даьхкинера, ткъа вай ца дохуьйту! Вайн паччахь ву иза я вац? Цхьанхьа а гIур дац тхо! Тхьашна луучуьнга кхочур ду тхо!

Тобанна юккъера схьа а иккхина цхьана студенто воккха стаг белхало мара а воьллина, эскаре цаIIа-м олуш мохь туьйхира. Цунна жоп луш, эпсаро шозлагIа а буьйр дира — цхьаьний тоьпаш тоьхна тата делира. Студент а, белхало а охьавуьйжира. Царна гонахара ло цIийх дуьзира. Тоба юхаяла гIоьртира, амма тIехьашхула керл-керла тIегIерташ белхалой бара. Тоьпаш юха а туьйхира. Цунна тIаьххье хьоькху маьхьарий а, чевнаш хиллачуша до узарш а хезира. Кхераделла эгIийна адамаш дуьххьалдIа салташна тIеуьдура, цара деттачу цхьамзанаша охьаэгадора адамаш. Марсабевллачу кхечуша шайн накхош Iора а дохуш, шайна тIеерзийначу тоьпашна дуьхьал хIиттадора, маьхьарий а детташ:

— Етта аша!

Эпсаро тапча а кхоьссина, юха а салташна буьйр дира. КхозлагIа а тоьпийн тата делира. Уьдуш болчушна а, зударшна а, берашна а, иконаш карахь боьлхучу баккхийчу нахана а еттара тоьпаш.

Юха а команда делира — дошлоша тарраш баттара дехира, гIалгIазакхаша адамашна етта шодмаш айира. Адамаш доьхна даьржина, мича уьду а ца хууш дIа-

сауьдуш лелара. ГІашлоша дІаса а хилла дошлой чекхбовлийтира. ГІалгІазакхаший, дошлоша-жандармаший дуьххьалдІа адамаш гулделлачу тІехаьжкира, адамаш говрашца хьоьшуш, тарраш детташ, шодмаш етташ, чевнаш хилларш бойий дІабохуш, я зударий а, я бераш а ца кхоош.

— Герз караэца накъостий! Вай дойу, ткъа вай вешан накхош хьалхахІитто деза? — аьлла, мохь туьйхира Арсбина вуно юххехь лаьтташ волчу цхьана белхалочо, агІор дІа а хьодуш. Ведда цунна тІаьххье дІаиккхира Дмитрий а, Арсби а.

— Васильевски гІайре тІе! — мохь туьйхира белхалочо.

Амма гІайре тІедовла атта дацара дерриге тІайш эскарша лардеш дара, царна тІехула цхьа а ца волуьйтура. Николаевский, Дворцовий тІейш тІера еттачу тоьпийн дІаьндаргашна кІел ниС ца вала гІерташ, масех стаг Невана биллинчу шана тІехула дІаведира.

ХІара ю-кх Васильевски гІайре. Чехка дІадовла берда йистера, кхузахь дІасалелаш дошлойн ха ду! Белхалойн жима тоба ураме а экхий, Боккхачу проспектехь дІакхета хІокху гІайре тІехь дехачу адамех. ГІайренан ерриге юкъ кхехкаш яра. Герзаш чохь долу магазинашший, мастерскешший йохош герзашца кечлуш бара белхалой: фанараш тІехь йолу богІамаш урамехь охьа а тоьхна, деш долчу цІенойх схьайохучу дечигашций, схьадаьхначу кевнашций, аьчган серашций дуьхьалонаш (баррикадаш) еш. Юккъерчу проспектехь дІахІиттош яра баррикадаш. Баррикадах цхьанна тІехь ловзаелира цІен байракх. ДІадоладелира паччахьан эскаршца боккъалла а долу тасадалар.

Баррикадана тІелеташ йолчу ротин салташна тапча хьежош воллу Арсби цІехьана юханехьа кхоссавелира, амма шен когаш тІехь сацавелира иза. Сихвеллачу цунна лазар ца хааделира, шена чов хиларх ца кхеттера иза, я ур-атталла шен вортана тІера бедара тІе охьаоьху цІий а ца гира цунна, дуьхьал жоп луш тапча туьйхира цо. Кхуззахь баррикадехь чевнаш йоьхкуьйтуш воллу Дмитрий а ца гора цунна. Цхьаммо-м куьйгаш тІе схьаийцира Арсби, цхьаммо-м кел чоьхьа а ваьккхина, кертан кІорге дІавигира иза, цигахь хІинцале масех дархо вара. Урамера чукхуьйлуш керл-керла дархой бара, царна юккъехь байиарш а болуш.

Цигахь дIасахьийзаш болчу къехоша, Арсби а, кхин масех дархо а хIусам елла дIабигинчу подвал чу валийра шина белхалочо пхьаьрса кIел лаьцна Дмитрий а. Цунна тIевада дагадеара Арсбина, амма дукха гIорасиз хиларна цхьа куьг дIакховдо бен ницкъ ца кхечира цуьнан.

— Дмитрий, — элира цо йиш а хаьлла,— Дмитрий, хьо — сан ваша, гуттаренна а сан воккхах волу ваша ву хьо. Хьан хиндерг а, хьан дахар а — сайниг а цаI ду. Маржа Петербухе яI! Цхьана дийнахь дуккханнах а кхетий ахьа Арсби!

Яккхий халонаш лайра накъосташа оцу буьрсачу къизачу дийнал тIаьхьа. Цхьана цIийнера кхечу цIа чу вуьйлуш, цхьана районера кхечу районе оьхуш лечкъаш лела дезара — массанхьа а лелаш бара полицин агенташ (шпикаш), массанхьа а белхалошна деш таIзарш дара, нагахь уьш миччахьа цхьанхьа карабахь. Амма оцу кхерамечу деношкахь кхин цхьа керла дика дерг а хаалора Арсбина. Воккхаверца, хазахетарца гора цунна, шена довза а ца девзаш долчу адамаша хIор сарахь а ларвеш ша а, Дмитрий а керлачу метте дIавигар, цара дог-ойла ойура, дог пагIатдоккхура, «ларбелаш накъостий»— олий керлачу хIусамдайшка дIалора, хIорш болчу хьошалгIа богIура, заводийн хьокъехь, белхалойн хьокъехь керла дерш, гIали чохь деш долчу хьокъехь дуьйцура. Арсбина хетара, ма дукха адамаш ду-кх суна тIегIерташ, соьца гIуллакх долуш, цара массара а со шайн стаг, герггара хьоме, везаш волу стаг лору, сан дахар ларда дезаш лору цара, аьлла. Баррикадехь иза ша а вара доьналлица церан дахарехьа къуьйсуш. БIаьргех хи делира кхунна, тIаккха цо, лере а вахана, элира: «Ма дика ду-кх хIара, Дмитрий, дика ду, Дмитрий! Э-э, Дмитрий мел дика ду! Вай — цхьа боккха, боккха доьзал санна ду!».

БIаьсте тIекхочуш дахар мелла а тодала делира: хIара ший а товелира, ший а балха дIа а нисвелира, Петарбухерчу оццу тешамечу накъостий гIоьнца гIалин цхьана йистехь прописка яц бакъо а елира. Заводе ханна дIанйцира и шиъ. Арсбина кхин Iен дагахь а дацара. Дмитрийгахула цо зудчуьнга яздора аьхка цIа вогIур ву ша бохуш, таро хилча цунна ахча а дохьуьйтура цо.

Юха а керла вон деара: бIаьста иза вуьйжира, Дмит-

рийс лазартне вигира иза. Арсбин садукълора, йовхарш йора цо, дагар чIогIа дара: кийрахь пехех цамгар кхеттера цунна.

Дмитрий кест-кеста воьдура иза волчу, ца догIучу дагца нуьцкъах вела а гIерташ цо ладоьгIура оцу могуш хиллачу, тIахъаьлла хиллачу, дог дикачу стага, ша халчу цамгарх меттахь Iуьллушехь а, са а ца даккхалушшехь, эттIачу декъачу балдех мотт хьоькхуш дуьйцучуьнга:

— Хан дIайоьду, Дмитрий! Болх бан дезара, ткъа со Iуьллуш ву, мила санна...

— Сан дахар — дахар дац хIинца, Дмитрий, — халла са а доккхуш, юха а дIадолийра цо. — Со вехаш вац, цкъачунна цомгуш Iуьллуш ву! Ткъа кхузахь со дуккха а цомгуш Iуьллур ву! Аьхке! Кхузахь ерг ю аьхке? Ма аьхке а ю! Шелой, йочанашший! ЦIа ваха веза! Товала веза!

ТIаккха гIайгIане тIетуьйхира цо:

— Сан зудчуьнга ма язделахь, цуьнан дог ма дохаделахь! Дерриге дика ду, кестта цIа вогIур ву, алий язделахь!

Цунна ца хаьара хIинца шен дуьхьа Дмитрий Петербухехь соьцуш вуйла. Муха вуьтур ву доттагI ша цхьа— цаI, гондIа тешаме накъостий белахь а? Арсби меллаша толора. Амма цомгушниг когаш тIе дIа ма хIоьттинехь и шиъ юха цIехьа новкъавелира.

## 2

Стоьмех яссаеллачу, гаьннаш охкийначу бошмашна юххехула чIуг а етташ цIерпошт Владикавказе кхочуш чIогIа кхоьлина, тIея йоллуш де дара. ЦIерпоштан яй, лакхенах хьала болуш чIогIа буькъа кIур туьйсуш, богIуш бара. Дерзина девллачу дитташна тIехьашхула кешнаш гучудевлира. ДIогахь а гора евзаш йолчу заводан туьнкалгаш сийначу стигла ирхъяхана лаьтта. Тахана, тохара санна ца хета уьш: царна чуьра халла бен кIур ца болуш, завод болх беш а йоцуш санна хеталора. Хьаьллахь гуш ю металлургически завод. Кхузахь цIерпоштан некъа тIехь лаьтташ ю «кукушка» а, схьагарехь, дан хIума доцуш лаьтта иза: я вагонашна чохь а, я гонах а цхьа а са дац гуш.

ЦIерпошт меллаша соцу, Арсби, охьа а вуссий, гIалехьа дIаволало. Иза ша цаI вара. Дмитрий, кхуьнга маршалла а делла Бесланехь охьавоьссинера — хIара шиъ схьавогIуш новкъахь хаам хиллера цуьнга, цигахь охьа а воссий, къайлах болх беш йолчу областни партийни комитетера накъостий билгалйинчу меттехь тIекхаччалц Iе, аьлла. Соьлжа-гIала ваха тарло ша, ала кхинра иза Арсбига.

Арсби цIа кхача сихвелира. Амма, бульварехула чекхволуш, ларамаза соцангIа хилира иза: цунна дуьхьал йогIуш яра иконашший, хоругвешший, паччахьан сурташший карахь долчийн тоба. Хезаш лоькху гимн а яра, деш доIанаш а дара.

Арсби ша волччохь тохавелира: «ХIун ду цара лелориг? — аьлла, дагаиккхира цунна. Иконашший, паччахьан сурташший эцна мича боьлху хIорш? Царна-х массарна а тоьпаш тухур ю! Суна-х хаьа, суна-х гина иза Петербухехь!» Халла сацавелира иза ураман новкъахула дIа! «Ца оьшу! Духадерза!» — аьлла, мохь ца тухуш.

Амма цхьана хIумано сацийра иза и дечуьра. Юьхьенца и хIун ду ца хаьара цунна. Ткъа тIаккха тобане дIахьаьжча — юхаиккхира иза: карадевлла адамаш — манифестанташ ларбеш санна, кхарна шина а агIор юххе а хIиттина богIуш бара полицин дошлой. Ткъа шаьш оцу тобанна юккъехь берш белхалойх тера бацара: гонах богIу гуш берш я дика тIе хIума юьйхина болу гIалахой бара, я цхьа акхараллин юьхь-сибаташ долуш долу адамаш дара — яккхийчу Iасанашна тIе а тийжаш, ехачу божарийн кучамийн кочмаш дIаса а гIаттийна когаш бохуш оьхура цхьа девзаш доцу адамаш. Царех чIогIа къаьркъанан хьожа йогIура, гIоргIачу аьзнашца тIаьхьара йир лоькхура цара.

«Э-э, — кхийтира Арсби! — Уьш тхан белхалой бац! Уьш...».

— ДIабаккха куй! — аьлла, цхьаммо муьшка йира цунна.

— Тохал цунна! — аьлла, гIаж ластийра кхечо.

Арсби юха а ваьлла, ведда цIехьа вирзира. «Э-э, хьо доьхна де! Мичхьа ву хьовха Бено?» — дагадеара цунна, чIогIа гIайгIане а вужуш. Нагахь иза кхин масех минотехь цигахь хьеваллехьара, цунна оцу сохьта хуур дара шен кIант мичхьа ву а, иза хIун деш ву а.

Бульвар хадош дIадоьлхучу коьртачу урамех цхьанхьахула схьайогIуш яра адамийн кхин тоба. Цуьнан хьалхарчу могIаршлахь болчийн карахь лесташ цIен байракх яра. Бено вара цаьрца шен накъосташца. Оцу тобано а илли бохура: хезаш дара цкъа лоькхучу «Марсельезин», тIаккха локхучу «Варшавянкин», тIаккха цхьа кхечу белхалойн иллин аьзнаш.

Бульваре кхаьчча адамийн тоба сецира. Урамехь аннех динчу цхьана гIапсу тIе а ваьлла, лен велира белхалойх цаI, цо бечу даггарчу кхайкхамаша дерриге адам меттахъхьадира. Детташ маьхьарий дара:

— ДIаваккха паччахь! ДIадаккха паччахьан Iедал!

— Республика!

Монархистийн тоба тохаелира, цигара хезаш дара оьгIазе цIогIарчий. Белхалошна бекхамна санна, дехьа агIор декъазчу озанца лакха йолийра «боже» цIе йолу йир, тIаьхьара «царя храни» («ларвелахь паччахь») боху йир а локхуш. Хьалха иконаш а, хоругвеш а, паччахьан сурташ а лецна, гонах шаьш ларбеш полицин дошлой а, керахь чхьонкарш йолуш болу, муьлаш бу а ца хуу, кхиболу нах а болуш, дIабуьйлабелира манифестанташ. ХIинца ший тоба а вовшашца нисъелира. ЦIен байракх керахь йолчарна юккъехь бара кIайн кучамаш тIехула пиджакаш юьйхина болу белхалой а, студентийн, гимназистийн куйнаш техкина берш а, наггахь гуш хьехархой а бара; лахара чинаш дерш а бара, масех зуда а яра. Монархисташна яхь дIаяла дагахь бацара уьш: буьрса, ойлане болчу цара лаккха хьалауьйбура цIен лиэпа байракхаш, цара чIогIа, аз долуш, цхьана бертахь бохучу иллино ца хозуьйтура кхечу агIор лоькху йир.

— И санна дерг муха лало шуьга?— бохуш, полицига а хьоьжуш, цIогIарчий деттара манифестанташа.— ДIалелхабе и гавурш!

Царна жоп луш, бульваран вукха агIор хезара:

Тхан бIаьхой кхералур бара
Паччахьан бIарлагIийн ницкъах?

Тоьпаш йовлу. Массарна а ца хезира цуьнан доцца, декъа тата: урамехь маьхьарийн, йираш лекхаран гIовгIа яра. Амма тата даларца цхьаьний байракха юххехь цаI охьавуьйжира. Цхьанна тIаьххье кхин а йолуш евлира — белхалойн хьалхарчу магIаршкахь болчушна хьежош еттара монархисташа.

Шина а агIор маьхьарий хьоькхура:

— Паччахьан сурт дохийна цара! Етта, тоха царна!

— Низам долуш хилалаш, накъостий! Тешнабехке питанех Iеха ма лолаш!

— Дружина, хьалхатаIа! ДIадаккха паччахьан Iедал!

— Тоха царна! Керстан дин деза эскар! Бохабе гавурш!..

Байракхана гонах таьIира белхалойн бIаьхаллин дружина. «Смит-Вессоны» олу тапчанаш яра керахь къегаш. Ткъа хьалхахьа цхьанхьа гучудевлира дошлоша лесто тарраш, адамийн аьзнаш говрийн татанца дIаийра. Цхьаьний тоьхначу тоьпийн тата делира. Цкъа хьалха, тIаккха кIегар теIаш телхаевлира адамийн тобанаш. Революционерийн тобанна юккъера, матросийн куйн тиллина волу цаI хьалагIаьттира. Нехан кортош тIехула дIа цо мохь туьйхира тIебогIуш лаьттачу дошлойн агIорхьа.

— ГIалгIазакхий! Шу Iехийна шуна!

Цунна юххе дIахIоьттира кхин цхьа стаг — ондда, лохочу дегIахь, семинаристан барзакъ тIехь а долуш волу жима стаг.

— ХIа, Голенко, алал цаьрга дош! — аьлла, гонах маьхьарий девлира.

— ГIалгIазакхий! — дийкира Голенкон нуьцкъала аз,— дагалаца шайн хьалха дIадахнарг! Шу шаьш а, шун дай а бацара паргIатонехьа, шайн бакъонашкахьа къийсам латтийнарш?

Хьаьдда кхин цхьа накъост а тIевеара:

— Ма даха баттара тарраш! — аьлла, куьг ластийра цо, «чудохка!» тарраш аьлла буьйр деш санна — кхузахь даьндарг кхетта вуьйжира иза.

Демонстраце гулбелла белхалой къизаллица дIасалехка болийра. КIеззиг дIаса а хуьлий, салтий чекх а бовлийтий, юха а могIарш тIе а узий, хьалхахьа дIаоьхура уьш. Амма дукха хан ялале иштта дIадаха таро ца хилира: цIоз санна схьахьаьлхира гIалгIазакхий, урамашкахула дIасахахкалора уьш, кера веъ-веанарг хьошуш, етташ, Iуьттуш.

Бено, чаккхенга кхаччалц тобанна коьртехь хила гIерташ хилла волу, ведда урама юккъера схьа а ваьлла, боккха боцчу ураман сонехула дIавирзира. Амма

кхечу ураман маьIера цунна тIеIоттавелира ши «чхьонкархо».

— Э-э, — элира царех цхьаммо.— ХIара виц, делазхо! Байракхана юххехь вогIуш хилларг! «ДIаваккха» бохуш, мохь беттара кхо!

Ша хIун до а ца хууш, катоьхна тапча а яьккхина, йолуьйтуш гуьйхира Бенос. «Чхьонкархой» цаI гай а лаьцна, го а боккхуш охьавуьйжира. ШозлагIа а тапча а тоьхна шозлагIниг а вийна охьавожийра Бенос.

Чекхделира «КIиллон муцIар» олучу ямартхочун, мотт беттачу цIуьхIаран дахар.

Са а хаьдда чуиккхинчу Арсбис тIекхетта марайоьллира, дагахь доцчух цецъяьлла, тIулг санна, лаьтташ йолу Селима.

— Мичхьа ву кIант? Мичхьа ву Бено?— дара цуьнан хьалхара хаттар.

— Селхана дуьйна цIаваза ву Бено, — элира Селимас вуно гIийла, гIайгIане йолуш. — Со кхоьру цунах хилларг ца хууш, Аби, урамехь тоьпаш юьйлу!

Сонехь Iуьллу аьчган гIаж схьа а эцна, ураме аравала сихвелира Арсби.

— Стенга воьду хьо? — элира елхаран къурдаш беш Селимас.— Хьо а воллу ваха? Тхо тесна дуьту аша шиммо а? Зудаберашка а ца хьаьжи хьо-м! Некъа веана жимма са мукъане даIа хьайна!

Арсбис корта ластийра.

— Кхуьур ву! — жоп делира цо. — Нагахь Бено чувагIахь, да урамехь ву, ала цуьнга! Цхьаьний чувогIур ву тхойшиъ, ткъа хIинца йиш яц!

Цхьанхьара геннара хезаш юьйлуш тоьпаш яра. СоцунгIа а хилла, са а ца доIуш, ладегIа велира Арсби,— «Уьш цигахь, гIалина уггаре юккъехь юьйлу! Делахь цига ваха веза!» Волавелла воьддушехь куй тIе таIийна, вертанан тIемаш хьаьла а лецна шен болар сихдира цо. Цхьа-ши урам хадийначул тIаьхьа юха а сецира иза: хьалхахьа вогIу гуш вара полицин лахара хьаькам, карахь яьккхина тапча а йолуш, цо мийра а бетташ хьалхаваькккхина валавора цIийша а вуьзна волу цхьа стаг.

— Ма лестаде куьйгаш, зуьдан кIеза! Аса хIоккхузахь дуьйр ду хьо!

«Белхан стаг вен лаьа хьуна?— ша шега а бохуш, къайлаха тIехьашхула цунна тебаш тIевоьдура Арсби.—

Аса гойтур ду хьуна! Юха ма хьажахьара! Аьчган гIаж эрна эцна ца хилла аса схьа!».

Юкъаметтиг итт гIулч, пхиъ, кхоъ...— ХIа, дIаэца хьайна!

Полицейский ласта а лестина охьавуьйжира, цхьана подвала чу боьдучу ламин киртигашна тIехула шершина чувахара иза.

«Цхьа гIуллакх-м дира»,— бохург дагахь а долуш, полицейскичуьнан тапча схьа а эцна, чевнаш хиллачу белхалочунна тIевахара Арсби.

— ЦIа гIо, гIала ма гIерта! Хьо мича мегар ву?— аьлла, иза дIа хьажийна, ткъа ша, хIинца бIаьхуллин дружинан штаб чохь йолчу театрана тIебоьдучу урамехула чекхвала дагахь, дIаволавелира иза. Адамашна юккъехула цига кхача гIерташ вара салти-артиллерист а. Ученна тIекхаьчча, куй дIа а боккхуш, чоин тIемаца хьаьжа тIера хьацар дIа а доккхуш, лекхачу лома тIеволуш санна доккха са а даьIна, нис а велла, цхьа бер санна воккхавеш, сацамболлуш мохь туьйхира цо:

— Вежарий! Батарей шуьгахьа ю шуна!

— Ура! — дийкира гобаькхина гонах.

Ламина тIехула цхьа тIегIа лаккхавелира артиллерист. Берана санна хазахетаран меттина цуьнан юьхьа тIехь гуш дара толаман доьналла, къонахалла хилар. Халкъехьа дIавирзира иза цаI ала дагахь, амма цIехьана ша волччохь кхосса а луш, охьавуьйжира иза — тоьпан хIоъ коьртах кхийтира цунна.

БIаьхуллин дружина лаьтташ яра, акхаралле йирзинчу монархистийн гобанан, эскаран дакъойн тIелетарш духа а детташ. Амма ницкъаш цхьанисса бацара, революционерийн магIарш нилха дуьйлура, церан патармаш кхачийнера, ткъа областан начальнико царна дуьхьал полицин а, гIалгIазакхийн а керл-керла отрядаш оьхуьйтура.

Уггаре юькъа йолчу меттехь леташ волчу Бенона гора кхузахь а, дIогахь а охьаоьгу чевнаш хилларш, гIали юккъера белхалой кхин а генна дIа муха лоьхку черносотенцаший, полициссий. Шен ден юьхь шена гича санна хетаделира цунна. Бено оцу агIорхьа. дIахьаьдира, амма цунна гинарг адамашлахь къайлавелира — я чов хилла ваьллехь а, я дIалальцнехь а, я дуьххьалдIа кхечу бIаьхоша дIахийлийнехь а. Тобанна юккъерчуша маьхьарий деттара, шакарш еттара, угIура· етташ шод-

маш яра, даьхна тарраш дара, цIийзаш даьндаргаш яра. Ловзабаьллачу хIордан тулгIено санна, Бено генна дIакхоьссира. Цхьана зудчунна юххе нисвелира иза.

— Марем! — аьлла, мохь белира цуьнга. Царна юккъе дошло нисвелира—тоьхначу шедо тата а доккхуш къайлавелира иза. Бено сеттина хебира: шедо букъ багийра.

Ульяшевана шен «Саволька» вевзира я ца вевзира бохург даиманна а къайле хилла дисира. Лазийначуьра меттавеана Бено чехка цунна тIе а вахана, юххе дIахIоьттира.

— Нокъостий!— аьлла, мохь белира цуьнга — оцу сохьта, хьалхахьа дIа а таьIаш, Бенон кера охьаюьйжира иза. Цуьнан сирлачу бIаьргашна чуйогIу марха гича, воьхна мохь тоха ойла хилира цуьнан, амма легашка шед хIоьттина висира иза. ТIехьаьвддачу дружинникаша цхьанхьа дIаяхьира иза...

Дукха хан йоццуш гIовгIа, тата лаьттинчу, маьхьарий диттинчу урамашкахула цхьа тамашийна тийна дIахIоьттинчу хенахь бен саметта ца веара Бено. «Суна хIун хилла? Иштта дукха хан яькккхина аса кхузахь? Тхайнаш стенга бахана техьа? Ткъа Ульяшева! Ульяшева!».

Тийна хилар ца дезалуш, тешнабехке а, кхераме а хеталора. Берриш а белла теша? Нуьцкъах хьала а гIаьттина, пенаш лоьцуш, урамашкахула гIалин йисте ваха гIоьртира Бено.

Цхьа урам хадийча, базаран майдана юххехь гIалгIачунна шодмаш, тIулгаш детташ йоллура цхьа акха тоба. ГIалгIа керара вала гIертара, цуьнан баьшна корта цIийша буьзнера. Тобанна юкъаиккхира цхьа зоьртала къона стаг, мискачунна коьртах тоха йоккха пхьалгIанан варзап хьалаайира цо. Бенон собар кхачаделира: тIулг схьа а эцна оцу стагана ластийра цо. Шен метта а, шен хеннахь а кхетта хиллера иза: гIалгIа, карара а ваьлла, дIаведира, шел тIаьхьа цIийн лар а юьтуш.

Бено кешнашка кхечира, доккхачу акхтаргах белш тоьхна дIахIоьттира иза. Лергашна чохь поттанийн аз декара, корта бIагор хьийзаш бара. Тентакваьлча санна, новкъа дIахьоьжура иза, оцу новкъа йогIура хIирийн дивизион. Iедало бохург а дина гIевттинчарна дуьхьал лата дуьхьало йинера хIираша. Дивизионна дуьхьал

гIалин агIор схьа гIашлойн салт богIура. ХIирий севцира, ткъа гIашлойн салт го тосуш дIасабаьржира.

— Э-э!— маьхьарий девлира дивизионера схьа.— Ви—кажени люди, ми тоже кажени! Одинака бедни! Против кому идешь штрилять? (Шу а пачхьалкхан нах ду, тхо а ду пачхьалкхан, цхьабосса къен ду вай! Хьанна дуьхьал лата дохку шу?).

— Лата деззачух летар ду тхо!

— Тхох лата дохку шу?

— Шух лата а тарло!

— ДIадоладе ткъа!— аьлла, дивизион лата кечъелира: цхьаболчуша белш тIера тоьпаш караийцира, кхечара баттара тарраш дехира.

— ХIанхIа, аша дIадоладе!— аьлла, маьхьарий туьйхира салташа.

Новкъахула Бенона юххехула дIавелира гIалахохIири. Шен къоман нах салташца лата кечбалар гинчу кхо, Iа а ца велла — баттара шаьлта а яьккхина, къамкъарг екош мохь туьйхира:

— Цом дела ждешь? Цом дела?

Бено са а даьккхина, юханехьа гIала вирзира. Цхьанхьара ягаран хьожа яра йогIуш: слободкехь цIенош дара догуш. Бено воьхна вухахьаьжира, цIарна генахула маьIехула дIахьаьвззушехь иза тIенисвелира акхараллин таIзар деш бохкучушна: мелла волу, пачхьана муьтIахь волу ши «турпалхо» воллура лаьттахь Iуьллучу стагана эткийн кIажашца етташ. Стага хIинца мохь ца хьоькхура, ткъа тоха мосазза туьйхи вегавора иза.

— ХIун деш лаьтта хьо цигахь? — аьлла, мохь туьйхира бандитех цхьаммо, Бено гича, вела а велла, шена вевзаш верг гича санна.

Вукхо батт агIор яьккхира:

— Бунт гIатто гIертий хьо? — аьлла, мохь а бетташ, чхьонкар схьа а эцна, Бенона тIехьаьдира иза.

Ша волччохь лацавелира Бено. Дерриге дегI дегош дара цуьнан, бIаьргашна хьалха бIаллагIнаш хIиттира: кегдина кортош, бухдаьхна пхьаьрсаш, къаьрзина бIаьрг. Ойла чIагIъелира цуьнан: тахана хилла долчу къизачу хIуманашна тIера бекхам ца беш къурд аланний? Цхьа бахьана а доцуш сайн са дIадаланний? ХIан-хIа, иштта мегар дац! Хьалхахьа гIулч яьккхина, селхана шена Селимас елла бепиган кусок юккъера схьа

а яккхаза киснахь долу йовлакх схьа а даькkхина, буйнахь хьарчийна иза а гойтуш, мохь туьйхира цо:

— Аса бомба кхуссу шуна!— аьлла.

Вехна волу ший а зуламхо, схьабогIучу белхалойн йоккха йоцу тоба а гина, воьхна кIегарваьлла, ураман кхечу агIор дIаведира.

Бено, телха а телхаш, кхидIа вахара.

## 3

Кхераме орца!

Кхераман кхаъ кхечира паччахьан цIеношка а, пачхьалкхан столице а, цхьана гIалара кхечу гIала кхочуш цуьнан шуьйра тулгIе яьржира мехкадайн хIусамашкахула а. Белхалой бу бунташ еш! Ахархой а гIевттина! Элийн керт-кевнаш догуш ду, заводаш севцца!

Революци ю!

Революций? И хIун ду! Цхьа а революци яц, Iедалан ледара хилар ду. Дан дезза таIзарш деш гIуллакх дахь, берриш а совцур бу, цхьа а бунт хир яц.

Инарле Колюбякине, Терски областан керлачу начальнике, юха а къайлаха хаам кхаьчна: Соьлжа-гIаларчу мехкадаьттанан промыслашкахь белхаш беш болчу белхалоша юкъара забастовка йийр ю шаьш бохуш кхерам туьйсу. Кхочуш ца балу болу лехамаш хIиттина цара фирмашна хьалха. Промыслаш ларьяр доьху фирмаша. Порядкаш йохош гIуллакхаш лелхарна сахьт дац, тIаккха...

— Хьажахьа, оцу Стефановскийс, сацам боллуш гIуллакх даран меттина, эскарца гIо доьхийца! Соьлжа-гIалин округан начальник ву хьуна иза! БIаьхуллин полковник! ХIара хIун ду ша, тIом-х баций кхузахь? Бородинехь хилла латар ду моьттур дац?!

Инарло ша волчу кхайкхира ша тайпа гIуллакхаш кхочушдеш волу чиновник а, шен адъютант а.

— Сихха Соьлжа-гIала новкъадовла кечло. Со со а вогIу. Инарло дош ша-ша олуш, чIогIа лерина элира и дешнаш, «парадана тIехь команда аса дийр ду!»— аьлла, буьйр деш санна. Мокха бIаьргаш адъютантана тIехь а совцош, цо тIетуьйхира.

— Цигахь вай кечбина центральни губернешкара мехкадай ларба дIабохуьйтур бу ламанхой.

Дукха хан ялале БуритIерчу урамашкахула вокзале

йогIура Iаьржа дой доьжна, шуьйра хIетта лак хьаькхна къегаш йолу пайтон. Пхьуьйшаш доцу сийначу машин тужурка а юьйхина хьалха хиина вара шуьйра белш йолуш волу кучер. Цунна тIерачу цIечу дарин кучан пхьуьйшаш мохо дусийнера. Коьртахь тIаусан пелагаш доьхкина болу горга куй бара. ДIакховдийначу куьйгашца юьйлина схьалаьцна архаш яра. Кхунна юххехь а, тIехьашха а областан начальник ларвеш долу ха дара. ДогIмаш дуьззина герзаш долуш пайтонна хьалхашха говрашкахь вогIуш масех гIалгIазакхий вара. ТIехьашха догIуш а герзашца кечделла ха дара.

Нисвелла хиъна вара инарла, наггахь корта дIаса а берзош, новкъахула дIабоьлхучу гIалахошка, ша лакхара хьаькам хиларе терра, оьгIазе дIа а хьоьжуш. Урамехула воьду салти шен воккха хьаькам тергал ца веш, шена инарла «ца гина» кеп хIоттийна дIавахара. «Боьха хIума»!— аьлла, дIавирзира Колюбакин. Нагахь дукха хан йоццуш хьалха салтичо иза дина хиллехьара, инарло иза саца а вина, барт хаьттина, гауптвахте чуволла дIахьажор вара. ХIинца иза шена «ца гиначуха» Iадъе дезара, пайтонна хьалха а, тIехьа а тешаме сема ха хиларх хастам а беш.

Масех сахьт даьлча Сипсу-гIалахь сецира инарла, кхузара дуьйна гIалгIазкхийн ярташкахула Соьлжа-гIала вахар сацийнера цо. Кхузахь а дуьхьал ха деара цунна, луларчу ярташка кхаъ эцна бахийтира: Теркаца долчу эскарийн наказной атаман ша ву вогIуш!

Кхаъ эцна боьлхуш Соьлжа йистехула хаьххкина юьрта чу лилхира. Юьртда ша тIекхаьчначу цIа чу иккхира.

— ХIей! Мила ву цIахь — аравала!

ЦIа чуьра ара а ваьлла, малонца дегI саттийра гIалгIазкхичо.

— Сиха лела! — аьлла, тIечевхира юьртда.—Вада чехка правлене! Сипсу-гIала дежурни отряд а, ха дан дошлой а бахийта, аьлла, аса буьйр дина ала писаре. Наказной атаман ву вогIуш! Сиха лела!— Юьртахо ведда шен чу иккхира мидалш оьхкина, дезчу дийнахь санна тоьлашха долу барзакъ тIедуха деза.

— Хьенан ю хIара хьакхарчий — аьлла, хоттуш керта йистехь сецира иза, кхузахь сийна тар тесна лаьттачу Iома чохь хур деш яра хьакхарчий.— ДIаяха чехка!

ГIалгIазкхийн зуда араиккхира. Цуьнан коьртахь кIайн йовлакх дара, царна кIелара схьакъедаш дара кхерамах дуьзна бIаьргаш.

— Халя!— бохуш, цIогIа а детташ, Iуьттуш, туьттуш агIор дIалоьхкура атамана хьакхарчий.— Хьажахьа церан ярстаре — юьйла а дера ца ло!

Кир тоьхначу, цхьадерш тIе кибарчиг йиллина, важадерш тIе эрз биллина долчу, цIенош чуьра ара а буьйлуш, татеш яьлла лаьттачу майдана гуллуш бара юьртахой. Цхьана маьIехь малар молийла яра, вукху маьIехь тхов а сеттина лаьтташ юьртан правленин цIенош дара, царна гонах лаьтташ Шемалан заманахьлера ши йоккха топ яра — юьртан дозалла. Массарел хьалха баьхкина дIахIиттира кIайн мажош йолу баккхий нах: цхьаберш гоьлел лаха йолуш юьйхина аьхна гIовталш йолуш, важаберш юкъ ехказа дуьйхина тишо чоэш долуш: цхьаболчийн керахь стаммий Iасанаш яра, кхечеран керахь белш тIехула оьхкина тарраш дара.

Царна дехьа дIахIиттина «кIентий» бара. Берриш а — сийний, цIен чоьэш а дуьйхина. АгIордохуш коьрта техкина куйнаш дара; тIе а баьхкина, хаьн тIе куьйгаш хIиттийна дIахIиттира уьш.

Массарна а тIехьа дIахIиттина бара кегийрхой — кIента кIентий, дукхах берш маж-мехк далаза бара. Цхьаберш эскарехь гIуллакх дина хIинцца цIа баьхкина бара, ткъа важаберш хIинца цига баха кечлуш бара.

— ВогIуш вуй?— бохуш, хоьттура станицахоша учена хьалхара дIа а хуьлуш, юьртда чувахийта некъ буьтуш. Цо куьг ластийра, ца вогIу боху маьIна долуш.

— ХIей,— элира цо, цхьа бен а доцуш, писарехьа а вирзина,— кхо говр йоьжна тачанкий, хай дIахьажийний?

— ДIа-м хьажийна,— аьлла, жоп делира писаро, куй тIехьа а тоьттуш. Мухха а... шен хеннахь дац-кх хIара. Кеч ца делла а дацара вай...

Станицахой меттахъхьайра, йовхарш еташ, вовшийн хабаршна юкъа а гIерташ, тайп-тайпана аьзнашца цара бохура:

— Иза ду, иза,— шен хеннахь дац.

— ГIуллакхана тIера доху... дIа а, схьа а!

— Дерриге а дIадаьлла!

— ГIалгIазкхий боху дош дисна, кхин хIумма а дац,— аьлла, цIеххьана вистхилира зIок санна ира ма-

ра а болуш волу станицахо. Куй дIа а баькkхина баьшначу коьртах куьг хьаькхна, когаш юккъе шатт кхоьссина, юха а куй дIатиллира цо.

— Ткъа со дукха хенахь дуьйна а хаа гIерташ ву: наказной атаманан бакъо йоцуш, вайна хIунда ца ло вешан станицан махка тIера цхьанхьа даха бакъо?

— Иза ду, иза, — аьлла, тIетайра вуьйш, — гIой хьажал, оцу сохьта гIалгIазкхийчун цIара тIера дIавоккхур ву!

— Оцунна-м язвийр ма вац тIебаьхкинчех ву аьлла дIа?

Атамана куьг ластийра: «Хьо-м вац хьаькамел хьекъале верг?...» — аьлча санна.

МаьIIехула схьаиккхира бере, хаьхкина воьддушехь «ВогIу» аьлла, мохь а тоьхна, массарна а чан хьовзийна, юханехьа хаьхкира цо. ГIалгIазакхий нисбелира, мажош тойира, гIовталш а, чоэш а тодира, куйнаш агIор теттира. Массо а дIатийра.

— Же, лалла пономар, килсе горгале тоха! — элира атамана. — ЧIоггIа, бехха тохийта!

Корта а хьовзийна, сихха когаш бохуш дIаиккхира цхьа станицахо.

— Во-гIуш ву! — —аьлла, шозлагIа бере а схьаиккхира. Кхо говр йоьжна, тIаьхьа ха а долуш йолу пайтон горгали бекарца юьрта чу иккхира. Хьалха хиъна Iечу гIалгIазкхичо правленина юххе кхоччушехь совцийра йохъелла говраш.

Пайтон тIера охьавоьссира лекхачу дегIахь, зоьртала, газанан санна шина декъе екъаелла маж йолуш, сийна чоа дуьйхина, тIетоьхна деший хьаса боккхуш кечдина исхар а долуш болу лекха куй тиллина волу верстина инарла. Юьртахь лоруш волчу гIалгIазкхичо — воккхачу стага аьнгалин бошхепа чохь цунна хьалхадехьира бепиг-гуьйхий, кемсийн чагIаран каддий. Инарло иза схьа а эцна адъютанте дIаделира.

ГIалгIазакххоша маршалла а хаьттина, цхьангге шега а доцуш, цо хаьттира:

— Муха ду кхушара ялтийн хьекъар?

— Вон дац, хьан сийлалла!.. — аьлла, дийкира баккхийчу нехан аьзнаш, — болх далла тIехь бара — дика хилла ялташ!

— Дерриге чудерзийний аша?

— КIа эрина девлла тхо...

Цхьана минотехь тийна дара. Инарла килсехьа дIахьаьжира, ткъа цуьнан дагахь долчух кхеттачу баккхийчу наха оцу сохьта шабар-шибар дира:

— Килсе а доьлху тхо. Цигахь волу мозгIар а дика ву, хьан сийлалла!..

Инарло, бIаьргаш охьа а хьажийна, хьаькамашна тIера бIарг ца боккхуш Iачу атаманна тIе а вирзина хаьттира:

— Леллане а ца лела, хьан сийлалла!— воьхна виснера иза. — Тхуна ца беза жуликаш а, босякаш а...

— Хьехархо мила ву шуна? ГIалгIазкхех вуй?

— Оьрсий ву, хьан сийлалла!.. Муьжгех ву.

— Инарла нахана тIехула дIасахьаьжира.

— Кхузахь-м вац иза?

— Гуш вац, хьан сийлалла!..

— Дийца ца дезарш дуьйцуш бага етташ-м вац хIара?

ХIун ала деза ца хууш, жоп ца луш Iара гIалгIазкхий.

— Муьжгех кхин мила ву кхузахь вехаш?

— Аьчган пхьар а, тукан да — совдегар а ву, хьан сийлалла!.. Станицахошка вон оьгIазе хьаьжира инарла.

— Нагахь керстан динна дуьхьал, вайн дена-пхьачахьана дуьхьал, цунна тешамечу гIалгIазкхашна дуьхьал дийца ца деза хабарш дуьйцуш хазахь,— ншттa маьттаззхой сихонца дIалецнй совцабелаш.

Гулбелларш кхетта кхиина бовлале, жоп дала кхиале, чагIаран кад хьала а айина Колюбякина элира:

— Паччахьаний, керстан динний тIера!

Станицахоша куйнаш дIа а даьхна, уьш шайн къежделлачу, хьаьрсачу, Iаьржачу кортош тIехула дIаса а лестош, лерина нисбелла, команд деш, санна, цхьабосса кхузза маьхьарий туьйхира цара:

— Ура! Ура! Ура! — аьлла.

— Керстан дин дезачу эскарна тIера — Ура!

— Ура! Ура! Ура!

Адъютантана тIевирзира инарла.

— ДIаяздел: «Хьехархо — муьжгех ву», — элира цо меллаша.

Адъютанто, блокнот схьа а яьккхина дIаяздира: «Хьехархочунна тIехь терго латто — дIавакхха веза. Цуьнан метта гIалгIазкхех волу хьехархо вахийта веза».

Станицан атамано а, хьал долуш болчу гIалгIазкха-

ша а «бепиг-туьхин чоме хьажа» чIогIа чукхойккхушехь, инарла дIаваха сихвелира. Луларчу станице цуьнан пайтонна хийцина йожа яийтина кхо говр а лаьттара, кхидIа а иза новкъаваккха кийча дошлойн ха а дара лаьтташ.

— Маршалла хилда, къонахой! — аьлла, цIоцкъама юххе куьг лецира инарло.

— Хьо могуш хилар лаьа тхуна, хьан сийлалла!

— Некъ муха бу? Оьрнаш дуй?

— Данне а дац, хьан...

— Новкъахь йорт етташ лелаш цхьа а вуй?

— Ванне а, вац!..

Кхо говр йоьжначу пайтонна тIе а веана, станицан атамано гIо а деш, тIевелира иза. Кхечу агIора тIе а веана, аьрро агIорхьа охьахиира адъютант.

Инарла кхин а дIавахара. Станицахой дIасабекъабелира.

Тобанах дIа а къаьстина, майданехула раз дIавахара кхоъ воккха гIалгIазкхи.

— Инарла-м ... лела ваьлла, — аьлла, цаI кхечуьнгахьа хьаьжира.

— Цуьнан хIун ду? Инарла ма ву иза! Ерриге областан хьаькам.

— Да-м иштта ма дара иза, делахь а... — зуьйш накъосте хьаьжира гIалгIазкхи.— ДIалаций совцабе, боху. Муьлш? Стенна? Ткъа...

— ТIаккха?

— КIанта яздо Россехара. Цигахь гIуллакхехь ву иза. Цо яздо: муьжгий гIуьттуш бу, уьш дIатеба гIерта, бохуш

— Хезна суна а, — элира шозлагIчо.— ГIала дама дохка вахнера со, ткъа цигахь лелочух кхуьур а вац! Гребенцаша дуьйцура, ламанхой тIелата кечлуш бу, бохуш.

— Баккъалла а бохий ахьа?

— Делора боху!

— Хьажахьа оцу кортош даьшначу гIезалошка! Валол чихири чу гIо вайша цхьа чептар ца хилча къасталур дац хIара гIуллакх.

Станицахой йовхарш етташ, туйнаш кхуьйсуш, куйнаш агIор титтина, цхьанна тIаьххье важа а воьдуш «чохь мала а, арадаккха а духкуш чагIар ду» боху йоза тIеяздина долчу йисттерчу цIа чу бахара.

— Маршалла хуьлда, чагIаран да! ХIан, схьалол ши чептар!

ТIе хIума тасаза йолчу стоьла тIе охьа а хевшина, дIасахьаьвсира гIалгIазкхий: цхьа а вевзаш верг вуй техьа чохь?

— Э-э, кху чохь-м хьаха ву вайн Елизар!..

Паччахьан конвойн хьалхалера шира хорма тIехь а йолуш волу воккха стаг-гIалгIазкхи воллура шен чагIаран стака мелла волуш. Дерриге мелла а ваьлла, балдаш чу а озийна, мотт хьаькхна мекхаш тIера цIен тIадамаш дIадехира цо.

— Елизар, хьо хIунда вацара майданахь?— аьлла, цунна тIебахара станицахой.— Маж-м сийдолуш яра хьан, амма инарлина дуьхьал-м ца веара хьо!

— Ды-ы,— аьлла, аз дахдеш, куьг ластийра Елизара, — ишттанаш байна ца Iа со.

Хьан тIе куьйгаш хIоттийна, ца вешачу кепара станицахошка дIахьаьжира иза.

— Дукха гина! Паччахь вехачу цIеношкахь гIаролле хь лаьтташ...

— Паччахь ша волчоххьий?

— ХIа-а. Тур даькккхина лаьтташ. Ткъа кхузахь хьуна юххешха тIехбуьйлура министраш а, инарлаш, а элий а, стуй а, бIаьргех суйнаш туьйсура!

Даьсса стака дIа а теттина, луьйчуьра сецира Елизар.

— ХIей, хозяин, схьаял кхин цхьа чептар а!— элира чубаьхкинчуша.

ЧагIар духкучо, шиша схьа а эцна, чермин тIус схьа а баькккхина, резинкин йоьхьан цхьа юьхьиг чу а йоьллина, ткъа важа юьхьиг бага а йоьллина, мох чу а озийтина, иза дIа ца бохуьйтуш, чехкка шишанан къамкъаргана чуйоьллира. Шиша сихха цIечу тIуналлех дузадоладелира.

— ДIамалал, Елизар! Дика чагIар ду хьуна!.. Делахь хьуна гина-кх...

— Э-э, — стака дуза а дуьзна, хьала а лаьцна, сецира Елизар:

— Паччахь Николай, — аьлла, дIадолийра цо,— паччахь хилале шен хIинцале веллачу деца цхьаьний Россехула ваьлла лелаш вара. Воккха стаг чIогIа мала лууш вара, ткъа хIара оьгIазе стаг вара. Цкъа марш а оллийна, йоI ялае шена, бохуш, тхо хьийзо велира. Го

баькккхина гонах килсашкахь бетта горгалеш, уггаре везчу, динехь суьпа а волчу вайн паччахьана тIера доIанаш, ткъа хIокхо... Кхузза наьIалт хилда царна массарна а паччахьаш хинболчу церан верасашна.

— Елизар! Ахьа хIун дуьйцу? ХIан? — аьлла, тохавелира станицахойх цаI.— Зуламе хабарш дуьйцуш лела хьо?

— Зуламе хабарш бохург муха ду? Хилларг дуьйцу-кх!

— Дуьххьара хабаршший? ХIан?

— ХIун до цо, мохь хьоькхуш?

— Мохь аса хьоькхур бу хьуна, бу шайтIанан корта! БIаьргаш таIIийна, стоьла тIе а таьIна, оьгIазе Елизаре хьаьжира станицахо.

— Аса хоуьйтур ду хьуна! — аьлла, араиккхира иза, буйнашца кхерам а туьйсуш.

Бухабисинчара чептар парггIат дIамелира Елизараца цхьаьний.

— Витахь иза, — аьлла, куьг ластийра царех цхьаммо. — ОьгIаз ма эха хьо, Елизар. ЧIара а бууш дийцал ахьа: инарла кхуза хIунда веана хаьий хьуна?

— ХIумма а ца хаьа, — олуш бIаьргаш охьахьажийра Елизара.

— Хьуна хаьа, Елизар! Хьуна дерриге хаьа!

— Iехадо-кх, заддийн кIезаша...

— Хьан? Муьлш?

— Инарлаша. Вай.

— ДоттагI! Хезий хьуна? — аьлла, шен накъостехьа дIавирзира станицахо.— Ма ала а элира... Инарлаша Iехабо, хIан?

«ДоттагI» накха хьалха а тоьттуш Елизарна тIевеара, луьста девлла цIоцкъамаш а саттийна, цо элира:

— Э-э! Хьо ван а ву ца догIурш дуьйцуш лелаш! Хьажалахь, ваша! ДIогахь хир ву хьо!

ДIо дIа неIарал дехьа бIаьргаш хьажийра цо.

Елизара станицахочуьнга а хьаьжна элира:

— Нагахь муьжгашна латта оьшуш делахь, тIаккха аса лелориг пайдабоцург дац-кх, ткъа...

— Латтий? Латта муьжгашний? — аьлла, шаьш болчуьра хьалалилхира станицахой.— Уьш вайца хIунда нисбо ахьа? Уьш, вай санна эскарехь гIуллакх деш бу? Шен говр а, шен нуйр а эцна? Дерриге а шен ахчанах! Ткъа дика говр цаэцча — эца-кхи!..

— Ткъа кхо чоа? — цуьнан даша юкъаиккхира шозлагIниг.

— Ткъа кхо гIовтал? Шинна юху эткаш? Той? Мехий?

Куйнаш агIор теттина, Елизарана тIебуьйлабелира станицахой:

— Дайша Кавказ яькхина, ткъа хьо хIинца — хабарш юьйцуш лела!..

— Хьала а гIаьттина, вайн телха а телхаш, аравала дIаволавелира Елизар. НеIсагIи тIе цунна хьалха, лаьтта бухара схьаваьлча санна, дIахIоьттира ши стаг — атаман а, кхунна кхерам туьйсуш хIинцца дIаиккхина вахна волу гIалгIазкхи а.

— Валол, Елизар, правлене!

— Зудчул оьшуш верг! Миччахьа а вогIур ву! — аьлла, жоп луш атамане дIахьаьжира иза. — Суна хIун хир ду! Ма доккха хIума а ду — правлени! Со со ю сайна правлени! Некъ лол?

Иза ураме хьаьдира. Атаман, гIалгIазкхи шеца а волуш, цунна тIаьххье аравелира.

Туьканан да гIапсу тIехьара сехьа а ваьлла, чохь сецначу вехна волчу шинна тIевахара:

— Девлин шу, сийлахьниш?— элира цо хьеставаларан кепаца. ГIалгIазкхий бист ца хуьлуш Iара. ЦаI тентигваьлча санна гIопастана кIел хьоьжуш вара, ткъа важа стоьлах куьг гIортийна, вист ца хуьлуш жоп ца луш Iара.

— ХIан, сийлахьнаш, девлан шу?

— ХIанхIа, ца девли! Ловзарга гIур ду тхо!— аьлла, дIа а хьедеш, йир йолийра хьалхарчо.

Шен куйн дIа а кхоьссина, телха а телхаш, вон аз далош цунна тIаьхьара йир лакха гIоьртира цуьнан накъостий:

«ДIагIур бу! Ткъа ншта-м хьаха бу хIорш ахча схьа а ца луш дIагIур!»— бохург дагадеана туькана да кхин а гергга тIевахара царна:

— ЧагIар дика дарий? Берриге мах кхо сом бен а бац. Ткъа итт чIерах — ах сом.

— ХIун юьйцу цо? Ши сом бен элан ворданан мах бац, ткъа ахьа — чагIаран шина шишанах — кхо сом...

— Ши шиша дац аша мелларг, ткъа йиъ чептар ю. Чийлак ду!..

— Чийлак чагIаррий? — вовшашка хьаьвссинчохь бисира гIалгIазакхий — Делахь дуй баал!

— Бакъ дела ву-кх теш — иштта ма ду иза!

— ДоттагI, оха дийрий чIерий?

— Делора, дийра-кх!..

— Т-фу!

Доьхка дихкинчу гIода юккъе куьг Iоьттина, пхеа соьман кехат схьадаьккхира гIалгIазкхичо, дIа а ца хьожуш, гIапсо тIехьа лаьттачу чагIар духкучуьнга дIакховдийра цо иза.

— Мел догIу хьуна?

— Кхо соммий ах соммий догIу, ца бах аса.

— ДIаэца. Ах сом тIаьхьа дIалур ду аса! Валол, кум!.. Дуккха а ду кхин а гIулакхаш — муьжгашца а, оцу кортош баьшначу шайтIанашца а дан дезаш!.. Даима а тур ира латто деза!

Станица дIатийна яра. Цхьанхьа гIалгIазкхийн мехкарша чIоггIа а, мукъам дика болуш а лоькху эшарш хезара. Суьйре юлуш лаьттара.

## 4

Теркан областан къилба-малхбалехь цкъа а ца хуьлчу тайпана йовха гуьйре яра хIокху шарахьлерниг, ткъа керла шо тIекхаччалц Iа а дара гуьйре санна. Шелонаш хир а йоцуш хетара.

Йоккха йоцчу «Грозный» станицана гонах долу хIаваъ ягоригах дуьзна дара — бензинах а, мехкдаьттанах а. ЦIерпоштан некъашна тIехула хаддаза дIасалелаш дара цистернаш тIаьхьатесна долу ейш.

Депора меллаша ара а баьлла, некъ дIахьаьвззучу тIай тIе а беана, сецира паровоз. Гена доццуш некъа тIехула дIасалелаш хьакхарш хьокхург а, вагонаш вовшахтуьйсург а вара, товарни цIерпошташ йолчохь шаьш болх беш лелачуха.

Хьалхарчу некъа тIехь, нисса перронна дуьхьал, лаьтташ яра эшелон, «Шовзткъа стаг а, барх говр а» аьлла тIеяздинчу вагон чуьра арахьоьжуш бара герзашца кечбелла болу ламанхой. ЦIерпоштана хьалхашхула болчу нах лелачу новкъа дIа а, схьа а оьхуш волавелла лелаш Хьажбекаран кIант — эпсар Анзор а вара, цIерпошта дIаяхкалц кхузахь дежурни волу.

— ХIей, нохчий! — цIерпоштан вагоне дIа а хьожуш,

ламанан нахе мохь туьйира эпсаро. — Кхуза лакхара хьаькам — ннарла вогIур ву. Цунна хьалха шайн сий ма дайалаш! Шаьш тешаме хиларх цуьнан шеко ма хилийталаш!

Леррина ладоьгIуш бара ламанхой. Лакхара хьаькам вогIур ву, ярташкахь баккхийчу нахана хьалха кегий нах санна, була а белла цунна хьалха латта беза уьш. Нагахь воккхачу стага: «Вел дIо стаг!»— алахь, иза вуьйр ву. «Цаl ворхIанна дуьхьал гIо», — аьлча, гIур ву. «Мацалла ле, сагIа ма деха». — аьлча, доьхур дац, ткъа веста а вистина мацалла лийр ву. «ЦIарлахь чим хила, амма вуха ма вала»,—аьлча вуха а вер вац,—вогур ву. Иштта бу нохчий. Церан хьокъехь са хIунда гатдо? Царна шайн гIуллакх дика хаьа.

— Оха хIун дан деза, нагахь кхуза лакхара хьаькам веача?— хаьттира цара. — Вагонашна чохь Iе деза тхо я охьадисса деза?

— Охьадисса! — аса шайга оллушехь чехкка охьа а диссий, йохаллехь хIокху майдана моггIара дIахIитта,— аьлла, перрона хьалхашка дIа пIелг хьажийра эпсаро. — Шайна хьалха иза гучуволлушехь бIаьргаш цунна тIе а берзабай, цуьнга дIахьовса! Цхьана цуьнга хьежа деза! Массо хенахь а, миччахьа иза дIаверзахь а! Кхетий шу?

— ХIунда ца кхета? БухIано санна бIаьргаш детташ дIахьоьжур ду-кх — юьхьа тIе а, букъа тIехьа а, хьийзанда иза шена луучу агIор дIаса!

— ХIан делахь, цкъачунна кечлол: чоэш тодел. Шаьлтанаш дIасалесташ хила ца еза, тарраш а хила догIучу кепехь хила деза.

— Дерриге хила ма дезза хир ду! Дуьххьара лелош дац тарраш а, я шаьлтанаш а! Берахь дуьйна доьлла тхо.

Ламанхоша дукха хан ялале хабарш совцийра, кортош цхьана агIор а хьовзийна, бIаьргаш тIедерзийра цара:

— Иза вуй вогIуш верг?

— ХIанхIа, иза вац. Амма шу декхарийлахь ду иштта хьаькамаш бовза а. Иза жандармийн эпсар ву.

— Джандаррий? Цуьнан керахь хIун гIуллакх ду?

— Иза низам лардеш ву, — леррина жоп делира Анзора. — Хьаькамашна дуьхьал адамашка вонаш ца дийцийтархьама, законашца доцург ца леладайтархьа-

ма, бунташ ца гIиттаяйтархьама. Дукха хан ялале шун керахь а хир ду иштта гIуллакх.

— Ткъа дIораниг мила ву? — эскаран барзакъ дуьйхина вогIу кхо стаг гира ламанхошна. Оцу кхааннех цаI цIерпоштана цIоганехьа дIаволавелира, ткъа важа перрона юккъехь сецира, кхозлагIниг платформа кхачаялалц жандармийн эпсарна тIаьхьахIоьттина вахара.

— Ахьа хIун до? Сацал! — аьлла, мохьтуьйхира эпсаро, платформи тIера некъа тIе охьа чу вуссуш воллу цIерпоштан белхало а гина.

— Со депо воьдуш ву! — элира цо, схьа а воьрзуш.

— Яхийта дIога, ца боху аса!

— Со-х балха ваха везаш ву! — аьлла, дIаволавелира белхало.

Лаьттах ког туьйхира эпсаро.

— Саца, боьха хIума! Жандарм, дIалацал иза!

— ХIей, хIей! — цIерпоштана хьалхахула дIаведира Анзор. — Арадовла!

Ламанхой тIахъаьлла вагонашна чуьра аралилхира, хьалххе дуьйна бIаьргаш дIа къерзош, перронехула дIахIиттира уьш. Эпсар церан бедаре а, герзашка а хьаьжира, ткъа уьш, шаьш бIаьрга гайта гIерташ, шайн хирг деш толуш бара. Цхьамма куй кагбеш кIесаркIог чу тIехьатеттира, вукхо лергашна тIекхаччалц хьовзош мекхаш тодира, ткъа кхечо доьхка тодира. Массаьрга хьаьжна а ваьлла станции неIарехьа Анзор халла дIаверзакхуьуш, неI дIа а еллаелира, станци чуьра араволу инарла Колюбакин гучу а велира. Аьрро куьг туьра тIе а диллина, нийса гIулч йоккхуш инарлина тIевахара Анзор. Цунна ши гIулч гена саца а сецна, гиччога куьг а лоцуш рапорт дина, агIор вухавелира иза. Рапорт дIа а эцна, ламанхошна тIеволавелира Колюбакин.

— Маршалла ду шуьга, лечарчий!

Дуьхьал цхьа а вист ца хилира. «Акха жIаьлеш»— аьлла, инарла кхоккийра.

— ЭхI-хIе,—аьлла, боьхна бисира ламанхой,—вайн эпсаро ца элира вайга вай хIун дан деза, нагахь инарло вайца хабар доладахь.

Беххачу могIара дIахIиттинчу ламанхошка дIахьаьжира инарла: цIийх буьзна тIехевшина баьргаш, оза яхьаш, чукхетта мочхалш, кхес санна ирахIиттина, лергашна тIекхаччалц деха мекхаш... «Ма акхарой а гул-

делла-кх»,— аьлла, дагадеинчу инарлина хьаьжа юккъе шад хIоьттира.

— Доккха сийлахь гIуллакх кхаьчна шуьга!— дIадолийра цо.— Низам ларда доьлху шу. Шу дохуьйтучу меттехь шуна кхача а баор бу, тIе бедар а юхур ю, дика алапа а лур ду. Новкъахь цхьанцце а къамелаш ма делаш, цхьа а шайна тIе ма виталаш,— соцунгIа а хилла, йовхарш а тоьхна, Анзоре хьаьжира инарла:

— Царех цхьанне а оьрсийн мотт хаьий?

— Цхьанне а ала мегар долуш ца хаьа, хьан сийлалла!— элира эпсаро чехкка.

— И бохург хIун ду?

— Хьан сийлалла, со ала гIертарг — цхьанне а ца хаьа бохург ду.

— Цхьанне а бохург хIун ду?

— Хаъане а ца хаьа, хьан сийлалла!

— Хаъане а ца хаьа бохург хIун ду: мотт ца хууш бу уьш?

— Оьрсийн мотт ца хаьа, хьан сийлалла!

— Делахь дика ду: аса бохург гочдел царна...

Юханехьа дIа вирзина ламанхошна тIевахара иза. ЦIоцкъамаш а дуснйна, хьаьжа юккъе шодмаш хIиттийна Iеш бара уьш. Церан бIаьргаш цкъа эпсарна тIера инарлина, тIаккха инарлина тIера эпсарна тIехь совцуш дIасалелаш дара.

— ЛадогIал къонахой!

Вовшашка шабар-шибар дина, мекхаш а хьовзийна, ладогIа кечбелира ламанхой.

— ЛадогIал! Инарло боху, шена шу ма гиннехь, оццу сохьта тийшира ша шу тешаме нах хиларх, аша шайна тIедиллинарг лерина кхочушдийриг хиларх. Далла хастам бу шуна оьрсийн мотт ца хаарна, цхьана харцахьарчу наха цхьацца Iовдала хабарш дийца тарлора шуьга, ткъа шу, шайн дагахь хIума цахиларна царех теша тарлора. Цигахь, боху цо, шу дехаш Iийр ду, шуна тIеюха а, яа а, мала а лур ю, ахча — алапа а лур ду. Шу декхарийлахь ду низам латто. ЦIа юхадаьхкинчу хенахь, боху цо, шуна совгIаташ дийр ду, мидалш лур ю, цхьаболчушна юнкеран чинаш лур ду. И боху инарло.

ЦIеххьана юккъера схьаккхинчу ламанхочо мохь тухуш элира:

— Алал лакхарчу хьаькаме: мидал ца оьшу... Ткъа сан да,— доьхкарх тесна еха, гоьле кхоччуш йихкина

шаьлта а йолуш лаьттачу ламанхочуьнгахьа-воккхачу стагехьа корта а лестош хабар дIадира цо, — сан дас, сан нанас-йоккхачу стага, сан йижарша, аса—оха массара а доьху лаккхарчу хьаькаме сан воккхах волу ваша цIа ваийтар! Каторге вахийтина ву иза! Стенна? Цхьаннe а ца хаьа.

«Иза ду хьуна гIуллакх», — аьлла, нохчий меттахъхьайра. Иштта дехарш дийраш дуккха а хилира, Анзора дийцинарг-м тоххара дицделлера царна. Массанхьара а хезаш дара цара къамкъаргашкахула детта маьхьарий:

— Алал оцу инарле, сан вежарий цIа бахкийта!

— Сан ден ваша а! Шича а!

— Сан ден да а! Шемал хIетта тIом болийначу хенахь вина ву иза!

«Тхан чул вон къам хир а дац-кх, — бохург дагадеана кхохкийра Анзор.— Аса хIун ала деза инарле? Цо-х соьга хоттур ма дуй хIун къамкъаргаш яра цара лейийраш?».

«ХIун хилла?» — хоттуш цунна тIе бIаьргаш къаржийра Колюбякина.

Эпсар оцу сохьта нислуш вулавелира: ша хирг хир шена!

Ламанхой, Хьан сийлалла, дерригенна а реза бу...— «ШайтIано дIабигахьара шаьш-м», — бохург дагахь а долуш, инарла шега хьоьжуш хилар а гина, — хьашт делахь Сибарех даха а реза ду шаьш, боху.

Ткъа цигахь, боху цара, цхьадика тхан йиш-ваша а ду дехаш, сибарех дахийтина...

— Иза дара хIинца даза диснарг! — собар кхачаделира инарлин. — И хIун ду?

Оцу минотехь вокзалан цхьана агIорчу неIарехула ара а бевлла платформина тIевеара кхин цхьа жандарм а. Иза сихха шен эпсарна тIе а веана, цуьнга, лере вахана вистхилира. Ткъа эпсар инарлин адъютантехь дIавирзира. Адъютанто, ла а доьгIна, цIоцкъамаш айина, пIелгашца кочара тапчин чимчаргIа меттахъхьадина, меллаша сий деш цаI элира инарле. Колюбякин макхвелира, Анзоре тIе а кхайкхина, цо элира:

— Ламанхой вагонашна тIеховшабе. ЦIерпошта дIаяххалц, хьо кхузара дIа ма валалахь.

Платформийн йисттехь, Iиндагl санна, гучу а ваьлла, дехьа йисттерчу неIарехула чуиккхира телеграфист Сандро.

— Хlан! Дешал! — аьлла, дlажховдийра цо кехат. Дежурничо катоьхна дlадаьккхира кехат, могlанаш тlехула бlаьргаш хаьхкира цо, юха а юьххьера, хозуьйтуш, дlайийшира цо зlе: «Накъостий, сацаде цlерпоштан некъахула массо а тайпана дlасалеларш. Ростов-Дон, Стачканийн комитет».

Сандро зlе цуьнгара юха схьа а яькккхина, дlанккхира. Дежурничо дlачlегlира цlерпошт арайолийла а, чуйогlийла а, фонарана тlе а вахана, телеграммина тlехь дерг луларчу станце дlа а хаийтина, аравала дагахь дlаволавелира иза. Цунна хьалха лаьтташ жандарм вара.

— Уьдуш стенна лела шу? Мичахь ву начальник?

— Ца хаьа суна.

— Телеграфист?

— Ца хаьа, ца хаьа.

— Хlара хlу ду? Я станцин начальник я телеграфист вац! Ерриге неlарш къевлина ю. Машинист мукъана мичахь ву?

— Суна хаьа ткъа? — аьлла, дарвелла жоп а делла, тlаккха чуьра аравелира дежурни.

Цхьа минот йолучу хенахь платформа яссаелира: инарла а, цуьнца болу эпсарш а, цунна ха деш берш а гlала баха сихбелира. Уьш дlабахарца перрон юха а адамех юьзира: массо а агlор схьагуллуш бара цlерпоштанекъахой — машинисташ, кочегараш, депора берриге белхалой, грузчикаш, хехой. Кхуззахь перронехь митинг дlайолаелира.

Вагонашна чуьра дlа а- хьоьжуш, бlаьргаш детташ lара ламанхой, кест-кеста Анзоре хоттура цара:

— Тхо дlа маца дуьгур ду? Хlунда лаьтта тхо севца? Оьрсий хlунда гулбелла? Маьхьарий стийнан хьокъехь детта цара?

— Иштта дlа детта-кх, — Анзора вагонна юххехьа таьlира,— шу новкъа дохуш.

Амма митинг стамлуш лаьттара. Хьалхахьа таьlна къамел долийра стачканийн комитетан члено:

— Ламанхой! — цlерпоштанна дуьххьал дlахlоьттира иза. — Паччахьан lедало lеха до шу! Оьрсийн белхалой, ахархой гlуьттучуьра сецабайта шу генарчу Россех дахийта лаьа царна!

— Дlадоха! — аьлла, платформи тlеедира жандар-

мийн дийнна тоба. — Дlадоха! Оха эскар кхойкхур ду кхуза!

Митинг дlайоьдуш яра.

— Даха дуьхьало елаш! Ярташка духа цlа гlо! Иза дарца аша гlо дийр ду тхуна, а, шаьш шайна а! — бохуш, къамел дора комитетан члено.

— Цо хlун боху? — хоьттуш, Анзор ца вуьтура ламанхоша.

Цадогlучу дагца велагlоьртира эпсар.

— Э-э! Уьш хlилла долуш бу! — аьлла, эхь а ца хеташ дlахьедира цо цаьрга. — Уьш шух кхаьрдаш буьйлу. Цара боху, шу турпалхойх тера дац! Хlетте а, боху, низам латто баха а гlерта? Уьш-х, боху цара оьрсийн муьжгаша тодакхаш санна хьешна дlабохур бу.

Шаьлтанашна тlе куьйгаш дехкина, цергаш хьакхийра ламанхоша. Бlаьргаш цlарах догуш дара, чохь цхьаммо йогу ало кхарстийча санна. Ткъа кхуззахь дагахь а доцуш цlехьана цlерпоштана кlелхьара схьаккхира цхьа хьакхарш хьокхуш лела белхало. Куйн а боцуш, хьакхарех юьзна бедарш тlехь, жимчу lахаран холхаз санна, хьевзина корта а болуш волчу цо, хьакхар тухурггий, винт хьовзо догlий дlаса а лестош, мохь туьйхира:

— Эпсаро гочдинарг аьшпаш бу шуна!

Цо бохийна буьйцучу нохчийн маттах хуур дара иза, «тати» олучу ламанан жуьгтех вуйла.

— Со вагона кlел вара, суна дерриге хезира. Эхь дайначо бен адамаш lехор дац! Суна хаьа нохчийн мотт!..

— Эскаре кхайкхина! — аьлла, мохь а тоьхна, адамашна юкъаниккхира цаl-м.

— Хlей, нохчий! — элира хьакхарш хьоькхуш лелачо. — Оха, белхалоша — оьрсаший, эрмалоший... кхузахь бусалбанаш а бу — лаьзгий, гlажарий — массо а тайпана халкъ! Оха шуьга боху, шаьш санна иштта къечу нахана ницкъаш бан Россех ма гlахьара. Цара латта доьху, наьlалт хиллачу lедална тlамца дуьхьал буьйлуш бу уьш!

Шена кlелхьара латта дlадоьдуш санна хетара Анзорана. Шина агlор йолчу цlарна юккъе нисвеллера иза: цо lехорна оьгlазбаханчу цlерпошта тlехь болчу нохчашний, тоба тlеттlа алсамйолуш лаьттачу цlерпоштанекъахошний юккъехь. Амма кхечу агlор а дацара

гIуллакх башха даладелла а: инарлин приказаца бегаш лело ца тарлора. Ткъа хIу дан деза, кхузахь вала веза? Я хьаькамийн тешам байа беза, я выговор, я кхин долу, кхин вон таIзар дайта деза?!

ХIанхIа, цунах гIуллакх хир дац, кхано Анзор кIелхьара валалур ву, цуьнан белш тIера корта Iовдал бац! Коьртаниг — хIинца кIелхьара валар, кхераме хилла дIахIуттуш лаьттачу хIокху ловзарна юкъара валар ду!

Платформина тIехь дуккха а болчу жандармех цхьаьнга тIекхайкхира цо.

— Мичхьа ву хьан эпсар?—аьлла, тIечевхира иза.— ГIалица къамел деш ву? Делахь дика ду, ахьа хIун дей: хIоккхаза дIахIотта, иза схьаваллац Iе, цуьнга ала — кхузахь телхина меттиг хилахь сихонца ханйта аьлла инарло, алий. Со дIавоьду. Сан меттина хьайн эпсаре кхузахь дежуралла шена тIеэца ала, со сихха юхавогIур ву! Кхетий хьо?

— Нийса кхета, хьан... снйлалла!..

Корта оллийна, йоьхначу ойланца вокзала чу ваха сихвелира Анзор.

Платформина тIехь «Марсельеза» лакхайолийра.

— Массеран а юкъарчу забастовкехьа, накъостий!— Кортош тIехула хьалаяхара цIен байракх.

— Урамехьа! Уьдуш вовшел хьалха а буьйлуш, вокзалана тIехбевлла цунна хьалххарчу майдана дIахIиттира, цIерпоштнекъахой. Дехьа йисттера могIанаш шарх аьлла агIор дIалилхира: маьIехула тучуелира салтийн рота.

ТIам тIе воьдуш духу барзакъ дуьйхина волчу эпсаро майдане ма кхаьчча салтий совцийра. Митинге ладегIа бевлира салтий, шабар-шибарш деш вовшашка а луьйш.

— Накъостий! Тхайн стачканийн комитетан цIарах Петровск-Грозный-Беслан бохучу берриге некъахула: аса дIакхайкхайо забастовка!.. Ша тайпа хаам хиллац балха дIахуттур вац цхьа цIерпоштнекъахо!

— ДIадаккха паччахьан Iедал! Декъала хуьлда республика!

— Мичахь ву вайн эпсар?— бохуш, меттахъхьен бевлира нохчий. Стенна делахь а дукха хан ю иза воцу!

— ВаллахIа ца хаьа-кх!

— ДIогахь, вокзалал дIанехьа маьхьарий детта! Хезий шуна?

— Хеза... Эхl, мел чlогlа а детта! Дукха халкъ ду маьхьарий детташ. Нохчех цаl охьаннкхира, гонах дlасахьаьжна, куйн охьа а таlийна, цlерпоштан неккъий, бешший майданах дlакъастош йолчу аьчган керта йисте ккаччалц перронехула дlаведира иза.

— Э-э-э! мел дукха адам ду! Герзашца салтий а буйца, — бохуш цецвуьйлура иза.

Кхин цхьа минот яьлча керт дlалаьцна бара нохчий. «Хlара хlу ду? Цlак-цlак-цlак» — бохура цара. Цlехьана уьш чlогlа цец а бохуш белхалойн тобанна юкъалилхира гlалгlазакхий, шодмаш а лестош.

— Дlа-са-доха! — аьлла, цlогlа туьйхира гlалгlазакхийн эпсаро, говр хьалха а тосуш. — Взвод, хьалхахьа!

Гlалгlазакхаша, етта а етташ, майдана дlатеттира адамаш. Кхуззахь цхьанна а дагахь доцуш доцца дийкира гlашлойн эпсаро делла буьйр — цхьамзанаш хьалха а долуш, раз тоьпаш лецна гlалгlазакхашна тlейолаелира гlашлойн рота.

Хьешний, буха тоьхний болчу цlерпоштнекъахойн оцу сохьта дог-ойла айаелира, цара юха хьалаайира цlен байракх. Стомма пен хилла цунна гонах дlахlиттира уьш. Тlулгийн къора йилхира гlалгlазакхашна тlе. Говраш шаьш йолчохь тlаьхьарчу когаш тlехlуьттура, бохург ца дора цара, дlасакхийсалора уьш. Цхьана меттехь лаьттина, урамех цхьанхьахула кlегар бевлира дошлой. Взводах дlа а къаьстина, мох санна гlала дlахьаьхкира цхьана беречо: схьагарехь гlаш-салташца lоттабаларехь хьаькамашкара бакъо еза гlалгlазакхийн эпсарна.

Цецбевлла а, и хlун ду хаьалуш а болу нохчий, кога буьхьар хlуьттуш, дика гархьама цхьана меттера ккечу метте уьдура. Бlаьргашна тlеоьху куйнаш тlехьа а туьттуш, кхин а алсам цецбуьйлуш майданерчу тасадаларе хьоьжура уьш:

«Э-э-э! Тlом, баккъалла а тlом бу-кх!»

Кестта, цецбовлар дlа а даьлла, опланашка бевлира уьш: «Салтий гlалгlазакхашна дуьхьал баха. Цхьамзанаш царна тlехlитти. Хlун хир ду цигахь, нагахь вайн низам латто доьлхучу меттехь, хlара гlалгlазакхий санна вай лелхадахь? Цу тlе цlахь а доцуш, ткъа геннарчу цхьана махкахь! Оцу жуьгтичо эрна далхийна ца хилла вайга!».

— Вайн эпсар мичахь ву? Стенга ваха теша вайн эпсар? Же, дуьлол, хIун ду къастаде вай!

Вагонашна хьалха гулбелира нохчий. Эпсар цхьанхьа а вацара.

— Совцалаш, къонахой! бохуш, кхарна юккъенкхира жима стаг. — Шуна хезарий аса иларле сан вокхах волу ваша каторгера цIаваийтар доьхуш?

— Муха ца хезира, хезира дера-кх! — нохчех цхьаммо куьг айина шен лерг озийра.— Суна хIокху лергаша ца хезира!

— Ткъа жоп хезарий шуна? ХIанхIа, ца хезира: жоп дацара.

Къоначу нохчичо гIийла корта оллийра.

— Стенна оьшу суна церан мидал? Сайн хIумнаш схьаоьцур ю аса, ишттa делахь, цIа тIур ву со!

Катоьхна шен хIуманийн шад схьа а эцна, перроина тIе охьа а иккхина, бIаьрган негIар тухучу ханна, лаьттах воьлча санна, къайлавелира иза. Цунна тIаьххье сихбелира кхиберш а. Ши минот ялале яссаелира цIерпошта. ЦIерпоштана хьалха тесна яй, наб еш санна, хур деш лаьттара. Го баькхкхина гонах тийна дара: хезаш аз а, дIасалелар а дацара. Хи тIехула дехьа тесначу тIай тIехула дIаведира масех стаг, цхьанхьа геннахь дIасалесташ тIера гIа а доьжна Iорадевлла акхтаргаш а дара.

## КОРТА II

### 1

Соьлжа-гIаларчу мехкадаьттан промыслийн белхалойн баракех цхьанна чохь гулвеллера революцин къайлах виъ болхбархо — Дмитрий, Тимофеевич, Щетина, Курганов, векалвина веана волчу накъосто еана йолчу РСДРП-н багахь схьайийцинчу инструкцега хIинцца ладоьгIна бевллера уьш. Вовшашна хетарш а, гIуллакхаш мича хьолехь ду а дийцина, шайга хьоьжуш болчу белхалой болчу бахара уьш. Декъачу Iин чухула котельнина тIех а бевлла, тебаш коьллашна юкъа а бахана, тоххара дуьйна дIакхоьссина лаьттачу тишчу пхьалгIи тIебахара уьш. Цунна гонах лаьтташ бара кхоьлина, оьгIазе, реза боцуш, гIелбелла болу нах. Де а дара кхоьлина, стиглахь кхозуш яра тIеяхкка йохкуш мархаш.

— Накъостий! — аьлла, дош а олуш, дIакхоьссина лаьттачу ширчу ейна тIевелира Дмитрий. Шуна ма хаъара, дирекцис гIуллакххошна совгIаташ делла. Ткъа белхалошна? Шуьга мехкдаьтта доккхуьйту! Иза хьанна доккхуш ду? Цунах хилла пайда кисана хьан буьллу? Миллионераша буьллу! Башхалла а яц хьеначаша бохург: оьрсех, ингалсан, белгийски я кхечех берш хуьлда уьш. Ткъа вайн вежарий оцу вайн хьацар дуучушна боцуш бу. Ткъа аша, накъостий, нагахь буру ца тоьхча? Мехкдаьтта ца даькхина? Шу мастерске ца дахча? ТIаккха хIун хир дара?

— Болх соцур бара, и дара-кх хиндерг. Цхьа а хир вацара шун меттина дIахIотта! Делахь хIета, ерриге промышленность, аша, белхалоша болх барх йозуш юкх! Ткъа шу, гIуллакхан бакъ долу дай, Iеха а до, шун дерг лечкъа а до.

— Ткъа муха хир совгIатех дерг?

— СовгIатех долчунна тIехь тешнабехк бина цара!

Белхалой меттахъхье бевлира.

— Муха бина тешнабехк? Лур ду ма аьллера! Директоро ша а ма аьллера! Директорна тIедаха деза! Дазораш хIунда до? Нагахь дала дуьхьало йинехь, ткъа хIунда йина?

— Даха-м мегар ду, — бIаьргаш лаьтта а хьажош, Дмитрийс элира,— амма аса хьалхха дIа эр ду шьуга: лур дац...

— ХIей, цуьнга-м вай хьовсур ду! Дерриш реза дуй шу цига даха?

— Реза ду!..

Промыслан правленигахьа дIадуьйладелира адамаш. Контора тIехь йолчу гу тIе елира оцу минотехь немцочун-директоран башха кечйина йолу пайтон.

— Маршалла хуьлда, господин директор! — олуш, цунна тIевахара Тимофеевич. Багара луьлла шен стаммийчу пIелгашца дIа а йоккхуш, леррина хьаьжира иза тIевеанчуьнга.

— Господин директор, берриге белхалошна тIера веана со хьуна гIе...

Луьллах кIур а баькхина дIавирзира немцо. Тимофеевич чIогIа левелира:

— Дирекцис схьа хIунда ца делла тхуна тхан совгIаташ?

— А-а, уьшший?

— Уьш. СовгIаташ.

Дирекцис динарг нийса ду. Цунна хетарш ша ду,— немцо шого Тимофеевиче хьаьжира, юха а вирзина аравелира иза, ша араволуш чIогIа неI а тухуш.

Тимофеевич белхалошна тIевахара.

— ХIун хила! — хоьттуш го бира цунна.

— Иштта хили-кх! — элира цо оьгIазе.— Буй а бина кхаа пIелган йиш-маIа етира-кх, хIара оьший, шуна? — аьлла.

— Муха? Мичахь ву директор? Схьавалаве иза кхуза! — бохуш, деттачу маьхьаршца дерриге адамаш конторе хьаьлхира. Амма директор гучу ца волура. ЧIогIа мехала гIуллакх деш мукъа яцара дирекци: забастовка ца хилийтархьама белхалошна шайна юккъехь дов таса деза, ткъа цунна оьшура хIилла, мекарло йолу адамаш, цхьа а гуьнахь доцу IахарийI а хилла баракашна чухула чекхдовлалур долу. Урхалча волу Заводский оцу Iалашонна дика мегар волуш ву. ГIуллакх хIинццехь, сихонца дIадоло деза!

Кхечарна юьстахлаьтташ йолчу, агIор а яьлла Iуьллучу барака чохь вехаш бIе гергга стаг нохчий ву: хехой, ворданашна хьалхахевшина леларш, хьакхарш хьокхуш лела масех белхало а. ХIинца уьш массо а дехачу дечиган гIанташна тIе а хевшина, шуьйра пиджак юьйхина Iечу лекхачу стаге леррина дIа а хьоьжуш, Iеш бара. Леррина цунна барака чу деанера конторера кIеда гIант. Цунна юххе гIанта тIе охьахиира бухIаро куйн тиллина, баьццара оба а юьйхина волу, лохочу дегIара ламанан стаг. Иза меттахъхьайча обанна кIел гора чоий, доьхкий, шаьлтий. Яхк схьа а яьккхина силам санна Iаьржа йолчу можах хьаькхира цо, куьйга иза то а еш. Махьарх дуьзна долу бIаьргаш цкъа нохчашкахьа, бараж юьззина болчу, тIаккха нисвелла, товелла охьахиина Iеш волчу лулахочуьнгахьа хьежабора цо. Иза хьалагIаьттира, куьйгашца стоьла тIе а тевжина, аьлча а стоьла метта дечиган беа кога тIедиллинчу уьн тIе а тевжина, жимма хьалхахьа таIира иза. Оба юьйхина Iеш волчу нохчочо корта хьалаайбира, шен дена тешаме жIаьла санна цуьнан бIаьра а хьаьжна, хьалагIаттира иза:

— ХIей, нохчий! Кхузахь, суна юххехь ву шун урхалча господин Завадский,— элира цо мохь тухуш.

Оцу хьакаме вон хьоьжура белхалой: дегI-м дика долуш ву, ткъа мара — хилла хьормат санна бу-кх.

— Цо дош эр ду шуьга! — бахара кечвеллачу нохчичо. Ткъа иза ваьлча, аса гочдийр ду!

Завадскийс меллаша дуьйцура. Пелгаш лоьцуш, куьг туьйсуш. Веларца тешо гІерташ, тІаккха мохь бетташ, буйн лесторца кхерам туьйсуш. ТІаьххьара а, корта а ластийна, шен лулахочуьнга а хьаьжна, шен дош чекхдалийтира цо:

— ХІара аша сий деш волу стаг ву, массара а лоруш волу молла ву, аса аьлларг дерриге а цо дІаэр ду шуьга.

Нохчий, тІера бедарш эттІий, бехбеллий бара: цхьаберш Іаьнан, важаберш аьхкенан бедарш юьйхина бара, прахь ладоьгІуш Іара уьш. Юьхьа тІехь буьрса бара нохчий.

— ХІей! — аьлла, шен багара чІогІа кІайн цергаш гучуехира моллас. — Дика ладогІалаш, хьаькаман даше догІа хьокъалла ма дарра! Урхалчо элира: «ТІаьххьарчу хенахь промыслашкахь дика доцу адамаш гучудевлла!».

Нохчий хьалхахьа таьІира дика ладогІархьама.

— ЛадогІалаш: ди-ка до-цу адамаш, забастовка йийраш! Уьш уггар боьха... — моллас туй кхоьссира. — уггаре боьха адамаш ду! Уггаре а зуламе адамаш ду. Уьш чІогІа хІилла долуш, иштта мекар адамаш ду, цара хабар долийча, шаьш Іехош хуур а дац шуна, ларлолаш царех! Цаьрца доттагІалла ма хилалаш, ткъа хилахь диканиг хир дац шуна! Ойла ел аша: мехкдаьттана — церан дац, шуна луш долу ахча а цара луш дац. Иза хьан ло шуна? Мехкдаьттанан дас ло. Иза иштта хІунда ду? Иза цуьнан да ву. Лакхарчу хьаькамаша цхьа иза бен ца лору. Диц ма делаш къорІано бохург: «Воккхачо бохург делаш, къорІанан хьехам беш волчуьнга ладогІалаш».

— Са ма гатде ахьа! — аьлла, маьхьарий девлира нохчашкара, — оха-м ха чІогІа дора, цхьа а къу мехкдаьттанан ден хьолана тІекхочур воцуш! Ткъа тхан тхайн-м хІетте а хІумма а дац: я ахча а, я даьхний а! ХІунда Іехадо тхо?

Урхалча хьалагІаьттира. Цунна тІаьххье молла а гІаьттира, и шиъ ший а неІарехьа волавелира.

— Шу — тхуна наггахь бен хуьлуш доцу хьешний ду! — элира ламанхоша, царна бІаьргаш тІаьхьа а хье-

жош. — Охьаховша тхоьца! Тхан шуна хIотто шун а ду! Жижиг-галнаш а кечдийр ду!

Амма молла, куьг а ластийна, урхалчийна тIаьхьахIоьттира.

Эрна конторана хьалха а лаьттина, директорера хIума а ца даьлла, тахханехь гулбала сацийра белхалоша, кхидIа хIун дан деза бохучу хьокъехь цхьаьний ойла а йина барт бархьама. Иза дархьама масех тешаме стаг а тоьхна Тимофеевич кечвира цара, баракашна чухула ларлуш чекх а волуш гулдаларан хьокъехь дIахайта.

Нохчий чохь болчу баракашна тIехволуш сецира Тимофеевич.

— Чу гIой вай! — аьлла, неI схьаозийра цо. Амма неI чухула зайл тесна яра.

— ХIа, дехьа агIор хьовсур вай!

Баракана тIехьа а ваьлла чувеанчу белхалочо элира:

— Цигахьа йолу неI а къевлина ю!..

— ХIей, Ахьмад, дIаеллал! — аьлла, Iуьргехула мохь туьйхира Тимофеевича. ДIаелла неI Ахьмад! ХIара-м со вай!..

— ХIун деза хьуна? — аьлла, аз хезира.

— НеI дIаеллал!

— Елла йиш яц!

— ХIунда! ДIаеллахьа — хьо муха ву!

Барака чу а гулбелла, вовшашка меллаша лен бевлира уьш: дийнан делккъехь кхераме долу адамаш догIур дара техьа кхуза, цу тIе хьаькккхина хехой болчу? Ткъа вайн кхузахь нохчий а бац кIезиг! ТIевеанарг ма ву Тимофеевич, шен наха сий деш волу стаг!

Хехоша дIайллира неI!

— Чу стенна къовладелла шу? — аьлла, велакъежира Тимофеевич, Ахьмад дуьххьалдIа цуьнан бIаьргашна чухьаьжира:

— Мегар дац.

— Чува мегар дац? — Тимофеевич барака чу волавелира, Ахьмад цунна новкъа дIахIоьттира:

— Мегар дац, шу вон нах ду. Тхан къорIано шуьца къамел дар мага ца до тхуна.

— А-а, тхо-м дегбааме нах дац,— аьлла, нохчочунна белш тIе куьг диллира Тимофеевича. Нагахь шу долчу ван мегаш дацахь, вало тхоьца. Тхо а — белхалой, ду шу а ду! Тхан дахар вон ду — шуьнига дац тхайнчул тоьлуш. ХIа! Хезий хьуна? — аьлла, пIелг айира цо.

Орца доккхуш санна гудок йийкира. Кхечухьа а йийкира гудокаш, кхин цхьа минот яьлча угIучу гудокаша хIаваъ декадора.

— Вайга кхойкху цара, — олуш, урамехьа пIелг хьажийра Тимофеевича,— дIога оцу дукъа тIехьа. Доккха хIума хир ду. Дуьло цига!..

— ХIун лаьа цунна!—бохуш, Ахьмадана го бинера нохчаша. Хехочо боккха ког хьалхахьа а баьккхина, шена оьрсийн мотт хаарх дозалла деш, курра элира:

— Белхалоша шайца дуьйла боху вайга. Миччахьа а цхьанхьа дуьйцур ду дерригенан а хьокъехь — вайна а, царна а дика дахар хир ду, бохуш.

— Иштта, иштта ду! Ткъа хIунда ца доьлху? — нохчий баха кечбелира, барак дIа а чIаьгIна, оьрсашна тIаьхьа а хIиттина дIабуьйлабелира уьш.

Промыслийн меттигех цхьана дукъа тIехьа гуллуш бара массанхьара а белхалой. Дукъ хададой дехьа чу а биссина ширчу, дIатесна йолчу гIишлошна юххехь севцира уьш.

— Накъостий! — тIехIотта йиччу меттигана тIе а ваьлла, регIан басошка пIелг хьежош, дийца велира Дмитрий, — хьовсал мел ю цигахь вишканаш, буру туху машинаш, мастерскеш! Уьш ерриге лелораш, цаьрга болх бойтурш шун куьйгаш ду! Нагахь шун куьйгаша оцу ерриге машинашка а белхаш байтахь, ткъа оццу куьйгийн ницкъ кхочур бу-кх хьоладайшна мехкдаьтта даккхар сацо а! Оьшуш дерг шу цунах кхетар ду!

Бодане вишканаш, ехха яккхий туьнкалгаш, ейш, гIекхетта йохку белхалой чохь Iеш йолу баракаш... Ткъа и дерриге адамаш царех дIадихкина ду техьа? Ткъа бакъалла а цхьана ницкъ болчу кхолламо йина кхел ю техьа даима мацалла хьега, цамгарш текха, хеназа къанвала, шен бераш даима а цомгуш, меца, леш го, аьлла?

— Сацор вай болх! — боху аз даьржира ерриге регIан басошкахула.

Кхузахь хаьржира стачкаш яр дIадахьаран комитет. Промыслашкахь болх сецира.

Мехкдаьтта доккхучу промышленностан дайн ойла ян бевлира: цара оцу стачканан комитете шайн векалш бахкийтира хIун хилла, хIун лаьа белхахошна, хаа. Оьрсийн фирманашна тIера тоххарлера урхалча Завадский а, инженер Стружник а вахара. Кхечу мехкахойх — ле-

кха корта а, маж а даьшна волу, цIе бос болу йигалсхо Прекс вахара.

Стружник массарна а тIе бIаьргаш хIиттийна а ваьлла, белш саттийна, тIаккха кхечу мехкахочуьнга хьаьжира: хьовсур вай, царна хIун оьшу?— аьлча санна. Прексаний, Стружниканий юккъехь охьахиира Завадский, тIехьаьжча дерригене а дика ладогIа а, массо а реза болуш гIуллакх дIадерзо а кийча ву эр долуш.

— ХIун дийр ду, — элира стачканийн комитетан членех цхьаммо, — дIадоладе вай!

— Доладе, — элира Стружкина, гоьла тIе ког а боккхуш. — ХIун ду аша лелориг? Со кхеташ вац. Ма дарра аьлча пайда боцург ду-кх: хIан, дIаваькхина иа!. Юха эца а хала ма дац. Дела возлора, со кхеташ-м вац кхунах: стенна тIехула, хьан меттахдаьхна леладо шу? Дитийша иза дерриге а, делан дуьхьа!

— Делахь аса лур ду жоп,— аьлла, кхуьнан даша юкъаиккхира белхалойх цаI.— Кхузахь тхо, белхалой, масех эзар ду, нагахь оьрсийн фирманашкахь санна, кхечу мехкийн фирманашкахь а, промыслашкахь а белхаш беш берш лерина. Иштта хир бу. Муха бехаш бу белхалой! ЖIаьлел а во бехаш бу: масех эзар стагана лазартне-м мухххале а яцара, ткъа ур-атталла лоьраллин гIо хила меттиг а яц. Лей дIавала, тхуна бен а дац, бохург ду-кх! Тхан берашна школа яц — стенна оьшу, боху, уьш Iамо!

Завадскийс белш саттийра, я цецваьлла делахь а, я реза воцуш делахь а, юьхь чIичкъашка а яхийтина Прексегий, Стружникей хьаьжира иза, цаьргара гIо лоьхуш санна.

— Тхуна кхузахь ур-атталла мала хи а дац,— бохуш, къамел дора белхалочо,— ткъа тхо ду адамаш?—уьшал чуьра мала а мегар ду, бохург ду-кх. Иштта ду иза!

— Аса доьху хайтар: хIун лаьа шун комитетана?— хаттарца юкъаховаькхира иза Стружника.

— Эр ду! — элира аз лакхадоккхуш Щетина. Цкъа делахь, тхуна ца «лаьа», ткъа оха лоьху. Лоьху оха хIара.

Щетинас, хьала а гIаьттина, кехат дIадаржийра:

— Хьалхарниг — бархI сохьтан белхан де... Завод ский Прексе бIагIар хьаьжира, ткъа Прекс, хIара хIун ду ца хууш, Стружнике хьаьжира.

— ШозлагIниг — стачканаш ян бакъо...

Щетинас дIайнйшира белхан алапа лакхадаккхаран хьокъехь а, дIабаьхна болу белхалой юха дIахIитторан хьокъехь а, чохь Iеран хьелаш тодаран хьокъехь а йолу меттигаш. Прекса Стружнике дийхира ингалсан маттахь гочдахьара шена цара бохург, аьлла.

Гочдечо дуьйцучуьнга ла а дугIуш, сих ца луш, томка чохь долу гIутакх схьа а даьккхина, меллаша луьлла юьзира ингалсхочо, пIелгаца томка чу а теIош, иза лата а йина, ша кхета, аьлла, Стружнике корта ластийра цо. ТIаккха масех дош цо ша а элира.

— Мистера Прекса боху,— аьлла, дIадолийра цуьнан дешнаш юханехьа гочдеш волчу Стружника,— Европехь культурана уггаре лакхаваьлла волу белхало—ингалсан белахо ву — ткъа цьунан а дац бархI сохьтан белхан де. Иза кхузахь муха хIотталур ду?

Белхалой шаьш бол-болчуьра хьалалилхира.

— Цхьанхьа цаI хир ду бохуш Iерах гIуллакх хир дац! Оха тхаьш ларйийр ю тхешан белхалойн бакъо!

Щетинан вон хьежар гина, Стружник дIавирзира Прексе хьажархьама, оццу минотехь корехула цунна гира шаьш долчу хаьххина богIу гIалгIазакхийн дошлой.

— Нагахь кхузахь ямартло а, тешнабехк а белахь,— олуш киснара тапча схьаяьккхира Дмитрийс,— тIаккха уггаре хьалха оха шун декъий эгор ду! ХIокху минотехь дIахайта хаа деззачу, гIалгIазакхий буха берзабе алий!

Фирманийн векалш гонах дIасахьаьвсира. Дмитрийна тIаьххье тапчанаш хьалаехира стачканан комитетан кхечу членаша а. Завадский мажвеллера, телефонна тIекхийтира иза:—Округан начальник лол суна! Округан начальник! Ваш! ДIалол цуьнга трубка! Мехкдаьттан тIера Завадский ву хьоьга луьйриг. ГIуллакх чIогIа сиха ду. Ду-те. Господин полковник, хьо, вуй иза? Кхузахь комитет... муха олура цунах... забастовкийн... аьлча а, бехк ма билла... стачканийн... ю тхоьца кхеташо еш. Ю, ю-те.., хIанхIа, ю-те, мистер Прекс а ву кхузахь! Iаламат нийса ду! Ду-те Кхеташо еш ду... Ца оьшшучу меттехь гIалгIазакхий!.. Ишта ду, ишта... Кхетий хьо? Ишта, ишта... чIогIа дика хир ду!

Завадскийс трубка дIаоьллира.

— Господаш,— аьлла, дIахьедира цо гулбеллачушка,— хIинцца кхуза кхочур ву Теркан областан начальник инарла Колюбякин. Ткъа гIалгIазакхийн хьокъехь округан начальнико, охI мел хьекъал долуш стаг ву-кх

иза, элира: «Аса буьйр дина уьш цига бахкийта а, хIинца уьш юхабаха а эр ду аса».

Мехдаьтта доккхучу регIан басенашкахь а, чукхеттачу меттигашкахь а дIанисбелира гIалгIазакхий а, салтий а. Забастовка дIахьош яра: электростанцеш болх бечуьра севццера, Iа луш долу ейш догучуьра севцинера, вишканаша мехкдаьтта ца доккхуш, промыслаш елча санна яра.

Веана Колюбякин сецначу цIеношна хьалха гулбелира белхалой.

Шена тIаьхьа а, гонах а дикка шел лахара хьаькамаш а, мехкдаьттанан дай а, церан директорш а болуш, цIа чуьра ара а ваьлла, тIе-кIел динчу цIенойн ученна лакхарчу тIегIана тIе дIахIоьттира инарла. Шуьйра когаш дIа а тесна, белхалошка а хьаьжна, царех цхьанна тIе пIелг хьажийра цо.

— Муьлхачу тубернера ву хьо?

Белхало цIийвелира, цхьана кога тIера вукха кога тIе а вазлуш, ша муха олу ца хууш мохь тоьхна элира цо:

— Пензенскера ву!

— Ткъа хьо? — хаьттира инарло кхечуьнга.

— Орловскера...

— А-а-а! Лубны. Кацапаш! «Сигаьрка узий ахьа?»— Узу!—«Маво! Тваво! Чаво? Ничаво!».

Инарло, вела а велла тIетуьйхира:—Бевза суна орловцаш! Ворхl чаккхарма гона стигал къовкъарна тIаьхьа идда уьш.

Колюбякин даима а вара могIарера халкъ шена довзарх дозалла деш, «оьрсийн муьжгашна веза со» — бохуш, тешо гIертара иза.

Адъютант цергаш гойтуш къежаш Iара, амма кхузахь нисвелла, вусавелла дIахIоьттира иза — бегаш бечохь дацара, го баькхина схьахьоьжуш буьрса адамаш хилча. Инарло цIеххьана цIоцкъамаш саттийра.

— Ткъа дIораниг хIун деш лаьтта суна тIе бIаьргаш къарзийна?

Белхалой дIасахьаьвзира: мила? мичахьа?

— ДIо Iаьржа куйн берг — иза мичара ваьлла?

— Иза эвлара веана ву, — аьлла жоп делира белхалойх цхьаммо.

— Нохчо ву иза?

— Хила мега...

Инарла юха а вирзина, хIокху гIуллакхах ца кхеташ директоршка хьаьжира: «Маца дуьйна бу ламанан нах промыслашкахь болх беш?» Шен хьаькамана дагахь долчух кхеттачу адъютанто оцу сохьта дIаяздира, «ламанхой балха тIе ма оьцийла», и дешнаш тIехь долу кехат директорех цхьаьнга дIаделира цо. Оцо иза, деша а дешна, кхечу директоре дIаделира.

Белхалойх цхьаммо нохчочуьнга бIаьрг таIийра:

— ХIан, Ахьмад, хьан зурма а лекхна ели!

Ахьмад балдаш саттийна, шеташ кхоьссина, тобанна юкъара дIавелира: «Ма чIогIа кхоьрура со хьан инарлех!» — аьлла.

Колюбякинан хьажар лекхачу, безамехьа волчу Тимофеевичана тIехь сецира:

— Белхалоша болх хIунда сацийна?

— Забастовка йина цара, — элира цо стоммачу озаца.

— Ткъа хIунда до аша бастовать?

Белхалой герга хилира. Массо а агIора хьоькху маьхьарий хезара:

— Дахар вон ду тхан! Тхо адамаш ца лору! Стачканаш ян паргIато хилар лоьху оха! Собранеш ян паргIато! Хьалхара май даздар лоьху оха!

— Э-э, иза шайн кортош чуьра дIакхосса аша, — аьлла, оьгIазе, цуьнан дош хаднйра Колюбякина. — ХIара шуна Франци яц, ткъа Россн ю! Далла хастам а бу Франци йоцуш!

— Ткъа Францехь, алал, вон м ца беха белхалой!..

— Сацийта! — аьлла, коr туьйхира инарло. Цхьа акхараллин ойла яра цуьнан юьхьа тIехьаьжча гуш. — Со дийна мел ву, аса хIара мундир мел лело, — аса делаца дуй боу шуна, — аса эхь хуьлуьйтур дац сайх тешна йолчу областехь.

Цо чехка охьабахийтира пIелг, цхьа миллион ах миллионний адамаш шена чохь дехаш йолу область шен когашна кIел Iуьллуш йолуш санна.

Директорех цхьаммо, инарлина гIе а веана, меллаша цаI-м элира. Инарло, ла а доьгIна, чоьийн чета куьг дилина, эскаре буьйр деш санна, элира:

— Дика ду, аса дуьйцур ду шун дайшца. Кхана делкъал тIаьхьа шн сахьт даьллачу ханна тешаме векалш бахкийта гIала. Мехкдаьттанан дай схьа а гулбина дуьйцур ду вай.

ТІаккха вела а къежна, цавашарца тІетуьйхира цо:
— Съезд гулйнйр ю вай.

Малх схьакхетарца Дмитрийс схьанйцира белхалойн лехамийн программа, хьарча а йина аьчган гІутакх чу йиллира цо иза, тІаккха стачканийн комитетан кхечу членашца цхьаьний гІала вахара иза. Шина сохьтан некъ муха бели а ца хууш чекхбелира: чІарх аьлла, шайн лехамаш муха Іалашба беза бохург а дуьйцуш боьлхура уьш.

Кхеташо чохь гуллун йолчу «Шпис» конторан цІа чу бевлира хІорш меллаша таьІна, «баьццарчу» стоьлана гена охьахевшира уьш. Дмитрий йистехьо пенаца охьахиира, цуьнан соне кехаташ чохь долу уггаре деза лоруш долу гІутакх дІа а хІоттош.

Кхин масех минот яьлча гучубевлира Іедалан векалш а, промыслийн дай а. Дехачу стоьла тІе неІарехьа вирзина охьахиира инарла Колюбякин, цунна юххе — округан начальник полковник Стефановский, кхин дІанехьа шина а агІор охьахевшира адъютанташ а, ша тайпа гІуллакхаш кхочушдеш болу чиновникаш а, мехкдаьттанан промыслийн дай а.

— Забастовка дага хІунда еана шуна, тентаке кортош? — олуш, гулам дІабиллира инарло.—Тонйта! Дан тарлург дийр ду оха. Со а шуьгахьа гІо доккхуш хир ву. Амма цкъа хьалха шайн кортошкара Іовдалалла дІакхосса!

— Ахьа гІайгІа бийр бу бохучух ца теша тхо,— элира Дмитрийс хьала а айавелла. Накъостий къайллах дІахьаьвсира цуьнга: «Далла бу хаста — вайна массарна а тІера цо жоп делла».

— ХІун? — цІогІа делира инарлера. Оццу хенахь Дмитрий охьатаьІира, шен хормехь эккхачу бомбех тера долу аьчган гІутакх схьаэца.—«Бомбий!—мажвелира Колюбякин.— Хьажал гІуллакх муха ду! Зуламхой бомбанца бу! Ткъа сан Іовдала тентакаша лергаш охкийна чекхбовлийтина уьш! ТІеговжа стаг вац-кх!».

Кхеташо дІа а чІаьгІна дІавахар — доккха эхь хир ду. «Бомба а керахь и чІарх аьлла волу белхало лаца а я кхузахь цунна дегІах хьажа а таро яцара: хьанна хаьа, и тайпа совгІаташ кхечу векалшкахь дуй а? Нагахь цаьргахь ерш бомбанаш яцахь, — дан ца догІу таІзар дича гІуллакх кхин а талхо тарло, цунах доккха дов хир ду. Иза мегар дац. Амма охьа а хиъна, хІинц-

цехь хIаваэ ирх воьду хьо, бохуш Iен а мегар дац! Дийцарш дерзо гIоьртира Колюбякин, хабарш ца дийцийтира цо, леррина Iалашо йолуш масех минотехь чуьрчийн низам дохийра цо. Массо а маьхьарий детташ бара, цхьа а цхьангге а ладугIуш вацара: бIегIийла болу мур тIекхаьчнера.

— ХIа-хIа, господаш, хIа-хIа, — хьалагIаьттира инарла. — Иштта далур дац къамелаш! Белхалойн векалш са метта а баьхкина, сих ца луш цара дийцарш дахь, тIаккха къамелаш дийр ду вай. Ткъа хIинца аса дIачIогIу кхеташо!

Колюбякин сихха аравелира. Цунна тIаьххье вуьш а дIабахара. Стоьла тIехь шиъ-кхоъ пормышленник висира.

— ДIа ма гIолаш! — элира цара, белхалой дIабаха тохалуш буйла гинчу. — ХIетте а дуьйцур вай. Уггаре а хьалха: муха бу шун лехамаш?

— Оха уьш цкъа, цкъа бийцина ца Iа,— элира белхалоша могIаршкара схьа, — нагахь оха хьалхара дош оллушехь тхан батт юкъуш хилча, — оха кхузахь дан хIумма а дац! Дуьло, накъостий!

Промышленнико бат саттийна: «Хьай-ба наш! — элира.

## 2

Промыслаш ларъяр чIагIдархьама Кубанера кхин цхьа рота пластунаш бахкийтира. Боьхначу промыслийн дайн «дог-ойла айа» Колюбякин ша а веара промыслийн участкашка юха.

Белхалойн забастовка дIахьош яра, хIетте а шайн хьашташ ларда веанчу инарлин а, эпсарийн а сийина доккха той хIотто кечлуш бара промыслийн дай.

Белхалойн баракашна юххехула дIакхоьхьуш гора уьстагIийн чархаш, дийнна гIезаш, москалш, котамаш. Яьшканашна чохь дIакхоьхьура стоьмаш а, чагIар а. Шийлачу ураман ченалахь уьдуш лела бераш, ловзучуьра а совций, куьйгаш букъа тIехьа дохкий, цецдовлий оцу дерригене хьоьжуш лаьттара.

Той ден суьйре тIекхечира. Ехачу уггаре езачу, дешн диллинчу пхьегIашца кечйинчу стоьла хьалха хевшина бара мехкдаьттанан промышленникаш. Тхьамдалла хиъна вара дийнан турпалхо а, промыслийн дайн гIор-

тор а волу инарла Колюбякин а, Грозненски округан начальник — полковник Стефановский а, ший а парадни мундираш юьйхина, ерриге а орденаш оьхкина вара. Стоьлана гонах гIовгIа йоцуш хьийзаш бара кIайн каранаш доьхкина болу, гIалара балийна ялхой, цара яхIума хьалха а юьллура, шишанаш дIа а доьллура кIайчу йовлакхашца схьа а оьцуш шишанаш чуьра чагIар а дуттура.

Инарло доккха хабар дуьйцуш кад айбира, промыслийн дай цхьаннах тешо а гIерташ, цхьана хIуманна чIагIонаш а еш. Цо дийцарехь, цо уггаре йоццучу хенахь дерриге тIе-кIел тухур ду, тахана забастовка еш а, буьнташ гIиттош а болу белхалой кхин цхьа-ши кIира даьлча «дела ларвелахь паччахь» боху йир лоькхуш шаьш паччахьний, даймахканий муьгIахь хилар дIаханйта гIур бу.

Цуьнан къамел чекхдолуш «ура» бохура, гимн а лекхира. Цунна дуьхьал шаьш динчу къамелашкахь промышленникаша баркалла бохура инарлина, цуьнан доьналлех, иза, хIуъа а далур долуш хиларх цецбуьйлуш, дег тIе буйнаш бетташ цара тIелацамаш бора паччахьан, даймехкан дуьхьа цо къахьегарехь шайн агIор цунна массо а тайпана гIо дан.

Той чекхдаллац ца Iийра инарла. ЧIогIа лерина хила гIерташ, боккха гIайгIа бечу кепара цо бохура «гIуллакхо тIедожочу декхаро лоьху», кестта гIала дIавахара иза. Цунна тIаьххье дIабахара берриг эпсарш а, эскаран хьаькамаш а. Буха бисира цхьа тоI вовшахтоьхнарш, чохь юург-мерг хьалха юьллуш гIуллакх деш берш дIа а бахийтина, сакъера хевшира уьш шаьш.

Оцу сарахь гуламера бараке цIа вогIуш вара Тимофеевич а, Щетина а.

— Юучуьнца муха ду? — хаьттира Щетинас, сацкъаран тачанехула новкъа хат болчу шуьйра когаш а бохуш. Тимофеевича куьг ластийра: даа м хIинца хIумма а дац, амма ваьш бохург хиллалц забастовка сацор-м яц.

Некъ дIахьаьвззучохь царна дуьхьал Iоттавелира Ахьмад: шен декъаза бахам юккъехь болу шед ги а боьллина вогIура нохчо.

— Хьо стенга воьду? — аьлла, сацийра цара иза.

— Кончал! — элира, бIаьргаш бетташ Ахьмада. — Начальник всех чечен гонял — тьфуй!

Конторан агIор туьйнаш а кхоьссина, суьйренан боданехь къайлавелира иза.

Вуно сирла чиркхаш догучу хьолахойн цIеношна юхкхехула волуш Тимофеевич а, Щетина а ларамаза сецира: керта тIехьа а хевшина цхьа муьлххха а елахь а йир лоькхуш Iара пластунаш.

— Той деш бу!— аьлла, серло схьакхетачу коре корта тесира Щетинас.

— Цу юкъа а вахана инарлица хабар дийца дезара! Вай санна хьал доцу адамаш ца деза царна, кхоьру уьш: революци ю бохуш, ткъа вайшиъ-м дика мегар вара! ХIа! — Пиджакан тIемаш дIа а тосуш, хаьн тIе куьйгаш хIоттийна тIеваха кечвелира Щетина.

Пластунаш ира хьаьвсира тIебаьхкинчушка.

— ДIавалахьа, битахь уьш! — аьлла, пхьарс лаьцна Щетина дIаозийра Тимофеевича.

Пластунаш хьала а гIевттина, куйнаш тIехьа а саттийна, гергахьа тIебаьхкира.

— Шуна хIун оьшу!

— Тхуна, — дIадолийра Щетинас—инарлина дийца лаьара тхайн белхалойн хьаштийн хьокъехь. Тхешан къаьхьачу дахаран хьокъехь.

Пластунаш кхин а гергахьо тIехилира. Царех цаI гуттар юххе веара цкъа цхьана агIор, тIаккха хьалхашха белхалошка а хьоьжуш, къаьсттина Щетине.

— ЛадогIал, хьо — Щетина вуй? — хаьттира цо тIаьххьара а халла.

— Иза ву-кх со.

— Аьчган пхьаррий?

— Аьчган пхьар я кхин пхьар, хьуна луъург ву-кх!

— Тю-ю! Сайниг карий суна! — аьлла, шена юххерчу пластунна муьшка Iоьттира цо: — Кубанехь ленаш тухуш вара хIара!

Юха а пхьерана тIевирзира, шуьйрра велаваларца цергаш гойтуш.

— Могуш лелалда хьо, ваша! Кхузахь хIун деш ву хьо, Щетина?

— Дагахь доцуш хиллачу цхьаьнакхетаро мелла а вохийна, цецваьккхина волчу аьчган пхьеран гиччошкара пхенаш — дусаделира, бIаьргаш луьстта негIарш летта белира: гIуллакх-м, схьахетарехь, лартIа догIуш ду. Иза хазахетта пластунна велавелира иза, шен куьг дIа а кховдош:

— Адамаша олуш ма дуй, лам лемах ца кхетта, ткъа...

— Стагах стаг кхетта гуттар а, — аьлла, вела а луш, тIетуьйхира пластуно.

— Бакъ ду иза,— тIечIагIдира кхечу салташа а.

Щетина а, Тимофеевич а, кертал дехьа валийтира цара, амма инарла волчу и шиъ вахийта дуьхьало йира: гIароллехь бу уьш.

Цхьана меттехь вина волчу шинна оцу сохьта хабар доладелира. Воккхавеш къамеле велира Щетина, салташка «паччахьан гIуллакхан» халонийн хьокъехь хоьттура цо, царех къахеташ корта а лестош. Кхин мелла а хан яьлча цо меллаша Тимофеевичана муьшка а еш, шен махкахошка хаьттира «ара ваха» меттиг мичхьа ю кхузахь, аьлла. Оцу цIенойн маьIIехула дIавахча ю, аьлла гайтира цара.

— Вало соьца, Тимофеевич, — иштта шех шек хуьлийла йоцуш, бен а доцуш элира Щетинас, — хIун хаьа со цаI туьлий а?

ДоттагIий цIенойн маьIIехула тIехьа бевлира. Керта юккъехьа Iаьржа гуш яра йоккха гIишло. Амма кхузахь, аьтто агIор, вуно юххехь, дIайиллина лаьттачу жимчу, цIеношна чуьра «къайлаха» аравала йина йолчу неIарехула гора серлонан готта аса. Лаьхьано пхьид санна оцу серлоно тIенйзавора Щетина: цу чуваха дагадеара цунна.

— Собарде, саца, мегарвоцург! — сагатделира Тимофеевичан. — Стенга воьду хьо?

Амма хIинца тIаьхьа дара: неI дIа а йиллина, ламеш тIехула хьалавала волавелира Щетина. Тимофеевич цунна тIаьхьахIоьттира.

Зала чохь паргIат шайна ма хетта самукъадолуш той дIахьош бара. Той «политически» маьIнен дара, цундела кхузахь зударий бацара. Кху чохь болчуша шайна тIера фракаш а, смокингаш а дIа а яьхна гIанташна тIе дIаоьхкинера, екъа жилеташ юьйхина Iеш бара уьш. ЧагIаро меттанаш даьстинера церан, директорш а, хьоладай а чIогIа буьйлуш бара, багара цигаьрканийн боккха кIур дIа а оьхуьйтуш, лечкъа а ца деш шайна хетарш а дуьйцуш.

Цехкхьана гIовгIа елира, юхатеттинчу гIентийн тата делира, лаамаза куьйга кIел нисъеллачу пхьегIийн зов делира, цхьаннан сохьтан стомма зIе а тасаелла цо

стоьла тIера шаршо охьаозийра, ткъа шаршо схьа а хилла тIехь мел йолу еза пхьегIаш лаьтта эгний, вовшах стталушший кегъелира. Стоьла гонах той деш хилларш чIогIа боьхна неIаре хьаьлхира.

Оцу дерригенна а бехке вара, пластун дагахь хIумма а доцуш, царна гIуллакх дархьама чекхвалийтина волу Тимофеевич а, Щетина а. Яьссачу чоьнашкахула чекхваьлла, «господаш» болчу шаьшшиъ кхаьчча, шаьшшиъ цIеххьана гучуваьлча дерриге а и цIа Iункур хIуттур ду бохург, дагахь а дацара цу шинна. Цу шинна дагахь а дацара оццу сарахь «муха кхаьчна ца хууш цIа чу кхаьчначу шина террористан хьокъехь, уьш оцу минотехь шаьш дан дагалаьцначу зуламна тIаьхьабисаний ма хиъанехь, хIунда аьлча областан начальника, округан начальник а гIала дIавахана хиларна къайлаваьллачу шина зуламхочун хьокъехь» болу къайлах хаам хьокъаьлла боллучу уггаре лакхарчу хьаькамашка дIабохуьйтург хилар. Ши доттагI гуттар сингаттаме хир вара, нагахь царна хьалххе хууш делхьара шаьш самукъане дийцар дIадийцинчул тIаьхьа стачканийн комитетан кхечу членаша оцу гIуллакхана шаьш чIогIа реза ца хилар гучудоккхур дуйла, ткъа Дмитрийс цара «шайн лаамехь» динчунна чIогIа дов дийр дуйла хиича. ХIумма а дацара и лелийнарш кегийнаш белхьара! И мега доцург лелийнарш зеделларг долуш долу, тешаме ду бохуш долу адамаш ду — уггаре кхерамечу хенахь, цхьацца шаша а воккхуш белхалошна таIзар дан, уьш бохийна дIабаха гIертачу хенахь, уьш шаьш бахана зIуганийн бена чу! Стенна?! Цаьрца цхьа мотт лахий? Моьттур дац уьш кегийра бераш ду?

Амма хIинца Тимофеевич агIочашкахула дIа а хьаьжна, ладогIа велира: хезаш аз дацара, дерриге а цIа чохь берш белча санна. ПIелг ластийна Щетине схьа а кхайкхина, цуьнца цхьаьнний дIа чувахара иза, чуьра дезчу чагIарийн, стоьмийн, кхийолчу цергех хиш оьхуьйтуш болчу мерзачу кхачанийн хаза хьожа йогIура.

— Хьажал, муха беха хIорш, нехан хьацарш муьйлурш! Хьаха яц дукха къахьегна яьккхина-м! — элира, буьрса юьхь йина Тимофеевича, ткъа Щетинас буйнаш ластийра, чуха хьарчош воллуш санна.

— Аса царна хIара!.. Охьур бара кх!

— Тоьур ду, валол: хьан инарла вац кхузахь, ткъа

хIинца кхузахь доккха худар хир ду, шена юкъара схьа а валалур воцуш, — аьлла, сихвелира воккха стаг.

Пластунашна тIе а веана, балха ваха «сихвелира» ши доттагI, Щетинас юха а вирзина кубанера волчунна тIе а веана цунна кера гой долчуьра деана шиша кховдийра. «Цигахь неIарехь Iуьллуш дара иза», — элира по цуьнга куьг а ластош. Цо шиша къамкъарг лаьцна схьа а эцна, лаьттах тоьхна тIус дIабаьккхира, тIаккха цкъа хьалаайина ах дIа а мелла, корта а хьовзийна, самукъадаларца элира:

— ХIара чIагIар инарлийн зударша муьлуш хила тарлуш ду, дуй? — аьлла, накъосте дIакховдийра цо, ткъа оцо иза дасса а дира, ша цхьа доккха хIума дича санна массаьрга дIа а хьаьжира иза. Кертал ара урамехьа а ваьлла, бодашкахь къайлавелира Тимофеевич а Щетина а.

## 3

Соьлжа-гIалин урамашкахула дIасалелаш дара эскаран дакъош. Тобанаш йина гулбелла бахархой дIасалоьхкуш белхалой бехачу меттигашкахула, лелаш полицейскеш а бара. Низам лардаре а, са пагIат хиларе а кхойкхура Iедало, амма и са пагIат хилар вуно сингаттаме дара.

Промышленникаша белхалошца юха а дийцарш долийра. Кхолладелла хьал дийцаре а дина, мехкдаьттанан промыслашкарчу стачканийн комитето сацамбира хIинца а кхеташоне дахка.

Колюбякин вацара. Цхьа округан начальник — Стефановскийн веанера. Белхалойн векалша шега делла долу кохат дIа а даржийна, юьхь хабийра цо.

— Юха а кIайчу стагIанан хьокъехь туьйра ду хIара. Юха а бархI сохьтан белхан де! КIорда а муха ца дер! — цо къолам хьаькхна дIаяьккхира и меттиг. — ХIун? Хьалхара май даздай? И дара хIинца оьшург! — и меттиг а дIаяйира цо.

Белхалой кхуззахь хьала а гIевттина, хIуьттаренна цаI санна ша берш арабевлира.

— Кхин цкъа а тхан кор богIур бац кхуза! — аьлла, дIахьедира цара, неIсагIи гIехь.

Уьш кхеташонехь болчу хенахь промыслашкахь кехаташ дара уьш дIалето меттиг йолчохь массанхьа а дIа-

летийна: цIенойн, баракийн пенашна тIехь, бIогIамашна, неIаршна тIехь.

«Белхалойн доьзалшка мацалла хьоьгуьйтуш йолу забастовкаш яр дуззина нийса доцийла´а хиъна, забастовкийн комитето промышленникийн кхеташонехь промыслийн дайшка дIахьедина болх буха дIаболо шаьш резахилар...».

«Хекъале, нийса сацамбарна Теркан областан начальникоо, дошлойн инарло Колюбакина баркалла аьлла...».

Кехаташ летийначу тобанаш еш гуллора белхалой.

— Иза маца хилла?— оьгIазъоьхура уьш.— Иза-х тешнабехк бу! Хьан елла царна бакъо? И гайтам ма ца беллера царна!

Оцу хеннахь бухабогIуш бара, кхеташо дIа а кхоьсина арабевлла болу белхалойн векалш.

«ХIун хилла цигахь?» — аьлла, цецвелира гулбеллачу нахана тIе а вогIуш Дмитрий.

Векалш тIекхаьчча цаьрга бист ца хилира белхалой. Цара сетто цIоцкъамаш, церан оьгIазе кхохкийна яхьаш, чIогIа доьIу са гира Дмитрийна. ДIатоьхначу кехате хьаьжира иза.

— ЭхI, шу гавурш! — оьгIазвахарца чIичкъашка вахара иза. — Иза ду-кх аша лелориг! Тешнабехк бан, ямартлонаш лело гIертий шу?

Буйнаш бина, гIалехьа дIа а вирзина: — Шуна моьттург цкъа а хир дац! — аьлла, мохь туьйхира цо.

— Гавурш! Яккхий тIингарш ерш! — гIуллакхах кхеттачу массара а маьхьарий туьйхира. — Гавурш! Зуламхой! Тешнабехк!

Хьоладайший, эскаран хьаькамаший керла бинчу тешнабехкан хьокъехь болу хаам, мохан хIо санна, чехка баьржира промыслийн массо а декъашкахь. Массо а агIор гуллуш бара белхалой. Уьш хIинца цхьа бацара— царна тIаьхьа сихбелла богIура церан зударий а, уьдуш догIуш бераш а дара. РегIан басошкахь декаш дара дуккха а гулделлачу адамийн гIовгIанан тайп-тайпана аьзнаш, тобанаш йина гIалехь а дуьйладелира адамаш.

Юха а. Юха къарлур доцуш долу, ойлане долу, дотагIаллех дуьзна, самукъане эшарш лоькхуш долу адамаш, юха а белхалойн коьртехь куьйгалла деш болчийн керахь цIен байракх — гIала кхачалахьара уьш! Заводашка, цIерпоштнекъан мастерскешка кхачалахьара

уьш! Цигахь накъостий, цаI санна, царех дIакхетар бара! ДIакхачалахьара!..Амма гIала 15 чаккхарма гена, ю, ткъа бина некъ йиъ чаккхармий бен бац. Совцал! Дуьхьал богIу го хьалха тоьпан цхьамзанаш лецна богIу гIашлойн салтий. Юха а, изза «юха а».

Амма коьртехь берш а, партин членаш а юха ца боьрзуш хьалхахьа дIабоьлху. ТIехьарнаш а царна тIаьхьа буьйлало.

— Степан! Степан! — бохуш, юккъера охьаиккхира цхьа зуда.

— Вася! Миша! — бохуш, кхиберш гучубуьйлура.

— Цхьамзанаш ца го хьуна! Хьан цIахь бераш ду, Степан!

— ЦIа яхийта! — аьлла, геннара жоп ло хезира.

— Тоьпаш еттар ю! Хьайх ца хетахь а тхо-х мукъа на къахетахьа!

Лоькхучу эшаршний, адамийн гIовгIанний тIекхийтира зударийн цIийзар. Наношна тIаьхьа цIийза дуьйладелира бераш.

Иштта дуьхь-дуьхьал кхийтира уьш! МостагIий бу уьш! Дера бац. Церан даймохк цаI бу дахаран дакъа цаI ду, цхьа ойланаш ю. Салтий шайн хан яькхина бевлчхьана — уьш а бу-кх и нах саннарш, цхьаберш латта аха ярташка гIур бу, и лаьттан жима кусок ю церан доьзална, рицкъ латто дезаш ерг, цо кхаба беза церан доьзал а, дедай а, денанай а, кегийра бераш а, церан цхьаберш хIинца хIорш санна белхалой хилла дIагIур бу, изза бала хьега, кхара санна шайн бакъонашкахьа, баьпган кусокехьа, лаьтта тIехь долчу шайн дахаран декъехьа къийсам латтор бу цара а. ДIога лаьтта хьаьрса маж а йолуш тIаьхьалоне ваькхина волу цхьа салти — оза ахархо, терра Щетинанан да ву-кх иза тIехьаьжча.

Аьчган пхьеран дегехь лазар иккхира. Хьалхахьа гIулч яькхина, коьртара куй а баькхина, куьг а айина:

— Вежарий!— аьлла, къамел долийра цо, амма хIумма а кхин ала ца луш висира. ГIорасиз охьадаьхьира цо куьг — пхи пунт йозалла йолуш йолу еза терканаш пхьалгIахь нйина долу куьг.

Маж йолу салти леррина цкъа Щетинега, тIаккха Тимофеевиче, тIаккха шайн нанойн кучамех тасаделла дохкучу, дилхинчу берашка хьоьжуш лаьттира. ЦIехьана доккха са а даьккхина, луьстта бIаьргаш тоьхна:

— Ванах хIара хIун ду, сан вежарий! — аьлла, собар кхачийна мохьтуьйхира цо, коьрта тIехула хьала а айина агIорхьа кхоьссина, дIаяхийтира цо шен топ. Цунна тIаьххье шайн тоьпаш дIакхийсира кхечуша а. Салтех цхьаммо тоьпан цхьамза лаьттах а бахийтина, белхалошкахьа куьг ластийна, мохь туьйхира:

— Цкъа схьа мукъане лацийтахьа цIен байракх!..

ГIашлой дIасахилира, демонстранташ парггIат чекх а бовлуьйтуш. Эпсаро сихха дIа а хIоттийна казарме дIайигира шен рота, шен чинна а, шен декхаршна а, эскаран хьаькамашна а наьIалт а кхайкхош.

Сихха некъа тIе озийра гIалгIазакхийн сотня, дошлойн полицин а. Колонна сецира, цхьа коьртехь долу дакъа дахара хьалхахьа дIа. Царна дуьхьал ведира пурстоп, шеца кхоъ дошло а волуш, хьалхарчу могIаршка дIа а нисвелла, Дмитрийн керара схьаяккха гIерташ, ка тоьхна байракхан гIаж охьалецира цо.

— Духа ма довлалаш, кIентий! — аьлла, мохь туьйхира Дмитриис, цхьамза санна байракхан гIаж а Iуьттуш, берриге ницкъаца пурстоьпан юьхьа тIетуьйхира цо иза.

Пурстоп нуьйра тIера лестира, оцу сохьта иза схьа а лаьцна сиха шайн отрядана тIебахара важа дошлой. Старшинас команда дар шена тIе а эцна, коьллаш юккъехьа дIабигира шен нах. Полицеша говрашкара охьа а биссина, белхалошкахьа ерзийна кхузза тоьпаш туьйхира.

ТIаьхьайисна йолу белхалойн колонна шена коьртехь хиллачу декъана тIекхача сихъелира, амма полицийн гIалгIазакхийн керлачу отрядаша го а бина, тоьпаш йиттира цунна.

Щетинас ведда хьалха а иккхина, шен коьртара куйн охьакхоьссира. Цуьнан коьрта тIера месаш ловзаевлира, бIаьргаш Iаламат чIогIа къаьрзинера, балдаш дакъа а делла лилхинера.

— Сацийта! Хьанна етта аша! — Ша шена дег тIе буй беттара цо. — Тоьпаш хьанна ег...

Цхьаммо дIатеттина моьттур дара иза. Ка тоьхна шен чож схьалецира цо, оцу сохьта цуьнан куьйга тIехула цIийн Iовраш хьаьвдира. Амма иза вуха а хьала нисвелира.

— ХIан дIаэца шайна! — шен некхера коч ятIийра

цо. — Мала шайна белхалойн цIий, хIай паччахьан жIаьлеш!

— Дархой схьалехьабе! — бохуш, байракх лестайора Дмитрийс, букарвоьлла, ницкъ ма кхоччу охьа ца вужуш когаш тIехь латта тIерташ.

— Хьуна чов хилла, Дмитрий? — олуш, цунна тIехьаьдира Тимофеевич.

— Вита со! Чехка гIо гергарчу юьрта! Деха нохчашка вайна герз.

## 4

Соьлжа-гIалахь демонстраци хилале хьалхха Органан йистонца богIучу готтачу новкъа богIура нохчий. Ло а догIуш буьрса, кхоьлина, шийла Iаьнан де дара. Шайна тIетаьIначу дукъачу дохкана юкъара геннахь гуш цхьа лаьмнийн баххьаш бен дацара. Кхекхийн йоца кетаршший, вертанашший дуьйхина догIу адамаш гIийла дара, дист ца хуьлура уьш, иштта вогIучунна къаьсттина сагатдеш дара, вордано цIийзаш санна гIовгIа яр.

— ХIей! — хезара тIаьхьарчу ворданна тIера. Кхакханан куйна кIелхьахула схьахьоьжура цхьа Iаьржо юьхь-сибат долу стаг. — ХIей, схьаволахьа кхуза!

Хьалхарчу вордана гIера нохчо, хьалхарчу вордан тIера охьа а иккхина, тIаьхьарчу вордана тIехь хиъна Iеш волчу воккхачу стагана тIевеара.

— Хьуна-м ца хета,— хаьттира цо,— таханлера де селханчух, ткъа селханлерниг цул хьалха дIадаханчу денойх тера дац аьлла? Хьуна гирий гIалахь вайга муха хьоьжура?

Хабар сацийна, вордана тIера лаьтта туй кхоьссира цо. Хьалхарчу вордана тIера веанчо, ойла а йина, жоп делира.

— Нийса боху ахьа! Вон хьоьжура уьш вайга!

Шен вордана тIаьхьа а кхиина, цигахь накъосташца цхьаьний охьа а хиина, мукъам бахбеш гIийлачу озапа илли долийра цо, вукхара тIаьхьара а олуш:

Чехкачу Органо хи бухахь херцо тIулгаш санна,
Иштта, оплапаша некхехь дог бухдоху сан...
Ва-а ва-вай, некхехь дог лозу сан,
Тулгlепаш гIовгIанца шуьйрачу хIордах дIакхета,
Уьш санна сан са а пагIате дIагIерта,
Массарна а пагIато а, лаам а болчу,
Ва-а ва-ваи, ирс хин долчу гIерта!..

Меллаша говрана сара а ластийна, ойлане велира нохчо.

«ХIуа хилла а цаI хила доллу. Бакъду, хила тарло. Воккхачу стага эрна бохуш дац, гIала хийцаелла! Э-э, дикане дог дохур вай».

Оза говраш халла юьрта кхечира. Лам тIера схьахьоькхуш мох бара, догучу матардоьллачу, чанан кхеллийн хьожа йогIуш болу кIар дIаса а баржош. Стигал а екхна дIахIоьттира.

Юьртара гома урамаш адамех дуьзира. Нах керта юххе гуллора, воккханиг охьахаъалц ирахь лаьттара уьш. ТIаккха берриге а божарий а меллаша, кетаршший, чоьэшший шайна кIел а нийзош, дахкаделлачу дукъо тIе охьахевшира. Зударий кертан йистана тIетевжина Iара: хаа ма деза, мила хьаьнца хиъна ву, а шайн мароша хьаьнца хIун дуьйцу а. Ткъа марош, бист ца хуьлуш, баккхийчушка ладоьгIуш Iара. ГIалара керла хаамаш муха бу а хиъна, уьш бийцаре а бина, тIех вол-волучуьнга а хьуьйсуш хевшина Iеш бара уьш.

— ЭхIе-хIе! Маса шо дара хьо газа! — цецбевлла хьоьжура уьш тIехволуш воллучуьнга. — Марша вогIийла хьо! Дала мичара валий хьо? Схьа тIевола!..

— Маршалла хуьлда! — олуш, кхарна тIевеара месала куй тиллина, верта а кхоьллина волу стаг. — Могуш-пагIат дуй шу?

— Могуш-пагIат ду. Ткъо хьо лийлин могуш!..

— Далла бу хастам — со а могуш ву. Тхайн юьртара гIала воьдуш ву со.

— Ткъа мичахула лелаш вара хьо? Мичахьара веана хьо!

— Мичахьара, хоьттий аша? — цаьрга а хьаьжна, куьг ластийра цо: — Японера... Цигахь вохаш вара со хIетахь...

— Японерий?.. ТIам тIе вахарх вара хьо?.. ХIетахь дуьйний?

— ЦIак-цIак-цIак! Йийсарехь хилла хьо?

Юьртахой цецбевлла хьуьйсура: японан бедарех хIума дуй техьа цунна тIехь бохуш.

— ХIей, къонахой, тIех ма довла! — бохуш, сецабора цара кхиберш. Хьовсал — вайн стаг Японера веана ву.

ТIехбуьйлучуша кортош схьа а хьовзадой, цецбовларна цIоцкъамаш сеттадора, куйнаш тIехьа а тоттий

уьш а хабарна тIебоьрзура. ЦIавеанчун дийцаре ладоьгIначо, дан хIума дацарна урс схьа а доккхий гIаж цIанйора, тIера чкъор дIадоккхуш, керлачу дийцаршка ла а доьгIуш.

— Э-э!.. Салам ду хьоьга, хастам а хуьлда! Могушпаргlат вуй хьо? ХIун ги хьуна? ХIун халкъ ду япон? Хьакхарчий юий цигахь?..

— ВаллахIи ца хаьа. КIайчу Iевнан худар а, чIара а боура аса. ОххIай, дукха доура чIерий!.. Цхьа Iийна, Iийна, тIаккха дагадеана зуда а ялийра аса..

— Зуда ялийра? Собар делахь, ткъа церан бусалбан дин дуй?

Японин йийсархо хиллачо вон юьхь саттийра, цергашкахула туй кхоьссина, жоп делира цо:

— ВаллахIи-биллахIи дац-кх! Церан дела шайтIа ду-кх!

— Оь-оь!.. Ма дийцалахь!

— Ца теший шу?.. БиллахIи-таллахIи ду-кх шайтIа-м!

— ЦIак-цIак-цIак! Хьажахьа ма бу японаш? Зуда мичхьа ю хьан?

— Зудий? — кхин а гамзараелира цуьнан юьхь. Шайтlа ду-кх, зуда аьлча а! Со иза ялоза волчу хенахь нисъелла яра иза: кIайн юьхь-сибат долуш, кIайн цергаш йолуш. Ткъа аса яла ма йиннехь оцу сохьта цергаш Iаржъелла дIахIиттира цуьнан. ЭхIе-хIе, аьлла ойла йира аса,— вада веза! Муха водур вац. Вайн мотт ца хеза, уьстагIий дац гуш, я чоа а, я шаьлта а яц, топ, говр а яц!

— Иза ахьа нийса боху! Ткъа хьо кера муха вахара.

Ламанан стаг цIийвелира: йийсар вайтина кера вахар нохчочунна эхь ду. Iаьржа томмагI дужу цуьнан дерриге тайпанна тIе. Амма иза осалчех вац: иза иштта дуьххьалдIа кера вуьгур вацара!

— Накъост кIелхьараваккха гIерташ кхоъ тоьхна охьавиллира аса, суна а чевнаш йира. Иштта вахара-кх со кера,—корта а хьовзийна тIетуьйхира цо,—кхел ю-кх! ТIаккха хIордан берда йисте эхавелира со, дуккхаза а ихира со. Стенга гIур ву? Го баьккхина гонах хи ду. Ткъа гурахь тIом чекхбаьлча тхо цIа дига долийра. Со а дIаязвелира, ткъа зудчо бохура со а йогIур ю хьоьца! Тьфу! Зуда мича яра, шайтIа дара-кх! Мича мегар дара

иза яло?.. Со меллаша дIавахара, «аса хьо а дIаязъяйтина», цуьнга а аьлла. Далла бу хастам, со ккхузахь волчу!

— ЦIак-цIак-цIак! Ма дуьне гина хьуна!

— Ткъа ккхузахь юьртахь шун хIун ду?

— Тхан а ду цхьацца хабарш: вай ккхузара дIалахка лууш бу, боху.

— Мича?

— Лаьмнашка.

— Оь!..

— Ккхин цхьа хабар а ду, оьрсийн совдегарш вайчушна реза бац, ткъа вайниш — царна, бохуш.

— ХIанхIа, иза ншттa дац,— даша юкъа иккхира йиш хаьлла волу цаI.— аса айса болх бина Хьамзат волчохь.

— Мила Хьамзат волчохь?

— Гома бат ерг, туька ерг

— А-а! Вевза! Ткъа хIун ду?

— Ткъа цо бохура, гIалахь вайн совдегарш оьрсел дулха бу. ТIе вайниш царел хьал долуш а бу: шайна даккхий цIенош а дина, гуьканаш а йина цара, боккха, мах лело лаьа царна! Вайн совдегарш оьрсийн совдегарех ккхоьруш бац, хIунда аьлча эвлашкара богIучу наха вайчаьргарий бен оьцур яц хIума.

Юххехула тIехвелира белш тIе ккоьллина верта а долуш ккхин цхьа нохчо.

— Схьа тIевола, охьахаа тхоьца! — аьлла, сацийра иза охьахевшина Iечара, дукъо тIехь дIа а хуьлуш.

— Ассалам- Iалайкум, къонахой! — олуш, массаьрга а куьг кховдийра цо.

— Ва-Iалай-кум салам! — жоп делира цунна. — Урс, хьо ву иза! Дукха хан юй хьо шайн юьрта вирзина? Мичара веа хьо?

— Со оьрсийн махкара веана. Далла бу хастам, шен хеннахь цIа ккхечи со,— аьлла, доккха са даьккхира цо.

— ХIун хабар деа ахьа!

— Го баьккхина гонах буьнташ ю,— корта ластийра Урса.

— Буьттий? — го бора цунна. — ХIунда ю церан бунт? Цигахь бехаш берш х оьрсий бу. Ткъа оьрсаша йо ткъа шайн хьаькамашна дуьхьал буьнташ?

— ЭхIе! Ладогlалаш! Цигахь ха деш дара тхо. Цхьана дикачу дийнахь, дийнна уьстагI бинна тхо пархIат са-

долуш Iеш, мила-хIун ду а ца хууш буьнташ лилхира оьрсийн ярташкахь. ХIун дийр дара ткъа, уьш совцо дийзира: шодмаш етташ, маьхьарца, тарраш хьийзош. Ткъа уьш сецош долчу хенахь цара цхьа вайн стаг вийра. ЦIе Бахьа яра цуьнан, дала гечдойла цунна!..

— Баккъалла а вийра? — нохчий шаьш болччохь тохабелира.

— Дела къорIанора, дуй боу аса — аьчган шода Iоьттина м вийра.

— Эй-я-яй! Цигахь виса а виси иза?

— Дала ларвойла! Аса валий иза. Ши де ду иза кхузахь дIавоьллина...

— Иэ-яй... Цунна ялсамане карийна...

— Ялсамане карийна,— элира цунах тешна волчу дийцархочо, ялсамане чохь ша хилча санна, иза цу чохь шена гича санна. Шега ладоьгIуш берш оьгIазбахна Iар гинчу кхо оцу сохьта элира:

— Шек дIа ма довла шу, къонахой, иза вер аса декхна шуна: Бахьа вийнарг буьйсанна чу а ваьлла, шаьлтанца вийра аса.

Дийцархочо шуьйра еха шаьлта схьа а яьккхина иза хIаваэхула хьовзийра: ша иза муха вер гойтуш.

— ХIай, баркалла хьуна! — элира ладоьгIучара. — Хьо а гIур ву ялсамана! Ткъа хьо муха нисвелла цига, оьрсийн махка.

— Муха нисвеллера,— кхуза цхьа стаг веара. Адамаш а гулдина цо хаьттира: «Хьанна лаьа дуккха а ахча даккха?» — Ткъа хьанна луур дацара ахча даккха? Оха хаьттира: хIун дан деза «ха дан деза,— элира цо,— хьал долуш волчу стеган цIа ларда деза. Цуьнан латта а ларда деза».

— Хьал долчу стеган? — хаттар деш даша юкъа иккхира нохчо. — Вайн Хьажбекаррий, Бакаррий я Хьамзаттий санна волчу ишттачуьнан? Вайчаша-м цхьа а ма ца лоцу шаьш ларда! ХIанхIа ишттаниг хилла дац! Цхьанне ша ца гайтархьама къуьша буьйсанна лечкъайо хIуманаш. Цигахь дуккха а курхалла дийраш а, къуй а хир бу?

— Вайн Тепсаркъа саннарш, бахий ахьа,— аьлла, велавелира Мурал. — Буьйсанна ши сту а, дика етт а балийна цо!

— Иштта, къонахой, цIай латтий ларда дуьгура. ХIун дийр ду, болх хала бац,— боху ойла а йина, галма-

жалла деш волчуьнгахула хаьттира аса: оцу генна ваха цхьанна кхераме дуй техьа? Дуккха а вовшахкетта даха мегар дарий теша? «Иза кхин а дика ду»,— боху жоп делира цо. Иштта дIадигира тхо цIерпоштан некъахула. Дехха ихира тхо. ПхоьалгIачу дийнахь бен дIа ца кхечира. Керта-кевнан уггаре йистера цIа къастийра тхуна. Дийна боллушехь уьстагI белира.

— Ткъа муха ду цигахь уьстагIий? Вайн дерш санна дуй?

— Дац. Вайчийн дуьмеш кхозуш ду, ткъа церачийн, жIаьлийн санна, цIогарчий деха ду. Делора ду-кх! Тхуна дийнна уьстагI лора, хIунда аьлча оха аьллера: оха жижиг дуур ду нагахь уьстагI оха тхаьш урс хьаькхна бехь — тхайн куьйгашца, бусалбан динехь...

— Нийса аьлла... ТIаккха?

— Ткъа иштта дехаш дара тхо. ХIара ду ала деш хIума а дацара, ткъа ахчанаш тхуна лора. Тхайн бахаман да тхуна бIаьрга а ца вайра. Цуьнан меттина тхоьца дуьйцуш кхин вара.

— ДIа Iийра дара-кх цигахь кхидIа а!

— Iе таро яцара: ерриге оьрсийн эвлаш араевлира — хьокхий а, шедарчий а, шайн кера йоггIург кхиерг а керахь. Буьйлабелла тхан доккхачу цIа тIе баьккира уьш. Тхан бахаман да дIалечкъира, ткъа оха бунт гIаттийначушна етта йолийра. Царех цхьамма суна тапча туьйхира, амма дала къинхетам бина, ца кхеташ тIехъелира. «А, аса йийр ю хьан болх» — аьлла, дагадеара суна. Шаьлта а яьккхина цунна тIехьаьдира со. Цо юха а йолуьйтуш тапча кхоьссира — юха а суна ца кхийтира. Со тIехьаьдира цунна шаьлта тоха дагахь: иза дакъа санна маж а велла, са а ца доIуш Iара. Ца вийра аса иза, вайнехан Iедал ма ду шена хьалха кхеравелла осалалла гайтинарг къа а хетий вуьтуш. Кхин цхьа де даьлча кхин а доьхнарг хилира: бунт гIаттийначара тхан хозяйнан дерриге латта аьхнера. Доцца аьлча, ша шайтIа а кхетар дацара цигахь долчух! Далла хастам бу, халла девлира тхо цу юкъара.

Дийцархо хьалагIаьттира, куьйга тIедоьжна чамхалг дIа а кхоьссина, дегI дегийра цо тохалуш, вертана кIел долу герзаш а декош.

— Шу долчохь хIун ду? — хаьттира цо шен рогIехь.— ХIун хабарш ду?

ГІаж цІанйина а ваьлла, шаьлта батта йоьллира Ахьмада.

— Со вара промыслашкахь болх беш,— аьлла, дІадолийра цо. — Тхуна тІевиллинчу хьаькамо со дІаваькхира: нохчий ца оьшу, аьлла. ЦІа веара со. Дукха хан йоцуш цкъа ши оьрсий веара со волчу. «Буьйса яккха мегар дацара? — хаьттира цара. — ХІунда мегар дац? Мегар ду,— элира аса. Иштта ледовларца къамел тасадолира тхан, тІаккха цІеххьана цара дийхира соьга: нагахь шаьш хаттахь ма дийцахьара, аьлла. ЧІогІа дийхира. ХІун дийр ду, буьйса яьккхира цара сан цІахь. Сатоссушехь хьала а гІевттина дІабахара уьш. Делкъана ламаз дечу хенахь юьртдас Хьажбекара ша волчу кхайкхира соьга. Со вахара. Белш тІехь погонаш йолуш волу ши стаг вара чохь. — Стенна кхайкхинера аша? — хаьттира, аса. «Хьо волчохь цхьа а вуй?» — ЖІаьла доцург цхьа а вац. «Ган а ца гина?» — бохуш. — Луларчу юьртара молла воцург-м ца гина тахана Іуьйранна. — Цара куьг ластийра, со ара а ваьлла цІа вахара. Муха мегар ду хьан хІусамах тешна хьо волчу баьхкина нах дІабала?.. Аса шаьш новкъа бохуш оцу шина оьрсийчо соьга элира: «Баркалла хуьлда хьуна, гІуллакх ди ахьа тхуна. Тхо белхалой ду. Тхуна дуьхьал ма довлалаш, хьаькамашка ла ма дегІалаш».

— Ткъа ахьа?

— Асий? Аса царна оьрсийн маттахь жоп делира: «Када твой дела плохой, ходи мой дом: наша не трогай твоя». — Кураллица дІаса а хьаьжна, ша аьлларг нохчийн матте даьккхира цо.

— Дика аьлла! — тодира нохчаша.

— Ткъа вайн луларчу юьртахь хиллера пурстоп а, цуьнан тІоьнча а. Цигахь шайн кад а молуш, цара дийцира, гІалгІазакхий вайна тІелата кечлуш бу...

— Муха, муха? — гонах берш меттахъхьайра. — ГІалгІазакхий? Пурстоьно аьлла иштта!

Куьйгаш оцу сохьта шаьлташна тІедахара. Царна тІелатий?

Хьажбекар эвлахь вуй? — боху аз хезира некъа тІера охьа. Царна тІехваьлла говрахь воьдуш вара Бакар. ХІинца гІалахь а махлелор дІадолийна а, кхин а тІех хьал долуш хилла дІахІоьттина а волу туьйканхо тІехволуш берриге а хьалагІевттира, масех стага цхьа босса жоп делира:

— ЦIахь ву! ЦIахь ву!

Мурада цунна тIаьхьа мохь туьйхира:

— Цкъа со волчу ерзаехьа!! Уьстагl а буьйр бу! — Ткъа ша-м иза ойлаеш вара: — «Цкъа а буьйр бацара аса иза ишттачу сутарчунна!».

## 5

Буьйса Iаржъелира. Дитташ вовшашна дикка герга хилча санна, цIенош а тохарчул вовшашна дикка юх-юххе даьхкича санна хетара. Божарий дIасабаржа буьйлабелира: цхьаберш ураман маьIIехула дIабирзира, цхьаберш, керта тIехула дехьа а бевлла дIабахара, ткъа важаберш, шуьйрачу урамехула дуьххьал дIабахара, паргIат, сиха боцуш, вовшашца къамелаш а деш.

— Суьйре дика хуьлда! Масех стаг дIахIоьттина лаьттачу лулахойн керта йистехьа веара божарех цхьа стаг. — Хезний шуна? Хьажбекар волчу веана боху вокхха хьаша — Бакар.

— Бакъду, вайн берриге а хьоладай цига дIагулбелла м бу.

Кортош а охкийна, бист ца хуьлуш Iара нохчий: цаьрга-м, хьаха, кхойкхур дац, уьш дац царна диэза тайпа олхазарш! ХIоккхуза лаьтташ ву Жабраил а, ТIатIаш а, Джо а, БатIал а... Джон коьртахь лоха месала куй бу. Цуьнан Iаьржа лергина йоца маж а ю. Хьаж хебаршка дахана ду, иро юьхь а ю. Массарна а евза цуьнан амал: оьшуш доцчохь шен майралла ца гойту цо, кIадда а боцчунна тIе ца кхийсало иза; стагана гIо дан даима а кийча ву иза, ткъа ша стагана гIуллакх дарх цкъа а куралла ца йо цо. Ша дийр ду аьлла тIелаьцнарг даима а кхочушдо цо, амма нагахь цунна дан лууш доцург цуьнга дайта стаг а вац! Иштачушка кхойкху Хьажбекар волчу?

— ХIун ду диканиг? Керла хIун ду? — хоьттура тIеаначо.

— ХIоккхуьнга — элира, Джона тIе корга а тосуш, БатIала,— совдегар волчу гIахьара бохура оха. ТIедиллина товар деха.

— Дика гIуллакх ду, баккъалла а дика.

— Муха дац! Мухха а тIеюха хIума а хиръяра-кх, ткъа гой хьуна тхо муха лела!— олуш, хIара ша шега а, шен пакъосташка а хьажира.

Джос мекхаш хьовзийна, Iаьржачу цIоцкъамашна тIе куйн охьа а теттина, доьххарх кхозу шаьлта а тойина, леррина массаьрга а хьаьжна элира:

— Со цаI гIур ву Хьажбекар волчу, ткъа шу кхузахь совца,— цкъа сихха волалуш, тIаккха соцуш: хIун ала деза? Муха ала деза? ГIуллакх-м хьаха дац аттачех, бохуш воьдура иза.

Юьртда волчохь чай молуш бара. ГIалара керла хабарш дуьйцуш Бакар а вара, хIусамдай, кхиболу хьешший — Хьамзаттий, ТугIанний, моллий леррина ладоьгIуш бара. Джос, чу а веана, салам делира. Халла цуна жоп а делла, хьешаша шайн къамел дIадехьира.

— Оьрсий буьнташ гIиттош бу. Ткъа вайн хIун бала бу? — аьлла, хьоршам туьйхира Хьажбекара.

Ког хьалха а тесна, пена юххехь лаьтташ вара Джо. Цхьаммо а ца элира цуьнга охьахаа. Доккха са а даькхина, меллаша, амма сацам боллуш цо элира:

— Тайп-тайпанчу нехан тайп-тайпана ойланаш хуьлу. ГIуллакхаш а хуьлу церан тайп-тайпана.

Хьамзата резавоцуш куьг тесира: хьовсийша иза а гIертийца цаI дийца! — бохург дара иза. Амма Джос ког дIа а тесна, къамел дIадолийра:

— Хьажбекар волчохь тахана веана воккха хьаша ву аьлла хезнера тхуна. — Джо купеце дIахьаьжира. — Наха хьоьга цхьа дехар дар дилланера суна тIе...

Шен рогIехь купец а хьаьжира кхуьнга дIа.

— Со веана хьоьга тхайн юкъара дехар дIахьеда,— аьлла, чекхдалийгира Джос.

Хьамзата юха а куьг тесира. Джон дог чIогIа деттадаладелира, ойланаш херца евлира. Цкъа-шозза са а даьIна, сацамболлуш дIадолийра цо:

— Массеран а цхьа доккха дехар ду тхан. Хьо волчу ван дуьхьало ян сан таро яцара: эхь догIур дара суна а, сан доьзална а тIе. Доккха дехар ду тхайнна. Хьо — бакъ волу бусалба а ву, ахьа ла а дугIур ду, тхан дехар кхочуш а дийр ду. ХIара ду-кх тхан гIуллакх: дага догIий хьуна, дукха хан йоцуш вайга деана вон — вайн адамаш леш хилла? Иза дара... ванах иза нисса маца дара? Цхьа шо? Кхин а сов? Дагадогlий хьуна? — Хьажбекарехьа дIавирзира иза. Вукхо корта таIийра.

— ХIан делахь, Хьажбекарна а дагадогIу. Иза-м юьртда вуй, цунна хаьа мила велла а, муха, маца велла

а, маса стаг велла а. Дlогахь,— корехула ара пlелг хьажийра цо,— дийнна ах урамера адамаш делира.

Берриге а бист ца хуьлуш lара. Соцангlа а хилла, ца кхеташ гонах болчушка меллаша дlахьаьжира Джо: ванах кхарех цхьанне а дага ца догlу техьа иза? Купец, кlеззиг воьхна волуш, бошхепе хьоьжуш вара, тоьлашха йолу кусок лоьхуш, меллаша хlуп а бохуш чай шелдеш вара, кlез-кlезиг мала а молуш, ткъа важаберш а бацара, схьахетарехь, гlо деха веанчуьнга башха ладугlуш.

Цхьана хlуманна ша бехке волуш санна цlийвелира Джо.

— Хlан? Хlун бах аша? — бохуш, дешнаш делира цуьнан багара ларамаза.

— Мила велла? Муьлхачу цlа чохь? — аьлла, хаьттира хьаьжа юккъехь шад а хlоттош Бакара.

Джо юха а чуьравелира, чоийн тlомаца юьхьа тlера хьацар дlа а даькккхина, цхьа ког дlа а тосуш цо элира:

— Велларг цхьа стаг вац, цхьана цlа чохь делла ца lа адамаш. Дийнна урамашкара делла адамаш!

— Хlаъ-хlаъ дага догlу суна. Ун дара иза,— элира туьканан дас.

— Цунах цигахь хlун олу-м ца хаьа суна, амма белларш кешнашка дlа а кхоьхьуш уьш дlабухкуш хилларш а бала-м белла. Хlетахь дуьйна меттабогlуш бац нах. Тlехь гlовталш йоцуш, тlехь кучамаш йоцуш бу уьш. Цундела хьоьга, веза хьаша, тlедиллина товар деха вайтина со наха. Дезаниг ло а ца бахара оха, тхуна-м уггаре дорахниг дезара. Ахча мухха а дlалур дара оха, хьаштделахь оцунна болх а бийр бара.

— Нийса ду, иштта ду,— хабарна юкъаиккхира купец. — Адамаш дуьненчу довлуш а, цомгуш хуьлуш а, леш а хуьлу. Иза дела кхел ю, цунна кlелхьара цхьа а вер вац. Къенаш хьалдолуш хуьлий дlахlуьтту, хьалдерш — къийло. Хlинца товар ца ло тlедуьллий.

Масех чайнан къурд бинчул тlаьхьа тlетуьйхира цо: — Иштта... Iовдалаш... бац.

— Ма дарра аьлча, айхьа ойла ехьа,— элира Тугlана,— нагахь цо шуна товар делча а, аша цунна дуьхьал болх бийр бу? Ткъа цlеххьана цаI лахь?

— Иза ду, иза ду,— аьлла, эккхийтира Хьамзата.

— Ткъа нагахь аша декхарна ахча схьаделча? Ткъа тlаккха а тахана болу мах хир буй оцу ахчанан? Тlамо

вай дерриге а дохийна, ахча хIинца цхьа мах болуш дуьсуш дац!

— Цунах доллу гIуллакх,— аьлла, чIагIдира Хьамзата.

— ХIаъ-хIаъ, ишттa ду,— аьлла, са даьккхира Бакара. — И гIуллакх чIогIа хIилла, хьекъал оьшуш ду, ишттa... хьуна цунах кхета хала хир ду!

Хьажбекар Джога хьаьжира: хьо хьекъал долуш велхьара кхечийн гIайгIа а ца беш Iийр вара хьо, даима а нехан бала оьций лела! — бохург дара цуьнан дагахь. Делахь а цо тIе а кхойкхуш Джога элира:

— Охьахаал, Джо! ДIаэца шекар! Лаахь бIедагниг а ду хьуна, лаахь аьттарг а ду хьуна,— олуш, чайнан пела цунна хьалхатеттира Хьажбекара.

Джос шекаран бIелиг схьа а эцна, стакана юххе охьабиллира. «Нахе хIун ала деза? — бохуш, ойла йора цо.— Джабранл а, ТIатIаш а, берриге накъостий а соьга хьоьжуш Iеш ма бу. Ткъа со чай мала охьахиина».

Дерст-дерстиначуьра жижиг хоьржуш тIе чорпа а молуш хIума юуш Iара хьеший а, молла а. Джо кхин тергал а ца вора цара: и гIуллакх чекхдаьлларг лорура цара,— ткъа хIун дийца деза?

Джо кхоьлина хьоьжура шен куйна кIелхьара, совдегарца шен хилла къамел ойланехь дага а лоьцуш: «Аса хIун элира цуьнга? Тхан ах юрт мацалла елла элирий аса-м. Мел чIогIа хала бохкуш бу балаза биснарш. Аса дийхира-кх... Массеран а цIарах дийхира-кх нахана гIо дар тIедиллина товар далар. Ткъа совдегаро? ХIун элира цо? Хилла дезаш гIуллакх ду техьа, я «хьекъал оьшуш гIуллакх ду техьа, элира цо? — Аьлла хила а мега. Хьекъале гIуллакх дац къечарна гIо дар? Ишттa уьш бацахьара-м хьаха уьш кхузахь, хIокху юьртарчу цхьана а стага цкъа а ца биннчу тайпана, и санна болу гокхе кхача а бууш Iийра ма бацара!».

Чорпин кад кар-кара а луш, хIораммо а цу чуьра масех къурд а бой, тIаккха кад кхечуьнга дIалора. ТIаьхьаре а Хьамзатера Джога кхечира иза. Ткъа цо, лерина совдегаре а хьаьжна, кад дIа ца оьцуш битира. Хьажбекарна оцу сохьта тусаделира иза.

— ХIе, Джо! Ахьа хIумма а ма ца йоу? Чайнан стака а ша долччохь лаьтташ ма ду! ХIайн?

Гинчошкара пхенаш детталора Джон; бIаьргаш охьадахийтира цо.

— Хlей, Джо!— элира юха а Хьажбекара. — Мала чай. Хьайна хьалха ерг ерриге а дlаэца, яа! Везчу хьешо беана кхача бу хlара. Кхузахь — кхунах хlун олу а дера ца хаьа суна-м, сискал-мискал ца алахь. Уггаре кlайчу демах йина хlума-м ю хlара!

Хlусамдас аьлла дешнаш ур-атталла хаза а ца хезара Джона: ша мел аьлларг дагалоьцуш, алаза хlума дитаний тlехьа ша, дехар дан ма деззара, гlиллакхехь диний техьа ша? — бохуш, ойланаш йора цо. Цхьа гlалат далийтиний техьа цо шегара? Схьахетарехь-м ца далийтина. Тка уьш берриге а ма вон хьоьжура цуьнга! Жlаьлеш санна, уьш ма чlогlа бусабелла бара!

— Хlан, хlара лимон а ю хьуна! Дlаэцал ахьа, чайнаца дика, мерза хуьлу хlара,— аьлла, юха а вистхилира Хьажбекар.

Лимонан юьхк а яькхина, ойла а ца еш, стакана чу тесира Джос.

— Нагахь сахь — хlара шура а ю. Чай шурица а хуьлу дика. Шура гоманаш ю, чlогlа юькъа а йолуш.

Джос цlехьана ка тоьхна шура чохь йолу кад схьа а эшна, лимона тlеххула стакана чу йоьттира шура. Стака дуза а дуьзна, чай тlех а деана шаршу тlе lенира.

— Мала ахьа, Джо! Яа ахьа! Дукха ойланаш ма е.

Стака хьала а айдина, чайнан къурд бина, цlехьана соцангlа а хилла, чай дlатеттира Джос: «Ма лур дац! Ца мер аса цуьнан тало! Къамкъаргах чоьхьа дер дац суна иза» — тlехьа а вирзина мерза туй кхоьссира цо.

— Элхьамдуьлиллахlи! — элира моллас, ша хlума йинна ваьлча.

— Баркалла хилда, Хьажбекар! — элира хьешо. — Беркат ма оьшалда шун цlен тlехь!

—,Духа ма гlерта, кхоа ма ейша, яийша, малийша чай,— бохуш, доьхура Хьажбекара. — Деладаша яа! Тхан тайпа — уггаре доккха тайпа ду! Дала совгlат дина суна — ерриге эвлан гlуллакхаш сох тешам хетта суна тlедехкина! Мухlар а соьга делла, аса цуьнца чlагlдо адамашна хlоттийна долу закон! Суна деза вайн халкъ, хlокху эвлара адамаш а чlогlа дезаш ву со! Иза массарна а хаьа. Джо, бакъдуй иза?

Джос коьртара куй а баькхина, шина а куьйга иза бега а бина, юха а дlатиллира. Вист ца хуьлуш lаддаlара иза.

— Дера, атта гІуллакх ма дац хІара! Адамаш тайп-тайпана дехаш ду, ойланаш а тайп-тайпана ю цераш,— аьлла, садаькхира Бакара. «ХІара саг1адоьхург хІун деш Іа кхузахь хинна? Ша кхузахь совнаха хиларх ша ца кхеташ санна?»— боху ойла яра цуьнан дагахь. Совдегар сацам боллуш Хьажбекарехьа дІавирзира.

— Со хьоьца гІуллакх долуш ву, хьо дуьххьалдІаюьртда хиларна.

Хьажбекара чІогІа лерина маж тойира, «юьртда Хьажбекар» боху дешнаш тІехь яздина долу мухІар, дашо мухІар доьллина болу хьажо-пІелг гайта а гІерташ.

— Дера, правленехь гІуллакхаш дукха ма ду!— элира цо дахдиэш. — Сан писаро яздо, ткъа аса кехата тІе мухІар таІадо, иза ца дича цхьа а закон адамашна юкъадала йиш яц.

Джо цІоцкъамаш а дусийна Іара: дерригенах а тІех дика кхеташ вара иза, ванах совдегарера кхин диках долу жоп ца хезаш дІаваха дезар ду техьа цуьнан?!

— Хьажбекар, хьуна хІун хета: вайн наха хІун эр ду бунтийн хьокъехь?— аьлла, хаьттира совдегаро хІусамдега, иза тергал а ца веш. Ткъа цо белш саттийра.

— Вайн наха шаьшка моллас бина хьехам кхочушбо, — аьлла, жоп делира цо.— Адамаш маьждиге а оьху, ламазаш а до, марха а кхобу, белхаш а бо, цара бакхий нах а, оьзда нах а лору.

— Ахьа дика боху, Хьажбекар. Хьо юьртан да ву, Хьоьца кхеташо ян лаьа суна: алал ахьа соьга, товар гІала хьо аса я собар де? Синтеме дац цигахь: хІор денна дІасалелаш, йираш лоькхуш, маьхьарий детташ...

— Жимма хан ялийта, сих ма ло... Кхузахь пагІато хир ду,— «гІалахь чул» ала дагахь дара цунна, амма саца а сецна, корехьа вирзина, ладегІа велира иза.

— Уьш-м лулахой бара луьйш болу, элира Тугіана. Иза тахана дукха луьйш вацара: цуьнан реми юкъара цхьамма говр йиганера лаьллина. Рема-м ишттa а вуно йоккха ма ярий, делахь а говр бохург ду-кх! Нагахь кхидІа а ишттa говраш идаяхь — реми а йоцуш вуьсур ву! Хьай гаврш, дела мостагІий яІ-кх!

— Кхузахь товар кхерам боцуш хир ду, — аьлла, чІагІдира юьртдас. — Бакъдуй иза, Джо?

Амма Джос юха а жоп ца делира. Хьала а гІаьттина, цхьаннен а Іодика а ца еш, аравелира иза.

Яйн дохк яра юьртахь хIоьттина. Сахиллалц лиэта а лиэтта дIатийнера жIаьлеш а, хIоз санна хьарча а хьаьрчина, месала цIогарчашна кIел муцIарш ловчкъийна. Ткъа хезаш дара Iоьху хьелий а, уьстагIий а, тIаьххьаре а гучувелира шен вертанца шийлачу даккаран бода а хедош ведда воьду стаг.

Буьйсанна хIумма а наб ца йира Джос. Ураме а ваьлла, дIо дIа сирделла лаьттачу лаьмнашка а хьоьжуш, накха ойуш доккха са даьккхира цо. «Вахана накъостий хьалагIитто беза аса,— сацийра цо.— ГIала даха деза, хIун хаьа, гезарийн цIокарчий йохка яла а мегий тхан-м».

ТIатIаш хIинцале урамехь вара. Цунна юххехь лаьтташ Джабранл а вара. Чукхетта цуьнан Iаьржа бIаьргаш лаьтте хьоьжуш дара, ткъа оза юьхь сингаттаме яра. Пондар карахь иза цунах дIа ца къаьсташ лела хан тоххарехь дIаяхнера: цуьнан карахь хIинца стомма, шад а болуш йолу, гIаж яра.

ХIорш ишгта лаьтташ тIевеара БатIал а. Маржа БатIал яI-кх! Иза вуьзна велахь а меца велахь а, пайда боцчу хIумнах дийнначу аьхка нахана воцуш лелахь а я тишчу барзакъа юккъехь Iай милла вала воллуш лелахь а — цхьанне а, цкъа а иза леткъа ца хезара. Ткъа бIаьргаш цуьнан даима а декхаделла, деладелла дара. Цхьа а вета боцуш йолу гIовтал даима а тIемаш дIаса а доьлхий хуьлура, гуш болчу некха тIехь уьстагIан тIаргIа санна хьийзина чоьш дара даьлла.

«Ма макхвелла ву Джо» — тосаделира накъосташна.

— Хьуна хIун хета, ТIатIаш!

— Наб ца йина аса.

— Наб-м цкъа мацца йина а ян кхуьур вара. Ткъа хIинца... шаьлта цIахь йитал ахьа! ГIала а дахна, цIокарчий йоьхкина юхадогIур ду вай.

ТIатIаш цкъа дIаяккха дагахь хилира шаьлта, амма оцу сохьта чоийна чухула къайлаяьккхира цо иза: шаьлта а йоцуш ваха муха мегар ду? Иза йоцуш-м неI сагIох аравала а мегар даций! Олуш ма ду ткъа: «Чохь а дIа ма яккха шаьлта, ткъа вуьжуш хилча гIевланга йилла!».

Лер доцуш дIабоьлхура доттагIий. Некъаца гIорийначу хишна биллина буткъа ша когашна кIел кеглора, ткъаршшехь лиэлхара. Ирх хьаьжча гуш ехха дIа, луьст-

та тIеяьхкина мархаш яра. Царех чекхъюьйлучу нагахь бен йоцчу маьлхан зIаьнарша латта дох ца дора, ткъа гIур озийна долчу лаьттан Iалам цо мелла а ловзош, дардеш санна хеталора.

Ткъе пхиъ чаккхарма некъ бира, тIаккха гучуевлира заводийн лекха гуьнкалгаш, диттийн баххьаш, цIенойн тхевнаш. ЦIерпоштан некъ хадийна гIалех чубуьйлира некъахой. Джо кIеззиг соцангIа хилира. Иза дагадаийта а ца гIертташехь, цунна дагадаьхкира селхана Бакара аьлла долу дешнаш— гIалахь хIор денна дIасалелаш, йираш бохуш, маьхьарий детташ лелаш бу... Оццу хенахь царна гира базара юххехула дуккха а вовшахкетта схьадогIу адамаш.

— ОххIай ма чIогIа къегаш ду! — элира БатIала бIаьргаш хьаббеш, йоккхачу школе пIелг а хьежош.

— И хIун сурт ду хаьий хьуна — аьлла, муьшка Iоьттира Джабраила. — Иза церан дела ву хьуна...

— Ахьа хIун дуьйцу? Валохьа юххехьа! Ткъа иза иштта хIунда лаьцна цара? Лаца м ца лаьцна цара иза?—хоттуш цергаш гучуехира БатIала.

— Сацийта! Ца го хьуна, иза вайга мел оьгIазе хьоьжу!

— Ткъа уьш стенга боьлху?

— Сацийтахь! Уьш-м боьлхуш баций, ткъа вай санна, амма шайн гIиллакхехь илли бохуш, йир лоькхуш бу-кх.

— ДIадаха куйнаш, шера гуьтанаш йолу шайтIарчий!—аьлла, цIогIа а делира, цхьамма-м БатIална коьр тах хIума а туьйхира.

— ХIей, хIей!—аьлла, мохь туьйхира Джабраила, накъостехьа гIо доккхуш.

— Ткъа хьо мича гIерта?—аьлла маьхьарий девлира гонаха. Джабраилна го а бина, иза юьстахваькхира.

— Кхера ма лолаш, къонахий,—олуш, мохь а тухуш, лом санна, Джабраилна накъосталлина тIехьаьдира Джо.

БатIала логан шед а лаьцна, и дIа цахоьцуш са а дукъдина цаI вийра.

— Вийна! Вайчарна етта!—боху цIогIарчий дара хезаш.

— ХIа-хIа, лол некъ!—олуш, адамашна юккъера схьавелира гIина диллича санна сирла цIен маж а йолуш волу цхьа Iаламат зоьртала стаг. БатIална юххе

тIе а хилла, цунна тIе юьхьиг таIийна топ йожийра цо. БатIал охьавуьйжира; цкъа корта айбира цо, тIаккха юха а охьа дIатесира цо иза, когаш дIанисбира, лаьттах маIарш хьоькхуш дIатесна куьйгаш дара. Кхин цхьа минот яьлча бIаьрган нур а дайра. Лаьттахь дара меттах ца хьовш чуьра са даьлла дегI.

Черносотенцаш ТIатIашна тIебирзира, амма оцо катоьхна шаьлта а яькккхина, нохчийн маттахь, лерга потта оькккхуьйтуш, мохь туьйхира:

— ТIе ма гIерта, аса кортош охьаэгор ду шун!

Изо чIогIа буьрса вара, тIегIерташ берш бухабевлира.

— Схьалаца, сацаве азиат!—боху маьхьарий дара хезаш.—Тоха цунна!

ЦIеххьана севцира адамаш, оьгIазе, леррина лодоьгIура цара. ТIаккха тIай долчухьа дIахьаьлхира уьш, цигара схьахезаш юьйлучу тоьпийн тата дара.

ТIатIашана гонаха Iохкура хьешна котамаш, тIе-кIел яьхна варданаш, оцу дерритенна а го бохуш цIийза хьакхихерсеш, ягийча санна базарахула дIасауьдуш лелара.

Харцийна бертал тоьхна лаьттачу тускарна тIе а хIоьттина, сардамаш доьхуш лаьтташ яра цхьа зуда:

— ХIор денна! ХIор денна хIарра! ТIаьххьарниг эцна йоьдуш—иза а жIаьлин цIоганна кIел кхочу-кх! Стенга хьоьжу техьа лакхара хьаькамаш? Цхьа а вац хьо ларвеш, низам латтош! ТIе жаIаршший, иконашший эцна лелаш а бу! Йо дела! ХIор денна!—бохура цо.

ТIатIаш, хьан гиччона тIехь дерг хIун ду?— хаьттира тIеведдачу Джос.

— Ффу! Хаац дера,— аьлла, доккха садаькккхира ламанхочо.— Цхьамма тоьхна хир ю кх!— Гиччо юххехула хьаькхна куьг лерга тIехь сацийра цо.— «Эххl, ма лаза а во»,— боху онла а йина, Джога элира цо: — Хьажахьа дика, хIара хIун ду!

— Иэ-яй!— Джо цунна гергга тIетаьIира. Хаьий хьуна хьан лерган цхьа кийсак-м хьаха ю кхозуш! КIезмеззиг, тай тIехь кхозуш санна.

— Муха, тай тIехь санна бохург хIун ду? Делахь иза ца кхозу ерг дел ахьа, чIогIа новкъарло йо цо!

ТIатIаша куьйган пIелгашца катоьхна схьалецира ах схьахадийна долу лерг, куьг охьа а озийна, цIешха

юьзна кусок схьаяьккхина дIа а кхоьссина, лерг лаьттина хIинца чоь йолчу метте куй схьатеттира цо.

ТIаккха шиъ а яссаеллачу базархула дIавахара и шиъ. Кегийчу хIуманийн, пхьегIийн борза тIехьа мангал керахь хиина Iеш вара Джабраил, хала са а доьIуш, гуйнаш а кхуьйсуш.

— Халла кIелхьара валавели-кх со, — аьлла, кхоьлинчу бIаьргашца накъосташка хьаьжира иза. — Цхьанна-м вардан тIера катоьхна мангал схьа а эцна нехан кортош тIехула и лесто велира со!

— Цхьаннан а корта мукъана баьккхарий ахьа?

— Дага ца догIу суна...

— Баьккхина хила мега, мангала тIехь цIий ду, — аьлла, цергаш хьакхийра ТIатIаша.

— БатIал мичахь ву?

— ДIогахь ву моьтту суна, — элира халла корта а тосуш Джабраила.

Джо, наггахь корта а лестош, ладоьгIуш Iеш вара. Амма тIаккха, набарх самаваьлча санна, агIор дIа а ведда, цхьаммо-м дIатесна йитина говр дуьрстанца схьа а лаьцна, иза нехан варданах дIа а йоьжна, шен накъостий охьа а гулбина, БатIалан дакъа тIе а диллина, гIалара цIехьа волавелира иза.

Соьлжана тIехула диллинчу тIех сехьа а бевлла боккха махлелош долчу урамашкахь туьканашший, складашший йохо буьйлабелира зуламхой. Оьрсийн фамилеш йолчу совдегарийн туьканаш хIумма а хье а ца еш юьтура цара, йиш хаьлла маьхьарий деттара цара: «Етта жуьташна! Етта керстанаш боццу баьшна кортош болчарна! — оцу дешнашца, вабанашца, тIулгашца, гIожмашца кхечийн туьканаш йохайора цара. Цхьацца агIор дIакхийсина дара кегдина догIанаш, бухаяьхна неIсагIош, кегдина кораш, йохийна гIопасташ, масех минотехь яссийра туьканаш. Акхаралле дирзинчу адамашна тIема кIел йоьхкиний, ги йоьхкиний ларчанаш а, шайн дегIах хьерчийна кIадийнаш долуш дIауьдура, когаш тасалой, галдовлий охьадетталора оьгIазе, маьттаза, сутара адамаш. Йохийна йисинчу туьканашна чохь яьсса яра, кегаре бара, боьха яра, цIий дара.

Церпоштан некъан стаццехь юха а маьхьарий девлира:

— Церпошт хаьрцина! Адамаш дайина! Хьан дина иза!

Мила-хIун ду хууш цхьа а вацара, амма массо а маьхьарий детташ бара. Ткъа цIерпошт харцо йиш яцара, хIунда аьлча, ерриге Россехула дIасалела цIерпошташ совцийна яра.

— И гIуллакх ламанан наха дина! — бохуш, вуьшта а карзахдаьлла адамаш, питана туьйсуш, ира-кара хIиттош адамашна юккъехула дIасалелаш вара цхьа стаг.

— Етта еза царна, наьIалт хиллачарна!

Питана юкъатесна долу адамаш, шайх бIе гIалгIазакхи а кхетта, цIерпоштан некъа тIе дIахьаьлхира.

ЦIерпоштан некъах дехьа воллу чохь уьш тIеIоттаделира, хIумма а дагахь доцуш, парггIат ворданахь вогIучу шина ламанан стагана. Кхуззахь гена воцуш баца тIе охьахиъна Iеш воккха стаг-нохчо а вара, схьахетарехь, жимма садаIа дагахь.

— Корта баккха цуьнан!

Адамаша тIе а деттаделла воккха стаг дIавихкира.

— ТаIзар дан гIала вига веза!

ЧIарх аьлла болчу «турпалхоша» некъах дехьа волу чохь йолчу будкане яьсса товарни вагон теттина, оцу чукхоьссира ламанан кхо стаг, неI чIоггIа дIа а къовлуш. Вагон «таIзар» дан тот-тоттуш станце ялийра. «Низам латто» баьхкинчу гIалгIазакхаша цхьа а новкъарло ца йора зуламхошна, мелхо а, самукъадаларца бийла а буьйлуш Iара уьш.

Аьчган некъа тIехула сихха йогIура вагон. Стечу барзана тIаьхьа хIоьттина йогIу боьршачу берзалойн арданг санна, цунна тIаьхьа йогIура адамийн тоба, вагон семафора юххехь сацийра цо. Некъан бохалла цига тIебаьхкира гIалгIазакхий а. ЧIогIа шовкъ еана, вовшийн дIасагуьттуш вагонна го бира адамаша. Цуьнан неIарш дIайилли—карзах девллачу адамийн тобанна хьалха дIахIоьттира, чехка дIасалелаш бIаьргаш а долуш долу кхо оза деги.

Кхин масех минот яьлча, лаьттахь Iохкуш яра межарг санна горгъелла йолу цхьа ши гужам, уьш адамийн догIмаш ду ала хала хир дара.

— КхозлагIниг стенга ваха? Ведда-кх, боьха хIума! — аьлла, мохь белира зуламхойх цхьаьнга, кхозлагIниг къайлавалар хааделла. Ламанхо, схьахетарехь, карзахбевлла шаьш хIун леладо а ца хууш дIасахьий-

зачу адамашна юккъехула вагона кIел а иккхина, кIелхьара ваьллера.

— ДIо ву! ДIо — мохь белира гIалгIазакхийн урядникан.—Ойн, гуш лаьтташехь мера кIелхьара дIа-м гIург вац ма хир ву и «баьшна тIус берг»?—бохуш, чIогIа дарвеллера урядник. Говра тIера охьа а иккхина, ведда некъа тIе а ваьлла, кочара топ охьа а яьккхина, гола тIе а нисъеш ялийтира цо. Ведда воьду нохчо ша волччохь, хьаьвзуш го а баькхина, охьавуьйжира, мосуьйттаза дIаса а тохавелла, тIаккха дIатийра. Топ сел чIогIа нийса тохарна, тобано тоам хилла маьхьарий деттара.

## КОРТА III

### 1

Эвлахь дерриге а меттахъхьайна дара. Массо а агIор урамашкахула дIасалелаш береш бара, массо а агIор хезаш говрийн тата дара, хезаш говрашкахь болчийн маьхьарий дара. Бераш а дара, самукъадаьлла, кертах гIожмаш а, хьоккхий а дохуш, уьш тоьпаш йолуш санна, нийсонна а хьежош, баккхийнаш санна лела гIерташ:

— TIox! TIox! БIов!

Царна жоп луш санна леташ, цIийзаш жIаьлеш а дара.

Ерриге эвла гулъеллера майдана. Цхьана йистера вукху йисте, цхьана маьIIера вукху маьIIе вуьйлуш, герзашца кечвелла, оьгIазе, буьрса, дарвелла дIасауьдуш вара Джо.

— XIей-хIе-ей! Говрашка ховша, къонахой! Массо а цхьаьнний тIелетар ду вай! Ерриге гIалех чан йийр ю вай!— бохуш, мохь хьоькхура цо.

TIaтIаша, агIонах агIо тоьхна цунна юххехIоьттина вогIучу, чIогIа нуьцкъала ластийначу туьро, цуьнан тохаваларо говр меттахъяькхира ластош.

— Чан йийр ю вай гIалех!—бохуш, дуккха а маьхьарий девлира.—Инарла а, пурстоп а вен веза! Цара йина вайчарна суд! Цара боьхкира вайнаш набахте чу а! Тоьур ду, дукха лайна вай!

Ламанхоша цергаш хьекхайора, куьйгаш шаьлтанашна тIе а дохкуш. Нуьйра чохь сацаваллал верг говра хинна вара.

— Хlе-хlе-ей,— бохуш, бетташ мохь а болуш, даькхинчу туьрца хьалха иккхира Джо.

Береш шайн тобанца чехка гlаланехьа дlалилхира, акха маьхьарий а детташ, шаьлтанаш лестош, шодмаш етташ, хаьхкина боьлххушехь тоьпаш а юзуш. Царна тlаьхьа гlаьттина чан дикка лаьттара хlаваэхь, ткъа кегийра lаьмнаш хlиттина лаьттачу некъа тlера lаьржа саз-латта гlорзанашца дlакхуьйсура говрийн бергаша.

Цlе йойуш йолу гlалин ворданаш лаьттачуьрчу чардакха тlера орца дара дохуш, гlала карзахъяьллера. Массанхьа а кевнаш а, неlарш а тlечlагlо кораш а ницкъ ма кхоччу кхачамболлуш дlакъуьйлура, корашна дуьхьал хlумнаш уьхкура. Гlалин коьртан хьаькам гlалахь воккхах волу моллий, гlаларчу совдегарех мелла а алсамлоруш бершший болчу хьаьдира. Ткъа оцу совдегарех вара Бакар а, Хьамзат а.

Гlалин хьаькамо совдегаршкий, моллеги дехар дора нохчий тlе ма латийтахьара, бохуш. Цо боххург бохуш полицмейстер а вара, цу шиммо а совдегаршна туькаиаш йохош хилла зен меттахlотто а, махлелорна гlоленаш ян а, lедалера совгlаташ даха а, кхиболу дика белхаш бан а тlелоьцура. Моллех дага а бевлла, гlалин коьрта хьаькаман, полицмейстеран куьйгаш лецира цара схьагарехь, резахилира уьш шайга доьхучунна. Уьш сихонца пайтонна тlе а ховшийна, гlалел ара гlевттина богlучушна дуьхьал дlахьовсийра.

— Ассалам lалайкум, береш!—аьлла, салам а луш, гlалел арахьа бажа бежнйла йоллучохь совцийра моллассий, совдегаршнй сов чехка хаьхкина богlу береш.— Стенга йоьгlна доьлху шу?

— Ва lалайкум салам!—аьлла, жоп а луш, говраш совцийра цара. Цlеххьана совцийна говраш шаьш лаьттачохь тlехьарчу когаш тlе ирахlуьттура.

Мохь белира:

— Хlара хlун ду? Юха а вайна хlунда етта? Шу тхоьга гlо дехаа догlуш ду? Яхийта, лалла хьалхахьа! Са даллалц летар ду вай!

— Совцалаш! Ладогlалаш тхоьга!—аьлла, мохь туьйхира моллас, пайтонна тlехь ира а хlоьттина.— Тхуна дика девза эвлара адамаш а, гlалара адамаш а, шуьга ала дош ду тхан!

«А-хlа, хlорш баний хорш!»— Джона бевзира уьш.

«Тьфу!» аьлла дагахь туй а кхуссуш, карзахваларна халла бен са а ца даІалуш, цо мохь туьйхира:

— Даге са ца деттало! Шуна хІун оьшу тхоьгара?

Можачу тІаьрсакан мужалт йолуш долу жайна куьйга хьалаайдира моллас:

— ХІара къорІан ду! Дела ву вайна тІехь. Ткъа шу бусалбанаш ду!

Джос цІоцкъамаш дусийра. ТІатІаша, са а ца тохаделла элира:

— Сихха алий валахьа, молла! Ца го хьуна? Берешкахь собар дац! Дог сихха деттало!..

Моллас гайгаман-пІелг ирах а хьажош, элира:

— Боккхачу бале вужур ву делан аз а ца хезаш, цо бохург дохийнарг! Юхадерза!—аьлла, эвлехьа куьг тосуш, мохь туьйхира цо.

— Я тхо кІиллош-м дац? Оцунна дина дац тхо наношa!—олуш, мохь туьйхира Джос.

— Юхадерза! Шайн-шайн цІа юхадерза! Молла верриге а вегавора, къурІан керахь долу куьг лесташ дара цуьнан.

— Хьакамаша боху, вайн нах байар чІогІа новкъадеана ду шаьш, бехке болчушна луьра таІзар дийр ду шаьш! Хьаькамаша хІун аьлла хаьий шуна? — «Майрачу нохчашка собаре хила ала! Оха царна новкъа долу хІума леладойтур дац!»—аьлла-кх.

Береш тап, аьлла дІатийра. Молла шен шок лекха хІоьттира, амма гІаттамхойн хьежарех цунна гора, уьш шех шекьхилар, дІаюьжуш йоцу оьгІазалла, карзахбийлар.

Оццу минотехь мехкдаьтта доккхучу меттигийн агІорхьара маьхьарий хезира: адамийн тобанна тІеведда вогІура масех белхало. Лапп, аьлла цаьргахьа говраш дІа а ерзийна, хІун хуьлу техьа, бохуш лаьттара береш.

ГІелваларна чомахь са а ца даккхалуш, ведда некъа тІе велира Тимофеевич а, Курганов а, кхин масех промыслера белхало а.

— Накъостий ламанхой! Тхо шу долчу даьхкина!— олуш куьг айира Кургановс.

— Царна хІун деза вайгара?—аьлла, хаьттира Джос. Юьхь цуьнан, ткъес тоха кечъелла марха санна, макхъеллера.

— Ви что хочишь сказать?—аьлла, Кургановгахьа дІавирзира купец.

— Ламанхошка дан къамел дара тхан, — элира, ведда вогIуш охьадаьхкина куьзганаш а тодеш, Курганов.

— Шуьга, береш, цаI-м ала лаьа царна!

— Алий? Олунда шена. Амма тхо кхетар дац оьрсийн маттах!

— ХIумма а дац. Шек ма хила шу: аса гочдийр ду шуна.

— Гочдийр ду ахьа!—олуш, корта ластийна, Джога хьаьжира ТIатIаш, ткъа оьгIазвахана Iеш волчу кхо агIор дIа туй кхоьссира.

— ХIан, схьадийцал!—элира Бакара. Курганов йовхарш йина, балдех йовлакх хьаькхна, берешна тIе бIаьргаш хьажийра. Ламанхой герга хилира, куйнаш тIехьа а теттина, лаьттах дIабоьгIча санна, говрашна тIехь дIатийра уьш.

— Вежарий-ламанхой!—аьлла, мелла а синтеме а воцуш, дIадолийра Курганов.—ХIара соьца даьхкина адамаш—мехкдаьттанан промыслехь болх беш болу белхалой бу. Цигахь Iенаш цIий ду! Тхан накъосташа шуьга гIо деха дахкийтина тхо! Шу—ницкъ бу! Герз ло тхуна, тхоьца цхьаьнний дIа а дуьйла!..

— ХIун боху цо?—хаьттира, цуьнан къамелан юкъехула, Джос. Купецо куьг айира:

— Собардел, ладогIал аса гочдечуьнга. ХIокху стага боху, тхуна тIаьххье кхуза дахкийтина шаьш хьаькамо, хIара дешнаш шуьга дIаала аьлла: шун нах байинчу зуламхошна луьра таIзар дина. Цхьанцце а Iотта-баккхам ма лелабе, хьаькамаша шаьш таIзар дийр ду бехке болчушна.

Хьамзата, моттаргIанаш лелош йовхарш тоьхна, корта дIалачкъийра, шен велар цхьанне а ца гайта гIерташ.

Бакар Курганов гахьа дIавирзира:

— КхидIа хIун боху ахьа...

— ХIай вежарий-ламанхой!..—Курганов хьалхахьа цхьа-ши гIулч яьккхира, гуш дара цуьнан кийра кхехкаш хилар, юха а сихха куьзганаш тодира цо.—Оьрсийн белхалой а, ахархой а нийса доцурш лелорна дуьхьал хьалагIевттина!

Ша Iемина иштта амал йолуш хиларна, бIаьргех дохку куьзганашна тIе юха а куьг даьхьира цо. Берех цхьаммо-м мохь туьйхира:

— И аьнгалеш дIадаха алийша цуьнга, куьйго новкъарло йо иза ган!..

— Оьрсийн ахархочунна а, белхалочунна а, иштта, шуна, ламанан нахана а ницкъ бо! Оха люьху вайн дахар дикаха, тоьлашха хилар! Тхуна лаьа ваьшна тIехь куьйгалла ден долу адамаш вай ваьш хоржийла, ткъа урхалле хоржуш долу адамаш оцу гIулакхана хьокъала дерриш хуьйлийла! Оьрсийн халкъ паччахьаний, цуьнан гIоьнчашний дуьхьал къийсамна гIаьттина! Тхох схьакхета! Вайн нрсе а, машаре а дахарна новкъарло еш дерг дерриге а дохийна дIадаккха деза!

Кьамел деш волчо кочера нуьйдарчий дIа а яьхна, шен оза ворта гучуяьккхира, нуьцкъала йовхарш а етташ. «Ма хьаькам а ву!—бохуш, ойла йора ТIатIаша.— Ворта-м ю гIезан санна!» Стенна делахь а Кургановга безам бахнера ламанхочун, даггара, дикачу ойланца хьоьжура оцу оьрсийчуьнга.

ТIаккха кьамел дира Тимофеевича. Пхьош хьала а дина, шен зоьртала буй а ойуш, элира цо:

— Вежарий ламанхой! Со дIогахь гуш йолчу промыслашкара белхало ву,—мехкдаьтта доккху вышканаш гуш йолчу регIа пIелг хьажийра цо.

— Вай шуьца цхьа бала хьоьгуш дохку! Вай шуьца цхьаьний нрс доцуш ду, вай хIумма а ца деш, дист ца хуьлуш, дерриге а ловш IаддаIеш долу дела! Тхуна го шуна халахетийтина, цундела, шайна а шайн накъосташна а динарг шу декха арадевлла! Дуьло тхоьца! ДIабохур вай вешан хьацар муьйлурш! Дикачу дахарехьа! Маршонехьа!—Куча кач дIаса а тесна, шен некхах буй туьйхира Тимофеевича.

«Мел майра а дуьйцу цо!—бохуш, цуьнга хьоьжура береш.—Хьаькамашкара мукъана дуй хьовха иштта чIогIа дош?».

Бакар шен маша боза волавелира. Гоч-м дика хьаха дора цо, цо «гочдарна» гIалин коьртачу хьаькамо дийр ду аьллачех муьлхха а совгIат дан мегар дара. Цунна хаара хIокху майрачу, амма боданечу адамашна, церан дегнаш тIедерзош, хIун хабарш дийца деза: хьаькамаша оьрсийн паччахье кехат яздина нохчашна гIалахь а герз лело бакъо йоьхуш, иза хIинцалц могуьйтуш дацара. Цул совнаха паччахьана тешаме а, муьтIахь а хиларна юьртарчу бахархошна массарна а царна оьшучуьнца гIо а дийр ду—ялтийца а, кIадинашца а.

Нохчийн самукъаделира: «И ду хьуна гІуллакх!»— бохуш кортош теІадора цара.

Адамаш тешош, кІеда-мерза купецо дечу къамелан аз хезча, Тимофеевича кхин а чІогІа цІоцкъамаш дусийра.

— Тентакалла ду-кх вай лелориг, дера ду,— элира цо чуьраваьлла Кургановга.—ДІахьажал оцу пайтоне, церан юьхь-сибаташка, церан бІаьргашка! Берзалойх тешна дитина вай вешан дешнаш, иштта ду-кх!

— Шайна тешаме хетарш бахкийта мегар ду шуна товар дан,—элира, чІегІардиго санна, хазчу эшарца Бакара.—Тхо долчу догІур шу,—аьлла, ша шен некхах пІелг Іоьттира цо,—тхо, шайн купецаш болчу, ткъа цига эрмалой, жуьгтий, уьш санна болчу кхечушний тІе а ца доьлхуш. Тарраш лесто довлахь, тІаккха шайн гІуллакх шаьш дохор ду аша! Шуна моллас а дийцира, ткъа хІокху наха а дийцира,—Тимофеевичаний, Кургановний тІе пІелг хьажийра цо.

Тимофеевич лерина хьоьжура берийн юьхь-сибаташка: гуш дара гІуллакх телхина хилар,— пайтонна тІерачу гавурша шайн мекар болх бинера!

Цо хьалхахьа а иккхина берешка мохь туьйхира:

— Совцийша, дІа ма гІо! Собар дейша ткъа!—амма иза эрна дара: гІевттина хьийзаш болчуша самукъадаларца хьаргІанаша санна гІовгІа яьккхира, говраш эвлехьа ерзийра цара.

Цхьаммо илли дІадолийра, вукхара тІаьхьара а олуш.

Ва-а, майра вайн нах бу!
Ва-а, оьшург вайна цара лур ду!

— Э-э,—хезира цІеххьана тІаьхьарчу могІаршкара.—Эхіе-э, Тимофеевич! Купак!—оцу дешнашца белхалошка тІекхийтира хехо хилла Ахьмад.

— Стенна веанера хьо? ХІун дуьйцуш вара хьо?— хоьттура цо, вела а къежаш.—Со жимма тІаьхьависира, ахьа дуьйцург ца хезира суна!

— Ахьмад!—аьлла, мохь белира Тимофеевиче.—Доттагі! Чехка лелалахь! Кхетабе шайнаш! Цигахь тІом бу!

— Ахьмад!—нохчочунна тІехьаьдира Курганов.— ГІо дехьа тхуна, ваша! Кхузахь тхуна чІогІа тешнабехк хили!

И ший а Ахьмадана дерриге хилларг дийца кІоьтти-

ра. Моллас, Бакаре цхьа хичаш а йина, пайтонна хьалха хинна волчуьнга цаІІа-м элира. Цо архаш ластийра, говраш шаьш йолччуьра дІалилхира, некъан ченалахь къайлаелира пайтон.

Джоссий, ТІатІаший, кхечуша а, шайн накъосто оьрсийчуьнца чІогІа деш долу къамел хезча, шайн говраш совцийра.

Кхоххка а вина, оьгІаз а вахана волчу Ахьмада нохчийн маттахь шен накъосташка дІаэлира Тимофеевичан дешнаш. Джос, экха санна дар а велла, говр юхаерзийра—Бакарна тІе а кхетта, иза вийна дІаваккха лаам бара цуьнан, амма пайтонан лар а яцара гуш.

— Алал, хІокху оьрсашка вайга кхузахь хьоьжуш Іе,—аьлла, мохь а тухуш, дІабаханчушна тІаьхьакхна дагахь дІахаьхкира цо.

Амма, Бакарий, моллассий дийцинчух самукъадаьлла а, цунна резахилла а, цунах тешна а болу береш цІехьа чехка боьлхура, шодмаш етташ говраш а лоьхкуш, цІерачу доьзалашна хаза кхаъ кхачо дагахь. Хан яйа таро яцара. ІІІа цІаххьий бен накъосташна тІаьхьакхуьур воцийла хиъначу Джос говр кхечу, Ахьмаддий, промыслера белхалой шега хьоьжуш Іеш болчу меттиге, дикка гергга йолчу луларчу эвла боьдучу новкъа дІаерзийра. Шен кхнам хирг хиларх шеко йолуш вацара Джо: гонаха массанхьа а вевзаш, лоруш вара иза, цо дош алахь дан дезарг дийр ду муьлххачу эвло а.

Ткъа-ткъе итт минот яьлча юха а новкъа велира Джо: тІам тІебаха кечбелча санна герзашца кечбеллачу берийн дийнна тоба яра цунна тІаьхьахІоьттина. Береша юххе яьхна эшахь а аьлла тІаьхьалонна говраш а ялийнера, ткъа иштта гІо доьхуш баьхкинчу белхалошна герзаш а деанера.

— Ахьмад, дІаекъал царна тоьпаш, дІало патармаш а! Говрашна тІе ховшийта уьш, некъ бийцийта цаьрга! Вай—царна тІаьхьахІуьттур ду!

Амма промыслашкахь хилла гІаттам хІинцале бохийна дІабаькккинера. Взводашка бекъа а велла, вовшашна ген-генна хІиттина юха гІала оьхуш бара гІалгІазакхий. Джоц накъостий говрашкара охьабиссира, борза тІехь коьллашна юккъехь говраш а йитина, ткъа шаьш некъа йистаца охьабийшира уьш: Джос масех «яьсса» взвод тІехъялийтира: ерриге а сотница тасадалар кхерам боцуш дацара, ткъа коьрта дерг дара иза пайден-

на доцуш хилар. Амма таIзар дан белхалой шайна хьалха а баьхна лоьхкуш йогIу тIаьххьара взвод гучуяьлча, нохчаша, топ кхосса бегIийла йолчу герга а кхачийтина, масех топ массуьйттаза ялийтира. Дагахь а доцуш кIелонна тIекхаьчна гIалгIазакхий боьхнера: хорунжий оцу сохьта вийра; чIогIа дуьхьало ян дийзира церан, керабахна болу белхалой пагIат ца бовлуьйтуш ларба а дезара. ГIалгIазакхаша цхьа тайпа низам доцуш эрна дIа мосуьйттаза тоьпаш ялийтира, амма нохчийн тIетеIаш бара, ткъа белхалой некъан шина а агIор коьллашна юккъе дIалевчкъира. Йоьхна яьржина взвод гIалехьа къайлаяла дIахьаьдира.

— ХIинца вайна дуьххьалдIа обаргаш довлар бен кхин некъ бисна бац,—элира макхвелла, кхоьлина, амма сацам боллуш волчу Джос.—Хинда шена иштта, амма цундела цхьаммо а, цкъа а вайх вай кIиллош ду а, ямарт ду а эр-м дац!

Ахьмадехьа дIавирзира иза.

— Хьо кхуза виса тхуна юкъахь зIе лело. Оьрсийн мотт хьуна хаьа. Хаьа ладегIа, хьежа Iедало вайна дуьхьал хIун доладо. ДIо Iаьржачу хил дехьарчу борза тIевола тхуна кест-кестта хабар а дахьаш. Оха цига Шах-Болат, я Хас-Болат воуьйтур ву хьуна. Цаьргахула схьалур ду ахьа хьайна хинънарг. Сихо елаш, къонахой! ГIалгIазакхий хIинца юхабоьрзур бу.

Кхоккха дIа а хIоьттина, говрашна шодмаш тоьхна, хьуьнахь дIахаьхкира береша.

Тимофеевичий, цуьнан накъосташий борза кIел кхечушна ца каро доллучу лаьттах дIадоьллира, нохчаша шайна совгIатана делла долу герз. Саррадг коьллаш юккъехь Iийна, якхий йоцу тобанаш а еш, цхьаберш промыслашка, цхьаберш гIала дIасабаьржира белхалой. Дукхаха берш полицига шаьш ца лецийта къайленга бевлира.

## 2

Хьалххе Iуьйранна, са а даржале, хIун дан деза техьа хIинца боху шеко йолуш меттахъхьайра эвла. Ткъа Бакара тIе ма лаьцна «Iедална тешам а, бохург деш а хилахь» товар лур ду, аьлла. Джо, шен накъосташца цхьаьний ваха а вахана, гIалгIазакхашна тIе а летта, цаьргара бунт гIаттийна болу оьрсий схьа а баьхна,

обарг хилла дIа ма ваханий. Ткъа буха бисинчара хIун дан деза? Царех цхьаберш Джон тобанца баханне а баха а ма ца бахара, ткъа кхиберш баханехь а моллас бухаберза а аьлла цIа ма баьхкира. Бакара хIинца лур дуй техьа эвлана товар? Ткъа вуьшта а и гIуллакх эцна цунна тIедаха мегар а дуй техьа?

Верриге а, гулвала амал долуш верг, кхеташонна эвлан молла волчу гулвелира. Цунна-м селхана дуьйна а хууш дара дерриге хилла долчу гIуллакхийн хьокъехь: царах лаьцна дуьйцура ерриге эвло.

Далла гIуллакх дархочо хьанна, хIун оьшу бохург билгалдоккхуш спискаш хIиттае элира: уьш бекке бац оцу зуламхоша—Джоссий, цуьнан доттагIаший динчунна. ХIинца эвларчу цхьанан а вахархочо уьш тIе ца эцчахьана, царна гIо ца дичахьана! Ткъа Бакар-х даима а ву шен дош чIогIа долуш: аьллий—спискаш яхкийта—делахь хIета, яхьа еза.

Моллас ехха спискаш хIиттийра, фамилешна дуьхьал тайп-тайпана билгалонаш а еш. Ткъа молла-х—Iилма долуш, Iаьрбийн маттахь язда а хууш стаг ма вуй, цунна ма хаьа муха, хIун дан деза, цо хьегначу къинна нахера баркалла ду цунна!

Тешам хетта къастийна болу вежарий Би-Билот а, Бай-Мурад а, Бай-Солта а, спискаш эцна, дика товар харжалаш, чай а, шекар а алсамо эцалаш, бохучу тIаьхьарчу косташка ла а доьгIна купец волчу баха новкъа бевлира.

Iуьйранна гIали чукхечира уьш.

— Ассалам-Iалайкум!— элира цара гIиллакхехь Бакаран тукана чу а бовлуш.

— Ва-Iалайкум салам!—элира воккхаверца купецо, хIорш товар эца баьхкина моьттуш. Шен хеннахь даьхкина шу: шорта дика товар ду! Муьлхха а харжа долуш ду!

— Иза дика ду! — самукъаделира нохчийн, куйнаш йистера спискаш схьа а яьхна Бакаре дIакховдийра цара.

— ХIара хIун ду?

Купецан юьхьа тIера велакъежар дайра.

— ХIарий?—вежарий вовшашка хьаьвсира. Оцу хаттаро бохийнера уьш: ткъа Бакара ша ма аьллий тешаме хеташ берш бахкийта, ткъа моллас тахана Iуьйранна чIагI а ма дира иза. СагIадоьхуш-м дац тхо, цо

лур ду аьлла тIелаьцначунна даьхкина-кх тхо! Делахь а вежарий ойла йоьхна, бегIийла ца хеташ бара.

— Кхузахь берриш а тхайнаш бу,—элира царех цхьаммо. Купецо спискашна тIехула бIаьргаш къайрзийна, цIоцкъамаш саттийра.

— ХIун!.. ши бIе, кхо бIе стаг—зе! Виъ бIе, пхи бIе. Эге! Цхьа эзар ах эзар—эхIе-хIе!.. Мел адамаш ду кхузахь яздина: кхо эзаррий?

— Хила мега,—аьлла, воьхна висира тешаме хетта вайтинарг.

— Кхин алсам хила мегий?

— Кхин а алсам хила а тарло. Нехан доьзалаш баккхий, бу, бераш дукха ду. Берриш тхан нах бу уьш. Арахьара стагга а вац царна юккъехь. Моллас хIиттийна спискаш.

— Эе! Делахь хIета, нагахь хIоранна цхьацца шекаран корта белча а цаI ах вагон шекар дезар ду! Ткъа дерриге аша доьхург лерича-м дийнна цхьа цIерпошта товар ма дезийца!

— Хьанна хаьа и!

— Иштта, — совдегаро спискаш тIекIел туьйхира. ХIинца цIа гIо. Товар эвла дIадахьар ду шуна. Ткъа, цигахь шаьш доькъур ду аша иза.

— Ткъа миччахьа а герз лело бакъо луш долу кехат схьа маца кхочур ду ца хаьа хьуна?

— ХIун герз?—аьлла, цIоцкъамаш айира совдегаро.—ХIун кехат?

— Нохчий юха а вовшашка хьаьвсира.

— Ткъа дийцира-кх... дагадогIий хьуна? Айхьа оьрсийн маттера нохчийн матте гочдина дага ца догIу хьуна?

— Асий? Цара дукха дийцира, суна хIинца дерриге дага ца догIу.

— ВаллахIи-Iазам, цара дийца а ма дийцира, ахьа тхуна гоч а ма дира,—бохуш, дуйнаш боура гендаргноша.

— Делахь хIета иштта ду-кх.

— ХIаъ, хьо вицвала а тарло. Бакъ ду иза! Хьан гIуллакхаш дуккха а ду: тхан хьокъехь а гIайгIа бо ахьа, кхечийн хьокъехь а, хьайн гIуллакхан хьокъехь а!...

ХIетте а купецан леларна реза а бацара, цунах шек а бара уьш. ХIуъу делахь а лартIехь доцуш хIума хетара царна кхузахь дерг.

КIеззиг гIалахь Iийна, новкъа бахкарна жимма са а даьIна, юха цIехьа новкъа бевлира уьш. Амма эвлахь керла орца дара дохуш: эвлана уггаре юккъерчу майда на дIахIиттина бара герзаш карахь салтий. Юххехь лаьтташ, гата тIе а тоьхна баьццара басар хьаькхна йолу шишша чкъургаш йолу варданаш яра. Шаьш къаьстина дIахIиттина лаьтташ бара: эпсар а фельдфебель а талмаж а.

Кхерабелла, Iадийна зударий бара кертанна юххе гулбелла.

— ХIей, хIара хIун ду? ХIун дан бохху уьш?—боху хеттарш дора цара кхерабелла.

— Товар доькъур ду!—аьлла, мохь а тухуш жоп делира талмажо.—Иштта боху эпсаро!

Кхерам дIабелира, дог-йовхо хилира церан: хIун товар? Хьанна мел лур ду техьа?—бохург дара хIинца церан дагахь.

Тешаме бина бахийтинчушна тIегулбелира эвлара бахархой.

— Дийцарий аша купецаца?

— Муха ца дийцира, дийцира дера-кх!

— Делахь хIета, гина-кх шуна иза?

— Муха ца гина! Гина! Иза йоккхачу туьканахь Iаш вара. Ткъа оха цуьнга испискаш дIаелира. Уьш цо йоьшучу хенахь тхо тхаьш а дара цигахь лаьтташ.

— Цо товар кхуза дахьар ду элирий шуьга?

— Къоркъанца чIагIо йо аса—ала ма элира!..

Массарна а лаьара купецо ша делла дош иштта чекхка кхочушдарх теша. Делахь а... Юха а кхузахь хIуъу а делахь а лартIехь дацара!

Нагахь адамаш йоза хууш а, эпсаро киснара схьаькхина списка еша хууш а делахьара, тIаккха хуур дара царна тIехь ерш а уьззуш, аьлча а тахана Iуьйранна цара дIа а бохуш моллас Iаьрбийн йозанца дIаязйина йоллу цIераш хилар. Амма кхузахь и цIераш оьрсийн маттахь юхаязйина яра, цу тIе ерриш яцара, ткъа моллас цIерашна дуьхьал ша бен кхеташ воцу билгалонаш йинарш яра.

— Джантамиров Домби!—аьлла, мохь а тоьхна, талмаже корта ластийра эпсаро. Ткъа цо, эскаран хьаькамашца гIуллакх дарх куралла еш волчу, нохчашкахьа а вирзина элира:

— Хlей, Домби схьавола кхуза! Цlе яькх-яькккхнарг кхуза схьа а волий дlахlотта!

Нахана юккъера схьавелира лекха, онда гендаргно, майда а хадийна, эпсарна гена воццуш дlахlоьттира иза.

— Бай-Мурд!—кхин цхьа стаг а вахана Домбина юххе дlахlоьттира, шаьлтана тlе куьг диллина, латта иштта бегlийла дара.

— Бай-Солта!—йоккха гlулчаш йохуш схьавелира кхозлагlниг а.

— Муратов Султан! — воьазлагlниг а вахана дlахlоьттира, къона волу, бlагlар, юьхь ерриге морзгалех юьзна волу стаг вара иза.—«Уьш бу хьуна хьаькамаш! Вайн цlераш а хууш!»—бохуш, кортош хьийзадора нехан тобанна юккъерчуша.

— Эльдербаев Эдес!.. Кlеззиг астах а волуш, йоьхна кетар тlехь, тиша куйн тиллина стаг вара иза.

— Темиров Шахтемир!.. Арсбаев Тепсаркъа!.. Берсанов Лорса!.. Эпсарна аьтту агlор шишша чкъургаш йолчу ворданашний, гlашлошна-салташний юккъехь дийнна цхьа тоба адамаш дара цlераш яьхна дlакхайкхина, дlахlиттийна.

Эпсаро массаьрга а хьожуш чекхваьлла, буьйр дира:

— Чlагара юкъалаца уьш!..

Взводаш тlеттlа хилира, тlеерзош кечйина тоьпаш дlа а лаьцна, нохчийн го лецира цара.

— Охьадахка герзаш! Снхха! Шаьлтанаш а, тарраш а, тапчанаш а!..

Ламанхой цецбевллачохь бисира, берзалойн санна гlовгlа елира церан. Гlо дан меттиг яцара: тоьлашха болу къонахой Джо коьртехь а волуш оборгаш бевлла. Го лаьцна болу ламанхой салташа гlала дlабигира. Цаьргара схьаэцна долу герзаш шишша чкъург йолчу ворданашна тlехь дlадаьхьира.

Гlашлойн салтийн метта драгунийн ахэскадрон еара шайца ши нохчо-гочдархо а волуш.

— Ва-а нах!—аьлла, мохь туьйхира гочдархоша.— Хьажбекар правленехь вуй? Хьаькамаш баьхкина!

Дийнна цхьа арданг, Іамийна долу, йора а девлла долу жlаьлеш леташ дlахьаьлхира мохь тоьхначу. Урамехь гучувелира цхьа воккха стаг, цунна тlаьххье кхин а. Аралилхира тlелхагаш тlехь бераш а, керта йисте а хlиттина, шайна бевзаш боцчийн говрашка хьоьжуш

Iара уьш. Цхьа къахетам хилла карабахаза бисина кхин масех стаг божарий а арабевлира.

ТIевеара Мурад, дIаса а хьаьжна, шен сирълелла маж тойира цо.

— Юьртда мила ву кхузахь?—хоттуш баккхийчу нахана марша кIел тIевеара Быстролетов Анатолий. Хено хийцинера иза а, нагахь хIинца Мурад воккха стаг санна хеташ велахь, ткъа Анатолий жима стаг волчуьра гIеметта хIоьттина, куц долуш, буьрса ротмистр хилла дIахIоьттинера.

Баккхий нах бист ца хулуш Iадда Iеш бара, амма цхьаммо зудчунна тIе а чевхаш мохь туьйхира, цуьнан зуда хила мегара иза:

— ДIаяла кхузара, жIаьла! Хьан гIуллакх дац кхузахь!..

Мурадана оьрсийн маттахь масех дош бен ца хаьара «Старшина» («Юьртда») боху дош доьвзура цунна. «Эвлан гIуллакхаш правленехь къастадо,—аьлла, сацийра цо дагахь.— Ткъа правленин гIуллакхаш—юьртден керахь ду: ткъа юьртда тахана воцуш ву. Делахь хIета, воккхах верг со хиларе терра, соьца къамел дан бохку хьаькамаш». Быстролетовга хьаьла а хьаьжна, меллаша шен некхах пIелг туьйхира цо, боьхна дIаса а хьийзаш, жIаьлеш дIакъехкош лелачу шен накъосташка кIелдIашхула дIахьаьжира иза.

— ХIей, Мурад! Ахьмад вогIу!—аьлла, маьхьарий девлира баккхийчу нахе. Цунна хаьа оьрсийн мотт!.

Ахьмад са тасале дуьйна а вара кхузахь. Джона дIахьа хIума лоьхуш.

— Хьо мила ву?—хаьттира цуьнга эпсаро хаьн тIе куьйгаш хIиттийна.

— Мой—есть Ахмет... Чиво нада?

— Алал оцу воккхачу стаге,—Быстролетовс Мурадана тIе пIелг хьажийра,—нагахь цо суна крепостера сан говр лачкъийна къу схьа ца лахь, тIаккха аса иза набахте чувуллур ву; ткъа нагахь говр юха а ерзахь, цу тIе кхиболу законаш дохош берш схьа а лахь—мидал лур ю. Иштта дIаалал!

Ахьмад кхузахь лаьттачу зударшкин, масех воккхачу стагей корта охьа а оллийна Iечу Мурадей дIахьаьжира, юьхьа тIера хьацар дIа а даьккхина, дIадолийра цо, хьалха меллаша, тIаккха чIогIо а дуьйцуш:

— ЛадогIал нах! Эпсаро боху, нагахь вай вешан нах

дIа ца лахь, тIаккха хIокхара...—эскадронехьа корта тесира цо.

— Муьлш дIа ца лахь?—бIаьргаш къерзош меттахъхьайра адамаш.

— Вай дан там буй иза, нах дIабалар?—элира мохь тухху Ахьмада. Цхьа шабар-шибар дина, юьстах туй кхоьссира Мурада. Нахана юккъехь гIовгIа елира:

— И хIун ду ша, куйнийн меттина корталеш-м дац вайн коьртахь? Муьлш бу дIабала безарш? Стенна ло уьш дIа?

— ХIей, хIун боху цара?—эпсаро хаттар деш сара Iоьттира Ахьмадана. Иза кхохкийра, амма оцу сохьта юха а собаре хилла са туьйхира цо, муьтIахь хиларан кеп хIоттош, корта агIор берзош:

— Ншо нада мала-мала,—аьлла, юха а шенчушкахьа дIа а вирзина:

— Дог кхехкаш деттало!—аьлла, мохь туьйхира цо. Бац вайн тешнабехке берш.

Адамаша оьгIаздахана гIовгIа яьккхира.

Драгунаш а меттахъхьен бевлира, нуьйрашна тIехь дIасахьийзара уьш, командиро хIун олу техьа бохуш.

— Нисло!—аьлла, царна тIе а вирзина буьйр дира Быстролетовс.—Кийча хила, ма Iе оххалой!

Сихха лерина адамашка а, юьрте а дIахьаьжира иза, цхьана хIуманна хьесап деш санна, цаIIа-м дагахь долуш санна, тIаккха Ахьмадехьа дIа а вирзина цо хаьттира:

— ХIун ду цара иштта деха дуьйцург?

Ахьмад юха а цхьа гуьнахь а доцуш санна, миска хилла дIахIоьттира:

— Русска слова, наша слова—сапсем разни слова Русска слова—коротка слова, наша слова—длинна слова, оччин длинна.

— ХIан, валал сихха! Шу ловзош Iен йиш яц сан!..

Ахьмада тохарчул а сихха дIадолийра шен къамел:

— ЛадогIалаш! Цигахь, мехкдаьтта доккхучохь дукха а оьрсийн белхалой бу. Цара массара а бунт гIаттийна: хьаькамашка ладогIа ца лаьа царна, ур-атталла паччахье а тIехь. Со со а цигахь хилла ву, дерриге а сайна хаза а хезна, ган а гина суна.

Аса шуьга боху: уьш вайн мостагIий бац, дика, нийса, ирсе дахар лоьху цара шайна а, вайна а. Мал ма лолаш, чIогIа хилалаш, хIокху эпсарна цхьа а дIа ма

лолаш! Нагахь вайна хала хилахь, оьрсийн белхалоша вайна гIо дийр ду! Суна иза хаьа — шуьга иза дIа а боху аса. Вайна юкъахь бац тешнабехк бен берш, доьналла долуш хилалаш къонахой! Со аьлла вели.

Ахьмад луьйчуьра сецира, данма а санна цхьа ког хьалхахьа дIатесира цо.

— Велин хьо?—хаьттира цуьнга эпсаро шеко йолуш. Ахьмада корта таIийра.

— Дерриге нийса дIаэлин ахьа?—Ахьамада юха а корта таIийра.

— Воккха стаг хIунда ца хуьлу вист?

— Не знай,—аьлла, белш саттийра Ахьмада.

— Ткъа наха хIун бохура?—эпсаро адамашна тIе сара хьажийра.

— Люди не знай, старик не знай!

Ахьмад меллаша гIийлла, эпсарца лер шена кIордийча санна, бен а доцуш лоьра.

— И бохург хIун ду? Цхьанне а хIумма а ца хаьа? ДIалаца и шиъ!

Ахэскадроно сихха гобира адамашна, ефрейторой, шина салтичой царна юкъара Ахьмаддий, Мурадний юьстах а ваькккхина лецира.

— Отделенеш дIаюьйлало, а-арш!

Драгунаш дIабуьйлабелира, закъалтана ши стаг шайна хьалха а ваькккхина.

Адамаш вовшашка гIам-гIим деш лен девлира. ЦаI вукхо дечу къамелана юкъа а гIерташ, къийса а къуьйсуш, вовшийн тешо гIерташ хабарш долийра цара.

— ХIунда Iара Мурад вист ца хуьлуш?

— Ткъа хIун эр дара цо?

— ХIун эр дара бохург хIун ду? ХIуъа а аьлла а цаI эр дара-кх! Хьаькам тешар ма вара цо, воккхачу стага аьллачух!

— Дика ца дина аша!—элира тIевеанчу моллас.— Нагахь законаш талхош болу нах шайна хаахь уьш дIабала беза. Бакара а соьга изза элира шуьга дIаала, аьлла. Бунт гIаттош берш вон нах бу—уьш къуй а, нах бойуш а бу. ШариIата а ма боху ткъа: законо бохкург де!

— Хьан Бакар жIаьла ду!—аьлла, мохь туьйхира гендаргноча Азамата, эттIа чоа дуьйхина, тилла кхакханан куйн а тиллина волчу.

— Бакарехьа лаьтташ дерш а ду жIаьлеш!—элира цо юха а оьгIазе, туй а кхуссуш.—ЖIаьлеш!

— ХIей, меллаша хилла, хьо!—аьлла, чугIоьртира ИсмаьIал.

— Дера ду жIаьлеш-м!—аьлла, мохь белира гунойх волчу цхьангара.

— Муьлш ду жIаьлеш?—бохуш, чугIоьртира бехачех болу саттойн цIийнах берш.—Иза аша оьздачу нахана бохийца жIаьлеш ду?

— Шу ду уьш оьзданаш?—аьлла, гIовгIа гIаьттира беношний, гендаргношний юккъехь.— Цу тIе хетта а хоьтту жIаьлеш муьлш ду бохуш. Берриге совдегарш а, туьканаш ерш а ду! Церан дай а, ден дай а, ворхIа а дега кхачалц церан тайпа а ду-кх!.

— Тхан тайпа ду боьха? ХIай зуд яI,—аьлла, шаьлтана тIе ка яхийтира сатточо.

— ХIан, дика ду делахь! Хьовсур вай!—аьлла, гоьле охьакхочуш йолу шен еха шаьлта схьаяьккхира Азамата.—Ша валалург кIелхьара вер шух, ткъа ца ваьллачун аса чуьйраш охьа а йохуьйтур ю-кх!..

— ХIей! Мила ву кхузахь вайчарех? Схьа тIедуьйла суна! — мохь туьйхира ИсмаьIала.

Баттара яьхна шаьлтанашший, хьийзо таррашший куьзга санна лепаш дара. Цхьа тайпа кхечу тайпанах тасаделира, ирча латар дIадоладелира. Хьайбанаш санна Iехара, маьхьарий деттара адмаша, вовшашна цергаш хьекхайора. Вовшийна байа лиэташ бара уьш.

Гендаргночо Лорсас тур тоьхна охьавиллира цаI, цуьнан чуьйраш охьахецаелира. ЧIир екхар— валарал чIогIа лоруш ду: чевнаш хилла верг цхьана куьйга лазийна агIо лаьцна, вукха куьйга шаьлта а айина мостагIчунна тIехьаьдира, амма дитта юххехь ког а тасабелла, цуьнан гаьннех тасавелла меттах ца хьовш кхозавелира иза.

ЦIахь Iаш болу баккхий нах а, шайн кара йогI-йогIург оьцуш ураме схьахьаьлхира. Ницкъаш мичара болура а ца хаьара. Шайн керт-кевнашкахь мискачу хIусамашкахь хевшина, я тийнна эвлахула къаналлина халла когаш текхош дIасалелаш болу уьш, къоначел а тIахъ аьлла чухьаьлхира: тасало вай къоналлех?—аьлча санна. Шен керахь герз доцург, кертах боккхий хьокха а оьций, акхараллин латарна юкъаоьккхура, ма дарра хилларг шена хIун ду а ца хуъушехь.

— Ва-а! Сихо елаш! Орцах довлалаш!—бохуш, маьхьарий хьоькхура зудабераша, тIамарш дIаса а

туьйсуш. Хи тIе боьлхучу царна гира и ирча гIуллакх.— Сихо елаш, довлалаш орцах, леташ лиэш бохку шуна!— маьхьарий хьоькхура цара.

Летар сацадайтархьама, хьоькху маьхьарий а хезна, шайн спрбеллачу кортошкара корталеш даьхна, лиэташ болчушна юкъалилхира баккхий зударий. Лиэташ болу нохчий оцу сохьта дIасакъаьстира: кхин дIа лиэта бакъо яцара церан, иштта ду нохчий гIIллакх.

Байинарш дIакхехьа болийра. Чевнаш хилла берш цIийх дуьзначу шайн таррашна тIе а тийжаш, дIабоьлхура: нахана гIорасиз, осала гича эхь ду,—стага ша халла бен дIа а ца вахалушшехь гIо ца доьху.

ТIекхечира буьйса а. ЧIогIа угIура жIаьлеш, белларчушна узам беш боьлху зударий а хезара, ткъа байинчийн гергарнаш цIий Iанош чIир екха кечлуш, массо а меттигашкахула тебаш лелаш бара.

## 3

БуритIерчу кафедральни килсехь дезчу денна доIанаш дара деш. Дезчу денна тIеюхуш йолу ша тайпа бедар тIеюьйхина йолчу кафедральни хоро «Хьо, дела, хеставо оха» боху далла хастам беш йолу гимн къаьстина лерина лекхначул тIаьхьа, килсехь иза юьззина гребенский, соьлжерий, ламанца Мазлакерий болу гIалгIазаккхий бара парадана областе кхайкхина балийна. Теркаца долчу гIалгIазкхийн наказной атаман даккхийчу башхачу цIеношна хьалхарчу майданахь говраш могIаршка нисъеш дIахIиттийна.

— Нисс-ло! — аьлла, мохь белара парадана команда деш волчуьнга.

ЦIеношн коьртачу чувоьдийлийна тIеххула, баттара тарраш даьхна яккхийчу тоьпашна юххехь гIаролхой лаьттачу меттигана тIеххула йолчу ученна тIехь гучувелира наказной атаман шарла Колюбакин.

— Маршалла ду шуьга, къонахой! — аьлла, аьтто агIорчу гиччоний, белшаний юккъехь дIалаьцначохь сецира цуьнан куьг.

— Хьуна а хуьлда маршалла, хьан спйлалла! — аьлла, гIовгIанан тата делира гонаха. Юх-юха а мосуьйттазза дийкира оцу дешнийн аз.

— Доккха ирс кхаьчна шуьга, лечарчий! — олуш, Ко-

любакина дIасадаржийра кехат. Иза паччахьан грамота яра — белхалойн гIаттам бохорна гIалгIазкхашна баркалла бохуш йолу.

«Делан лаамца оха, Николайс шозлагIчо, ерриге Россин император а, да а волчу...» — аьлла, чIогIа, хIор дош къастош ерриге майданна хезаш дIадеша волавелира иларла.

Ма дарра аьлча грамота а йоцуш, ткъа бакъйолу, гIалгIазкхашка йолу манифест яра иза. Теркахойх-гIалгIазкхех «вайн тешаме, хьоме майра эскар» аьлла дара цу тIехь, «воеводас» Новосильцев Лукиана Терк боху гIала йилличхьана схьа йолчу ханна гIалгIазкхаша мел гайтина хьуьнарш дара цу тIехь дуьйцуш, оцу заман чохь мосуьйттазза а «тешаме а, буьрса а чIагIо яра», «паччахьана а, даймахкана а тешамций, бакъдолчуьнций гIуллакх деш бара» уьш.

Дукха вусавеллачу наказной атаманан юьхь цIийеллера, цуьнан аз Iоьхуш дацара, ткъа ерриге майда екош чIогIа хезаш дара.

«Оццул шаьш ца кхоош, тешаме а гIуллакх дарна майрачу гIалгIазкхийн эскарна къаьсттина тхоьгара, паччахьан баркалла а ду, дерриге эскарна исторически сий а, баркалла а доккхуш оцу тайпа цо гIуллакх дар дохалур доцуш хилар тхайн императорски дашца чIагIа до оха...

...Иза билгалдоккхуш Теркаца долчу гIалгIазкхийн эскаре императоран комаьршонца хаддаза боккха безам хиларна, оха тхайн куьйгашца тхаьш хIокху грамота тIе куьйгаш а яздина, паччахьалкхан мухIарца чIагIде а аьлла».

ГIалгIазкхаша юх-юха акъбуьйлуш «ура» бохуш жоп лора оцу дешнашна. Церан яххьаш цIийеллера, йовха бIаьсте яра лаьтташ ерг — апрель бутт чеккхоллуш лаьттара,— ткъа парадехь юха гIалгIазкхийн хорма а юьйхина — холхазан куйнаш коьртахь, Iаьржа чоэш дуьйхина, чиллина хьесаца тираш йина, кIужалш йолуш кхозуш чимчаргIаш долуш, маьлхан къуркъманехь богуш лаьттара уьш.

Иларла ученера къайлавелира, буьйр деш командираша баттара даьхна тарраш лиэпаш дара, отделенина тIаьхьа отделени а йолуш, йираш а лоькхуш, дезчу денна йолчу парадана дIабуьйлабелира гIалгIазкхий.

Кура а, шайх дозалла хеташ а болу уьш гонаха дIа-

сахьоьжура: паччахьо ша баркалла а аьлла, совгIат а дина царна, делахь хIета иза дан бахьана хилла. Ткъа тIаккха? Бунт ечех кIелхьара хIинца дуьххьара воккхуш вацара цара паччахь!

Шад карахь йолу куьг хьала а айина ластийра уряднико. МагIаршна юккъерчу цхьаммо чIогIа йир лаккхайолийра, кхечо цунна тIаьхьара элира.

Казармашна тIекхаьчча, цIандина долчу аннех йиццу ехачу стоьлашна гонах кертахь охьахевшира гIалгIазкхий, стоьлашна тIехь дара бепиг чохь бошхепаш, тIера Iа а гIуьттуш кедаш, кхузахь даькккхина долчу цIечу а, цIен бос болуш долчу а чагIарх дуьзна кедаш а, чагIар чохь долу черманаш а.

ЧагIаран кад кьалаайбира цхьаммо, гIалгIазкхаша йир дIайолийра паччахьаний, цуьнан зудчунний, паччахь хиволчу цуьнан кIантаний тIера кедаш мелира цара, лоькхуш йир а йолуш, йиран дешнаш ишгта чекхдовлура:

Ткъа боьазлагIа кад
Алсамо буьззина ботта
Мер вай шортта кад
Ваьш дийчу оьрсийн махка тIера!
Ура! Ура! Ура!

Грознерчу эскаран дакъошкахь а лаьмнашкарчу гIопашкахь йолчу гарнизонашкахь а ишгта дIадийшира эвлашкахь кхиамца таIзарш дарна командирашний, цхьаболчу эпсаршний совгIаташ даран а, уьш чинашкахь лакхабаран а хьокъехь долу приказаш. Лахарчу чинашка а «баркалла» дийтира паччахьо: цхьацца кад къаьркъий, шишша пачка махоркий.

Чинашкахь лакхабаьхний, орденаш еллий болу эпсарш декхарийлахь бора Буритlе дезачу денна гулбала. Чахкар гIалахь цига ваха билгалвина вара гарнизонан начальник а, драгунийн ротмистр волу Быстролетов а.

Анатолийс рапорт делира, шен меттина муьлхха а кхин вахийтахьара, цIехьана могуш воцуш хиларна ша цIахь витахьара, аьлла, доьхуш. Гарнизонан лоьро дотгагIалли тIехь хьокъала доллу тоьшалла делира цунна.

Анатолий могуш вара. Цунна дуьйцийла йоцуш бухависа лаьара, цу тIе ша цаI а волуш, полковник а воцуш, начальник цIера ваьлча гIуллакхана кхечарел хIара лакхара хиларна гарнизонна тIехь команда дар шен кера догIур ду моьттуш. Цо олуш ма хиллара, «юкъарчу ле-

таршна юккъехь» доллачу совгIатах башха кхачо а ца йира цо. Цул совнаха, иза-х цо Буритlе ца вахча а схьаоьцур ду. Цхьана муьлххачу а гIуллакхана даькхина а шеггара гайтинчу хьуьнарна, шена цхьанна башха совгIат даларе кхача лаьара цунна. Цо балха тIехь лакхаваларна цунна хьалха шуьйра неIарш дIайоьллур яра. Ткъа ншта хIокху наьIалт хиллачу гIопехь висахь-м, дуьйцийла йоцуш, матарвоьлла маларе вирзина вуьсур ву.

Цуьнан шен планаш яра: бечу ницкъашгй, эзар исс бIе пхоьалгIачу шарахь дIадаьхьначу адамаш лецарший гIаттийна долу обаргалла шорлуш а, кхерамечу амале доьрзуш а лаьттара. Хьаькамаша лелочу цхьанне а гIуллакхех гIоле яцара хуьлуш. БIаьвнаш а йолуш долчу стоммачу пенаша гобина а, герзаш карахь ха долуш а йолчу гIопара а, кхаьрга лар а ца луш, майрра чу а лелхий говр̆аш идайора обаргаша.

Ца воьдуш буха виса бакъо каракхаьчна волу Быстролетов чIогIа там хилла вара. ХIинца цо шена тIеоьцур ду гарнизонна тIехь команда дар — шена иза ма тов полковник Iенда шен БуритIахь са а къоьруш хиъна: цуьнан хьадалчаша цунна хIинцале цхьаболу хаамаш беана, сихха аравала мегар ду — дала гIо дахь! — обаргийн коьртахой лецабала а тарло. ТIаккха хьовсур вай, наха а, дала а вицвина волчу эскаран ротмистран дахар муха хийцало!

Амма цIехххьана цIийннана йоцчу цуьнан хIусамана чуиккхира эпсарийн дийнна тоба. Цхьаберш чамдина тIебеттабелира, вукхара шкапа чуьра парадехь юху мундир схьанйцира.

— Цхьа хабар дуьйцур а дац! — бохуш, гобора цара Анатолийна. — Цомгуш ву! Цомгуш ву! И хIун хабарш ду! Оха ншта ма дарра дIааьлла полковнике! Цо вола боху хьоьга. Тхуна-х дерриге а хаьа, шек ма вала хьо — даьшна кортош дерш схьалецар ма доккха хIума а ду! Вай полици-х яций!

Быстролетовн уггаре а герггарчу накъостех цхьаммо цуьнан лере а вахана шабар дира:

— Сетта а ца сетташ, вахар магадо аса хьуна. ГIопехь полковникан меттина Лагутин вуьсу, ткъа Оля шен деца йоьдуш ю.

Оцо гIуллакх кхечу экъанна тIедаьккхира. Майра бухавуьсу, зуда йоьду. Ольга Владимировна! Оля, гарни-

зонан начальникан йоI! Цуьнан дуьхьа кхузахь, муст а велла, масех шо доккхуш вара хIара. Лаьмнашкахь, накъостех цхьанна да волчохь хиллачу цхьана ловзаргахь дагахь доцуш хилла цхьаьнакхетар — хIара ю-кх цуьнан тIаьхье, сагатдеш, даха дог доцуш, Iалашо йоцуш ирсе сатийсар... Берийн кхетамехь хиларна, дерригенна тIехь а дас боххург дан Iемина хиларна Оля маре яхара са аьрто болчу, хьекъал кIезго долчу Лагутине. ТIаккха дIа ша динчух кхетча тIаьхьа дара, Анатолий ша шена тоха гIоьртира. — «Сан дуьхьа вахахьа»,— бохучу хIумма а маьIна доцуш долчу, Оляс аьллачу дешнаша ваьккхира иза ша шена тухучуьра. Ша лелочух чIогIа цатам шена хуьллушехь иштта беламечу дахарца вехаш вара иза. КъинтIера ца валлал Iовдал хIума! ХIинца иза дерриге а дIатаса сацийра цо — тоьур ду! Дахар-цкъа бен луш дац. ШайтIана луург хилахьара цунах!

Юха а гезиган машина юкъа нисвелира иза: ца хили-кх цунна моьттург! Бакъду, иза гIур ву, бакъду, иза юха а цунна тIехьийза волалур ву... Амма... иза гIур ву...

Кхин пхи сахьт даьлча цIерпоштана тIехь, хьалхарчу классан вагона чохь меттигаш дIалийцира эпсарша. Административни центро ша тайпа кхайкхаран кехаташ дахкийтина дезачу дийне кхайкхина кхуззахь боьлхуш бара промышленникаш а, помещикаш а, цхьанна тIехь мухха бевллехь а гоьбевлла совгIаташ дала билгалбина болу юстицин векалш а, таIзарш даран гIалгIазкхийн отрядан командир а, Чах-Кара-гIалара масех драгун а. ГIуллакх дан лууш болчу накъосташа Ольга а, Быстролетов а цхьана купехь нисдеш хIума дира. Ольгин да хьалхарчу дийнахь дIавахнера.

— Кхин кхуза юха ца ван хьожур ву со,— элира Анатолийс, леррина Олига дIа а хьаьжна. Ткъа цо дуткъа цIоцкъамаш а саттийна, юьхь малхо ягорах а ченах а ларъеш шуьйра йисташ йолчу шляпина тесна йолу вуалетка хьалатесира.

— Аьлча а, муха бахара ахьа?..

— Тешаме рыцарь хIинццалц схьа шен стуна Iар лууш хиллачохь Iийна,— аьлла, жоп делира Анатолийс, цунна тIера бIаьрг ца боккхуш. Цуьнан аз чIогIа а, мелла а беламен а декара. Ольга кхидIа хIун олу техьа кхо бохуучуьнга хьежа елира.

— Ткъа хIинца... ХIинца, суна хетарехь, сан стуна а кIордийна. Делахь хIета...

— Хӏа, иза дара иза! — олуш, цуьнан дашна юкъа а оьккхуш, иза маликах тера ю бохуш, даима а Анатолийна хазахетачу кепехь, корта агӏор дӏа а тосуш, писъелира иза.

— Ткъа нагахь стуна цхьанхьа а яха ца лаахь? — дуьхьал цуьнан бӏаьргашна чухьаьжира иза. Ткъа нагахь стуна рыцарна яха ца луучу яха лаахь?

Цӏеххьана, иза шен керахь вуйла а, шена луург дан иза кийча вуйла а хууш йолу иза чӏогӏа елаелира:

— Ткъа дуьнен чохь яине а ян юй техьа рыцарна шен стуна тӏаьххьий ваха ца луу долу меттиг?

Драгуно катоьхна схьалецира цуьнан куьг. Тоьур ду! Кхуззахь, хӏинцца дӏаала деза шен дагахь дерг! Ша къонаха хилар, батта кӏел хиъна даккхий синош дохуш 1ен бер — паж ша ца хилар, гайта деза цунна!

— Ольга,— элира цо шога, буьйр деш санна. — Ольга...

Купеи неӏ туьйхира.

Минот яьллехь дена олура драгуна, амма сихха мегтавеанчу цо Олин куьг дӏа а хецна:

— Чува мегар ду! — элира, мохь тухуш.

Луларчу купе чуьра есаул чувелира. Цунна тӏаьххье гучувелира «зуламхошна» дуьхьал уьш бехбаран къамелаш дарехь гоьваьлла волу прокурораи накъост, тӏаьххьаре а чувелира шеца зуда а йолуш волу промышленник.

— Господаш, шу эскаран хьаькамаш хиларе терра шу долчу даьххина тхо — Алийша, тхуна хаьа лаьара.

— Цхьана минотгина, цхьана минотгина собар дел, — аьлла, церан даша юкъа а оьккхуш, чуеанчу зудчуьга, — охьахаа,— элира ела а къежаш, Ольга Владимировнас. Ткъа вукхо кхунна юххе охьа а хиъна, цхьа а хӏума ала ца кхуьуьйтуш, дӏадолийра.

— Оха къевсина,— чубаьххинчийн агӏор корта ластийра цо, — цхьаболчуша боху. Колюбакин цхьанхьа-м кхечухьа воккху, кхечара боху — иза балхана лакхавоккху. Ткъа аша хӏун боху оцунна?

— Иза а я важа а бакъ дац,— аьлла, жоп делира есаула.

— Ткъа делахь . Синкъерам, той, декъалбарш.. иза-х цхьана хӏуманца декъалвеш ма варий? — ишт1а хаттар деш, белш саттийна, лепаш чо болу цӏока а йолуш

долчу жимчу жIаьлин кочатесна ганчу хавчу эIенаи йист керахь ловза а еш Iара чуеана зуда.

— Господа, вайгара аралала мегар дац шуна,— элира гIалгIазкхийн эпсаро, вела а воьлуш,— иза хIинца а къайле ю: инарло пачхье кехат — рапорт дахьийтина, чулацам Iаламат либеральни болуш.

— Ткъа ма дарра муха?

Пачхье дехна цо, ламанаи пахана дуьхьал правительствос деш долу гIуллакхаш мелла а ницкъаш ца беш дахьара, хIунда аьлча, таIзарш мел до адамаш кар хахловлуш хиларна, уьш гIовгIаран барам алсамоволуш, тIелетарш дар кхуьуш хиларна. Ткъа цо пачхьалкхан яккхий харжаш ян доьзуьйту аьлла.

— Ткъа тIаккха?

— Пачхьо инарлина жоп делла «Хаддаза воашех тиесабаларшкахь а, цIин Iенош а гIалгIазкхийн майралла кхуьу, алсамволу, ткъа цунделл долуш долу хьал малдархьама гIуллакхаш дар цхьана а тайпана оьшуш дац»,— аьлла.

— Со-м кхеташ яц, ткъа кхузахь стеина декъалва веза,— олуш, зудчо қъьйгаш дIасатесира.

— Тешам хилар ду,— аьлла, метахъхьайра эпсар.— Лаккхара гIуллакхаш гергара геонам хилар ду хьо массаьрца а гIевттинчаьрца гаралур ву. Ткъа цул совнаха,— иза хиларна цо,— аса-м дIа ма хьедийий шуна. Иза кхайле хилар. Ткъа вуьшта дуьйцуш ду, пачхьо Колюбакинна сийлахь гIуллакхаш гIе а дехкина, тхкхий бакъонаш а ела, бохуш.

Къамел мелла а самукъанеш хабарна тIедилира, куце чохь коньякан шишнаш э, кхалла хIума а гучуелира, закъерар дIадоладелира.

Вагон чуьра кореххула арахьаьжча герасюккъехь санна шера гуш дара Кавказан лаьмнаш. Машинан некъа йистонца дIа яра раьтIаш, баьрзнаш, ханнаш, ткъа кхин а юххехь шерачу арешахь, лаьхьано санна чIут а етташ охьадогIуш хи дара.

Айаеллачу мегтехь цIерношкан яй мелламо хилира, вагонаш буферица новшахъетташа юьйлаелира, я чуьра хьалабуьйлучу Iаьржачу кIуьро сирла стигал бовзаве юра.

— Соцучу-м ца кхечи вай,— элира хьала а гIоттуш зудчо.

— Станци ю кхузахь? — хаьттира Ольгас хьала а гIаьттина, корехула ара а хьожуш.

Цуьнан самукъане йолу юьхь оцу сохьта бос байна цIеххьана мажъелира. Юха а ца хьожуш, катоьхна эпсаран куьг лаьцна, иза коре озийра цо. Массо а шайн меттигашкара хьалалилхира: тогIечухула цIерпоштан некъ хадош, нуьйрашна тIе а летта, хьахкина богIура герзашца кечбелла болу береш. ЦIерпоштан яй орца дохуш луьстта биэка белира.

— ХIун хилла? — хоттуш, сени чуиккхира гIалгIазкхийн эпсар.

— НеIарш дIакъовла! ДIакъовла купеш! — бохуш, мохь а бетташ, вагона чухула дIасауьдура кондуктор.

Хьацаран чопа яьлла йолу говраш цIерпоштана тIекхечира.

— Машин! Машин! — аьлла, маьхьарий делира ламанхошка. Тоьхаш евлира Машинистан будки чохь ангалин бIаьргаш доьхна ангалиш охьаийгира: манометр а йохийнера, хи дусту ангали а, инжектор а йохийнера. Яй болх бечуьра сецира, иза талхийнера. Кочегар яй тIера охьа а иккхина, лаьтта тIехь дIатаьIна лечкъира. Машинисттий, цуьнан гIоьнчий, кондуторшший охьа а бисснйна, ши нохчо уьш ларба дIахIоттийра. Обаргаш вагонашна тIелетира.

— Кегъе неIарш! — аьлла, буьйр дира Джос. Говрашна тIера охьабийсина вагонийн неIаршна чIугIоьртира.

Ерриге вагонашка хьожуш ТIатIашан бIаьргаш хьалхарчу составан вагона тIехь севцира. «Иза—уггаре бехаш берш тIехь болу вагон ю»,— бохург дагадеана иза цунна тIехьаьдира, шен цIийнан неI иза йолуш санна, неI етта велира иза. Амма вагон дIа ца йоьллура. ТIатIаш тоьпан бух бетта велира, неI кагийна ангалин бIаьрг бохийна тамбурна чуиккхира иза.

— Муьлха схьалаца аса? — аьлла, акха мохь туьйхира цо.

— Бос алсамо лиэпаш верриг схьалаца! — элира ойла ца еш жоп а луш Джос, цIерпоштана хьалхахула оьгIазе дIаса а уьдуш. — Хьакхарчий санна, берстина берш а схьалеца аша.

Вагонашна чулелхаш болу ламанан нах ницаре ирах а кхийсалуш, лоьмаш санна дIасауьдура, чохь болу пассажираш шаьш болччохь Iада а бина биснера.

Быстролетовс тапчех катуьйхира, неI мийра тоьхна дIа а йиллина, тIаьххьара патарма кхачабаллац обаргашна дуьхьало ян дагахь. Амма неI схьа ца еллалора.

— Ца оьшу! Кхин а вон хир ду,— бахара кхераелларчу Ольга Владимировнас. — Ма тохалахь тапча, аса доьху хьоьга!

Амма хьерваьлла волу Анатолий кийча вара неI чIаьгIна елахь а купе чуьра тапча дIаетта. Нефтепромышленикан зуда, тапча схьаяккха дагахь, тIекхийтира цунна. Лаг оьзна хиллера, чIогIа тата доккхуш елира тапча хIоъ багажниках чекхбелира. Чуьра жIаьла кхераделла цIогIанца дивана кIел иккхира. ОьгIазвахана Анатолий цIийвелла кхохкийра, дешнаш дика ца къаьсташ дов а деш, мийр тоьхна неI чуьра а яьккхина, чугIерташ волу нохчо дIакхоьссира цо. Тапча лаьтта охьаюьйжира.

ЦIийх дуьзна бIаьргаш долуш болчу ламанан наха драгунна го бира, шаьлтанаш а лецна, уьш цуьнан гай тIехь дIасахьийзайора, цара, тIаккха вагонна чуьра араваьккхира цара иза.

ТIатIаш купе чохь виспра, тапча схьа а эцна, кхин герз лоьхуш чухула хьажа волавелира иза. ЦIеххьана цIийза а цIийзаш, шена тIаьхьа зIе а текхош дивана кIелхьара схьаиккхира жима жIаьла.

«Йэ! Хьажахьа оцу шайтIане! — ТIатIашан бIаьргаш къаьрзира.—Схьа ма хьакхалахьара иза, бехвийр ву-кх со цо!» Иза вуно оьгIазвахнера, катоьхна зIе схьа а лаьцна, муш санна иза хьарча а йина, ласта а дина, ширдолагаца тIулг кхуссуш санна корехула аракхоьссира цо жIаьла.

— Маса стаг ву! — хоттуш долу Джон аз хезира.

— Пхийтта аракхоьссина оха! — олуш, мохь туьйхира ТIатIаша.

— Ца тоьу, кхин шиъ схьало!..

— Йоккха шаьлта а яьккхина, бос байна лаьттачу пассажирашна тIехьадира ТIатIаш. Цхьа хIума кхетча санна цIеххьана соцунгIа хилира иза. Цунна хьалхалаьтташ вара еза кетар а юьйхина волу Хьамзат. Цуьнан дегочу куьйгаша дIалаьцна таьллаш дара. Совдегарна тIехьа лечкъаш вара прокуроран накъост, шен портфель ца гайта гIерташ, ткъа цу чохь «политически зуламхой» бехкебеш долу гIуллакхаш дара. Ткъа кхозлагIниг, партийни комитетера Степан Тарасовиче кехат эцна воьдуш

волу Курганов хиллера. Кхерабалар гІальттинчу хенахь цІерпошта тІехула ведда вогІу иза хьалхарчу классан вагона чу висвеллера

— ХІумма а хиллий? — хальттира Хьамзата похчийн маттахь, велавала а гІерташ, балдаш саттийна. ТІатІаш, курра юха а вирзина, иза шена ца вевзаш санна сецира, амма цунна дагахь-м дара: «ХІинца-м кІелхьара вер ваш хьуна хьо, жІальйи кІеза!»

Кхаанах цаІ сов вара. Къасто везаш верг шиъ вара. ТІатІаш леррина прокуроре дІахьаьжира: «Ворта стомма ю, ша а черма санна ву» — боху ойла йора цо. ДІанехьа лальташ вара Курганов: «Иза гІийла ву, цу тІе ледира тІеюьйхина а ву. ХІара муха кхальна техьа кхуза?» Цкъа цхьаьнга, тІаккха вукхуьнга хьаьжира ТІатІаш. Хетачо Іеха ца вира иза: Курганов дІавахийтира цо. Сихха гІевеара Джо

— ХІинца маса ву?.. — аьлла, хаттар дина, йийсархо багарба велира иза.

Хьамзат Джона тІехьаьдира.

— Джо, хІара-м со, Хьамзат вай! Со ца вевза хьуна?

Багарбеш воллу Джо хьесапна гал ваьккхира цо, диканиг хир дац бохуччух шекволуш, дуйваш баа велира иза, обаргаш тешо гІерташ ша хІун дуьйцу а ца хуш

— Аса Іелора дуй ма боу шуна, я оьрсий ма ваш, со Хьамзат ву, вохчо ву Буритіе тІаьрсиг эна тІаьрсиг... воьлуш вара со. Аса къорІана тІехь дуй боу шуна, шуна массарна а хІума дур яра аса. Тоьлуш долу гІаьрсигаш лур вара аса!

Вуно оьгІазвахарна шога цуьнга дІахьаьжира Джо.

— Баккъалла а ца вевза хьуна со, Джо? Хьуна лаахь аса сайн айгІар а лур бара хьуна? ДІавахийтахьа со! Аллах! ву-ях гуш верг, аса дуй боу хьуна иза бала!

Джос шена жоп ца лойла гина Хьамзат вуно гІелвелла кхечу вохчашка хьаьжира, амма цара а тергал ца вира иза. Берриш а буьрса яххьаш йолуш, бист ца хуьлуш Іара. ПачхьалкхІан ахча а, мехала кехаташ а чохь долу вочтан тІаьрсиган гали деара Джона тІе. Джос ахчанан пачканаш схьа а эцна, уьш чета а, кІепашка а дІаса а поьхкира, ткъа цул гІаьхьа говра хиира иза.

— Говраш тІеховша!..— аьлла, буьйр а деш.

Вагонашна тІера охьабаьхна болу берриш а— гІаттам бохийна волу гІалгІазкхийн ши эпсар а, Быстролетов а, шиъ гражданскн чиновник а, ши купец а, царех

ца! оьрсийн миллионер, важа—Хьамсат, шиъ фабрикант а, кхоъ нефтепромышленник а, кхоъ помещик а, прокурорах пакъост а—некъа тIе охьа а баьхна, шайна хьалха а баьхна: «Гайда пишол!»—бохуш, маьхьарий а детташ, дIабигира цара.

Элсарш дIа а бихкина балабора ватонна тIехь чIогIа дуьхьало а йора цара, деташ масех нохчочунна чевнаш а йира цара.

Кхузара гена валалле шера, яьсса, тIехь адамаш дехаш йоцу, наггахь тIехь баьрзнаш, акха арешаш бецаш йолуш йолу аре яра. Цхьана лакхенехь хиъна Iаш ъарзо яра. Оцу адамашна шен бала ца кхочий хууш санна, иза пархIат тIемаш а ластийла, меллаша хьала а йиъелла, когаш дIа а хьулбина, ламанан басешка дIаелира, борешна некъ гойтуш санна.

Ламанан паха гойттуш, Iуьттуш хьалхалаьхна далош долу адамаш тIеделла хьалхахьа стенга юьлху а ца хууш дIаоьхура. Бахьана доцуш, сий доцуш, беламечу даларан ойла тIе ца йита тIепертара цхьаберш, ткъа важаберш дикане дог дохуш, доIанаш деш бара. Амма буьрса, бист ца хуьлуш богIу нохчий тича цхьа а детта йовхо ца хуьлура шеран, гIат а буьйлуш хьалхахьа дIаоьхура уьш, шаьш ца бахча ца буьту дела.

Цхьанне а хьокъехь ойла ца яр тIепертара Быстролетов ХIунда? Мелхо а ойланаш яро кхин а сингаттаме вийр ву! Амма ойланаш шашах дага чу оьхура—уггаре дагна лазам беш, дог Iовжош дерш оьхура дага. Цо оьIазе корта ластийра, хIуъа а дина а йиц яц ешара и ойланаш. ГIалгIазакхийн элсар олла а велла, букар а бахана воIу тича, цо цуьнга тIехтохам беш элира:

— ЛадогIахьа!. Хьан цIе хIун яра? ГIулч яккха, болар де! ХIе-хIе-хIе. Хьайн элсаран куралла ма йохае! Уьш-м къуй буй, кхин хIумма а яц хьуна уьш! Пшли,— аьлла, цIехьана мохь туьйхира цо, оцу акхачу махьаро йийсархойн догIмашка зуз даийтира. Быстролетовна тIехаьхкира цхьана беречо, кхуьнан лерга уллохь терсира цуьнан говр. Ткъа кхо корта дIа а берзийна, хьере хилча санна, мохь хьаькхира.

— Тешамениг! Сан доттаг!!

Куьйгашна юьхь дIа а къоьлуш, цIехьана велхар иккхира цуьнга, нохчо тIехь верг шен говр юйла хиин чул тIаьхьа.

Нохчий Iин чу охьабиссира. ЛагIнийн зIе а баьрз-

ийи аре а къайлаелира. Хезаш бара лакхахь хьокхуш болу мох.

— Совцал!—дlо дlа Iин тIехула гуш болчу берда тIе цIелг а хьажийна:—цигахьа яхийта!—элира цо.

Массарал тIаьхьа а висина вогIуш волу Хьамзат тIаьххьашка сецира:

— Хьуо кхоьллинчу делан дуьхьа дIавахийтахьара, ахьа со,—аьлла. доIа а деш дийхира цо. СоцангIа хуьлуш, кIегар вирзина иза Джос шад а айина, меллаша хьалхахьа дIалаьллира.

Говрашкара охьа а лилхина, йийсархой Iина берда кIел дIахIиттийра нохчаша. Массо а, Быстролетов вопург, гора охьа ийгира, шаьш ца дайар доьхуш. Ткъа обаргаш бист ца хуьлура. ПаргIат ежаш юьстахо лаьтташ яра говраш, хIохху ирчачу, буьрсачу метте шаьш оцуьна ялийча санна.

Джос топ кера а эцна, тIехьаьжийра. Цунна тIаьххье тоьпаш хьалаайира массара а.

ТIеэрзийнчу тоьпашна хьалхалаьтташ волчу Анатолийна цIеххьана вуно шера къеггина хьалхахIоттира Ольгин юьхь-сибат, цуьнан исбаьхьа лиэпа ши бIаьрг, мелла а цаяшарца йоьлуш цо аьллачу дешнийн аз: «Ткъа юй техьа дуьнен чохь меттиг, хьуна цига кхача ца лууш йолу?»—Иза цIеххьана чIогIа велавелира. Саца ца луш воьлура иза, велар цхьа тамашийна, иизаре акъ дара: цуьнан бIаьргаш чуэгнера, букъ тIебаьллера, ткъа куьйгаш хIаваэхь кхозуш санна хеталора, оцу акхаралли хIумнах хьере бина болу кхиболу йийсархой схьалаца гIерташ санна дIатуьйсура цо шен куьйгийн тIаьрзенаш.

## КОРТА IV

### 1

Гонах йина лекха керт йолчу, гIалин ширчу набахтин камерш юьзна яра. Адамаш тIе-кIел йинчу шалхачу нараш тIехь Iохкуш дара, гобаькккхина чохь йогIучу ехка а, хьацараш а, цIанош тIе арахууш долчу чермин а, тIуьначу пенах гIуьттучу Iаьпаран а боьхачу хьожашо садукъдора. Й боьха хьожа пехех а, хьех а, цIийх а чуюлура.

Чубаьхкинчу нахах цаI, нарашна юккъехула корта

ара а къадийна, похчийн маттахь маьттаза бага а тоьхна, оьрсийн маттахь леткъира: «Хlо деза! Садоlийла яц!»—аьлла. Адамаш синтем бощуш, садоlийла йощуш пийшина lохкура, моданой, хьапарой бехдина долу шайн доглмаш кlамдора цара, набарха луьйра уьш, узарш дора цара, цергаш хьекхайора.

— Хlей, доттаг!! Сан бетах а ца lуьттуш, хьайн коташ дlахилабехьа,—аьлла, леткъира цхьа оьрсий. Цунна туьхьал цаl цlинзаш вистхилира:

— Ва!—цхьа дуьне дарз—баьццара эренаш, сийна стигла, бошмаш, лаьмнаш долуш... Цигахь сан эвла, сан цlа а ду... Ой... хlара кхин дуьне ду-кх—со мича ккаьчна...

— Хlей шайглаташ, хlинца а наб ца тоьхна шуна?—аьлла, сатосуш чубаьхкира набахтин надзирательш.

— Хlо оьшу!—аьлла, юха а узар хезира.

— Хьалагlовтта, лаьшна коргош долу йилбазаш!—аьлла, чохь мохь туьйхира надзирателе.

Тутмаккаш серлонгахьа дlаглоьртира, сетта а сетташ, доглмаш а цlзош, хи йистте кхоьсинчу чlеро саина, баганаш а гlиттош. Уьш шайн кийра бузэш хlавах чуоза гlертара, амма оцу сохьта яьхкинчу повхарша церан садукъдора. Шу ваша Бай-Мурад а, Бай-солта а вопург, важаберш гул а бина, сени чу арабехира. Товар дала вуьгу аьлла, lеха а вина эвларчу кхечу бахар хоцца цхьаьна цlерш а яьхна дlавигинчу дийнахь дуьйна и шу ваша лаьцна гlала дlа а вигина, набахтин камера чохь воллуш вара. Цу шиина хезнера, дукхах болу шайн накъостий, «кхерам тасархьама» цхьанл хаина набахтехь а бахкийна, дlахецна, аьлла. Амма Бай-Мурад а, Бай-солта а чохь воллуш вара. «Халкъан цlарах векалш хилла тхоцца лелла дела чохь валлаво хир ву-кх»,—олий, ойла йора ну шимма, доккха са а доккхуш.

Хlинца и шиъ камера чохь шаьшшиъ цхьа виснера, куьйгех гlоьмаш гоьхна волчу шаьшшиина, неlарна чухула догла а тоьхна, тlевоглавеллачу кхаа надзирательца. Хlинца хlун хир ду-те кхунах?- бохуш, ладоьlуш lара и шиъ.

Надзирателех цхьамма, Бай-Солтин куьйгех гоьхна волу гlоьмаш дlа а яьхна, цlанош тlе ара хуьйшуш волчу параша тlе плелг а хьажийна, омра дира:

— Дlаэца, дlахьо,—аьлла.

Бай-Солта ца хьо ша бохучу куьцара, корта а ластийна, дІахьаьжира, куьйгех гІоьмаш йохкуш волчу шен вешига.

— ХІун деш лаьтта хьо, бежана санна, хьоьжуш? ДІахьо иза!—аьлла, надзиратель цунна тІеволавелира.

Тутмакхо, цуьнга а хьаьжна, ца хьо ша аьлла, юха а корта ластийра. Дежурнис, мерах шок а тоьхна, цуьнан куьйгех юха а гІоьмаш туьйхира.

— Хьо хІинца а Іамаза ну?—аьлла, тІе а чевхина, надзирателла Бай-Солтина лерга юххе ластийна тІара туьйхира. Иза охьавуьйжира, цІийца цхьаьна багара церг а ужуш. И сина оІаьргашна чу цІий дуссуш оьгІазваханчу Бай-Мурадана чу хьаьвцира надзирательш. Надзирателех цхьаммо буй ластийра, амма и буй шена тІекхачале Бай-Мурада хьала а кхоссавелла, шен доггах гай тІе мийра тоьхна иза кхоьсина дІавахийтира, корта пенах а кхеташ иза охьавуьйжира. Важа шиъ тутмакха на чуккоссавелира.

— Схьалаца акхаро! — бохуш, мохь хьоькхура цу шиммо, иза маравелла гІерташ. Ткъа «экхано» а, кхийса а луш, нараш тІера нараш тІе а вуьйлуш, доггаха мохь беттара: «Сан да а хІаллакьхилла, ваша а хІаллакьхилла, со а хІаллакьхир ву!»

Иза цхьана сона Іа а табийна, дежурнеша, цІенкІахь Іуьллуш волу Бай-Солта, юха а мийра бетташ дІа-схьа кхийса волийра. Бай-Мурад царна вицвеллера, ткъа иза, дукха оьгІазвахарна, бІаьргаш чу цІий а доьсина, лакхарчу нари тІехь охьа а лахвелла охьаэккха кечвеллера шен вешегахьа гІодаккха, амма гІоьмаша цунна охьаэккха новкъарло йора; нари тІера охьа эккхаш цо, таса а велла, цІанонна тІе хууш йолу параша харцийна, кор а шершина, ша а охьакхийтира иза. Наьзирательш юха а цунна тІебирзира: цара цунна ротІана къиза мийраш битира.

Тутмакхан бІаьргаш кънихетам боьхуш бацара: цабезаман цІе яра царна чохь кхерсташ. Цо доккха са чу а оьзна, багарчу цІийца цхьаьна йоккха яькккхина шатт туьйхира надзирателех цхьаьна оцу юьхьа тІе.

— Оха бер хьан болх! — бохуш, маьхьарий а детташ, надзирательша цунна къиза еттара.

Дукха хан ялале, гІовгІа дІатийра. Чуьра са даьлла волу и шин ваша аратакхийра. Цул тІаьхьа и шиъ цхьаьна а кхин ца гира я царех хилларг а ца хьара.

Тlелеара «гlийлачийн» Іа, ловха а лаине а ло доцуш а. Наг-наггахь тесначу лай кlелхьара схьакъедаш Іаьржа тачанаш дара: лаьмнашкахь а, аренгахь а. Владикавказан урамашкахула салгаша сов Іуьйранна девина лева дІавуьгуш бархІ стаг вара, хьалхарчу могІарехь нисса кор боккхуш воьдуш вара «Потемкин» броненосеца гІехь гІаттам хилларчул тІаьхьа Одессера ведда волу Іаьржачу хІордан флотан ши матрос. И шиъ цуьнан командина юкъавогІуш ца хиллехь а амма лаьттан гІехь къайлаха болх беш хиллера. И шиъ Кавказе веанчул тІаьхьа лаьцнера. Цу шиина тІаьхьарчу могІарехь воьдуш вара гІарзяьлла Сочински республика вовшахтохьа йолчу, Іедална дуьхьал гІаьттинчу тобанах волу, ши салгий. Уггар тІаьхьарчу могІарехь воьдуш вара «псар вийна, цул тІаьхьа, ша и верна моллина мукъарло дина волу, «гІаттам бинчу» дивизионера 21-чу Апшеронски полкан салти гІашпо хІири а, Арсби а, Дмитрий Нашин а.

И ши доттагІ, вовшахкъаьстина дуккха а зама яьллачул тІаьхьа, тахана дуьххьара вовшахкхеттера. Беспаехь цІерношта гІехь вовшахкъаьстинера и шиъ Ткъа хІинца юкъарчу кхиэло и шиъ цхьана ханна къаьстиначул тІаьхьа, юха а ширчу набахтехь вовшахкхетийтира.

Цу шиина вовшийн хІумма а хууш дацара Іаьнан кхоьллинчу Іуьйранна набахтин кертахь ларамаза цхьаьнакхетта и шиъ, цхьана маттана вовшашка хьаьжначохь висира, тІаккха, вовшашка кхин вист а ца хуьлуш, вовшашка маршалла а ца хоттуш, церга балда а лаьцна, буйнаш а хьабдина и шиъ ул-улло дІахІоьттира. Ма лакхаваьлла-кх Арсби! Ткъа дукха хан йоцуш, миччахьа а Дмитрий шена гича, Арсби хаза хетта, мохь аьлла цунна мара кхетар вара. Хlинца Арсби вист а ца хуьлуш лаьттара шена уллохь лаьтташ волу лулахо цунна «ца вевзара» мел луьра таІзар дарх цуьнга бакъдерг а дуьйцуьйтур дацара. Вовшашца йолу зІе гучуякхха мегар дацара, белхалойн боккхачу доьзалан дог мостагІчунна хаийта мегар дацара! Амма, шицкъ бина а, гІелвина а кхоьллина а волчу Арсбин дог, тІема даьлча санна, айаделира. Дика ду, дерриге а ду, Арсби!—бохура даго. Дмитрий хьуна юххехІоьттина вогІуш ву!

Гlалара бахархой набарха бовлаза бара. Тlулган повкъа дlа-схьа йоду гуш наггахь гlудалкхаш а Iотталора. Маьl-маьlнехь гуш тодеш цlенош дара: церан не-Iарш тоьпан даьндаргаша, цаца санна, Iуьргаш даьхна яра, кораш раманашна цхьаьна бухдаьхна дара, къаьсттина, театраш хьалхарчу майданахь. Гlалин урхалла революционни отрядаша хьолахойн цlеношна йина чевнаш сихонца ерзош а, дlахьултьеш а яра.

Шина стражнико Арсби боданечу цlа чу вигира. Иза гlанта йистте охьа а хаийна, вехха Iийра, хlун хуьлу те, бохуш, ладоьгlуш. Дийнан делкъехь, цунна яхlума еара: бепиг а, дуьра чlара а. Цхьа сахьт даьлча иза, тоха са доцуш хьагвелира. Сарле хьогалло цуьнан багl якъийра, балдаш этгlера. Тlаккха иза лева вигира.

Тlеман суран а хаьа гlертара, театран майданахь Арсби чов а еш, лаьцначу хенахь белхалойн гlаттам дlаболийнарш а, цу гlаттаман куьйгалхой а муьлаш бара. Даманхочуьнна массо а тайпа таlзар дира: Iехо а гlиртира, хьогалла а лайтира, къиза етта а йиттира. Арсбис, хlума ца дуьйцуш, дерриг а лайра, суранче цуьнгара цхьа а дош ца даккхаделира.

Арсби мацаллийца гlелва волийра. Ши дей-буьйсий даьлча, иза гlелвелла вуьйжира. Иза кхаа сохьтехь терга Iиллийтира, тlаккха ша санна шийла хи тlе а доьттина, когаш тlе ира хlоьттира.

— Вистхуьлий?—аьлла, хаьттира суранчо. Арсбина тlе корта а ластийна.

— Ца хуьлу иза вист, воьжнера иза, хьан сийлал цхьана муьрах чекхваьлла иза.—аьлла, жоп делира дежурнис.

— Ткъа шолгlачу муьрехь лийр ву. Шолгlачу таlзарехь ца лахь, кхозлагlчу таlзарехь-м лийр ву?

— Бакъ ду иза—лийр ву!—аьлла, жоп делира дежурнис.

Арсбис «шолгlа таlзар» а лайра: вала а ца велира я цхьа а дош а ца элира. Етташ гlелвина, дакъаза ваьккхина волу иза, юха а урамашкахула дlа а вигина, набахтин камер чу кхоьссира.

...Ткъа Бено, дех хилларг ца хууш, гlойгlанехь вара. Иза пенан а, йижарийн а бlаьра ца хьажалора: цунна моьттура, цара шега схьаолуш хlума а доцуш, шега дагахь бехкаш бохуш: «Хьох вайн Абица цхьаьна цигахь яра, хьуна-х иза гира, цунна тlе хlунда ца кхачавелира

хьо, иза Iалаш а хIунда ца вавелира хьоьга?—боху моьттура цуьна. И жил-Iаламат гина боцу уьш, муха кхеталур бара цуьнга цигахь шега хIумма а даделла ца хиларх, гIо дан шен пицкъ кхаьчна ца хиларх? Амма зударий цуьна Iоттар яц дагахь а бацара уьш гIийла боьлхуш бара.

Бено Ефим Петрович волчу вахара: воккхачу стагана наI хаьа хир ду-кх?—аьлла. Цигахь цуьна Курганов гира. Са лоьцуш етташ йовхарш йолуш, гIелвелла, воча аьлла волу иза, жимахочуьнга вистхилира:

— Сих мало, доттагI! Кестта хьайн да хьуна гаре сатуьйсур ду вай. И гIуллакх шена тIелаьцна вайи Степана Тарасовича. Вало,—аьлла, цо Бено юккъерчу цIа чу вигира. Чоьхьаваьллачул гIаьхьа, чеI тIе а чIагIна, кIеначара кехат схьа а даьккхина цо дIадийшира.

— «Хаьа суна, накъостий кIелхьара баха беза. Тешаш хилалаш, и гIуллакх аса кхочушдийр ду Iодика йолда... Ст»

Ткъа цул тIаьхьа ши кIира даьлча, 21-чу Апшеронски полкан штабе цIеххьана омра кхечира, политически левина лецна берш, гIеман-аренан суд ечу метте дIабига, — аьлла.

Прапорщик Радько гIароллин тобанца дежурить деш вара. Цуьнан омра кхечира, лецнарш дIабига хьайи салтий кечбе, аьлла. Буьйса юккъе яханчул гIаьхьа сахьт доллуш, хийцабелла кхин салтий баьккира. Церан кхыгалхо, гIароллера салтий пагIат а баьхна, уьш магIара дIа а хIиттийна гIароллин хьаькаме дIаханйта вахара:

— Хьан сийлал..

— Кхеташ ду, пагIат хила, элира хьаькамо.

Фанаран серлонгахь лаьтташ волу Радько, гIаролла хуьйцуш волчуьнга а хьаьжна, вистхилира:

— Накъостий кIелхьара баха беза. Аса хьоьга иза аьллера: кийча дуй хьан адамаш?

Салти юьхьа тIехь хийцавелира.

— Степан Тарасович... хIаъ... хIаъ, тхо, цаI санна, массо-а кийча ду! Сийлахь гIуллакх ма ду иза! — аьлла, гIийла жоп делира цо.

Набахте боьдучу новкъахь, цхьана баьсеачу урамехь Радькос шен отряд сацийра.

— Дагахь латтаделаш.—элира цо лохха.—Вешанаш кIелхьара баха доьлху вай. Командин начальник со ву.

Сан омар—шуна закон ду, дерригенах а жоп аса лур ду. Аса баттара даькккхина тур хьалаойбур ду шуна—иза шуьга тоьпаш тIехьажае,—бохург ду шуна. Аса тур охьа ма дахийта—тоьпаш тIетухур ю аша. ДIаала вовшашка сан омра.

Аьтто агIор лаьтташ волчо шолгIачуьнга дIаэлира, цо кхозлагIчуьнга дIаэлира. Иштта салташа вовшашка дIаделира хьалькаман омра.

Салгий, оцу сохьта, ладугIуш, шибелла дIахIиттира.

— Жоп массара а лур ду вай,—элира цхьаммо, лохуа а, майрра а.

Буьйса юккъе яханчул тIаьхьа ши сахьт даьлча, салгий дIа а кхаьчна, набахте хьалха сецира.

Набахтин кертахь цIераш а йохуш, тутмакхаш набахтин кертара арабехира. Уьш цецбевлла дIа-схьа хьожуш бара: мича дуьгу-те вай, буьйсанна хан яьллачу хенахь?—бохуш.

Радькос, адамаш схьа а эцна, салгашка царна го а байтина, уьш новкъабехира. Цунна улло хIоьттина воьдуш вара набахтин начальникан помощник. Тутмакхаш—«къьсттина кхераменах бу хIорш»,—аьлла, цIетиллина бара, церан документаш набахтин хьалькамаша къьсттина чIогIа лелош а дара. Царна ха а «чIагIдина» дара.

Гобаькккхина, тIалахь садогуш стагга а вуй-те, аьлла, даьсса а, тиша а дара. Тоба гIалех араелира. Генара кхойкху хезаш нIаьнеш а яра, хезаш чехка доьлучу, гIуоро доьллачу Геркан тIовгIа а яра. Мох шок етта болабелира. Лай кIел дахаза долу эгна тIаш а дара когаша хьоьшу хаалуш; хьуьнан мур йоьлла хьожа кхета полаелира. Хан йолуш лаьттара. Стигла серлаяла полаелира. Стигалахь къегаш боккха сахуьлу седа а бара. Ламанан баххьаш серла а дохуш, маьлхан зIаьнарш а кхиттира. Радькос, совца, аьлла, омра дира.

Тутмакхашна уллохула тIема едда, тIовгIанашца дIаяхана, гена йоцуш охьа а хиьна, самукъане ека елира хьозарчийн арданг. Дукха хенахь дуьйна набахтехь боьхачу хьожанехь Iийначу тутмакхийн, серлонга, хIаваэ арабевлча, бехча санна кортош хьийзара цIенчу хIавах, хазчу хьожанах, шуьйрачу аренах, серлонах. Шаьш кхуза тоьпаш тоха балийний хууш болу уьш, Iожаллин гIаьххьарчу минотехь даккхийра синош дохуш бара, схьакхеттачу малхе а хьоьжуш, белакъежаш бара.

Арсби Дмитрийга масех дош аьлла, вистхилира. Амма, набахтин начальнико и шиъ, тIе а чевхина, вовшах къастийна дIа-схьа ваьккхира. Радько царна ца вевзира: серлаяла ма йолаелла, иза цаьргахьа дIа ца хьожуш, генахьо лелаш вара: тутмакх ларамаза цуьнга вистхилча а иза вевзачу кепара цуьнга дIахьаьжча,—набахтин хьалкамаш шекбевр бара, тIаккха дерриг а тIуллакх талха тарлора. ГIуллакх чекхдаллалц садетта дезара.

Уьш севцначу метте дукха хан ялале схьаккечира тIеман-аренан суьдан хьалкамаш,—прокурор а, Арсбин дов лелийна волу, къаьстина коьрта девнаш лелош волу сурагча а, лор а, мозгIар а. Суд ен кеп дIайолийра. Прокуроро бехке беш сихха кехат дIадийшира, бархIе а тутмакхана тоьпаш тохар а доьхуш. Суьдахой вовшашна лере а оьхуш, къамел дан буьйлабелира, тIаккха суьдан председателе, хьалххе кечйина кхиэл дIакхайккхийра: «Цуьнан паччахьаллин сийлахь локхалло тIедиллар ца.. тутмакхашна, махкана уьш ямарт хиларна.. — боху ш, кхин дIа а дагар дира цо, цара дина боху зуламе гIуллакхаш бархIе а тутмакхана.. — тоьпаш тохарца вен кхиэл йина. И кхиэл сихонца кхочушъя еза».

МозгIар, шен карарчу дарин йовлакха юкъара жIар схьа а яьккхина, ийзалуш, кхоьруш, тутмакхашна тIеволавелира:

— Сан бераш,— элира цо доьхначу озанца,— кху сохьта шу вайн далла дуьхьал гIур ду.. Цо жIар хьалаайбира, байа кхиэл йинарш «имане» бердочу хуьцехь.

— ДIавала! ДIавала тхуна хьалхара, ямартхо!— аьлла, мохь туьйхира апшеровцо, мукъардо диццул тIаьхьа ша воьхкина волу и мозгIар а вевзина.

— ДIавала хьалхара, боьха хIума, ваьIалг хилла хьан еза!

— Тхо дайарх кIелхьара девр дац шу, ахваелла хIуманаш!—аьлла, мохь а тоьхна, матроc шен накъосташка вистхилира:—Вежарий! Вай цхьана сих, цхьана цIийх схьадевлла ду шуна!..—олуш.

Матроcал тIаьхьа цаI-м аьлла Дмитрийс а мохь туьйхира. Арсби а вуьйлира: «Собар де аша! Кхечара тхан чIир йоькхур ю шуна!»,—аьлла, мохь тоха. амма сихвелла хорам хиларна, хIумма э ала а ца дедла, цо суьдахошна дера буй ластийра.

— Стенга хьоьжуш лаьтта хьо! — аьлла. Рядькона тIечевхира жандармин ротмистр.

Радько, юьстах а ваьлла, салташкахьа агIо а тоьхна, дIахIоьттира.

— Гобаккхий дIадерза!—аьлла, омра дира цо. Байа кхиэл йина болчу гутмакхашна тIебирзина лаьтташ болу салтий, кхиэл кхочушъяре хьоьжуш лаьтташ болчу Iедалан хьаькамашна тIе дIабирзира. Радькос баттара даькхина тур хьалаайбира—салташна Iедалан хьаькамашна тоьпаш тIехьажийра—хIаваэхь шок а тухуш, тур охьалестира. Цхьатерра шозза-кхузза тоьпаш евлира.

Владикавказан гIалин йистехь эзар исс бIе ворхIалгIачу шеран бIаьстенан юьххьехь Iедалан хьаькамашна тIехь йинчу сийлахьчу нийсонан кхиэлан хьокъехь, аренашна а, хьаннашна а дIахоуьйтуш тоьпийн гата дIадаьржира.

## 3

Революци хьаьшна дIаяьккхина лоруш яра. Ткъа марсабаьлла, оьгIазбахана, Iехийна болу мохк сийсаш бара. Цкъачунна къайлабала дезна болу революционни болам кхуьуш бара, хи чу кхоьссинчу тIулго шерачу хи тIехь хIитто гонаш санна, гена-гена дIа-схьа баьржаш шор а луш.

Амма Iедалан хьаькамаш а бацара бийшина Iохкуш: таIэарш дар дIахьош дара. Полици яра адамаш цхьаьнадуьзуш йолу зIенаш лоьхуш, ширчу а, керлачу а лорах хьожайохуш. «И гонаш» а дара шорлуш. Хаддаза беш таллам бара. Саццаза еш суьдаш яра.

Владикавказ а яцара кхечу гIаланел тIаьхьаюьсуш, ткъа цхьа йолчел-м хьалха а яьллера иза.

Тахана а, бIаьстенан екхначу Iуьйранна, чIагIдина ха гонах а долуш, гуттар а санна, набахтера суьдс юьгуш яра иохчийн рогIера тоба. Азбелла болу уьш, буржалш а декош богIура, амма уьш боьхна а, кхерабелла а бацара цкъа чоьэш лаьттина йолу тIелхагаш а тIехь богIу уьш, шайн догIмаш пиеса а, кура а латтош бара. Кхин дан хIумадоцуш долу бIеннаш адамаш дара цаьрга хьоьжуш, амма цара уьш бен ца хегаш тергал а ца дора уьш хьоьжура. Мет лам кIелхьарчу хьанийн баххьашка, кIайчу мархашна юккъехула, шскаран корта санна малхехь къегаш болчу Башломан-Казбекан коьрте.

— Со жа дажо волалуш, сан пхи шо дара, дага-

дог1ий хьуна? – аьлла, хаьттира, г1оьмнаш тоьхна волчу Шахьболата шен вешига Хасболате. —Х1етахь аса, оцу к1айчу ломе а хьоьжуш, сискалца етта шура йоура.. Ахьа коур ярий х1инца етта шура?..

— Х1ей! Къамелаш ма де!—аьлла, мохь туьйхира г1ародхочо.

Ламанхоша къамелаш совцийра. Уьш, областан суьдан ц1еношна т1екхечира.

Цаьрга—«зуламхошка», церан г1оьмашка хьажа г1ерташ, адамаш г1ашлойн новкъара бокхачу новкъа хьаьвдира.

— Д1адовла новкъара!—бохуш, салташа адамаш д1алоьхкура, амма, уьш юха а т1ег1ертаи дара

Куьйгех тоьхначу аьчган г1оьмашна шишша цхьаьна тесна болу тутмакхаш суьдан керта буьгуш бара. Хьалха кех чу вахийтира шиъ: цаl, лекхачу дег1ахь волу, аьрзочун санна мара а, ира шин б1аьрг а, ишгта кхин долу юьхь-сибаташ а долуш волу Джо Джамалов а, шолг1анига—шуьйра белшаш а йолуш, зоьрталчу дег1ахь волу, к1елд1ашха хьажар а долуш волу Т1ат1аш а Т1аьхьа даьлла ха а долуш вуьйш а цу шиина т1аьххье чу бахара

Суьдан ц1еношна чоьхьахьа лаьтташ бара, таба йоцу куйнаш б1аьшгига т1е а теттина болу стражникаш: цхьаберш тоьпаш карахь йолуш а, вуьйш баттара даьхначу тарраша а. Цу буьрсачу хьоло, салтийн буьрсачу яххьаша а, церан буьрса хьежаро а тутмакхаш дог дожийра. Царех цхьаммо доккха са даьккхира. Пза хезначу Джос, корта а айина, г1оьмаца Т1ат1ашан куьйгах д1атесна долу шен куьг д1а а озийна, лохха элира:

— Т1ат1аш, хьайн дог кьовлалахь!

— Къевлина аса, Джо, къевлина аьлла, жоп делира цо.

Куьйгех г1оьмаш тоьхна шишша цхьаьна тесна болчу тутмакхашка, суьда чохь къур1ашна т1е а х1иттийна, моллин а, талмажан а г1оьша—дуй байтира, шайга хаьттинчух бакъдерг дийца.

— Муха мегар ду харц дийца! Дуьйцур ду дера оха-м бакъдерг!—элира цара.

Тутмакхаш даггара пецбевлча санна хеталора: кхин х1ун дуьйцур дара оха? Суьдо хаьттинчунна, ма дарра хилларг д1адуьйцуш жоп лур ду-кх, бохуш

Суьдахой шайн-шайн меттигашка стоьла т1е охьахев-

шира, царна тIехула пенах тоьхна Николай паччахьан локкха сурт а дара.

Суьдан чоь адамех юьзна яра, хотгуш долу доь «самукъане» хила мегаш дара. Iедалан гайп-гайпанчу хьаькамел, ткъа шатта эладитане марзбелла болчу Владикавказ Iаларчу мера-зударел а, мехкарел а сов, суьде баьхкина бара ламанан гайп-гайпанчу тукхамийн кегийра элий а.

Прокурор, шен къамелехь ша яло йолу уггаре а коьрта меттигаш шен дагахь билгалйохуш Iаш вара. Иза шен къамелана эртиет санна кечвеллера—цунна хьара, шега ладогIа даьхкинарш тIалара коьрта адамаш хилар. Суьдахой бен а ца хетачу кепара Iаш бара: схьагарехь сурт дилларан говзаллин дакъа шега долуш волу, царех цаI тутмакхийн сибаташ дахка хIоьттира къоламца. Бехке баран акт деша долийра. Нохчий кортош а охкийна, шайн ойла ешIара цхьана эшшарехь хезчу озо, царна наб хьоьгIура.

— Джамалов Джо!.—аьлла, кхайкхира цуьнга.

Джо хьалатIаьттира. Цуьнца цхьаьна хьалатIаьттира ПатIаш а. Цу шиннан куьйгаш гIоьмашна вовшахтесна дара.

— Пачхьалкхан хазна яхьарна а, казначей верна а, хьо бехке лорий ахьа?—аьлла, талмажехула хаьттира цуьнга суьдахочо. Зала чоь адамаш жимма меттахьхьайра—тIакхха юха а IатIийра.

Джо жоп дала сихвелла вацара Иза, цIенкъара дуьйна, тхевна биста кхоччалц, зала чухула ПаIехьа а хьаьжна, шен белш а писйина, талмажехьа дIавирзира.

— Шаала суьдахочуьнга,—элира ло,—«хазна» йохийра аса. Ахча чохь долу яьшка корах ара ураме кхоьссира. Урамехь лаьтташ' сан накъостий бара. Со корах чуйкхина, бухахь лаьттачу говра тIерачу нуьйрана ваьсса чу а писделла, и говр хьехкина дIавахара. Ахча къехошна дIадийкъира аса.

— Талмажхо, схьадийцал бехке вечо луш долу жоп,—аьлла, суьдахо юкъаметтахиира.

— Со дуьйцу ша муха.

— Бехке веш вер,—аьлла, талмажан къамела юкъа а вихкина, суьдахочо элира: дуьххьал хьайга лиичу цхьана хаттарна жоп ло хьо бехке лорий ахьа?

Талмажо и хаттар бехкевеш волчуьнга дIаэлира.

— И гIуллакх хилла ма хиллара дIадуьйцу аса шу-на,—аьлла, жоп делира Джос.

— И ма дийца,—аьлла, талмажо юха а саийра иза,—жоп ло: бехке лорий ахьа хьо?

— Со бехке? ХIунда ву со бехке?

— Ишта дIа ала бохий ахьа?

— Ишта дIаала ахьа.

Джос бохург талмажо дIаэлира.

— Охьахаа, бехкевешверг,—аьлла, суьдахочо куьг ластийра, тIаккха ТIатIаш хьалагIаттийра.

ТIатIаш ирахIоьттира, хIинцца Джон а дийзира цуьнца цхьаьний хьалагIатта.

— Бехкевешверг, хьо бехке лорий ахьа, айхьа...— аьлла, цунна гIетеIош болу бехк дIабийца волавелира суьдахо.

Талмажо дIаэлира иза. ТIатIаша чIогIа корта ласта-барна, куйн аьрро бIаьштига тIе бахара, луй бууш санна мохь туьйхира цо.

— Валлахи-биллахи-таллахи, сайн дог къевлина аса—со бехке ца лору аса!

Джон дог дозаллийца тохаделира, юьхь екхаелира. Иза велакъежира.

— Ишта дIаэлан аса?—аьлла, цецваьлла хьаьжира талмаж.

— Муха ца олу, ишта дIаала ахьа.

Суьдахочун муцIар яхьелира.

— Охьахаа, бехкевешверг!—элира по реза воцуш.

Амма, делахь а, шена тIе тидам бохуьйтуш коьртаниг, Джо вара. иза и гIуллакх дIадолийнарг а, боьдар вовшахтохьнарг а хилар гуш дара. Масех минот яьлча иза вуха а хьалагIаттийра.

— Бехкевешверг, хьо бехке лорий ахьа пайчахьан эпсарна а, къаьстина декхарш кхочушдеш волчу чиновникана Терски областан начальникана а, прокурорана а тоьпаш тохарна? Цуьнан цхьаьна—цIерпошт а, почта а йохийна талорна а? Вокзалехь жандарм верна а? Жандармин полковник Несмелов йийсар дина цуьдкъала каравигарна а?

Джос корта ластийра. ма йоккха чалх ю цо юьйцург, бохуччу куьцара!

— Гуллакх кху тайпана дара,—аьлла, дIаволавелира иза, лаьтта бIаьра а хьоьжуш,—тхан вуьрхIиттта пакъост — нохчий байинера.

Джо, луьйчуьра саца а сецна, талмажан бlаьра хьаьжира.

— Ткъа хьуна ца хаьа и гlуллакх? Хьуна ца хезнера иза? Гой хьуна, оха а, цара тхаьшна диннарг, дира-кх царна.

Джо суьдахошка хьаьжира.

— Ткъа кхин хlун дийр дара оха? И эвл цlе тесна ягийча,—элира цо, цхьана агlорхьа корта а тосуш, цигахь яьгна юрт шена гучуха,—адамаш шаьш хlун дийр ду ца хууш, дийша меттиг йоцуш, даа ялта доцуш дара. Тхешан шайхана тlе а ихира тхо, гlо деха лаккхарчу хьаькамашна тlе адамаш а эхийтира оха. Цхьанхьара а гlо ца хилира тхуна. Салташа тхан эвла ягийра. Баккхий нах сибрех бахийтира. Карахь бераш а долуш болу зударий мацалла леш бара. Цхьана воккхачу стагана, шурула кlай маж а йолуш волчу, юьхьа тlе шед йиттира. Адам доьхна даьржина лелаш дара. Хlун дан лезара оха?.. Хlумма а ца деш, кlел таьlна Iа дезара тхо? Хlан?— аьлла, Джо талмажана тlевогlавелира.

— Ткъа цо,—Джос суьдахочунна тlе корта ластира,—цо соьга хоьтту, бехке вуй со? Хlан?—бохуш. Со сайн корта бадийна лелаш вара—цундела вен а, йийсаре вига а дезаш хуьлура! Халкъо со Iедале дIа ца лора. Цул тlаьхьа цхьа бутт баьлча, сан геланчаша соьга инарлера кехат деара. Инарлас яздора, нагахь со сайн лаамехь каравагlахь, суна геч а дийр ду, ткъа уггар а коьртаниг—ярташ меттах а хьейийр яц, бохуш. Аса иза сайн накъоташка дIаэлира, цул сов сайгара тlе туьйхира: «Паччахьо эвлаш хlаллакйийр ю, халкъана пицкъаш бийр бу. Иза ца дайтархьама—со карагlур ву. Гечдийриг а хир дай суна-м?» Тlаккха сан накъостий суна тlаьхьахIиттира.

Тlатlаша цергаш хьакхийра.

— Айхьа хьо бехке ца лору алий иштта дIаала бохий ахьа? Прокурор верна а, пурстоп верна а? — аьлла, хаьттира талмажа.

— Ала-те, иштта дан а дара иза. Аса ма дийцира, дерриге а дIаала ахьа.

Зала чохь долу дерриге а адамаш Джога хьоьжуш дара. Пантана шина агlор лаьтташ болу стражникаш а бара, цкъа суьдахочуьнга хьожуш, цкъа нохчичуьнга хьожуш лаьтташ.

Суьдахой вовшашка хьаьвсира. Председателло кехата

тIе цхьа хIума-м дIаяздира. Бехке беш болчийн саррадц дов хаьттира.

Шолгlачу дийнахь прокурор а, защитникаш а шина а агlорхьара къамелаш дан буьйлабелира. Хьалха къамел дан хьалагlаьттира прокурор. Иза зала чухула, гулделлачу адамашка дIа-схьа хьаьжира, цхьана секунлана шен лахара стомма балда церга дIа а лаьцна, соцангlа а хилла, цо къамел дIадолийра.

— Господа, суьдахой!..—аьлла, иза суьдан членашка массаьрга а юьхьа дуьхьал хьожуш чекхвелира

— ...Юкъараллина кхерам ца хилийтаро... паччахьан Iедална тIе куьг кховдо тарлуш ца хиларо... Къастина, вайн заман чохь, ишта ма аллара...

Прокуроро цкъацкъа шен юьхьа тIехь оьгlазвахараш сурт хIоттадора, чlогlа а, буьрса а луьйра, тIаккха бIаьргаш а хьабдой, балдаш сеттадора: тхо-м Iехор дацара аша, ма моттийла защитникашна шайга хIилла далур ду, дош ала меттиг хир бу—хIорш ду законаш, гIуллакх кхеташ ду!—бохучу куьцара, адамашна гойтуш цо хьалаойбура законаш тIехь долу стомма книжка. ТIаьххьара а цо пIелг хьала хьажош, элира:

— Оцу тайппана... лаккахь дийцинчунна дерригенна а тIе а доьгlна, вайн законан статьяшка хьаьжжина, аса тIе дуьллу, верриге-а цхьайтта зуламхочуьнна, — цо церан фамилеш дIайийшира,—лаккхара таIзар дар — байа кхиэл яр.

Иза охьахиира, чlогlа са а доьIуш, цо гIайгIане воьжча санна, корта оллийра. «ХIун дийр ду ткъа,—бохура цуьнан дерриге а куьцо,—цхьайтта стеган Iожалла... Со а ма ду адам. Амма... Ийсоно лоьхуш ду-кх иза,—ткъа со иза дIакхайкхо дезаш гуркх ву».

Прокурорал тIаьхьа, защитникаша къамелаш дира. Адвокаташа ден къамел ледара дара, цара шаьш а билгалдоккхура шайн къамелаца шаьш дуьххьалдIа, дог тешо доцуш шайна тIедиллина декхар кхочушдархьама къамелаш деш хилар. Бехкебеш берш «акха» а, «боданеш» а бу бохуш багаттара цара, царех цхьаммо, ламанан неха н чIир йоькхуш бIешерашкахь дуьйна схьадогIуш гIиллакх хилар а хьахийра. Амма цуьнга бIаьнаш а йина, иза сацийра.

Суьдан кхозлагlа—тIаьххьара де тIехIоьттира. Бехке беш болчарна председателе талмажехула тIаьххьара дош делира. Амма ламанхой шайга бохуччух кхета а ца

кхийтира. Цара белш сеттайора: аса, дерриге а тоххара аьлла, кхин хIун оьшу соьгара? — бохучу куьцара ТIаккха суд, кхиэл ян чуяхара.

Зала чохь гIанташ меттахъхьеда долийра, дарин кучамаш юьйхина болу зударий сени чу бевлира,—зала чохь Iалур воцуш, йовха яра.

Бехкебеш берш меттах а ца хьовш, аьрта лаьтта бIаьра а хьоьжуш Iаш бара, ца кхеташ санна. Амма иза ца кхетар дацара: царна хаьара, кху сохьта шайна уггара коьрта дерг къастош хилар. Уьш баларх кхоьруш бацара тIаьххьарчу хенахь Iожалла царна когаш кIел яра Церан хьо чохь хьийзаш кхин ойла яра: нагахь, шайн лаамехь шаьш карадаьхкича шайна гечдийр ду аьлла шаьш Iехийна волчу паччахьан инарлас, кхечу гIуллакха тIехь а Iехо тарло—ярташ йохо а, доьзалш йийсар дина дIабига а,— бохуш... Ткъа иза валарал а доккха дара ХIун хир ду-те берех? Кхуьур дуй-те уьш кога метта хIитта? Хьан кхиор ду-те, хьан Iалаш дийр ду-те уьш! Церан дуьхьа, халкъан хин долчун дуьхьа церан дай Iожаллина дуьхьал боьлхуш бу. Эрна хир ду техьа, цхьанна а пайдехь хир дац техьа тхан далар? Н ойла яра валарал кхераме ерг!

— ХьалагIовтта!—аьлла, вистхилира зала чу а вирзина, суьдан пурстоп. Нохчий, гIоьмаш а екош, хьалагIеттира.

«Паччахьан синлахь-локхаллин указана тIе а доьгIна... суьдо сацам би... Джамалов Джо а, Тураев ТIатIаш а,.. галлямо а, прокуроро а царна тIетаIийначу дерриге а зуламечу гIуллакхашна и шиъ бехке лара... Вуьйш ..»

Юха а дехха дIадийпира. Зала чуьра адамаш доьлу чуьра са а санийна, дадугIуш дара. Прокуроро цкъацкъа резахуьйлий корта таIабора, цкъацкъа оьгIазвоьдий хьаьжа юккъе шед хIоттабора: массарна тоьпаш тоьхча атта хир дара, хIинца царех иссанна таIзар малдеш хийца деза-кх!

Ламанхой, дIадешнарг шайна гечдина даллалц, меттах а ца хьовш лаьтташ бара. Цул тIаьхьа церан могIанаш, юккъе мох хьаькхча санна, меттахъхьайра: «ХIин ца тхох хIун хир ду-те?—бохуш, санна хьоьжура уьш.

Прокуроро, хьала а гIаьттина, доцца элира: суьдан сацамна тIе а доьгIна Джона а, ТIатIашана а ирахъоьллина вен кхел йинера, вукхарна, белла дIабоьллац хан яккха каторге бахийта кхиэл йинера.

...Буьйса. Байа суд йинарш чохь боккучу камера чохь, лаьттара цхьа воьршка хиллал бен хьала айбабе-ла боцчу маьигеш тIехь, кошахь санна Iаьржа яра.

Маьиги тIера цаI хьалагIаьттира. Буржалан зIенийн тата делира. И тата дагах кхеташ дара, тIаьххьара сим-тем бойура цо. Уллорчу маьигина тIера шолгIа гIаларт хьалагIаьттира, буржал а декош. Решетка йолуш долчу, бодане басар хьаькхна долчу корах чу кхеташ гIийла серлю яра: арахь буьйса ю я сатосуш ду, хуур дацара.

ГIаларташ вовшашна герга хилира. Дийца хIун дуьй-цур ду? Дерриг а дийцина, дерриг а кхеташ ду.

И шиъ юха а нараш тIе дIатевжира. Юха а тата-гIа-ра яйра.

Таллам бечу массо а баттахь и шиъ вовшех гина ва-цара. Ткъа хIинца дахаран тIаьххьарчу сахьташкахь и шиъ цхьаьна витинера. Кхузахь, пачхьалкхан юьстах йолчу меттехь, оьрсийн гIаланашкахь санна, байа суд йинарш, лерина а ца делабора,—хIета а вуьта а цхьа-терра ирх улур волуш ву,—бохург дара иза.

— Джо,—аьлла, корта хьалаайбира, суд йинчех цхьамма. Джо, талмажо «шовзткъе бархI сахьт» элира. Иза дукха хан юй, Джо?

ШолгIа гIаларт маьнги тIера чехка хьалаайбаделира.

— Иза ши де ду, ТIатIаш. Иза ши дей, ши буьйсий ду.

Юха гIара-тата дIатийра.

— ТIатIаш,—аьлла, юха а вистхилира шюлгIаниг.— ТIатIаш, паччахье гечдар доьхур ду-те ахьа?

Цо чIогIа гIовгIа йоккхуш буржал декийра.

— ХIун? Гечдар доьхур дуй те? Иза дага а хIунда деара хьуна, Джо! Со-м дуьххьалдIа хаьа гIертара, ваха дисина, и шовзткъе бархI сахьт дукха хан ю-яц?

ТIатIаш, голаш мара а боьхкина, маьнги тIе охьахиа-ра.

— ТIатIаш, сингаттам бу хьуна? аьлла, лохха хаьт-тира Джос, шен доттагIчун коьртера гIайгIа дIаяккхар-хьама.

— Сингаттаме ву бахара ахьа? — элира ТIатIаша.— Ншгта ала мегар ду ткъа? Вай шиъа-х кестта гIерга тIехь кхозур волуш ву...

— Кхин хIумма а дуй?..

Кестта корах беттан серло чу кхийтира. ГIаларташ юха а меттах а хьайна, корехьа дIагIоьртира. Оцу жим-

чу, боданечу биъ са болчу корал арахьа дерриге а дуьне дара! Парг1ат а, доккха а, сов исбаьхьа а долу дерриге а дуьне дара.. царна маьрша, набарха санна кхокха бека а тарделира... Цу шиммо, муха хуу а ца хууш ул-уллю а хинна, г1ийлла, лохха илли долийра.

Х1ай т1оман олхазар! Дадалахь, т1ома.
Д1алолахь тхан т1аьххьара маршалла
Дийна бисинчу майрачу к1енташка,
Д1алолахь маршалла тхан хьомечушка,
Алалахь ахьа цаьрга тхуна дайа кхел йинийла.
Алалахь ахьа цаьрга: мел лууш дара тхо
Дай баьхначу лаьтта т1ехь ва коше дерза,
Лаьмнашкахь тхайн коша т1ехь
Нанойн а, йижарийн а белхар хезийла!
Аьма коше тхо доьрзу гена махкахь,
Меца берзалой акха ц1ийзачохь,
Гуллур бац доттаг1ий ва тхуна гонах.
Цехьийзаш хир ду-кха сутарий, Iаьржий хьарг1анаш

— Собар делахь,—аьлла, Джо хьалалайбавелира. Цунна т1аьххье хьалаг1аьттира Т1ат1аш а: цу шинне а цхьа аьзнаш хезира. «Тахханеххьий? Хир дац иза пшта! Ткъа шовзткъе барх1 сахьт? Делахь а, иза дикахо а ду! Чехка мел хилн а, деган Iийжам к1езиг хир бу. Камерш чохь накъосташа ма дийццара, коьртах галеш дух-кур ду, т1аккха коча т1ийраг тосур ю, кхин йолу г1овг1анаш къаръярхьама, вота етта йолор ю, ирах а оьллина, к1елхьара г1ант д1адаккхалц...

— Джо, Т1ат1ашан белш т1е куьг а диллина, вистхилира.

— Дика доттаг1 вара хьо. Iодика йолда хьан, сан тешамен накъост!

Т1ат1аша, Джон куьг схьа а лаьцна, шен буйна а Iаьвдина, шен некха т1е диллира:

— Сан вахарехь хилла долу уггар а диканиг, дерриге а хьоьца дара сан. Со велча а, хьан ц1е данманна сан дага чохь юьсур ю.

Г1овг1а алсам йолуш, а ч1ог1луш а герга кхочуш лаьттара... Не1арера дог1анаш а дийкира — адамаш камера чу лилхира. Вен суд йина волу х1ара пиъ хуьлуш долчух кхиъна а валале, кху шинна куьйгех тоьхна г1оьмаш херхаца хеда а еш бодашкахь д1аяха х1оьттира ца1-м. Дерриге а и г1уллакх сиха а, говза а, майра а деш дара.

— Салтий! Салтий бу, вайша пархIатвоккхуш.— набарха саина, элира ТIатIаша.

Амма иза набарха дацара, уьш бара, цхьана хенахь Радько шеца хилла волчу оцу Апшеронски полкера ши взвод салтий. ТIеман аренан суьдахошна ша тоьпаш тоьхначул тIаьхьа, Радько шен салташна ведда къайлаваьллера. Амма полкехь иза чIогIа везаш а, лоруш а, цуьнан майраллех масал лоцуш а хиллера: къизчу кхиэлан хьокъехь хиъна ах рота салтий шайн лахарчу эпсаршца цхьаьна баьхкинера лецнаберш кIелхьара баха. Салташа набахтин гIароллера герз схьа а даькхина, хIаллакдинера, набахтин неIарш а кегьеш, тутмакхаш арахийцира цара.

Куьйгех йохку гIоьмаш дIаяьхначул тIаьхьа, хаман хой аралилхира. Цхьана сохьтехь ерриг гIовгIа а дIатийра. Джо а, ТIатIаш а хьуьна чу а ваьлла, хьуьнан ирзошкахула дIаоьхуш вара. ТIатIаш сецира. «Хьай шайтIа яI-кх, ноет ега йо-кх»,—аьлла,— хечина тIедаьлла цIий а гина, охьатаьIира иза.— «Мичара даьлла те хIара цIий? Цхьана хIуманах тасаелла хир ю-кх ноет ЭхI, хIара пайда боцу чов-м тергал ян а оьший хьовха?!».

— ТIаьхьа хIунда висина хьо?— хаьттира Джос юха а хьаьжина.— ГIел-м ца велла хьо? СадаIий вайшимма?

И шиъ, малхо къагийна долчу цхьана ирзо тIе ккечира. Генахь йоцуш цхьанхьа ека хезаш отIокх яра Гобаькккина декаш олхазарш дара, мохо лестош гIаш дара, декаш хьуьнан татол а дара.

— ЭхI!— иккхира ТIатIаше.— ЭхI!— элира цо юха з.

— Ахьа хIун до ТIатIаш?— аьлла, хаьттира накъосто.

ТIатIаш бага а гIаттийна хIаваъ чууьйзуш вара.

— Серло молуш ву со... ЭхI. ХIаваъ молуш ву со,— элира цо.

— Ккузахь-х хи ду! ХIунда молу серло а, хIавать а? Хи мала вайшимма. ЭхI, ма дика а ду-кх хIара!— аьлла, Джос канаш кIел лецира охьаоьхуш долчу, ша саина шийлачу хина.— Дукха хан яра-кх аса ишта хи малаза!

Пхьош хьаькхна балдаш а дакъийна, цо корта прахберзийра, серлонаха болаза болу ши бIаьрг а хабош. ПаргIато хаалуш дог схьаэккха доллура.— цIеххьана

мохь туьйхира: «Хlе-хlей-хlей!.. Хьун сан ю! Хи сан ду! Дерриг а, дерриг а сан ду! Дуьне, шуьйра аренаш!..»

Цуьнан аз хьуьна чухула декаш дlадаьржира. Тlатlаш Джога а хьаьжна, велакъежира — схьахетарехь, ша вичхьана дуьххьара.

Джо когаш дlа а хецна, охьахиира, ширчу попан гlодах корта а товжийна, цо баьргаш дlахьабдира. Цунна оцу сохьта наб кхийтира. Цуьнан корта баца тlе охьабахара, ткъа куьг Тlатlашан некха тlедижира. Тlатlаш меттах а ца хьовш Iаш вара, и набарх ца ваккхархьама, — шен чубаханчу бlаьргашца гондахьа гlаролла а деш Iара иза. Сийначу стиглахь Iаламат лаккашха тlам бетташ хьийзаш леча дара, тlеттlа лакха а дуьйлуш... тlаьххьара а иза бlаьргана гучуьра дlаделира. Тlатlаш тlаккха а вара, гlаьттинчу дог-ойланца сийначу стигала хьоьжуш, доза доццуш долчу дуьнене хьоьжуш Iаш, цуьнан айаделла долу са цу дерригенца дlаэделла дара.

## 4

Курганове аьллера: «Кестта хьайн да гур ву хьуна». Бено цуьнга сатуьйсуш вара. Амма Арсби цlа кхочуш вацара. Доьзал хала боллуш бара. Селима халла ирахь лелаш яра, йижарий азбелла гlелбеллера. Бено шен дена чlогlа сагатдеш вара: хlун хилла те дех? Мичхьа ву-те иза?— ца хууш, чуьрачьрга дlа хlума а ца олуш.

Нана цунна тlе а йоьдий, доьхначу дагара ехха цуьнга хьоьжуш лаьттара.

— Цомгуш-м ца хилла, хьо Бено? Хlун хилла хьуна? Хlун лозу хьан? — олий хоттура цо цуьнга.

— Ца хилла со цомгуш, могуш ву со, — олий жоп лора кlанта.

— Бено, тахана дукха волавелла лелла хьо?

— Болх лоьхуш лелла со. Товарни станцехь болх хила мега, бахара, Iуьйранна цига гlур ву со.

Шолгlачу дийнахь дуьйна Бено товарни станцехь грузчикан болх бан волавелира. Болх Iаламат хала а, беза а бара, кира ца хиларна болх боцуш висинчу дийнахь, иза, Степан Тарасовичан нана йолчу воьдура. Иза йолчохь цуьнан дог жимма парглатдолура: цу шингехь а цхьа бала бара — Бенон шен дех дерг ца хьабара, ткъа йоккхачу стагана шен кlантах дерг ца хьа-

ра. Йоккха стаг букар хьовза йоьллера, адамех къехкара иза, къамел кIезиг дора цо. Амма Бено веача цунна хаза хетара, цу шинна вовшийн дагара хаьара. Цхьана дийнахь Бенога элира цо: «Ша йолчу «марзбелла» аьлла, «леян» дIа а кхайкханера шега, Степан мичхьа ву схьадийца бохуш, Ше а чийхира шена, аьлла.

«Ткъа шена мичара хаьа иза мичхьа ву? — элира ша, — шена а ца хууш, Цо дика а ца еш дIавахана иза, — элира ша» — аьлла. Къийго даьIахкаш а ца йихьначу дIайохьуьйтур ю хьо, бохуш кхерамаш тийсира шена, — аьлла. «Ткъа суна хIун ду? — элира аса, — кIантах яьлча, сан хIун яхар хир дара?».

Цул тIаьхьа Бено а чIогIа сагатда волавелира. Нагахь йоккха стаг сибрех яхийтахь, гуттар а цхьа вуьсур ву-кх ша, бохуш. Цхьана дийнахь иза йолчу ваханчу цунна, и меттахь карийра: йоккха стаг цомгуш хиллера. Кечдина цунна чай а делла, иза пенах дIатоьхна долчу ширчу, басадаьллачу сурте хьажа хIоьттира. Уьш дара училищан дешархойн сурташ. Дешархошна юкъье хиъна инспектор вара. Бено реза вогуш дIаверза дагахь хилира, амма леррина хьаьжча, цунна сурта тIехь вевзира Степан Тарасович а, Бронислав Иосифович а. Иза меллаша сурта тIера чан а йожийна юха а ткка хьаьжира, шен хьехархойн юьхьа-сибташка. Школан дахаран шераш ма дарра дагадаьхкира цунна, хIинца а ша цигахь доьшуш ьолуш санна а хеташ.

«Бронислав Иосифович! Ткъа муха вицвелла хилла суна, воккха стаг?» — аьлла, Бенос ша-шена Iотар йира. Кхузахь цо сацамбира, шолгIачу дийнахь, хьалхалера шен учитель волчу ваха.

«Ма хаза хетар ду цунна! — аьлла, ойла йира цо, шаьшшиъ вовшийн гург хиларх воккхавеш самукъа а делира цуьнан. — Шеца цхьаьана Iадхьоькху пондар лакха эр ду цо соьга, ткъа аса...» — Иза дог доьхна шен пIелгашка хьаьжира, уьш халчу балхана эндаже девллера, цу пIелгаш тIехь берчаш яра.

ШолгIачу дийнахь Бено дика девзаш а, сел хьоме а долчу даккхий доццу еттиичу кибарчигийн цIеношна хьалха сецира. Хьалха а санна, Бронислав Иосифовичан кор ша тухуш, цуьнан дог чIогIа детталуш дара. Цо кор тоьхча, чуьра схьа цхьа а вист ца хилира. Бенос пеI туьйхира, пIаккха а чуьра схьа дистхуьлуш адам

дацара. Шолгlа а цо неl тоьхча, луларчу неlарх цхьа зуда араелира.

— Хьуна мила везара? — аьлла, хаьттира цо.

— Бронислав Иосифович везара суна-м. Цlахь вуй иза? — аьлла, Бено ладугlуш оцу зудчуьнга хьаьжира.

Ткъа оцу зудчо, йоьхна корта а ластош, ши куьг вовшех а хьаккхош шен даггара жоп делира.

— Иза... ваш.

— Иза хьелур вацахь, аса собар дийр ду, — элира Бенос.

— Хlан-хlа, ма де..

— Дlавахана иза кхузара? — аьлла, Бено, йоьхна лаьтташ йолчу зудчан юьхье хьаьжира, даго воиг хьоьхуш иизарваьлла вуха а волуш. Ткъа зуда йист а ца хуьлуш лаьтташ яра, пlелгаш юкъа шен йовлакхан тlам а керчош.

— Иза... велла, — элира цо тlаьххьара а.

Бено лехча санна висира. Иза хlинца а дика ца кхетара оцу зудчо аьллачух.

— Чуволахь, — элира зудчо кlеда-мерза.

Бено чоьхьа а ваьлла цlенкъа юккъехь сецира, кху чохь массо хlума а шен-шен меттехь лаьтташ яра: кора хьалхара жима стол а, Iадхьоькху пондарш чохь долу ши гlутакх а — иа! стоьла тlеххьий, важа этажерки тlеххьий, книгашший, ногашший тlехь йолу терхаш а. Пена уллохь лаьтташ хьалхалерра маьига а бара, тlетесна цlена кlай шарну а йолуш. Ша гуттар а олуш долу «де дика хуьлла'» аьлла,— Бронислав Иосифович ша а хlинцца чуккочур ву-кх, аьлла, хеталуш дара.

Бено цунах лаьцна иа! хатта вуьйлира, амма балдаш дегош, цуьнга дош ца аладелира. Цуьнан вохар гуш йолу зуда хьалха ша йистхилира:

— Иштта дlаволу стаг... могуш-пархlат вехаш вара иза, ткъа воцуш ву. Цуьнан тергарнаш бу-бац а, уьш мичхьа бу а, цхьанна а ца хаьа цо царех лаьцна цкъа а хlумма а ца дийцира.

Иза веллачул тlаьхьа, нотариус веара, хlуманаш дlаязъян. «Цуьнан тергарниш цигахь бу-баш хоттуш Австре кехат дахьийта деза элира цо». Цо шига кехат дахьийтинера, ткъа цигара жоп деанера-цхьа а тергара стаг цигахь цуьнан ваш, аьлла. Ткъа цуьнан хlун яра? Ша чохь йолу хlуманаш саи ю, ткъа Iадхьоькху пондарш хьанна дала деза аьлла дуьйцуш яздина кехат ди-

тина цо. Амма уьш дIадахьа цхьа а ца веана ккуза, ишта Iохкуш ду уьш. Нотариусо расписка а даьккхина, соьгахь дитина уьш. Ткъа, хьо мила ву, жима стаг? Хьо цуьнан гергара-м ваш?

Бено, бIаьргаш чу хи а хIоьттина, цуьнга хьаьжира:

— Со... цуьнан дешархо хилла ву.

Велхаран къурдашна кхидIа вист ца хилалуш висира иза. Цо лаза а деш церга балда лецира.

— Хьо... хьо, Бено-м ваш? — аьлла, зуда леррина жимчу стаге хьаьжира. Бено юьхьа тIехь хийцавелира, дегIан меженаш тохаелира цуьнан, амма дог чIогIа деттадаларна, вист ца хилалуш висира иза. Цуьнан сийначу бIаьргашка а хьаьжна, воккхачу стага аьлла хила тарлуш долу цхьа дешнаш дага а даьхкина, ощу зудчо, пенах кхозучу жимчу гIутакхана тIе а яхана, цу чуьра цхьа конверт схьа а эцна, хьеше дIакховдийра. Бенос конверта чуьра кехат схьаьдаьккхира, цунна тIе ма хьаьжжи девзира, шен хьалхалерчу хьехархочун йоза: цу тIехь яздора:

«Баркалла хьуна, сийлахь-доккха Iалам, со лаьтта тIехь адаман дог кийрахь ахьа вахаварна. Суна хIума девзира, аса ойланаш йира, кхолларалли болх бира, хIун хила тарло цул сийлахь дерг?

Стеган ницкъ — цуьнан исбаьхьаллин говзаллех бу. Стаг ша милла велахь а, цо хIуъу дахь а цуьнан ойла, дерриге а адамаллин ирсечу дахарехьа, адамалло заздаккхарехьа, массеран а юкъарчу пархIатонехьа, ирсехьа латточу къийсамехьа болх беш хила еза, хIунда аьлча, дерриге а адамаш цхьа доьзал бу.

Нагахь хьайга латталахь, къийсам латтабе, нагахь къийсам латто хьайн ницкъ ца кхачахь, къийсам латтош болчарна гIо де.

Хьайн гIуллакх дезаш хила, тIаккха хьо иза кхоллархо хир ву. Ахьа иза ца дахь — хьо хьайн къинхьегаман лай хир ву.

Валарх кхера ца веза: кхера веза пайдехь доцуш, хьекъале доцуш вахарх. Дуьнен чохь вехаш йоккху йолу зама кIезиг ю!

ХIара — сан тIаьххьара весет ду, берриге а кегийрхошка а, кIезиг бен боцчу сан дешархошка а.

Сох романтик олура. Хуьлалда шена иза ишта. Амма со гуттар а гIертара, адамашна бохам ца баккха а, сайн дешархошна диканиг, хазаниг Iамо а.

Со дуьнеи чуьра дIавоьдуш, сан гIаьхьа бита бахам бан. Аса дог-цIенчу адамашка доьху. Iадхьоькху сан ши а пондар сан дешархочунна Арсбиев Бенона дIабалар. ЦаI сан безамна шена буьтур цо, ткъа шолгIаниг — иза шегахь хила хьакъ болччунна дIалур цо.

Iодика йолда шун. Сан даггара маршалла ду хьомечу сан Чехига. «Бронислав Кочи».

Бено, Iадхьоькху пондар чохь болчу гIуткхана тIевахара, Iадхьоькху пондар чуьра схьа а баьккхина, цо мерзех байн пIелг тесира. «ХIара бу-кх, тохара цхьана хенахь, аса цуьнца цхьаьна лекхнарг». Жимма ханна хIинца шена гуш санна хетара, Бронислав Иосифовичан дог-цIена вела къажар а, шайна чохь даймахна а дахаран ойла, дог-ойла гIаьттина хилар, исбаьхьаллин кхолларах воккхавеш хилар кхерстаи хилла болу цуьнан ши бIаьрг а.

Зуда къахетарна хьоьжуш лаьттара Бенога. Иза вехха лаьттира вист ца хуьлуш, тIаккха цуьнгахьа дIа а вирзина, цо кIедэ-мерза дийхира:

— Нагахь, со нIалат ца ваьллехь, суна го, хьуна Бронислав Иосифович хьоме хеташ хилла хилар, — йолахь соца, суна цуьнан каш гайта.

— ПогIур ю-хьаха со-м, гIур ду вайша. Ткъа ахьа Iадхьоькху пондар а бахьа цига?— элира,--веллачу шен хьехархочуьнгара тIаьххьара совгIат шегара дIадаккхарна кхоьруш санна, и пондар чохь болу гIутакх маракъевлина лаьтташ волу Бено гича, цец а яьлла.

— Бахьа-те, — элира цо. ТIаккха шолгIачу пондар тIе корта а ластийна, юха а элира цо:

— Ткъа иза ахьа схьаэцахь.

— Шолгlаниг а беза цигахь?

— Хила безаш бу, — аьлла, жоп делира Бенос.

Шеца Бенос воккхачо санна къамел дича, цуьнан ламе ла а доьгIна, ша дан гIертарг Бенона хьийла хууш йолчу зудчо пондар схьаийцира, и шиъ тIаккха араделира.

Цхьана сохьтехь и шиъ кешнашка дIакхечира. Кочин кошан боккха бошу бабцара барз тобина лаьтташ бара. «Мила ву-те, цхьа хилла волчу воккхачу стеган коша барз шен хен-хеннахь тобеш Iалашбеш верг?» — аьлла, Бено велхаран къурдаш бан хIоьттира. ХIара къинхетаме догдика зуда-х яхий-те иза? Бенос цуьнан

карара пондар чохь болу гIутакх схьаийцира, цу чуьра Iадхьоькху пондар схьа а баькккхина, коша тIе иза дIахIоттийра, чуртана йоьгIна лаьттачу дечиган жIарах иза дIа а товжош. Зуда, а йист а ша хуьлуш голаш тIе охьалахъелира.

«Иза хьакъ болчунна дIалолда цо» Брониелав Иосифовичана чул хьакъ болу кхин стаг Бенона карор а вацара.

## 5

Балха вахана иттех де даьлча, Бенона бинчу балхана ши туьма эхча делира. Иза йижаршна пазаташ а, коьрта тохку йовлакхаш а дахьаш цIа веара. Шен пенна эцна бертигаш йолу калош а еанера цо. Эцна кIай бешиг а, шекар а деара цо. Чуьрчу доьзална хазахийтира. ЧIогIа хазахийтира, хIунда аьлча, майрачунна а, дена а са гатлуш, уьш гIайгIанехь бара.

Цхьа бутт ах бутт баьлча Бенос шен аланех шена кингаш а ийцира, уьш йоьшуш, са хила доллалц царна тIе хоий Iара иза.

Иштгачу цхьана буьйсанна кингаш ешна гIел а велла, шен ден маьнгина тIе дIатевжинчу цунна, наб озийра. Цехкьана цунна набарха санна тата хезира, кертахула церан цIийна уллохула цаI тебаш вогIуш санна. Бено хьала а айбавелла, ла а доьгIна, гонгIашха дIасхьа а хьаьжна, юха а агIор велира. Цхьа минот яьллачу хенахь, цунна когийн дайн тата хезира Бено юха а ладугIуш охьахиира: хIун ду-те арахь дерг? — аьлла. Коре оьллинчу кисий тIехьа Iиндагl хIоьттира Бено, хьала а иккхина, лампа дIа а яйина, кор байбина коре вахара. Арахьаьжча, корехь гуш цхьанна-м куьг дара. Меллаша кор туьйхира. Бено кора бIаьргана тIе а таьIна, бодашка арахьаьжира.

— Мила ву цигахь? — хаьттира цо.

— Со ву... иеI дIаелла, Бено, — бохуш, хезира цун на.

Бенон дегIах, цIе яьлча санна, алу туьйхира: хезаш дерг цуьнан ден аз дара.

— Хьан нана цIахь юй? — аьлла, хаьттира Арсбис ша чуволлушехь.

— Массо а цIахь ву, — аьлла, са даккха па кхиош сихвелира Бено. — Хьо муха веа? Мичара веа?

Селима, ден къамел хезна, хьалаэйбаелира, дIахьаьжча шен майра а гина, цунна тIехьаьдира иза.

— ГIовгIа ма елахь! — шен бете пIелг лецира Арсбис, — цхьанна а ханйта мегар дац, со кхузахь вуйла.

Бенос коре Iаьржа хIума оьллира, лампа а латийна, леррина дега хьаьжира иза.

— Хьуна хIун хилла? — аьлла, цо шен куьг схьалецира. Хьан балдаш чу хIунда кхетта? Ткъа юьхьа тIехь а, хьаьжа тIехь, а моьнаш а ду. Хьо-м верриг а къеж а велла!

Цунна шен дадех Iаламат чIогIа къахийтира. Амма иштта шен дех дозаллийца воккхавеш дог а дуьзира цуьнан, дас шена делла жоп хезча:

— Вайшиъ ураме ара буьрканах ловза ваьлла ваца-ра, ткъа мостагIчух лата ваьлла вара. МостагI а ваца-ра вижна Iуьллуш — цо а бора бекхам. ХIумма а дац, дийна дисна вай — кхидIа а къуйсур ду вай.

Арсбис белш тIе кьуг диллира шен кIантана — иштта кхиъна а, хьекъал долуш а волчу, шен кIантана а, накъостана а. ТIаккха иза, йижина Iуьллучу шен шина йоIана тIевахара. Уьш гIийлла, парггIат са а доьIуш, набъеш бара. «Хинца-м велчи а хIун дара», — аьлла, ойла йира цо.

Селимин бIаьргаш хих дуьзна дара, амма иза, майрачун дог да дохорхьама, тIехьайирзинера, тIаккха цо лаьтта шиъне а мотт биллира: божаршка шайн къамел дойтур, — бохучу дагахь. Иза ша еана шен йоIаршна улло дIайижира.

— Со Iожаллех хьалха велира, Бено — аьлла, волавелира да.

— Ведира хьо? — сихха хаьттира кIанта. — И дика ду! Тамашийна ду-кха, тхоьга цхьамма а хIумма а хIунда ца элира-те, тхо хьийза хIунда ца дира-те? Тхо хьо-на деш хIунда дитира-те? Ле ца дира, дIа а на дигира

— Э-э... — бодашкахь велакъежира Арсби,— мостагI шен бена тIе кховда гIоьртича олхазаро хIун до хьий хьуна кIант? Хан? Цо мостагI Iехош дIавуьгу. ГIема додуш — охьахууш. Юха а генна а долий, охьахуу. Ткъа мостагI цунна тIаьхьахьодий лела — тIаккха цуьнан бен дийна буьсу.

— ТIаккха ткъа? — ца кхетара Бено дас дуьйцучух.

— Ткъа аса а изза дира. Со кхечахьара тIевеана ву элира аса, — со ван а веанера кхечахьара схьа цу дий-

нахь! Хезий хьуна! Аса элира со нефтепромыслашкара веана, сайн цIе а ккин йийцира. Лоьхуда шайна со пара — цигахь хIумма а карор дац царна, тилалур бу уьш! Цигахь лехна хила а мега цара. Амма хеттарш деш ницкъ бира суна. Делахь а вен ккел-м кхечу цIарца йира. Ткъа хьан да — Арсби — кху сохьта а Петарбухехь волчух лоруш ву, кхетий хьо?

— Ткъа делахь-хIета, лечкъаш лела стенна оьшу! — хаьттира Бенос.

— Сурт ду сан набахтехь, — жоп делира Арсбис.

— Бевддарш лоьхур болуш бу.

— Ткъа хIинца хьо цхьанна а гирий? — хаьттира кIанта.

— Цхьанна а ца гина, — аьлла, Арсбис шен бета тIе пIелг биллира: — Iадъ Iан деза вай. Амма цунна лаьара кIантана дерриге а хоийла. Талламан, таIзаран хьокъехь а, арепан суьдан хьокъехь а, Радькон турпалаллин хьокъехь а, — амма цо и ца дуьйцуш собар дира. Кхуьур ву-кх тIаьхьа хуур-кх цунна! Дуьххьарлерчу буса мукъана, парггIат дIавуьжуьйтур-кх аса, хIара!

Цо гIийла хаьттира:

— ХIунда делира-те и дов тхо оьшуш чекх? КIезиг бара ткъа цигахь майранаш, хьаналнаш? Дуккха а бара уьш! Суна сайна гира уьш! ЧIогIа летира уьш!

Бено вист ца хуьлуш сецира, амма ойланца цо шен да маракъевлира, ша ойланца цуьнан дагах хьаьрчира иза.

— Ткъа хIинца. Нагахь сан могашалла меттахIоттахь — болх бийр бу вай, — бахара Арсбис. — Ткъа, кху сохьта, сан могашалла ледара ю.

Бенос шега цаI хоттуш санна хетаделира цунна.

Арсбис корта хьалаайбира.

— Хьо наб кхетта ву? — Наб йиэ ахьа, Бено, наб йиэ ахьа, иза дикахо а ду — суна диичу инзаречу таIзарех дерг соьгара хезар дац хьуна.

Амма Бено наб кхетта ваццара керлачу ойланашка ваьлла Iуьллучу цуьнга, къамел ца далора. ХIинца цо жоп дала дезаш цуьнан кочахь бара-берриге а доьзал — лачкъийна лело везаш волу, болх балур боцуш волу шен да а тIехь. Муха дIахIуттур-те дахар? Керлачу бохамех берриге а доьзал муха Iалашбер-те?

Iуьйранна, сатоссушехьа ураме ваьллачу цунна гира гIали чохь а, лаьмнийн басошкахь а Iуьллуш долу хьал-

хара ло. Гобаькккхина гIара-тата йоцуш тийна дара, гIала набарха ялаза яра. Лай тIехь, къийго йитина, диттан гIа тIедоьжча санна йолу лар бен, кхин цхьа а лар яцара. «Делахь хIета, да цIа вогIуш ло диллаза хилла хьуна — цхьа а тайна лар яц иза дика ду», — аьлла, хийтира кIантана.

Базарара Бено цIа веара шелоно юьхь цIий а йина, вела а къежаш. Тускар стоьла тIе охьа а хIоттийна, цо эсала нене элира.

— Дадина яахIума кечъелахь. Гкъа со — балха дIаволуьду.

— Ахьа а яахьа хIума,— аьлла, елакъежира нана.— Хьох цигахь хьелур ву! Нанас сел бала кхаьчна, хьастаелла аларна, Бенос хохаца бепиг дийра, кхехкийна хи тIе а молуш, тIаккха шен дена улло вахара иза.

— Дерриг а дика хир ду, дада. Хьо са а ца гатдеш толо хьо.

ТIаккха нене дIа а вирзина, элира цо.

— Кхетабелахь уьш, шина йолана тIе корта ластийра цо,— дада Iалашва везаш хиларх, коьртаниг, дадех лаьцна хIумма дийца мегарг ца хиларх. ЦIахь ваш иза Дийнахь неI дIакъовлалаш, ткъа суьйранна аса наI дийр ду.

Иза а аьлла, Бено аравелира, гуттар а санна: тIахъаьлла, векхавелла, велакъежна.

— Дукха хан юй иза болх беш волу? — хаьттира Аребис.

— ХIинцале мосуьйттазза алапа эцна цо. Суна хIара калош а эцна.

— Тхуна а совгIаташ деана цо! — аьлла, Iайшас а, Фатимас а шайн йовлакхаш гайтира.

Аребий, Селиймий вовшашка хьаьжира: хIинца-м Iоьнча кхиънера вайна, аьлла!

Нанас, кеда чу шура а йоьттина, бепиг даькккхина, майрачуьнга дIакховдийра. Гкъа цо кад йолe дIабелира.

— Цу шинга малийтахь шура. Бенос ша хIунда ца мелла шура? Балхара цIа маца вогIу иза? Балхара цIа веьча, хIун деш хуьлу иза?

— Книжкаш йоьшуш хуьлу иза. ЦIа а вогIий охьа а хоий тхоьга вист а хуьлий, юха а книжкашна тIевулу иза.

— Иза дика ду. Суна хаза хеташ дара цо,— Томах

лаьцна доьшуш — дагадогIий хьуна? Книжкаш ешна хууш волчуина, болх каро а хала дац. Сона-м хала дара болх каро... ДагадогIий хьуна? Со болх лоьхуш лелла ..

— Бено а лийлира болх ца карош дуккха а, — аьлла, корта ластийра нанас. Цхьаболчара — жима ву олура, кхечара йоза-дешар тоъал ца хаьа — олура.

— Муха? Бенос-х шерра а, чехкка а дIадоьшу. Язда а хаьа цунна-х

Арсби ойлане велира.

— Бакъду, — элира цо, тIаьххьара а, — дикачу балха хьо иисвала лууш велахь, дуккха а дешар Iамо деза. Ткъа иза, шен хьехархо, вайн Степан Тарасович санна хила лууш хир ву-кх. Амма иштта хила атта а дац, кеста а хилалур вац. Ткъа зама ма сиха йолу-кх, ма чехка йоьду-кх иза, юхахьаьжна а валале!

Вай хьажа а кхиадалий, иза воккха а хилла дIахIоьттина! Дика ду-кх юха а деша дагахь иза велахь: тIаккха вайна доккха гIо хир ду-кх цунах.

Арсбис, шен зудчуьнга а хьаьжна, хIор дош а къастош элира:

— ТIаккха вай вешан эвла юхадоьрзур ду .. бан безачуьнца машар бийр бу вай. Бенос болх а бина, ахча доккхур ду, тIаккха вешан чIирахошна вай там лур бу...

— ХIун лур ю вай? — аьлла, дена гонах хьаьвзира ши йоI. Хьанна лур ю вай?

— Дукха хIума еза ши ст а, диканиг говр а, дукха а кIадий а — вайн чIирахошна а. Чоччин тергарчарна а тIекохург яц. Уьстагlий а, дуккха а шекар а, чай а дала деза. ТIаккха вайна юккъехь мостагIаллин чIир хир яц. Шу хIинца цунах ца кхета, мацца а цкъа аса кхетор ду шу цунах... Ткъа кху сохьта со шуьйца цхьаъна хилар — вайн ирс ду.

Доьзало Арсби лачкъийна кхобуш вара. Бенос басма а эцна, шина йоIий, нанасий къорза коре ухкурш тийгира. Маьнга а сона а хIоттийна, цунна дуьхьал басма оьллинера. Селимас, ша йолчу чубаьхкинчу лулларчу зударшка олура, кIант хIинца кхиъна мехкарий а кхуьуш лаьтта, — къона хIусамда шаршо тIехьа вуьжуш бакъахьа ду!

Арсби дийнахь оцу сонехь Iара. Нагахь Селима йолчу милла а цаI чу веача, иза дIатоьра, меттах ца хьовш,

тата ца деш Iара, ша кху чохь вуйла ца хаийта гIерташ. Гуттар тIаьхьа маьркIажхенахь бен сехьа чу ца волура иза, кIанта коре хIуманаш а тухий кораш а, зайл а буллий неI а дIакъевлинчул тIаьхьий бен

Дахар чIогIа хала дара: даймаина а лачкъийна латто а, лечкъаш лела а, совнаха дош ца олуш, гIалат ца бовлуш, биц ца луш, цхьана а тайпана юьхьа-сибат ца а къамелаца шеко ца хуьлуьйтуш, — иза къаьсттина хала дара едда-хьаьдда лелаш йолчу, массаьрца уьйр-безам болуш йолчу шина йоIана. Бенос цкъа хьахийра гIалин дехьа йисттехь, тешаме накъостий болчохь да дIалачкъо хьожур ву ша, аьлла. Амма, дехарх а, гIайгIанах а дуьзна долу шен ден-неиан бIаьргаш гича, цуьнан дог керчина тIекIел делира.

— ХIанхIа, хIанхIа дада.—элира цо сихха, хьуна ца лаахь вуьгур вац вай хьо цига. — Аса-м, айса иштта дIа бахарий, нагахь хьуна иза лаахь. Со-м хьуна диканиг дан гIертарий: суна хаьа хьуна хало хуьлий.

— Шайна уллохь валийтахь со, — гIийлла элира Арсбис.

Селима йилхира. Бено, шен дега хьаьжча, кхеравелира: цунна хьалха хиъна Iаш вара, дакъазаваьлла, цомгуш воккха стаг.

Амма дахаро ойла ца кхуьуьйтура: Бено тIетаьIина болх беш вара, цIа мелла а алсам хIума ян гIерташ Иза массанхьа а кхиа гIерташ вара: иза хIуманах кхеташ а, сиха гIуллакх деш а, грузчикан болх боцург а, муьлхха а кхин болх балуш а вара.

— Вадал, цхьана минотана, терахьаш дIаяздел!

— Соьга бахарий ахьа? — олий, Бено водий, товарни кертахь дехьа маьIехь йолчу пакгауз чу воьдура, цигара вукху чу воьдура. Новкъахь юха а цхьаммаа ца цавора

— Охьаяссо дуьйлало вай! — олий.

Иза охьаяссо дIахьодура.

— Собар дехьа терахьаш дIаязда гIо дехьа! — олура цуьнга Бено терза узучу хьодура, терахьаш дIаяздора, цигара ваьлча иза тIегулбелла киранчаш а, грузчикаш а, болуш Iохкуш йолу ларчанаш а, талеш а, яьшканаш а, черманаш а, гIишлойн коьчалш а, сурсаташ а долчу дIахьодура.

Кира охьадассийна ваьлча, Бено яьсса вагонаш йотта волалора. Уьш йоьттина ваьлча, керла тIеяьхкина

вагонаш йолчу хьодура, уьш йотта. Цхи пунт еза ларчанаш гихь, букъ а сеттош цо я пакгауз чу, я хIургонаш тIе а кхоьхьура. Де чекхдолура, белхалой дIабоьлхура, ткъа иза, хийцалуш болчу кладовщикашна гIо дан бухасоцура. Халла букъ хьала а саттабой, иза цIа вогIура, ша гIелвеллийла ца хаийта гIерташ, векхавелла, велавелла, цIавеанчул тIаьхьа, дена а, йижаршна а цхьацна хIума йоьшура, ткъа буьйсанашкахь книгашна тIе хоий Iара.

Цо тIеттIа алсам алапа дахьара цIа. Доьзалан кхача а тобелира. Цкъа цо шен дена совгIатана — куйн а, тIергIан пазаташ а йийцира.

Ишттта Iа чекхделира. Цо доьзале дIалуччул сов. Бенон ворхI туьма ахча IаьIанера.

— Дада, цкъачунна хIара ахча хьайгахь дитахь, — элира цо, дега гуп ахча дIа а кховдош. — Со кхечахьа деша воьдуш, суна схьалур ахьа хIара ахча.

Арсбин дог дуьйхира. Цунна ца гира Селимин баьхьна бос а, цхьа хIума тоьгуш Iаш йолу ши йоI кхераелла, хьалахьажар а — цунна гонах дерг хIумма а цагира — цо, шен азделла ши куьг кIантехьа а кховлийна, гIелвелла хаьттира:

— Бено... деша кхечахьа ваха деза хьан ткъа?

Бенос, дог иэшна, бIаьргаш хьабдира. Иза доллучух а кхийтира,—ден бала, ша тIулг хилла цуьнан даг чу а бижира. Амма шен ойла цуьнга юха ца яккхалора цунна кIорггера дешар Iамо лаьара, Бронислав Иосифовича весет дина ма хиллара «дерриг довза а, ойла ян а, кхолла а» лаьара. «Нагахь хьайн ницкъ кхачахь — къийсам латтабе, нагахь къийсам латто хьайн ницкъ ца кхачахь — къийсам латтош болчарна гIо де». Даккхий дешнаш дара уьш. И дешнаш цуьнан къоначу хазчу дага чу дийшинера. Амма, кIорггера дешар Iамийчи бен я къийсам а латталур бац, я къийсам латточарна гIо а далур дац. Амма кхузахь, БуритIехь иза пхеа шарахь набахти чохь ваьллина а, кху синтем боцчу шерашкахь мича ваханна а ца хууш къайлаваьлла вайна волчу а стеган кIант деша вуьтур ваш! Амма аса сайн дега иза эр дац, аьлла, сацийра цо — хIунда дарйо, цуьнан ишттта а дера йолу чевнаш? Иза тоьпаш тухучу кIелхьара ведда хилар хIинцца ца хууш дисна а дика ду-кх!

Бенос хьасталуш корта таIийра.

— Деша кхечахьа ваха дезар ду сан. Суна деша

луш йолу школа кхузахь яц. Ткъа ахьа... са ма гатде ахьа. Цкъа делахь, со цигахь дукха Iийр вац, шолгIа делахь, аса цигара схьа а гIо дийр ду шуна. Ткъа со дешна ваьлла цIа веьча, вайша дика ваха хуур ву!

— Бено, хьо мила хила луш ву? Хьехьархо я инженер?

— Цкъачунна ца хаьа суна. Хьехархо хила а мегар ду, инженер хила а мегар ду. И дерриге а далур ду, вайна, къехошна иза хала делахь а. Амма хьенна дешар аса дешахь а, хаьа дезаш цаI ду, вайн дахар кху сохьта санна доцуш, тодина дIахIотторехьа нийса кьийсам муха латто беза. ТIаккха халонаш а шашпах дIаевр ю. ЭхI, ма дахар а хир ду-кх тIаккха!

— Маца ваха ойла ю хьан?

— БIаьсте а, аьхке а дIаяьлча — тIаккха гIур ву со.

— Делахь хьо бIаьста а, аьхка а кхузахь хир ву-кх хIета?

— Хир ву те.

«Далла бу-кх хастам» — аьлла, ден бIаьргаш серладевлира.

— ЛадогIал, Бено,— аьлла, волавелира иза.— Суна виц ца ло хьан хьехархо Степан Тарасич. Иза мичахь ву, ца хууш хьере хилла со. Хаалахь, Бено, цо со а, кхин болу накъостий а тоьпаш тухучуьра кIелхьара баьхнийла. Бойучуьра баьхнийла! Дмитрий а ваьккхина хьуна цо кIелхьара. Кхетий хьо? Ткъа ша иза, борз санна, ведда къайлаваьлла: нагахь иза схьалацахь! — къиза вуьйр ву иза. Цунна гечдийр дац. Цунах дерг хаалахь. Лар а луш хаалахь! Иза вайн хьехархо а, доттагI а ву хьуна! Доттагlал тIех ву! Каравелахь иза, Бено!

Суьйранна Бено Радько нана йолчу вахара. Иза кертахула дIа а вахана, шена евзаш йолчу пеIара хьалха сецира, цу тIехь кхозуш догIа дара.

— Алахь соьга, — аьлла, Бено тIевахара, дечиг дакха гIерташ воллучу воккхачу стагана. Хьуьлла чохь Iаш йоккха стаг яра, — аьлла, пIелг хьажийра цо тIекъевлина лаьттачу корашна. — Стенга яхана иза? И цIа дIакъевлина хIунда ду?

— ХIун бахара ахьа? — аьлла, воккхачу стага шен дерг дIауьйхьира. Бенос юха чIоргIа хаьттира. Воккхачу стага, реза вонуш, шен карара дечиган гар охьакхоьссира.

— КIордийна-кх гуттар кхуза схьаоьхуш, — стенга оьху кхуза? Цкъа полици ихира, ткъа хIинца хьуна а хьашт хили-кх иза! Яц хьан йоккха стаг! Цу чохь бе хаш хIинца кхин нах бу!

— Ткъа стенга яхана иза? Я шен кIант волчу яхана иза?

— КIант ма вийца ахьа! — аьлла, тIечевхира воккха стаг. Къа ма латаде. Ткъа йоккха стаг сагIех нах кхобучу цIеношка йигина, моьтту суна. Цигахь лаха ахьа иза!

Бено марханал а чIогIа кхоьлина аравелира керлачу хаамо цуьнан гуттар а. чIогIа догдохийра. СагIех нах кхобу цIеношка! Хьан юьгур яра иза цига! Пачхьалкхан зуламхочун нана оцу цIеношка! Къиза хьийзор ю-кх цара йоккха стаг сибрех лоьхкуш йийна дIайок кхур ю!

Юха а, шен дагахь ша-шена Iоттар йира цо: «цо хьан да кIелхьараваькхина, ткъа хьога цуьнан нана Iалаш па яц елла-кх, бохуш детталора цуьнан дог. Ткъа муха? Муха яккхалур яра цуьнга иза оцу акхаройн буйнара. ХIун далур дара цуьнга! ХIумма а далур дацара.

Иза урамана юккъехь сецира: «Деша деза! ХIуьу хилла латтахь а деша деза!» — аьлла ойла йира цо. Дерригенах кхеташ хила веза, дерриге а къасто хууш хила веза — тIаккха — тIаккха-м хьаха, иза даймина а хууш хир ву, хIун дан деза а, ирсечу, пархIатечу дахаре муха кхача веза!

## 6

Август баттахь, суьйранна гуттар тIаьхьа доьзал, гуттар а ма хиллара, стоьла гонах хиина Iаш бара. Бенос, ша деша вахарх лаьцна хIинций-хIинций олу кх бохуш, Арсби синтем боцуш Iаш вара. КIант шеца воцуш, цуьнан сапаргIат доккхуш вела къежар па гуш, цуьнан къамел а, книжка ешар а ца хезаш — ша муха вехар ву ца хаьара цунна. И ойла шена йиц ялийтархьама, цо, агIор а вирзина, тIийлла элира.

— ЭхI, Степан Тарасович, мичхьа ву те хьо, доттагI?

— Кхуьур вуй ткъа цу гIуллакхех? — аьлла, куьг ластийра Бенос. — Цхьа а тайна лар а карош яц! Ада-

маш вовшех кхоьруш ду, вовшашка борз, газий санна, хьоьжуш ду, хIумма а ца дуьйцу. ХIаллакьхилла хила а мега иза...

— Ткъа ахьа хаьттиний цуьнга? ХIун яра цуьнан цIе... доккха хьаж а долуш, бIаьргийн куьзганаш а лелош верг?

— Кургановга бахий ахьа?

— ХIаъ, хIаъ — цуьнга!

— Иза кхузара дIавахана. Соьга а вола бехира цо шена.

— Стенга вахана иза?

— Одессе вахана...

— АхIа-хIа... Дмитрийс йийцира и гIала

— Со а ву цига воьдуш. Ваха веза зама тIекхаьчна. Цкъа хьалха тхойша цхьаьний ваха дагахь вара, тIаккха иза хийцаделира. Иза хIорда тIехула вахана, суна — Москве... цхьана накъосте... дIадала кост тIе а диллина... Кургановна цига ваха шена кхераме дара...

Арсбис цунах кхеташ корта таIийра.

— Ткъа со, цкъа хьалха Москва гIур ву, цигара дIа — Одессе гIур ву. Некъана ахча а делла суна, сан мел дукха совнаха некъ бан деза! Со деша воьдуш йолу школа стеган шен долахь ю, цига со дIаоьцур ву. Пачхьалкхан школе со дIаоьцур вац.

Арсбина кхин дерг хIумма а ца хезара кIант дIавоьдуш вара, иза дара коьртаниг. Иза са ца гуьйш, чухула дIа-схьа хьаьжира, тIаккха шина йоле а, зудчуьнга а хьаьжира. Шен мотт дика луьйш санна хийтира цунна.

— Со... кхета, — элира цо халла, доьхначу озаца. – Ахьа нийса ойла йина. Хьо хIинца кхиьна, воккха хилла. Деша а, язда а хаьа хьуна, сол дика кхеташ а ву хьо

— Иза, кIентан белш тIе куьг а диллина, воха а чухула дIасахьаьжира...

— Амма, хьо цIахь, кхуза тхаьшна уллохь волуш, суна дика хетара, соьца — сан кIант а... сан накъост а ву-кх, аьлла. ХIун дер ткъа, нагахь дикачу балхана воьдуш хилча, дIаIо хIета, деша. Хьуна хьайна дика хаьа иза.

Арсбига хьаьжча а хуур дара — мел боккха бала бу цуьнгахь. Цо корта охьа а оллийна, гIупбеллачу бIаьргех куьг а хьаькхна, доккха са даьккхира.

Пижарий а, боьхна, вешега хьаьвсира. Пур ваш со, шу дIатасалур дац соьга, аьлла, мохь хьакха кийча вара Бено, амма хIумма а ца олуш, по шен даггара сатуьйхира, ала лууш дерг дерриге а шен кийрахь, шен дагахь а сацийна. Ненан беснеш тIехула охьаоьхуш даккхий бIаьра хиш дара.

— Бено цIа воIур ву,— элира доккхачу собарша Арсбис шен зудчун сапаргIатдаккхархьама.— тIаккха цо вайна гIо дийр ду. ТIаккха вайна вешан дай баьхна мохк, лаьмнаш, сийна бецаш, бошмаш гур ю. Ткъа вайн хи, вайн Орга! Хьуна дагадогIий вайн шера ирзо, Селима?

Арсби нуьцкъаша велакъежира. ТIаккха шен кIантана тIе а вахана, цуьнан белшаша тIе куьг диллира цо.

— Бено, элира цо,— нагахь хьо воьдучу меттехь хьайна хало хилахь воха ма вохалахь, хьайн дог чIагIделахь!

Арсбис, кIант мара а воьллина, шен корта цуьнан белш тIебиллира. Чохь гата доцуш тийна дара. Цу шиина а дагахь дерг цаI дара. Мел дукха сингаттам а, бала а бара тIейогIучу ханна! Ткъа хиндерг хууш лацара. Бенона хаалора, шен дас, ша доза доцуш дукхавезаш волчу, Iаламат чIогIа бала хьегна волчу оцу стага доьIуш долу са. Даккхий хинан тIадамаш дара паьршиина бIаьргех охьаоьхуш.

Арсбин шен кIант новкъа ваккха воьдийла дацара цо иза къевллина маравоьллира, кхин вист а ца хуьлуш, куьг а ластийна, иза меллаша шен соне, шарш тIехьа велира. Иза, меттах па хьовш саррали маьнги тIехь Iиллира.

Пассажирски цIерношгана гонах хьийзаш новкъа бовлуш бери бара. Цхьанхьа-м кондукторо мохь туьйхира, цакхеташ болу, гIовгIа еш болу пассажираш цIерношгах цIогане дIа а лохкуш; геннара схьахезаш сингаттаме илли дара, цаI-м нах дIа-схьа а тоьттуш, белш тIехь ларча эцна воьдуш вара, вокзалан тхов кIел йоккха гIовгIа яра, детта хезаш маьхьарий дара, доьлху хезаш бераш дара, геннара детта хезаш паровозийн маьхьарий дара.

Бенос шен цана а, пижарий а кхоалгIачу классан вагона уллохь совцийра.

— Со кху тIехаа везаш ву,— аьлла, велакъежа ве-

лира иза.—Хlей, Iайшат, со цIахь воцуш, хьо ден-ненан йоккхах ерг ю хьуна массо а хIуманна тIехь царна гIо деш хилалахь! Ткъа хьо а, ПетIамат, Iайшате ладугIуш хилалахь, со цIа валлалц цуьнан гIоьнча хилалахь!

Вокзалан горгале туьйхира. Паровоз кIур тийса болабелира. Ненан дог тохаделира. Иза цаI-м ала юьйлира, амма ала а ца делла йилхира.

— Ма елха, ма елха,— бохуш, Бено иза теян гIерташ вара. Ноха ма йоха, нана. Дерриге а дика хир ду хьуна, теша хьо аса бохучух.

Бенос кхин, цкъа а мара а иккхина, бартбаькkхира цунна а, йижаршна а.

Юха а шозза горгали туьйхира. Нанас шен кIентан белшах куьг Iоьттира: «Iалашволда хьо, нанас хьох Iоьттинчу куьйго! Массанхьа а ирс долуш хуьлда хьо, цхьамма а зулам ма долда хьуна».

КхозлагIа тоьхна горгали а бийкира. Кондукторо шок туьйхира, паровоз, бехха мохь а тоьхна, бега а бен дIаболабелира, дийина могIа вагонаш шена тIаьхьа дIа а озош. Иза тIаьхь-тIаьхьа чехка болура, дукха хан ялале массо а хIума геннахь бIаьргана гучуьра дIаделира: цIерпошт а, Бено а, ирсах йолу дега-йовхо а.

## КОРТА V

### 1

ГIийлла хезаш дара цIерпоштан чкъургийн тата. Ноьлла буьйса яра. Вагонан неIара тIеххула фанара чохь гIийлла богуш чIурам бара. Дехьа чохь чогIа хар ден хезара.

НеI дIа а йиллина чоьхьаваьлча кондукторан аз дара хезаш:

— Кечде билеташ! Армавир — Кавказски! Кечде билеташ,— бохуш.

Бенос лаккхарчу полки тIехь хьала а гIаьттина, билет дIакховдийра. Кондукторо фанаран серлонца билете а хьажна, хаьттира:

— Стенга воьду хьо? — хьо кхин а генна, генна дIаваха дезаш ву!

Ша гIалатваларна мелла а бехкала а вахна, шен цхьаьрсан голина тIе а тевжаш, бодашкахьа дIахьаь-

жира — иштта, тIетевжжинчохь сохььтанга велира иза. Наб ца йича санна вара иза Iуьйранна. Буьйсанна сахиллалш седарчашка дIаса а хьоьжуш наб ца кхеташ Iийнера иза, ойланашка ваьлла. Кавказан лаьмнашна уллошхула чIуг а етташ дIайоьдуш яра цIерпошт.

Муха ели а ца хууш буьйса дIа а яьлла, Iуьйре тIекхечира. Гола тухучохь меллаша, хи а хадош юха а чекхъелира цIерпошт. Лаьмнаш тIехьашха дисира. ХIинца гобаьккхина гонах ерш Кубанан хинан аренаш яра.

Полки тIехь дегI а саттийна, ша стенна воьлу ца хууш велавелира Бено. ХIара бу-кх, цуьнан дуьххьарлера, хиндерг ца хууш болу некъ! Амма оцо кхерам ца туьйсура цунна, ткъа мелхо а, мелла а самукъадолуш, дикачуьнга сатуьйсуш, цхьа доккха хIума хир ду-кх, бохуш дегайовхо йолуш вара иза. Дерриге а хила деза дика аьлла, хетара цунна.

Гонаха дIасахьаьжна Бено кIеззиг воьхна висира лахарчу полки тIехь хинна Iаш йоI гира цунна. Аннашна тIе тиша довха кортали а тесна, коьрта кIел жима гIайба а биллина йижина Iуьллуш яра иза, чкъург санна хьарча а хьаьрчина. Иштта буьйса яькккхира цо Схьахетарехь, кхин а йижина Iен мегара иза, нагахь дуьхьал долчу ватонан корехула чукхеттачу маьлхан сирлачу зIаьнарша цуьнан юьхь серла ца яькккхинехьара. ЙоI меттахъхьайра, цуьнан цIоцкъамаш дегийра, бIаьргаш схьаделладелира. Маьлхан зIаьнарша цхьана минотана чIичкъашка яхийтира иза, тIаккха хьала а гIаьттина агIор дIахилира йоI. Юха а бIаьргаш дIабиллинчу цунна Бено гира. «Iаьржа месаш, ша Iаьржа бос болуш ткъа бIаьргаш сийна сийна», — бохуш, ойла еш цецъяьллера йоI.

— Хьайн тарлахь йитахьа цхьана минота со суо, — аьлла, дехар дира иоIа. «Хьажахьа цуьнга!» — аьлла, хийтира Бенона, тIаккха букъ берзийра цо йоIана.

— ХIанхIа, дIанехьа валахьа, хьайн тарлахь. Цхьана минотана, — элира иоIа юха а. Бено цIийвелира: «Хаа а хиний со ккхуза охьа! — дагахь долуш оьгIазвахара иза. — Сайн тускар а эцна ккхузара дIавахча хIун дара техьа со?».

Амма «схьава мегар ду хьуна!» аьлла хаза аз шена хеача Бенона мелла а хазахийтира. Меллаша еса йолучу меттиге лахарчу полки тIе охьахиира иза.

— Ма наб а йира-кх аса! — аьлла, елакъежира йоI. Куьйгаца шен охьаяьхкина месаш дIа а писъеш, хаьттира цо: — Гена воьдий хьо?

— Одессе воьду со, — аьлла, жоп делира Бенос.

— Одессе Москвахула ма воьду хьо? — цецъелира йоI. — ГIуллакх хилла воьду хьо я гергарнаш болчу воьду?

«ХIун ду цо хоьттург?»— аьлла, дагахь долуш кхохкийра иза. ТIаккха цо жоп делира:

— Деша воьду со. Ткъа Москвахь иштта хилархьама воьду со, кIеззиг гIуллакх а дара.

— Ма гена воьду хьо деша? Ткъа кхузахь яц деша ваха меттиг?

— Суна деша лууш йолу школа яц кхузахь.

«Мел къамелана тIера а ваг!» — аьлла, цхьана минотана оьгIазъяхара иза, амма оьгIазъяхар оцу сохьта чекхделира:

— Дуьххьар воьду хьо?

— Дуьх... хьара воьду,— элира халла Бенос. «ХIан, дIавала везара кхузара»,— аьлла, сацийра цо. Амма оццу минотехь йоIа юха а хаьттира:

— Техник-м ваш хьо?

— Цкъачунна-м ваш.

— Цкъачунний? Вайн хенахь и говзалла хиларх а зен даш. ХIун ло гимназис? ХIара ду аьлла хIума ца ло Болх бан оьшуш долу хаарш ца ло. Ткъа дахарехь хаарш иштта чIогIа оьшу!

— Ахьа гимнази яьккхина чекх? — аьлла, эхь а хеташ хаттар а дина, йIзалуш йоIе хьаьжира Бено. ЙоI елаелира.

— Яьккхина дера, стохка яьккхина аса. ХIинца юьртахь хьоьхуш ю со.

— Ткъа гимназис хIумма а ца ло ма бахара ахьа!

— Аса ша тайпа, хьехархойн класе яьккхина чекх. Хьо Кавказера-м ваш?

— Ва дера.

— Гуьржи? Эрмало?

— Ваш.

Цо ден хаттарш новкъадеъна Бено цIийвелира: «Ванах, цунна хIун деза техьа соьгара? Ма чIогIа тIетасаелла хIара!» — аьлла, хийтира цунна.

— Суна-м, масала, бен а ма дац хьо оьрсе, я эрмало хилча а,— элира цо оьгIазе.

— Дац? — лерриша цуьнга хьаьжира иза. Тlаккха корта агlор а тесна доккха са а даьккхина цо элира: — Эхl, ма йовха ю вагон чохь! Хьуна хетий?.. Хьаг а ела со.

Юьхьанца Бено ийзалора цо дечу хеттарехь а, цуьнца хабаре вала а. Тlаккха вуьйлира иза, цунна самукъане хийтира цуьнан аз а, цо дуьйцург а: цхьаммо lал хьоькху пондар тlехь мукъам беш санна хетара цунна, цlеххьана дагахь доцуш хазахетарх юьзна хийцаелира цуьнан ойла. Поl елаелча — лаккхарчу ноташна тlехь аз декаш санна хетара цунна, цо цхьана хьокъехь лерриша дийцар долийча кхин а самукъадолура цуьнан, дика самукъане ойланаш оьхура дага.

Цунна цхьа хlуъа а дина а дика дан, муьлхха а цуьнан гlуллакх дан лаьара цунна. Амма иза ийзалора, ша хlун дан деза а, муха хlун дан деза а ца хаьара цунна. Хьогах ю-кх ша, элира йоlа. Ткъа гена йоцуш цlерношт сецча сихха мерза хи дан вахара иза. Амма цунна дагахь долу мерза хи хила а ца хилла, шишан чохь долу хи а ца хилла, зокан чохь хи дахьаш веара иза. Бен а дац иза хьогах ю. Ша эцна деана хи йоlана хьалхха, хlумма а ца олуш стоьла тlе охьа а хlоттийна, шен полки тlе велира Бено. Цо деанчу буьйдачу хина тlе а ца кхевдира йоl Бено эхь а хетта, вист а ца хуьлуш lара.

Дийнахь цхьана станцехь нехчий, бепигтий, локъ машиний йицира цо, ша уьш эцча хlинца майрра тlе а вахана йоlе ахьа юий ала сацийра цо. Юьхьенца цо дуьхьало йира, амма тlаьхьо цхьа локъам дlаййцира. Шен хьокъехь кlанта беш гlайгlа, схьахетарехь, хаабелира цунна, юха а кху шишан къамел доладелира.

— Болх беш хиллий хьо?

— Хилла дера, болх бина аса. Хlокху деношкахь дlаваьлла со,— аьлла, жоп делира Бенос, ша а цецвуьйлура иза хlинца цо деш долу хеттарш шена йовкъа доцуш, ткъа мелхо а цо уьш дойла шена лаарх — хlунда хоьту техьа цо иза?

— Хьан куьйгашца а го суна хьо болх беш хилар,— элира йоlа цуьнан дагахь дерг хинца санна.

— Товарий станцехь кира дассош а, тlедуттуш а болх бина аса.

— Кира дассош,— элира йоlа цунах къахетар да-

гахь а долуш. — Деллахь ма хала болх хилла хир бу иза!

Йоl дикка Iийра йист а ца хуьлуш, цIеххьана цунна тIе бIаьргаш а хьажош, даггара элира цо.

— Сан дахар а дац башха атта, юха а сецира иза.

Йоlа аьллачу оцу масех дашо Бенон дагна баккъала а гергара хетийтира иза. И а цхьа жима, гIийла, гIо оьшуш хийтира цунна. «Хьажахь, Iайшат санна жима а ю, хIетте а ша а йоьшийца» — ойла йира цо. Цуьнан ойла юьззина юхатоха гIерташ санна, стоьла тIе куьг а диллина, йоlа сацам боллуш элира:

— Иза-м хIумма а дацара. Халонаш а хуьлуш хуьлу. Вай кегий а, могуш а ду, вайга лалур ю уьш,— бакъ лоьй со?

Цо меллаша корта таIийра: хьоьга-м лалур ю, хьо кхочур ю айхьа лоьхуччуьнга, бохург дара цунна дагахь. Ша Iеш а ю, ша шена рицкъ а лоху, кхиберш Iама а бо! Ма «жима а, гIийла а ю!» — бохург дара Бенон дагахь.

Корехула чухьоькхучу мохо вагон чохь чан яьккхира. Бенос хьалха хьоршам а тоьхна, тIаккха йовхарш йира.

— Хьуна цамогу? — балакхочуш хаьттира цо. — Хьажалахь, цомгуш ма хилалахь! Кхузахь махкалла дан тарло хьуна, шун Кавказехь санна дан кхузахь Iалам.

Оцу заман чохь шен шад схьа а оьцуш.

— Хlан со схьакхечи-кх Хьан некъ дика хуьлда, хьоме некъахо! — элира йоlа.

Йоlа чIогIа куьг лецира Бенон, гIаккха гамбур чу елира иза, охьайосса кечъяла, цIерпошт Ростове кхочуш лаьттара. Корехула сийна байракх карахь дIасалелаш гуш стрелочник а вара, цIерпоштнекъаш дехьахьа а дуьтуш хьалхарчу новкъа йолуш яра цIерпошт.

Йоl охьайоьссира, дукха хан ялале бIаьргана гучуьра а йолуш. ГIийла ойла еш йоlана вехха тIаьхьахьожуш лаьттира Бено.

## 2

Москвехь даьккхина де цкъа а дицлур доцуш, цхьана боламан кегаре, низаре дерг, урамера гIовгIа, адамийн маьхьарий—иза дерриге а цунна дагахь лаьттара. Ницкъ ма кхочу сиха гIуллакх чекх а даьккхина,

училище дIаэцийта тIаьхьа ца висархьама дIаваха лаьара цунна.

«Уггар хьалха Пресне муха кхачалур ву, хатталахь», – бохуш хьехнера цунна иза новкъаволуш Курганове. – Ткъа цигахь карор ю хьуна оьшу меттиг»

Бено империал конки олучу вагонан тхов тIерчу метте висвелира, цхьана урамашкахулий, бульварашкахулий Пресне дIавигира иза. Цигахь лехира цо шена оьшуш доллу адрес, цигахь дхьана воккхачу стагана — мастерна дуьхьал кхийтира иза, цо Тимофеевич дагана ийтира цунна. Амма кхуьнан, Москвичан мер тIехула бIаьргех доьхкина наштаран гур а болуш долу куьзганаш дара. Бенос хьалхе ала билгалдина дешнаш ала дезара Воккхачу стага, вела а велла, куьг кховдийра цуьнга.

— Хаьа, хаьа тхуна, хьоьга хьоьжуш Iеш ду тхо, — элира цо хазахетарца. — Ткъа охьахаа, тха, жима накъост. Стенца веана хьо, хIун деана ахьа?

Хечин барчах дIатесна долу кехат схьа а даьккхина иза дIакховдийра цо воккхачу стаге:

— Кургановгара ду хIара— аьлла.

— ХIара гIуллакх ду. Баркалла! Ткъа хьо кхузахухула цхьанхьа воьддушехь веана-м ваш?

Бенос доцца дийцира шен хьокъехь.

— Тахханехь ваха луург ву хьо? — олуш, бIаьргаш цунна тIеберзийра цо. — ТIаккха сихо яц еза: билет а эца деза! ХIинца хIума кхоллур ю вайшимма, чай а мер ду, ткъа тIаккха Брянске гIур ву! Ткъа Курганова ала, кхузахь дерриге а кхочушдийр ду.

— Иштта Бено юха а вагон чу висвелира. Юха а цунна юххешха дIауьду телеграфан бIогIамаш, юха а гучу а юьйлуш тIаьхьаюьсу ярташ, эвлаш, цIеноша, станеш, юха а адамаш ду арахь а бошмашкахь а белхаш беш, ялташ а стоьмаш а чуберзош.

Хаза тийна Iуьйре яра Бено Одессе дIакхочуш лаьтташ ерг. Вокзалана хьалхарчу майдана воллушехь воьхна висира Бено Бохчи чохь цунна ца карийра Курганови адрес. Ша Буритlехь новкъа вала кечвалар дагалоцуш цунна дагадеара адрес тIехь долу кехат ша шеца бан дагахь хиллачу Iадхьоькхучу пондаран батта чу диллар, цул тIаьхьа дохко а ваьлла, ша и пондар цIахь битар — цигахь ша и адрес тIехь долу кехат дитар.

«Хlун дан деза,— аьлла, сацийра цо. — Шитта кху майдана а хlоьттина-м лаьттар вац со! Ткъа училище мукъана а каро еза, цига дlаизвала а веза, ткъа тlаккха гур ду-кх кхин дlа дан дезарг».

Гlалина юккъерчех цхьана урамехула дlавахара иза. Гlалано, йоккхачу гlовгlано, дуккхачу адамаша цlехьана Iадийча санна цецваьккхинера иза. Ураман гlашлойн некъашкахула дlасалелаш дукха адамаш гора, урамехула дlасалелаш варданаш а, тачанканаш а яра. Газеташ карахь адамашна юккъера схьаиккхийчу кlанта Бенон леррехь мохь туьйхира:

— Керла хаамаш! 15 шо ду зуда меттахь Iуьллуш йолу! — аьлла, дlаведира иза.

Бlогlамашна, керташна тlехь, горгачу киоскашна тlехь тамашийна, адамаш цецдохуш болу хаамаш бара — дlайиттина къорза афишаш яра. Кхузахь яра «синематограф», «Сонька Деши Ручкане» а, «Биъсабарин тlуьзе» а хьовса чукхойкху, цхьанне а кхеташ йоцу «Ханжонкови Иллюзион а», тайп-тайпана кхин йолу рекламаш а. Шена гуш дерг а я деша а, я цунах кхета а ца кхуьура Бено. Шена ма хетта дlавоьдура иза, урамашкахула дlаса а хьийзаш. Гlалин юкъ тlехьа йитира цо, амма кхузахь а дара даккхий лекха тlулгийн цlеношка. Хlара-х яций техьа училище? — аьлла, хьалхалаьтташ Iаламат даккхийчу цlеношка дlахьажира иза. Амма йоккхачу неIара тlеххула даккхийра яздина дара — «Институт благородных девиц («Оьздачу мехкарийн институт»).

Ши некъ хlотталучохь саца а сецна, тускар охьа а диллина, ойла ян велира Бено.

— «Хlара хlун ду хьанна хуур ду! Деш хlума а доцуш гlалахула ваьлла лелаш ву-кх со! Цхьанга хатта мукъане а деза! Гlала йоккха ю, хан эрна стенна йойу аса! — Кхуззах цунна даганиккхира: — «оьздачу мехкарийн» бохург хlун ду? Ткъа нагахь цигахь доьшуш белхалойн, ахархойн зудабераш долуш кхин институт хилча? Цаккха муха язда дезара? «Оьзда боцчу мехкарийн институт» эр дара? Я муха эр дара?»

— Ойла еш лаьтта хьо? Хоттуш тlехьашхахула цаI тlевеара кхунна.

Бено оьгlазе юхахьаьжира. Цунна хьалха лаьтташ вара цунна вевзаш воцу, хlинца а вуно къона волу, Iаьржачу аматахь цхьа стаг, багара иккхийра жимма

хьалхахьа яьхкина йолу цергаш гучу а йохуш вела а къежаш.

— Бехк ма билла, ца вевзаш галваьлла со,— олуш, шен черта куйн хьалаайира цо

— Хlумма а дац... Алахьа, мичахьа ю кхузара шен долахь йолу технически училище?

— Цигахь деша воьдуш-м ваш хьо?

— Ву дера.

— Вевзаш хир вайшиъ — Блудов Василий, училищехь ладугlуш верг ву со. Хьо ма гена ваьлла? Хьо кlегар юхаваха веза гlалина юккъехьа. Вало дlогахьа, Кузнечни урамехула дlа биъ урам хадийча тlаккха аьрро агlор верза веза. Цигахь хьаттичхьана эр ду хьоьга, Iодика йолда! Занятешкахь гур ву вайшиина!

Делкъан хан хуьллуш училищан концелярина чу а веана, секретаран стоьла хьалха сецира Бено.

— Деша веана хьо? — аьлла, хоттуш, цуьнгахьа корта дlаберзийра оцо.

— Веана, веана те,— аьлла, хазахетарца жоп делира Бенос.

— Уггар хьалха хьайх тешам хиларан хьокъехь долу тоьшалла схьагайтал

— Мича тешаман хьокъехь?

— Полицегара. Хьо Iеш хиллачу меттигера,— элира секретаро: «Ва-нах, батта тlера охьавоьжна-м ваш хьо?» — аьлла, хаттар дан дагахь волуш санна.

— Иза хьанна оьшу? — Бено юьхьа тlехь хийцавелира.

— Цуьнан хьуна бала бан. Училище шен да волуш, шен долахь ю. Амма цунна а оьшу пачхьалкхан долахь йолчарна оьшуш долу кехаташ! Ишгта ду гlуллакх!

Иза а аьлла волавелла шен метте охьахийра секретарь

— Ткъа... ладогlахьа,— элира Бенос тlе а хилла. — Со чlогlа генара веана. Нагахь хьуна хаахьара... — иза кхин а юххе хилира,— хlанхlа, хlанхlа со деша дезаш ву. Муха мегар ду? Со хlуъа а хилла латтахь а кхузара цаI доцуш дlагlур ваш.

Чlогlа сингаттаме вуьйжира Бено.

— Ткъа хьо, жима стаг, воха ма воха. Тlеэцар чекхдаьлла, буьззина тlеэцна бевлла. Нагахь хьо ишгта чlогlа тхан училище ваи лууш велахь, дехар дита яздай.

Аса директоре дIаэр ду. Iай тIеоьцучу хенахь хьоьга цо экзаменаш дIаялийта а тарло.

— Кхин ах шо даьлча, бохург ду иза?

— Да дера, ах шо гергга!

Бенос бIаьргаш лаьтта охьахьажийра. «Цкъачунна цхьанхьа болх бан дезар ду».

— Аса сатухур ду, — элира цо леррина. — Аьлча а, куьйгаш охкийна, хIумма а ца деш хиъна ца Iеш, ткъа болх бан гIур ву со. Стеннах ваьхна а цхьаннах ваха ца деза ткъа? Хьожур ву цу хене.

Бено дагахь хIума доцуш, дикачу ойланца велавелира.

— Ткъа мичара веана хьо?

— Къилбседа Кавказера веана со...

— Эхle! Хьо-м туьйранахь вуьйцург санна тамашийна стаг ву: ахча а доцуш хIоккхул гена деша веанийша. Я ккхузахь гергара стаг ву хьан?

Шен хаттарна цо жоп даларе а ца хьоьжуш, цо юха а хаьттира:

— Алахьа, йовха юй шун цигахь?

— Ю дера, йовха а хуьлу

— Кавказе, Бакохахьа ваха дагахь ву со. Цигарчу Технически училищо гIуллакхе цига дIакхойкху соьга. Цигахь дахар муха ду? Ца хаьа хьуна?

— Со Бакоха Iийна ваш. Ца хаьа суна цигахь муха ду.

— Дика ду, делахь хIета хIун дийр ду... кхин ах шо даьлча.

— Ткъа мегар дацара техьа иза... тоьшалла доцуш.

— Тешам болуш хиларан хьокъехьий? Гм!

Секретарь ларлуш хила велира: мила ву и жима стаг? Шайн Кавказехь деша ца лууш, ша тешам болуш хиларан хьокъехь тоьшалла а доцуш, тIе иза хила а ца лууш волу. Цуьнца гIуллакх дагIахь-м хьаха тарло цхьана историна юкъаваха а.

Амма, шуьйрра дIабиллинчу, хIумма а дагахь доцуш, бераллех буьзна болчу Бенон бIаьргашна чухьаьжначул тIаьхьа цуьнан сапаргIатделира: хIанхIа, хIумма а хир дац! Иза мегар волуш ву, бер санна ву, амма акха ву-кх, ур-атталла хьалххе хаа а ца гIоьртина дика дIаоьцу бакъенаш муха ю!

Гуттар кIадвеллачу цо, шен тIехь чо боцчу коьртах

куьг а хьаькхна, велакъежаш Бенон агIор дIа а хьаьжна элира:

— Схьахетарехь хьуна хезна а дац иштта чу тоьшаллин хьокъехь? ХIан? Дика ду, хьовсур ду вай! Цкъа кхузахь прописка яйта, балха гIо,— тIаккха кхузахь а таро хила мега хьан оьшуш долу кехаташ даха,— оцу ламанан стага муха тIеоьцу техьа шен дешнаш бокург дагахь долуш, цуьнга леррина тидам беш дIахьаьжира секретарь: цецволий техьа иза? Юха а юха м гIертар вац хир ву иза? Амма Бенос резахиларца корта таIийра.

— Ткъа экзаменашна кийча вуй хьо?

— Муха вац, дера ву. Делахь хIета январь кхачалц?

— ХIаъ, Iодика йолда...

«Дерриге кегаделла ду-кх,— бохуш, ойла йора училищера араваьлча жимчу стага,— оьзданашший... тешаме бершший... амма хIуъа а хилла латтахь со цига ваха декхарийлахь ву! Цкъа хьалха аьтто ца нисбалрх вухавала мегар дац!

Дуккха а ца лехар сацийра Бенос — махлероран товараш кхочуьчу порте кира дассошший, тIедуттушший болх бан вахара иза оцу сохьта: хIордан кемана тIера аннех биллинчу пекъа тIехула таппаш а, яьшканаш а, охьаяссайора цо, тIаккха юха кеманна тIейотта кхиерш тIекхоьхьура. Кхиберш а санна Николаевски бульварехь йолчу баракехь Iеш вара иза.

Цкъа шайца пиво мала кхайкхира цуьнга кира дассошший-тIедуттушший белхаш беш болчу белхалоша. Шеца цхьаьний белшах белш тоьхна болх беш долчу адамашна «тхох кьехка-кха хIара» аьлла дага хIума ца данйтархьама вахара иза цаьрца. Ца воьдуш дуьхьало яр бакъахьа ца хийтира цунна.

Мала а ца Iемина волу Бено кхо кружка дIамоллушехь вуно чIогIа вехира: цуьнан Iаламат самукъаделира, готтар воьлуш Iен дог догIура цуьнан. Цхьа а бахьана а доцуш акъ ваххана воьлура иза, тIаккха пенах кхозу реклама гира цунна, кхечушна а хозуьйтуш цу тIера дешнаш дийшира цо:

Натахь могуш хила хьуна лаахь,
Санценбахерски пиво малалахь.

— Мала деза! Мала! — аьлла, цIехьана мохь туьй-

хира цо, хьалагIатта гIоьртина иза, ласта а лестина, юха а ша волччу охьавуьйжира.

Кир тIедуттушший, дассошший белхаш беш болу белхалой, вовшех кедаш детташ, юха а мийла бевлира, кхузахь бехий охьа а бетталуш. ТIуьнчу балдашца Бенона бартбаха гIерташ вара накъостех цаI

— ХIанхIа, хIанхIа! — бохуш, юхагIертара Бено.— Цхьа а тешаме бер-рр-раш... оьзд-да-бер-р-раш... гIагIи... бер-р-раш.:

Іуьйранна хIумма а дага ца догIура Бенона: корта лозура, Іетто догдогIура, ткъа схьаэцначу ахчанах киснахь цхьа а кепек яцара. Массо а шех буьйлу моьттура цунна. Смена дIайолаяла ши сахьт дисинчу хенахь цунна тIевеанчу селхана сакъоьруш хиллачех цхьаммо «гавур» а, помидор а дIакховдийра цуьнга:

— Корта тобе хьайна — дика хир ду хьуна!

— ХIанхIа,— аьлла, Бено дIавирзира,— тоьур ду селхана дина эхь а!

— ДIамала ца боху аса! Атта хир ду хьуна! ХIа!

Бенос «гавур» дIа а мелла, помидор тIекхаьллира, амма цIеххьана Іеттийра иза, белхан де чекхдаллалш халла са тохаделира цуьнга.

## 3

Кхин ши кIира даьлча шена догIу ши гуьман пхи сом, алапа ша схьаэцча, Бено оцу сохьта почте вахара.

«Сан хьоме да а, нана а! Сан хьоме йижарий! Со могуш ву,— яздора цо. — Цкъачунна болх беш а, экзаменашна кечлуш а ву со. Сан хьокъехь са ма гатде... Дерриге а дика хир ду. Шуна туьма ахча доуьйту аса, тIаккхахула кхин а дукхаха дайта таро хир ю аьлла тешаш ву со» .

Амма Іа тIекхочуччу ханна кираш кIезиг дара, болх лахбелира. Цу тIе экзаменашна кечвала а дезара: кингаш еша а, суьйранна дешар карладаха а дезара цуьнан. Бенон ирсанна, иза хьуьнаре а, хьекъал долуш а хиларна цунна тIе шайн тидам бахийтира хьаькамаша, иза конторе счетоводан балха ваьккхира. Экзаменаш хилале хьалха ша мукъаваккхар дийхира цо, амма иза балхара мукъа дегаза ваьккхира.

Юха а училищан канцеляре веара иза.

— Хlа, муха ду гlуллакхаш? — аьлла, дуьхьалве лира цунна секретарь. — Документаш деаний ахьа?

— Хlара ю прописка, ткъа хlара хlордакеманийн конторера справка ю. Цигахь болх беш вара со. Гоьур дуй?

Секретара кехат деша а дешна, мегар ду бохучу билгалонна корта таlийра.

— Тlаьххьара горгале тухуш схьакхечи хьо, ала мегар ду, кхана экзаменаш дlаюьйлало,— аьлла, гlетуьйхира цо.

— Со дlаоьцур вуй?

— Иза хьо-х дозуш ду: ахьа экзаменаш дlаяларе терра.

— Цунаххий? Нагахь аса экзаменаш дlалахь.. дlаоьцур вуй со?

Секретаро балдаш саттийна, куьг ластийра «Дlаоьцур ву, амма дешарна гlера дала ахча кечде».

Дукха хан ялале дlатуьйхира дlаэцаран экзаменаш хиларан жамlаш: Бено дlаэцнера. Цунна оцу сохьта дагадеара шечушка цlа хаам бан беза, царна боккха кхаъ хир бу аьлла.

«Дада,— яздора цо кехата гlехь,— цхьа гlуллакх дина аса: хlинца со доьшуш ву. Могуш ву. Суна са магатде. Шуна кхин а цхьакlеззиг ахча доуьйту аса».

Дlадоладелира училищера дахар: хьалар доккхуш болу болх, классашкахь а, мастерскешкахь а беш болу. Цкъа мухха а, урокаш дlаяьллачул гlаьхьа механически мастерске веана, ехачу верстакана гlе а веана, дlахlоьттира Бено. Иза гина цунна гlевеара механик.

— Хlоккунах винт хьовзо догlа де,— аьлла, цуьнга цхьа эчиг дlакховдийра цо. Дюйман кхо четверт барамехь хила деза догlа.

— Иза дан ма ца лаьара суна,— элира цlехьхьана Бенос, корта а хьовзош.

— Хlунда? Хала хир ду аьлла хета хьуна?.

— Мичара, ца хета дера-кх! Суна лаьара... Физикан урокехь селхана электричество хьехнера тхуна ..

— Ахlа, кхета, кхета со! — механик цуьнан дашл юкъаиккхира. — Стелахаьштиган ницкъ дlахьовзориг яр дуьллур ду аса хьуна гlе..

— Диллахьа.. иза яйгахьа соьга! Амма цунна мел оьшург а схьалохьа соьга.

— Ткъа цхьана метта дIа хIунда ло хьоьга? Тахана цхьа хIума-меже еш, кхана кхиерш еш елахь...

— ХIанхIа,— Бенос иза ца тайна буйнаш бира,— хIинцца оьшу суна берриге а гIирс: классехь тхуна хьехна, ткъа суна лаьа иза сайга ялойла хьажа. Нагахь болх бахь бан беза!..

«Оцу кIантах цхьа хIума хир ю»,— аьлла, дагадеанчу механико оцу сохьта цунна берриге оьшуш мел болу гIирс дIабелира: инструменташ, хIума латош йолу лампа, гIелий, буру, стелахаьштиган ницкъ дIаберзориг муха ян еза гойтуш йолу чертеж. Уьш схьа а елла дIавахара иза. Делкъал тIаьхьа диъ сахьт даьлла хан яра иза.

Суьйранна цхьайтта сахьт делира. Мастерскеш яссаелира. ДогIанаш декош чувеара механик.

— ХIа, таханенна тоьур ду. ДIачIогIу хан тIекхаьчна. Муха бу болх? ДIабоьдий?

— Йина ваьлла со!

— Хадийний, хьаькхний ахьа? ДIанисйиний?

— Дерриге дина ваьлла со!..

Верстакана тIе а веана, лепа а лепаш цу тIехь лаьтта стелахаьштиг юхатухург схьа а эцна керахь хьийзо велира механик.

— Ахьа хIара йийр ю ца моьттура суна! Ахьа-м шар а йина хIара. Бакъо йоцуш хIара яр мага-м ца дора...

— ХIинца цкъа бехк ма биллахьара...

— Дика ду, дика! Ян дика йина.

Іуьйранна класса чувеара физика хьоьхуш волу хьехархо.

— ХIан, кегий нах, хьанна лаьа жоп дала? Дист ма ца хуьлу шу? Цхьанне а ца лаьа? Делахь аса айса кхойкхур ву жоп дала. ХIа, хьо, масала,— олуш, тIехьарчу партина тIехь хиъна Іеш волчунна тIе пIелг хьажийра цо. Дешархочо хьала а гIаьттина, мерах луьйш вуно вон, бехке хилла цхьа гIам-гIим дира:

— Жоп тIаккхахула дала пурба лахьара ахьа суна. Со дика кхетта ваш.

— Дуьххьал схьаалахьа: ца хаьа. Охьахаа!..

Хьехархочо цкъа цхьаьнга, тIаккха вукхуьнга кхойкхуш, классерчу дешархойх шисса эханга тIекайкхира амма цхьанге а жоп ца далалора.

Физик оьгIазвахна кхоххийра.

— Ванах хIара хIун ду? Аса, схьахетарехь, дерриге

ма дарра дийца ма дийцира шуна. Книги тIе а хьаьжна аша карладаккха бен ца оьшуш. Эхь хета деза! ХIара хIун ду ша? ХIара-х лаккхара технически училище ю ХIа, ткъа нагахь округера инспектор веанехьара? ДIахаалаш: кхин дIайолчу ханна — жоп дала цхьа а тайпана дуьхьалонаш аса тIеоьцур яц шуна! ДуьххьалдIа ца хаьа аьлла хIоттор ду. Баккъалла а цхьанна а жоп дала ца хаьа шуна?

— Суна бакъо лохьа,— аьлла, хьалагIаьттира Бено.

— Схьадийцал делахь.

— Селханлера урок хиллачул тIаьхьа сарахь мастерскойхь аса йина стелахаьштиган ницкъ дIахьовзориг. Иза таллахьара ахьа. Муьлхха а тайпана нийсадацарш, сакхгаш дуй хьажахьара хьо.

— Ткъа мичхьа ю иза?

Бенос шад дIа а баьстина юккъера схьаяьстира стелахаьштиган ницкъ дIахьовзориг, массарна а гайтира цо иза. Цхьана куьйгара вукху куьйга тIе а юьллуш,— дIаса а хьийзош, боккхачу тидамца хьийжира цуьнга хьехархо.

— Ахьа эцна хIара я, ахьа ма баххара, айхьа йина ахьа хIара?

— Аьшпаш хIунда бутту аса? Цхьамма йича, айса йина хIунда боху аса. Аса ца боху хьоьга: аса айса йина хIара.

— Мичхьа? Вайн мастерскойххьий?

— Вайн мастерскойхь йина. Механико еллера суна чертеж а, инструменташ а.

Резахилла велавелира хьехархо.

— Кхул хьалха цхьаннахьа а болх беш хилли хьо?

— Болх-м, бакъду, бина. Амма хIокху гIовзаллехь цкъа а ца бина.

— Ншттта... Делахь хIета, хIара — «Сименс» марка йолу стелахаьштиган ницкъ дIаберзориг ю. Ян вуно дика йина. Ахьа бина болх шуна бар тIехь долуш бацара, амма хIетте а ахьа иза башха дика кхочушбина. Делахь хIета, хьуна еза-кх аса хьоьхуш йолу предмет, дахарехь цунах пайдаэцарна тIе тидам бахийта а лаьа хьуна. Иза дика ду. Хила беззачу барамехь урок мукъана хаьий хьуна?

— Хаьа.

— Охьахаа. Ахьа йина ницкъ дIаберзориг лабораторехь дIахIоттийна хир ю.

луш, ах дIанйллина йолчу неIарехула Бенона гира Тоня. Дивана тIехь хиъна Iеш яра иза, ткъа цунна хьалха гора а хIоьттина лаьтташ Блудов а вара.

Бенон дог лазамца Iовжийра оцу гIуллакхо, ткъа тIаккха сиха деттадала доладелира иза. Иза ша а ца кхетара, ша шен цIа чу муха кхечира. ЦIенкъа тийсина долчу кIедачу палсанца ца хазийтира цуьнан когийн тата, — цуьнан чувар цхьанне а туса ца делира, иза ган а ца гира. «Суна хIун хилла?» — дагахь, долуш юхьан беснеш тIехула охьа куьг хьаькхира цо. Книгаш стоьла тIе охьа а кхийсина, цхьана маьIера вукху маьIе вахана, дивана тIе охьавижира иза, ур-атталла тIера тужарка дIа а ца йоккхуш, коьрта тIе гIайба а буьллуш, цундела я Тонин когийн тата а я цуьнан аз а ца хезира цунна, иза ша тIе а еана, белшах муьшка йина цо ша меттахъхьаваллац.

— Хьуна хIун хилла? Хьо цомгуш хилла? — элира цо цуьнан дакъакхаьчна. Бено юьхь, бакъдара, вуно йогуш яра.

Амма жимчу стага шен бIаьргаш кхечу агIор дIаберзийра.

— Оцуьнга дIаалалахь.. хьайн накъосте, нагахь иза хьайн накъост велахь... со хье а ца еш Iадда юьтанда цо. Кхин а дика хир ду иза кхуза ванне а ца веача Иза хьанна оьшу кхузахь? Эхь ца хета, оьзда воцу стаг!

Кхин ах сахьт даьлча стоьла гонах охьахевшина Iеш бара уьш. Поккхачу стага хIинццалц чул тIаьхьа хьалхайиллира яахIума. Тоняс ша зачет дIа муха елира дуьйцура, ткъа сапаргIатдаьлла, машаре хилла волу Бено цуьнан юьхьан хазчу, исбаьхьчу сибташка а хьоьжуш Iара.

Цунна новкъадеана хиллачух буха цхьа а лар ца йисира. «ХIанхIа,— бохуш, ша шегахь ойла йора цо,— эрна еш хилла аса цуьнан хьокъехь вон ойла!».

Сарахь цIера кехат кхечира цуьнга. Иза деша а волавалале, цуьнан ойланехь цунна хьалхахIуьттура ша ваьхначу хьомечу цIийнан, шена безамечу, хьомечу адамийн сурташ. Цунна хеталора шен нанас ша мара къуьйлуш санна, дас дозаллица шен белш тIе куьг дуьллуш санна, ткъа йижарий везаш волчу вешина тIера бIаьргаш дIа а ца бохуш, самукъадолуш буьйлуш Iеш санна.

Бено велавелира, царна дуьхьал ша волуш санна

Делахь мел доккха хIума ду-кх хIара кехат! ХIинца кхо къамел дийр ду-кх кхуьнца ден-денан, йижарийн мерзачу озаца.

Амма самукъадалар, иза тIедар а санна, чехкка дайра кехата тIелатийнарг гIалара марка а яра, адрес «кхузахь» аьлла дIадолалуш а дара. Ойла йоьхначу Бенос кехат схьадаьстира: «Ваиах Одессехь соьга хьан язда тарло?»

Бухгалтеро контролера яздина кехат хиллера иза. Дукха хан ялале ревизи хила езарна сихха бухгалтерски отчет хIоттош гIо дахьара Бенога «дика ахча доккхуьйтур» дара, бохуш яздора цо. Хан чIогIа кIезиг яра, ткъа Бенона болх хаьара, цундела, кхечуьнга чул цуьнга дикаха кхочушбелур бара иза. Луш болу мах лакхара бара.

— Хьаьнгара ду иза, нагахь къайле яцахь? — хаттаза Iа ца елира Тоня. — ЦIера ду?

— Аса шеца болх бина волчу бухгалтерера ду. ЧIогIа сиха а, пайдехь а болх ло цо соьга баш. ХIан, дешахьа. — кехат дIакховдийра цо.

Бено ощу сохьта ара а ваьлла вахара, кIиранде кхачалц юха цIа а ца веара. Iуьйранна цIа веара иза мажвелла, оза а вина, дикка хенахь цомгуш Iиллича санна.

— Хьо ма босбайна ву? — хаттар дира дуьхьалъяьллачу Тоняс. — ХIун хилла хьуна?

— ХIумма а ца хилла, дуьххьалдIа са а ца доIуш кхаа дийнахь-бусий болх бина аса.

— И бохург хIун ду дийнахь а, буса а?

— Дийнахь а, буса а ала а мегар долуш. Дошца аьлча ши туьма даьккхина аса. Ма дарра аьлча болх шортта бу цигахь. Оьшуш хилахь — юха а гIур ву со.

Бено шен чу а вахана маьнгиттIе охьавуьйжира, дикка буьйса йоллалц вижна Iиллира иза.

Иза самаваьккхира Блудовс. Циниг санна тата доцуш дайн самукъадаьллачу кепара йиш лекхавелира иза.

— ХIа, хьоме доттагI, хан муха дIахьо ахьа?

Тоняс дехнарг кхуззахь цуьнга дIаала ойла хилира Бенон, амма Васькас цуьнга бага а ца пIаттаяйтира:

— Суна гарехь хьо самукъадолуш ваш, хIан? Вуй? — юха а багахь йиш лекхира цо. Цунна жоп луш Бенос а элира цаI-м.

— Юха алахьа сан доттагI со ца кхийтира ахьа аьллачух.

Вист ца хуьлуш тужарка тIе а юьйхина, хьостам тIехь кхозу фуражка схьа а эцна, неIарехьа дIаволавелира Бено.

— Хьо араволу? — Блудовс бат саттийра.

— Хьоьца аса тIаьхьо дийр ду къамел, — элира макхвеллачу Бенос, — ткъа хIинца со училище вольду, моделе хьожур ву со: механик волчу Обухове цIерпошташ яй бина.

— Лаборатори чохь дIахIоттийна берггий? Оцу чохь йолу стелахаьштиган пицкъ дIаберзориг ахьа йина ю бохуш ма дуьйцу? — накъосто йина Іоттар шена ца хааелча санна хила тIоьртира Блудов.

— Обуховс бинчу балхе хьаьжча иза яр хIумма а доцург ду..

— Хьуна вевзий иза? Ца вевза? Кхуьур ву, водур вацара иза-м. Хьо цхьанна-м сагатдеш ву. Лаьий хьуна, аса Люлица хьошалла тосур ду хьан? Эхle, ма хIума ю-кх иза! Ахьа боху писъелла ю иза! Уф-ф! Лаьхьанан санна сетташ дегI а долуш. Ткъа аз! Ткъа куй! ЭххIайя!! — лаьттах кор тухуш, ша волччохь хьаьвзира Блудов.

Хьовсалаш кхуза а, хьовсалаш цигахьа а,

Хетий — цуна хIара дерриге а хаза..

Иза кийча вара кхидIа а моттагIанаш, мекарлонаш лело, амма Тоний аз хезира: цо Бенога театре кхойкхура, совнаха билет дара цуьнгахь.

— Ма тIолахь! Ма тIолахь! — бохуш, сихвелла куьйгаш лестадора Блудовс, кхуззахь цунна хьалхара ша жоп делира цо:

— Дог ца догIу!

Баккъалла а хIара тIера на волу хьаша веачхьана дуьйна Бено ван а вара дог ца догIуш: иза цавезна ца Іеш, ткъа иза туш а новкъа вара цунна.

— Са ма татде ахьа, сан доттагI, цавахна дохко ма валахьа хьо... Аса дуьйцур ду хьуна..

Бено ша шена оьгIазьоьхура: хIан хIун аьрталла ю тохьа суна тIеенарг? ХIара боьха хIума ара хIунда ца кхуссу аса? Иза-х Тоняс а дехнера соьга. Ванах, ишгта чIогIа доллу тохьа сох «хьаша доллучул а веза ву» боху генарчу сан даймехкан весет? Ткъа Васька хьаша ву ткъа?

Оццу хенахь кисана куьг дахийтина къаьркъанан шиша схьадаьккхира Блудовс; кхечу киснара йоьхь а, локъмаш а схьаехира цо. Шишанан бух чIарх аьлла кера юккъе а тоьхна тIус кхоьсина дIа а бахийтина, стака схьа а хилийна, дуьззина чу къаьркъа а доьттина, накъосте дIакховдийра цо:

— Мала ца лаьа хьуна?..

Бенона оцу сохьта дагадсара портехь кираш дассош а, тIедуттуш а болчу белхалошца ша малар. Хебаршка а вахна стакана тIера шен бIаьргаш дIаберзийра цо.

— Ткъа со-м малар дезаш ву, тIе хIума а кхоллуш, нахаца молуш. Делахь, хьан мехалчунна тIера!

Цу чохь дерг хи долуш санна бIаьрган негIар ца гухуш стака дасса а дина, гоьла тIе кор а баькккхина, товелла охьахиира Васька.

— Дукха хан йоццуш хьо волчу веанера со. Хьан хIусамнана елира суна дуьхьал: «Иза,— элира цо,— цIахь ваш». Вацахь хIун дийр ду, Iодика йолда, аьлла, неIарехьа юхавирзира со. «Стенга воьду хьо, Вася? ДIа ма гIохьа цхьаьна хIума юур яра вай!» — олуш, со сацийра цо.

Блудовс кхин тIе а мала а мелла, тIе хIума а кхаьллина, тIаккха хIор дашна гал а вуьйлуш, хабар дуьйцура.

— Аьлча а, уггаре а дика локкхуччу тайпана йолу романс-йиш лекхира аса цунна... ТIаккха... кха... доцца аьл... ча... Цхьайтта сахьт даьлча дIаваха тохавелира со... «хIанхIа, ма гIохьа, Вася, Iехьа! Иза хир а ваш, — хьо боху-кх. Ткъа суна хIун ду! Со, хьуна ма хаъара, даймаина а цхьайтталгIа весет кхочушдеш ву: «ледарло ма елахь», — боху. Э-эх! — олуш, пIелгаш ловзо велира иза. И башха зуда!

Васькас шога бегаш бора, вехначу озаца эхье эшарш лоькхура цо. Бено, эгIийча, санна, цхьана агIор дIа а хьоьжуш Iара. Ур-атталла хьаша дIавоьдуш а ца хиира цунна. Цунна хорша хьоьхура: цкъа хIуъа а дича а вох а ца лора иза, тIаккха дIавуллий шен кучан кач этIабора цо, дегIерчу йовхонна са ца даIалора цуьнга. Мел сийдоцуш, боьха, эхье хетара цунна? Цхьа дагахь йоцу ца кхета ойланаш гIуьттура даг чохь.

Тужарка тIе а госуш агIорвелира иза. Сени чохь горгали бийкира, цунна тIаьххье шозлагIа а, кхозлагIа а бийкира. «ЦIа еана хьуна Антонина Михайловна»,—

аьлла, сацийра Бенос, дуьххьара Тонин цIе а, ден цIе а яьккхира цо ойланехь, тIаккха пенехьа дIавирзира иза Йоккха стаг чIогIа наб кхетта яра, ткъа хIара шена хуъушехь хьала ца гIоттура. Мосуьйттазза горгали тоьхначул тIаьхьа ерриге нех йийкира. ХьалагIатта дийзира Бенон. ДIа а ца хьожуш нех дIа а йиллина, оцу сохьта юхавирзира хIара. «Сан хIун гIуллакх ду цуьнца, бохуш, ша шен тешо гIертара иза. — Со мила ву цуьнан? ХIусамехь Iеш верггий бен хIумма а вац-кх... Амма и Блудов... Баккъалла а ду техьа Тонина.. ХIанхIа, иза хила тарлуш дац. Ткъа хIун хаьа, — иза церан гIуллакх ду!».

Кхин цхьа минот яьлча Бенон нех туьйхира Тоняс.

— Со хьуна новкъа гIертар яцара, нагахь суна хьо тIехь хIумнаш а йолуш ца гинехьара. ХIун хилла хьуна.

АгIор дIа а вирзина лаьтташ вара Бено

— Хьуна хIун цатам хилла?

— ХIумма а ца хилла, — элира цо меллаша.

Цхьана минотехь шиъ а дист ца хуьлуш Iийра и шиъ. ЦIеххьана шена а дагахь доцуш вистхилира Бено.

— Алахьа, хьо йолчохь Блудов хиллий? — хаьттира цо.

— Мила Блудов?

— Техник, мосуьйттазза а со волчу вена волу.

— Маца? Муьлхачу дийнахь хиллий бах ахьа?

— ХIокху деношкахь, со цIахь воцуш.

— ХIанхIа, ца хилла? Ткъа хIун хилла?

Дукха ойланашна тиларе вахийчу Бенона ша дуьйцург дика дага а ца догIура.

— Висан а ца висира... буьйса яккха? — хаьттира цо тIе, цунна тIе а вирзина, тIера ши бIаьрг дIа а ца бокхуш.

— Айхьа дуьйцучуьнан ойла мукъана йой ахьа, Бено? — бIаьргаш чIачкъийра цо. — Я, хила тарло, цо х ца аьллий хьоьга ша кхузахь буьйса яьккхина?

— Цо аьлла.. кхузахь вара ша, со цIахь ца карийна дIаваха гIоьртича, ткъа... ткъа дехарца ахьа сацийра ша элира цо.

Тоня ша йолччохь кхохкийра.

— Кхин цуьнан ког ма хуьлда кхузахь, хезий хьуна? Мел ирча, боьха хIума ду! Аса цкъа дехнера хьоьга иза кхуза ма лестийта, аьлла, амма ахьа цуьнга хIума-м

муххале а ца элира, ткъа мелхо а цо дуьйцучу боьхачу, эхьечу хIуманашка ла а доьгIу ахьа, царех теша а теша хьо! Цу тIе уьш соьга дийца а хIуьттУ хьо!

Тоня юха а йирзина чуьра араелира.

Сахиллалц наб ца йира Бенос. Тоница хиллачу къамело са метта ца доуьйтура цуьнан: цо-м, Блудовсчул а чIогIа хала ма хетийта цунна. Дера хетийти! Ткъа оцу боьхачу, ехна лелачу хIуманера-х воиг бен цхьа а дала ма ца тарлорий, ткъа сох варий цо лелочух кхиа везаш. Иштта ойланаш йора Бенос. Цунна дагахь долура Блудов волчохь йолехьа ша гIо ца даккхар, кхин а оьшуш дара оцу боьхачу хIумано дийцинчух иза тешар. ТIера юргIа дIа а кхоьссина, гIелвелла дивана тIе охьахиира Бено.

— Сийдоцу хIума! Боьха хIума! — бохуш, буйнаш дора цо. Аса маьттаза, пхьид санна, хьаьшна давоккхур ву иза?

Сахуьллуш наб кхийтира цунна. Іуьйранна хан яьллачу хенахь бен сама а ца велира иза, самаваьллачул тIаьхьа а хьалагIатта дог ца догIура, дуккха а болх бича санна доьжна дара цуьнан дегI.

ХIиццалцчул дикка хьалха лекцера цIа еара Тоня. Бенона хезира иза чуйолуш а, цо тIера хIуманаш дIайохуш а, цо учахь чуйогIуш тоьхна горгали а Хьала а гIаьттина, тIе хIуманаш юьйхира Беное.

Кхин цхьа минот яьллачу хенахь Тонин оьгIазе долу аз хезира цунна.

— Соьгара хIун оьшу хьуна? — бохуш, шога хоьттура цо. Вистхуьлуш стагга а вацара. Цхьаммо а жоп ца лора. Цкъа тIаккха цIеххьана мохь хезира:

— Интахь сан хIусам! — олу хезира Бенона.

Лаьхьано къовзийча санна, дивана тIера хьаланккхира Бено, хьаьдда воьддушехь тужурка шена тIе а юхуш, неIарна тIехьаьдира иза.

— ХIан? — Блудовн аз хезира цунна. — Соьца мехкарша иштта ца до къамел, сан кIорни!

Бено сени чуиккхира. Иза цIеххьана гича цецваьлла висира Блудов.

— Аракхоссахьа и боьха хIума! — элира шена деана гIо гинчу Тоняс.

Блудовс кисина куьг дахийтира, амма иза и хьаладаккха кхиале цхьана кIадийнан тул санна и схьало-

цуш цунна тIекхийтира Бено, ткъа Блудов цуьнан карахь хIаваэхь санна кхоза а велла висира

— Хьуна кхузахь хIун оьшу!— элира хьуьхьвоьлла волчу Бенос. — Мила сийсазва тIерта хьо? Аса хIокху пхоьалгIачу этажа тIера охьа чукхуссур ву хьо.

Кхузахь ластийна шен когаш кIел охьа бертал туьйхира цо иза.

— Хьо... Хьо сол пицкъ болуш-м ву, — элира Блудове, кехат санна кIай а велла, толкха а лелхаш, — амма... хьажал хьо, ойла ел...— Блудове кисина куьг а дахийтина, оцу заман чохь кхечуьнан тидам шена тIера дIабаларх пайда а эцна, киснара схьадаьккхийчу цхьа на томмачу кехатан кусок дIакховдийра, ткъа ша неIарехула араиккхира иза.

— Бенон керахь дисира шена тIехь «везачу Васинах» аьлла яздина а долуш долу Тоний сурт.

— Муьлхха а цхьа боьха хIума бахьана долуш са ма гатдехьа... Ванах хьан карахь ерг хIун ю? — аьлла, Бенон юьхь-сибат хийцадалар гина иза цунна тIеэара — Хьуна хIун хилла?.

Жоп даларан метта Бенос шен карара сурт дIакховдийра. ХIинца-м иза хьекъал долуш хир ву. Малархой, зударшца сакъерархой хилла Iаш ца хилла Васька-м, ткъа иза-х вуьззина волу уггаре бакъ волчех питанча а, кьу а, эладиталелорхо а хилла хилла.

ОьгIазвахарна ша хIун леладо а ца хууш, сихха аравала дIахьаьдира Бено.

Ламеш тIехула охьа иза волалушшехь лахара хьала цунна хезира Блудови аз. ДIахьаьжначу Бенона лахахь ши техник тира, царех цаI шеко йоцуш Блудов вара.

— Юха а цхьа вон хIума лелийна-кх ахьа! Ца тоьу хьуна айхьа лелийна питанаш! — бохуш, цецвуьйлура шозлагIниг.

— Эхl, ма ду моьттахь! — жоп лучу меттина воьлура Блудов, — гохарлера сурт дIаделира аса цуьнга, дагадогIий хьуна?

— Ахьа цуьнан лачкъийна деанаргтий? ХIе, Васька, нагахь лачкъийна сурташ а кхоьхьуш, царна тIе айхьа йозанаш а яздеш делахь хьан гIуллакхаш вон ду! Нагахь хьо цунна дуккхавезаш хиллехьара, ше ша лур дара хьуна шен сурт. Аьшпаш буьтту ахьа, суна го, суна а бутту ахьа аьшпаш.

— Дlавалахьа, дитахьа! И lовдал ца хиллехьара аса-м сайн гlуллакх дийр дара! ХIумма а дац, и сурт бахьана долуш оцу шинне а бохам бин аса! Собар дехьа, ахьа хIун до! Биллиардех ловза гIо вайша? Жимма пиво мер вай!

— Хан яц. Кестта экзаменаш хир ю.

— Вайнаш гиний хьуна? Варлахь, со училищера дlаваккхар ма дийцалахь! Цхьа а дош ма алалахь, сан доттагlг, оцу хьокъехь! — бохуш, хьесталора, кlеза санна, Васька.

Жима бер санна лами тlехула охьа чу а шершина Блудовна хьалхха дlахlоьттира Бено. Важа воьхнера: хIун хаьа оцу аккхароча хIун до! Ткъа Бенос дlаса а ваьржина оцу бетах тlара туьйхира цунна, лами тlехула тоьпан санна тата даьржира. Бено вист а ца хуьлуш юха а вирзина ураме велира.

Цхьа а lалашо йоцуш дикка лийлира иза гlалахула волавелла. Ма тамашийна хIума ду-кх: цунна дика хаьара Тонина тlехь оцо дийцинарг эладита дуй. Ткъа мила вара иза дийцинарг? Эрна йорт етташ лела цхьа сийдоцу хIума яра-кх иза. Ткъа иза-х Бенос валийнера и йоl йолчу. Ойла еш ша бехке вора Бенос: дуьххьара Васькегара воиг ма деллинехь бетах хIума а тоьхна неl гайта езаш хиллера цо цунна, тlаккха хIумма а хир дацара, хилла дерш хир дацара.

Амма Бено синтеме вацара. Цlа ван ца лаьара цунна, буьйсанна хан яьллачу хений бен чу ца веара иза.

Дlанхира беттанаш. Бено доьшуш вара. Нюнь бутт а тlекхечира Белхалойн гlала «Потемкин» цlе йолчу броненосцана тlехь хlордахоша гlаттам гlаттийна диъ шо ккачар даздеш яра. Екаш заводнийн гудокаш а яра, цунна жоп луш гудок луш тlеман хlордан кема а дара, амма дукха хан ялале гудокаш севцира: схьахетарехь тlеман хьакамаша бегаш а ца беш, «дан деза» гlуллакхаш дира.

Ткъа белхалой-м демонстраце арабевлира. Арадевлачу адамех дlа а ккегта, «Iезетан йиш» бохуш йолу йир лоькху а хезна, Бено адамийн цхьана тобанах дlакхийтира, царна юкъахь цунна гира шена вевзаш волу Курганов. Малхехь къегаш дара тlаьххьарчун куьзганийн горга ангалеш.

Бенона цlеххьана чlогlа дагадеара хьалхалерчу доггагlех ша хьдда хилар, уьш мел чlогlа шена оьшуш

хилар, ша шена дов дора цо уьш ша лехна цахиларна: Одессе ша схьа ма кхаьччна цо Курганов лехар хIумма а ца хуьлуш чекхделира, цул тIаьхьа хIумма а на деш, дерриге а дицделла IадъIийра иза дог а диллина! Ма эхь ду иза!

Кургановна тIекхача гIерташ юккъехула чекх а вуьйлуш дIаоьхура Бено, амма оццу хенахь тIекхечира дошлойн полицин отрядаш, цара кIинхетам бонуш дIасалоьххура адамаш. Вовшахтасабалар дIадоладелира. Бено гинчу Курганове цуьнга куьг ластийра: «Хьо мичхьа карор ву? Мичахь Iаш ву хьо?» — бохуш, жимчу стага чуьраваьлла бетта мохь хезира, низа алий бен ца кхиира «Пушкински урамехь... биржера раз дIавахча»... бен ала ца кхиира жоп луш верг.

Ткъа полицина тера «тхьамда», адамаш дIаса а туьттуш, шодмаш еттаниший. бIостанехьа тарраш деттаниший демонстранташ дIа а лоьхкуш цунна тIекхача гIертара дошлой. Курганов цIехьана, лаьтта буха вахча санна, къайлавелира — накъосташа дIалачкъиира иза: то а бина тобанна юкъара дIаваьккхира цара иза.

Демонстранташна то бира полицис массо а агIор тIедогIуш долчу урамашкахула тIе а яьхкина, юкъара ехха зIе хIоттош то лецира дошлойн отрядаша. Оцу юкъачу адамийн тобанашкара халла юкъара схьа а ваьлла, цхьана урамехула къайлавалавелира Бено.

## КОРТА VI

### I

КIантера кехат а, ахча а кхаьччна, самукъадаьлла, ша ирсе хеташ велакъежира Арсби.

— Воккхавен хьо, дада? — хаьттира шина йолу.

— Дера ве! Вайн Бено — дика ваша а, кIант а ву! Жимма собар де аша а — кестта тур ю шуна вайн даймехкан хьомен меттигаш! Шун денана тешар а яц ишта кIентан зудаберан шен кхиъна бохучух.

— КIентан кIант а! — аьлла, тIетуьйхира Селимас.

— КIентан кIант а дера кхиъна. Лулахой богIур бу вайна дуьхьал. Цара эр ду: «Ирсе хуьлда хьан цIавар! Iуьйре дика хуьлда хьан!» Джабранла шена чохь

тхуна хабарш дийцина, цо шен иллеш баьхна цIено а тур ду вайна.

Шена кестта а, башха дика а хир ду аьлла хетачу хиндолчуьнан хьокъехь кест-кеста, даима а бохург санна, ойланаш йора Арсбис. Шен ваьлла лелар, кхелхина лелар чекхдолуш лаьтташ санна шен дахар юха а карладаьлла дIадолалур ду аьлла хетара цунна: дукха хан ялале винчу махка ша шен доьзалца юхавоьрзург хилар дара цунна дагахь.

Бенох дозалла деш а, цуьнан хьокъехь синтеме а вара иза: иза некъа тIера гал вер вац, цунна хьалха лаьтташ берг шуьйра некъ бу, нагахь иза атта бацахь а, амма тешаме, хьанала некъ бу. Шен доьзалан а, шен халкъан а хиндерг кIантехь гора Арсбина.

Зудаберийн хьокъехь мелла а гIайгIане вара иза: уьш вуно кегий бераш лорура цо, Iайшат йоккха кхиъна йоI санна дегI даьккхина дIахIоьттиншехь. Дукха эгIазе гIийла, дахарна хьуьнаре боцуш, гуьнахь доцуш, стеннах а тешаш хетара цунна уьш, уьш алсамо хьуьнар долуш а, хIума лалур долуш а, дахаран пицкъах буьзна болуш а, шайн дика амал йолуш а хуьлийла лаьара цунна. Ткъа хIун дан деза? Уьш кIептий белахьара-м цаI дара, ткъа зудабераш. Уьш муха Iамо деза, кхио деза, цаьргахь дахарна хьуьнар хилар, пицкъ хилар, муха кхио деза?

Царна хIор сарахь а цхьаццца хабар дийца велира Арсби — шен дахарх лаьцний, Джабраила шена дийцинчарех лаьцний. Оцу дийцарийн Iалашонах уьш кхета а, церан хьокъехь цаьрга ницца, хьекъале ойла яйта а гIертара иза, енда шена цара ойланаш берийн хьекъалца, ницца цара уьш йичхьана.

Ишттта цо царна дийцира Хьажбекар волчохь ша болх муха бира, хIума а яаза мецачу чоьн гIехь волу ша Iай дечиг дан хьуьнах эхар. Ша дийцинчух шена а там хиллачу Арсбис чIогIа исбаьхьа хаза дийцира шелонан, дорцан хьокъехь, ша щелвеллачу хенахь шен хиллачу ойланан хьокъехь. Муха шелло а ца хууш шелвелира иза хьуьнахахь, Iуьргаш дийлина йолу цхьа тиша кхекхийн кетар бен гIехь хIумма а яцара цунна, ткъа оцо ша гIоравархь кIелхьар воккхург ца хиларх ша кхетча, шен дог-ойла йохар, шена даганиккхинарг цо дийцича — балдаш хьедеш, бIаьргаш херцош цецъяьл-

ла, вовшашка хьаьжначохь йисира ши йоI, церан бIаьргех хиш делира. Амма Арсби — дийцар дIахьош вара.

— ХIанхIа, со ишгга кIелвита атта дацара! — элира Арсбис. ХIа, же ма Iел, дIалатаел цIе!

— Хьоьца мила вара, дада? Ахьа хьо наI вара ма бахара, — аьлла, цуьнан даша юкъаниккхира Iайшат.

— Вара те, наI вара! Цхьа а вацара соьца! Иза-м аса ишгга дуьххьалдIа, сайна синтемна дагалаьцнера — сайца накъостий бу бохург. Сайна хьалха дитина дечигийн цIов болуш санна ойла йора аса.. Цергахь «ткъарш» бохуш догуш дечиг ду, — цIе цкъа соьгахьа, тIаккха юханехьа кхерсташ йогуш ю. «Кхин а дечигаш кхийса кхерча, — бохуш, мохь бетта аса, — схьаба кхуза яй! Балабе уьстагI, шортта жижиг кхехкор ду вай!» Баккъалла а ей чохь жижиг кхехкаш, еш галиаш а йолуш санна хийтира суна. Аса дагалецира жижиг-галиаш дийна айса тIе чорпа малар..

— Ткъа баккъалла а хIума юуш вара хьо? — хатта за ца Iаелира ПетIамат.

— Ге чохь-м яьсса яра. Ткъа со ирх кхийсалора, мохь беттара аса! ЦIийзаш мох хьоькхура, — ткъа аса кхин а чIогIа мохь хьоькхура! ТIаьххьаре а вохвелира со, мелхо йовха а хеташ. Соьгахь варданна йоьжна говраш йоцуш, ткъа стерчий дара, ткъа уьш а лаьхкина со цIавсара.

Селима елаелира

— Делахь хIета вуьзна волуш цIа а вара хьо, шел а ца велира? Цхьа моттигIанийн ойланаш бахьана долушший?

— Ткъа хуьна хIун хетара? — олуш, Арсби шина йоIана тIевирзира. — Нагахь со кхера а велла, мацалла а, шелонна а хIаллакьхилла вели со», аьлла Iадъйийнехьара — хIаллакьхир а вара-кх со. Стаг даима а хила веза воха ца вухуш, тоха са, собар долуш, догойла айаелла волуш, дерриге дикаиг хир ду, бохуччух тешна — тIаккха иза ницкъ болуш а, эшалур воцуш а хир ву, вайн Бено санна. Балхахь кIадлора иза, ницкъ хуьлура цунна, амма цкъа а иза арз деш ца хуьлура. Ткъа ишгга хила а веза-кх стаг!

Нагахь иепе а цхьа хIума дийцар доьхура зудаберашка. Нана! Стийнан хьокъехь дуьйцур дара шо царна,

шеш шина йоIана, зударийн балех лаьцна ца дийцича зударийн ирсан, тIайгIанан хьокъехь на дийцичи! Цо царна дуьйцура хьалхалера ширчу заманан туьйранаш, халкъан хьекъале дийцарш, цкъа а леш, дицлуш доцу, хIунда аьлча, уьш халкъан дезарш хедар йоцу зIе йолуш хиларна, цара цуьнан ойланаш а, лаамаш а гучубохуш хиларна.

« Месаш яржийна охьа а хецна юьртахула дедда доьдура тIам. Цунна тIаьхьа хьаьдда саьрмак богIура. Корехь хиъна Iеш йолу исбаьхьа хаза ши йоI гинчу йоккхачу стага бозбуанчаллаш лелорхочо цаьрга дехар дира. «Со дIа ма йийцахьара аша! Со муьлхачу агIор кьайлаяьлла ма алахьара аша! Аса дика дийр дара шуна, шиннах хIорамбо дехнарг кхочушдийр дара аса. Со кханкахьехь шу шиъ йолчу йогIур ю» — аьлла.

Мехкаршна тIам дIа ца дийцира. Ткъа саьрмак дIабахча, кхеташо ян охьахиира и шиъ шайна совгIатана тIоме шаьшшиина хIун дика деха деза, бохуш. Нанна тIеяхара и шиъ цо олучуьнга ладогIа. Нанас элира цаьрга: «Дешин а, детин а, говрийн реманаш а, цхьа а хьал а ма деха; вехаш волу цIийнда а ма веха: я совдегар а, я мехкда а, хазалла а ма еха».

— Ткъа делахь хIун деха деза? — аьлла, цепъелира ши йоI.

— Дика ладогIалаш соьга, — жоп делира нанас. Со шун нана ю, ткъа вай цхьаьна гича, нахана моьтту вай йижарий ду. Со шу санна ишшта хаза а ю, шу санна ишшта къона а ю. Иза ишшта ду шун да дика стаг хилла дела, со езаш, сан тIайгIа беш хилла дела; но етта-м муххале а ца йиттинера суна, ткъа мелхо а дов а ца дина. Шозлагlа зуда ялоран хьокъехь-м ойла ян а ца лаьара цунна. Суна иза а везара. Цундела йисна со ишшта къона а, ницкъ болуш а, хаза а. Сан хьехар ду шуна — дика, бакъахьара майранаш бехалаш.

Амма йоккхах йолу йоI болх бан луш яцара, хьалдолуш волу майра веха сайийра цо. Жимах йолчо нанас бохург дира.

Хlорамбо шен-шена дагахь дерриг дийхира. Гlомо дан а деана, церан дехаре ладуьйгIира — кхин масех бутт балъча ши йоI маре яхара: цаI - хьалдолуш волчуьнга, важа къечу, амма чIогIа дикачу стаге.

Цул тIаьхьа пхийтта шо делира. Йижарий юха а

вовшахкхийтира: жимах ерг шен нана йолчохь охьа а хиъна цуьпца самукъадолуш къамел деш яра, ткъа оцу хенахь керта сара къеналла букъ сеттина, карахь шед болуш йолу миска сагIадоьху йоккха стаг — «Я хо, сагIийна хIума ло цунна» — элира нанас. Иоl керта йоккхачу стагана дуьхьал елира — йижарина вовшийн бевзира. Къахетта жимах ерг йилхира, ткъа йоккхах ерг дог кIадделла охьаюьйжира. Белхаран къурдан хезна араккхина нана кхийтира дерригенах а. Ша аьлларг ца дарна йоккхачу йоIе бехкаш даха ца хIоьттира иза: иза ишшта доккха вон дгана яра. Амма хаа деза хьал дац — дерригенал деза дерг, ткъа адам ду. Хьал — хьалхара мох баллалц, хозалла, суьйре тIекхачалц — Ткъа «цIена дог ий, тешаме безаммий — дайманна а долу ирс ду» олуш, кица ду.

Ший йоI а йист ца хуьлуш Iеш яра.

— Со цкъа а гIур яцара хьалдолуш волчу стаге маре, нагахь бехаш берш ишшта сутара а, къинхетам боцуш а хилча, — элира Iайшата.

Иллеш алархочун Джабраилан цIе хиила йохура шен дийцаршкахь Арсбис, зудабераша юх-юха а цуьнан хьокъехь дийца, бохуш ца вуьттура иза:

— Дада, дийцахьа Джабраила илли чуха олура? Дада, хьуна-м дагадогIу цуьнан иллеш?

Цара дехарца аьллачу оцу дешнаша чIогIа ойла йохийра Арсбин: хIун хаьа, шен даймахке а, шен халкъе а болу кхачалур боцу безам оцу иллешца шена дIабала луш хилла волу шен кIант шена юххехь ца хиларна тIайгIане хила а мегара иза я ша вина меттигаш кхин юха шена цкъа а ца гарна кхоьруш а, шен ши йоI кхиина валлац ша ца вахарна шекьхила а мегара иза. Э-хIе-хIай, Джабраилан иллешний! Уьш шена дагадахкийта кхоьрура Арсби, цара дуккха а дIадахона хIуманаш дагаоьхуьйтура цунна... Илли алий? Ткъа цунна хаьа илли ала? Ткъа хила тарлой, шо мел лелийначу хIуманийн цунна мел гинчу вонийн, шо мел хьегначу балийн Iаламат боккха го оцу иллешна тIехь дIакъовлалуш хила? Хила тарлой цуьнан жималлина бевзаш болу мукъамаш баре цуьнга винчу махко кхойкхуш хила а. Зудабераша кхуьнга доьхура, ткъа кхуьнга царна дуьхьало а ца ялора.

Ишшта, шен карахь дечигпондар болуш сина, мер-

зех тосуш санна пIелгаш меттахъхьадина, куьг дIаса а тесна гIийла мукъам беш, дайн илли дIадолийра цо:

Стигlахь мохаl чехка Iаьржа леча доьду,
Iаьржачу марханна тIехула бен а буьллуш
Ишта чехка сан Iаьржа дин а бодур бу,—
Бокуш, дуьрста з лаьцина, Эламирзас
Божаl чуьра арабаьккхира шен хьоме дин...

Илли цIеххьана сацийра Арсбис, бIаьргаш хьаббина, куьг айина, хIаваэхь иза дIасаластийра цо: шен «Леча» цIе йолу говр дагаера цунна, иза шена хьалхалаьтташ йолу сурт хIоттийна, цунна иза хьостачу кепара тIе куьг хьаькхира цо. Iайшаттий, ПетIаматтий, цецъяьлла, йоха а йоьхна лаьттара.

Арсбис илли дIадолийра:

Майра гIиргIа гаьнна тIе санна атта, —
Ишта шен дина тIевелира Эламирза.
— Ассалам Iалайкум! — элира цо шен тешамечу доттагIашка.
— Ва Iалайкум салам! — олуш, жоп делира Эламирзина доттагIаша.
— Мичара вогIу хьо?— боху хаттар а деш.
Жоп делира цо олуш: «Мила хир ву суна накъост?
Мила вогIур ву соьца, халкъана юхадерзо
Вайн ямартчу мостагIчо цIа мел даькхинарг?
Оцла пира кIенташа, кхеташо а еш:
«Вай къена жерой-м дац, цIахь Iен?
Вайх мехкарша а дуьтур дац Iиттарш еш!»
Царех цийита тIамна ваха кечвелира
Мехкарш дагабоьккича — говрашна шед етташ.
ТIемаш оцла пича — шаьлтанаш схьалоьцуш,
Я шайн болатан тарраш иэеш.—
ХIара ду хх Терк! Говраш перан кема ду,
Шодмаш перан лийсакаш ду. Амма мостагI а ваш вижина —
Эсьарш лоьхку цо Эламирзин доттагIашна дуьхьал.
«Стигла вала тIемаш дац хьоли ва Эламирза!
Лаьттах вола маIарш яц хьан»,
Мохь туьйхира Эламирзас. «Деза ма дегта аша!
Тхоьга боху аша кердуьйла? Я дац тхоьгахь герз?
Я войхина техьа охз эударийн кучамаш,
Техьина техьа коргалеш?
Ткъа молла-х Iаьржачу латтал тхан шорта ду!
Тоьпан лаьндаргаш — стигалахь лепа седарчий санна тукха ю,
Тхов санна тхуна тIехула стигла мел ю,
Лаьттар ду тхо осалалла йоцуш.
Латта меттах ца долуш лаьтташ мел ду
Лаьттар ду тхо хIокху меттера меттах ца довлуш!»
Молханан кIуьро лаьтта доьлк хIоттийна,
Де кIеьрна буьйсанаш а Iарделла.
«Ва доттагIой — аьлла, Эламирзас мохь тоьхна,—

Миля ву шух, майраху доттагIех, дийна виснарг?»
Жоп деллург цаI бен па хилла, ткъа ша а леш болуш
Валале хьалха Эламирзе весет цо дийна
«Лолахь сачуьнга тIаьххьара маршалла,
Алалахь ва цуьнга мостагIчун лаьтта тIехь со валар!»
Акха борз сайна тебаш юьрта вирзира Эламирза.
ГIоманна тIе тийжаш, чевнаш лазош
МостагIчун цIийно дийчийна ша
Ца вевзира доттагIашна ва вийчу юьртахь
«Шуна хьалха юьхь ГаьржахIоьттина со,—
Бохуш, юкъавелира Эламирза, бIаьргаш лаьтта а хьекош.—
Берриге турпалхой мостагIчун лаьтта тIехь бели,
Сан хьоме накъост а цигахь вели,
ТIаьххьара дIакъаьсташ маршалла дIало а олуш
Шен дахарзл шена дукхаезначуьнга».
Ирча кхаъ хезна, хала иоI яра
Гаьржа кIажарш, Гадийча сайна, бухбохуш
Ло сайна кIайчу иекках ка стташ.
Иоьлхуш, эрна доттагIчуьнга кхойкхуш

— Ткъа Эламирза вала м ца велира? — хаьттира цхьабосса шина а йоIа.

— Эламирза цIа веана. Шен еза чевнаш къуьйлуш долу доьхка цо дIадаьстича — ламанан шовда сайна, сихха цIийн Iовраш охьахьаьдда цуьнан. Ша леш цо аьлла: «Шек дIа ма валалахь, дада! Ма елхалахь, нана! Шайна шеддаш ма де, сан хьоме йижарий!»

— Кхин ма дийнахьа.. ца оьшу, — элира Селимас, бIаьргех оьху хиш сецош.

Хан мел ели алсамо сагатдора Арсбис ДIаихинчийн ойланаш дагаоьхура. Джо а, ПатГаш а, пллеш башха олуш волу Джабраил а ган а, паьрца хила а, уьш бехаш болчу, ша вина а, кхиъна а волчу лаьтта тIехь ваха а лаьара цунна. Амма дагалецамаш кхин а гена дIаоьхура: кхечийн балехь бохкучийн ирсехьа цо шайна цхьаьнний кьийсам латтийна болу Дмитрий а, Степан Тарасович а дагара на бовлура цунна. Мичхьа бу техьа уьш, цуьнан хьоме доттагIий? Ткъа кхин а йогIур ма ю мостагIашца лата деза долу хан! Дуьйцийла йоцуш йогIур ю!

ГаккхА юха а даймахкехьа дIаяхара цуьнан ойланаш.

«Суна шаьш санна, со дагавогIий техьа сан накъостташна? Дийна юй техьа сан йоккха стаг — со вина ваша?»

Давала-кх уьш берриге а ган, церан хабаршка ла

дегIа, сийначу стигла ирахдахана долчу лаьмнийн кIайчу лох дуьзна долчу баххъашка хьежа!

Ткъа хIунда? ХIунда яц цуьнан иза дан таро? Хьан ваькхина иза оцу дерригенах а? Куьйга корта а лаьцна ишта ойланаш йора Арсбис. Хьажбекар... безам боцу Хьажбекар! Ваюш ах вахар дIа а даькхина, лаьттан цхьа кийсиг а ца ели-кх ахьа! Гавур-цIийнийлархо!

Цхьа Хьажбекар хилла Iай техьа бехкеверг? Ткъа хьан кхоьллина Хьажбекаргlар? Хьан дора парна гIо, хьан лора парна шолшина луург дан бакъо а, лаам а? Муьлш бара адамаш боданехь дахкораш, уьш къоьллехь латтораш, уьш дарбийраш? ЧIир екхаррий? Иза мичара даьлла? Болане хиларх, вовшашна оьгIазъэхарх, бепиган юьхь яккха гIерташ латточу къийсамах кхолладелла ду-кх иза.

Ванах, хIунда ву иза хIинца ишта цхьа? Мичхьа бу техьа Дмитрий а, Ульяшева а, Тарасович а, белхалой а? Цунна дахар керлачу тайпана ган а, довза а Iамийна берш? Хир яц техьа цуьнан винчу юьрта юха ваха а, оцу адамаша шена белла болу кхетам, хьекъал шен халкъе дIадала а таро?

Цкъа ойланаш ешIаш Арсбина моттаделира ша даймахка юха цIа вирзина. Иза баккъалла а долуш санна! ХIорш ду-кх и лаьмнаш, хIорш ду-кх и лаьмнаш, хIорш ду-кх гIовгIа ешI, ловзуш охьадогIу шовданаш, хIара хьоме вина юрт.. Ва нах, иза мила вара... цунна юххе тIе а веана охьахиънарг? ХIан, иза-м Джабраил вуй, цуьнан шира доттаг!! Пондаран мерзех пIелг а бетташ, гIийла вела а къежаш, шо боху: «Же, вай вовшахкхетаран сийина илли ала вай! Вай газа-м дуккха а хан ю!»

Ши йоI юха а цецъяьлла, йоьхна шайн дега хьаьжира: «Вайн дадина хIун хилла?»

Ткъа Арсби сийначу бай тIехь охьахиъна Iаш вара... Коьрта тIехула ирах хьаьжча гуш сийна-сийна стигал яра...

— Ии йа!— аьлла, дагах гилгаш дохуш, гIийла уьзам болийра шо...

Сулд дуьхьасначуьн коша тIехь латта чIагIдеш ду.
Хьуна а со вийлур, со вина сан нана!
Коша тIехь сийна боц ер ю —
Оцу баше хьан гIайгIа соцор ю.

ЦаI-м деш полу Селима, куьйгаш совийна, йист ца

хуьлуш Арсбига дIахьаьжира Елхаран къурдашл садукъдора цуьнан, бIаьргашна дуьхьал йовлакх лаьцна, пенехьа дIайирзира иза. Шин а йоI меллаша цунна тIе а еана, да кхеравалариий, меттахъхьарний кхоьруш гIовгIа йоцуш елха хIоьттира. Церан озачу белш тIе кьуг хьоькхуш уьш хьоьстуш церан са меттаданйта гIертара пана, ткъа Арсби, гонах дерг а па туш, шен илли бохуш вара:

Сан йоIарийн бIаьргаш хи а соцур ду —
Къоначу дегнашкахь дукха ца лаьтта гIайгIа!
Ткъа хьуна со, сан кIант, вин дур йоцу,
Хьо суна юххе гуттаренна охьавижжалу!
Ахьа, йовха дахьларг, ахьа вер дира.
Хьо яцара ткъа сан тешаме лай хилларг?
Ахьа со, Iаьржа латта, къайлавоккхур ву,
Со вацара говра тIехь хьан ареш цIстинарг?

Селимин ши бIарг кхин а шуьйра дIабеллабелира: «Ванах, иза-х аса шен чоий, гIовталлий тегнарг ву... сел башха бере... сел майра, доьналла, собар долуш волу. Хьуна хIун хилла сан дика Аби? Хьан-х кIант а, ши йоI а ю»...

Арсби ша волччохь вайн дIасатехкара, шена иза хаа а ца луш:

Шийла, шийла ду, ницкъ болу вахар!
Ткъа со а ма вара цхьана хенахь хьан та!
Сан детI Iаьржачу лахьтанс кхочур ду,
Ткъа сан са сийначу стигла дер ду.

Арсби гIайгIане а вара, гуш лаьтташехь вочу а волура иза. Ткъевнаш оьхуш сингаттаме йолу гуьйре тIекхечира Мохо тIелоьхкура юькъа мархаш а, догIа а. Хьаннаш гIа доьжна ерзинаевлира, бодане — макхьелла дIахIиттира уьш, ткъа дахкаро дIалецна долу лаьмнаш адамашна кхин а генадевлча санна хетара. Наггахь бен гучу ца волура почтальон. Доьзал хене баккхархьама халчу балха йолах яхара Селима.

Iаьно готтар гIелвина кIелвитира Арсби Шен небаьхьаллех юьзна, тайп-тайпанчу бесанша къагийна, дезчу диинан аьзнех юьзна йолу бIаьсте тIекхаьчначу хенахь хьала а гIаьттина, генарчу лаьмнийн басошка хьажархьама, ирсен хиндолчун хьокъехь — цIаверзаран хьокъехь ойланархьама коре охьахаа гIор долуш вацара иза.

Цкъа Iуьйранна, малх церан корехула чукхетгачу хенахь Арсби балдашца цхьа тамашийна велакъежаш санна хааделира Селимина.

— Хьуна лаьий, аса коре вига хьо? — элира цо цуна тIе а таьIна Арсби цуьнга дIахьаьжира, амма хIумма а ца элира. Нанас ши йоI тIе а ехна, юха а хаьттира дега. Арсбис жоп ца лора: дуккха а адамаш шега хьоьжуш Iечу майдана дIавоьдуш вара иза. Дуьхьал богIу гора Джабраил а, Джо а ТIатIаш а — берриш уьшкъона а, самукъадолуш а бара. Джабраил хьалха а хилла нахана юккъе дIахIоьттира, — машар баш, хIара витийта еанера дийнна ши юрт — корта а оллийна, ойла а йина, мохь туьйхира цо гулбеллачушка.

— ЛадогIалаш нах! Марха йоцуш догIа ца хуьлу, гIайгIа йоцуш бIаьргех хи ца долу!.. Вайна массарна а везаш вара Арсби: цхьанна а вон ца динера цо... Бахьана доцуш бала хьегна цо. Цо вийна ваш шун стаг: шун стаг вийначу кхечу стеган бехк шена тIелаьцна цо... Иза витар доьху оха шуьга!

— Тхо къинтIера довлу цунна, оха вуьту иза! — боху хезира Арсбина. Оцу сохьта дог паргIатделира цуьнан! Вела а къежина, коташ дIанисбеш, дегI озош, нахлуш гуттаренна а наб кхийтира цунна.

Ваьллий, веддий, бала хьоьгушший лелаш цо тесна Iаламат боккха го эцнахь ваьштакхечира.

## 2

Дешарх шукъачу, шаьш дIахецначу хенах пайда оьцуш порте балха вахара Бено — мел дахьийтина а доьзална ахча дахьийтар дара цуьнан дагахь. Ша дуьххьара схьаэцначу ахчанах, шена йоккха хIума буха ца юьтуш, иза дIа а дахьийтина, «Пушкинан урам биржана пурх дIа»... бохуш долчу билгалдоцчу адресца Кургаиов лаха вахара иза.

Пушкинан урамах бульвар дIакъастош йолчу майданахула дIасакхиртира Бено, муьлха ша ду техьа «биржера пурх дIа» дерг, чохь типографи хила тарлуш дерг, бохуш, ша лоьхуш. МаьIехь дIатоьхна лаьтташ электрически фонарь йолуш долчу цIенна тIеваханчу цунна гира фонара тIелаятина доллу куьйга яздина кехат, цу тIехь куьйга яздина дара:

— «Чохь Iен меттиг безарг — керта ваи мегар ду (хIокху бIогIамна дуьххьал йолчу) 3-гIа подъезд, 5-гIа этаж, мансарда, аьрро агIор I-ра неI Мичча хенахь а хьажа ваи мегар ду».

Бено велакъежира. Хара-х даций техьа Курганови адрес? Ткъа ма дарра аьлча хIун бен ду иза лахар миччахьара дIадолийча а?

Кхоалгlа подъезд лехна лакха хьала тIевелира иза, пхоьалгIа этаж йитина гуттар дIа тхов кIел дIакхечира хIара. НеIарех цхьанна тIехь яздина дара доцца йоза «Ккузахь».

Цо неI тоьхча чуьра аравелира къона жима стаг, Бенон хеннара волу.

— Ккузахь дIалуш юй чохь Iен меттиг?

— Я дера, ккузахь ю.— жоп делира цо самукъадаьлла, оцу сохьта куьйгаца шен охьаяьхкина месаш тойина:

— Чувола. — элира цо.

«ХIусаман» да мелла а воьхча санна хийтира Бенона.

Цхьа цIа чохь ю ала хIума йоцуш десса дара, бода не дара, чохь я стол а, я гIанташ а, маьигеш а, ккийолу йибар а яцара. Ша цаI бен а йоцуш ккУ чохь йолчу цхьана диванах тера йолчу хIуманна тIехь, куьйгаш коьрта кIел дехкина, гIайба бацара, агIорваьлла Iаш наIIа-м вара.

Пенах ккозуш ши сурт дара: нидерландски кепехь диллина ши натюрморт олу сурт а, цхьа пейзаж а. хIорда тIехь малх схьакхетар гойтуш. ДоьалгIа сурт ккечу пенна тIехь ккозуш дара «Гечдар дехарна вухавалар» цIе йолчу Репина диллинчу суртан копи яра иза. Цхьана маьIIехь дуккха а книгаш кегош воллуш вара ткъех шо долу жима стаг. Шен Iаьржа ши бIаьрг Бенога а хьажийна, самукъадаьлла велакъежира иза. Ткъа хьалхарниг мелла а воьхна хьоьжура хьеше: «Ккунна тхо долчохь тахь тамаша бу-кх»,— бохург дагахь долуш. Амма Бенон ойла доллучул а алсам тIеэхийтинарш книгаш яра, цо хIинцале сацийлера ккуза ккелхина Iен схьава.

— Реза вуй хьо тхан бенна? — хаьттира хьалхарчо чуххула дIаса а хьаьжна. Шозлагlчо оцу сохьта корта оллийра. Бенона дагадеара: «Ванах, тIехьаьжча ишта хеташ ву техьа со, хIара цIа суна мегар дуй техьа бо-

хучух цераш шеко а хуьлуш?», – хIор дош къастош олуш, цо жоп делира.

— ЧIогIа реза ву! Кхул тоьлуш йолу меттиг оьшуш ваш со!

И шиъ ший а велавелира, ткъа жимах волчо ша волччохь ирах кхоссавелла, хазахетарна шен хьаьн тIе куьйгаш деттара.

НеI ца тухуш чувелира цаI. Юхахьаьжначу Бенона гира — цунна хьалха лаьтташ вара Курганов. Иза баккъалла а хийцавеллера, вочаваьллера, ткъа бIаьргаш, хорша хьехначу стеган санна богуш бара. ТIера барзакъ а тохар санна дацара: агIор кач баькхина коч а, шуьйра когаш болу хеча а. Керахь стомма, шеддаш долуш йолу Iаса яра.

— Э-хIе... Маршалла хуьлда, маршалла! — олуш, чоьнан юккъе а ваьлла сецира иза.

— Накъост чохь Iен меттиг безаш веана,— элира кегийчу нахах цхьаммо.

— Хаьа, хаьа суна. ХIара вайчех ву. Мухха а со кара-м ви хьуна? Мичхьахула лелаш вара хьо хIоккхул дукха хан яллалц? Хьошалла тасал: хIорш тхан студенташ бу, ткъа дIораниг — художник Бендль ву,— цо дивайна тIе корта тесира. — Ткъа хIуманаш мичахь ю хьан?

— Яц... — Иштта дагахь доцуш хиллачу цхьаьнакхетаро дерриг дицдинера Бенона, ур-атталла шен цIа а, хIумнаш а ю бохург ца элира цо.

— Ткъа иштта ма варра ву хьо? Кхин хIума а доцушший?

— Шуна ма гарра-м ву.

— Делахь, сан доттагI, кхидерг тIаьхьа дуьйцур ду вай. ХIинца цкъа къамел лерина дер вай. Шу, диканаш, цкъачунна тхуна новкъа ма гIерта.

Оцу тайпана юьхь хиларна хIумма а догдохийла а яцара къамел синтеме хир ду бохучуьнгахьа. Амма Бено ша а вара ша бехке лоруш, шуйдела иза кинча вара воккхах волчу накъосто шена ден долу дов эсала тIеэца.

Курганова-м «дов дар» дагахь дацара. Одессе схьа ма кхеччи хIунда ца неара хьо, муха мегар ду адрес дайа, гIалахь ша лаха гIиртарни иза, хIинца хIоккху сохьта хIун деш ву, – боху хеттарш жимчу стаге динчул тIаьхьа, дуьххьалдIа жимчу стеган бIаьра а хьоьжуш.

цунна делла жоьпаш цунна юха карла а дохуш, хIор хIуманан шен-шен мах хадийра Курганове. Иштта, бокхха тешам белла, къайлах долу кехат Москве а хьо, ткъа пигара Одессе а гIо аьлла, шена тIедиллинчу Бенос цхьанхьа-м дойу ша ваха везачу меттигаи къайлаха адрес. Адресийи стовле а я кхечу учреждене а па хоттуш, оцу тIехь хьекъал кхечира цуьпан, шена оьшуш волу стаг лаха а гIоьртина, тIаккха цо дуьххьалдIа дуьту и лехарш, пакъоставша хьалха шена тIехь долчу декхаран хьокъехь ойла ца йо цо, цIехххьана шена оьшуш волу стаг шена галлац йолчу хапна, шен пакъостех хера а волий, шенна вехаш Iа иза.

– Ткъа делахь хIинца айхьа ойла ел гIуллакхан, сан доттагI. — Ван хьанала стаг ву хьо, Кавказехь тIех дика болх бора ахьа. Амма, схьагарехь, хIинца а жима ву хьо. ТIедиллинарг-м кхочушдинера ахьа, ткъа тIаккха? Тхоьца хила лаьий хьуна – ткох хера ма вийла.

Бенос лайра цо бехкаш дахар. Иза бехказавийла ца гIертара, парна юха а ша везавалийта а, вокхах волчу доттагIчун безам шега кхаберзо а сацийра цо.

– ХIинца хьан гIуллакхийн хьокъехь дуьйцур ду вай, — элира юха а Курганове. – Iеш мичахь ву хьо?

– Тахана дуьйна кхузахь ву,– чехкка жоп делира Бенос. Кхузара дIавахаран, Тонин хIусаме юхавахаран хьокъехь ур-атталла ойла а ца яларо цуьпга.

– ХIун дийр ду, дIа Iе делахь Со Iийра кхузахь цхьа хан йоккхуш, ткъа полици ю-кх со чIогIа лоруш, сан бала кхаьчна, со хIумма а доцуш варна кхоьруш Цундела ваьлла лела дезаш хуьлу, ткъа кхуза иштта схьа чувогIу со. ХIара кегий пах цхьа доьзал санна, коммуна йина Iеш бу, кхара дуьйцур ду хьуна дерриге а Мот-гIайбина дера хало ду: хьайна цхьа хIума яй кIел таса.

– Курганов, ладогIал Курганов,— элира хьуьхь а воьлла, студентех цхьамма, дIа мэьIехь книгин кехаташ хоьрцуш Iеш волчу.

– Ладогlал... Мел хаза ду хIара дешнаш! Мел бокхха бу даймахке болу безам! И могIанаш масех бIе шераш хьалха халкъо дийцинчийн могIарш ду!

Тlаьхьара пондар а локхуш олуш санна, хьалхара ша а иллн олуш санна, байташ еша волавелира иза:

Хlоо шу, накъостий нижегородцаш!
Дlатуьйсу аша шайн цlенош,
Дlатуьйсу аша шайн зударий, бераш.
Тlор эай тlом бан
Ваьш дийчу, хьомечу лаьттехьа,
Хьомечу лаьттехьа, сийлахьчу Москва гlалехьа
Ткъа Москва-х юьзна наьlалт хиллачу халкъаша, полякаша акха

Курганов велавелира.

— Тхан Виктор, литературан дог ду, юха а догуш ду иза!

Леррина тlетуьйхира цо:

— Бlешерашкахь юха-юха а дешнаш иллешца бохуш долу халкъ эшалур дац. Иштта чу халкъо шен кочара дlаккуссур ду муьлхха а lазап: цо хlаллакбийр бу мостагlий санна кхечу мехкашкара баьхкинарш а, цо хедор ду цlерачуша кечдина буржалш а. Вайн халкъехь ницкъ хилла ца lеш, цуьнан дог, са турпала ду!

Тlаккха книгин кхин агlо схьа а хаьрцина, ша еша хlоьттира иза:

Иштта хlокху кепара маршалла луш шайн даймахках дlасакъаьстира-кх гlалгlазакхий эзар ялх бlе ткъе вуьрхlийтталгlачу шарахь туркошца тlаме шаьш боьлхуш:

Къинтlера йовла тхуна, lаьржа хьаннаш, сийна хьаннаш!
Къинтlера бала тхуна хlай, lаьржа хlорд!
Къинтlера вала тхуна тхан паччахь, тийна Дон Иванович!
Кхин тхо хьоьца, тхайн атаманца,
Буьрсачу эскарца ца лела ду,
Цlечу арахь ткха аккарс ца деи ду,
Тийначу Дон Иванович тlехь чlерий ца лоца ду

— Ойлаел аша, мел сингаттаме а, боккхачу безамах дуьзна а ду и дешнаш! — олуш, — книга дlатетти цо. — Ткъа оцу синтемечу дешнашца хьоьга луьйш верг-х буьрса тlемало ву. Хlанхlа, пархlато еза а, пархlатонаш байракх мосуьйттаза хьалаайина а болу гlалгlазакхий, тlаьххьаре а дlакъаьстар бу паччахьах. Уьш а бу — халкъ халкъаца цхьаьний пархlатонехьа гlовттур бу уьш.

Курганов луьйчуьра сецира.

— Кхин хlумма а дуй, Курганов!

— Таханлерчу денна, схьахетарехь, исбаьхьаллин

литератураца дерг тоьур ду моьтту суна,— элира цо, вела а къежна. — Тlе со дlаваха дезаш а ву.

Йовхарш а йина, цхьана минотехь соцангlа хилира иза.

— Кхин масех де даьлча шух хlоранна а кхочушда цхьацца гlуллакх тlедуьллур ду. Тlедиллар дуьйшийла йоцуш кхочушдина хила деза, амма ларлуш хилар оьшу. Хlинца хlор революционер а декхарийлахь ву ларлуш а, тидаме а хила. Цуьнан масала, бакъо яц накъостан адрес дайа,— элира цо цlарула цlийвеллачу Бенон агlор вела а къежна,—ур-атталла lадхьоькхуччу пондаран гlутакх чохь дита а мегар дац иза. Ткъа иза-м аса ишттта дlабохура, мелла а шуна гайтархьама.

Ша дlавоьдуш Кургановс накъосташка дийхира.

— Аша хlун дей, кlентий! Кхана кхуза сан йиша йогlур ю шуна. Нагахь со ца хуьлий, иза со схьаваллалц сацаелаш. Со кхузахь белхалошца саца дезаш ву меньшевикаш бу чlогlа тlегlерташ. Уьш а бу шайгахьа агитаци еш!

## 3

lай экзаменаш хила ши бутт хан йиснера. Шена хене валлал хlумз шина урокаца йоккхура. Бенос цхьа урок яларна баттахь ворх сом, важа яларна — пхи сом ахча лора шунна. Шинахьара а догlу ахча схьаэшнера цо — и дерриге ахча шайн «юкъараллина» юкъа охьадилла дlадаьхьира цо.

Цхьана ураман маьlIехь ларамаза сецира иза: цуьна юххехула чекхъелира цхьа жима зуда, чlогlа Тонех тера а йолуш. Бено ша волччохь lадийча санна сецира, иза гучуьра дlаяллалц шунна тlаьхьара бlаьргаш дlа ца бехира цо, меттах ца валалуш виснера иза. Ша шех эхь хетара шунна, дагалецамаша синтем байинера цуьнан. Блудов Васькин и ирча гlуллакх хиллачул тlаьхьа иза дlавахарш хьокъехь хlун ойла йина хила тарло Тоняс? Иза шех къехкаш ву, шундела хlумма а ца олуш давахна, аьлли? Хlун бахьана долуш халахетийтина цо оцу хьомечу йоlана? Шен хьокъехь гlайгlабеш а, тидаме а иза хиларий?

Кхашахьехь иза йолчу ваха а, ма дарра дерриге цуьнга дийца а, дерригенна а баркалла ала а, иза къин-

тIера йоккхуш бехказа вала а, амма Курганов волчуьра дIа цаваха а сацийра цо.

— ХIа цхьа а ма вац,—элира цо, меллаша «коммунан» цIеношна чувацлча, тишчу дивана тIехь хиина Iийриг а ца гуш.

— Хьан накъостиг хIинцца дукха хан йоцуш арабевлла,— аьлла, чIогIа аз делира.

Юхахьаьжинчу Бенона дивана тIехь йоI гира, дагахь доцуш иза гарна цецваьлла хIара цхьана минотехь лаьттира вист ца хуьлуш.

— Алахьа... хьо накъост Курганови йиша м яц? — хаьттира цо.

— Шича ю.

КIеззиг йоьхно иза елаелира.

— Бехк ма билла суна, со цхьа кIеззиг ханна цхьанхьа ваха дезаш ву, кестта юхавогIур ву со,—олуш, Бено неIарехьа волавелира. ХIинца а дIадатаза дара цуьнан мелла а вохар.

— Со а еача хIун дара техьа хьоьца, тарлур дуй?

— Ткъа... неIарна хIун дийр ду?

— Соьгахь догIа ду Хьоьца жимма йола а елла, юха чуйогIур ю со.

Юх-юххе хIоьттина догIуш дара и шиъ, ца вевзаш иза шега леррина хьожжуш санна хетаделира Бенона Цхьацца дагадеана оплане велира иза. цуьнан аз шена хьалха хезча санна хетара цунна, ткъа бIаьргаш, аренан зезагаш санна лиэнаш дара, цара а цхьадолу хIуманаш дагоьхуьйтура цунна.

— Хатта бакъо ло суна... бехк ма билла...— соцантIа а хилла, тIаккха юха а дIадолийра цо. — Хьо Курганови йиша ю-кх?

— Ю, шича ю, аса-х аьлла хьоьга.

— ХIанхIа, хила гарлац...

Юха а ца волчуьра меттах а ваьлла, дагахь наI долуш корта ласта а бина, охьаоллийра цо.

— ХIун хила тарлац?

— Юха а изза аз,— олхазаран санна хаза дека а, дагара схьадолу хьоме хета аз ХIанхIа, Бенона девзаш дара и аз!

— Иза дикка хан хьалха дара,— элира Бенос эххара а,— хIетахь дуьйна дикка хан яьлла...

— Яьлла, яьлла те,— элира йоIа сихха

— Со Москве воьдуш волуш ..

— Дарэ те хIетахь,— аьлла чехкка чIагIдира цо иза.

— Соьций еара цхьа йоI. — Бено юха а сецира. Ткъа йоI а сецира, къайлах ела а йоьлуш, цо хаьттира:

— Иштта хIунда хьоьжу хьо соьга?

— Сайна цкъа а дицлур доцу йоIаца хилла цхьаьнакхетар дагадеанера суна.

Цуьнан бIаьргаш шуьйрра беллабелира.

— Цкъа а дицлур дац хьуна и цхьаьнакхетар? — хаьттира йоIа, юха а ела а къежаш, тIаккха тIетуьйхира цо. — Делахь хIета, дагадогIу-кх хьуна.

— Дагадогlу суна! — Бенос катоьхна цуьнан куьг схьалецира,— изза аз, ощуьл дагна безаме хеташ, там бен долу. Дагадогlу!

— Эйе! Ма куьг лацар а ду' Лаза до ахьа куьг! — аьлла, мохь белира йоIе.

— Бехк ма билла суна... Делора, даггара воккха ма ве со... Ма дагахь дацара суна хьо кхузахь ган!

— Хийла хIума йисло адаман дахарехь,— олуш, доцкха са дакккхира йоIа.

— Хьо дуьххьара сана кхуза?

— ХIанхIа, со хилла кхузахь. ДIаяхиера со, ткъа хIинца юха сана-кх.

— Цхьанхьа хьехархойн курсашкахь хир ю хьо.

— Яц, лоьрийи... дешар дешна аса.

— Баккъалли?

— Ткъа хIунда бах ахьа?

— Иштта дIа бах-кх,— элира Бенос, Тоня дагаеанчу.

ЙоI цIехьана самукъадалла елаелира.

— Вайн хIетахь дахкар дагадогIий хьуна? ХIетахь гуттар хьоьга хеттарш дийриг со яра. ткъа хьо вуса а велла, со йолчуьра муха водур вара на хууш Iеш вара Тахана-м хеттарш деш садаIа а ца юьту ахьа со. ХIинца со а гIур ю оьгIаз, дIаяда а тарло со. Я хьуна, ахьа хIетахь сайна санна, сельтерскш сифон олу хи оьцур ду аса хьуна.

Бено велавелира.

— Ткъа хьуна а догIу-кх дерриге дага?

— Дера догIу. Со хIума дика дагадогIуш ю. Ма дарра аьлча, со йоккхаеш ю вайша юха а тина. Кица ма ду, девнаца цхьаьнакхеттарш шеко йоцуш доттагIой хуьлу, бохуш. Ткъа вайшиннах вагона тIехь дов далла ца дисира.

Бенос схьа а лаьцна цуьнан куьг Iаьвдира, амма хIинца хьожуш, меллаша.

— Хьо Курганови йиша ю. Делахь хIета — вайша хIинца а доттагIаш ду.

— Доттагlаш! Ткъа суна м хIинца а сайн доттагIан цIе а ма ца хаьа.

— Бено ю сан цIе Ткъа хьан?

— Сан цIе — Таня ю.

— Таняй? — Бено велавелира, ткъа тIаккха ойлане велира иза, дагахь ши цIе а йохуш: «Таня — Тоня, Тоня — Таня... схьахетарехь сан дахарехь кхин а хила тарло цхьа доккха гIуллакх шен цIе «Т» элпана тIера дIайолалуш: техник, тюрма (набахтне), тревога.. тур палалла эшар... бохуш дикка хIумнаш даьхкира цуьнан дага.

— Таня, хьо гергара хета суна, цхьа совнаха хIуманаш а доцуш вайша... ишшта эвххьаза хуьлийла лаьа суна. Дика дуй?

— Дика ду,— жоп а луш елаелира иза.

Мел хаза бIаьргаш ду Танин. Цуьнан юьхь-сибатехь го безаме, хьоме серло, лиэпа нур кхин а дуккха а гора царна чохь. Бенона шен цIе яккха ца хууш дерг. оцо Бенон дог сихха деттадолуьйтура. Цкъа хIинца Таница цхьаьна санна векхавелла, дог-ойла айаелла, самукъадаьлла хилла вацара иза. «Таня! Курганови шича-йиша, дуьххьара со генна некъаваьллачу хенахь сан некъахо хилла йолу, хIинца кхузахь суна юххехь!» Цеххьана иккхина безам бара иза я бацара? Бенон довхачу дагний, цуьнан беран санначу синий иза хIинца а ца хаьара.

«Суна хIун хилла?» — боху хаттар дора цо ша шега, цец а ваьлла. Цхьаннен а хьокъехь ойла ца ялора цуьнга, амма, шена гонах берш массо а хIинца ша санна ирс долуш хуьйлийла лаьара цунна. Шен кIенахь дIа куьг Iоьттича карийна цхи сом урокана цунна делла долу, дуьххьал шена тIенисъеллачу сагIадоьхучу зудчуьнга дIаделира цо,— муха мегар дара и санна долу пайда боцу хIуманаш хIинца тергал дар?! ХIуьу дан а, муьлхха а кхераме гIуллакх дан а кийча вара иза, башха ша дечуьнан ойла а ца еш. ХIуьу а дан кийча вара иза, хIара ховха хьал шегара дIа ца даьлчхьана, дерриге а гонах дерг башха, ирсе, самукъане хетара цунна. Иза ишшта шен дуьхьа долуш санна!

Кхоьлино йолчу сийначу стигалхула гучуевлира мархаш — бамба санна кIайн гуш йолу. Маьлхан гIаьххьара зIаьнарш гучу а евлла — къайлаевлира. Беной, Таяй дист ца хуьлуш цIехьа дирзира. Хабар дийца луьш дацара и шиъ — церан даг чохь иккхина йолу башха йоккха ойла еза яра, мел дикачу хазчу дешнел а!

## 4

Ерриге а «Коммуна» гулъелла яра. Цул совнаха, гIаларчу алсамо якхийчу предприятешкара баьхкина масех стаг белхалой а бара.

— Накъостий,— цаьрга къамел дан велира Курганов. — Вайн дийца дезаш мехала гIуллакхаш ду. Нагахь аьчгах мекха кхетча, нагахь иза сихонца дIа ца яьккхича, цо эчиг доу, цо иза мел стомма хиларх цуна дерт до. Вайн белхалойн партехь а цхьаболчех мекха кхетта, шайх и мекха кхетта долу адамаш вайн могIаршна юкъа эгIар дан цхьацца тобанаш, я вай олуш ма хиллара, фракцеш вовшахтоха гIерта. Белхан стаг цкъа цхьана, ткъа гIаккха кхечу агIор пIзаво цара новкъара иза гуттар тило гIерта уьш.

Суна а хаабелла цара беш болу зуламе болх. Цара сий дойу вайн партин, цу тIе кхидолу уггаре сийдоцу питанаш а леладо цара: «Большевикашна цхьаьнце а цхьаьнакхета ца лаьа? Большевикаш пролетариате герзаш даларехьа, диктатурехьа бу? Делахь хIета, уьш герзашца гIаттам барехьа бу-кх? Ткъа хIун деш Iа уьш? ХIунда ца гIуьтту уьш?»

И церан зуламе бекар цхьаболчу белхалошна юкъа даржа а доладелла. Маьххьарчу гуламашкахь белхалоша соьга маьхьарий деттара: вай хIунда ца гIуьттуу? Цкъа а чаккхе йоцуш «кечлуш» хIунда ду вай? И маьхьарий детташ берш дика кхеташ боцу, ойла кхехкаш йолу белхалой хила а тарло, ткъа оцу зуламхоша дуьйцучу туьйранех тешна болу питанчаш хила а тарло.

Делахь ваьшка хаттар де вай: тарлой вайн хIинца герзашца гIаттам баран некъа тIедовла? ПхоьалгIачуй, йолхалгIачуй шерашкахь хилларг юха доло?

Курганов чохь болчушка дIа-схьа хьаьжира.

— ХIанхIа, ца тарло,— аьлла, чIогIа жоп делира цо. — Цкъа а ца кхиинчу тайпана белхалойн класс

хIокху шерашкахь кхиъаишехь, ца тарло. Ткъа хIунда ца тарло?

Тужуркин киснара масех брошюрка схьаяьккхира Курганов.

— Накъост Ленина оцу хьокъехь аьллачул дика, кхетош, нийса цхьаммо а эр дац. Кхузахь соьгахь цо тIаьххьарчу хенахь язйина «Революцин урокаш» боху статья а, цул хьалха язйина йолу масех материал а ю. Оцу гIуллакхан хьокъехь дуьххьалдIа дуьйцуш йолу меттигаш йоьшур ю аса шуна.

Оцу брошюркашна тIехь шаьш дуьйцуш долчу гIуллакхах лаьцна йолу алсамо мехала меттигаш чIогIа лерина, дош ша-ша къастош олуш дIайийшира цо.

— Кхетий шу накъостий! Питанчаша маг-магийначарна тIе а ца детталуш, ткъа шайн пицкъаш гулбан беза, вовшахкхетар, зIе хилар чIагда деза. Революционерийн — майрачу муьтIахь болчу, сацам боллуш болчу, шайн са а кхоор доцуш болчу нехан — керла отрядаш кечъя еза. Зераш хьалхахьа дуккха а ду. Вайх муьлхха а хIаллакьхила тарло къийсамехь — бакъдолчунна дуьххьара дIа бIаьра хьажа веза.

Курганов чуьраваьлла, амма кхетош, хьекъале, сацам боллуш къамел дора, хIоранна шен-шена тIе бIаьргаш а хIиттош.

— Накъостий, вайн балхо йоьху лерина ларлуш хилар, тидам а, къайле ларъян хууш а хилар. Диц ма делаш вайх цхьаммо ледарчо ялийтича иттаннаш кхиберш хIаллакьхила тарлуш хилар. Ца оьшучохь цхьана а тайпана турпалалла гайтар, дезаттар хила мегар дац! Дуьйцийла йоцуш кхочушба беза лаккхара охьа болу гайтам. ХIума карахь долуш хила веза, амма оьшучохь хьекъале хIума.

Новхарш а йина, са а даьIна, кхин тIетуьйхира цо.

— Со декхарийлахь ву шуьга дIаханйта: вай тергалдеш ду шуна. Делахь хIета, ларлуш а, доьналла долуш а хила деза.

— Белхалошна тIе жоьпаллин гIуллакх дуьллу: шайн накъостий харцахьарчу новкъа ма бахийталаш, ларбелаш уьш къамелаш делаш цаьрца. ХIара кехаташний, брошюрашний дIа а эций, чIогIа ларлуш дIаяржае наха юккъехь. Шу, мелла а долуш долчух кхеташ а, элсам хууш а, дешна а, шаьш лелорш девзаш а дерш, декхарийлахь ду кхиберш шайна тIаьхьахIитто.

Сийлахь-доккха гIуллакх дийр ду аша яза дарца! Мекха йоларца къийсалаш, дIаяккхалаш иза!

Белхалошка хьоьжура Бено буьрса, чIогIа ойла йолуш болчу цара сапарггIат, шайна хьоме, лезаран гIуллакх санна тIейпшра шайна тIедиллинарг Аптекера экаме хIуманаш санна чIога лерина, Iалашдеш и кехаташ схьа а эцна, пачканаш еш дIа а хьерчадеш вуно лорий къайладохура цара.

— Ткъа ахьа, Бено, хIара конверт кхана дIалур ю аса хьайна стомара вокзалехь гайтинчу накъосте, хьуна иза каро волу меттиг Карантийни гавань ю. Цхьана куьйга хьайгара конверт дIалур ю ахьа, ткъа вуккхьиша волавелла воьддушехь цуьнгарниг схьаоьцур ю ахьа.

Курганов дукха лерина Бенога дIахьаьжира, жимачу стаге ша тIедиллинарг кхочушдалур дуй техьа бохург талла воллуш санна. Бенос цунна тIера бIаьрг дIа ца баьккхира — со-х тешаш мегар ду хьуна, бохуш санна — Пакет схьа а эцна, агIорхьа дIа а ваьлла, Ганигахьа хьаьжира иза. Цецваьлла висира иза мел тера яра иза хIинца Ульяшевах. дикачу. хьомечу Ульяшевах, цуьнан керахь еллачу «Мариямах» Ганин вохь кхоьлина, ойлане яра. Хьалха белхалошка а хьаьжна, тIакха къайлаха чолхе болх бар шена тIедиллинчу Курганова оцу минотехь боккхачу тидамца ладогIуш воллучу Бендле дIахьаьжира иза,— цуьнан бIаьргашка чохь цIеран довха суйнаш лепара: мел дика ду-кх гонахара адамаш! Уьш, оьзда, шаьш ца кхоош болу революцин турпалхой!

ТIаккха цхьа цIеххьана шовкъе хилла, билгал цхьана хIумане сатуьйсуш санна, иал дагахь вешета дIахьаьжира иза. Бено кхийтира: йоI ю, тIе яцна а ю, аьлла, «къа а хетта», Петра, цхьа хIума тIе а ца дуьллуш, ша йитарна кхоьруьра иза. Иза гIалат а велира: цунна тIедиллар деш Курганов вист хуьллушехь оцу сохьта тохаелла, ерриге екхаелла ирсе дIахIоьттира иза.

Iуьйранна самаваьлла Бено, оцу сохьта хьаланккхира шен «меттара»: изий, Таняй тахана-х шайна тIедиллинарг кхочушда декхарийлахь ду. Иза кхузахь коммунехь волу мел кIезиг хан яьлла,— ткъа хIетте а мел хийцаделла, чулацамах дуьзна цуьнан дахар! Ма дарра аьлча кхузахь хилла-кх иза а вокхха.

«ТIаьхьа ма висахьара! — аьлла, сихвелира иза —

Таняс ма аьллий, ша соьца йогIур ю! Ма дика ду иза! Вовшийн куьйгаш лаьцна, агIонах агIо тоьхна, оьшуш меттиг хилахь вовшашна гIо а деш, вовшийн кIелхьара а доккхуш дIадахар! Ткъа иза-х ирс ду!»

Шехьана сиха а, чIогIа а деттадала делира цуьнан дог. хIара волчу чуелира Таня. Ирс ша ду-кх цуьнан ойланашна тIегIерташ.

Кхин цхьа сахьт даьлча гаванехь хIорда пистехь дара и шиъ. Бенос меллаша гола Iоьттира Танина.

— ВогIуш ву,— лерехь а олуш.

Сийна коч юьйхина, керахь пхьеран гIирсаш долуш, балха воьдуш санна, дуьхьал вогIуш вара цхьа стаг. Танин дог тохаделира, амма цо иза гучу ца даьккхира,— мелхо а ела къежира иза.

Белхалочуьнга дIаписвелча, болар ца галхош, Бенос цуьнга дIаелира шегара конверт, оццу секундехь цуьнгарчу схьа а йийцира цо. И дерриге а хилира бIаьрган шегIар тухучу сохьта: вовшийн бевзаш а боцуш санна дIа-схьа бахара хIорш.

Иис йиллина кIайн лаьттачу Александрийски паркан агIонашкарчу некъех цхьанна тIехь Таняс а дира изза: хан тоьхна волчу пхьерера кехат схьа а оьцуш, шегарчу цуьнга дIаделира цо. Оцо цIоцкъамаш саттийра, ткъа хIара кхийтира — аьрро агIор яхара хIара, ткъа иза аьтто агIор дIавахара.

Шаьшшина тIедиллинарг кхочуш а дина, къона дитташ долчухьа паркерчу гIанта тIе охьа а хиина сецира Таняй, Беной. Церан бIаьргаш вовшахкхийтира — цхьабосса, кIоргтехь дохку сийна бIаьргаш, аьхка екхначу дийнахь хIорд санна хеталуш долу. Цунна шена а дагахь доцуш вуно йийзалуш Танин куьг схьалецира Бенос. Мел дукха цуьнга хIинца дийца лаьара-кх кхунна, амма стеина делахь а мотт ца лоьру кхуьнан, цхьа бIаьргаш бара лепаш, Iаж санна бос болуш йогуш ши бесне а яра.

— Хьо, схьахетарехь, поэтан санна айаелла ойла йолуш ву.

— Хаьий хьуна, Таня, дахар бохург... аьлча а... собар дехьа пагахь хьайна... хьайна уггаре а еза хеташ а, хьан шеца уггаре а деза, кхераме гIуллакх цхьаьна догIуш а... масала, вайн болх юкъарчу сийлахь доккхачу ирсан дуьхьа беш йолу йоI шена карийча, шех иза кхетча.

Таняс цIоцкъамаш дусийра.

— Хlа! Хьо хlинцале оьгlазъяха йоллу ..

— Яллане а па йоллу. Со дика ладугlуш ю.

Бено цхьанхьа-м генна дlа а, ирах а хьаьжира.

— Бакъдац ткъа, иза баккъалла а башха дика хир дацара цхьаьна хиляч .. даима а цхьаьна, оцу йоlаца.. дахарехь цхьаьна? Оцу хьайи езаш йолчу йоlаца, оцу..

— Хьаьнца? Мила юьйцу ахьа? — аьлла, хаттар деш цуьнан кlеда-мерза аз хезира цунна. Иза шен даг чу хьаьжча санна хетаделира Бенона. Цуьнан сирлачу, ойлане долчу бlаьргашна чохь цунна гира дуьнен чохь мел долуш долу дерриге диканиг, хьомениг, дезаниг, дерриге адамаш дала тарлуш долу, хьолах адаман ойла, цуьнан дахар дузуш долу, адамо цхьана дашца шех «ирс» аьлла цlе тиллина дерг.

— Хьо езар,— юха элира цо. — Хьо... Хьо еза-кх суна, Таня...

«Ма тамехь йоккху цо сан цlе»,— бохург дагахь а долуш, корта а оллийна, цlипелла кхохкийра иза.

Кхунах тешаш Таняс кхуьнан доккхачу куьйга кера дилличу куьйгах lаламат там хиллера цунна, иза хьоме, туттар кlайн хетара цунна. Иза керахь ловзо, иза даима кара а лаьцна, кетаран пхьуьйшахула гоьле кхачалц цунна тlе куьг хьакха лаьара цунна! «Ткъа муха мегар ду иза,— олий кхералора иза. — Иза-х товш дац? Муха мегар ду аса оцу хьокъехь ойла яр а?»

Хьаьжа юккъе шад хlоттийна, корта а оллийна, шен деган кхехкар лачкъо гlертара иза, амма оцу хьомсарчу, яцделлачу куьйго магнито эчиг санна шена тlейзавора.

Бенон пицкъ ца кхочура ша-шен сацо, охьа а таьlна довхадаьlначу сиран lа туьйхира цо Танин куьйгана.

— Ахьа хlун до? — аьлла, меттахъхьайра Таня, — хlунда?

«Алий аса? — ойла йора цо. — Дера ала, эр аса».

— Суна, Таня.. хьан куьг ловзо лиапера, амма ца хlоьтти со: и санна долу ховха куьг ловзадар — иза бех... Сайн кийрачу цlеран lа мукъане а тоха аса цуьна, аьлла, ойла хиллера сан...

Жоп луш цаl ала дагахь яра Таня, амма цхьа а дош ца алалуш йисира иза. Халла шен куьг дег тlе лецира цо — иза чlогlа детталуш дара — бlаьргаш хьаббина, корта ластийра цо. «Иза хlунда до? Со хьо саннарг ю. Вайшиъ-х цхьаннеса накъостий ду».

Чуьравыьлла, ойла айаелла цаI-м дуьйцуш вара Бенно, амма шен ойланашна чуяханчу Таниа на хезара цо дуьйцург. ТIаьххьара а, цIеххьашха самаяьлча санна, цо дуьйцучух кхета гIерташ ладегIа елира иза: «Ишшта хилча дика ма дац, иза-х соьга дуьйш вара» — бохура цо ойланца ца шега.

— Эхlе, Таня,— элира Бенос вела а воьлуш,— мел дикачу, башхачу некъа тIехь вовшахкхетта-кх вайшиъ! Вайшиммо а еш ерг цхьа ойла ю, цхьаннан хьокъехь, вай шиъ а тешаш дерг а цаI ду — ойланаш, къинхьегам цаI бу! Вайшиннне а лаьа вешан дахар цхьабосса хуьлийла. Таня со тешаш ву-кх вайшиъ прс долуш хирг хиларх! Амма иза вайна атта догIур доцийла хаьа суна, иза бакъду. Амма хIетте а вайшиъ вай цуьнга кхочур ду, тIамца доккхур ду-кх вай иза прс!

— Бакълоь, бакълоь,— олуш, корта ластийра Таняс.— Иза дерриг ийса ду. Со а, хьуна санна, ишшта хеташ ю! Со ишшта чIогIа йоккхае...

Паркерчу, тIа доьжна дерзинадевллачу дитташна юккъехула дIа шера гуш йолу стигал а, гуш долу хIордан га а гайтира Бенос цунна бIаьргашца.

— Хьажахьа,— элира цо,— дIо стигале. Бух боцу сийна стигал. Гкъа хIорд дуккха а хIордаш. Ткъа царна дехьа исбаьхьа башха Iалам долуш латтанаш ду: кайн а ду, дерриге дуьненахь а ду... бIаьргашна ца то уьш дукха генахь хиларна... хIара дерриге дуьне мара а лацалур дац я ган таро а хир яц — тIехдоккха хиларна. Амма суна хIара дерриге а го. ХIорш — хьан бIаьргаш бу, царна чохь — дерриге, дерриге дуьне ду. Хьо ду-кх — дерриге...

Мелламна вовшийн куьйгаш лаьцна догIура и шиъ, къона, ирсе, вовшийн дезаш, майрра долу шиъ. Дахаро керлачу некъа тIе кхойкхура цаьрга — къонаш пицкъех дуьзна долуш, хинолчуьнгахьа кхача Iалашо йолуш долу и шиъ ошу некъа тIе догIура ширачу паркан тIе ло диллина лаьттачу новкъахула...

Парк чекхъелира. Ураман тIовгIано саметта далийра и шиъ.

Шеххьана цхьа хIума дага деанчу Таняс «Ах!» а аьлла. Бенон куьг схьалелира.

— Бено, бехк ма билла суна, со бехке ю хьуна хьалха,— элира цо. Оцу сохьта Бенон кюхьа тIе Iинг[illegible] хIоьттира сагатдалла цепвелира иза.

— Шек ма вала, хIумма а кхераме хIума дац, — олуш, елакъежира иза. — ДуххьалдIа хьоьга деана кехат ду-кх, ткъа суна хьоьга иза ала лицделлера. Ишта стоьла тIехь Iуьллуш ду-кх.

— Стоьла тIеххьий?

Цецваьллачу Бенос цIокъаваш айира.

— Да те, хьан чохь.

— Сан чоххьий? — Бено кхин а цецвелира. — Иза Тоняргаххьий?

Ду бохург чIагIдеш Таняс корта ластийра.

— Дукха хан ю иза деана. Бехк ма бидла ишта тIаьхьа аларна. Схьахетарехь шун цIера ду иза. Вало со йолчу тIур ду вайшиъ. — хIинца доьшур ахьа иза.

Танин хIусамехьа дIадирзира и шиъ.

— Суна Тоня йовзарх цецваьллий хьо?

— Дера ваьлла! ХIара дерриге а ишта дагахь доцуш! Иза мичара евза хьуна?

— Тоня тхан группан куьйгалхо ю. Лакхарчу курсехь, кху шарахь чекхйолуш доьшуш ю иза. Ткъа цул совнаха, со и йолчохь Iаш а ю.

Дагахь цхьа хаттар долуш санна Таняга дIахьаьжира Бено.

— Я те, — аьлла, цунна дагахь дерг чIагIдира цо. — Хьо иза йолчуьра вайчхьана дуьйна цигахь Iаш ю со. ХIа, вало, вало. Суна цуьнгара дуккха а хезна хьан хьокъехь дуьйцуш. Аса аиса а дийцира цунна сайна хьо тар. Нагахь ишта ца нисделлехьара цо хьо лохур а ваьра моьтту хьуна? ХIусамехь вехаш волу стаг тIап ца олуш вов, ткъа иза са а ца гатдеш Iен еза?!

Цо цуьнан цхьаьрсах чекх куьг даьккхина, кхин а чехка дIадоладелира и шиъ.

ХIинца дукха хан йоцуш Бено Iийна волчу, ткъа хIинца Таня чохь Iен йолчу цIа чохь тохара санна дара стол а, маьша а, гIенташ а ишта лаьтташ дара. Уратталла гага а тохара санна шен меттахь кхозуш дара, чертеж тIехь ешт долу у корехь лаьтташ гора.

Бенос собар доцуш сиха даьстира кехат. «Здрасти дорогой наш брат» («Маршалла ду хьоьга тхан хьоме ваша»), — аьлла, дийшира цо хьалхара могIанаш.

«Баккъалла а йижарша яздина техьа хIара? Цара яздина: куьйгаш Iайшатий, ПетIаматий таIийна. Хьажахьа — язда Iемина-кх царна! — цуьнан бIаьргаш шуьйра дIаделладелира. — Хьан Iамийна техьа царна?»

«...Хьоме тхан ваша, тхоьга хьан кехат ца кхочу дикка хан ю. Хьоьга тхан кехат кхаьчна я ца кхаьчна ца хаьа тхуна... Хьан могушалла муха ю а ца хаьа тхуна.. Дада цомгуш волчу хенахь даима а йолхура вайн нана. Цо хIун бохура ца хаьа тхуна, тхо ца кхетара цо дуьйцучух... Хьоме тхан ваша цIа волахьа»...

Бено дикка веха Iийра вист ца хьулуш. Ур-атталла йоккха стаг чуйогIуш а ца хиира цунна, ткъа иза корта а ластийна, юха а араделира.

— Бено, хьан сагатделла? Вон хламаш бу, хIан? — хаьттира Таняс, цунна хиллачу цатаман доккха дакъа кхаьчначу, иза ша а яра иза гуш цатам хилла а, гIайгIане а. Бенос кехат дIакховдийра цуьнга. Иза дешча корта охьабахара цуьнан.

— Бено... хьо.. хьо гIур вуй?

ГIур ву, аьлла, корта таIийра Бенос.

Суна хьо гIур вац моьттура. ХIанхIа, гIо хьо... Юха ца ван а тарло хьо-м...

Бенос бIаьргаш айбира цунна тIе.

— Со цигахь... мел дукха а баттахь бен хьелур вац, — элира цо кхохкийна. — Дуьйцийла йоцуш юхаворIур ву со. Хьох къастий? Сан дахар дар гIоле ю суна оцул, Таня!

— Со теша хьо-х, Бено. ХIетте а бах аса хьоьга: ваха веза. Дай-наний бохург доккха хIума ду! Иза хьан сийлахь декхар ду, Бено, цига вахар. Уьш боцуш висар — йоккха гIайгIа ю, ткъа халчу минотехь уьш къеллехь битар — иза зулам ду. Бено, сан а яра нана, ткъа да дага ца воIу суна. Да велла, ткъа иза цуьнан некъа — вайн некъа тIе дIахIоьттира. Халкъана гIуллакх деш яра иза. Со тхайн ненан пиша полчохь кхиина. Аса даима а хоттура: «Мичахь ю сан нана?» — олий, ткъа сан да веллачул тIаьхьа кхузий бен ца гира суна иза. ПаьххьаРа иза суна гира ялх шо хьалха, хIетахь сан дейтта шо дара. Иза дукха а ца Iийра, со мара а вихкина, суна батош баьхна дIаяхара. Кхин пхи шо даьлча цIеххьашха елира ненайиша а, ткъа кхин масех де даьлча хаам хилира — мама елла, ма дарра аьлча — йийна, аьлла. ХIинца со цхьа ю-кх.

Тайин сийна бIаьргаш дохкарх дуьзнера. Меттах ца хьовш шена хьалха дIахьоьжуш Iара иза, сигтина долу цуьнан Iаьржа цIоцкъаман наггахь меттахъхьовра.

— Со дерригенах а кхеташ ву, Таня! Суна сайна а дукха гина вонаш... Со дерригенах а кхета!

— Баркалла хьуна. Иза-м аса иштта дІа, дашна дІадуьйций. Мамин белхан, дахаран хьокъехь ненйишас дийцира суна, со мелла а кхетал хиллачу хенахь. ТІе кехат а дешийтира соьга: мамас яздора ненйише а, Петера а.

— Вайн Курганов вуй ахьа вуьйцург?

— Ву-те. Иза сол дуккха а воккха ву. Аса хьоьга дерриге а дуьйцу, тешамечу доттагІчуьнга сайна, — аьлла, цуьнан бІаьргашна чухьаьжира иза. — Иза ду-кх сан уггаре дезаниг, сан дІадаханчух уггаре мехалниг. Ненйишас дуьйцура суна мамий, Петий лацар, уьш чубохкар, сибарех бахийтар. Петина дукха хаьа мамин хьокъехь. Ткъа цуьнан хьокъехь долу хІор дош а деза хета суна. Суна чІогІа лаьара цуьнан тІаьххьарчу денойн хьокъехь хаа! Со-м Екатеринодаре а, Владикавказе а яхара иза хаархьама!

— БуритІей, аьлча а Владикавказей? Тхан наха БуритІе олу цунах. — Бено цецвелира.

— Хьо ма цецваьлла?

— Таня, алахьа, аша дешначу кехаташна тІехь Степан Тарасович боху стаг варий хьехош?

Ший а и шиъ гІенташна тІера хьалагІаьттира.

— Таня... хьан мама... Ульяшева ярий...

Бенос охьа а таьІна боккхачу безамца Танин куьйга тІе барт баьккхира.

— Яло Таня,— элира цо меллаша.— Курганов волчу гІур ду вайша. Кхаммо а хьан ненах лаьцна дуьйцур ду вай! Цунна йоьвзура сан нана а, да а, со а... Ялю!

— Ванах хІара хІун ду, хІокху дахарехь хуьлуш дерг? Вало, дера гІо — Таня чІогІа йоьхначух теро яра.

Амма неІаре кхаьчча сецира иза.

Ткъа Тонига хьажа гарлур лац? Иза иштта чІогІа хьо ган дууш яра!

— ХІанхІа, ялюл Тоня йолчу со кхана вогІур ву.

Бенай, Таняй Пушкински урамехула дІахьаьвзинчу оцу хенахь Ланжеоронера ара а ваьлла Александрийски паркан йисттерчу аллейна тІекхечира, кхузахь Бендлаца йиллина меттиг яра цуьнан Цигара шин цхьаьнний дІаваха дезаш вара и шиъ. Курганов гІанта

тIе охьалахвелира, шен накъост тIеваллац. Дукха хан ялале ваш а веана кхунна юххе охьахиира Бендль.

— Аьтту хилин хьан?

— Буьззина аьтту-м ца хили. Коьрта дерг ди аса, амма къамел дойла ца хила: гобаькккхина гонаха моттбеттарш бу, аьлла, хаам бира соьга.

— Ткъа конференцера векал мукъане гин хьуна?

— Гира дера.

— Болышевикийн сацаман копи схьаийцирий ахьа?

— Иза лойла ца хилира цуьнан. Цуьнан чуланам деанашца схьабийцира цо суна.

— ДагабогIий хьуна?

ХIума баккъалла а дика дагахь лаьтташ волчу Бендла, хIор дош а дагадогIу ала мегар долуш, схьабийцира конференцин сацам. Амма оццу минотехь новкъа раз схьабогIучу, карахь хIумнаш юхкучийн тоба гучуелира. Белшах тесна долчу доьхкарша сецош некха хьалха лецна чохь цигаьркаш йолу яьшканаш а йолуш, яьшканашна иегIаран метта тоьхна ангали дара.

Урамехула буьйлабелла а лелла, парка чубаьхкира уьш, ткъа цигара тIебаьхкира, амма оцу сохьта юха а аллейна тIебевлира. Тоба еш гул а белла, цхьа хIума дуьйцуш санна вовшашка шабар-шибарш дина, цхьацца агIор дIасабаьржира уьш.

Курганов гIаита тIера хьалагIатта кхиале, царех цаI яьшка карахь цуьна тIевеара.

— Цигаьркаш ца еза хьуна? — элира цо цуьнан юьхьа тIе бIаьргаш а доьгIна.

— Ца оьшу, узуш ваш со. — элира цхьана хIумнах шекваьллачу Курганов. — Иттех шо ду аса цигаьрка йитина, — аьлла, тIе а тоьхна, художникаца цхьаьнний дIанехьа велира иза. Цигаьркаш юхкуш верг, дIавоьду а моттийтина, кхин цхьа минот яьлча юха а вирзина, аллей кхачаяллалц кхарна тIаьхьахIоттина веара. Кхиберш а юьстахо кхарна хьалхабевлира, шеххьана шайгара яьшканаш охьа а кхийсина, хIокху шина доттагIчунна тIетасабелира уьш.

«Коммунараш» къар ца лора. Амма ницкъаш цхьабосса бацара: уьш ша берш кхарна тIебеттабелира, хIорш охьа а тоьхна, дIабехка дагахь. Амма кхара чIогIа дуьхьало йора, шаьшшиъ цIийша а вуьзна, сахьдда кIел а висна, охьавожжалц. И шиъ чехкка паркера аравалькхира цара.

Ткъа оццу хенахь «Коммуне» юхадогIуш дара Бе-ной, Таняй. Суьйре йоьлла яьллера, бода буьйлира, ткъа Курганов ца вогIура. Я художник а ца веара юха. Ур-атталла гимназисташ а ца баьххира буьйса йолча а цIа. Таня новкъа а яьккхина, Тоня йолчу а ца воьдуш цIа веара Бено.

Буьйса юкъал а тIех яьлча иза кхийтира, шен на-къостий цIа богIург цахиларх. Иза башха чIогIа сагат-дина а вацара: къайле ларъя дезарна царах хIор а буьйсанна наггахь цIа ца вогIуш меттигаш хуьлура, шайн хIусаман лар тIе полици ца кхачийтархьама. Кхин цхьана эха сохьтехь хиина а Iийна, художникан дивана тIе агIор а ваьлла ойла йира цо. Охьавижалур волуш вацара иза, наб яйна яьллера. ХIокху гIуллакхах ма варра кхеташ вацара иза: цхьана хенахь берриш а хIунда бахана уьш? Буьйсанна хан яьллачу хенахь луьстта, чIогIа неI тоьхча, хIумма а цец ца велира иза: дерриге а кхеташ дара. Цхьа тамашийна, цуьнга шега а иза ишта хIунда ду а алалур доцуш, бен а ца хеташ дIайиллира цо неI. Цунна хьалха лаьтташ виъ полицейски а, кхераш урам карахь берг а вара. БIаьр-гаш негIар гухучу сохьта цара а харжар доцуш тIе-кIеп туьйхира чохь мел йолу книгаш а, тетрадаш а уьш ер риге а шаршу юкъа дIахьарчийра. И шад а эцна дIа-бахара уьш. Бено а вигира цара шайца.

— Мичара схьаваьлла ву хьо? — аьлла, хаттар дира цуьнга полицин участкехь оганал дехьа хиина Iаш вол-чу пурстойно.

— Мичара схьаваьлла вуй? — аьлла, паргIат юха-хьаттира Бенос.

— Бах те, вала алий!

— Къилбседа Кавказера ву.

— Ткъа цигара мичхьара ву?

— Муха мичхьара?

— И бохург хIун ду? — пурстон оьгIазвахна кхох-кийра, цо юхахаттар дича, и шех воьлу моьттина. — Аса лоллур ву хьо кхузара!

— Кхузарий? Ма дика хир дара иза, суна чIогIа ха-захетар дара.

— Сацийта! Вист ма хила! — олуш, стоьла тIе буй а тоьхна, цуьйда гаIийра пурстойно.

Чуиккхира городовой.

— ДIавига иза!..

Кхаа дийнахь левира Бено. Цуьнгара хIумма а дакха а ца делла, полицие иза «университете» дIахьажийра, и цIе тиллинера кхузахь йолчу, Россехь уггаре якхийчех цаI йолчу набахтена.

Бено чукхоьссинчу камерна чохь бара къуй, кисана гIертарш, курхалчаш. Церан акха бIаьргаш вон хьоьжура керла чувеанчу кхуьнга. Вуно дог-ойла йоьхна бисира уьш: кхунна тIера даккха хIумма а дацара!

Адамех юьззина яра камера. ХIокху берзан буьна чуьра цхьана кIоргера гIийлла схьахезаш дара вокхачу стеган дешнаш: «Цхьаннан а бакъо яц стаг дахарх ваккха!» — бохуш.

Ша хиина Iаш вара стаг а вийна лаьцна волу къу, чуьрчу «цицинган кIорнех» ца вешаш хьоьжура иза. Нарашна юххехула дIасалелаш вара ши тутмакх. Еха ворта а йолуш волчу цхьаммо гуттар ца шега бохура: «Долуш дерш, бакъдерш — царех доллу дерриге гIуллакх!». ГIиргIанан санна бIаьргаш долуш волчу шозлагIчо, куьг ирах а дохуьйтий, шен некха тIе пIелг а уьттуш, дIахьедора: «Со — совдегар ву... хьалхарчу гильдин. хIан?».

Дукха хан ялале аьчган пеI йийкира: керахь шеддаш а, мотт а болуш лаьцна ши стаг валийра чу.

— Бердан сидр! — аьлла, мохь туьйхира чуьрчех цхьаммо. Къуй, кхийолу боьха хIуманашший оцу сохьта чубаьхкинчушна тIетасабелира, церан карахь мел ерг схьаяьккхира цара, схьаяьхна хIуманаш цIенкъа юккъе охьа а ехкина шайн коьртачу къуьне дIахьаьвсира уьш — мекхаш санна цIоцкъамаш долуш, маIа санна сеттина мара а болуш, ира бIаьргаш ловзош, вуса а велла хиина Iаш вара Чума.

Берзана когаш охьа а охкийна, нара тIехь хиина Iаш вара Чума. Къуьшка дIа а хьаьжна, аьрро агIорхьара цIоцкъам айира цо. «Схьало» бохург дара иза. Цуьна хьалха диллира йоьхь. Луьста цIоцкъам юха а айира цо. Йоьхь долччу юххе дIахIоттийра кIалд. Амма Чумас хIумма а ца кхоллура — юучуьнна тIегIорта къуй а ца хIуьттура. Чумас аьтто агIорхьара цIоцкъам айира — оцу сохьта цуьна хьалха бепиган булка хIоттийра.

— Фигли-мигли? — аьлла, ца вешаш ша резавацар ханйтира цо. — Кхин хIун ю цигахь?

Цуьна хьалха барз бина хьалхахIиттийра конфеташ а, печенеш а.

Чума шена догIучу декъана тIехковда а кхиале, важа къуй, курхалчашший, кисиагIертаршший оцу сохьта, цIоз санна, юучунна тIелетира. Ца хоржуш шайн кара еъанарг кхоллура цара, йоьхьа тIе конфеташший кIалдий, печенешший бага теIанора цара. Шин а цIоцкъам саттийна, самукъадаьлла, чIогIа мохь туьйхира Чумас:

— Тум-шар-харт! — Къуй юха а керла чубаьхкинчушна тIебеттабелира, Бенона юххехула шаьш долчу маьIIе дIабигира цара уьш. И саннарг дагахь доцуш Iаш волу хIара хьалаэккхаза висира: керла чувалийначу шиннах цаI Блудов Васька вара. Шин а цара тIе охьавиллира. Цаьрга вон дIа а хьаьжна, Чумас цхьа ца кхеташ долу дешнаш элира: «Клифт-лапаря-бобокча!»— къуша бIаьрга негIар тухучу ханна царна тIера хIумнаш схьаехира. Тоьлашха долу барзакъ тужуркий, кучамашший, мачашший Чумина хьалха охьаехкира, ерриге кхиерш-пазаташший, хечий, чухула юху хечешший — шайна юкъахь йийкъира къуйн тобано, ткъа шайна тIера гIелхигаш шаьш берзина баьхначушка дIакхийсира цара.

Блудовс ца догIучу дагаца, йоккхачу догазаллица шена тIеозийра боьха чухула юху хечиш гIелхиг а, эттIа хеча а, горгам хилла йолу коч а, цхьа мачийн тайпанаш кога а Iоьттира цо. Шийзаш са йиза хIоьттира иза, схьахетарехь, цхьана, муьлххачунна хетта ма, шех къахетаре дог дохуш. Амма Чума, жимма собар а дина, тIечевхира цунна:

— ХIей, ма е гIовгIа ахьа!

Амма велхаран къурдаш совцуш дацара

— Харт! — элира Чумас.

Къуйн цхьа тоба. керла чубалийначарна гонах а яьлла, етта елира. Лазийначу Блудовс мохь хьаькхира, цунна оцу сохьта чIинтах буй кхийтира. Иза прахкхосавелира — тай тIе а, къамкъаргах а чIогIа хIума кхийтира цунна. Маьхьарий йиш а хаьлла севцира Къуй шайн маьIIе дIабахара.

ПахьарчУ деношкахь Iаламат инзарвуьйлуш, тамаш беш хьоьжура Бено Блудовх хуьлуш лаьттачух: сихха хийцавелира иза. Васька къуйн тобанах дIакхийтира. Дуьйххьарлерчу дийнахь шена дийнарг— иззаа боьхьа там хиларца дора цо хIинца ша керла хIоккху чубаьхкинчарна, амма хIоккхо иза кхин а къинхетамза дора.

Кхин а тамашийна дара — тохара ишттa шен дозалла деш, тоам хилла, кура, майра хеташ хилла волу хIара — хIинца кхечарел чIогIа чуьравальлa царел алсам Чумана хьалха, кIеза саннa, хьесталуш, цIогIа детташ вара.

Бено юьхьенца цецвуьйлура, амма тIаккха иза ишттa хила догIуш а дара и саннa долчу адамашца, аьлла, Iадъийра. Кхин хIун дийр дара оцу цхьа а амал, оьздангалла, ойла, гIиллакх доцуш телхина волчу стага? Нагахь цу шинна цхьаьнгай камер чохь кхин а Iен дезнехьара а, Бенос тамаш бийр бацара нагахь Васька цхьана дийнахь хIилла а дина, Чумана тIе шеташ тоьхна, къуйн корта хилла дIахIоьттича а.

Бенох пе бетташ вара Васька, иза шена ганне а цагуш саннa. Амма Бенона тIех дика хаара, нагахь Бенос Васькина цхьана стенна тIехь йина а новкъарло йича — оцо оцу сохьта къуйн ерриге тоба кхуззахь шена дуьхьал йоккхур юйла а вуьйр вуйла, лазор вуйла. Бено цунах кхоьруш-м вацара, делахь а цуьнца хIума лело дагo ца вуьтура иза.

Кхин шин бутт баьлча, буьйсанна хан яьллачу хенахь, гуттар а ша иза ма дарра, наб а ца еш, цкъа Ганин. Кургановн хьокъехь, тIаккха шен доьзалан хьокъехь гIийла ойла, еш, шен хьокъехь хьаьнга хоуьйтур дара техьа, бохуш, хIара пайIане вовжна корта кегбеш Iечу хенахь, иеI дIа а йиллина, лаьцна камера чу валийра кхин кхо стаг. IIaI хIинцале къух саннa маж яьлла, вара, шиъ меккаш довзаза жима стаг вара. Лаккхахь тхов кхозуш йолчу фонараш бодашечу серлоно цераш яххьаш гаи таро ца хуьлуьйтура Бенох.

Уьш чубалийна волчу дежурничо, кечло а яьлла, Бено камерна чуьра дIавигира.

## КОРТА VII

### 1

ТIекхечира февраль бутт, доккха диллина ло а дара, хIоьттина шело а яра. Когаш кIел «цIаз-цIиз» деш, «пуьцкъала дIабохуьйтуш болчераш» тобанах дIа а тоьхна дIавахийта вокзале валийра Бено, «столыпински» вагон тIе а хаднна къилбеседехьа дIахьажийра иза.

Доза доцуш яккхийчу, шийлачу, тIехь ло долчу аренашкахула дIа бара иза воьду некъ. Вагонан кораи гIорийчу бIаьргехула арахьаьжча халла гуш яра хIорш чехкка тIехбовлуш йолу, цхьана кеппара йина йолу тиша ярташ. БIаьрг тIехь ца соцуш чехка тIехйолура цIерпошт некъаца долчу цIеношна а, телеграфан бIогIамашна а: наг-наггахь сана а соцура цIерпошт. Буса станцешкахь гIийлла серло луш дIаоьххина яра мехкдаьттанца ягош йолу фонараш, дуккхах йолчу станцешкахула ца соцуш тIехйолура цIерпошт.

Хиндерг ца хууш гIайгIане вара Бено. Шегара даьлла башха хIума а дац, кхечерчел вон дац шен гIуллакх, бохуш ша шен дог пагIатдаккха гIертара иза. «Со-м жима а ву, могуш а ву, дIавахийтар бен кхин йина кхел яц суна» бохург дара цуьнан дагахь. Делахь хIета миччахьа ша вахийтича а, ша пагIатонехь хир ву, аьлла, хетара цунна. Цундела болх а беш, шен цIерачуцийг, Таниций эIе таса, цаьрга кехаташ язда таро хир ю. Ткъа кхечийн гIуллакх дуккха а вон ду: набахтехь якха дуккха а шерашна тоьхна хан, каторга, дерригенах а дIахервина хилар... «Хьо-м хIуманна тIехь аьтто болуш ву Саволька!» — Ульяшевас аьлла дешнаш дагаоьхура цунна... Ульяшевас, Танин нанас... Ткъа дукха хан ма яц цо ша а Танега ирс атта хуьлуш дац, цуьнга кхача гIерташ дуккха а новкъарлонаш лан еза, халонаш хьега еза, къийса деза, баьхна. ХIорш ю-кх дуьххьарлера новкъарлонаш, дуьххьарлера зер ду-кх хIара.

Кхин масех де-буьйса даьлча Вяткехь охьавоссийра Бено. Доцца цуьнга хеттарш деш иза левинчул тIаьхьа, полицина хиира гIалат далар: цхьаммо-м Владикавказан меттина Владивосток а диллина, ткъа приговор тIе «ша вехаш волчу метте дIавахийга» аьлла яздинера.

— Оха хьо пагIатвоккхур ву, — элира цуьнан начальнико пагахь ахьа сихонца хьо данманна а вехаш хиллачу метте дIаваха тIелоцуш кехат лахь.

— Ткъа со муха гIур ву цхьа кепек ахча а доцуш?

— Хьо лоцуш хьоьгара даьккхина цхьайтта сом ахча ду хьан тхоьгахь, хьуна дIадала дезаш. ХIара ду и ахча, куьг яздел. ХIун хилла? КIезиг ду? Делахь хIета цу агIор дIабахийтина тутмакхаш хиллалц набахтехь собар дан дезар ду хьан. Иза кестта хилахь тамаша бу. Хьайна луъург де-кх

Бакъду, хIуъа дина а кхузара сихха дIавала дезара!

Хlун хаьа Вяткера Кавказе йоьду этап кестта ца хуьлий а. Мухха кхаьчна а дlаккхочур ву со.

Дlагlур ву ша аьлла тlелоцуш кехат а делла, ураме велира Бено. Бакъду, Одессехь иза лаца баьхкинчу хенахь цуьнгахь хилла ахча диккa алсам дара. Амма кьийсар пайдехь дацара. Хlумма а дан-кх, кхузара дlаваьлчхьана!

Ткъа тlеюхуччуьнца ледара дара гlуллакх: Одессехь, набахтехь шен йовха тужурка кьилбаседехьа дlавохуьйтуш волчу тутмакхана еллера цо. Иза аьхка лаьннера, цхьа хечий, юткъа коччий бен тlехь а йоцуш, Бенос гlо ца динехьара дан хlума доцуш вара иза, цундела Бено хlинца ша виснера шелонгахь тlеюха йовха бедар а йоцуш.

Вокзале ма валло ведда веара иза. Буфетехь цкъа шозза хьалаайбина ши стака довха чай а мелла, касси тlевахара иза.

— Хlокху ахчанах доггlучу билет ло суна, — аьлла, туьма дlакховдийра цо.

— Ткъа хьуна мичхьа деза билет?

— Деза-м Владикавказе дезара суна, амма...

— Ахlа... Юха а изза, ахча доцуьйший? — аьлла, охьа а таьlна, ахча схьаийцира кассира.

— Изза дара иза-м, билет лой валал хьо,— аьлла чlагlдира Бенос.

— Дlаэца!.. — Вятка — Москва — Харьков агlорхьа йоьдучу цlерпоштана билет а, мелла а кегийра ахча а схьаийцира Бенос, тlаккха ара а ваьлла вагон тlехиира иза. «Кхин дlа хlун дан деза техьа аса?— аьлла, воьхна висира Бено.— Я ахча а дац, я бевзарш а бац. Тlеюха йовха хlума а яц..» Тlекхечира буьйса. Шелонна верриге а вегош вара Бено. Арахь ца соццуш, цlийзаш хьоькхуш бара шийла мох. Кест-кеста ша волчохь ха а хоьрцуш, наб ца кхетара кхунна.

Хlетте а Москве кхаччалц мелла а санаргlат дlакхечира иза: билетан хьокъехь ойла яц ца дезара. Ткъа тlаккха кхидlа . Кхидlа Харькове дlакхаччале, я цунна дехьа ваьлча шена связан а йоцчу метте охьавосса дезара цуьнан.. Кхидlа хиндерг хууш дацара.

Бено ша волчуьра цlехьхьана хьала а гlаьттина полки тlе охьахиира муха тарлур дара иза дицда? Кургановс хlун эр дара иза ишта хьекъал ца кхочуш хилча? Ткъа Москвехь цуьнан таро ю тохара Одессе воьдуш ша

пакет эцна ваханчу Пресне ваха! Муха вицлур ву цунна горга куьзганаш а доьхкина волу и дика воккха стаг?! Оцу сохьта сапаргIат делира цуьнан, Москва дIакхаччалц паргIат наб йира Бенос.

Амма, схьагарехь, даима а ца хуьлура Савольким а аьтто: воккхачу стеган квартире дIакхаьччча, кхо ехха неI еттарх Бенона жоп луш стаг вацара. ТIаьххьар а неI дIа а йиллина араяьллачу йоккхачу стага дерриге а хеттаршна а цхьа жоп лора: «IIахь вац иза» олий. Бено дIагIур воцийла а хиъна, цIоцкъамаш а саттийна, леррина цуьнга дIа а хьаьжна, иза кхето гIерташ санна, йоккхачу стага меллаша элира.» «Ткъа аса-х хьоьга боху: иза цIахь а вац я хир а вац!».

Бенон дог дуьйжира: цаI хиллий хинра цунна. Воккха стаг а лаьцначух тера дара. Бехказа а ваьлла, ураме юха а аравелира Бено. Цуьнан дегайовхо цIехьана дIаелира.

Курски вокзалехь сихха масех могIа язбира цо Танега. ХIинца Харькове дIабоьду некъ бара цо юьхьар лаьцнарг. БIаьргаш а хьаббина, амма юха наб ца кхеташ ерриге а буьйса лакхарчу полки тIехь яьккхира цо. Сахуьллуш тIевеанчу проводнико меттахваькхира хIара.

— Пассажир, хIей пассажир!— Бенос бIаьргаш дIадиллира.

— Хьо охьавосса дезаш ву! Хьо сихло — цIерпошт цхьана минотехь бен ца лаьтта соций.

Бено охьавоьссина станци вуно жима яра, йогуш мехкдаьттанан ши фонарь а яра. Вокзалерчу горгалина юххехь лаьтташ чуьрчу хина матар а тесна черма дара. Станци чу вахара Бено.

«Схьакхечи-кх со»,— аьлла, ца догIучу дагца велакъежира иза. Цемент хьаькхначу цIенкъахула вола а велла, шийлачу, ша санна болчу пена юххехь а лаьттина, пенах кхозучу графикна тIе а хьаьжна, юхавирзира иза.

«Ма шело а ю,— олуш, куьйгаш хьакхийра цо.— Ма дарра аьлча — хIун дан деза техьа? Бепиг эца хIума а дац, дIаваха таро а яц.

ДIаеллаеллачу неIарехула шело чуеара. Фонарь а карахь чувелира цхьа стаг, схьагарехь, некъе хьожуш верг я хехо вара иза. Кетар а юьйхина, лергаш долу боккха куй а тиллина волчу стеган маж а, мекхаш а тIе

кIац йиллина дара. Фонаран негIар хьала а айина — боданечу серлонгахь халла гуш бара цIоцкъамашина кIел цуьнан бIаьргаш — хIупп аьлла лампа дIа а яйина, юьхьах пхьош а хьаькхна юьхь якъа а йина, дежурни чохь волчу цIа чу волавелира иза.

— Гена юй гIала? — хаьттира Бенос иза саца а вина.

— Кхуззахь, пхийтта чаккхарма гена бен яц юрт.

«Нагахь хьо воьдучохь хьайна хало нислахь — хьайн дог чIоггIа керахь латтаделахь»,— бохуш, шен дас дина хьехар дагадеара Бенона. Кхин а цхьажимма хIоьттина а лаьттина, воккхачу стагана тIаьххье чувахара иза.

— Маршалла хилда! — аьлла, станцин дежурнина хьалхха дIахIоьттира Бено.

— Маршалла хилда,— аьлла, кехаташ тIера корта хьала а ца ойуш жоп делира цо.

— Алахьа, кхин цIерпошт маца хир ю?..

Дежурни хьала а гIаьттина екаш лаьттачу аппаратана тIевахара.

— ХIа, хIа? ДIакхачна? Шен хеннаххьий? Делахь хIета графикца нийса сана иза!.. Ца хаьа! Хьайн тIаьначкхе алал ца догIу хабарш ма дийца алий!.. ХIаъа!.. Кхана вола — даа чIепалгаш а хир ду кехатех а ловзур ду вай! Iодика йолда!

— Алахьа, делан дуьхьа, аьлла юха а Бенос хаттар дешшехь гаргол туьйхира. Дежурни кхечу аппаратана тIевахара.

— Ткъе йоьалгIа, дежурни ву!.. ХIун хилла?.. Шозлагlчунна дIаяха бакъой? Ло аса!

Кхозлагlчу аппаратана тIе а вахана, индукторан тIам хьовзийра цо. Аппарато гIар-гIар а дина дуьххьалдIа дежурнин кара цхьа эчиг аракхоьссира.

— ХIун бах эхьа, жима стаг? — олуш, стоьла тIе а вогIуш, Бенога хьаьжира иза.

— Цlерпошт маца хир ю хатта лаьара суна.

— Мичара а, стенга а йоьду цIерпошт хоьттУ хинца хуур дара-кх,— аьлла, велакъежира и дежурни, «Морзен» догIа схьа а оьцуш.

— Роотов-Донехьа йоьдург езара суна.

— Кхин ткъа минот яьлча хир ю.

— Баркалла... Кхин цхьа хIума хатта а лаьара суна...

— Билет шен хенахь духкур ду.

— Хlанхlа... Иза эца таро яц сан... Гlуллакх муха ду аьлча, хlокху станце кхаччалц билетаца веанера со, ткъа кхидlа ахча а ца тоьъна, билет эца таро йоцуш ву со. Сан чlогlа дехар дара шуьга билет а доцуш со тlехаийтар.

Дежурнис ца кхеташ белш саттийра: «хlинца хlара уьссалгlа ву-кх». Ткъа хозуьйтуш цо элира:

— Хаац, коьртачуьнца дийцахьа. Цкъа собар де.

Бено пассажираш чохь болчу цlа чувелира.

Схьакхечира цlерпошт. Карахь фонарь а йолуш цунна юххехула чекхвелира обер. Цунна тlаьххье дежурни цlа чу Бено а велира.

— Хlара ву-кх, — Бенона тlе пlелг а хьажош цхьана муьлххачу а станце кхаччалц дlавига таро хир яцара хlара?

— Хlанхlа, хир яц! — аьлла, оьгlазе жоп делира коьртачо.

— Аса чlогlа доьху хьоьга, делан дуьхьа,— олуш, юкъагlоьртира Бено.

— Таро яц сан, деха ма деха соьга.

— «Ткъа со гlура-х ма ву»,—аьлла, сацийра Бенос, платформи тlе ара а волуш.

Хlара сецначу тамбур тlехь кхин а шийла яра цlерпошт чехка йоьдура. Гонаха гlовгlа яра, шакарш еттара, хьокхуш шийла юьхь ягош мох бара. Нел дlа а йиллина луларчу вагон чуьра бригада чуйолуш ца хезира Бенона.

— Хьан билет мичахь ду? — олуш, цунна тlе фонарь хlоттийра.

— Дац соьгахь билет... аса элира...

А-а! Хьо вара иза аьлларг? Ткъа аса хьоьга ца элира мегар дац? Ткъа хьо хlетте а тlехиъна!. Оьрсийн маттахь ца элира аса хьоьга!

«Хьайна ма луъу мохь хьекха ахьа»,— бохуш, ойла йора Бенос шелонна куьйгаш а когаш а лехна, амма ша волчуьра меттах ца волура иза.

— Дlавига иза! Хlинца тlейогlучу станцехь сецча охьавоссаве!

Нел дlа а йиллина кхечу вагонашка чухула дlавахара коьртаниг. Кондукторех цхьаммо Бено шайн отделени чу вигира. Кхин масех минот яьлча уьш болчу юхавеара шолгlа кондуктор а.

— Чекхвели! — аьлла, агIор корта а ластийна, — хIинца Iуьйре тIекхаччалц IадIийрг хир ву.

Схьахетарехь и дешнаш оберан хьокъехь дара.

— ХIан, валол, декъазниг! — аьлла, кондуторех цхьаммо Бенога дIакхайкхира. Стигалашка дIаписвер вай хьо, ткъа Iуьйранна, самаволлушехь, охьа а воссий яхийта хьайн алаша хьайна луъучу. Хаьий хьуна, и санна долчу гIуллакхана коьртах куьг ца хьокху!

Шелвелла, мацвелла, кIадвелла волу Бено полки тIе а ваьлла охьавижира. Сел чIогIа шелваларний, гIелваларний, цхьана хIуманан хьокъехь ойла ца яларо цуьнга. Халла бен ша мичахь хилар а, шех хIун хуьлуш лаьтта а дага ца догIура цунна. Вагона тIехь техкоро чIогIа наб кхетийра цунна.

Сатоссушехь кондукторо хьалагIаттийра иза.

— ХьалагIатта! — элира цо пхьарс а лоцуш. — Харькове кхочуш лаьтта вай! ХIинца кхин бригада хир ю тхан метта!

## 2

Шийла Iуьйре яра. Вокзалана го а баькккхина ураме ваьлла Бено, воьхно волуш хьалхахьа дIа а хьожуш, цхьана маьIехь сецира. Шелоно лергаш дахьадора, когаш а шелбора «Ванах, кхин дан хIума а доцуш вуьсур ву техьа со? — бохург дага деара цунна. Цкъа а хила мегар дац иштта гIаддайна, муьлхха а халонаш, новкъарлонаш дIаяхьа еза. Амма атта ду-кх иштта ала, амма иза кхочушда мел хала а ду-кх!».

Делахь а цхьана меттехь хIоьттина латта кхин пицкъ бацара: шелоно бегаш ца бора. Бено сихха волавелла дIавахара, ша стенга воьду а ца хууш. Цунна дуьхьал кхийтира ши йоI, гимназехь доьшуш болчийн хорма тIехь а йолуш, Бенога а хьаьжна елакъежира и шиъ: «Цунна, схьахетарехь, пальто тIехь ца хилча а йовха ю», бахара церан бIаьргаша. Кхин цхьа минот ялале ураман маьIехула гучувелира бIаьргех куьзганаш а долуш волу лакхарчу классера гимназист. «Цунна тIеваха веза со, аьлла сацийра Бенос. — Со меца хилар хоуьйтур аса цунна... ткъа хIун хаьа... иштта»... — Гимназистца ша дIаниелушшехь раз цунна тIеволавелира Бено:

— Накъост. Со...

Гимназисто цец а ваьлла бlаьргаш дlахьажийра цуьнгахьа. Бено воьхна висира, халла элира цо:

— Бехк ма билла...

— Со цхьаннах тарвелла хир ву хьуна? Хlумма а дац, хуьлуш ду.

Бено, ша дечух вуьззина кхеташ а воцуш, юх-юха а «хьалхахьа, хьалхахьа» боху дешнаш а бохуш кхин а дlавоьдура. Стенга? Цуьнан хьокъехь цо ойла а ца йора. Урам хаьдча, тlаьххьарчу цlенна а тlех а ваьлла, есачу арешка аравелира иза. Цунна хьалха яра тlе ло а диллина шерра йоккха майда, дуьхьал, бlаьргаш чу ло а детташ, хьоькхуш мох бара. Мохо ло дlахьаьккхачуьра наг-наггахь гуш гlорийна латта дара, гlорийначу лаьтта тlехула дlаваха вуно хала доллушехь, ца соцуш дlавоьдуш вара Бено. Когаш а, куьйгаш а дахьийнера цуьнан, тlера гlорийчу тужурко дегlана йовхо ца лора, ткъа мелхо а дегlах иза хьаккхаелча дегlе зуз доуьйтура. Кхетамчуьра вала гергга волчу цо, ша шега хоьттура: «со стенга воьду техьа?» — шен хаттарна жоп ца далалора цуьнга. — Ткъа хlун бен ду мичча вахча а?— боху ойла хьийзара цуьнан коьрта чохь. Дуьххьал со тlекхаьчначу юьртахь хьехархо волчу гlур ву со Адамаш доцуш-х дацин хlара дуьне!» Саца а сецна, гlале кlегар хьаьжира иза: Цхьана заводерчу белхалой болчу ваха везаш хиллера со...» Амма юхаверзар хьекъале дацара: дукха гена ваьллера иза.

Кхин цхьа сахьт даьлча гучуелира цах беха меттиг: гуш дара говрийн божлаш а, амбараш а, рагlош а гонах долуш дина долу даккхий тlулган цlеношш, цlеношна гена доцуш гулбина бара хьалдолчу аренан захаман гlирсаш: ялта ору машинаш а, ялта хьокхургаш а, готанаш а. Цlеношна дlанехьа агlор тlехь тхов а бина дlаноьттина йол а яра, ча а дара. Цlеношна гена боцчу лома кlел буссуш бара некъ. Кхин цхьа чакхарма гергга гена йолчу, меттехь юрт яра. Оцу ерриге а гlишлошка бlаьрг гуьйхира Бенос, я ойла ян а, я кхин дlа некъ бан а ницкъ боцуш волу иза кех чувахара.

— Хlей мила ву цигахь? — аьлла, мохь белира. Халла корта хьала а ойуш жоп даладелира Бенога.

— Юха а мохь белира. Хинца Бенос жоп ца делира. Цуьнга мохь тоьхна волу стаг къайлавелира. Цlенойн уча вгара Бено, амма кертахула летачу жlаьлеша са-

цийра иза. Кертара схьаиккхира карахь герзаш а долуш волу бархI хехо.

— Тебе кому ест? — аьлла, хаьттира царех цхьаммо цуьнга. Цуьнан тIехевшинчу, къарза а къарзина лаьттачу бIаьргаша хIумма а диканиг хир ду ца бохура.

Бено вист а ца хуьлуш сецира. Ца кхеташ цуьнга хьоьжура хехо. Даккхийчу цIеношна чуьра аравелира цхьогалан цIоканийн кетар а, холхазан куй а коьртахь, карахь топ а йолуш цаI.

— Хьо мичара ваьлла? Кхузахь хIун оьшу хьуна?— аьлла, шога хаьттира гIора а вина лаьттачу некъахочуьнга мехкан дас.

Новкъа воьдуш... дIакхаччале... — халла элира Бенос. Шен когаш тIехь латта а ца лора иза, хIетте а цецваьлла хехошка хьежа велира иза.

Царна тIехь вертанаш дара, коьртахь техкина куйнаш а дара. Цхьаннан куйнна тIехула хьарчийна, ерриге а юьхь дIахьулъеш башлакх яра. Бенога оцу юккъехула дIахьоьжуш дара кIора санна цуьнан Iаьржа бIаьргаш. Коьртах йихкина башлакхаш йоцчийн мажош лергина яра, церан боданечу бIаьргийн хьежар ира дара. ДегIана озий, оьздий болу уьш, шайга хIун олу техьа бохуш, хьоьжуш лаьттара: хIара дIавехка, олу техьа я дIа а вехкий вига веззачу вига, я шодмаш етта олу техьа, бохуш.

— ХIунда хьоьжу иза шуьга иштта? — хаьттира мехкдас хехойх коьрта волчуьнга.

— Эй-бо, не знай!

Шен хьоладена ша муьтIахь хиларан билгалонна бIаьргаш цунна тIе а къарзийна дIахIоьттира иза.

— Вехка а вехкий шаьш долчу дIавига иза. Аса Iуьйранна эр ду шуьга хIун дан деза.

— ХIун боху мехкдас? — аьлла, хаттар дира шайн маттахь шозлагIчу хехочо.

— Цо дера боху иза дIавехка,— аьлла, шен лепачу бIаьргашца Бенон агIор дIахьаьжира коьрта хехо.

Хехоша схьалецира Бено. Ткъа цо озийна куьйгаш керара дехира.

— Э-э! Хьажахь, карараваля а гIертиса! — цецбевлира хехой. Бенона го а бина, дIа а вихкина, «кхидIа хIун до?» бохург дагахь долуш мехкдега дIахьаьвсира уьш.

— ДIагIо! Цхьа гIулч цунна юххера дIа а ма довла!

Хlара боьха хlуманаш. Дика хьовсуш да хилахь даl дийр ду цо!

— Ходи, шорт — аьлла, хьалхавелира хехо.

Цlеношна генна долчу цхьана цlа чу боьдуш готта некъ бара, керта юххехула дlахьавзира иза. Бlаьргаш на гуш хьалхахьа чекхболуш юьртий, гlайба санна дет та тlехь ло лаьттачу арий боьду некъ бара. Новкъа ши сту а боьжна дlавоьду гора ахархо. Хехой а гина, урхаш а хьайина, стерчашка мохь туьйхира цо. — Хlехlей, цоб-цоб дуьйлало! Чехкка дуьйлало, аса хlоъ лур бу шуна!

— Мехкдас кхин хlума-м да элира? — боху хаттар дира хехочо коьрта волчуьнга.

— Цо хlара жулик сахиллали дlа ма хеца, ваьшца вита аьлла вайга..

— Ткъа тlаккха?

— Да хаьа. Іуьйранна эр ду.

— Ткъа хьуна хlун хета: мила ву хlара стаг?

— Оцу бунг гlаттийнчех хир ву-кх.

— Бунттий?

Бено цара дуьйцуьнга ладоьгlуш Іара. «Ваиах гlалгlаи бу-кх уьш», — аьлла, цецваларца кхийтира иза цара дуьйцучух.

— Заурбек, дегlах хьажал цунна! — элира коьртага волчо. Бено юхахьаьжира.

— Из! — Тебе ничто нада? Рывалва ест? Бумба ест?

— Шу Кавказера дуй? — аьлла, оьрсийн маттахь хаьттира Бенос.

— Зачем нада? Эй, Муса, хезий хьуна? Вайх лаьцна хоьттуш цо!

— Жоп ма лолахь цунна. Хьажал дегlах, дlагlор вай!

— Со ламанан стаг ву, — элира Бенос халла хезаш. Цуьнан кисана хьоьжуш волла хехо, куй кагбеш тlехьа а теттина, лаккара дуьйна когашка кхаччалц охьа Бенога хьаьжира.

— Кому ваша ест? Муса, хезий хьуна? Валлахlи, иза хlилла долуш-м ву.

— Бенос нохчийн мотт биицира: ша а ламанан стаг ву элира цо.

— Из! — бохуш, цецбевлла, вовшийн дешнашна юкъа а гlерташ, вовшашка хьоьжура уьш.

— Мича юьртара ву хьо?

— Хьан де цIе хIун ю? ЦIак-цIак-цIак! — аьлла, гIам-гIим дира цара.

— ДIадаста цуьнан куьйгаш!..

— Заурбек, верта лол цуьнга!..

— Валол, валол!

Кертарчу данехьа йисттерчу цIа чу бахара хехой Шенкъа верта а тесна охьахайра цара Бено.

Йогуш оьрсийн пеш яра, цунна юххе охьахиъна ГIаш кхарна юург кечъя а чоь цIанъя а хIоттийна зуда яра. Чохь йовха а яра, амма локхарийн хьожа йогIура, замаройн цIа чохь санна.

— Тета, давай кушай!

— Зудчо кхехкийна уьстагIан жижиг а, чорпа а, бепиг а хьалхадиллира. Шайца Бено а охьа а хаийна, хIума яа хевшира хехой.

— Из! Хьалххе хIунда ца олура ахьа, хьо мила ву?— бохуш, Бенога а хьоьжуш цецбуьйлура уьш. ХIума йиина бевлча, хьалхара хIуманаш дIа а яхийтина, кор хецна нараш тIе агIор бевлира уьш. Бено дечган нари тIе, цаьргахьа дIа а вирзина агIор велира. Йогучу оьрсийн пешан серлонехула уьш берриш а цхьабосса хеташ гора,— берриш а ГаьржачУ аматехь хиларехь а, чоэш а дуьйхина хиларехь а, тIетаГийна техкина меса-ла куйнаш хиларехь а,..

— Тхуна дийца хIун ду хьан, хьаша? — хаьттира коьрта куй дIа а баькхкхина цхьаммо Бенога. Вуззалш хIума йиина Бено ваша а вешна дIаваьллера, чIогIа наб йогIура цунна. Амма тIегIерташ йолу наб нуьцкъала юха а тоьхна, цо хаьттира:

— Мехкдена гIуллакхдеш ду шу?

— Ткъа иза ишгта хIунда хоьттУ ахьа?

Бено цхьана минотехь ойла еш сецира уьш шех шех ца хилийтархьама, хьекъале уьш кхетачу агIор муха эр дара техьа, ткъа оццу хенахь полицейски болх бечъира уьш юха а баьхна, шена дIабига таро хиргиг? — дара цуьнан дагахь.

— Аса иза дера боху,— элира цо,— со ду... хан йоцIуш цIера волуш цига ярташка далийна дукха зкарш дара. Эхl-хIай мел дукха адамаш лийшира-ду ара! Цхьаберш сибрех, цхьаберш набахте кхийсира цара.

— Из! Мичхьа дара иза? — боху хаттар а деш шайн

дашна кортош айира хехоша. — Муьлхачу юьртахь Несар-коьртаххьий?

— Дара дера, цигахь дара изза.

— Ткъа Мочкlа-юьртахь?

— Цигахь а, массанхьа а изза дара.

Хехой шаьш болччохь меттахъхьайра, перан бlаьргаш Бенона тlехь севцира. Ткъа цо шен къамел дlалолийра:

— Цхьана юртахь хезира суна, цхьана кlанта бетта мохь: «Мурза! Хьо мичахь ву?» — бохуш

— Муха, муха? Мирза? — аьлла, юкъаккхира ютткъа юьхь-марш а йолуш, зlок санна хьаьзина мара а болуш волу хехо.

— Мирза бохуш хилла хила а тарлора цо, — цигахь къасталур дацара. Велха а воьлхуш «мичхьа ву хьо?», «Тхо хlаллакьхуьлуш ду! Кхин тхо карор дац хьуна!» — бохуш, мохь хьоькхура кlанта. Ткъа белхарца дlа-схьа уьдуш мехкарий а бара. Шайн дайшкий, вежаршкий кхойкхура цара ..

— Иэ! Иза муьлхачу эвлахь дара? — хаьттира ютткъа юьхь-марш йолчо. — Соьга-м па кхойкхура цара? Со ма ву ткъа Мирза!

«Иштта, иштта»,— дагахь долуш, ткъа шена хlумма а дагахь доцчуха цуьнан дешнаш ца хезчуха юха а элира Бенос:

— Э-хlей, хилларгий! Иза дийцина вер ваш. Цхьаберш боьлхуш бара, цхьаберш маьхьарий хьоькхуш бара, важаберш эгlийча санна дlа-схьа уьдуш бара. Дийцина а хlун дийр ду! Ткъа шуна а ца гина и санна дерг шаьш цlахь долчу хенахь? Пхи-ялх шо хьалха — дага па догlу шуна? Ткъа хlинца а ду-кх изза. Буритlе вахнера со — цигахь а, ярташкахь санна лоьцуш ду адамаш. Цхьаберш вайнахах къахеташ бу, ткъа кхечуша олу: «Царна, наьlалт хиларшна, изза дан хьакъ а ду». Хlинца кхетий шу аса шайга, кхузахь тlуллакх деш хlунда ду шу, аьлла, дийчу хаттарх?

Хехой кlорггера ойла ян бевлира, кест-кеста бист а ца хуьлуш вовшашка а хьоьжуш.

— Делахь хlета, вайнаш цигахь лоьцуш бу, царна етта, ткъа вай кхузахь,— элира массарна а хозуьйтуш Мирзас.— хlун деш lа? Лурчах а юрт ягийра. Сан ваша буржалш а тоьхна сибрех вахийтира. Кхин а дийца-

хьа! — аьлла, Бенона тIевирзира иза, амма Бенона наб кхеттера.

Цхьана маьIехь ека хезара цаьпцалг, меллаша вовшашка дуьйцург а хезара. Ламанан пах бийшаза бара. Бенос дийшинчо сагатдицера церан, дикка хIуманаш дагадаьхкира царна, церан чевнаш юха а меттахъхьайра!

Сахуьллуш цхьа жимма ханна беш дIа ца тийра уьш. Хьалха сама Мирза велира. Цунна тIаьххье кхин цаI а тIаьттира. ТIаккха вуьш а меттахъхьайра. Цхьа Бено вара-кх, сарахь ма вижжара, дечиган дивана тIехь Iуьллуш.

— Хьо ма Iуьйрре гIаьттина?— аьлла, хаьттира вокхах волчо Мирзега.

Ткъа цо доккха са даьккхира.

— Вон гIан гира суна.

Цхьана минотехь ойла а йина катоьхна чоий, шаьлтий, тапчий тIехь кхозуш долу доьхкий схьа а эцна, тIе хIума а юьйхина кеч а велла, цкъа-шозза чухула дIайсхьай а волавелла, коча тур а оьллина, шайх коьрта волчуьна тIе а вахана элира цо:

— Муса со кийча ву-кх...

— ХIун дан?

— ЦIа ваха. ЦIа даха деза! — олуш, даггара чуьрчушка дIахьаьжира иза. Чуьрчу кхечара цунна го бира.

— Тхуна а ишттта хета: цIа даха деза. Амма цкъа хьалха дерриге а вайна доглург схьадаккха деза. Муса, хьо хьалха дIавало, хьо мел аьлча а тхох коьрта а ву, ткъа тхо хьуна тIаьхьа хIуьттур ду. Мехкдега ахьа ала деза, гIуллакх ишттта а, ишттта а ду, цIа даха дезаш ду тхо, алий. Дика ала деза!..

— Ткъа хьаша, цунна хIун дийр ду вай? —

Цкъачунна вижна Iенда шена.

— Хехой, шайна тIе вертанаш а кхоьллина меллаша мехкда волчухьа дIабуьйлабелира.

Iуьйре дохк хIоьттина яра. Геннахь цхьанхьа ека хезаш къийгаш а яра юьртахь детта диг а хезара. Мехкдеца дийца дезачу хьокъехь ойла а еш гулбелла дIа боьлхуш бара хехой.

Мехкдас дукха ца Iайтира хIорш шега хьоьжуш. Цунна хьалххе гира шен цIен тIе богIучу ламанхойн тоба.

— ХIун хилла? — аьлла, цецваьлла хаьттира цо. — Ткъа селханлерчу къуьнна ха хьан дийр ду?

— Цо хIун боху? — ламанхойн сагатдира цуьнан дешнаша. — ХIей, Муса, алал!

Мехкда юьхьа тIехь вусавелла дIахIоьттира.

— Мичхьа ву иза?

— Нешт.

— Вижна ву? Аса ца аьллера шуьга — лаца иза, аьлла, ткъа аша динарг хIун ду? ХIокху сохьта дIа а вигий уряднике дIало иза!

— II мохь стенна хьоькху цо? — хаьттира Мирзас шен ира ши бIаьрг цунна тIе а берзийна.

— Цо боху, вайн хьаша лаца веза, иза урядникс дIа вала веза.

— Ткъа кхин хIун боху цо?

— Кхин цо боху, шайтIанна а хуур дац ваи кхузахь хIун леладо...

Мирза ша волччохь тохавелира. Аьрзонан санна болчу цуьнан мераи Iуьргаш юсаелира, юха а Мусина тIе а хьаьдда чIогIа лен велира иза, цкъа ирах, цкъа охьа пIелг а хьежош. ТIаьххьаре а, лаьтта туй а кхоьссина, юххе тIе а веана, вертанан тIемаш дIа а тийсина, шаьлта гучуяькхира цо. ТIаккха доккха са а даькхира, мехкдегахьа корта а ластийна цо элира:

— Дика алал цуьига, Муса!

— ВаллахI, ала-кх! — элира кхечара а.

— Эта челвек — наш челвек, элира Мусас хьалхахьа ког дIа а тосуш.

— ХIун хилла?! — хаьттар а деш цецваьлла мехкда кIегар велира.

— Нэ! Мохь хIунда хьоькху цо, Муса?

Мусас юха а шен кьамел дIадолийра.

— Наша арестовай не буду,— аьлла, корта ластийра цо.

— Дика алал, Муса! — элира — гонаха болчуша юха а.

Мехкда белш саттийна неIарехьа вирзира Юххе тIе а веана, Мирза тIекхоссавелира.

— Муса, жоп делий цо? Нэ! Стенга ваха иза?..

— Собардел! Иза кхин а аравер ву.

— Нэ! Аравер ву бохург хIун ду? ПаьхьатIол цуьна!

— Массара а цхьабосса элира:

— Валол, Муса, хьалхаваьл! Валол! Тхо хьуна тIаьхьахIуьттур ду.

Уьш майрра цIа чу бахара Дика кечдина долчу цIийнан юккъе дIа а хIиттина, тIе кIаЦйиллина долу вертанаш дего хIиттира уьш. Товхана хьалха йолу мехкан зуда цIеххьана кхарех цецъяьлла хьаланккхира.

— ХIара хIун ду? — хаьттира цо кхераяларца майрчуьнга.

Мирза юха а чIогIа сихвелла цаI-м дуьйцуш вара хьекъале, собаре волчу Мусега.

— Шу хьердевла? — аьлла, Мусина тIечевхира мехкда, берриге а хехошна тIе корта а тосуш.

— Цо хIун боху, Муса?

— Цо боху вайн кортош тилла.

— Иэ! И хIун хабар ду! — оьгIазваханчу Мирзас цхьа вон корта ластийча хIусамдай боьхна бисира. Ткъа важаболу хехой тамаша беш чуьрчу хIумнашка дIа-схьа хьежа бевлира. чохь гуш бара боккха рояль, пенах кхозу сахьт, гIажарийн кузаш,— кхарна гина йолу хIумнаш яра уьш!

— ХIун лаьа шуна? — хаьттира ши куьг ваьшта а диллина шен вохар лачкъо гIерташ, мехкдас.

— Мой товарич говорят: хозяин хороший... такой хозяин можна многа и хорошо служба делать. Только жалко — домой надо!

— Цай?

— Канешна, домой... Там наш дела — яман: каму отес памри, каму — мать, брад...

— Иза мичара хаьа шуна?

— Наш гость Капказ приехал. Ей-бо, такой дела!

— И тамашийна хIума ду... — белш а саттийна, юьстахвелира мехкда.

ЦIа баха лаьа царна, аьлла хаам бира цо зудчуьнга. Амма хIара дерриге а тамашийна ду-кх!

— Делан дуьхьа бахийта уьш дIа! — элира кхераелларчу мехкден зудчо. Майра шега схьахьаьжча мелла а сапаргIат делира зудчун, ткъа майрачо Мусега дIа а вирзина элира:

— Ткъа кхин хIун ду?

— Джаловани давай...

— Мехкдас буьмаштиг схьа а яьккхина ахча дагардира.

— Массарна а тIера дIаэца! — Мусас ахча схьа а эшна, дIа а вирзина, дагарда долийра: цхьа туьма, шин туьма, кхо туьма, дуъ...

Ткъа Мирза Iадъеш вацара, цунна тоам ца хилира:
— Ткъа вайн хьешана доIу ахча схьаэцний ахьа?
— Цунна ца доIу, цунна лур дац цо.
— ХIунда лур дац?
— Иза мехкдена тIуллакх деш ца хилла дела.
— Ца хилча хIун ду тIуллакх деш: хаттал ахьа!.
Муса юха а мехкдена тIевирзира.
— Ишшо давай!
— Аса-х дIаделла...
— Ишшо нада.
— Муса, юхадоIур дуй шу? ЦIа а дахана — жимма цIахь хан а якккхий юха дуьйла. ХIан?
— Канешна...
— ХIан дIаэца.— мехкдас кхин а кхо туьма кховдийра цуьнга.
Хехой ахча схьа а эцна, пачканаш еш иза тIаьрсиганан бохчи чу дIа а диллина, чуьра арабевлира.

## 3

ТIекхечира бIаьстенан, декхна, сирла денош хуьлуш болу апрелан бутт. ХIаваъ чIогIа цIена дара, бIаьргашна геннара мел жима хIума а гора. Гобаькккина гонаха яьллачу бецан, хьалххе довлуш долчу зезагийн башха хьожа яра кхеташ.

Чубуэчу маьлхан зIаьнарша къегадора лаьмнийн баххьаш. Дукха хан ялале зIаьнарш дIаевллачул тIаьхьа, дохк хIоьттина санна, къайладевлира уьш.

Бено цIа вогIуш вара. Вокзалера шена бевзаш болчу урамехула, хьалххе яьллачу бIаьстенан суьйренан цIена хIаваъ ца Iебаш чу а уьйзуш, схьавогIуш вара иза. Иза тIекхочу шен хьомечу, цаI бен кор доцуш долчу жимчу цIехна. ХIун дуьйцу техьа цу чохь? Со дагавогIий техьа вара? Мел цецвер ву-кх да! Мел дукха хеттарш дийр ду-кх цара соьга! — боху ойланаш дагахь йолуш, тIелваларна кест-кеста йовхэрш а еш, сихха тIулчаш а йохуш цIехьа вогIура Бено.

ТIаьххьаре а шена девзаш долчу керт-ке велира иза. Тамаша бира цо — хьалха хIинцачул доккха хеташ дара керт-ков а, цIа а, ткъа parIy хIинцачул хIетахь лекха хилча санна хетара. Ткъа хIинца керт-ков Iаламат жима, ткъа parIy вуно лоха долуш санна хетара.

Доккха са а даькккхина сецира Бено: чувоьдуш дог ойла айаелла, самукъадаьлла, массарна а хаза хоьтуьйтуш хила веза . Цо неI тоьхча цхьаммо а, жоп ца делира, кхин тоха са а ца хилла, неI дIа а йиллина чувелира хIара.

Чуккаьччча чохь тийна дара. СискалгIийн хьожа йогIура, и хьожа жима волуш дуьйна кхунна евзаш а, еза я яра.

Цхьана маьIехь бӀакар йоьлла хинна Iаш яра нана. Нари тIехь истангин бIerIагаш а хьерчийна дIатийна Iаш яра кхуьнан ши йиша. Вовшашна юх-юххе тIе а хилла.

— Нана, вайн чу паI-м веана, – элира нене юха а йирзина Iайшата.

— Иза-м со вуй .. Со ца вевзара шуна? Кху чохь ишшта бодане хIунда ду? — Цlенкъа юккъехь сецира Бено. Меллаша цунна тIе а еана цуьнга хьаьжира нана.

Бено, хьо вац хIара? БIаьрса дойла, сан бIаьргаш чухьоьжу хьан бIаьрса дойу долчун! . Сан Бено!

— Стенна йоьлху хьо, нана? — олуш, цIеххьана шекваьлла дIа-схьа хьаьжира Бено. – ХIун хилла? Дада мичахь ву? Вижна ву?

ПетIамат вешина тIе а еана йилхира.

Бенос оба а аьлла, коьрта тIе куьг хьалккхира цунна, хиллачу уггаре а боккхачу сингаттаман хьокъехь ойла яи кхоьруш бIаьргаш хьаббира цо.

— Со еллехьара дика хира дара,— элира нанас юха а.

Бено нари тIе охьалахвелира, цунна юххе охьахевшира йижарий а, ткъа когашкахьа охьа нана а хиира. ТIекхечира суьйре. Чохь боьрша стаг велча маьхьаьрий хьокъхуший, боьлхуший Iедал дац иохчийн, ткъа ПайгIане бист а ца хуьлуш Iадьlарца гойту цара шайгара бала, вон дар .

Iуьйранний бен ца гира Бенона шен Iижарий Iаламат баккхий хилар Iайшат, безамехь, Iаьржа кIажарш а йолуш кхинна йоI хилла дIахоьттинера, ткъа цунна тIаьхьакхиъна ПетIамат а йогIура. Цу шинна юккъе ши шо бен хан ца йоьллера.

Цкъа цхьаьнга, тIаккха вукхуьнга хьоьжуш, цу шиннен беснеш тIей, куьйгаш тIей обанаш бохуш Iара Бено.

— Iайшат, со цIа вогIур ву бохуш Iарий шу? Ткъа

хьо ПетIамат? — бохуш, хеттарш дора цо цаьрга, царна мара а лелхаш. Шайн ден хьокъехь цаьрца лийца да лора цуьнга: иза ша а вара чIогIа хала хетта сингаттаме, ткъа дагалецамашца церан дог-ойла йохо а ца лаьара цунна.

— Ткъа, хьажахьа бакъдуй Бено дадех тера ву бохург? — и хаттар а деш вовцашца хабаре елира ши йиша. Леррина веше а хьоьжуш, цунна тIера бедарш тергалйора.

Ша чу малх хьаьжира, даг тIехь а мелла а серлаяьлча санна хеталора. Нана, кIантана тIе а сана, цуьнан коьртах а, беснех а берташ баха йолаелира.

— Нана ахьа дийриг хIун ду? Мегар дац, ца оьшу! Со-м дуккха а хан ю воккхахилла, дицделла хьуна. Амма мел паргIатонан йовхо ю сан даг чохь,— элира цо вела а къежаш. Бакъ ду-кх нанас хьастар дуьненахь дерригенал а доккха ду бохург!

— Вай, со хIу деш Iа ишттта? — аьлла, цIеххьана хьалаикккхира иза. — Собардел со хьаваллац. Со хIинца юхавогIу! — олуш, ара ураме велира Бено.

ХIара схьавале стовла тIехь лаьтташ яра аьчган чайник а кхийра кедаш, декъа бепиг а. Амма Бенос оцу сохьта дезчу дийнан шун хIоттийра цIекар, будканаш, кхийолу мерза яахIумнаш еара цо.

— ХIа, охьахаал, нана, кхуза суна юххе. Шу а, хал, кхуза ишттта охьаховшал! — аьлла, корта ластийра цо йижаршка.

Жимчу цIа чу юха догIуш лаьттара ирс цIа веара Бено, кIант, ваша, воккхахилла ваьлла волу, ницкъ болуш а, хьекъале а волу. Ден метта хилла дIахIугур ву иза, цо дIакхуьйсур бац, цхьа бубтур бац уьш. Цхьана а хIуманан хьокъехь ойла ян дог ца догIура, кьаьхьачу дагалецамаша кхин ца дохадора дог, ткъа тийна машаре тIийла ойла яра даг чохь ерг.

ЧIогIа Терка тIе ваха ойла лаьттара Бенон тохарлера бераллин хан дагаоьхура цунна, хIетахь санна Терка тIера дIа лаьмнашка хьажа лаьара цунна. Шеца Iижарий а эцна цаьрца цхьаьнгй хи тIе вахара иза, даима а гIовгIа еш, буьрса, шуьйрра, чехкка охьадогIучу. Шена хьомечу берда тIевелира Бено, оцу бердо цо бер долуш лелийна дуккха а хIуманаш дагаоьхуьйтура цунна. Хин йоккха гIовгIа яра берда йистехь хезаш, хинан куьзга санна йолчу экъана тIехь эзарнаш суьйнаш

долуш сайна хеталора бIаьргашна БIаьргаш а тоьхна, берахь дуьйна шена евзаш йолу хинан хьожа накха бузуш чууьйзура цо.

ХIокху меттехь дара-кх цо хиэ хьочура Пузарь ваьккхича, могIарийн училищехь шеца доьшуш а, тIагахь шен хьалхара мостагI а хилла волу. Кийра хи а дахана халла бен метта ца веара иза, амма оцу дийнахь дуьйна кху шиина юккъера мостагIалла дIаделира.

Дагалецамаш кхин а дIаоьхура: гIалара кхеллеш дIакхуьйсу меттиг яра эцдахь: кхузахь, жимчу Iайшина цхьаьнгI, боьха шира даьIахкаш лехьийра цо. Ээ, ма деза а дара и гали, оцу даьIахкех дуьзна долу! Базара мел гена дахьа дезаш а дара-кх иза! ГIор дIадаьлла йолчу йишех мел къа а хетара-кх!

Бердаца дIо агIор дIабаханчу йиржаршка схьакхайкхира Бенос.

— ХIоккхуза суна юххе охьаховшал! — аьлла, дийхира цо цаьрга. — Дадин хьокъехь шуьца дийца лаьа суна. Нанин дог дохо ца лаьа суна, вайн балин хьокъехь цунна дага эхийта а ца лаьа суна. Дийцал суна дерриге а. Цуьнан тIаьххьарчу денойн хьокъехь дерриге а хаа декхарийлахь ву со.

Мехкарша дийца долийра. Дуьйцуш ерг Iайшат яра, ткъа ПетIамата шегара тIе а гуххуру. Шин а и вина йоьлхура. Корта охьа а оллийна, сингаттаме, цIоцкъамаш а дусийна ладоьгIуш вара Бено.

— Со цIера волучу хенахь дада массарех а лечкъаш лелаш вара. Муха дара иза лечу хенахь? Шу дIа-м ца дигира? Полице кхийлирий шу? — аьлла, хаьттира цо тIаьххьаре а, гIийла.

— Дада гуттар кIелвисча нанас со Ефим Петрович волчу яхийтира,— аьлла, жоп делира Iайшата. — ХIун дан деза? ХIун дича бакъахьа ду оха? — бохург хатта Ефим Петрович оцу сохьта ша веара соьца...

— Тхуна яахIума а сара цо,— аьлла, юкъаккхира ПетIамат. — Амма тхан яа дог-м ца догIура.

Ефим Петровича, даде а хьажжина, элира: — ХIинца иза лечкъа ма ве аша, цунах ма кхера шу, цунна хIумма а воиг хир дац. Нагахь иза волчу батIахь,— кхо де хьалха цIа веана иза, мичара веана ца хаьа тхуна, цIа кхочушехьа охьа а воьжна, цаI ала-м гIерта хIара, ткъа тхо цо бохучух кхеташ-м дац,— ала аша. Цо бохург дира оха. Цунна серло алсамо хилийтархьама дуь-

хьаа оьллина шаршо дIаяьккхира оха. ШолгIачу дийнахь полици еара, схьахетарехь, лулахоша даIаьлла хила мегара. Дадега а хьаьвсина, цкъа-шозза иза ха хоьрцуьйтуш дIаса а верзийна, куьг ластийна дIаяхара иза «Кхин ведда цхьанхьа а тIур вац! Хlун дийр ду кхунах!» — аьлла, дIабахара. ДIаволла а Ефим Петровича гIо дира тхуна.

Вист ца хуьлуш дерригене а ладуьйгIира Бенос.

— Iайшат, хьуна хаьий дадийн каш мичахь ду? — йишин белш тIе куьг диллира цо. Оцо йист ца хуьлуш корта таIийра.

Некъ бацбархьама дерриге гIалин кешнашна юккъехула а бевлла бахара уьш.

Са дале кешнашкарчу шуьйрачу аллейх цхьанхьа кхечира хIорш ши некъ вовшахкхетачу метIехь, тIеяздина йоза а долуш йолу йоккха тIулган экъа тIехь а йолуш долу каш гира Бенона. Стенна делахь а цхьана хIумано оцу тIе тидам бахийтира цуьнан. Иза цунна гIевахара, экъана тIехь цхьана аIор гуьржийн, вукху аIор оьрсийн маттахь яздина йоза дара:

Со дийна волуш суна а хетара

«Эхl, ишттa ву-кх со!
Нагахь хьайна дагахь а иза делахь,
Диц ма делахь, сан хьомениг —
Хьо а хир ву хьуна. Эхl хIара
хилла-кх со».
*«Добри Дадо»*

Дуккха а бIешерашкахьлера хьекъал тойтуш долчу, оцу чолхе доцчу йозано ойла яйтира Бенога. Ткъа оцу хенахь цунна тIебаьхкира йижарий.

— Бено, дIогахь ма дукха зезагаш ду,— аьлла дIадолийра Iайшата.

— Оха уьш даха мегар дуй? — хаьттира ПетIамата, вешин бIаьра а хьоьжуш

— Даха аша,— олуш, велавелира иза. Вай-м сиха даш Мехкарша сихха зезагийн курс яьккхира. ПетIамата иза Бенога дIаелира.

— Хьан бIаьргех ма тера ду уьш,— элира Бенос, зезагашка а хьаьжна.

Некъана юьстах а ваьлла, тIе керла бIаьстенан буц яьлла лаьтташ долчу кошана хьалха сецира хIара. Кошан чуртана боьгIна бара мокха тIулг. Чурта тIехь ага

а огуш яздина йоза дара, кошана гонаха йина яра аьчган керт, кертана чоьхьахьа пенах дIа а товжийна охьабиллина бара Iадхьоькху пондар, цуьнан мерзашна тIехь лаьтташ Iад а долуш. Сецн цIенчу дахаран башха мукъам, ткъа Iадхьоькху пондар, оцу дахаран доттагI, шийлачу коша тIехь аз доцуш бисна.

— Кхуза воллург мила ву? — хаьттира мехкарша.

— Кхузахь дIавоьллина ву сан хьехархо, Бронислав Иосифович.

— Хьоьца цхьаьна училищехь пондар лекхнарг вуй иза? Иза гина суна. Къежвелла волу воккха стаг, ткъа бIаьргаш сийна-сийна бара цуьнан. Иза вуй иза?

— Ву те, иза ву,— аьлла, воьхно жоп делира Бенос. Воккхачу стагана, оцу тайпана чурт доьгIнарг, оцу тайпана лерина и Iадхьоькху пондар дарбийриг мила ву техьа? — бохучо цецваьккхинера иза. Тохара иза цуьнан хьехархо хилла волчу воккхачу стеган коша тIевалийна йолу, и тийна, хьоме зуда юй техьа иза?

Кхин пхийтта минот яьлча керта юххехула яьккхинчу саьнгар йистехь севцира йижарий. Кхузара дIа дехха баьрзнаш дара гуш: цхьадерш къен дийчу чурташца, важадерш тIеноьгIина аккхазеш а йолуш, цIазамаш а долуш, кхозлагIнаш: цхьа а тайпа билгалонаш а йоцуш. Сийначу бацо дIахьулдина дара уьш.

И меттиг дIатесна йитина йолуш санна хетара. Го баьккхина гонаха тийна дара. Баккъалла а гийналла а, валаро дерриге а кхачор а дара кхузахь хаалуш.

Саьнгарх чекх а бевлла ах чаккхарма гергга аренгахула дIабахара хIорш. Цигахь дара иохчийн кешнаш. ТIехь хьенан хиларан билгалонаш йоцуш долчу баьрзашна тIех а бевлла, тIе буц а яьлла лаьттачу ден коша тIехь севцира йижарий.

Сийначу бацан борза тIе корта охьаоллийра Бенос. Тохара, дикка хьалха ша дешна воьдуш шен белш тIе куьйгаш дехкина шен да шега хьоьжуш ма хиллара, иза хIинца а ишттa шега хьоьжуш санна хетара цунна. «Дог чIогIа хилалахь, Бено» — дара цуьнан тIаьххьара дешнаш. Бакъду, дахаро хало йина, цистина волчу, да харехь сирла денош гина воцчу цо даима а чIогIаллехь латтадора шен дог... БIаьргех оьху хин халла сецадора Бенос— оцу къечу борза тIе бертал охьа а воьжна велха, довха хин тIадамаш лаьттан кIорге, ден меттахъьовш доцчу, шийлачу даге дIакхоччург велха лаьара.

«Хьан кIанг кхузахь ву хьуна, — бохур дара цара, — цуна дагадогIу хьуна хьан весет, иза чIогIа а, онда а хир ву хьуна, хьоьга кхочуш ца даделларг цо кхочушдийр ду.»

Амма Бенога халла сатохаделира. Пижарий мара а боьхкина, коша хьалха уьш дIа а хIиттийна, къамкъарте кхаьчча къурдаш сецош, цо цаьрга элира:

— Суна гIаьхьара алалаш:

Ойла дика ярхьама бIаьргаш хьаббира цо. Цхьа минот дIаелира. Боьхна цецбевлла веше хьаьвсира йижарий: иза оцу тайпана цкъа а гина вацара царна.

— Дада,— элира Бенос.

— Дада,— аьлла, гIаьхьара элира йижарша. Тайпате елхар иккхира. Цунна гIаьххье куьйгаш бIаьргашна дуьхьал лаьцна, йилхира ПетIамат а. Бенош дог тохаделира. Церга балда а лаьцна хала Iавелира Бено ца воьлхуш.

— Тхо... хьуна юххехь ду, тхан хьоме дада.

— Тхо хьуна юххехь ду... — аьлла, гIаьхьара элира шина йоIа, елхаран къурдаш деш.

— Оха даима а ойла йийр ю хьо санна ирс доцуш а, къен а берш санна болчийн хьокъехь. Церан дуьхьа тхайн жималла, къоналла... берриг тхайн ницкъ дерриге дахар дIалур ду. Хьан дуьхьа, дада... Хьан дахаран безаман....

Цхьа а вацара цара дуьйцург хезаш. Гобалккхина гонаха тийна дара, паргахь тийналла йохош ека хезаш цаьпцалгаш яра.

Йижаршца цхьаьнна, вист ца хуьлуш, цIа вогIуш вара Бено. Меллаша лаьмнашна гIехьашхула лахлуш охьабоьдура малх, IиндагIаш дахлуш лаьттара. Ценошйн тхевнаш а кхоьлина дIахIиттира хIинца диттийн баххаш бен серла ца дохура малхо. Байчу мохо деши санна лепадора церан гIаш. Бодане, кхоьлина дара уьш а. ХIинца чекхдолуш лаьттачу дийнан гIаьххьарчу зIенарша серладохуш гуш цхьа лаьмнаш бен дацара.

Вешнийн, йижарший гучуевлира гIалахь богучу чирккхийн серлонаш.

— Вайн чохь а ю йогуш лампа,— аьлла, куьг хьажийра ПетIамата. Баккъалла а коран герхе тIехь йогуш лампа яра. Нагахь нана ца хилча кхин мила хир вара уьш ишттa богIу ларбеш? «Цо дуьйла шу, сан хьоме наш, со ю шуьга хьоьжуш Iаш»,— бохура оцу серлоно.

— Ткъа хьоьга кехат деана, — элира, ела а къежаш. Селимас кIанте. Тоха са доцуш конверт схьа а эцна, иза дIа а йиллина, лепачу бIаьргашца цхьана могIана тIера вукху тIе а вуьйлуш, кехат деша велира Бено.

«Хьоме доттагI Бено! Хьан кехат схьакхаьчна соьга. Тоняс делира соьга иза схьа. Тхо чIогIа хазахеташ дара»..

Бено велакъежира, иза тусаделла йижарий а бела къежира.

«Хьан кехатах оцу сохьта хинра тхуна хьо мичхьа хилла Сан ваша а шен накъосташца цхьаьний, вахара генна хьо ваханчу оццу хенахь ала мегар долуш. Хьан ялх туьма дIадахьийтахьара аьлла дийхира соьга Тоняс, аса поштехула дIадоуьйту хьуна и ахча, кестта иза хьоьга дIакхача декхарийлахь ду. Мел хало лайна аса, мел ойланаш йина аса — вай цхьаьнакхетча дуьйцур ду аса. Хьо волчу ян лууш, кхин итт де даьлча БуритIехь хир со. Ткъа май тIекхочуш цхьаьний кхуза юхадогIур ду вайша. Болх дуккха а бу. Сайна гина а йоццушехь хIинцале, сайна чIога-чIогIа езаеллачу хьан ненан цIарах яздо аса хIара кехат. Цуьнан цIарах ахча а дилина аса. Хьан Таня!»

— ХIан, нана гIуллакхаш-м лелаш ду — элира Бенос, ненехьа а вирзина.

— Иза дика ду. Хьан яздина хьоьга кехат?

— ЭхIе, нана, нагахь иза хьа яздина хьуна хаахьара.

— Ткъан хьа яздо?

— Хьуна, суна хетарехь, йиц-м ца елла Ульяшева?

— Ишттa адамаш диц ца ло, кIант!

— Делахь хIета... цуьнан йоIа яздо-кх..

— Ахьа хIун дуьйцу, Бено? Ахьа

— Яздо дера цуьнан йоIа, Таняс-м.

— Таняссий? Ткъа цуьнан йоI яра?

— Хилла-кх, яра те, мацца а цкъа тIаьхьо аса дерриге дуьйцур ду хьуна. Цо ша а дуьйцур ду дерриге а. Иза кестта вай долчу йогIур ю.

Амма нана хIинца цуьнга ладугIуш яцара. Цхьан хьа миччахьа хьежахь а цунна юххехула, корехула, гена дIадаханчуьнга юхахьоьжуш яра иза... Марем Ульяшева! Хьомениг! Цуьнан йоI, бо-йоI, йогIур ю кхуза, Селима йолчу! Хинда шена иза хIокху доьзалан аса йинарг сайна сан хьоме йоI! ИогIанда шена. Кхузахь цун-

на а карор ю нана, карор бу йижарий, кхин мила? — боху ойла йира цо.

Ткъа Бенос оцу хенахь шен къамел дIадолийра.

— Иза вайца Iийр ю... тIаккха тхойша дIаг1ур ду.

Йижарий оцу сохьта ойла йоьхна иене дIахьаьвсира. Селимин бос байра. Доккха са даьккхира цо — деган ницкъ ца кхочура и са ца даккха.

— Ваха дезар ду. Ваха деза. И йолчу г1ур ву со. цкъа цхьа хан яьлча юха схьадог1ур тхойша. Са ма гатде. Цкъа вайн урамехь а хир ду деза де, данма а баланехь лохкур дац вай.

Бенос нана маракъевлира, юха а цхьана а х1уманца юсталур йоцуш йолу цуьнан безаман йовхо хаалира цунна. Цуьнан корта ненан белш тIе охьабахара. бIаьргаш дIахьабдира цо. Юха а тохаралерра бер хилла те хьа цунах? Мацца а тохара санна г1ийлачу, г1айг1анечу шен эпаршца нанас юха а вижо г1ерташ хьоьсту техьа иза?

Ткъа нанас хозуьйтуш элира цуьна дагахь долу дешнаш:

— Дагадог1ий хьуна — хьайх «Савол ька» баьхна? Дагадог1ий хьуна цо хьо «а, бе ве» бохуш Iамийна? Нанас жима бер санна, некха тIе а озийна, маракъевлира кIант. Ненан куьйгаш гира Бенона: хьоме, озо куьйгаш, халчу балхо тIеховшийна цхенаш а долуш. Декъа, дуткъа пIелгаш.. Ойла юткъ а елла, ойла йоьхна, нанна баркаллех вуьзна волу иза оцу куьйгашна г1елетIачохь висира. «Со вехар ву хьо аттачу яккхархьама. Хьо аттачу яьккхина ца Iаш, ткъа баланехь бохкуш, бакъо йоцуш болу берриге а наной парг1атбахархьама... Адаман ирсехьа къийсам а ца латтош со вахалур вац, и тайна дахар даьсса а, Iалашо йоцуш а хир дара суна! ХIанхIа, иза иштта хилла ца Iаш, тIе иза зулам дар санна а хир дара!».

КIентан дагахь дерг шена хинча санна, нанас цунна жоп делира:

— Хьо воккхахилла. ХIинца елха эхь хетар дара суна. Хьо доккхачу г1уллакхана араволуш ву. Нагахь иштта делахь, г1о, хьайн дас а, Степан Тарасовича а, Ульяшева Марема а, Дмитрийс а деш хилларг дан. Ткъа иза-х ирс ду, вайна иштта адаман довзар! Бено, сан кIант, цкъа а ма кхералахь Iожаллех!

Цецваларий, дозалларий юханккхира Бено цуьнан

нанас, тІорасиз, хьоме йолчу цуьнан нанас бохура и дешнаш! Иза сийлахь-йоккха а, башха а хетара цунна. Дукха бац, оцу тайпана дика дешнаш нанас шайга аьлла болу кІентий!

Шуьйрра бІаьргаш къарзийна нене хьоьжуш Іара иза.

— Хьо... хьо бакъволу нана ю! — воккхаверна бІаргаш лепаш дара цуьнан. — Ма воккха ве-кх со!

Куьг некха тІе а деана, тІаккха хьаьж тІе хьалаайира цо.

— Ма самукъадаьккхи ахьа сан! Хьайн дешнашца суна кхин а ницкъ бели-кх ахьа!

Ткъа нана безамаххий, дозаллеххий дуьззина долчу бІаьргашца, зударий ма хиллара дагна кІеда хиларехь сийлахь-йоккха, сатоха юьззина собаре, хІуъу а лаи кийча йолуш, шен берашка а хьоьжуш лаьттара.